САИД БАДУЕВ

САИД БАДУЕВ

ГУЛЙИНА СОЧИНЕНЕШ
ШИНА ТОМЕХЬ

ХУДОЖНИК Е. М. ТОКАРЕВ

Б15

САІИД БАДУЕВ

ПОСТУПИЛА
В ДАР ОТ ЧИТАТЕЛЯ

ЧИТАЛЬНЫЙ ЗАЛ
ЦЕНТРАЛЬНОЙ ГОРОДСКОЙ
БИБЛИОТЕКИ г.ГРОЗНОГО

ГУЛІЙНА СОЧИНЕНЕШ
ШОЛГІА ТОМ

ПРОЗА, ПОЭЗИ

ОТДЕЛ ОБСЛУЖИВАНИЯ
ЦГБ г.ГРОЗНОГО
364051 г.Грозный, пр. Победы 22

С2 (Чеч.)
Б15

Текстологически болх бинарг, хIоттийнарг, билгалдахарш яздинарг ТУРКАЕВ ХЬАСАН ВАХИТОВИЧ.

Редакционни коллеги: АЙДАМИРОВ А. А., АХМАТОВА Р. С., ДЫХАЕВ В. А. (жоьпаллин редактор), МУЗАЕВ Н. Д., МУСАЕВ М. М., ТУРКАЕВ Х. В.

Бадуев С. С.
Б-15 Собрание сочинений, т. 2. Текстологическая работа и составление Х. В. Туркаева. Чечено-Ингушское книжное издательство, 1976.

Б $\frac{0733—110}{М135(03)—76}$ 26—75

С2 (Чеч.)

ДИЙЦАРШ, ОЧЕРКАШ, РОМАНАН КИЙСИГ

ІАДАТ

І

Іуьйранна, цхьа а адам меттахъхьале. Шуьйта боьдучу новкъа Органан чІож чу цхьа говраворда юьйлира.

Цу ворданна хьалха Іаш хьаьрсачу ехачу можаца, чоьица, ах аьрша хиллал лекхачу Іаьржачу куйнаца Арснакъа вара. Цуьнан цхьана куьйга хьийзош суьлхьанаш дара. Цо, шен аьтту буйнара архаш меттах а хьайой: «ХІай!.. Чу!.. ХІай!.. дала хайра дариг!..» — олий, наггахь говр дІахьайора.

Арснакъина тІехьа вордан тІехь, хІинцца ялийна кхо бутт кхаьчна, цуьнан кІентан зуда Бикату Іара, Арснакъа меттах мосазза хьайн, Іаьржачу гуьлмаьндица шен хаза горга юьхь дІа а лечкъош.

Кхеран вордано, некъ жагІин хиларна, ечу гІовгІанал совнаха, семано, хьакхар хьакханза хиларна, Іад хьаькхча цІевза пондаран пха санна, юкъ юкъа цІийзаш, гІовгІа йора. Кхеран алаша, ша чІархъаьлла хиларе ца хьоьжуш, Арснакъас дукха лелаярца Іамаярна, дайчу боларехь йоьдура.

Бай-й хьоькхуш Іуьйренан мох а бара, некъана дехьий, сехьий лаьттачу лекхачу, дехачу аьрцнаш тІерачу юькъачу хьаннийн гІеххьа гІаш а лестош. Цу аьрцнашна тІе йийшина йохкуш сирла сийна стигланаш а гора, церан малхбалехьара цхьайолу агІо, хьалагІерташ малх хиларна, шапталан басахь а яра. Хьаннашна юкъахь тайп-тайпанчу эшаршца декачу олхазарийн гІовгІанаш яра хезаш. Наггахь тІехула девдда доьлхуш куьйранаш а гора. АрснакъагІар боьлхуччу кху гот-

тачу некъаца долчу Iинна хьуьлла, генна бухахь, буткъа лаьхьа хилла сетташ, чIугъетташ, хьерадаьлча санна, цу Iинан кийра дуткъачу цIогIанах а буьзна, шина а агIорчу мокхан, сийнан, кIайн, Iаьржан тIулгийн бердаша шайн шийлачу мара а къуьйлуш, догIучу цу Органан наггахь, цхьанхьа бердах кхетий, шийла мохь болу; и мохь кху готтачу, кIоргачу Iин чохь саца ца туьгуш, орца доьхуш санна, хьуьлла генна ирхдахна лекха лаьттачу аьрцнашна тIерачу хьаннашна юкъа хьоду, кху готтачу некъаца дIасалелачу нахана шен цхьа гIайгIа-бала балхош санна, цIийза а цIийзаш.

ТIулгийн новкъа а даьлла, ворданахь дайчу боларахь дIадоьду Арсанакъий, Бикатуй, хIинцца дукха хан йоцуш Арснакъас, шайн чохь зударшха стаг Бикату бен цахиларна, иза шена гучу а яьккхина, йистхилийтарна, хIинццалц схьа вовшашка дистхуьлуш хиллехь а, хIинца хIокху сохьта вовшашка дист ца хуьлура, цу шиммо хIораммо а ша хIоьттина воьдучу некъахочо ечу тайпана ойлайора.

Бикатус ойлайора шен майрачун Iусамин, тахана шаьш цIера довлуш, иза шена гIийла гина дела, цунна хIун сингаттам бу, ца хууш. Бакъду, Iусама сийсара дуьйна а вара ойланаш еш, Бикатус, хилларг дийца, аьлла, хаьттича а, цунна жоп а ца луш. Бикатуна тахана Iуьйранна ша самаяьлча а карийра Iусама бIаьргаш а бетташ меттахь Iуьллуш, цхьацца ойланаш еш. ТIаккха Бикатус, тIекхетта барт а белла: «Дийцахьа суна, хьайна хIун хилла... дуьйций ахьа?.. ХIай, хезий хьуна?..» — аьлча, — «ХIумма а ца хилла суна-м, дуьххьал цхьацца ойланаш яр бен!..» — аьлла, Iусама IадъIийра.

Цундела Бикату, цуьнан, шех а лачкъийна, къайладаьхьнарг хIун хилла, ца хууш, цо шена йолу гIайгIа шеца ца еккъал, цунна ша хийра хетта, моьттуш, хIинца ша ен ойла тIаьхь-тIаьхьа кIоргера еш, цунах чIогIа сингаттам баьлла, йогIура.

Йоккхачу юьртарчу шайн цIахь, некъехьарчу доккхачу цIа чохь, нара тIерачу кIайчу меттахь Iуьллу Бикатун майра Iусама ван а вара гIийла. Цо, кест-кеста доккха са а доккхий, ха хорцура, амма синтем-м ца хуьлура. Iусамина шена а ца хаьара, шена хIун гIайгIа ю. Кхунна ца хаьара, шена хIун сингаттам бу, сел чIогIа шен са хIунда хьийза. ХIара, цхьа кийрахь шена хаа а хууш бала болу стаг санна, холчохь вара. Ойланаш еш, тховх бIаьргаш а къерзош, Iуьллучу кхунна хIинца шен дай, зудий доьдучу кадаме хIокху деношкахь ша ваха дезаш хилар дагадеача, кхуьнан ойла сецира, тахана

цIахь Iийна шен дан хIума дацарна, кадаме гIор ша, бехк тIера балар а хир, хIинца шен бIарзделла са малхадала магар а доллура, аренех, хьаннех, бецех бIаьрг а кхеташ, Бикатуга нийсса безий-техьа аьлла дукхабезаш болчу шен Iаьржачу динахь ша цига ваха араваьлча, шен хIинццалц цу динахь миччахьа ваха араваьлча а долучу тайпана самукъа а долуш, аьлла.

Iусамас, чеккка шен гIовтал тIе а юьйхина, Iуьйран ламаз а дина, араваьлла, шайн ханнийн божалара шен Iаьржа лекха дин ара а озийна, цунна гатанан тIоьрмига чохь хIоъ а оьллина, чеккка нуьйр тиллира. ТIаккха, чу а вахна, шен кIархаш-маьхьсеш тIе а дуьйхина, сийна чоа тIедуха хIоьттира.

Iусамас хIинццалц, куьзгана чу а хьоьжуш, шен сийна чоа тIедуьйхина ваьлча, шен шуьйра накха болчул тIе а боккхий, Бикатуга олура: «КIант-м оьзда вара, даватIарг, жимма меран дукъ тIедаьлла дацахьара!».

Тахана Iусамас, хIинццалц санна куьзган чу а хьоьжуш, шен кегийра Iаьржа мекхаш ца хьийзадора. Тахана Iусамин дегI хIинццалц санна бай хьаькхначу мохо а дадо тамехь дай ца лелара.

Iусамас, ша кечвелла ваьлча, шайн кIайчу лохийчу цIеноийн неIарш, кораш тIе а теттина, тIехула догIанаш туьйхира, шаьш кхоъ цIера даьлча, шайн бухавуьсуш кхин стаг цахиларна. ХIара, чеккка шегара догIанаш шайн лулахочуьнга а делла, цуьнга керта хьажа а аьлла, дезачу дегIаца шен дина а хиина, чеккка юьртах иккхира.

Шерачу ара а ваьлла, дIавоьдучу Iусамас, цкъа а, шозза а дIаэккхийтина, шен говре бехха мур байтира. Iусамас, кест-кеста говр юха а узуш, шед тухура, иза кхосса а луш, дIаэккхийта, хIинццалц санна шен самукъадалийта. Амма Iаьржа дин, мерах шок а етташ, тIанаш тIе хIиттарх, иза, чIугъетташ, некъана пурх дIасаидарх, Iусамин самукъа-м ца долура, бердах хаьдда беза боьжна Iуьллу кхера санна, Iусамин нуьйра чохь Iан дегI дай а ца лора.

ХIунда гатлора-теша Iусамин са?.. Цо-х хIинцца кхо бутт хьалха, ша Бикату ялаяле, цуьнга олура: «Бикату!.. Хьо соьга еача, хIокху доккхачу дуьненахь цхьа а гIайгIа хир яцара сона, цул тIахьа сайх хIуъа а хиларх, шеквер вацара со. Хьо соьга яр кхочушхиллачул тIаьхьа ас эр дара, хIумма а дац шуна, кIентий!.. хIумма а дац шуна, сан вежарий, со валарх!.. Ойла ейша! Масане кIант хир ву кху доккхачу дуьненахь велла а, лийр волуш а, дагна дукхадезаделла, даго лехна цхьа а

хIума нисдалаза! ХIинца со... велча хIун ду со?.. Ца хаьа шуна, сан дагна дуккадезнарг, сан даго дукха лехнарг — сан-м и кхочушхиллий, сан-м и нисделлий!.. И нисделчахьана суна бен цахетарг ма хетийша бен! Суна луург хилийша лууш!..».

Аьлча хIун дара Iусамас, шега Бикату еача, шена гIайгIа хир яц? Моьттича хIун дара Iусамина, цул тIаьхьа шена сингаттам хир бац, гIайгIа а шен рогIана дегIах хьаьрчаш хилча, сингаттам а шен рогIана тIебогIуш хилча?! Бакъду, Iусамин сагатдалан, цунна гIайгIа хилан, цуьнан хIокху деношкахь наха вийна стагга а вацара, вала воллуш Iуьллуш а цхьа а вацара. Шен Iаьржачу динахь воьду Iусама АрснакъагIарна дикка тIаьхьакхиира, къаьстташ уьш а гуш. Бакъду, наггахь АрснакъагIар кхунна гучура-м бовлура, кху аьрцнашна юккъера некъ бердашца, аьрцнашца хьийзаш бодарна.

Ворданна тIехьахь Iаш йолу Бикату, тIаьхьавогIучу Iусамех бIаьрг а кхетта, чIогIа и тергалвеш йогIура, цо хIун леладо ца хууш. Бикатуна Iусама а кадаме ван дезаш вуйла-м хаьара, делахь а тахана ша цуьнга: «Кадаме маца гIур ву хьо?» — аьлла хаьттича, цо: «Шина-кхаа дийнахь бен гIур вац со», — аларна, хIинца иза аравалархх чIогIа сингаттам баьллачу Бикатус, ворданна хьалха Iачу Арснакъина ца хозуьйтуш, шен боккхачу некха тIе шен жима куьг а дуьллий, наггахь доккха садоккхура.

Арснакъас кхушиммо ечу тайпана ца йора ойла. Кхуо шаьш хIинцца, велла аьлла хезна, када доьлхучу жимчохь шеца кхиинчу шен доттагIчун ойлайора, и воцург, самукъадаккха дехьа-сехьа хьошалгIа ваха шега нийсса кхин шен стаг цахиларна. Арснакъас, шен суьлхьанаш кисана доьххина, «хIай, чу!.. чу!.. хIай!..» аьлла, говр дIа а лаьллина, зикар долийра:

Элхьамду лиллахI!.. Элхьамду лиллахI!..
Ва везан дела, хьуна хастам бу!
Ва воккха дела, хьуна хастам бу!

Элхьамду лиллахI!.. Элхьамду лиллахI!..
Тхан сийлахь хьо эла, хьуна хастам бу!
Ва везан тхан дела, хьуна хастам бу!..

ЦIеххьана Арснакъас шен зикар а сацош, Бикатус а, кхуо а цхьа цIеххьана цецъяьллачу челакхчу говро ойъучу тайпана кортош айира, лакхара охьа шайна дуьхьал дуккхачу гIовгIанца дур догIу хезча.

Арснакъа, раз таьIаш, шайна генна хьалха новкъа а

хьаьжна, — къаьхкина йогIучу гIудалкхан татанах тера ду и дан-м, — аьлла, говр сацо вуьйлира, тIаккха, цкъа а, шозза а даьллачу герзан тата хезча: «ХIан-хIа, бехна нах хир бу уьш... хIай! чу! хIай!..» — аьлла, шайн ворда, Iинан йистехьа таIош, саца а йина, ладогIа хIоьттира.

Даьллачу герзан тата хезна, Iусамас шен говр хьала хьа́йира, оцу минотехь Арснакъагlар шена гуш цахиларна, царна цхьа бохам хилла, аьлла хеташ, Iусама, ворда а сацийна лаьттачу Арснакъагlарах цIеххьана шен бIаьрг кхетча, царна хIумма а сингаттам ца баьллийла а хиъна, Бикату а йолчохь шен дена Арснакъина ша гучувалаза хиларна, царна ша ца гурриг, Iинан йистера дитташ дуьхьал а лоцуш, шен говр а сацийна, дIахIоьттира, лакхара охьа догIу дур а хезаш, дечигийн гIашна юккъехула хьалха новкъа а хьоьжуш.

Дукха хан ялале новкъахула охьайогIуш сира кхо говр а йоьжна тачанка гучуелира, тIехьа хиъна ши эпсар а Iаш.

ХIара эпсарш бехна бан а бара. ХIорш, хIинццалц а кIиран дийнахь шаьш сакъера Чехкара ма-эххара, тахана а боьлхура цига, кIиран де а нисделла. Кху тачанкина хьалха Iачу хьаьрсачу денщикан даккхий куьйгаш дерриге а цIийделла дара, шайн чехка йоьлху говраш юхайизийна. Цунна говраша чIогIа ницкъ бора, цуьнан сийна бIаьргаш, схьалелха санна, тIедаьхкинера, хIорш боьлху некъ тергалбеш.

Денщико шен лаамца ца лоьхкура говраш, иза тIехьа Iачу эпсарша, «лалла!» бохуш, садаIа ца вуьтура. Тачанкина тIехь аьтту агIор хьаьрсачу даккхийчу мекхашца Iан тоьлла эпсар-м башха хIара денщик сихвеш а вацара, иза вогIура, кехатан пондар санна, лахара хебначу шен лепачу эткийн буьхьигаш а детташ, багахь оьрсийн йиш а лоькхуш.

Говраш лахка, бохуш, денщик сихвинарг аьрру агIор Iан балди тIе чо а балаза, хьаьрса кIужал а оллийна, куйнан лаба агIор а яхна, сихйинна йир бохуш Iан эпсар вара. Цо олура кест-кеста, шен карарчу ворхIазза йолучу тапчин юьхьиг денщикан хьацар дийларна айра боьллачу букъах а Iуттий, шен корта цхьана агIор а кхуссий: «Митрофан!.. дIалалла!.. хьоьга бохий, дIалалла?.. ДIалалла! ХIокху сохьта Елена Павловна йолчу дIа а кхачаве! Хезий хьуна? Елена Павловна йолчу!.. Ца кхачавой ахьа?.. Кхечу агIор дуьйцур ду вай...».

Арсанакъа, тачанки тIехь Iачу эпсарех шен бIаьрг кхетча, багахь цхьа вон шабар-шибар а деш, шен говр юха а ийзош, лаьттара, кхин а ворда дIайолаялийтича, некъ готтачу кхачарна кхоьруш, уьш тIехбовллалц бохуш, кест-кеста ша царна

тIехбовла йитинчу меттиге а хьожуш. Бикату чIогIа кхераелла Iара, охьаюссур яра ша, ала даго а ца юьтуш, къевллина ворданан цIа а лаьцна.

Тачанкина тIерачу жимчу эпсаро, шен АрсанакъагIарах бIаьрг кхетча, разваьлла цкъа дика кхаьрга а хьаьжна, шен йир чIагIйира. ТIаккха шаьш АрсанакъагIарна уллохьа кхача доьлча: «Кунак! Ва кунак! Шун наха сакъоьручу заманчохь герз кхуссу, тхо а ду сакъоьруш, оха а кхуссу герз», — аьлла, АрсанакъагIеран говран беа кога юккъе тапча а тоьхна, чIогIа вела а велла, аркъалвахара.

АрснакъагIеран говр, къаьхкина, Iин чу а кхоссаелла, хьалхара когаш чу а охкабелла йисира.

— АллахI! — олуш, Бикату ворданна тIера чукхоссаелира.

— АллахI! — олуш, Арсанакъа а, шен когаш чучча бахийтина Iаччохь бертаза кхоссавелла, Iунк̇ар йирзинчу говран гоъ тIе а хууш, цунна бертал тIевижира. Охьаиккхина Бикату, шен сийна еха коч когех а хьаьрчина, Iинан басе тIе а йоьжна, чу а кхозаелла йисира, ворданна гена йоцуш: «Ва, нана! Орца дала! орца дала!» — бахарца шийла мохь а хьоькхуш.

Iусама, шайн ворда къаьхкаш гича, шена тIехбовлуш лаьттачу эпсаршна вон ши бIаьрг тIе а боьгIна:

— Шун да валла хьакхица, шун да валла хьакхица! — аьлла, тачанкина тIаьхьа шен говр хаххка вуьйлира, тIаккха а, да́ла орца доцуш дисна шен дай, зудий дага а деана, сецира. Iусама, Бикату а йолчохь шен дена цкъа а ша гайтина цахиларна, цхьа суьлхьа доккхучу юкъана ойлаеш сецира, тIаккха: «Эхь-бехк дала лоьрийла», — аьлла, АрсанакъагIарна шен говр тIехаьхкича, кхунна гира — цхьана агIор лекхачу Iинан басахь тийсалуш кхозу шен зуда Бикату, вукху агIор, басах чукхозаеллачу говрана тIе бертал а вижна, Iуьллу шен да. Iусама, шена и сурт гича, воьхна, шен говр юха а узуш, бIаьрган негIар тухучу заманна сецира. ТIаккха мерах шок а тухуш, «эхI» аьлла, корта а ластош, говра тIера охьа а иккхина, Арсанакъина тIехьаьдда воьдучу кхуьнан бIаьрг кхийтира чIогIачу диттан юьхках тасаеллачу шайн ворданах а, кхозучу говрана тIе бертал воьжначуьра юхаверза гIерташ воллучу шен дех а. Арсанакъа кхерам болуш а ца хетта, юхахьаьжначу кхунна гира, лаьттах когаш а гIертош, схьалаца кера хIума а ца йогIуш, басахь тийсалуш йоллу Бикату.

Бикатун хьаьрса горга юьхь лимонан баса йирзинера; цуьнан таьIана-сийна ши бIаьрг шуьйра къаьрзинера, цо кестКеста мохь хьокхура:

— Вай, дели, со чу йоьду шуна! Вай дели!.. — олий.

И мохь вуно шера хезара Арсанакъина, цунна Бикатуна цхьа бохам хиллийла а хаьара, делахь а Арсанакъин Бикатуна орцахвала йиш яцара, говран нуьйран дечига тIе кхетта, чIогIа ге лазадарна а, лаьтта воссаза ша хиларна а. Иза са ца даккхалуш а вехха Iиллира, тIаккха жимма гIоле а хилла, хIинца кIелхьаравала тохавеллера.

Бикату, шен Iусамех бIаьрг кхетча, Арсанакъина ца хазийта меллаша йистхилира:

— ХIей! Со чуюжу хьуна, ва́лахьа чехкка со дIалаций!

Iусамина и хезира, цо, шен дена ша гойла а хьоьжуш, тIевеана, ший а куьг а лаьцна, Арсанакъина тIера ши бIаьрг дIа ца боккхуш, Бикату хьалаозийра.

Iусамас, говра тIера вордан тIе волуш воллу Арснакъа цIеххьана шега хьаьжча, ша хьалаяьккхина воллуш йолу Бикату дIахийцира. «Вай, дели!» — аьлла, луьрачу маьхьарца Бикату Iинах чу керчира. Арсанакъина ша шен зуда хьалайоккхуш гарна, Iусама, эхьан берд шена тIехаьрцича санна, хебаш, теIаш, новкъа охьахьаьдира. Арсанакъа, цIеххьана шен Iусамех бIаьрг кхетча, иза кхуза муха кхаьчна, ца хууш, цецваьлла лаьттара. КIоргачу Iинах, буьрка санна, чукерчина Бикату цIеххьана цхьана жимчу куллах а тасаелла йисира. ХIокхо и кол цIеххьана язлуш схьалацарна, цуьнан орамаш дикка бухдевллера, и колл хIор бIаьрган негIар тухучу заманна тIаьхь-тIаьхьа бухйолуш лаьттара. Бикатус и колл, кIохцалш ира хиларе ца хьоьжуш, чIогIа лаьцнера, цуьнан куьйгаш мелчу цIех дуьзнера. Цо: «Ва! ва!.. со хIаллакьхуьлу шуна!» — бохуш шийла мохь хьоьккхура, цуьнан цкъа цIен лаьттинчу беснешна тIехула горга, даккхийра хин тIадамаш керчара.

Бикатус хьоькху мохь а хезаш, Арсанакъа чIогIа воьхна лаьттара:

— ЭхIей, велла вала со, делаI-кх, велла вала со, делаI-кх, — бохуш, шен хебна юьхь шуьйра а къарзийна.

Арсанакъа, цIеххьана куьйгаца ге а лаьцна, Iина йистехула схьахьаьдира, тIаккха, куллах а тасаелла йоллу Бикату шена гича, шен ге чIогIа лазадарна а, шегахь Бикату хьалаяккхал ницкъ цахиларна а, Iусамина тIаьхьа а хьаьжна, кхуо мохь туьйхира:

— Iусама! Ва Iусама!

Кху готтачу новкъа чехкачу боларца охьавоьдучу Iусамина «шина шарахь тIе а хьийзина, къаьхьачу девнаца ялийна

дела, шен зуда кIелхьарайоккхуш воллура иза, шен да а волчохь, хьай, эхь!.. хьай, эхь!» бохуш, шена маьI-маьIера тIе пIелгаш хьежош санна хетара.

Iаьржа хьаннаш кIайн хеталуш, кIайн стигланаш Iаьржа хеталуш, корта хьаьвзина воьду Iусама, шега цхьаъ вистхилча санна а хетта, юха хьаьжира.

— Iусама! Ва Iусама! ХIоккхуза хьажал цкъа, — аьлла шозлагIа а мохь а тоьхна, Арсанакъа, Iусамина Бикату хьалаяккха маршо юьтуш, чехкка хьаланехьа волавелира.

Юхавирзина Iусама чехка хьаьдда вогIура, Арсанакъа тергал а веш. Кхунна дуьхьал сурт хIуьттура, кегий нах шена дуьхьал хIуьттуш: «Дала гечдойла цунна!.. Бикату дика стаг яра... Бикату массаьрца а ийна, сов дог цIена стаг яра, дала гечдойла цунна, хьуна дала собар а лойла», — бохуш санна.

Iусамин дегIах хьала-охьа рогIана шелонан, йовхонан тулгIе етталора, цуьнан Iаьржа бос буьйдачу хьаьжкIийн басе бирзинера.

ХIунда воьхна-теша Iусама?.. Бикату-м цо хIинцца кIелхьараяккха а мегий. Ца висча ца мега Iусама сел чIогIа езна, сел дукха сатийсина Бикату а йоцуш? Ца товш хир дара, хIинцца Iусамас Бикату кIелхьара а яьккхина, шаьш тховса цIа дирзича, хIинццалц санна: «Бикату, вайшиъ вовшах даккха хIун ницкъ бара!.. Вайша вовшах къаьстича, муха мегар дара!» — аьлча?

Ца товш хир дара, тховса цIа вахча, Iусамас, хIинццалц санна, Бикатун хьаьрса гиччош тIехьа а туьйсуш: «Гучуяхал хьайн дехкийн цергаш, — аьлла, бIаьрга тIе бIаьрг а хIоттийна, — Бикату, вайшиъ — вовшах дала-м хIинца а жима дай» — олуш, Бикатуна бIагор хьовзош, барт белча?..

ХIа-хIан, и ца товш хир дацара. ХIа-хIан, и цу шинна а ца лууш дацара.

Iусама Iина йисте кхочуш Бикату тасаелла йоллучу куллан орамаш тIаьххьара а бухдевлла девлира. Уьш бухдуьйлуш дуйла хиинчу Бикатус шен ницкъ ма-ббу шен ши ког чIогIачу лаьттах гIортабарна, иза жимма сацаелира. Цо, Iусамех бIаьрг а кхетта, чIогIа мохь хьаькхира:

— Ма ехьа со хIаллак! Ва́лахьа со хьалаяккхий! Ва везан дела, аса хIун дан деза? — аьлла.

Кхуо хьоькху мохь хезча, тIе а воьхна Iусама, керахь муш я чуха ца хилча Бикату кIелхьара яккхалур йоцийла а хиъна, гена йоцуш чукхозучу шайн ворданна тIе а

хьаьдда, тIехьа бихкина муш схьабаста хIоьттира. Амма Бикату:

— Ахьа со чу хIунда хийцира? — аьлла, дегIера ницкъ дIабаларна, гIортийна когаш дIа а лилхина, беран карара бертаза чIуг етташ раз боьду хIоз санна, кху лекхачу Iинах чу тилира. Иза, чхаро, шех кхетча, човхайой, кхечу чхарах тухуш, тIаьххьара а, мелачу цIех а юьзна, угIуш, седа санна хьаьъна догIучу Органна чу а йоьжна, цкъа гучура елира. И чуйоьжча, Органо, датIа санна, кIорга Iин декош, луьра цIогIа туьйхира.

Бикату, айина, гучуяьккхинчу Органан букъа тIехь цIен тIамарш хIиттира. Чехкачу Органо Бикату, наггахь Iаьржачу куйннал гучу а йоккхуш, охьаядийра.

Органо тоьхна цIогIа Бикатуна тIаьхьа чухьоьжуш лаьттачу Iусамин дагах цIийбина цхьамза хилла чекхделира, цуьнан пхьаьрсийн пхенаш дусаделла, цуьнан куьйгаш, андий буйнаш хуьлуш, хебна догIура; цуьнан тIаьххьара а бIаьрг кхийтира, Органо гена ялале юьстах а кхоьссина, гIайри тIехь Iуьллучу Бикатух. Кху Iинах чухьаьжча, Бикату шен оххал бен ца хетара, Iинан кIоргалла. Iусама, шен ал ши бIаьрг тIаьхь-тIаьхьа горгбеш, Iинах чухьоьжуш лаьттара, лахарчу балдех церг а йоьллина.

Цхьа хIума чуйоьжча йолучу тайпана Органан гIовгIа яьлча, кхеравелла, схьахьаьдда вогIучу Арсанакъина, Iусамех бIаьрг ма-кхийтти, хиира, Бикату Iинах чуяхнийла, иза, шен лазийна ге а лаьцна, уккал а таIийна, берриге бос а байна, чIогIа воьхна, эга а веш:

— ХIун? ХIун? — аьлла, Iусамина тIехIоьттича, Iусамин дегах, хьалха санна, цхьа хун бу а ца хуу шийла ницкъ хьаьрчира; иза, Арсанакъех бехк хетта, тохара санна, готтачу новкъа ша-шех дIа а лечкъаш, охьа хьаьдира. Iусамас, ша хIинца хьаьдда воьддучохь, Бикатус шега: «Ахьа со чу хIунда хийцира?» — алар дага а оьхуш, ша-шега чIогIа къамел дора. (Дешархо! И къамел, дийца арадаьккхича, деха а долу дела, цунах мелла а хьо кхуьу аьлла а хеташ, ас ца дуьйцу).

Боккъалла а, хIунда хийцира-теша Iусамас ша хьалаяьккхина воллуш йоллу Бикату Iинах чу?

Iусама вацара, хIинцца кхо бутт хьалххалц: «Бикату соьга ца еъча, аса айса сайна тохарал хьалха хIума дийр дац, ерриге а юрт вовшахтохий а, суна Бикату ялае», — бохуш, кегий нах шен дена тIе эхийтинарг?

Iусама вацара, мосуьттазза нах, вовшах а кхетта, бахча а, Бикату шега ца елча, сарахь юьрта юккъерчу гIуна йисте а вахана: «Бикату! Хьо аса дукха ехийтарх, хьан ден вашас соьга яла а ца ло, хIокху юьртахь вайшиннан гIуллакх чIогIа гIара а даьлла, кегий нах а, иштта массо а сох бела а боьлу, мел юьхьIаьржа хIутту со, Бикату, хьо соьга, едда еъна а, ца ягIахь», — аьлларг?

Цу сарахь Бикатус Iусаме ца элира: «Iусама! Хьуна а махаъара, сан дай, наний а дац, йижарий, вежарий а бац, и цхьа ден ваша воцург. Цо, Iусама, со хьоьга ца яла а, яхча мегар дац аьлла а, дуй бинна-кх. Суна-м ца хаьа, айса хIун дийр ду. Суна-м хьо хьашт а дара, веза а везара, хьо юьхьIаьржа ца хIоттаварал совнаха, хьо сайна дукхавезарна, хьоьга едда а йогIур ма-яра со-м, Iусама, тIаккха сайн цхьаъ бен воцчу ден вешех йолу-кха со. ТIаккха цо со керта а юьтур яц-кх. ХIун де аса, Iусама?.. Со-м ахьа бохуччунна реза ю, делахь а хьуна хаа-м деза, со хьоьга еанчул тIаьхьа, хIокху дуьненахь суна гIо оьшучу меттехь гIо дан, орца оьшучу меттехь орцахвалан сан, хьо воцург, кхин стаг хир воцийла» — аьлла?

Цу сарахь ца элира Iусамас Бикатуга: «Бикату! Хьо соь еача, хIокху дуьненахь хIума оьшур дац хьуна. Хьо соь еача, цкъа хьан майра хир ву со, бохам, я зен хуьлчу заманчохь хьуна хьан ден метта а, хьан вешин метта а хир ву со»? Вара хьуна, дешархо, дерриге а и къамелаш динарг Iусама.

Вара хьуна, дешархо, Бикату, шен дех эхь а хетта, Iинах чукхоьссинарг и Iусама.

* * *

Ша дукха а везна, шех теша а тешна, шега еана гIийла зуда дала орца доцуш хIаллакьхуьлучу заманчохь — и кIелхьараяккха Iусамина эхь хIунда хийтира-теша?

Iусамас Бикату кIелхьараяьккхича, Арсанакъас и кхайкхор вара?..

Нагахь цо и кхайкхийча, Iусамин дегIах меже южур яра?..

И гIарадаьлча, Iусама шен лаьттан болх ца балуш вуьсур вара?..

Наха, шайна и гIуллакх хинча, бáхка а баьхкина, бехкаш а дохуш, Iусама юьртах воккхур вара?..

Кегийчу наха и шайна юкъара эккхор вара?..

Нагахь Iусамас ша кIелхьараяьккхича, Бикату, Iусамас, хIинццалц санна: «Бикату! Бикату! Дела ма дала вайшиъ кеста! Дела ма дала вайшиъ хан йоцуш», — аьлча, «ма дала-те! дера ма дала, Iусама!» аьлла, мара эккхар яцара?

Дешархо! Айса цу шиннан къамел мел дахди, сан коьртан хьийзар алсамдолуш лаьтта. Дешархо! Хеназа, къиза, бехк, гуьнахь доцуш, дуьххьал дIа вайн нохчийн боданен Iадат бахьанехь хIаллакьхиллачу Бикатун сурт дуьхьал хIуьттуш, Бикатус лекхачу бердах йоллучу жимчу куллах, мелчу цIех куьйгаш а дуьзна, ша кхозуш, тIехь лаьттачу Iусамега: «Ахьа со чу хIунда хийцира?» — алар дагаоьхуш, и дага мел ихи, легашна хорам хуьлуш, соьга кхин цунах лаьцна хIумма а ца дийцало. Дешархо! Ахьа суна бехк а ма билла, сан дехар ду хьоьга кху гIуллакхан айхьа кхиэл яр. Сан дехар ду хьоьга хIара гIуллакх айхьа таллар.

ХIинца аса даржош хьалхадуьллу хьуна сайн шолгIа хабар, ахьа ладогIа, хьайна хала делахь а.

5212

ОТДЕЛ ОБСЛУЖИВАНИЯ
ЦГБ г. ГРОЗНОГО
364051 г. Грозный, пр. Победы 32

ОЛДУМ

Юьрта юккъехула шуьйра охьадогIу хьаьъна хи башха чехка ца догIура, цо шен шера букъ наггахь саттабора, гуш а, ца гуш а Iоххучу чхернашна тIекхаьччча. И хи кху юьртана гена доцуш хьаргIанаш санна Iаьржа гуш долчу аьрцнашна тIехьа дIабуза кечбеллачу малхо шен цIоьллица гIеххьа ле-падора.

Кху хийистера хIинцца дукха хан йоцуш, шайн юкъахара кхелина шаьлтанаш куьйгашца къуьйлуш схьа а лоьцуш: «Хьуна хьалха кхозучу датора, йогIур ю хьо соьга, со вала ца лахь», — баьхна, дуккха а кегий нах дIаэхарний, царна дуьхьал: «Вай, дера йогIур ю-кх, хьоьга ца еана, хьаьнга гIур яра со? Со йига гIерташ мила лела? Я со хьанна дагайогIу?» — бахарца цу кегийчу нахана там а беш, шайн дехкийн цергашца бес-бесара гуьлмаьндийн тIемаш а Iуьйшуш, шайн догучу пхьаьрсийн голаш шайн шуьйрачу, даккхийрачу накхошна тIе а теIош, гIадъоьхуш бела а боьлуш, кегий мехкарий, суьйранна шайн хи кхехьна а бевлла, шайн-шайн цIа берзарний, кегийчу, модаш дуьзинчу бераша дика а, вон а шайн дой суьйранна хитIа а кхуьйлуш, шаьш хиш мийлийна девлча, кху хин тогIи чохь, чIогIа маьхьарий а детташ, хьалхайийларех шайн говраш а хихкина, и бераш цIа дерзарний, кху хийистерачу гуьйранна мажделла догIучу таьллаш тIехь хIинцца ах сахьт хьалха декаш хилла олхазарш а декарна дIатерний, цу таьллаш тIера, шишша я кхоккха цхьаьна кхетий, охьа а юьссий, къийгаш а, кху хих шаьш цхьацца къурд

мосаз бин, сийначу стигланашка а хьоьжуш, хиш муьйлий а йовлий, ца екаш юха а шайн метта хийшарний, — хIинца кху хийистехь хезаш цхьа а гIовгIа яцара, дIа-схьа вóлу гуш цхьа а стаг а вацара. Бакъду, меттах ца хьовш велахь а, чохь са а долуш гуш цхьа стагга-м вара.

И вара Олдум, кху хийисте догIучу шен цIенойн серийн кертах а таьIна, шен керара Iаса, жагIах лаьттах гIортош, шина а буйнаца схьа а лаьцна, цу тIе корта а биллина, цхьацца ойланаш еш Iаш.

Олдум тахана дуьххьар Iаш вацара ша хIинццалц а хуучу цу шайн кетIарчу чхар тIе а хиина ойланаш еш. Олдум шайн куьпахь а гIараваьллера, гуттар а ойланаш еш, гIийла ву, бохуш. Цо ша миччахьа воьдуш а, вогIуш а лаьтта бIаьра хьоьжуш бен ког ца боккхура; Олдум, наггахь баккхий нах вовшах а ккетий, шайн юьртахь ловзар хилча, хьовса боьлхучу заманчохь цаьрца цига а ца воьдура; хIара наггахь бен пхьоьхана а ца волура, нагахь хIара пхьоьхана ваьлча а, кхуо къамел вуно кIезиг а дора. Олдум цу тайппана хиларна цхьаболчу наха цунна, тилла стаг вуй, жинашца тайна вуй, шайтIанашца уьйр йолуш вуй, бохуш цIераш техкинера. Амма Олдум тáн жинаш а дацара, я шайтIанаш а дацара, хIара дуьххьал дIа цхьана гIайгIано нахаца йолчу уьйрах а хадийнера, хIара цу гIайгIано хеназа къан а винера.

Олдум, даиман цхьанахьа адам доцчу юьстах волий, я цхьанахьа чу вулий, я, адам дIатийча, тахана санна, ара волий, даиман шен гIайгIа шена ялхош Iара, и гIайгIа шена ялхаярца шен дагна хьаам ца хилахь а, ша холчу а хIоьттина ца воьжча, шена дикка пергIато хуьлу а моьттуш. Делахь а кхунна дукхазза а хета-м лора, ша шен гIайгIа, коьртера дуьйна когашка кхаччалц, ма-ярра муьлххачу а цхьана стаге ялхийча, шена дикка дагана пергIато, синтем бер болуш санна. Кхуо и шен гIайгIа хIинцца ши шо хьалххалц шен зудче а, кхечу нахе а кест-кеста ялхайора, амма, тIаьххьара а нохчийн «яхь» бохучу дешан ницкъ тола а тоьлла, хIинца хIара Iадда-м Iара. Кхуьнан и ши шо хьалххалц а яра нохчийн «яхь»-м, делахь а хIара доллу адам ша санна дог цIена хеташ вара, хIинцца ши шо хьалха шайга веанчу цхьана хьешо шега цхьа къамел даллац.

И дара буса, ОлдумгIеран гIеххьа сирлачу цIа чохь, гIеххьа йогуш лампа а йолуш. Олдума, шен хьешаца нар тIехь жижиг, галнаш дина а ваьлла, шен гIайгIа хьеше ялхийча,

цу хьешо, шен хебаршка ихина ши куьг шен йоцийрачу маьхьсеш тІе а хьаькхна, элира:

— Олдум! Аса цхьа хабар дийца хьуна?

— Дийцахьа, Исраил, — Олдума а аьлла, хьешо Олдумна хабар дийцира:

— Мацах цхьа воккха стаг хилла, боху, хьаннашна ха а деш, хьуьна юккъехь шен гІеххьа цхьа цІа а долуш, вехаш. И воккха стаг, цхьана сарахь, гІеххьа гуш са а долуш, хьуьна юккъе вала ша, аьлла, дІаволавелча, шен цІенна дукха гена валале цунна хезнера сов Іаламат хазан, исбаьхьан озанца цхьа олхазар дека.

Цу олхазаран хазчу мукъамах, иза хазчу эшаршца декарна, чІогІа сакъераделла, са а ца тохаделла, цу воккхачу стага и олхазар схьа а лаьцна, цунна цхьа бен а бина, цо и олхазар кхобуш хилла, иза шен воцуш ца тору накъост а хеташ.

Цул тІаьхьа дукха зама ялале цу воккхачу стеган сов хаза декаш и олхазар дуйла хиънера цхьана доьзалхо ца хуьлуш, дуьненахь, хІинца хьо санна... — аьлла, хьешо цкъа соцунгІа а хилла, юха а шен къамел дІадолийра: — ...дуьненахь, хьо санна, цхьана а хІуманах са ца къералуш, цхьаьллиг-цхьана хІуманах воккха ца веш волчу цхьана стагана.

И стаг, ва́н а веана, боьхху мах а белла, и олхазар эцна цІа а даьхьна, цунна башха гур а бина, дийнахь а, буса а бохург санна декачу цу олхазаре ладегІа хиънера. Цу стагана, олхазарах самукъа а даьлла, шен йоллу гІайгІа йицъеллера. Цу тайпана пергІатваьлла, даг тІера гІайгІа айаелла, коьртера бала бешна, и стаг цу олхазаран декарх чІогІа сапаргІатваьллачу меттехь, и олхазар каракхаьчна кхо бутт кхаьчначу заманчохь, цхьана дийнахь учахь бІогІамах кхозучу олхазаре и стаггий, цуьнан зудий ладоьгІуш Іаш, цІеххьана, цу гурах тІам а хьакхалуш, чехкачу декарца и санна долу цхьа олхазар меллаша тІехъиккхича, гура чохь ца хеддаш дека олхазар цу тІехъиккхинчу олхазарна тІаьхьахьаьжинчохь дисира, иза цул тІаьхьа ца декаш сецнера.

И олхазар ца декаш ши кІира далале а, даьлча а цу стага дехха дехнера цуьнга, декахьара, бохуш. Дехха хьистинера цо иза, массо а тайпана даарш хьалха дохкуш, вехха вилхинера иза цунна:

— Хьан декаро, хьан хазчу эшаро, хьан хазчу мукъамо сан кийрахь дукха хенахь дуьйна схьа лаьттина йолу гІайгІа яшийна дІаяькхинера, цхьакІеззиг бен буха ца юьтуш, и бу-

хайиснарг а дIайолуш лаьттара сан, жима олхазар! Декахьа хьайн хазчу эшарца! Лебехьа жимма хьайн шера мотт хазчу эшарца!.. ХIинца хьо ца декахь, хIинца ахьа хьайн хазчу мукъамца хаза шок ца тохахь, бакъ ду-кх, сан кийрахь йисинчу цхьакIеззигчу гIайгIано, ахьа дIаайина гIайгIа юха тIе а оьзна, со, тохара хьалха санна, гIайгIанан хIорда юккъехь вуьтург хилар. Декахьа, олхазар! Тохалохьа! ХIара дуьне дитар мел хала дуьйцу, иштта хала ду-кх гIайгIанашкахь хилар, — аьлла, и стаг холчахIоттарх, и стат дукха велхарх, и олхазар, кхин ца декаш, цу стаге дистхиллера:

— Суна ца хаьара, хьан сох сакъералойла, суна ца моьттура, хьуна сайх синкъерам баьлла. Адамана хьалха суьлхьаналла бен доцу со, сох синкъерам баьлла хилла-кх хьуна. Сан гIайгIанах хьан кийрара гIайгIа ешна хилла-кх.

ХIан-хIа, со кхин хьуна декар дац, ас сайн гIайгIа хьуна кхин ялхор яц, тоьар ду, масийтта баттахь сан бIаьргех ихна къаьхьа хин тIадамаш хьан дегIах дулий, чIогIачу мерзачу маларо санна, хьо вахийна кеп йина латтийча. Со хьан самукъадаккха гIерташ ца даьллинера хIинццалц, ас хьуна ялхориг сайн гIайгIа яра, хьоьгара орца доьхуш. Хьо цунах кхета воллуш а ца хилла. Суна и хуур дацара, тохара суна улло деанчу олхазаро сан гIайгIанах хьуна синкъерам баьллийла соьга ца хаийтинехьара. Цо соьга и хаа а хаийтира, со хьуна кхин ца декаш саца а сецна... Ца хаьара хьуна, со, суьйренна сайн кхаа кIорнина ижу а яхьаш, сайн бен чу деанчу заманчохь бухахь сайн кIорнеш а ца карийна, шийлачу маьхьарца, цIеначу дагара дуткъачу озанца сайна орца доьхуш, декча, ас деттачу цIогIанах са а къераделла, со хьуна доьхкинчу хьуьнан хехочо со лаьцнийла? Ца хаьара хьуна, сайн кIорнеш куьйранан мара яхана-теша, меца Iохку-теша, чевнаш хилла Iохку-теша, бохуш, де-буьйса ца лоруш, сайна хуучу маттаца, сайн долчу озанца и сайн доьзал лаха со маьрша дита, бохуш сан делхар дарийла?

Ца хаьара хьуна, цу сайн доьзалшна цкъа а тIекхача маьрша дитахьара, бохуш, хIинццалц, доьлхуш, аса хьуна ялхийначу сан гIайгIанах хьайн коьртера бала бешнийла? Кхин со хьуна декар дац! Кхин со хьуна доьлхур дац, кхин ас сайн гIайгIанах хьуна синкъерам ца боккху, — аьлла, олхазар ца декаш сецча, цу стага и олхазар дIахецнера... — аьлла, Олдумна хабар дуьйцуш волу хьаша, цкъа соцунгIа а хилла, юха а вистхилира:

— Цу тайппана, ахьа хьайн гIайгIа, соьга санна, тIе-

кхаьч-кхаьчначуьнга ялхаярх, хьуна цунах цхьажимма хилла а, цхьана заманна синтем хилахь а, хьан цу гІайгІанах нахана синкъерам бер бу, нахана цунах белам хир бу... ХІунда?.. Хьуна хилла и гІайгІа, нохчийн Іадат бахьанехь, ахьа, хаа а хууш, айхьа-хьайна йина дела. ХІинца ахьа и гІайгІа шайга ялхийча, нах къайлах хьох боьлур бу: «Хьенех, стаг хила дагахь, Іадатехь догІург а дина, юха цунна дохко а ваьлла, хІинца тІекхаьч-кхаьчначу стагана воьлхуш лела, делан дуьхьа, мел хала ду-кх цунах стаг хила» — бохуш... Цкъа дийцина ца Іаш, уьш, пхьоьханахь дух-духа иза дуьйцуш, хьох боьлур бу, — аьлла, шайга веанчу хьешо и къамел шега дичахьана, Олдум гуттар а гІелвеллера, иза гуттар а кІелвисна вогІура, и шега дийцар бахьанехь, шен гІайгІа муьлхмуьлхачу а стаге ялхо а ца лууш, ялхийча, шена дикка синтем бер болуш санна а хеташ.

Олдум кІоргерчу ойланаш чу вахна Іаш, цІеххьана гІовгІа елира кху тогІи чухула когаш Іуьйра лаккхара охьахьаьвдда догІучу берийн. ХІара цкъа меллаша и гІовгІа яьллачухьа дІахьаьжира, тІаккха, охьахьаьвдда догІучу берех шен бІаьрг кхетча, доккха са а доккхуш: «Да вала хьан, дуьне», — аьлла, серийн кертах аркъал таьІира. И дедда догІу кхо бер шена тІехдолуш, лерриа цаьрга хьаьжначу кхунна шена хилларг дагаоьхура, кхуьнан даккхийрачу Іаьржачу бІаьргех цхьабосса боккха шиъ хин тІадам буьйжира, хІара ша Іаччохь бертаза вегавелира. Леррина берашна тІаьхьа хьоьжуш Іан хІара велхаран къурдаш дан велира.

ОлдумгІарна аьтту агІор гена доцуш лаьттачу жамІатан маьждиган кертахь: «ОллохІу акбар! ОллохІу акбар!» — аьлла къена молла маьркІажан ламазна кхайкха волавелира; маьждиган кертал арахьа тІулгаш тІе а хевшина, нийсалла кхуьйсуш санна, цхьабосса бІаьллаш тІе туйнаш кхуьйсуш Іан баккхий нах, кхойкхучу моллина тІаьхьа дагахь цо ол-олург а олуш, Іара. Дукха хан ялале молла а кхайкхина велира, баккхий нах а, вовшийн хьалхе а юьтуш, маьждиг чу буьйлира. Олдум а, укхал а таІийна, дІа-схьа а ца хьожуш, веана царна тІаьххье маьждиг чу тилира.

Ламазера а ваьлла, шайн лохачу неІарехула шайн тишачу цІа чу ваьлла Олдум: «Сепият, мотт биллахьа суна», — аьлла, кора тІехь йогуш лаьттачу англин лампина улло а вахана, кора тІера куьзганан бІаьрг схьа а эцна, цу чу хьежа велира.

— ХІинца а могуш воцуш-х ца хиллий хьо? — олуш, хьа-

лагIаьттина, тиша пазаташ тохкуш Iан Сепият хууш яра сингаттам бахьанехь Олдум хеназа къанвеллийла а, дено-дено бохург санна и гIеллуш лаьттийла а.

Куьзгана хьоьжуш лаьттачу Олдумна шен къежъеллачу ехачу юьхь тIера беха мара болчунна тIе а цIийбелла гора; юкъ-юкъа берцан буьртигаш Iаьххича санна йолу шен шога юьхь а Олдумна кхохкийна гора. Олдум тховса дуьххьара хилла вацара могуш вощуш, хIара, шен гIайгIа дага а йогIий, цуьнан ойланаш а еш, шех леташ Iачу заманчохь, цхьана муьлххачу а берах шен бIаьрг ма-кхийтти, Iадат бахьанехь ша-шена йина гIайгIа карла а йолий, хьере хуьлура, кхуо, шен айрадоьллачу даккхийчу куьйгашца шен лекха хьаж къовллий схьа а лоций, хийла корта теIабора. Ощу меттехь кхуьнан дегIах цкъа йовхо, тIаккха шело хьаьрчара, кхуьнан лекха дегI дикка маллора, дегIах ийзо долалучу пхенех могуш вощуш а хуьлий, кхуо вужий де а, кIира а доккхура.

Иштта хиллера-кх тховса а Олдум могуш вощуш. Сепията, ехачу нар тIехь хьалабоьттина лаьттачу метта юкъара шайн цхьаъ бен йоцу йоккха гоь схьа а эцна, яржош нар тIе тесира, и тIетесча, цу гоьнах хилла делахь а, бухарчу кIайчу истангах хилла делахь а, гIеххьа ченан кIур кху чохь а гIаьттира.

Мотт биллина яьллачу Сепията:

— Сискал схьа а яьлла лаьтташ-м ю, ца кхоллу ахь? — элира, охьавижа тIера хIуманаш дIа а яьхна, нара тIе волуш воллучу Олдуме.

— Ца кхоллу хIинца-м, — аьлла, охьа а вижна, сийначу басмин юргIа шена тIеуьйзира цо.

ХIун гIайгIа яра-техьа Олдум хеназа къанвинарг, цунна кест-кеста цамгар тухург?

Олдум 25 шо кхаьчна жима стаг волчу заманчохь хIара цхьаъ бен шен кхин доьзалхо цахиларна а, чохь кхин зударшха стаг цахиларна а, кхуьнан 60 шо кхаьчначу дас Элашбис кху Олдумна зуда ялийра, хIара дегаза воллушехьа, кху юьртахь гIараяьлла йолу Забин Сепият. Шена и ялийча, шен дена дуьхьало а йина нахала ца вала, Олдум реза а хилла Iадъийра.

Сепият дог цIена стаг хиларх а, цуьнан хазаллех а вокхавеш Олдума дикка хан дIаяьхьира. Сепият юьртахь хаза ю а, дика йоI ю а бохуш гIара ма-яллара карийра Олдумна а, цуьнан дена Элашбина а. Сепият дехкийн цергаш а йина

елаелча, беснеш тIе гIеххьа кIаьгнаш а хIуьттуш, йогуш горга юьхь а йолуш, хаза стаг ян а яра, цунна шен марда Элашби а вуно дукхавезара, Элашбина, шен кIант Олдум санна, Сепият а вуно дукхаезара.

Элашбис хIинццалц шен, цхьа Олдум воцург, кхин доьзалхо цахиларе терра, кхоаварна, эвлаюккъе синкъерамашка марзвелла лелаш Олдум хиллехь а, хIинца Сепият ялийчахьана, иза чIогIа шен цIен тIе вирзинера. ХIинццалц шайна шарахь цкъа бохург санна бен дечиган вóрда яхьаш воцу, Олдум хIинца хIор денна бохург санна дечиге а воьдура, дечиг ца дахьачу дийнахь, хьуьнах а воьдий, я коьчал йохьура, я мехах киране воьдура, шайн яккхийра Iаьржа бугIанаш а южий.

Элашбис Олдум шайн цIийнан дукъ схьалоцуш дIахIоттарх а, хIинцца ши шо хьалха еллачу шен зудчун меттана шайн цIийнан нана хилла дIахIоьттинчу Сепиятах а чIогIа воккхавеш дикка зама дIаехьира.

ТIаьхьо, Сепият, гIехь йоцуш хилла, бад санна, техкаш, уьйтIахь цхьацца гIуллакхаш деш лела шена гича, Элашбис: «КIант хуьлийтийла хьан кхоьллинчу дала», — олура.

Олдумна а, шен ваша а, шича а цахиларна, Сепията кIант войла лаьара, цо олура Сепияте:

— Сепият! Вайшиннa йоI ца оьшу хьуна. Дика хиларх, дин а хьовзор болуш, адамах кхера а лур воцуш, хаза хиларх, йоI а йогIур йолуш, — вайшиннa шад санна волу цхьа кIант велахь, хезий хьуна? — олий.

Сепият, тIехула Олдуме шена а кIант хуьлийла лаьа бахахь а, дагахь шен йоI хуьлийла лууш яра, шена цIентIехь гIо дан накъост хир вара-кх, аьлла хеташ.

Сепиятан кIант хуьлийла лууш верг шиъ хиларна делахь а, я иштта хила доьгIна хиллехь а, дукха зама ялале Сепията кIант вира. И кIант бедах карчош вича санна вара.

КIант хиларх Олдум а, Элашби а чIогIа воккхавеш вара, шаьшшиннан самукъадалар Iадатехь вовшашка хаийта йиш а йоцуш. Йоl хилахьара, аьлла хеташ йолу Сепият а ша винчу кIантах а, ша цу балех хьалхаяларх а сакъераделла яра.

КIант вина дукха хан ялале Элашбис, уьстагI а бийна, молланашка чу а кхайкхина, цу кIантана цIе тиллийтира «Ваха» аьлла. Ца хаьа, молланаша и цIе жайни тIера эцарцаэцар-м, делахь а и «Ваха» боху цIе Элашбиний, Олдумний, Сепиятаний йоккхуш хаза хетарал совнаха, и цIе, молланаша и тиллар бахьана долуш, уьш чIогIа сийлахь хеташ а

бара, и цIе йолу шайн кIант дикка дукха вехар ву моьттуш а бара, «Ваха» бохучу цIеран маьIна «вахийта», «вехаверг» хеташ.

Цхьана дийнахь, гуьйренан заманчохь, гуттар а ма-хиллара, кхехкачу гIабакхах цIа чохь гIотту Iаь санна, кху жимачу юьртахь къахь гIаьттинера. ХIор цIийнах, тиша дарий, цIена дарий аьлла ца Iаш, юьрта юккъерачу доккхачу маьждигана уллорчу мокхачу хьуьжарах а тIехь, керчаш, хьийзаш, ирх оьхуш сийна, мокха кIур а бара, маьI-маьIехь лета хезаш жIаьлеш а дара. Накхаран тускарш санна, маггIара лаьттачу цIенойн кегийчу корашкахула, Iаьржачу буса геннара хьаьжча гун ярмакан панаран серло санна, наггахь гуш йогучу лампанийн серлонаш а яра. Кху юьртан доккхачу хин йистера пхиъ я ялх цIийнах йогуш йолчу лампанашлахь цхьа лампа къаьсттина сирла йогура. И дара ОлдумгIеран цIа, цу чохь товханахь хингалш дина а даьхна, дилина, тIе даьтта а хьаькхна, цхьадерш дехьачуьрчу Элашбина а дихьина, цхьадерш аьчган хедарина чу а дехкина, тIе гата а хьарчийна, Сепият уьш хIинцца цIа кхочу волчу Олдумна хьежош Iара, товхана хих буьззина боккха чуьйнан яй а оьллина. И яй оьллинера Сепията шен корта била а, кху чохь нар тIехь Iуьллуш волу Ваха лийчо а.

Олдум цIа кхачаре хьоьжуш йолчу Сепията, — и хье а велла: «Ваха лийчийна яьлча тоьлу суна и цIа кхачале. ТIаккха кхано, сайн корта а билина, охьайижа атта хир ду суна», — аьлла, товхана чуьра чуьйнан яй цIенкъа юккъе хIоттийра, хи шелдалар а хир, кхиккина кхачацадалар а хир, аьлла. ТIаккха, нар кIелхьара дечиган текх схьа а оьзна, хи шеллушшехь Вахина жимма коьртах хьожур ша, аьлла, Сепият, Ваха схьа а эцна, йогуш лампа лаьттачу кора кIел нар тIе а хиина, Вахина коьртах хьажа юьйлира.

Оцу заманчохь дехьачуьра Элашби сехьа Сепият йолчухула бен шен аравала йиш цахиларе терра, гIумгIа а эцна, шен дагахь, Сепият Вахина юххехь хилахь, цунна эхьхетар ду-кх шех, аьлла, Сепият йолчу агIор дIа а ца хьожуш, охьа а таьIна, чехкка аравелира. Сепият, и шега схьа ца хьаьжнехь а, эхьхетта, шен карара Ваха охьа а вуьллуш, чехкка хьала а иккхина, нар тIера охьайоьссира. Ваха велха озийра. Оцу заманчохь Олдум шен бугIанийн ворданан гIовгIанца шайн уьйтIа кхечира, Сепиятана шайн ворданан кIезигчу гIовгIанах а хиира цIа веанарг Олдум вуйла. Сепият, цкъа Вахина тIехьаьдда: «Ма велхахьа, Ваха... ХIара-м сан дика бер

дай, хIара-м сан хаза бер дай» — а аьлла, шен туьйдинчу кIархашца уьйтIа хьаьдира кIад а, гIел а велла цIа вогIучу Олдуман варда дIахеца. Олдум а, ша хIинццалц шена дуьхьал Сепият мосазза ели чу ма-варра, хIинца а чувеара, шен иэттIачу белхан гIовтала тIехула дихкина гата дIа а достуш. Чуваьлча, ша схьадаьстина гата нар тIе а ккхуссуш, Элашби чохь волчу цIийнан жимачу коре а хьожуш, — Элашбина гой-техьа — аьлла, меллаша веана, воьлхуш Iуьллучу Вахина тIе а хIоьттина:

— Стенна йоьлху хьо, тодакх... Стаг хир яц хьох... яц дера... — аьлла, меллаша Олдум вистхилча, Вахас шен велхар алсамдаьккхира. Олдум, юха а цкъа шайн юккъерчу коре а хьаьжна, меллаша Ваха схьа а эцна, Сепият йолчу вига дагахь аравала дIаволавелла, неIаре кхачале уьйтIара чувогIу Элашби кху шайн лохчу неIарехулу чехка чувелира, карахь Ваха а волуш Олдум гича, иза цIеххьана юхаиккхира. Олдуман дегIах, стелахаьштиг кхетча санна, цIе елира, шен дена ша шен кIант а керахь гича, цо, Iаьржа бIагор а хьаьвзаш, шен карара Ваха, ша ккхуссу, ца ккхуссу ца хууш, цхьана агIор охьакхоьссира. Ваха цIенкъа юккъехь тIера Iаь а оьхуш лаьттачу чуьйнан е чу вуьйжира. Цуьнан шийла мохь белира. Олдум, кхоьссина хIума санна, араиккхира. УьйтIахь, ворда дIа а хецна, божал чу йохка бугIанаш лаьхкина йоьду Сепият, цкъа а ца хезначу тайпана шена Вахас мохь хьокху хезча, чуян дапахь схьахьаьдира, амма, ша санна, Вахин мохь а хезна, чухьаьдда вогIу Элашби а гина, Сепият юхаиккхира. Элашби цIа чу ваьлча, шайн чохь хилларг хIун ду ца хууш, кийра ша биллина Сепият, меллаша шайн уча а еана, корехула чу хьаьжира; тIаккха Сепиятана гинарг ма гойла цхьана а беран нанна, цуьнан хилла дог ма хуьлда цхьана а беран ненан! Сепиятана, шена тIаьххьара бIагор хьаьвзаш, гира чуваьллачу Элашбис, мас дIаяккха кечъян довхачу хи чу а Iоьттина схьайоккху котам санна, чуьйнан е чохь, довхачу хин кийрахь, нагахь мохь а болуш, Iуьллу Ваха хьалавоккхуш. Сепияте и ца ладелира, иза, кIажин пхеначь хадийча санна, дегI малделла, орам хадийна дечиг санна, чохь са доцуш, шайн учи тIе, дог а кIадделла, охьаюьйжира, гIеххьа тата а доккхуш. Чохь воьхна хьийза Элашби, шен карара Ваха цкъа юргIана юккъе вуьллуш, тIаккха, кор доьллий, цунна хIо кхоьтуьйтуш лелара, цунна дан догIург шена цахааре терра. ТIаьххьара а Элашбина дагадеара ягийнчу меженна нохчаша саба хьокхуш хи-

лар. И шена дагадеача, Элашби, катоьхна шайн саба схьа а эцна, Вахин цIийделлачу дегIах хьекха хиира. Вахина цунах хIумма а гIоле ца елира, иза дарба ца хиларе терра. Ваха, цу тайпана вагавар бахьанехь, шозлагIчу дийнахь велира. Олдума, ша эхьан хIурда чу воьжча санна, дуьненан уггар а доккха эхь шен карара даьлча санна, шен кIант Ваха веллехь а, Элашбина гучу ца волуш цхьа бутт а, хийла хан а яьккхира.

Иштта, и Ваха валар бахьанехь яра-кх хIинца вай вуьйцуш волчу къеначу Олдумна гIайгIа. И гIайгIа яра-кх, тховса могуш воцуш а хилла, хорша еача санна, шена къеначу Сепияте тIе хIуманаш а тохийтина, кIелвоьлла Олдум хеназа къанвинарг, цуьнан нахах уьйр хадийнарг, цунна нахе — тилла вуй, жинашца тайна вуй, шайтIанашца уьйр йолуш вуй — бохуш цIераш тахкийтинарг.

* * *

Дешархо! Кхин дIа долчух хьо хьуо кхета веза. Хьуна хаа деза, Олдумна санна, Сепиятана а мел дагахьбаллам бу... ХIунда кхоьссира-теша Олдума шен карара Ваха е чу? Цо иза шен керахь витинехь, я меллаша охьавиллинехь, Олдуман цхьа меже охьа-х южур яцарий, цул тIаьхьа Элашби Олдуман мостагI-х хир вацарий, шен кIантана шех эхь ца хийти аьлла. Цул тIаьхьа кхеран цIа дуьйцуш-х хир дацарий — «эхь дина Олдума», бохуш, я «стаг хир вац Олдум», бохуш. Эхь ишта-х ца хуьлий, эхь стаг вуьйш хила-х ца дезий; ладогIахьа, дешархо, цхьакIеззиг хIинца Олдумна ша къанвеллачу меттехь ша а, шен зуда Сепият а кхаба мел чIогIа оьшура доьзалхо! ХIинца ахь ладогIахьа, мел чIогIа дохковаьлла-кх Олдум, ша вайн нохчийн боданен Iадато хIаллакварна а, и Iадат ша кхочушдарна а. ТIаьхьа делахь а, хIинца-м хаьа хьуна Олдумна «стаг» юккуш-оьцуш йолу пхьегIа йоцийла. ХIинца-м хаьа хьуна Олдумна «стаг» вийча волуш воцийла. Олдума и бала хIинца юха-м боккхур бацара шен коьртана.

Кхин дIа дерг айхьа даккха кху хабарх, кхин дIа кхуьнан кхиэл айхьа е, хIара дуьйцуш суна бIагор хьийза...

ХIинца, сан хабарш хьайна кIорда ца динехь, хьайна дикка дегаза ца хетахь, ладогIа сан кхоалгIачу хабаре.

БАУДДИ

Жимачу юьртарчу боккхачу ураман новкъахь диллина Іуьллу ло къаьсташ дацара, хьийзош дарц хиларна. И дарц цкъа и ураман некъ дІалоций дуькъа хьовзадора, тІаккха, цу новкъара цхьадолу мокхан, кІайн цІенош гучу а дохуш, йилбазан мохо чан санна, маьІ-маьІІехь хьовзадора. И дарц, цхьанахьа серло йолчу кора кІел нисделча, гІаьттинчу войх тарлора. Борз санна, угІуш, и дарц хьийзо мох хІинццалцлерчул а къинхетам боцуш бара, юьртана Іаьнна хила дезачу барамехь дечгах кхачамхилча санна, оьгІазбахана, и, лаьттара а, нехан тхевнашна тІера а ло ийдеш, цкъа лакхара охьа, тІаккха лахара хьала луьра хьоькхура, юкъ-юкъа нехан керта лелхара, нехан гоман, агІоран керташ чу а етташ, гІеххьа гІорийнчу акказийн а, диттийн а генаш а кегдеш.

Адамаш буьрсачу буьйсанна чутийнера, жІаьлеш шийлачу буьйсанна доьрчашна кІеллий, божалш кІеллий дІатийнера. ЦІийзачу моханний, мохо кегдеш чудеттачу акказийн гениЙн, юкъ-юкъа охьаеттачу нехан кертийн бен кху ураман новкъахь кхин гІовгІа а яцара, я гуш садолу адам а дацара цхьа хан яллалц. Амма, мохо цІийзарца гІовгІаеш, буьйсанна дикка хан яьлча, кху ураман новкъахь лакхара охьадогІуш цхьа адаман гІаларт гучу-м делира. Хин тулгІи санна, массо а метте кхочуш, дІаьндарг санна, хьийзаш, луьра хьийзочу мохо и адам галдохура. Іаьржачу буьйсанна, хьийзочу дарцана цу адаман юьхьсибат ца къастарехь а, иза зударшха стаг юйла-м хуур дара цуьнан юкъ ехкачу, оба санна, хе-

цаеллачу ехачу бедарх а, коьртарчу кIайчу йовлакхах а. Иза цхьа гIехьа генара йогIийла хаа дезара цуьнан я ца луш ярах. Иза коьрте боьссинчу балина араяьллийла хаа дезара цуьнан тховса араярарх.

ХIара зуда хьоькхучу мохо кест-кеста серийн кертех еттара, тIаккха хIара, доккха са а доккхий, цхьа кхерам даг тIе а тосий, хьала а айалой, юха а йолалора. Кху хьоькхучу дарцехула халла еана хIара зуда, цхьана лохачу, мокхачу цIеноийн, ке меттана, шина утармех тесначу гIора кIелдIахула а яьлла, кху кертахь гIеххьа серлонца лампа йогучу кора тIе йолаелира, халла когаш а текхош, голаш тIе охьа а оъхуш. ХIара, шелъяларал совнаха, гIел чIогIа еллера. Цхьалхачу йовлакхца, юткъачу кучаца кху шийлачу буса араярарх, хIара ша а ца кхеташ, цхьа дегI а ийзош, херцаш шелой, йовхой а етталуш, кхунна цамгар хиллера. ХIара, цу кора кIел кхаьчча, цIеххьана, шена хIун ду а ца хууш, мохо дарц диттинчу кора кIеларчу учи тIе, орца даккха мохь а ца хьакхалуш, аркъал охьаюьйжира. Жимачу корах аракхеттачу кIезигчу серлоно, кху охьайоьжна Iуьллучу зудчун, гIеххьа ехачу юьхьа тIерачу буткъачу меран ах а лоцуш, охьаеана, гIин дуьллуш цIиййина кIужал а гучуяькхира, кхуьнан аьтту лерг а дато хьалкханца гучуделира. ХIара, наггахь са а доккхуш, яхъелла Iуьллура, кхунах, «хьо-м тIаьххьара а сан кара йогIур ярий» бохуш сана, беш цхьаннах а къинхетам боцу дарц а летара. Кхуьнан цергаш, вота етташ санна, вовшах етталора, хIара цкъа а, шозза а йистхила юьйлира, амма йист-м ца хилалора.

Кху кертахь татанаш хезна делахь а, я ша кху цIийнан воккхаха хиларе терра сагатлуш хиларна делахь а, хIара зуда Iуьллучу кора тIе а веана, цхьа воккха стаг, шина бIаьрга тIе чуьра серло ца кхетийта куьйгаш а лаьцна, ангалин бIаьргана тIе а таьIна, леррина шайн кху керта арахьаьжира, амма Iуьллу зуда цунна ган-м ца гира. Иза, меллаша юха а ваьлла, шен метта охьавижира.

ХIун стаг ю-теша кху буьрсачу, шийлачу буса кху дуькъачу дарца юккъехь Iуьллу и зуда?

Иза — хIинца ша Iуьллучу кху кертарчу, хIинцца дукха хан йоцуш корах ара а хьаьжна, хIара Iуьллуш ца гинчу Асхьабан йоI яра, кху юьртан лакхахьа эвлайистерчу кIотарарчу Мусин Бауддега маре а яхна, шен цIе Кулсум а йолуш.

Кулсум Бауддега хIинцца цхьа шо хьалха яхнера маре, шен вежарша а, йижарша а ма гIо боххушехьа, шена Баудди

упгар хьалха тІе а хьовзарна, дукха тІехьийзарна дукха а везаре терра.

ХІун хиллера-теша, хІинца ша Іуьллучохь тІедеттачу дарцана делахь а, аркъал Іиллар хьаьхна делахь а, ха а хаьрцина, лампин серло гучу корехьа йирзинчу Кулсумна?

Тховса мох балале, маьркІажан хенахь, жимчу кІотарарчу Мусин Баудди волчу сакъера дукха кегий нах гулбеллера. Дикка сакъийрира цара, кар-кара эцарца дечиган пондар а лоькхуш. ТІаккха, цхьана накъостехь ловзо кехаташ а карийна, касо варех ловзуш а дикка Іийра хІорш. Царех ловза кІордийча, уьш, кар-кара оьцуш, хабарш дийца хевшира. ХІорш хабарш дуьйцуш Іаш, жимчу Кулсума, шортта йоьхь а кхерзина, йоккха сискал а йина, кхарна яа хІума а елира. ХІорш шен «марвежарий» хиларе терра, кхарна хІоранна — «кІант» — бохуш, елаелла хилла, шега балу там а бина, Кулсум, дехьа чу а яхна, агІоръелира. Цул тІаьхьа дукха зама яллале, кху хІусаман да Бауддий, Ахьъяд, Далхьад боху цуьнан ши доттагІий воцург, кхиболу кегий нах, тховса хьоькхуш болу мох сацахь, кхана дечиге даха деза шайн, аьлла, шайн-шайн цІа а бахна, хІара кхо доттагІа, цхьаьна а висна, цхьацца къамелаш деш Іаш, наха жима волуш дуьйна а «эхь ца хеташ вуй», «тІахъаьлла стаг вуй» олуш волу 23 шо кхаьчна Ахьъяд:

— Баудди! — аьлла вистхилира.

— ХІун бах ахь? — аьлла, Бауддис, шайн поппаран цІенкъа туй а кхоьссина, шен хІинцца дала тохаделлачу меюха тІе а юхочуьйтуш, шен жимчу бета тІе куьг хьаькхча:

— Тхойша хІунда веарий тховса хьо волчу? — аьлла Ахьъяд юха а вистхилира.

— Схьадийцахьа шаьш деана гуллакх, хун ду и? — аьлла Баудди витохилча, Ахьъяда шен къамел дІадолийра:

— Баудди, дагадогІий хьуна, вай, хІинцца цхьа кІира хьалха орца, кІотара синкъераме а дахна, цигахь дика зударашца са а къийрина, гІеххьа хилла маларан кеп а йолуш, хІинца кху чохь волчу вай кхаамма цхьа барт бар?

— ДогІу суна-м и дага, Ахьъяд, — аьллачу Бауддин бос байра, цуьнан сибато цу бинчу бартана и реза цахилар хоуьйтура.

Нара тІерачу цІечу истанга тІе, ши куьг коьрта кІел дуьллуш, аркъал вижина Іуьллучу Далхьада, шен шога шуьйра юьхь цкъа ела а къажийна, хьала а айавелла, шен хийрачу, яккхийрчу цергашна юккъехула, нийсалла кхуссуш санна, дах-

деш туй кхоьссира, и туй неIарна юххехь лаьттачу лохчу цIестан гIумгIанан бухах кхийтира.

— Вай, вешан зударш а битина, цу синкъерамехь ваьш кхаамма сакъийрина кхо йоI яло тIаьхьадовла чIагIо йирий, Баудди? — аьлла, Ахьъяд юха а вистхилча, ойлаеш ладоьгIуш Iачу Бауддис:

— Йира, дера, — аьлла, охьа а таьIаш, шен корта схьалецира.

— Йира, дера. Вай цу буса, эвлаяэх, кхетта лаьттачу баттах, вешан варданна йоьжна хиллачу говрах а тIехь дуйнаш а бууш, чIагIо а ма йира. ШозлагIчу дийнахь оцу Iуьллучу Далхьада а, аса а тхаьшшиннан зударш бита а ма битира... — аьлла, Ахьъяда, цкъа соцунгIа а хилла, юха а шен къамел дIадолийра: — ХIинца тховса а ахьа хьайн зуда ца йитахь, ахьа тхойшинна бинарг тешнабехк а бу, тIе, хьо, тхойшиъ Iовдал хеташ, тхойшиннах воьлуш а ву.

— Ахьъяд! Со шуьшинна тешнабехк бан а ца гIиртина, я шуьшиннах вела гIерташ а, воьлуш а ца лела. Кхин стаг вацахь а, сайн дош кхочушдалла стаг воцуш а ца Iийна со... Бакъду, хIинццалц схьа, вай и барт бичахьана, цу сайн зудчух Кулсумах къахеташ Iийна со, хIунда?.. И соьга еачахьана, иза цуьнан наха шайн цIа цайитарна а, юьтург цахиларна а, шуьшинне ма-хаъара, и соьга еачи мегар а дац, цIа а юьтур яц, аьлла, цуьнан воккхахволчу вашас а, дас а дуйнаш биъна дела... Ахьъяд, со, аша шаьш гуттар а ма-аллара, адамах атта дог лозуш ву... Иштта сайн дог лазарна Iийна-кх со и сайн зуда ца юьтуш. Зуда йита-м хIумма а хала дац... ХIе, схьайоьл цкъа! — аьлла Бауддис дехьачу агIор яьллачу шен зудче Кулсуме мохь тоьхча:

— Тхойшиъ чохь а волуш-м дийр дац ахь и гIуллакх, — аьлла, Ахьъяд, Далхьад хьалаиккхира.

— ВаллахI дера, дийр ду-кх, шуьшиъ теш а волуш-м, — аьллачу Бауддис юха а мохь туьйхира: — Хьо схьайогIий? — аьлла.

Набархъиккхина Кулсум, чуьрчу шен «марвежарийн» юьхьна ела а къежаш, меллаша неIарх чоьхьа а яьлла:

— ХIун элира аша? — аьлла, шен коьртара кIайн йовлакх тодан хIоьттира.

Iаьржа бIагор бIаьргашна хьаьвзина, «тешнабехк бина» боху дош мелчу цIен сара хилла массо а пхенах чекхболуш, оьгIазвахана волу Баудди вистхилира:

— Ахьъяд!.. Далхьад!.. шуьшиъ а, тIера дела а теш волуш,

сайна хьарам еш, нахана хьанал еш, исс елахь — исс а, эзар елахь — эзар а цIе тосуш, и лаьтта Кулсум йити ас.

— Вай! Вай дела! — аьлла, Кулсуман шийла мохь белира.

Бехказлонна делахь а, я баккъалла а халахеташ делахь а — «в-ай! в-ай! ма аьллахь! ма аьллахь!» — аьлла, Далхьад, Ахьъяд хьалаиккхира. НеIарехь лаьтта Кулсум, цIийбина цхьамза IоьттIна дагах чекхбаькхкича санна, ягийнера, иза: «ма... ма... ма алахьа!» — олуш, ша лаьттачохь охьалахъяла йоьлча, тIехьаьддачу Ахьъядий, Далхьадий схьалецира.

— Вай, нана! Ас хIун дийр ду? — аьлла, Кулсума цкъа шен жима корта Ахьъядан белаш тIе бижийра, дог кIаддала а доьлла. «ХIокху минотехь меттахь ца хилахь, тIаьхьа цхьа бохам хир бу-кх суна» — аьлча санна, Кулсум, ша гIортарна делахь а, жимма метта а еана: «Бегаш бора алийша! бегаш бора алийша!» — аьлла, Далхьадана тIекхийтира.

— В-ай, собардехьа, Кулсум, стаг яц хьо? Сел йохий ма хьовзахьа, цо-м ша дIа бахарий, — аьлла Далхьад вистхилча, Кулсум, дикка гIоле хуьлуш, оццу меттехь жимма меттаян йолаелира. Амма, шегара цхьа дикка дика болх баьлча санна, шех цхьа къонаха хилча санна, жимма деган токхо а йолуш, цхьана агIор, шена Кулсум дукхаезарна, цунах къа а хеташ, меркIел каетташ Iан Баудди:

— Далхьад! Ахьа хьаштдоцург дуьйцу. Стенна лейо ахьа иза, гIуллакх дIадаьлча?.. Кулсум, Далхьада бохург хьуна тамана бохуш ду... Хаалахь, тховса дуьйна хьо сан зуда йоцийла... — аьлла вистхилира.

Кулсуман хеда герга дахна деган пхенаш адаман бIаьрга ма гойла, оццу меттехь Кулсумана хеттарг, цуьнан кийра яьлла цIе адаман синна ма хаалойла. Мел холчухIоьттинера иза! Ца хаьа, Кулсум оццу меттехь, Iай довхачу цIа чу деана ло санна, ешна дIа хIунда ца елира. Ца хаьа, Кулсум оццу меттехь, цIерга тесна неIаран мача санна, хебна дIа хIунда ца елира. Бакъду, Кулсум цу тайпана хIаллакьхуьлуш кIел ца йиснехь а, цуьнан дегIахарчу пхенаш чухула, тулгIи тухуш, довха цIий доладелира, цуьнан кийрара жима дог цуьнан шуьйрачу некхах чухула лета а доладелира, цуьнан готтачу хьажа тIехь Iохку пхенаш кхехкарна алсамдевлла цуьнан жима корта лаза а баькхкира. Кулсум, са а ца тохаделла, чохь болчу шен «марвежарех» эхь-бехк а дайина:

— Ма алахьа со йити! Ма йитахьа со, хьайх а йоккхуш! Ас хIун дан деза? Со хьанна тIетаIа еза? Ахьа-м, хьуо суна гIо эшначу меттехь сан ваша хилла дIахIуттур ву, бехира соь-

га! Ахьа-х, сан дог ца эшош, хьайн цхьа меже яккхийта реза хир ву, бехира соьга!.. Со-х цхьа гІийла бо дара, дестечунна хьалха́ кхиъна. Ма кхоссахьа со дІа, ма ехьа со хІаллак! Ма ехьа со хІаллак! Ас хІун дийр ду? — аьлла, Кулсум шех хьаьрчича, Бауддин хьалхехь дуьйна а кхунна лозу дог лазарна алсамдаьллехь а, шен дош, ша шен доттагІашка дийр ду аьлларг кхочуш ца дича вер вац ша, аьлла хеташ, ша бина барт хІор денна бохург санна тІех ца беттийта, Баудди, Кулсум йита хьовха, шен цІийнах цІе йилла а реза вара, нохчийн Іадата юкъахь ша кхиарна. Цо, шех хьаьрчиначу Кулсуман куьйгаш шен кочара дІа а дохуш, элира:

— Кулсум, ахьа сатоха, хьуна кху гІуллакхах хало а ма хила, хІара иштта яздина хилла вай кхоьллинчу дала. ХІинца хьо суна де-буьйса ца лоруш коча хьерчарх, хьо хьайн адамалла дицдина суна дукха елхарх, вайшиннан гІуллакх дІадаьлла даьлла, иза кхин... юхадерза йиш йоцуш ду.

Бауддис шен кочара ша дІаяккхарх, Кулсум цунна, чІогІа дехар а деш, коча хьерчара, амма Баудди тІулгал а чІагІвелла ваьллера.

— Хир дац!.. хир дац! — аьллий ас хьоьга. Иза кхин юха хир доцуш ду-кх, витахьа со! — аьлла, Баудди, шен карара Кулсум цІенкъа а кхуссуш, хьалаиккхира, бертал йоьжна Кулсум, жимма Іийна, хьалаайаелира, цуьнан беснеш тІехь дукха елхарна бІаьргех ихначу хих хилла хьоькхнаш яра, и Іиллинчу меттехь, поппаран цІенкъахь къаьсташ гуш цуьнан билхинчу бІаьргаша гІехьа яшийна меттиг яра. Хьалаиккхина Кулсум чІогІа кхераелла яра; цуьнан детІ, арахь хьийзочу буьрсачу дарцана а доцуш, тховса хиллачу бохамна чІогІа эгош дара, цо халла къурдаш дора, цо Бауддига дух-духа а дехарш дахь а, цунна хаа-м хаьара, Бауддис цкъа ша аьлларг атта дохор доцийла. Делахь а Кулсумна хетарг адам гуттар а цхьана эшарехь цалаттар дара. Кулсум, тІаьххьара а ша дог диллича, охьахиина, жимма елха а йилхина, йистхилира:

— ЦІа яха меттиг бацара-кх сан. Хьайн зуда ца яхь а, кху хьайн декъа тІехь мукъана а йитахьа со, — олуш, Кулсум шен кара йожа юха а тІехьаьдча, Баудди, иза шен карара меллаша нар тІе охьа а кхуссуш, цкъа ирахь лаьтташ волчу Ахьъядей, Далхьадей а хьаьжна, вистхилира:

— Кулсум! Хьо сан тхов кІел Іийча, ахьа дуу долу сайн ялта доккха хІума хеташший, хьо кху тхов кІел Іар тамаша хеташший-м ца боху аса... хьо кху тхов кІел ма-сеццинехь, наха, ас хьо йитина яц, эр ду-кх.

Шена шен сил а дукха везаш волчу Бауддис и шега аьлларг лан кийра боцу Кулсум:

— Делахь!.. делахь ахьа со, тилийна, Iехийна, ялийна хилла-кх! Со... Хьуна, со кийрахь дог доцуш, цхьа Iовдал ю, моьттина-кх, хьуна со атта хеташ хилла-кх! — аьлла, араикккхира. Ахьъяд, Далхьад, леррина Бауддега а хьаьжна:

— Хьаштдоцург ду-кх хIара! — аьлла вистхилира, шайн дагахь кхин доллушехьа.

Арахь луьра хьийзош дарц дара, и хьийзадора цкъа дуткъачу озанца, тIаккха стоммачу озанца, борз санна, угIуш, уьдучу шийлачу мохо; иштта хьийзочу буьрсачу дарцехула, дегIах шийла хьацар детташ, кийра ша биллина, кху юьртан боккхачу ураман новкъахула, мохо нехан серийн а, аннийн а кертех а етташ, гор а етташ, цIа а еъна, хIинца тIедеттачу дарца кIел, йогуш лампин серло гучу шайн жимчу кора кIел, учи тIехь Iуьллуш яра-кх Бауддин зуда и Кулсум, наггахь садоIуш а, ца доIуш а.

Кулсуман да Асхьаб, тохара хьалха санна, кора тIе веана, цкъа ара а хьаьжна, йовхарш а тухуш, меллаша шайн лоха неI а йоьллуш, ара а ваьлла, хьоькхучу дарцана ша тIекхоьллинчу шен кхекхийн кетарх а хьерчаш, шайн ханнийн божалан неIаре а вахана, шайн бугIанашка хьежа велира.

ХIинцца, Асхьаб, бугIанашка хьаьжна а ваьлла, чувогIуш, цунна учахь Iуьллу шен йоI Кулсум гур ю, цо чуьра Кулсуман йоккхахйолу йиша а, Кулсуман десте ларалуш йолу Човка а сама а яьккхина, Кулсум чуюьгур ю. ТIаккха, йоккха цIе а латаяйтина, Кулсуман дегIана пургIато, гIоле лоьхуш, уыш дика хьийзар бу, тIаккха Кулсума эр ду: «ХIун дийр дара-техьа аса сайн шу а ца хиллехь? Лийр яра-кх со цу дарцехь, цу шелехь тховса йиснехьара. Ма дика ду-кх шу сан долуш! Аса шаыш бохург ца динехь а, со шайн хиларе терра, Iалашйо-кх аш».

ХIа-хIан, хIинца шайн бугIанашка а хьаьжна, вогIучу Асхьабана хIара ца го, цо-м хIара, шена гинехьара, чуюьгур ярий, хIара шен йоI хиларе терра. ХIара неIарна гена Iиллина а, кхуьнан когашкахь хьаладоьттина даьккхина Iуьллуш жимма дечиг хиларна а, Асхьабана хIара ца гин, иза, меллаша шайн неI а йиллина, чуваха.

Вахча хIун ду Асхьаб хIинца, хIара а ца гуш, чу, иза-м хIинцца, дукха ца хьелуш, аравала а мегий, шайн чохь товханахь йогуш йолу цIе лахъяларна, иза юха лато кху Кулсуман когашкара дечиг дахьа. ХIара шена иштта ирчачу буса арахь, наха дохийичу дагца Iуьллуш гича, Асхьабана, ша, хIара Ба-

уддега яхча цIа юьтур яц, аьлла, дуй биънехь а, мел хала хетар ду, мел дог лозур ду цуьнан кху Кулсумах, хIара шен цIийх яьлла, шен доьзалхо хиларе терра.

ХIунда йитира-теша Бауддис шен зуда Кулсум? ХIунда яькkхира-теша цо жима Кулсум шех?

Кулсум яцара, ша Бауддина хан а йиллина, буса едда маре йоьдуш гучу а яьлла, шен воккхахволчу вашас йиттина, йишас барт биттина, шена гIело йича, шайн жимчу ото чохь ша йисинчу заманчохь, шен кехатан пондар кара а эцна, бIаьргех даккхийра мелчу хин тIадамаш а оьгуш, Бауддина хIара йиш лекхнарг?

Йитахьа со, сан дика ваша,
Чеха ма ехьа, сан хаза ваша,
Мел хала дуьйцу хIара дуьне дитар,
И санна, хала ду беза нах бита.
Йитахьа со, сан дика ваша,
Чеха ма ехьа со, сан хаза ваша,
Мел хала дуьйцу са дегIаха къастар,
И санна, хала ду беза нах бита.
Йитахьа со, сан дика дада,
Хьийза ма ехьа со, сан хаза дада,
Наний, бер къастар мел хала дуьйцу,
И санна, хала ду тхо шинна къаста.
Йитахьа со, сан дика нана,
Дог лоцуш кхетта даш мел хала дуьйцу,
Иштта чевнаш ю тхойшинна йийраш.
Ахь бохург вай дича, сайн нахах со йолу,
Ахь бохург ца дича, хьоьха со йолу,
ХIинца хIун де аса, нана яларг?
Хьох дагаюьйлуш ю, нана яларг.
ЦIе яьлла ма яьлла шийлачу ва кийра,
Боьссина бала хьаьвзинчу ва коьрте...
Iалур яц ва хьуна, дегIах са къастталц.
Iалур яц ва хьуна, хьоьца со ца хилча.

И йиш ша лекхна яьлча, мохь тоьхна йилхина, Бауддига ша цаяхийтар ла́ ца делла, дуучу хIуманах мотт ца тухуш Кулсума ца даькkхира де а, буьйса а?

Цхьана дийнахь, Кулсум шега маре цаяийтаран а, еача мегар дац, аьлла, цуьнан воккхахволчу вашас а, дас а бинчу дуйнан а ойлаеш, дегIах къаста санна, са а хьийзаш, шайн гIеххьа доккхачу цIа чохь, нар тIехь, пенах а таьIна, ши пха болчу дечиган пондарх пIелг а туьйсуш, Баудди Iаш, шайн лулахо цхьа зуда чу а еана, Кулсума лекхна йиш цо шена йийцича, Бауддис ца элира хIара илли?

Дай белла дуьсуриг ца хили
Хьо маьлхан ва дуьне,
Наной белла дуьсуриг ца хили
Хьо маьлхан ва дуьне,
Мел холчахIоттий ахь
Сайн жимчу Кулсумца,
Мел гIайгIане вожий ахь
Сайн жимчу Кулсумца.
Ма хьийзахь, дегIахар хьо мерза са,
Сох къаста ва санна,
Ма цIийзахь, кийрара дилхан дог,
Лаьцна куьйра ва санна.
Ца моьттура ва суна
Аша холча хIоттор ву,
Тохийша мерза са
Шортачу ва кийрахь.
Масане кIант ву хетий
Бохуриг хилаза,
Вай бен дац хетий
Дезарг хилаза...
Йиллина лаьтташ вай еца
ТIейогIу ва оршот,
Вайн гIайгIанна йоьлхуш еца
И жима ва Кулсум,
Кара делла ва деца
И дашо ва мухIар.
Кхоьллинчу вайн делах
Беза дуй ша бууш,
Iаьржачу лахьти чу
Марчош юкъахь ша хьежорг хиларх,
Ша едда йогIур ю, аьллийца Кулсума.
Ма хьийзахьа хьо, дегIахар мерза са,
ДIакъаста ва санна,
Ма цIийзахь хьо, кийрара дилхан дог,
Лаьцна куьйра ва санна.
Вай буур ма бу-кха
И мерза ва безам,
Сирлачу вайн баттах
Сирла чиркх ва бина,
Жимачу ото чохь хазачу Кулсумца
Буьйсанна хан яллалц,
Хийла шо дIакарччалц,
Къена къан ва даллалц,
Ойт, лайла ялалай... ва лайла ялалай...
Ва лай... ла яа... ла... лай...

Ша и илли аьлла ваьлча:

— Да вала хьан, дуьне, делаI-кх, маца гур ю-теша сайн тхов кIелахь сайн жима Кулсум? — аьлла, Бауддис ца белира, Кулсума шена караделла дашо мухIар бохчи чуьра схьа а даьккхина, цунна барт?

Бауддис ца элира, шен расхачу динахь, шена тIехьа а хаийна, ша Кулсум ядийна воIуш:

— Кулсум, хьайн нахах ялархш шек ма ялахьа, со ву-кх хьуна хьуна веззачу тайпана вайшиъ даллалц, — аьлла?

Цо и аьлча, Кулсума, Баудди къевллина тIехьахула мара а вуллуш, ца элира:

— Баудди! Хьуо цу тайпана ахьа хир ву моттийтина дела йогIий со-м хьоьга, цундела везий суна-м хьо хIинца хьалхалерчул а дукха, — аьлла?

Тховсалерчу кху Iаынан шийлачу буса Кулсуман да Асхьаб цIе лато дечиг дан а, я шайн бугIанашка хьажа а кхин ара ца велира. Кулсум, гIюра а йина, къажа а къежна Iуьллура. Иштта и Iуьллуш Iуьйран ламазана араваьллачу Асхьабана карийра, Кулсум шена евзича, цуьнан бос байра, цунах къахетта, цуьнан дог лаза а доладелира, амма цIехьана ша, Бауддега Кулсум яхча мегар а дац, цIа а юьтур яц, аьлла, биина дуй дага а беана, Асхьаба, чехка шайн чу а иккхина, шен ший а кIант хьала а гIаттийна, Кулсум ядийна лулара шайн нуц волчу яьхьира. Дийнах дикка хан яьлча, Кулсум, лийча а йина, кхеран невцо дIа а йоьллира, тезет а лелийра. Кулсумна тIаьхьа нехан хийра зударш белхахь а, кхуьнан дестей, йижарий ца боьлхура, Асхьабах а, шайн воккхахволчу кIантах кхоьруш.

Кулсум йитина Баудди, цхьайолчу заманна холчахIоьттинехь а, тIаьхьо меттавеара.

* * *

ХIунда йира-теша, дешархо, Бауддис шех теша а тешна шега еана Кулсум хIаллак? Цо Кулсум ца йитинехь, Ахьъядий, Далхьадий Баудди вуьйр-х вацарий. «Бауддис шен дош кхочуш ца дина», — бохуш, Баудди бераша тIаьхьа бIаьллаш а кхуьссуш-х лелор вацарий. «Бауддис шен дош дохийна, цуьнга цхьа а вист ма хилалаш», — бохуш, и юьрто а вуьйцушша-х хир вацарий. Нагахь иза кегийчу наха вийцича а, хIара валлалц-х вуьйцур вацарий. Иза, цкъа-шозза кегийчу наха дийца а дийцина, шайна цунах болуш пайда а, Бауддина долуш зен а ца карийна, кIорда а дина, дуьжуьйтур дацара? Масала, и гIуллакх, дукха екаш йолу Iаьржа къиг хилла, юьрта тIехула хIара Баудди кхайкхош лелча а, хIара азвелла я цамгар кхетта лийр-х вацарий.

Дешархо! Бауддис и гIуллакх ша валлал вон дин. Тахана

и гIийла бо хIаллак а дина, нохчийн боданечу Iадатехь цо эцна шуьйра «стогалла» хIинца, халкъа юкъахь ша и дарна шен цIе ца яхарна а, нахана ша хьалхалерчул совнаха стаг цахетарна а цо стеннах а юхкур яра, цу шех тешначу адаман ойлайнча, иза хIинца ша ваьллачул шиъ дохко а вер вара.

Дешархо! Цу тайпана волчу Бауддин... «Баудди» аьлла цуьнан цIе а язъеш, къолам кхин дIа шарша ца туьгу сан... ойлаехьа цо динчун, дика ладогIахьа кху гIуллакхе, цул тIаьхьа хир вара-кх хьо сан хьанал накъост.

Хьо холчахIиттош, я хьан йоцу зама аса кху сайн хабарш-ца схьайохуш, аса хьайга лебечу кху маттана жимма а хьо реза велахь, ахьа ладогIа сан доьалгIачу хабаре...

ЗАЙНАП

Жимочу тишачу цIа чохь, жимачу кора кIел лаьттачу лохачу меттахь ткъе итт шо кхаьчна Аьстамар Iуьллура, шен ирачу, екъачу юьхьа тIера декъа ши балда меттах а ца хьадеш, шен шуьйра накха нагахь ирх а кхуссуш.

Кхуьнан когашкаххьий, уллоххьий, тIехь лаьтташший бакхий а, кегий а кхуьнан лулахой, кхуьнан вежарий, кхуьнан цIийнан хьалхара наххий бара, кортош а охкийна, гIийла Iуьллучу Аьстамаре нагахь дIа а хьовсуш, лаьтташ а, хевшина Iаш а.

Аьстамаран, хьаббинчу бIаьргийн сийначу кIаьгнаш чу нагахь ховшу мозий, кхуьнан юькъа яьллачу хьаьрсачу можан йист а лоцуш, кхуьнан беснеш тIехула охьахьолхура, кхуьнан шуьйрачу бага лелха санна, амма кхунна юххехь Iаш волчу кхуьнан шийтта шо кхаьчначу вашас Хьасана, шен дерстанчу цIечу куьйгашца нIаьнийн сурташца кечдина боьзан гата а ластадой, Аьстамаран хьабделла лаьттачу балдашна тIекхачале и мозий дIа-м лелхадора.

ХIун хилла-теша Аьстамарна?..

Аьстамара ялийначу зудчунна тIехьийзина кху эвлара Хьаьмдан Бектамар, шена дукхаезаш хилла йолу Зайнап кхуьнга яр ла а ца делла, хIинцца кхо бутт хьалха кху Аьстамарна къолах гIоьртинера.

И дара Iаьржачу буса, нах дIатийначу женахь, юьртарчу жIаьлешна набаран тар тосучу заманчохь, буьйсанан кийрахь шен жимачу Зайнапца безам бууш хIара Аьстамар Iаш,

цIехьана кхеран кертахь татанаш хезира. ТIаккха Аьстамар тоьпаца чехконца араиккхича, кхунна шен божли чуьра говраш араозош воллуш цхьа стаг гира. Цу стага, ша гучувалара кхоьруш, кху Аьстамарна топ кхоьссира, кхуо а кхоьссира цунна топ и кхеро дагахь, амма Аьстамара кхоьссина топ метта кхетта, и стаг, дегIахара са дIа а долуш, охьа-м вуьйжира.

ШолгIачу дийнахь гучуделира и, Аьстамарна къолах веанарг, Зайнап кхуо ялорна бекхамна веана Хьаьмдан Бектамар хилар.

Иштта Бектамар шен карах велча, хIара, лурвоьлла, араваьлла лелаш, кхунна хIинцца цхьа бутт хьалха кхуьнан мостагIаша, кIел а хевшина, хьаьмцийн куллахь тIом бинера. Цигахь кхунна пханарш а лоцуш топ а кхетта, хIара, цIа вало гена а хетта, кху Аьстамаран доттагI волчу кIотара вигнера. Цигахь Iуьллуш хIара чIагIвала а воьлла, тахана сахилале цIа а валийнера.

Иштта и чов хилла, цу чевнах чIогIа цамгар хилла Iуьллура-кх хIинца лохачу нара тIехь, тишачу меттахь, къилбехьа а верзийна Iуьллу Аьстамар.

Аьстамарна гIевлангахь еса доьшуш Iаш волу молла, шен еха сира маж кхозу чIенг кест-кеста схьа а лоций, Iуьлучу Аьстамаре хьожура. Молла а, кху чохь болу кхин нах а, Аьстамарах догдилла а ца лууш, чIогIа дог а диллина Iара.

ХIинцца схьакхеттачу малхо лепо долийначу кхеран корехула, кхеран готтачу урамехула, наггахь тIехйолуш бугIанийн а, говран а варданаш а гора; наггахь, шишша я кхоккха цхьаьна а кхетий, тIехбовлуш кегий а, баккхий а зударий а гора, Iуьйранна хитIа оьхуш. Цу зударша, шаьш кху АьстамаргIарна тIехбовлучу заманчохь, кхарна хилла бохам хууш, корталеш дуьхьал йIзарца шайн яххьаш дIалечкъайора.

Кхеран йиллина лаьттачу лохачу неIарехула кертахь дитташна тIехь декачу олхазарийн гIовгIанаш а яра хезаш. Кхеран а, кхеран лулахойн а керташкахь шайн наношна тIаьхьа Iоьхучу эсийн а, гомашан кIорнийн а гIовгIанаш а яра геннахь а хезаш.

И гIовгIанаш жимачу ото чохь, юккъерачу пенах доллучу жимчу корах а таьIна, чехка ялийначу говро детта чож санна, белшаш а кхийсалуш, йилхина, шен кегий бIаьргаш цIий а дина, лаьттачу Зайнапана ца хезара. Цунна гора, жимачу корехь кхозу киса наггахь дIа а тосий, чуьрчушна гарна кхоьруш, бета тIе шен коьртарчу цIечу йовлакхан тIам а озабой,

цхьана хIуманна теба циниг санна, цу жимачу корехула чухьаьжча, шуьйра хьаьж, куьзга санна, лепа а гуш, вала вижна Iуьллу шен майра Аьстамар.

ХIунда лаьтта-теша Зайнап ото чу а хIоьттина шен майра вала воллуш Iуьллушехьа?

Зайнапа-х, ша цуьнга маре еачахьана, цуьнца безам оьцуш цхьа бутт бен ца баьккхина! Зайнапана-х Аьстамар, лурвоьлла и араваьлчахьана, хIинцца корехула чухьаьжчий бен ган а ца гина.

Стенах кхоьру-теша Зайнап цу чу яха?.. Цу чуьрчу цхьаннан мостагI ю-теша иза?

— ХIай сан Аьстамар, со хьоьга еачахьана, вайшимма вовшашца вуно кIезиг безам бина. ХIунда ле хьо сов хьалхе? — олий, хIунда ца оьккху-теша Зайнап шен майра волчу чу?

— ХIай сан жима Аьстамар! Со хьаьнца юьту ахь кху сона цхьа долчу дуьненахь? — олий, хIунда ца эккхадо-теша Зайнапа шен чекх сагу дегI Аьстамаран мара?

— Аьстамар! Ва Аьстамар! Со-м вежарий, йижарий хилла царах марзо эцаза, сайн нана ялале хьалха дукха хенахь, и цамгаро а лаьцна, цунах йолу марзо хIун ю хааза цхьа бо дарий! ХIунда юьту ахь со тIам бойна олхазар санна кху сона пана дуьненахь? — олий, хIунда ца оьккху-теша Зайнап, луьрачу цIогIанца шен майра волчу чу?

— Аьстамар! Со-х, хьоьга яр бахьана долуш, тхешан дестечунна хьалха́ яха йиш йоцуш, вайшиннан доьзал цахилар бахьана долуш, хьан цIентIахь Iен йиш йоцуш юьсу, ас хIун дан деза? Со хьанна тIетовжа еза? — олий, шен Iаьржа кIажарш хIунда ца ийзайо-теша Зайнапа Аьстамаран марахь шен кегийчу маргIалчу куьйгашца?

— Аьстамар! Ва Аьстамар, вовшийн йовхачу тIамарш юкъахь, барта тIе барт хIоттийна, безам алсам вовшашца хиларна бIаьргашна бIагор беана вайшиъ доллучу меттехь, моттхадаро вайшинна уьйтIахь тата а дина, хьо сан марара хьалагIаьттичхьана, вайшимма кхин вовшашна барт балаза, вайшимма кхин вовшийн бIаьрга тIе бIаьрг хIоттоза вала воллу-кх хьо, Аьстамар! Хьан са дIадолуш далларна, хьан балдаш шелделлехь а, суна уьш шийла дацар-кх, — олий, шен дуткъачу дегIаца Аьстамарна мара а эккхий, хIунда ца ло-теша Зайнапа шен Аьстамарна шен дуткъачу балдашца барт?

Ца лаьа-теша Зайнапна леш воллу шен Аьстамар волчу яха? Ца лаьа-теша Зайнапна, цу чу а яхна, Аьстамаре тIаьххьара маршалла дала?

А-а!.. Цуьнан-м, цу чу яхча, оьздангалла юхий, нохчийн Iадатехь, цу чохь Зайнапан марвежарий а, баккхий нах а хиларна. ТIаккха-м Зайнап юьйцур яй, собар доцуш ю, бохуш.

Хилча хIун ду и леш воллург Зайнапан майра? Лиъча хIун ду Зайнапна, Аьстамаран мара а ккхетта, шен жима дог делхо? Лиъча хIун ду ккхунна, шен шуьйра накха Аьстамаран некхах а тоьхна, шен Iаьржа ши бIаьрг белхо? Шен жима бат цуьнан лерга тIе а таIийна, къевллина цунна тIехула пхьарс а баькккхина: «Аьстамар! Ва Аьстамар! Со-м суо юьтий ахь! Суна-м хьо кIезиг ца везарий, хIунда ккуссу ахь со дIа? Схьайтахьа, цхьа барт балийтахьа! Схьахилахьа, хьо ккхин Iаш ца хилча, тIаьххьара а, бIаьрга тIе бIаьрг а хIоттабай, вовшашка маршалла мукъана ло вайшимма», — аьлла, Аьстамарна мара ккхета лиъча хIун дара Зайнапна, нохчийн Iадат а ккхуо ца дохийчахьана, «оьзда йоцуш ю, собар доцуш ю» бохуш, хIара куьпо а юьйцург а ца хилчахьана?

Зайнап хIинца, ша лаьттачохь шен жима мара а ийзош, даккхийра, горга хин тIадамаш шуьйрачу беснешна тIехула, керчаш, охьа а оьгуш, лаьтта. Иза тахана йоьхна ю, шен карах стаг велча санна. Цуьнан дегIах шийла хьацар детта. Цо халла садетта, шен кегийрачу цергашца лахара балда а лоьцуш, шега бала гIерта елхаран мохь сацо гIерташ, халла къурдаш а деш. Цунна хIумма а дагахь дац Аьстамар лийр вац аьлла, иза цунах догдиллина яьлла.

Ой, хIунда йоьхна-теша Зайнап? Аьстамар-м ца вала а мегий! И хIунда ла́ра, жима Зайнап ша а йитина? Мел ирс долуш хир ю Зайнап, Аьстамар ца лахь! Цо, ша товелча, буьйса ккхаа декъе екъаеллачу заманчохь эр ду: «Зайнап! Хьо ма ккхерийра ас... Схьахилахьа, Зайнап, суна юххе схьахилахьа, вайшиъ вовшах даьлча муха мегар дара? Вайшимма-м вуно кIезиг хан яькккхиний цхьаьна. Яржаехьа, Зайнап, хьайн шуьйра, йовха тIамарш; дукха хенахь дуьйна сатийсина, вовшийн боьзначу безамна ло вайшимма вовшийн дагара барт?»

— Ло, ло, Аьстамар! ХIан, Аьстамар! — аьлла, Зайнапа хазахетарца барт лур бу. Бартан марзалла кху шинна бIагор хьаьвзар бу. ТIаккха хьалха самаккхинчу Аьстамара, Зайнапан Iаьржа кIозарш лергел тIехьа а тийсина, шозлагIа а чIогIа мерза барт лур бу.

Иштта хир дара, Аьстамар ца велча, амма жимачу корехула чухьоьжуш лаьттачу Зайнапна шен майрачо Аьстамара шен шуьйра накха садеIарца хьалха санна ирх ккхуьссуш-м

ца гора. Аьстамар волчу чуьра нах вовшашка меллаша бистхуьлу хезча, Зайнап лерина корах чухьаьжира, тIаккха ккхунна гира Аьстамар, тIаьххьара доккха са а даьккхина, дIатуьйш а, Аьстамарна тIехь лаьтта нах, меллаша юха а бевлла, белха хIуьттуш а.

И сурт шена гича, Зайнапна Iаьржа бIагор хьаьвзира. ХIара, берцан буьртигаш санна, юьхь тIе а, дегIа тIе а шийла хьацар а тоьхна, Iоьттина шаьлта дегIах чекхъяьккхича санна, шийлачу маьхьарца: «Ва везан дела!..» — аьлла, цIенкъа, къорзачу истанга тIе аркъал охьаюьйжира. Зайнапна нохчийн Iадатехь ша и мохь ца хьакха безийла-м хаьара, делахь а, ккхуьнан жимачу даге шен майра Аьстамар валар ца ладелира.

Аьстамаран гIевлангахь еса доьшуш Iан къена молла: «Дала гечдойла хьуна, Аьстамар, валлахIи дер, ваца ра хьо дукха вон кIант-х», — аьлла, меллаша хьалагIаьттира... Чуьра нах а, рогIана Аьстамарна тIе а оьхуш: «Дала гечдойла хьуна», — бохуш, берташ тийла буьйлабелира. Аьстамарна юхехь Iан цуьнан ваша Хьасан, шен баккхийра сийна бIаьргаш хих а буьзна, ша хIун дан деза, ша мича тайпана велха веза ца хууш, Iадда Iара.

* * *

Ца хаьа, дешархо, дог гIелделлачуьра меттаеача, Зайнапа хIун дира, и хьанна йилхира-м? Амма вайна хууш-м ду, Зайнапна дагахьбаллам мелла хир белахь а.

Дешархо! ХIунда ца мега-теша Зайнапна, шен вала вижна Iуьллу майра волчу чу а яхна, цуьнга шен дагахь дерг а дуьйцуьйтуш, цхьажимма хан яккха? Хилча хIун дара цу чохь Зайнапан марвежарий а, баккхий нах а? Цара Зайнап, шаьш долчохь Аьстамаре йистхилча, юьйр-х яцарий? Нагахь Зайнап, уьш а болчохь, шен майрачунна йилхича, Аьстамаран вежаршна тIе эхь-х ца догIурий? Дешархо! Ахь суна бехк ма билла, кху хабарх лаьцна соьга хьуна ккхин хIумма а ца дийцало... Ца хаьа-кх хьуна, дешархо, суна хIара Iадаташ мел Iеткъа! Даржош таллахьа хIара хабар, ойлаеш ладогIахьа кху тIехь долчуьнга. ТIаккха хьо сайна тIетовр вац аьлла хIумма а шек вац-кх со.

ХIинца ахь ладогIа сан пхоьалгIачу хабаре.

ГIУ

ЦIена деш лаьттачу дехачу рагIу кIелахь боккха херх ирбеш воллучу къеначу Дибрас: «Хелипат!.. Ва Хелипат!» — аьлла мохь тоьхча, лохачу цIенойн ехачу учи тIерачу товхана хьалхахь, делкъанна еш йолу сискал йина а яккхина, иза, тIе зайла [1] тухуш, товхана а йиллина, тIе алу хьокхуш йоллу Хелипат, чеккка шен гIуллакх дина а даккхина, шена гена йоцуш Iан Маржан, цIар тIе яхарна кхоьруш, цхьа пхьарс а лаьцна, цу лекхачу учи тIера лаьтта охьа а йоссийна, чеккка Дибрина тIехьаьдира, шина а куьйга шен коьртара можа йовлакх а тодеш, шен можа пошмакхаш а текхош. Хелипат дегIана эгIазо стаг яра, хьеран тIулг санна, аьтна юьхь а йолуш. Иза, хIинца шайн деш лаьттачу цIеначу рагIун тхевнна реканаш тухуш воллучу, Дибрин цхьаъ бен воцчу кIентан, Ахьмадан зуда яра.

Хелипат шена тIекхаьчча, цIечу Дибрас, ша ирбина херх охьа а хIоттийна, Хелипате гIо а дойтуш, рагIу юххехь Iохкучу бIогIамех цхьа стомма бIогIам цу бIогIамаш тIе разбоккхуш охьа а биллина, хIара шиъ херх хьакха хIоьттира. Дукха хан ялале цу бIогIаман шина улдIашха, хьеро туьйсу жарж санна, кхийса йолаелла жир, гIехьа хьоькхучу байчу мохо а ловзош, лаьтта охьаоьгура. Тхов тIехь сихвелла реканаш тухуш воллу Ахьмад шена тIерачу Iаьржачу гIовтала тIехулла гатанан доьхка а дихкина вара, коьртахь бIегIиган куй а бо-

[1] Экъанах Теркайистехь зайла олу.

луш. Цуьнан жимачу мера кIелхьара Iаьржа мекх къоламца диллича санна дара; цуьнан горгачу юьхьа тIерачу аьрру агIорчу бесни тIе хьаьжча, хьанна а шаьлта кхетта буйла хуур долуш пурх мо бара. Ахьмад, ша рагIу тIехь воллушехь, рагIу кIел Дибрица Хелипат хиларна бехк хетарехь а, дIа ца водуш Iадда-м Iара, цунна гIо дан шен ур-атталла нана хилла а кхин стаг цахиларна. Хелипата учи тIера лаьтта йоссийна Маржан, охьахиина, жимма бIаьллаш а ловзийна, шена юхкерчу учи кIелхьара цхьа цIен котам схьайолу гича, ирахIоьттира. Иза, шен карара бIал а айина, уьйтIа юккъехьа дIайолаеллачу котамна тIаьхьайолаелира. Котам шен гIуллакхе цхьана агIор дIаяхара, Маржан, уьйтIа юккъехьо массо а атIор гIехьа бер чекхдер долуш кхо у тIе а тесна, яккхина лаьттачу гIуна тIе а яхана, ша йисте кхаьчча, цкъа лерина цунна чу а хьаьжна, чу когаш а охкош, меллаша охьахиира. Иза цу гIуна йисте дуьххьара хиъна ала хала дара, цуьнан гал ца йолуш бакъонца охьахаарх. Маржан гIехьа яьлла хьаьрса месаш а йолуш, хьалхара кIужал а хадийна, сийна ши бIаьрг а болуш яра, туьппалг санна, горга а йолуш.

Кест-кеста схьа а хьожуш, сихбинна Дибрица херх хьоькхуш лаьттачу Хелипатана хIара шен йоI Маржан гира; цуьнан юьхь кхераелла къаьрзинера, цунна хIумма а дагахь дацара, Маржан гIу чу южур яц аьлла хеташ.

ХIунда южура Маржан гIу чу, къеначу Дибрина ца гича а, иза цу гIу йистера схьаяккха цуьнан нана Хелипат хилча? Муха южур яра Маржан гIу чу, рагIун тхевнна реканаш тухуш воллучу Ахьмаде хIинцца Хелипата: «Ахьмад, Маржан гIу йисте яхана хьуна», — аьлча, чекхка рагIу тIера лаьтта а воьссина, Маржан кIелхьараяккха цуьнан да Ахьмад хилча?

ХIан-хIа, и дан Хелипатан нохчийн Iадатехь йиш яц. Мел осала хетар яра иза, шен марда а волчохь, цо Ахьмаде, Маржан кIелхьараяккха, аьлча! Нахана мел чекхсагур дара Хелипатах, иза, ша Дибрица хьокхуш болу херх охьа а тесна, Маржанна тIехьаьдча а, цо Дибрега: «Вайн йоI гIу чу южу хьуна», — аьлча а!

Ехха хьийжира Хелипат, бIаьргаш хих а дуьзна, халла къурдаш а деш, Маржане а, бIаьца ян дагахь Ахьмаде а. ТIаьххьара а, Ахьмад шега схьахьаьжча, Хелипата, ша хьоькхуш болу херх а ца сацош, Маржанехьа корта а кхуссуш, бIаьца йира. ДIахьаьжна Ахьмад, шена гIу йистехь Iаш Маржан гича, жимма ойла а йина, рагIуна дехьа агIор шайн

лула керта воьссира. ТIаккха цо шайн лулахойн цхьа жима зуда яийтира Маржан кIелхьараяккха.

Амма хIара жима зуда тIекхачале, цхьаммо тIехьахула чутеттича санна, жима Маржан гIу чу-м юьйжира.

* * *

Дешархо! ХIунда ца мегара-теша Хелипатна а, Ахьмадна а, Дибар гуш хиларх, шайн Маржан кIелхьараяккха? Ца аьлча а, хьо хьуо гуш ву-кх и бодане, Iаьржа, адаман цIий муьйлу Iадаташ... Гуш ву-кх хьо нохчийн Iадат бахьанехь хIаллакьхуьлуш лаьтта адамаш.

ХIинца цхьакIеззиг заманна юкъахдуьту аса сайн хабарш. Дукха ца хьелуш, кхин а хьуна цу вайн Iадатех лаьцна дийца сайн хабарш хир, аьлла хеташ, догIовха ву со, аса хIара хабарш цхьакIеззигчу заманна юкъахдитарх, ахьа суна бехк а ма билла-кх.

КАБИХА

— ОллохIу акбар!!! ОллохIу акбар!!! — аьлла эвла юккъехь маьркIажан молла кхайкхича, хIетта чукхаьчначу Кабихас жимачу цIа чохь шайн жима лампа латийра. Иккхина яьлча санна, цIеххьана яьллачу лампанан серлоно Кабихин, елхарна дистина, олхазаран бIаьргаш къегош гучудехира. Цо, шена тIера Iаьржа гIабали дIа а яькхина, чехкка ламаз а эцна, ламаз дина яьлча, дехха доIа дира. ТIаккха, ша Iачу нар тIехь, пенах букъ а тухуш, корта а лаьцна, ойлаян хиира. Кхуьнан сагатделира. Сагатдала кхуьнан сингаттамаш а бара. Амма муьлхачу сингаттамах кхуьнан сагатдели, муьлха сингаттам кхунна тховса дагабеъна, ала хало-м ду. ХIара, хIор бус-буса бохург санна, хIинца ша Iачу нар тIехь йоьлхуш тIехьаьжча, муьлххачо а «тамашена хIума ду оццул елхарх хьо цаIабар!» аллал дукхий, кест-кестий елхарехь, тахана ша шайн лула юьрта гергара стаг веллачу када яханчохь а йилхира, юхаерза ца кхеташ, юхаерза мепар дац моьттуш санна, шен сингаттамашна а, ша яханчийн сингаттамна а. ХIинца, цу белхартара цIа а кхаьчна, хIара шен нар тIе охьахиънера, ша цигахь долийнчу елхарна шен дегI хецна а дитина.

Кабихина хIокху сохьта шен цхьаболу сингаттамаш дагахь белахь а, цунна шена болу берриге а сингаттамаш дагахь бацара. И сигаттамаш бицбан атта хиллий, церан ойлаян кхуьнан са дацций бохург-м дац иза. Иза хуьлуш ца хуьлу, мел дукха сингаттамаш хилча а? Царах цхьа шелонан хIо

хуьлий, дегIах хьаьрчий, стеган дегI, лелий, цу цхьана сингаттаман кара доьду.

Ойланашка яхана Iан Кабиха, кора тIехь лаьттачу лампина уллохьа а хилла, гIеххьа куьзганан бIаьрг схьа а эцна, цу чу хьежа юьйлира.

Цунна шен даьIахкийн беснеш тIехь, овгалеш санна, керчаш, оьгуш хин тIадамаш гира. Кхуо ша-шега элира:

— Йилхина, хи кхачаделла, олуш хуьлура-кх... Сол дукха доьлхуш адам а хир дац, сан ма ца кхачало хIара.

Бакъ дан а дара Кабиха юьртахь а, лула юьртахь а тайп-тайпана цамгаршна дукха лечу нехан белхаршкахь а, шен гIайгIанашна а дукха йоьлхуш хилар а, кхунна шений дайна, кхуьнан бIаьран хи кхачалуш цахилар а. Кабихина ца хаарехь а, амма бIаьран хи кхачалуш, бIаьран нуьро дуьнене маршалла-м ло.

(Ала деза Кабиха шен майрачо йитина хилар. Бахьана тIаьхьо хуур ду).

Кабиха ехха хьийжира куьзган чу, кортали хьаьжал хьаладохуш, шен сирдиллина месаш яйн ийзошший, шен цергаш а йоцуш болу кхема гучубохушший. Иштта Iаш йолу хIара шен лаъмаза елаелира. ТIаккха цIеххьана кхуьнан бIаьргаш къаьрзира, уьш юхадерзале боккха хин ши тIадам беснеш тIехула охьакерчира. Цуьнан сибато бохура: «Со хьанна хьаштду? Сох хIинца хьан пайда оьцур бара? Аса хIинца хьанна хIун дика дийр дара, ша елхарций, дог лазарций ца дахь?»

Иза, шен керара куьзганан бIаьрг охьа а биллина, шен метта а хилла, елха тевжира:

Аса хIун дан деза, сан дели?
Со хьанна хьаштду, сан дели?
Соьга хIун деа, сан дели?
Аса ла́за хIун диси, сан дели?

ХIун гIуда дар-техьа сан дегIах хьаьрчинарг?
Хьуна реза ю, ва хастам хиларг!
ХIун къинош дар-теша аса сайна тIе ийзина?
Хьуна реза ю, ва хастам хиларг?

Къаналла кIелйисча,
БIаьран нур да́н доьлча,
Мел гIийла йити ахь, ва хастам хиларг!
Хьуна реза ю, ва хастам хиларг...

Билггал бакъду, Кабиха гIийла ханйнера. Иза тахана-селхана ца йитинера шен майрачо, иссе цIе а тесна. Иза йити-

на дикка хан кхаьчнера, ишттта, ша шен майрачо йитарна кест-кеста ма-елххара, хIинца а иза йоьлхуш Iара. Цо цкъа дина ца Iара ша-шега хаттар: «Кху тайпана со хьанна хьаштду? Аса хьанна хIун дика дийр ду?» — олий. Цу тIехь Кабиха харц яцара. Муха ю и харц? ХIун дика, хIун пайда бер бара хIинца цу даьIахкех? Цу деттачу цIех? Цу артделлачу, худаделлачу дилхах, цуьнан нур дайначу бIаьргех?

Билгал бакъду, дешархо, Кабихех хIинца эца пайда бац. Букъ саттал, пIендарш тIедовллалц, бIаьргаш довллалц яцийна, у санна, ведъелла, алаша хьашт хуьлуш а, хIинца Кабиха хьашт хила, схьагарехь, меттиг бац. ХIунда хаий-теша Кабиха, сел къена къанъелча, сел хир дайча, байлахь дуьсу бо санна, ардангах хаьдда борз санна, угIуш?

Мила ву-теша Кабихина шен цIен тIе ког баккхалц а, баькхинчул тIаьхьа цхьа кIеззигчу ханна а хIара дешнаш баьхнарг: «Iайт, маржа сан жима Кабиха яI-кх! Дуй-теша сына хьол дукхадезаш хIума а, со хьох ваккха ницкъ а?»

ХIоьа чуьра схьаериг схьа а яькхина, дIакхуссу чкъуьйриг санна: «Сына хьо ца оьшу!» — цуьнга аьлларг мила ву-теша?

ХIунда во, дешархо, мила ву а ца хуу стаг, цуьнан бехк бу-бац а ца хууш, бехке? Кабиха сел чIогIа кест-кеста а, тийжарца ца хедаш а дукха елхахь а, хIара къаналла кIелъюьсчу кхаьчначу заманчохь шен майрачю йитнехь а, кхуьнан шен бехк хила а мегий ша йитарна тIехь-м? Кабихин сурте а хьаьжна, юкъадоьлларг хIун ду а ца хууш, кхуьнан майра лаьттинарг-м сел чIогIа бехкевалла бехк болуш ца хила а мегий.

ХIан-хIа, и бакъ дац. Кабихин дагна и ца хиъна, бIаьргашна и ишттта ца гина. Кабихас ца элира, тховса ша цIа йогIуш, ша къена къанъяллалц шен майрачуьнца Iийначу цIийнах бIаьрг кхетча: «Цхьа а дуьненан синкъерам а, цхьа а тайпа даьхний а ма ца оьшура сына, ма ца лоьхура аса, дуьххьал дIа со яьхначу кертахь могуш сайн доьзал а, цIийнан да а гуш со Iаелчахьана, со Iен а йитчахьана. Ца йити! Ца йити нана яларо! Дé а бехк-гуьнахь доцуш, цхьа хIун ду а ца хуу Iадат бахьнехь араяькхи, Iожалла яцъярларг араяькхи!»?

И дешнаш цо а элира, и ша аьлча, цо, елхар а оькхуш, шен болар чехка а даькхира.

Мила ву-теша, ша пеша юххе я IиндагIе а хиъна, яцо бугIа санна, ваццо лай санна, и гIийла зуда маситта шарахь яца а йина: «Сан хьоьца гIуллакх дац, хьо хьайн цIа яха еза!» —

аьлла, тIум цIубйина ваьлча дIакхуссу буност санна, Кабиха дIакхоьссинарг?

Дийнахь а, буса а наб йоцуш, доьзалш кхиийна, доьзало дIа мел боккхучу когана шен даг тIе куьг дохкуш, царна хIинций-хIинций цхьаъ хуьлу, бохуш, даккхийра синош дохуш, ша шен цIийзарца деле кхийдина, маситта шарахь маситта доьзалхо кхиийна, кхачаелла йолу Кабиха, хIинца къаналла бухайисча, хихкина, хир дайна ворда санна, хIара дIатеснарг мила ву-теша?

ХIун гIуллакх ду, Кабиха хьан йитиний, хIунда йитиний, баха? ХIун гIуллакх ду, Кабиха, тахана ю а, кхана ю а ца хуучу кхаьчча, йитаран бахьана хIун ду, баха? Иза дIа хIунда кхоьсси, баха?

«Ас йити хьо!» — ала нохчочунна хала-х даций?

«Суна хьо кхин дIа ца оьшу!» — нохчочо хала-х ца олий?

ЭхI, мел атта ду иза ала! Ма гIерташ ца довлу и дешнаш нохчочун багара!

«Ас йитина хьо, иссе а цIе а тесна!» — нохчочо, шена дуьхьал ден къурдаш санна, къурдаш а деш-х ца олий?

ЭхI, ма атта алало иза цуьнга!.. «исс елахь, исс а, эзар елахь, эзар а цIе а тесна, ас йити хьо, кху нехан тоьшаллах, хIинца хьайн да вахханчухула дIагIолахь!» — аьлла нохчо Нохчийчохь мел дукха хир ву, зуда жима ярий, къена ярий аьлла ца Iаш.

Билгал бакъду, дешархо, «Ас йита хьо!» бохуш, шайн зударийн бехк боццушехьа, уьш битина нах дукха хилар (ала ца дезаш, хууш ду, дукхахболчу нохчаша буьту зударий нохчийн Iадат бахьанехь битар а, Iадат дохадарх бехк цахилар а).

Цу тайпана нах эзарнаш бу ламанций, шерачу арахкьий, Теркаций. Царах цхьаъ хIинца йоьлхуш Iан хIара Кабиха йитина кху юьртара ИбрахIим а вара, дика веха ахархо санна вехаш а волуш, нохчийн гIиллакхан, ламастан кийрахь кхиъна а, царна муьтIахь хилла сецна а волуш.

Ехха йилхира Кабиха, тийжира, амма хуьлуш цхьа а синтем бацара. ХIара эххар тIаьхьа, хьала а гIаьттина, чухула дIа-схьа хьаьвзира, тIаккха, нар кхачалуччохь лаьттачу къорзачу тIоркIазах бIаьрг кхетча, хIара, меллаша цунна тIе а яхана, негIар а айина, и кего йолаелира, цунах а шена цхьа синтем баларе догдохуш.

ТIорказ чуьра тиша а, цIена а цхьа коч-хIума а, тIе баьццара марха а тесна Iохку чаьрпазаш а охьа а еккина, хIара кхин дIа а и тIорказ кего елира. Дехха и тIорказ кегийча,

кхуьнан кара цхьа кехат деара, кхунна хиира, иза ша селхана цу тIорказ буха диллина шен йоIера деана кехат дуйла.

Кабиха, и кехат схьа а эцна, ехха цуьнга хьийжира. Цу кехато хIун боху, ца хууш, кхуьнан са тIе а бIарздала дуьйлира.

И кехат кхунна шен йоIера дуйла-м хаьара, амма цу тIехь дерг дешийтаза дара, и шега шайн лулахочо схьаделлачу заманчохь дéша стаг а ца хилла, тахана Iуьйранна гIоттушехь зударшца када а яхана, дисина. Кхунна и кехат, ша хIуманна атта йицлуш хиларе терра, тховса цIа еъча дага а ца деанера. ХIинца цунах шен бIаьрг кхетчахьана, кхуьнан садукъделлера, цу кехато шена беана кхаъ мича тайпана бу, ца хууш.

Ала деза, Кабихин йоI Рукъият шен 16 шо кхочуш, хIинца ялх бутт хьалха, Ростохахь доьшуш волчу Нохье маре яхнера, шен ден бертаза.

Рукъиятан дас ИбрахIима, и шен йоI маре лур ю ша, аьлла, кху эвларчу 38 шо кхаьчначу моллина дош деллера. ТIаккха, цул тIаьхьа дукха хан ялале, Нохьа, Ростохара цIа веъча, хьалхе дуьйна а иза езаш ша хиларе терра, Рукъиятана чIогIа тIехьийза велира. Иза хиира ИбрахIимна, цул совнаха, Рукъиятана Нохьа сов чIогIа дукхавеза, бохуш а хезнера... И шена хезчахьана, ИбрахIима шен зудче Кабихе олура: «Цу шайтIано и делах даьлла жIаьла тIехьийзадо, боху, и сацор ду ахьа... ас нахана дош делла».

Нохьа комсомолехь вара.

Кабихас шен йоIе Рукъияте иза дIа а олура, шен нанна тамана вукхо «Ас-м аша боххург дийр ду» а олура. Иштта цхьа зама яьлча, Рукъиятан дена ИбрахIимна хезира, Рукъията Нохьина кара хIума елла, бохуш. ИбрахIима чIогIа барт биттира Кабихина: «Лар ца йо ахьа и...» Цул совнаха, нанна ца лаахь, цунна а ца хууш йоI маре гIур яц, аьлла хеташ волчу ИбрахIима, Кабихех чIогIа шек а ваьлла, дуй бинра: «Рукъият, сан дош а дохош, Нохье маре яханчул тIаьхьа Кабиха йитарал хьалха хIума дийр ма дац ас», — аьлла. Къеначу Кабихина и халонга делира; иза шен йоI хьеста юьйлира, дас боххург де, бохуш. Бакъду, Кабихина, дас бохург а дина, маре яхана шен важа йоI мел хало хьоыгуш, мел Iазапехь йоллу-м хаьара. Изза хууш Рукъият а яра.

ИбрахIиман дош дохийча, къена Кабиха юьтур ю, аьлча, Рукъиятна а, я Кабихина а бакъ ца хетара, и йоккха стаг хиларна. Амма Кабиха ша кхера-м кхоьрура, хIуманан хIун сахьт ду, бохуш.

Тlаьххьара а Рукъият Нохье маре яхара. Иза Нохьица Ростох а яхара, Нохчийчохь ша йисча дас ерна ккоьруш. Тlаккха Ибрахlима Кабиха, ша ма-аллара, йитира.

И Кабиха ю-кх хlинца кху шен вешин гlийлачу цlа чохь, цу Рукъиятера деана кехат кара а лаьцна, гlийла lаш ерг. Ехха lийра Кабиха цу тайпана, тlаккха охьа а йижира, дийне сатуьйсуш, сема наб а еш.

Шолгlачу дийнахь хьалагlаьттинчу Кабихас, цхьа стаг а карийна, кехат дешийтира. Цу тlехь хlара дара:

«Со йина сан нана! Могаш-пагlат а ду тхо, хьуна боцург, кхин сингаттам а бац. Хьуна хилла бохам бицбала а ца туьгу, амма хьо цу балех хьалха-м ер ю дукха хан ялале. Ахь са а ма гатде, хlара хlокху шарахь дешна а волу, тlаккха вай цхьаьна дехар ду. Маршалла ду тхоьгара массаьрга а.

Хьан Рукъият».

Кабихина цул боккха кхаъ ца хилира. Кехата тlехь махиллара, дукха хан ялале Нохьа, дешна а ваьлла, Рукъият а ялош, цlа веара. Уьш Кабихица цхьаьна баха а хевшира.

ЧАРХ

Ламанан Iадат, ламаст, гIиллакх бахьанехь шаьлтанца, туьрца, я буьйдачу дашо, бехк банне а боцуш, къамелаца дIадерзалур долчу тайпана бахьана даьлча а, стеган дегIан дилхан чарх хадайо. Цу чархех цхьайолу чарх наггахь Органна чу а южу. Арданган хаьдда борз санна, упIуш, хьаьдда догIучу Органо шен белтш тIехь гIийла, бехк боцуш хебба шена тIейоьссина и чарх яхьа, беро багахь ловзо шекар санна, цкъа шен кийра озош, тIаккха, шен букъа тIе кхуссий, гучу а йоккхуш. Ехха ловзайо Органо и чарх, барташ а дохуш, хьестарца, цуьнга дагара дийцийта доьлча, цуьнан хIумма а дийца йиш а ца хуьлуш. ТIаккха, цуьнан дагара хиъча санна, тийжаш, цунна делха а доьлхуш, шен кийрахь Iоххучу тIулгийн чхьорех летарца дов а деш, тийжаш, угIуш, чехкачу мохе лаьцначу чилланан тIерго санна, тIамарш а етташ, догIу Орга Iаьржачу тIулгийн бердаша шайн ехий-яккхийчу тIамарш юкъа Iовдий, берд чухаьрцича, хе болучу тайпана мохь боккху. Оцу заманчохь Орга луьрачу, шийлачу маьхьарца, хьердолий, цкъа соцунгIа а хуьлий, дIаьндарг санна, хьаьвзий, цхьа цIехкьана кхераелла, мерах шок а тоьхна, тIаьхьарчу когаш тIе хIутту челакха говр санна, кхоссало. ТIаккха, варзап тоьхча цIийдинчу аьчго дIасатуьйсу суйнаш санна, шен хьаьъна детин суйнаш дIа-схьа туьйсуш, шуьйра тIамарш яржайой, шен букъ тIера и чарх юьстах кхосса санна, цу Iинна юккъехула генна хьала хьоду. Амма луьрачу Органо кIелхьараяккха хьалакхоьссинчу цу чархана юьстах йожа

меттиг-м ца хуьлу. Цо, мокхазан бердех кхетий, цIен бос оьцу. Иза, цу бердаш тIехь цIен тача а дуьсуш, хи чу Iоьттинчу цIийдинчу аьчго ечу тайпана гIовгIа а еш, юха шен метта охьадогIучу Органца охьайогIу, Оргако иза, малх хьаьжначу дийнахь лаьтто худу шен букъ тIера чилланан ло санна, худий, шен депIах цкъа дIа а эйой, юха а цхьанхьа юьстах кхуссу. Иштта шен метта охьадеана долалу Орга, цкъа а ца кхоссаделча санна, цкъа а мохь ца хьаькхча санна, цкъа а хIумма а ца гича санна, стагана тIаьхьа хьаьдча гIезо ечу тайппана шен долчу озанца, шена йолу гIайгIа а, шен кийрахь йолу хийла къайле а, шеца болу дика болх а шена а балхош, гIийлла бердех а теIаш, нагахь керча а керчаш, — и къена Орга хьалхалерачу шен боларца охьадогIу.

ІИМРАІІ

(Хабар)

І

Дуьненна а юбаьхьалла латтош болу сийлахь малх, шерачу арара жима юрт дешица кхала йиш йоцуш, Іаьнан махашна кІелдІахула керчина беана, цу юьртана гена йоццуш кІайчу духарца лаьттачу регІа тІехьа чубузуш лаьттара, ша чубузу го гІехьа цІий а бина.

Цуьнан цІоьлло, жима юрт шина декъе йоькъуш, охьадогІучу хина бина ша жимма лепабора, цу шан лепарца къуьйсуш санна, цу шана гонах диллина Іуьллучу лай тІера луьста суйнаш, къегаш, ирх кхийсалора.

Цу шана дехьий-сехьий нилха лаьттачу цІеноЙн туьнкалгашкахула ца хедаш ирхбуьйлу кІур нийсса ирх оьхура, хьоькхуш мох цахиларна. Цу цІеношна хьалхадІашхула лаьттачу дитташ тІера, диллинчу лай даздина охкаделлачу генаш тІехь, бІаьстенан хазчу эшарахь декачу олхазарийн гІовгІанаш яцара хезаш. Цу олхазарийн декар санна, тайптайпанчу эшаршца цу ша тІехь маьІ-маьІІехь салазаш хоьхкучу берийн маьхьарий а дара оьхуш.

Цу шана дехьий-сехьий хІиттина, царах охьакхетта-кхеттачух дела а доьлуш, напгахь лайн мижаргаш а кхуьйсуш, лаьттачу берийн гІовгІанаш а яра геннахь а хезаш.

Оцу заманчохь цу ша йистехула болучу новкъа цхьа кІант вогІура, кху салазаш хоьхкучу берашна цкъа, вела а лой, тІеволалуш, тІаккха, цхьаммо дІаозийча санна, некъан лар тІе а волий, волалуш.

Мила хила веза-техьа сел ойланаш хийцалуш оьхуш волу иза?

Иза кху жимачу юьртарчу хьуьжаран цIуьхIар вара, жима волуш, шен доьзалан го дийна болчу заманчохь, дас хьестарна тIехь тиллина шен цIе Iимран а йолуш.

Iимран эсий дажо оьхург хилчахьана дуьйна схьа маосо наха олура: «Iимран, шен да санна, шайн цIийнан да хир ву. Iимранах, шен да санна, бегаш хьашт доцуш, шайн бахаман хIоз хир бу». Iимран боккъалла а хIор дено-дено ван а вара шен ойла пIеметта хIоьттинчу стеган ойланехьа лесташ.

Iимранан 10 шо кхаьчча, кхуьнан да, Соьлжаца йолу ярташ йохош, цу тIама юккъехь вийнера. Цул тIаьхьа цхьа хан яьлча, кхуьнан нанас, шаьш даха ца луш кIелдиса доьлча, хIара хьуьжаре веллера, дешар а, кхабавалар а хир-кх, аьлла. Цундела хьуьжарехь лелаш вара-кх Iимран, мутаIеламийн цIуьхIар а хилла. Амма, Iимранан 14 шо доладелча, Нохчийчохь меца хан а хIоьттина, цхьана агIор, цунний, шозлагIа, хоршо лацарний кIелйисина йолу шен наний, шен 4 шо кхаьчна ваша Хьасанний кхаба гIерташ воллуш вара Iимран, мел дукха ладегIарх кхин дан хIума а ца хилла, ша мутаIеламашна гулдечу ахьарах хIор денна цхьацца сискал ялла ахьар лачкъадой цIа а кхоьхьуш, шен нана цомгуш хиларна, мутаIеламашкара пурба а даькккхина, буьйса яккха хIор денна сарахь цIа а воIуш.

Цуьнан мокхачу басахь йолчу горгачу юьхьа тIера жима ши бIаьрг ал къегара, цуьнан хьекъален юьхь шера гора, цунна тIера кхекхийн кетар, буьйсанна юргIанан меттана тийсарна, ерриг а хьекхаелла гора.

Иштта лачкъийна ахьар шен чухуларчу гIовталан шина кисана а доыхкина, шен ши куыг вовшийн пхьуьйшаш чу а доьллина, шелонна жима мара берриг цIий а белла, вогIучу Iимранан сингаттамечу сибтах пора цуьнан жимчу кийрахь йолу гIайгIа а, цуьнан жимчу коьрте хьийза бала а. И бала бу хийла нохчийн берашна коьрте хьийзина.

ХIара иштта ойланаш еш вогIучу заманчохь салазаш хоьхкучу берийн гIовгIанаш кхунна, тIаьхь-тIаьхьа чуьраюьйлуш, чIогIа хезара, тIаккха кхуьнан жима дог цIеххьана тохаделира, цу берех дIакхета ойла хилла, амма, дIахьаьжча, ша тIекхачча воллучу шайн цIенойх бIаьрг а кхетта, шен цIахь дерг дага а деана, цхьаммо тIехьахула дIатеттича санна, дIакхоссавелла, чехка дIаволавелира, «кху берашка лацадегIар пIоле ю-кх» аьлча санна, некъан бIаьра а хьоьжуш.

ХIара воьду хIусам гIийла гора, цу ша йисте а йогIуш, гонах йина керт а йоцуш, йоккхачу керта юккъехь лаьтташ

цхьа цIа дара, цхьана агIор чукхета доллуш, гIортор а гIортийна. Цу цIенна хьалха Iуьллуш цхьа жима яго дечиг яра, цу дечгана гена боцуш боьхна чуьйнан яй а Iуьллура, цкъа жIаьлина доьша дуттуш лелийна. Цу цIийнан тхов тIехь диллина Iуьллучу лайна юкъ-юккъера бен ца къаьстара цу тIе тесна латта, уьнан жимачу туьнкалгехула ирхболуш кIур а ца гора.

Ечу ойланашца, берашца са а лаьтташ, Iимран веана шайн лохчу неIаре кхечира. ТIаккха неIарх боллучу жимачу бIаьргах, дийна буй-техьа хIорш, аьлла, чухьаьжира. Церан цхьаъ бен дощу цIа башха доккха дацара, неIаран аьтту агIор беа кога тIехь лаьтта кибарчипийн пеш Iуьйранна дуьйна латоза яра.

Цу пеша кIел Iаьржа циций Iуьллура, цуьнан можа бIаьргаш, малх санна, доьлура, цо, шен аьтту ког бета тIе а бахьий, цунах кест-кеста мотт а хьокхура.

Пеша улло Iохку пхьегIаш, еса хиларал совнаха, тIехь дезар даза а яра. Цунна дуьхьал лаьттачу нар тIехь, тишачу метта юккъе а хиъна, Iимранан нана Зайна Iара, селхана Iимран, могушвоцуш хилла, цIахь а висина, ахьар дощуш дисарна, селхана дуьйна хIума яаза, мацалла ялла, шен жима Хьасан мара а воьллина, тIера хорша айаелла, жимма гIоли а хилла. Зайнас, шен цIийнан да вийча, шен ши кIант кхаба гIерташ, шелой, тIуналлий ца лоруш, бехха болх бинера, тIаккха цIеххьана хоршо а лаьцна, цу тIе, цхьаъ бен йоцу говр наха лачкъа а йина, йисинера, нар тIехь Iер бен, кхин гуьнахь а доцуш, ерриг а дегайовхо Iимранах а йолуш. Цуьнан иръеллачу юьхьа тIера ал ши бIаьрг кхохкабелла бара, цуьнан яккхий кIайн цергаш, елаелча санна, гуш лаьттара. Цуьнан дуткъделлачу лога тIе хьаьжча, цунах дозуш дегI ду ала хала дара. Зайна, шен карарчу верзанчу Хьасанан агIор коьртах куыг а хьоькхуш, Iара, цхьацца ойланаш а еш.

Хьасанан прачу юьхьа тIера ал ши бIаьрг бен кхин хIумма а ца къаьстара, дукха модаша вуьзна хиларна.

И дукха велхарна, напгахь гIийла кхуьнан бIаьра а хьожуш, Iаш йолчу Зайнас элира:

— Ма велхахьа, Хьасан, Iимран хIинцца цIа кхочур ву.

— Баба!.. Со-м шеллой... баба!.. Со-м машвеллий... — аьлла, Хьасан, чIогIа мохь а болуш, хьалха ша вилхинчул а чIогIа вилхича, Зайнин бIаьргех цIеххьана хи хьаьдира, цуь-

нан заьIап дегI эго доладелира, шена хьалха, шена чохь са а долуш, шен доьзалхо мацалла велхар ца лалуш:

— Да вала хьан, дуьне, делаI-кх! — аьлла, цуьнчул а чIогIа мацаллина шен богу кийра дечу къурдашца шел а бина, шен мацъялар диц а делла, шен карара Хьасан мара а къуьйлуш, чехка бIаьргех хи а оьхуш, йоьлхуш Iаш йолчу кхунна неI йоьллуш санна хийтира. ДIахьаьжча, Iимран пира меллаша чувогIуш.

— Баба! Шуна хIун хилла?.. Аш хIун до? — аьлла, Iимран, кийра цIе а яьлла, чехка ЗайнагIарна юххе хьаьдира.

— Iимран, хьо ву и? — элира нанас.

— Iимран, ахьар деанийахь? — аьлла, Хьасан ша Iеччохь тохавелча, Зайнас Iимранна тIехула цхьа пхьарс а баькхина, вукху куьйга шен карара Хьасан шен некха тIе а къуьйлуш, хIара кхо доьзалхо дехха дилхира. ХIорш кху юьртахь тIебаьхкина (времИ) нах олуш бара, кхеран кху юьртахь гергара а, тайпана а стаг вацара. ХIорш кIезигчу тайпанан нах белахь а, кхеран тайпа дан-м дара, делахь а уьш кху юьртана генна кхечу юьртахь а бара, цул совнаха, хIоьттинчу мацаллина кхаьрга ладугIучохь а бацара.

Цул тIаьхьа Iимрана, шен ненан марара схьа а ваьлла, араваьлла, дечиг даькхира, тIаккха, цIе а латийна, ша деанчу ахьарх сискал ян хиира. Оцу заманчохь можа малх дуьненчуьра къайлабелира, дуьненна а Iаьржа верта а кхуллуш, Iаьржа бода кхеран жимчу цIа чу буьйлира, шен Iаьржа маша а бузуш. Цул тIаьхьа Iимрана йина сискал кхара, туьхала а Iуьттуш, йиира цIеран серло бен, кхин серло йоцчу тишачу цIа чохь.

ТIаккха Iимрана, цхьацца дийцина, Зайнин а, Хьасанан а самукъа а даькхина, хIорш хьалхехь охьабийшира, кхана Iуьйранна шайн цхьана дижане баха дезаш санна.

II

ХIорш иштта хала бехаш цхьа бутт а дIабелира, тIаьхьтIаьхьарчу дийнахь Iа а чIагIделла догIура. Цу денош лахь а къаьсттина цхьа де деара, шийла хиларал совнаха, луьра мох а хьоькхуш. Ша тIехь гуш бераш а дацара, иштта цу жимачу юьртарчу урамашкахь гуш хIумма а дацара, хIара юрт экхкхийта санна, Iуьйранна хIоьттина шело массо а маьIехь луьрачу мохо цIийзош хазар бен.

Дийнах дикка хан а дIаелира, ЗайнагIеран бIаьрг боцуш

долчу корах йоьллина хIума ца юьтуш, мох жимачу цIа чу гIерта а болабелира.

Кхеран жимачу пешара цIе, цкъа йовш, тIаккха цIехьана серлайолуш гора, Iимрана ша хьуьжаре вахале, лулахошкара дечиг а деана, шайниг кхачадаларна, латийна йолу.

Хьалха санна, шен Хьасан мара а къуьйлуш, шелонна юргIа тIе а ийзош, Iаш йолу Зайна хIума яаза яра, кхуо чIогIа сатуьйсура сарахь цIа вогIу волчу Iимране. ХIара иштта цхьацца ойланаш еш Iаш, де шен рожехь суьйрангахьа лестира. Арара мох, кIордийча санна, дикка лапIбелира, кхеран йогу цIе а яйра, пеша кIелахь Iуьллу цицниг, бий а ког хьаькхна, са а даьлла, дIатийра, мацалла а, шелонна а кIелдисина долу.

Зайнина и делла Iуьллу цицниг ца гора, хIара, чохь пена тIехула бIаьргаш а къерзош, Iара, шен хаза дIадаханчу деноийн ойланаш а еш. Иштта Iечу кхунна цIеххьана дагадеара шен цIийнан да валлале цхьана дийнахь цо шега аьлларг: «Хьажал хьо, зуда, хьуна ма-гарра, вайшиъ дижина цаIилларна, хIара хьуна гун кхо до хьаьжкIийн бу вайн, кхунах даа ахьар а дер ду, кIади эца-йохка хьаьжкIаш а ер ю, цул тIаьхьа а дикка буха а юьсур ю. Айхьа къастийначу кху хьаьжкIаш тIе кхин а йоххал ахь кхарна кхоккха тускар, вайшиннан бераш а, ца хаьа, муха лелар ду а, вайшиъ дIаикхинчул тIаьхьа», — аьлла, цо, шайна юххехь лаьттачу закат деха даьхкинчу кхаа берана тIе а вахана, «шайна хьаьжкIаш мосазза ийши, дуьххьал кху керта схьадуьйлалаш» аьлла, шайн вардана тIе церан хьаьжкIаш а йоьттина, уьш цIа хьовсабар. И дагадеъча, Зайнин бIаьргех мела хи хьаьдира, и хин тIадамаш кхуьнан карарчу Хьасанна тIе а оьгуш, и кхуьнга гIийла бIаьра а хьоьжуш, Iеш йолчу кхуьнан кийра цIе лéта елира, тIаккха цIеххьана шийла хорша кхуьнан дегIах хьерча йолаелира. Зайна холчахIоьттира — цхьана агIор, меца а волуш, шеллуш, шен карахь Iуьллучу Хьасанна хIун дийр ду, ца хууш, шозлагIа, чохь йогуш цIе а йоцуш, хоршна шен гIорош доллучу дегIана хIун дийр ду, ца хууш. ХIара иштта холчахIоьттинчу заманчохь Iимран, неI йиллина, чу а ваьлла, хIорш дийна хиларх воккха а веш, кхарна тIеволавелира.

— Iимран! Хьайн кетар Хьасанна тIетасалахь, суна тIе хорша еана хьуна, — аьлла, Зайна, са а ца тохаделла, чехка юргIана кIел юьйлира. ТIаккха Iимран, шена тIера кетар

чехка схьа а яькхкхина, велха а ийзош Іуьллучу Хьасанна тІе а тесна, Зайнина тІера юргІа тодан хІоьттира.

Оцу заманчохь кхеран цІен тІе богІучу новкъа чехкачу боларца цхьа лекха адам догІура. Коьртахь кІайн месала куй а, дегІа тІехь еха, йоккха холхазан кетар а йолуш. Цуьнан сийна, ира ши бІаьрг чехка лелара дІа-схьа, цуьнан ехачу юьхьа тІехь къежъелла маж лоргуш яра, цуьнан богу бос башха цуьнан оьгІазвахаре хьаьжна а бацара.

Мила хила веза-техьа оцу тайпана чехка кхаьрга вогІу иза?

Иза кху жимачу юьртарчу хьуьжаран молла вара, ша, мутаІеламашна дарц дешна а ваьлла, араволуш, Іимран ша гулдинчу ахьарх шен киса дузуш воллуш а гина, шена и иштта гича, юха а ваьлла, цул тІаьхьа, Іимрана ахьарх хІун до-техьа, аьлла, цунна тІаьхьаваьлла лелаш волу.

ХІара молла чехка кхечира кху гІийлачу цІийнан неІар тІе. ТІаккха цо, цІеххьана вон неІ йоьллуш, ша чуваьлча, Іимран киснашкара ахьар текха чу духкуш воллуш а карийна, вон бІаьргаш а къерзош, неІарехь а сецна, элира:

— ХІай, нажжаз, нажжаз!.. ХІара хилла-кх ахь хІинццалц лелорит! ХІара хилла-кх хьан дешар а, хьо деша валар а. Хьо а, хьайн цІа а санна... боьханиг бен, кхин хІума дер дара хьоьгара?!.. Хьайн дас-нанас Іаммийнарг ду-кх ахь лелорит! Ва жулик!.. Эхь дацара хьан басна а, кху тайпана ца лелча... — аьлла, тайп-тайпана бос а хийцалуш лаьттачу Іимранна тІе а вахана, цкъа лерга юххе чІогІа тІара а тоьхна, тІаккха гай тІе мийра а тоьхна, моллас Іимран пенах дІатабийра.

Шена тІе йовха кетар тесча, набаран тар тесна Хьасан, чохь гІовгІанаш яьлча, сама а иккхина, ша Іуьллучохь: — Іимран! Іимран!.. Сискал йина ца яьлла вайн? Со мац-м велла, — аьлла, велха озийра. Кхеран гІовгІанаш а хезаш, дуьйцург къаста а ца къаьсташ, хорша тІе чІогІа ярна, юргІана кІел йоллучу Зайнина цІеххьана шен ший а кІант а воьлхуш хезира, тІаккха, шен хорша йиц а елла, шен доцчу гІоранца кІегархиинчу кхуьнан, охьа а кхевдина, ахьар чохь долу текх схьаоьцуш воллучу моллех бІаьрг кхийтира.

ТІаккха кхунна цІеххьана дагадеара, наха шайн говр а лачкъийна, дан амал а доцуш, ша, шен шина бераца кІелйисинчу заманчохь и молла волчу а яхана, цуьнга: «Тхо гІаддайна кІел-м дисина хІинца, ахьа вайн маьждигехь тхуна жимма хІума ца тасийтахь», — аьлча, моллас: «Хьо цкъа

маре ца яхча ер йощуш а ю, со кху сохьта зуда йощуш а ву, хьо соьга ян езара, Зайна. Дагадогlий хьуна, хьо тохара хьалха жеро йолчу заманчохь, со хьайна тlехьийзина? Хlетахь дуьйна хьоьга бахана безам дlабалаза ву-кх со, хlетахь дуьйна, дагара ца йолуш, чlогlа хьо дукхаезаш ву-кх со. Зайна, вайшиъ цхьаьна ца кхетча йиш яц хьуна, хьан берашна а ас хlума оьшуьйтур дац, иштта хьуна а хlума оьшуьйтур дац, со дийна мел ву», — аьлла, неlара юххе лаьттачу шена тlе а веана, катоьхна ша схьа а лаьцна, цо нар тlе тохар, тlаккха ша, цуьнга вон бага а лееш, нуьцкъах цуьнан карара а яьлла, цlа яр. Цул тlаьхьа, ша и гlуллакх нахала а даькккхина, цу моллин кху жимачу юьртахь, «зударшка дог хоуьйтуш ву» бохуш, пlеххьа сий дар а, хlетахь дуьйна иза массо а хlуман тlехь шайца вон хилар а.

Иштта и дара-кх Зайнина дагадеанарг, кху моллех бlаьрг кхетча. Зайна оцу заманчохь, дегlана зоьртал а йолуш, безамехь стаг яра, наха беркат долуш стаг ю а олуш.

Кхунна, хlара шайн чохь дерг хlун дов ду, ца хаьара. Дlахьаьжча, Iимран а воьлхуш, воьжна Iуьллуш гира, йиллина лаьттачу неlаре хьаьжча, ахьар дlа а кхоьссина, деса текх а дахьаш, вон бlаьргаш а къерзош, чувогlуш молла а гира. Хlорш иштта гича, цуьнан дегl чlогlа эго доладелира, гуттар а хих буьзна лаьттачу шина бlаьргах луьста мела хи хьаьдира. Шен дуткъа дог чlогlа лазадаьлла, холча а хlоьттина: «Хьасанна а еттар ю-кх кхуо», — аьлла, катоьхна шен доцчу гlоранца шена юххе Iуьллу Хьасан кара а эцна, и шен мара а къуьйлуш, цхьаъ ала юьйлира, тlаккха а елхаран мохь а баьлла, хlумма а ца алалуш йисира.

Iимрана, цхьана куьйга шен ге а лаьцна, вукху куьйга йогу бесни а лоьцуш, бlаьргех хин тlадамаш а оьгуш, халла хьала а айавелла, дlаваха дагахь араволуш воллучу моллега элира:

— Аса-м и ахьар цигаьрканаш эца а, я кехатех ловза а ца кхоьхьурий...

Цlехьана, Iимранан вистхилар а хадош, юха а кхевдина, вон тlе а чевхаш:

— Кхин соьга схьа ма лелахь, ва къу!.. Тlаккха а, хьуо велла дlаваллалц кхин хьуьжаре а ма воьллахь! — аьлла, молла, чlогlа неl тlе а тухуш, дlавахара.

Цул тlаьхьа, моллас дина дов Iимрана шега ма-дарра дийцича, Зайнас элира:

— Ва Iимран, ахь, и ахьар хьайна мутаIеламаша ло, ца бохура?

— И-м, ас лачкъийна кхоьхьийла хиъча, ахь дуур доцу дела олурий аса-м, цара ло, — а олуш, Iимран воьлхучуьра тийна, ЗайнагIарна тIе а вахана, цунна цхьацца дийцина: — Баба! Ас, миччахьара деана а, ахьар а, дечиг а дахьар ду вайна хIокху сохьта, Хьасан хьайца юргIана кIел виталахь, — аьлла, Iимран шен кетар тIеюха хIоьттича:

— Iимран! Дукха ма хьелолахь, Хьасан меца ву хьуна, — аьлла, Зайна, шена а, Хьасанна а тIе юргIа а тодеш, агIоръелира.

— Со-м дукха хьелур вац хьуна, баба, — аьлла, Iимран, меллаша ара а ваьлла, дIавахара. Оцу заманчохь суьйре Iаржъелла йогIура, буьйсангахьа мел лести шел а луш. ТIаккха, буьйса йоьлча, аре хийцаелира, хьоькхучу мохо дилина Iуьллу ло массо а маьIехь ловза а деш.

Зайна, чохь латийна лампа а йоцуш, юргIанах а хьаьрчина, мацалла воьлху Хьасан шен мара а къуьйлуш, шен мацъялар Хьасане ца хаийта гIерташ, дагахь а йоьлхуш, цхьацца ойланаш а еш Iуьллучу заман чохь, арахь мох, тIаьхьтIаьхьа чуьрабуьйлуш, чIогIа хьекха болабелира, доккха Iуьллу ло, кIа оручу машино кегаш санна, массо а маьIе кхуьссуш, ловза а деш.

Массо а урамехь шакарца цIийзаш луьра мох бара. ГIорийна лаьтта гIехьа кегийра дитташ, кеглуш, охьадеттало-ра; цхьадолчу цIенойн ледара тхевнаш а чуэгош лаьттара, андийчу тхевнаш тIера ледара туьнкалгаш а мохо чуеттара; хьуьнахахь дечиг доккхуш санна, мохо чуеттачу кертийн гIовгIанаш а яра геннахь хезаш; урамашкахь, дохк хIоьттича санна, лайн кIур бен, гуш адам дацара: нах, чIогIа кхералуш, чутийнера цу буьрсачу буьйсанна.

ЗайнагIеран чохь йогуш цIе яцара, жимчу корехула чукхуьйсуш шийла дарц а дара кху жимачу цIа чу.

— Баба! Со-м мацвеллий... баба!.. Со-м шеллой... баба!.. баба!.. — бохуш, тIаьхь-тIаьхьа велхарна чуьра а вуьйлуш, Iуьллура Зайнин марахь Хьасан.

— Хьасан! ХIинцца Iимран схьакхочур ву, собардехьа... сатохахьа!.. — аьлла йистхиллачу Зайнин хьалхе дуьйна а бIаьргех оьху хин тIадамаш луьста эга дуьйладелира. Цуьнан дукха хенахь дуьйна схьа цIийза дог, лаьцна куьйра санна, цIийзарна сихделира, кхуьнан цомгуш дегI хIор минотехь гIелделла доьдура, мацаллина а, шен меца доьзалхо гарна а.

Зайна тІаьххьара а, легаш а дакъаделла, мацалло гІора а кхачийна, елхар а, йистхилар а доцуш йисира.

ТІаккха цІеххьана шийла, луьра хорша цуьнан шийлачу дегІах хьаьрчира, кхуьнан цергаш, вота етташ санна, эго йолаелира. Хорша тІе чІога ярна, кхунна мацалла воьлхуш Іуьллу Хьасан вицвелира.

III

Арахь хьоькху луьра мох моллина кІезиг хаалора.

ХІара молла, шуьйрачу цІерца йогучу пеша юххехь лаьттачу нар тІехь, гІайби тІе а хиъна, шен йоІа дина хингалш дууш Іара, даьттанах буьззина кад хьалха а хІоттийна, нагахь ша Іечохь шайн сирлачу цІа чуьрчу пенах дохкучу кузашкий, цІенкъарчу истангашкий а хьоьжуш, юкъ-юкъа корта а ластош, тахана шена гучудаьллачу Іимранан къоланан ойла а еш. Ша хІума йиъна ваьлча, шен хьена ши куьг шен когарчу маьхьсех а хьаькхна, доІа а дина, пенах дІатаьІначу кхунна дагадеара, Зайнега ша дагара хаийтича, цо, и нахала а даькхина, шен сий дайар. Иштта шена и дагадеача, кхуо ша-шега элира: «Хийла хаза а, къона а жерой ихна-кх со волчу цхьацца хеттарш дан, ас шаьш хьийзийча, цара а ца ваькхирий со нахала... Зайна хІун яра, со нахала а ваькхина, сан сий даъа, хІара къанделла жеро!.. ХІан-хІа, тахана ас ахьар схьадаькхина, меца битархий, Іимран хьуьжарера дІаваккхархий декха ца ло цо сан дайина сий, царна дан дезаш кхин цхьаъ ду», — аьлла, цкъа корехула уьйтІа а хьаьжна, нара тІера охьа а воьссина, чехка шен йовха кетар а, мачаш а юьйхина, коьртах башлакх а хьарчийна, араикхира.

Арахь юткъачу шакарца, луьра хьоькхуш мох бара. Гуш, хІара молла воцург, кхин садолу хІума а дацара.

Кху буьрса хьоькхучу мохо нехан кертех а, цІенойх а, бертал а ветташ, молла халла веана ЗайнагІеран цІийна юхе кхечира. ТІаккха хІара чехка цу цІийнах гІортийна йоллучу дечгах тасавелира.

Цу гІорторах моллин цкъа бІаьрг кхетта ца Іийнера. Цуьнга молла, кху цІийнна юххехула болчу готтачу урамехула хІора ша маьждиге а, базара а мосазза воьду, лоррий хьожура. ХІара молла, Зайнас ша нахала ваккхарна, бекхам бан гІерташ лела дукха хан яра, цхьа а аьтто а ца болуш. ХІара нагахь, «дарехь цхьаъ дийра ду ас царна» олий, то-

халора, тІаккха а, ЗайнагІеран цІийнах цхьаъ бекхаме вер ву-кх, олий, кхера а лой, ІадъІара.

Кху юткъачу шакарца, лайца уьдучу мохехь вехха ваьллира молла и дечиг схьа ца яккхалуш. ТІаккха цІеххьана шен болчу ницкъаца тасавелла, и схьа а яькккхина, цІийнна юххе охьа а тесна, цу хьоькхучу луьрчу мохехула шен цІа а вахана, паргІатвелира.

IV

Арахь хьербаьлла хьоькхучу мохо ЗайнагІеран цІийнан гІортор дІаяькккхина агІу, чІогІа тата а доккхуш, чутуьйхира, цунна тІаьххье кху цІийнан ах тхов а чубеара.

Воьлхуш Іуьллу Хьасан, цІеххьана чІогІа тата а даьлла, шийла дарц шайн ах цІачу хьовзийча, кхеравелла, луьрчу маьхьарца Зайнех хьерча волавелира:

—Баба!.. баба!.. хІара хІун ду? Баба! Вайна хІун хили? Баба!.. баба! — бохуш.

Шен шийлачу хорши тІе, чухьийзо шийла дарц хааделла, шелонна са ца тохалуш, йовхо ца карош, етталуш Іуьллу Зайна, шен мара Хьасан воьллича, цунах жимма йовхо а хааелла, чІогІа и шен мара къийла елира, ша хІун леладо а ца хууш, Хьасане гІийла узарш а дойтуш.

Вехха къийлира Зайнас Хьасан мара, и марахь саца а ца туьгуш. Вуьшта мацаллина а гІора дІадаьлла волу Хьасан, кхуо чІогІа мара къийлар ла а ца делла, са а дукъделла, велира.

Цул тІаьхьа Хьасан, ветта а ца луш, Зайнас вехха мара къийлира.

ХІара ишттта йоллучу заманчохь кхеран чоь, мохо луьра чудеттачу лайн дарцана, дикка кІайелира, кху доьхначу цІа чохь дохк хІоьттича санна, чухьийзаш лайн кІур а бара.

Цул тІаьхьа мох а жимма лагІбелира, цІа чохь гІаьттина лайн кІур а байра, кхеран чоь жимма серлаелира, жимма къаьсташ арара нехан цІенойн къорза тхевнаш а гуш.

Зайна, тІера хорша лагІъелла, жимма саметтаеара; тІаккха дІахьаьжча, шайн чукхетта цІийнан агІо а гира, мохо чудиттина ло а карийра.

Шена гург гІан ду, моьттуш, Іуьллучу Зайнас, цІеххьана шен марахь шан гІорза йоллуш санна хетта, шен карара Хьасан дІакарчийра, юха а шен кІант дага а веана:

— Хьасан!.. Хьасан!.. ва Хьасан! — бохуш, юргІана кІел

куьйгаш хьаькхначу цунна, ша санна, шел а велла, Iуьллуш карийра шен кIант.

— Хьасан!.. Хьасан! — аьлла, дIа-схьа хьавира Зайнас Хьасан. Амма и вист а ца хилира. ТIаккха Зайнин кийра шийла ша биллира, цуьнан эгIазчу дегIа тIе йовхонан хIон тулгIи туьйхира, дегIан пхенаш, цхьаммо дIанйзош санна, ийзо дуьйладелира, кхунна хиира, Хьасан мацаллий, шен бехкенна а веллийла.

ХIокхо шийла мохь хьаькхира:

— АллахI!.. Ва, везан дела!.. хIара хIун ду?.. хIара хIун ду, тхуна хилларг?.. тхоьга деанарг?.. Хьасан!.. ва Хьасан! Со яла хьан, Хьасан! Со яла хьан! Ва Хьасан! Хьан яла со, хьан яла со! — аьлла. Зайна Хьасанах хьаьрчира, кхуьнан мецачу кийре и валар ца лалора, цIеххьана бIагор хьаьвзира, дерриг дуьне хьийзаш ду а моьттуш.

И чIогIа дарц хьовзийча, кхунна цхьа зулам даларна кхоьруш, схьа ца воуьйтуш волу Iимран, цIерачушна чIогIа сагатделла, цкъа лечкъана араэккха воьлча, гучу а ваьлла, сацийнера.

Цул тIаьхьа, хьоькху мох жимма лагIбелча, Iимран лечкъана цIа ван араиккхира. ХIара байн хьоькхучу мохехула, кийра цIе лéташ, вогIура, даго цхьацца вон хьоьхуш, шен кисанаш наха деллачу ахьарх а дуьзна, пхьаьрса кIел яго яхьаш жимо дечиг а йоллуш, шен ненаннин, вешиннин мацалла яйа сихха цIа кхачахьара-кх ша, бохуш.

Iимран, наггахь шен жимчу кетарх а хьерчаш, мохо ло тIедиттина, гуш некъан лар а йоцуш, кIоргачу лайлахула халла веана шайн керта кхечира. ТIаккха дIахьаьжча, шайн ах чу а кхетта лаьтта цIа гина, кийра ша а биллина, бIагор а хьаьвзина, Iадийча санна, мохь а хьаькхна, ша волччохь сецира.

Вехха лаьттира Iимран, чуваха ца ваьхьаш.

ТIаккха, велхарна лахара балда а ййзош:

— Баба! Баба!.. — аьлла, шайн ахдаьллачу цIа чу а иккхина: — Баба!.. Хьасан! Баба! Вайна хIун хилла?.. ХIара хIун ду?.. Баба, хьалагIаттахьа! Баба! Хезий хьуна? Самаялахьа! Баба!.. Хьасан! Хьасан!.. Баба!.. Хьасан!.. — бохуш, шийлачу маьхьарца Iимрана дехха меттахъхьедира Зайнин, Хьасанан ши дегI. Амма уьш меттах-м ца хьайра.

И ши дегI, вовшашца шелдалар къевсича санна, шийла Iуьллура.

БЕКХАМ

I

Лекхачу орцан басахь жимо кIотар гора. И кIотар шен жималлица маьI-маьIнехула яьржина яра. Цунна къилбехьа аьрщнаш тIехь сийна хьаннаш гора, кIотарна понах кхиъний, кхиазий кегийра хьаннаш а лаьттара. Цу кIотарахь тобанаш-ца дIа-схьа лелаш божарий, зударий, берашший гора. Уьш бара цу кIотарарчу ГIебартан Хьасанна зуда ялийначу ловзарга оьхушший, цу ловзаргара шайн цIай, цхьацца пIулакхей оьхушший, дIа-схьа лелаш.

ГIебартагIеран уьйтIахь долу адамаш массо а церга тIера балда айъина доьлушший, дела кечделлий дара. Уьш оцу ловзарх чIотIа баккхийбеш бара, ловзар шайна шеран коьртехь цкъа бен ца хуьлу дела.

Зуда ялийна Хьасан, тхов тIера кибарчиг дIа а яьккхина, шина тхов юккъехь лаьтташ вара, уьйтIахь деш долчу ловзаре а хьоьжуш. Массарна а бохург санна бIаьрг тIе хIоттош, ловзарга хьаьжча, Хьасанна гора, чIогIа сакъералуш, хелхабуьйлушший, дегнаш дохушший кегий нах а, мехкарий а. Уьш шена байча, Хьасан, ша-шена вела а луш, чIогIа сакъералуш лаьттара.

Хьасан, ша воьлуш лаьттачохь, цIеххьана цхьа хIума дага а деана, олла а велла, ойланаш ян велира; цунна тIе хьаьжча, моьттур дара, и цкъа а ца велавелла а, цунна велавала ца хаьа а.

ХIунда йора-теша цо и ойланаш? Цо-х, шен са санна, шена езаш йолу Язара ялийнера.

Ялийча хIун дара Хьасана шена езаш, ша дукха сатийсина Язара? Шена далийначу нускалах цуьнан сакъерадала дезча хIун дара? Стага шен дегIана там хилча тоам бан ца беза. Стага шен сакъераделлачу меттехь шена юххерчуьнга ладогIа деза.

Цундела Хьасан, лурвоьлла, шена тIе а веана, хIинца шен чохь Iаш волчу шен дуй биинчу доттагIчун Iумаран ойлаеш вара, шен щунна дан башха накъосталла дацахь а.

ХьасангIеран ото чохь, кораш тIечIагIош, чохь бода а бина, лурвоьлла Iумар нара тIехь Iуьллуш вара, уллохь дечиган пондар а Iуьллуш. Iумар кест-кеста, хьала а айалой, кораш хийра долчухулу уьйтIахь дечу ловзаре хьожура. Кхунна гора, шега ладоьгIча, аьрцнашкахь экха санна, стиглахь олхазар санна, цхьаннен а лаамехь боцуш, цу ловзаргахь хьийза кегий нах а, мехкарий а. Уьш иштта паргIат шена гича, Iумар, узарца доккха са а доккхий, шен лурвоьлла аравалар дага а догIий, корта а лестош, нара тIе бертал вужура.

Iумарна яьлла йоккха хьаьрса маж яра, цо и яшаза ши шо кхаьчнера, цуьнга хьаьжча, эр дара, цуьнан 40 шо ду. Амма цуьнан дан-м дацара ткъе шиъ шо бен.

Iумаран, арахь лоькху пондар а хезий, кегийчу нехан маьхьарий а хезий, ловзарга ваха дог хуьлура... ТIаккха а, жимма саца а соций, кIоргера ойла а йой, олура:

— Суна тахана велча атта дара дан-м, делахь а дуьне деза-кх.

КIоргера ойланаш а еш, шен дог шена а далхош, вехха Iиллира Iумар нара тIе воьжна. ТIаккха, хьала а айавелла, шен сийначу бIаьргех ихина хиш дIа а даьхна, иза, пондар схьа а эцна, цунах пIелг бетташ, гIийла эшарш лекха волавелира, тIаккха цхьа хан яьлча, цо узам болийра:

Да велла диса шу, боданен Iадаташ!
Ма кхоьллина делар шу дуьненан ва кийра!
Сан нийсархойн дегнаш паргIат долчу кху дийнахь,
Дуй биъначу доттагIчунна езар ялийначу кху дийнахь,
Аравала дог лаьтташ, нахах тешам боцуш висинчу
кху дийнахь
Ма вист велар со дегIах са къастаза!

Ма кхин велар со кху маьлхан дуьненахь!
ХIай бален Iадаташ, ма чIогIа шу хьерча
Тхан мискачу ва дегнех, жималла ца хоьржуш!

ХIай коьрта тхьамданаш, ма яржий елара аш
И боданен кхиэлаш мискачу халкъа юкъа!

Со вина деца хIара ткъе шолгIа шо,
Со винчун ца виснийца со гIийла цхьаъ бен,
Ма балехь йиси хьо, со вина сан нана!
Ма ца догIур хIара иштта, бакъонга диллича!

Цу тайпана узам а беш, Iумар дикка Iийра. ТIаккха карара пондар охьа а биллина, хIара ойланаш еш, цунна хезира уьйтIахь лоькху пондар а, кегийчу нехан маьхьарий а. Iумар, хьалаиккхина, меллаша кора тIе а вахана, кор хийра долчухула арахьежа велира, амма, боккха, горга, мела хин ши тIадам бIаьргех а бужуш, юха а нара тIе бертал вуьйжира.

Мича тайпана воьлла-теша иза лур? ХIун Iадаташ ду-теша цуьнан дегIах хьаьрчинарш?

II

И дара нийсса кхо шо хьалха. БIаьстенан юьхь яра, гIорийначуьра дасталучу лаьттара гIуьттуш Iаь а яра. Кху йоккхачу юьртара дитташ Iаьнна чу ма-дерззара лаьтташ дара. МаьI-маьIехь пхьоьханаш а йина, хевшиний, лаьтташший кегий а, баккхий а нах а бара, куьйгаш а туьйсуш, къамелаш деш, юкъ-юкъа бийла а буьйлуш. Кху юьртан боккхачу урамехь къаьсттина гуш лоха а, деха а, кIайн кир а тоьхна цIенош а дара. Цу цIенойн пхеаннах юккъерчу корехь кхозу кIайн киса дIа а туьйсуш, кху ураман новкъа дIай-схьай хьоьжуш Iаш Iумаран йиша Альбика яра.

Альбика, ехо юьхь а йолуш, унах цIена а йолуш, цIен месаш а йолуш яра. Иза, ша тахана тегна яьккхина сийначу басмин коч а юьйхина, Iара. Цуьнан берхIитта шо хир дара. Иза муьлххачуьнга а елаелла хьажа догдогIуш яра.

Альбикин хIинца кест-кеста корах аракъедачу таьIанаал шина бIаьргах хуур дара, цо цхьана хIумане сатуьйсийла.

ЦIеххьана цуьнан бIаьрг кхийтира сийна чоа а дуьйхина вогIучу Илесах. Иза зоьртал дегI а долуш жима стаг вара, хьаьрсо гIеххьа мекхаш а долуш, ханна ткъе пхиъ шо хир долуш. Иза Альбикина тIехьийза хIара кхозлагIа шо дара, Альбикина дукха а везаш. ХIара шен ницкъ кхочуш Альбика нахе ца яхийта шен дагца чIагIо йина а вара.

Шен цунах бIаьрг кхетча, Альбикас, корера лоха а яьлла,

жимма ойлайира: «Сан шина вашас, хIинца тахана санна, де маьркIажанга лестина долуш, со хитIа яхча, мотуьйтур дац шаьш, аьлла, соьга схьа а ма хьахадайтина, хIинций-хIинций и хитIа вогIу, бохуш, цуьнга хьоьжуш, хитIа а ца йоьдуш, ас тахана са а ма дайтина. ХIун де-теша ас? ХитIа яха вежарех а кхоьру. ХIинца со цига ца яхча, и суна кху баттахь кхин гур а ма вац. Цо селхана ма-аллара, иза тховса я кхана цIера валахь...» — бохуш. Иштта ойлаеш Iечу Альбикас: «IумаргIар цIа бахкале со юха а кхочур ю, гIор со цига», — аьлла, юхавогIу Илес ларва коран киса цхьана агIор озийра.

ЮхавогIучу Илесах шен бIаьрг кхетча, Альбикас, чIогIа хазахетта, ела а елла, хьалаикхкина, чехкка шайн лула керта а хьаьдда, Илесе хитIа вола ала цхьа бер дахийтира.

Хьаьдда чуеана, Альбика, куьзган чу а хьаьжна, шен жималлех а, хазаллех а сакъералуш, ела а елла, катоьхна кIудал схьа а эцца, хитIа яхара.

Жимочу хин йистехь лаьтта Илес, вела а къежаш, кхуьнга вистхилира:

— Делан дуьхьа, Алыбика, хьо тоха ца еллехьара, вайшиъ вовшашна ган цхьа бутт бара кх, — аьлла.

— Ткъа, вайшиннах цхьаъ ца тохаделча, вайшиъ вовшах хьан тухур дара, я вайшиннах къахета мила ву? — аьлла, Алыбика елаелира.

— Бакъ боху, вайшиъ иштта хила а деза, — аьлла, Илес а велавелира.

ХIара шиъ чIогIа къамелаш деш дехха лаьттира, шаьш мел лаьтта а ца хууш, цIийбелла малх а, кхаьрга ца хьоьжуш, чубуьзна белира, кху хин йистерчу таьллаш тIеххьий, дитташ тIеххьий хIинццалц ца хедаш декна олхазарш а дIатийра. ЦIеххьана дIа-схьа хьаьжча, адамаш чутийна шена гича, Алыбика цецъелира:

— Вайшиъ ма деха лаьттина хилла... ХIинца-м IумаргIар а цIа баьхкина хир бу, чехка цIа ца гIахь, цара суна могуйтур а дац. Илес, хьан некъ дика хуьлда, со йиц ма елахь, — аьлла, Алыбика, шен хих юьзна кIудал белш тIе а яьккхина, цIехьа йолаелира.

Илес, ша лаьттачохь корта а оллийна, гIийла дIахIоьттира. Иза, цIеххьана Альбикина тIаьхьа а хьаьжна, вистхилира:

— Цкъа сацахьа.

Шен шина вешех кхоьруш, чехка цIа яха а лууш, Илеса

бохург дан а лууш йолу Алыбика, жимма ойла а йина, кIудал белш тIехь а йолуш, сецира. Илес, тIе а волавелла, юха а вистхилира:

— Алыбика, ас хьоьога ма-аллара, со кхана цIера волуш а ву, бутт хан, тIе, дукха зама а ю, вайшиннен вовшашка болчу безаме хьаьжча-м — мухкхале а. Хьуна ма-хаъара, валаран а сахьт дац, кхана хьоьх хIун хуылу хууш со а вац. Хьанна хаьа, хьо тховса, я кхо де даьлча хьан наха цхьанге маре лой а. И иштта хир ду-м ца боху ас, тIе, сайна со лелачохь хьо йицлур ю а ца боху ас. ХIуманан сахьт дацара-кх, Алыбика, хьо соьга йогIург хиларх сан дог тешош, соьга хьайн куьг лацийтахьа.

И дешнаш шена хезча, кхераеллачу Алыбикин кийра цIе елира, иза, хорша еъча санна, эго йолаелира, божарийн куьг шен дегIах цкъа а хьакхадалаза хиларна. Иза, меллаша юха кIегар а йолалуш, йистхилира:

— Илес! Ахь сан куьг лаьцча доккха хIума ду а ца боху ас, я хьан дог тешо хьоьга и лацийта ца лууш а ца боху ас. Илес, со кхоьру-кх вайн нохчийн Iадатех, кхоьру-кх со хьоьга куьг лацийта, — аьлла, хих бIаьргаш а дузуш, Алыбика юха а дIайолаелира.

Илес юха а цунна тIаьхьа волавелира, лен а луьйш:

— Алыбика! Ва Алыбика, суна а хаьий и Iадаташ вайн дуйла-м, делахь а безам цул а хала бу-кх...

Алыбика жимма кIадъелира. И хиинчу Илеса юха а элира:

— Алыбика! Дехьа ас бохург, хетахьа сох жимма къа, дIа-схьа хьажахьа, вайшиъ гуш-х адам дац. Цхьана а агIор хIара адамна хаа йиш яц... Лохьа, Алыбика, соьга куьг, ма ехьа сан дагна чов, — бохуш, Илес шена тIеволавелча, Алыбикас цкъа дикка ойлайира, тIаккха, саца а сецца, лаьттан бIаьра а хьоьжуш, Илесе куьг а кховдош, элира:

— Илес, со-м вайшиннан сих кхоьруш Iарий... Илес, хIара куьг-м ло ас хьоь, бакъду, со кхера-м кхоьру хьуна кхунах цхьа бохам хиларна, — олуш, Алыбика, Илеса Iуьйду шен куьг схьа а озийна, чехка юха а йирзина, цIа йолаелира. Илес дIа-схьа хьаьжира: «Деллахьа, гирий-теша тхойшиъ цхьанна а?» — аьлла.

Шайна гонаха шайга хьоьжуш цунна стаг ца гинехь а, кхаьрга хьоьжуш цхьа стаг-м вара. И вара кху хил дехьарчу бешахь серийн керта юккъехула къайлах хIорш тергалбеш

лаьтташ. И стаг жима стаг вара, мара чу а таьIна. Иза а вара Альбикина тIехьийзаш. Амма Альбикас Илес волчохь тергалвеш-м ващара. Цунна, Альбикас шен терго кIезиг яхь а, и чIогIа езара. Цкъа ехийтича а, цуьнга Альбика ца еллера, иза къолаш деш ву, бохуш. ХIара и гIуллакх чIогIа халонга даьлла вара. Шен ницкъ кхочу бохам Альбикина а, Илесана а бийр бу ша, аьлла цо шен дагца чIагIо йинера. Бакъду, тховса АльбикагIаьргара хIара ледарло ер ю моьттуш а, ялахь дика дара аьлла хеташ а ца веанера кху хин йистерчу беша. ХIара, шен гIуллакхера вогIуш, хин йистехь лаьтташ АльбикагIар а байна, цара хIун до-теша, аьлла, цу керта ккхинера.

Альбика чехка цIа яхара. Илес а: «ХIинца-м билгал сан яра Альбика», — бохуш, воккха а веш, шен цIа вахара. Уьш къайлах тергалбина стаг а: «Шуна моьттург а, къорIанора, дац бакъ, шуна и чеккха-м, къорIанора, ца долу!» — аьлла, шен цIа вахара.

III

Цул тIаьхьа бутт а белира, аренаш сеньелла дIа а хIиттира. Кху юьртара дитташ а баьццарчу басе дирзинера. Цу дитташ тIе а хуьйшуш, наггахь олхазарш дека а хезара. Илеса Альбикин куьг лацаран гIуллакх цхьа хан яллалц, бакъдуй, дацдий, бохуш, дийцира. Амма хIинца и бакъ динера, иза пхьоьханаххьий, хитIахь зударший чIогIа айиний, дестийний дуьйцуш дара: «IумаргIеран йишех куьйгаш а диттина, ведда вахана ву Илес», — бохуш.

Тохара хьалха Альбика корехь Iийначу цIа чохь хIинца Альбика яцара. Альбика, и мотт-элардитанаш долийча, шен ненахошна тIеяхана Iаш яра, цуьнан жимачу цIа чохь хIинца Iаш цуьнан Iумарал воккхах волу ваша вара. Цунна чIогIа хало хиллера хIинца шайна йолийначу цIарах, оцу гIуллакхана иза чIогIа ойланаш еш вара. Изий, цуьнан ваша Iумарий ца ваьлла бен нахана юкъа ца волура, эхь хеташ. Ахьъядал ханна ялх шо жима вара Iумар. Ахьъяда кест-кеста ша-шега олура: «ХIинца тхуна тIееанарг йоккха юьхьIаьржо ю, Илесан йиша я шича елахьара, цунах куьйгаш а тоьхна, хIара дIадерзор дара. Куьг тоха уьш а бац, хIуъа дина а, цхьаъ цунна ца дича дер а дац... Кхин хIума цунна дан дац, вер бен. Нагахь ас и вийча, со цIийнах а волу, вешех а, не-

нах а волу. Нагахь ас, и вийна а, хIара гIуллакх нис ца дахь, хIара дуьне мел дозу нохчийн Iадатехь сий хир дац сан, сан цIийнан, тхан тIаьхьенан. ХIан-хIа! И иштта вуьтур вац ас. Дезча хIун ду суна дуьне, сайн цIа? Иза, ас ца вийчи а, сан жимахволчу вашас Iумара а вуьйр ву. Iумар хIинцца вуьрхIитта шо кхаьчна жима бер ду, со тхешан цIентIехь воккха ву. ХIара гIуллакх ас дIадерзо деза», — олий.

Цхьана дийнахь, набархаваьлла, чохь меттахь, бIаьргаш а бетташ, Ахьъяд чIогIа ойланаш еш Iуьллуш вара. Цуьнан кийра цхьана Iеткъачу хIуманна богуш бара, иза дуьненах а чIогIа чам байна вара. Ахьъяда, чехка меттара хьала а гIаьттина, ламаз дина ваьлча, ши куьг а ойуш, деле шайна тIера юьхьIаьржо дIаяккхар доьхуш, доIа а дина, чеккка тIе хIума а юьйхина, ара а ваьлла, шен борачу говрана нуьйр тиллира. ТIаккха, чуиккхина, вертан чухула топ а оьллина, говра а ваьлла, шайн кех иккхира. Цу тайпана хIара кех эккхаш, хIара гира коре а хиъна Iачу кхуьнан нанна. Нана, кхунах шекьяьлла, кхераелира, шена вуьшта а керла долу шайн гIуллакх карла а даьлла, иза йилхира.

ЦIахь воцу Iумар цIа кхечира, нанас Iумаре дийцира Ахьъядан, кеч а велла, кех чехка эккхар. Цо и дийцича, Iумар ойлаян хIоьттира. Iумар а нохчийн Iадатехь шайна тIеэанчу юьхьIаьржонна чIогIа гIайгIа йолуш вара, ша жима велахь а. Iумар шен дагахь, Ахьъяда хIинций-хIинций цхьаъ эр ду-кх шега, тIаккха дан дезарг дан хьожур ву ша, бохуш, Iийнера хIинццалц. Ойлаян ваьлла Iумар Ахьъядан вахарх шеквелира. ТIаккха а: «Нагахь иза Илесана цхьаъ дан дагахь вахнехьара, цо со тIаьхьа хьоьхур вара я, хьалххехь цо соь дийца а дийцина, тхойшиний а цхьаьний гIур вара. Сан ваша вац иза? Цо иштта гIуллакх сох лачкъор дацара», — аьлла, шайн учахь лаьтта Iумар чувахара.

Шен вежарех а, ненах а эхь хетта, ненахошна тIеяхана Iан Альбика йоьлхуччуьра туьйш яцара. Альбика, ша йинарг юьхьIаьржо ю, бохуш, дийнахь а, буса а ша-шех летахь а, иза цо ца йинера, и йинера боданечу Iадаташа, иза юьхьIаьржо яцара. Альбикин дог чIогIа лозуш дара. Цунна дуьхьал хIокху дуьненахь мел долу ирча хIуманаш туьйсура. Цуьнан кийра яьллачу цIаро цуьнан бос макхбинера. Ша динчул а бIозза дестош наха мотт-элаДита долийчахьана, иза шен вежаршна гучу ца яьллера. Амма наггахь ша йолчу йогIучу шен нанна-м Альбика тучуйолуш а, тIекхетий йоьлхуш а яра.

IV

Буьйса юккъеяха йоьллера, адамаш набарш кхеттий, кхетазий чутийнера, кху юьртахь нагахь бен жIаьла лета а ца хезара, уьш а тийнера. Бакъду, тховса сарахь шен нанас цIа ялийна Альбика а, цуьнан нана а дIа ца йижнера, и шиъ цIера ваьллачу Ахьъядан гIайгIанна, вовшашна тIеттIа а теIаш, йоьлхуш Iара. Альбикас кест-кеста олура:

— Баба, вай хIун дийр ду? Баба, Ахьъяд цхьаъ дан вахана-кх! Баба, вай хIун дан деза? Ма кхии елара со кху маьлхан дуьненахь! И айса динарг дечул, ели елара со! Кху боданечу Iадаташна юккъехь ма кхии елара со! Ас хIун де, баба! Ас хIун де?

ХIорш иштта боьлхуш Iаш, кхеран уьйтIахь гIовгIанаш евлира. Кху уьйтIа яьхначу шаьлтанашца, юьйлинчу тоьпашца дукха нах лилхинера. Уьш баьхкинера, Ахьъяда тховса кIотарахь Илес а вийна, хIинца цIахь велахь, Ахьъяд я Iумар вен.

УьйтIахь и гIовгIанаш ма-евлли, Альбикина а, цуьнан нанна а Ахьъяда цхьаъ динийла хиира, и шиъ, чIогIа кхералуш, вовшех хьаьрчира. ХIорш иштта бохкуш, уьйтIа лилхинчу нахах пхи стаг, юьйлина тоьпаш а карахь, шайн чу иккхича, Альбикий, цуьнан наний, Iадийча санна, къарза а къаьрзина йисира. И чубаьхкина нах, кхеран цIийнах а хьаьвсина, шайна Ахьъяд, Iумар цIахь ца карийча, ара а бевлла, шайн накъосташца дIабахара.

V

Илес вийна Ахьъяд а, цуьнан ваша Iумар а, лурвоьлла, цIера велира, Альбикий, цуьнан наний цIахь шаьшшиъ йисира, кертахь боьрша стаг а вощуш.

АхьъядагIар лурбоьллачул тIаьхьа кхо бутт баьлча, юьртара баккхий нах Илесан нахе дехаре бахара. ХIорш шайн уьйтIа кхаьчча, Илесан да ВахIаб кхарна дуьхьал велира. Кху баккхийчу наха ВахIабе дехар дира:

— ВахIаб! Ахь тхуна бехк а ма билла, вайна маосарна а ма-хаъара, IумаргIеран нана йоккха стаг а ю, тIееана лаьтташ белхан зама а ю, церан болх бан стаг цахиларна, тхо дехаре даьхкина хьоь, Iумар цIа вита, аьлла, вайн нохчийн Iедалехь куьг бехкен воцург цIа вуьтуш долу дела.

Ахьъяда воI а вийна Iачу ВахIаба Iумар цIа вита пурба делира. ТIаккха баккхий нах а цIехьа бирзира.

ПаргIатваьлла, шозлагIчу дийнахь цIа веана Iумар, шайн цIийнан дукъ тIе а лаьцна, дIаволавелира, Алыбикин, цуьнан ненан жимма сапаргIат а делира.

ХIинца кху юьртахь наха дуьйцуш дерг хIун дара?.. ХIун ду-теша бодане таьIначу нахана юкъахь доцуш вониг? Доцуш цхьа а дац! Доцург кхиллан, шайн цIентIехь хIумма а ца дан бен уьш Iамийна бац. Дан хIума доцуш висинчо шен куьйгийн пIелгех ийзораш йо, цунна, шена дикка тамхуьлу, моьтту, ша и пIелгаш ийзош, амма и там цуьнан детIана а, я цунах Iеминчунна а пайдехьам ца хуьлу. Наха хIинца долийнера: «Наха шайна динарг, АхьъядагIар нах а хилла, декха-м дийкхи. Бакъду, Илеса куьйгаш а диттина, жеро хиллачу Алыбикех юха йоIстаг а хилла иза тохара хьалха маре юьгучуша хIинца юьгур-м яц».

Нахана тоьа, йоIстагах цхьамма дайн куьг тоьхча, цунна «жеро» аьлла цIе тилла. Нохчашна юккъехь, цхьаьна стеган багах и дош даьлча, Нохчийчохь иза, юха хьала ца айъалург, деза а, шуьйра а даьржа. И доладо хIуьттаре ян декхарийла воьжначу стагий, гамо йолчу стагий, шега йоI ца йогIучу стагий. ХIуьттаренна и дош долийначунна тамхуьлу, цу йоьIан мехкаршна юкъахь сий а дов, гамонна аьллачуьнан дог паргIат а долу, и йоI «жеро» боху дош доладале хьалха тIехьийзинчу наха маре а ца юьгу. И йоI ца йогIуш верг а паргIатволу, шен нахана юккъехь сий дайна, моьттуш, дог а Iаьвжий, и йоI шега еача.

VI

Лурвоьлла Ахьъяд, генна цхьана юьртарчу шен гергарчу нахана тIе а вахана, цаьрца Iаш вара. Ахьъяда ша лурволарна башха чIогIа са а ца гатдора. Ма-дарра аьлча, цунна ша бехкен а ца хетара. «ХIумма а дац-кх со лурволарх, нохчийн Iадаташца суна а, сан цIенна а тIе пIелгаш хьежош ца хилчхьана... вийча вуьйр ву-кх цара со цхьаъ, кхин хIума-м дийр дац цара. Далла бу хастам, Iумар-х вай цIахь йиша а, нана а кхаба», — бохуш, лурвоьлла лелаш вара Ахьъяд.

Когах хIума а яьлла, Iуьллуш, Ахьъяда кхо бутт а баькхира, иза гуттар вакъавелла дIаваьллера. Цуьнан дегIехь кIезиг ницкъ бисинера. Цу цамгарх Ахьъяд хьалаайавелла

дукха хан ялале, шена хIун ю а ца хууш, цхьа дегехь лазар а латтош цамгар а ккетта, хIара вуьйжира. Воьжна цхьа бутт кхочуш вала а велира.

VII

Ахьъяд велла дукха хан ялале ВахIабгIара Iумаре луралла хьедира. Iумар, дийнахь юьртах вала теша а ца тешна, буьйсанна шен ненаций, йишиций велха а вилхина, ша вилхина ваьлча, цхьацца дийцина, тIаьхье дика хир ю, бохуш, чIагIдина, шен йишин, ненан жимма сапаргIат а даькхина, церан Iодика а еш, аравелира. Иза хIинца ша волчу кIотара шен доттагI волчу веара цу буссехь.

Иштта веана вара-кх Iумар кху жимачу кIотара шен доттагI Хьасан волчу.

Кху жимачу, Iаьржачу цIа чохь бертал нара тIе а воьжна, цкъа воьлхуш, тIаккха ойланаш еш, Iумар Iаш, де садовнгахьа лестира, уьйтIарчу ловзаргахь лоькху пондар цIехьана сецира: «ГIайракх!.. гIайракх!» — аьлла цу юккъехь мохь а белира. И мохь тоьхча, уьйтIара нах а дIасабекъабелира. Цул тIаьхьа дикка садайра, шина тхевнна юккъехь лаьтта Хьасан, охьа а воьссина, Iумаре неIаран зайл а баккхийтина, цу чу веара.

ХIара шиъ вехха Iийра вовшашна, цхьацца къамелаш деш, там бан гIерташ. ТIаккха, цхьа хан яьлча, Iумара, хьала а гIоттуш, элира:

— Хьасан, ахь сан говрана нуьйр тиллийтахьара, со лакхахьа кIотара гIур вара-кх.

Хьасан, цкъа вела а велла, тIаккха вистхилира:

— Iумар, хIинца айхьа лелориг хьаштдоцург дуйла хаьий хьуна? Хьо кху ото чохь шо доккхуш Iарх, хьо новкъа хир велахь а, вацахь а, хаьа-кх хьуна. ГIуллакх доцург а ца дуьйцуш, охьахаахьа, — аьлла.

— Уьш вайшинна юккъехь хир доцийла ца хаъал со Iовдал а вац. Уьш-м дийца а ца оьший... Ас бохург-м цигахь сайн кIезиг гIуллакх долу дела дай, — аьлла Iумар юха а вистхилча, Хьасана, шайн кертахула хьийзаш болчу шен гергарчу кегийчу нахе вист а хилла, Iумаран а, шен а говрашна нуьйраш тахкийтира. Цул тIаьхьа дукха хан ялале хIара шиъ кIотарара ара а иккхира. Хьасан Iумарца воьдура иза кIотара дIакхето.

VIII

Юьртарчу боккхачу урамехула, бІегІаган куйнаш а, лекха холхазан куйнаш а техкина, баккхий, кегий нах чехка а, мелла а дІа-схьа лелаш бара. Альбика хийшина кор чІаьгІна дара, цкъа а схьа а ца диллича санна. АлыбикагІеран доккхачу цІа чохь нар тІехь цомгуш Іуьллуш Альбикин нана яра. Альбика, цунна уллора дІа ца йолуш, гуттар а йоьлхуш Іеш яра, бІаьргаш а цІийдина, дукха елхарна юьхь а йистина. Шайна йолу гІайгІа Іаткъа а Іаьткъина, цуьнан ненах чІогІа цамгар кхеттера, иза ша, толур яц ша, аьлла шек а йолуш. Цуьнан гІора дІадаьллера, иза меллаша бен йист а ца хилалуш йисинера.

— Альбика! Ма елхахьа. Хьо мел йилхи-м, сан дог оьший! Суна-м хІумма а хир даций, Алыбика, — олий, иза Альбикин дог теда юлура. Бакъду, Альбикина хаа-м хаьара, шен нанна кхетта цамгар чІогІа юйла, иза кхетаран бахьана шайн гІайгІанах дуйла а.

Цхьана дийнахь Алыбикин нана гуттар чІогІа гІелъеллера, иза йистхуьлуш а, бІаьрг боьллуш а яцара. Цунах хьаьрчина цхьаннах а, шен хир ца дайича, озабезам ца бен цамгар, хІорш гІийла бисиний, хІорш лурбоьлла буй аьлла кхарах къинхетам ца беш, цуьнан дегІах тІаьхь-тІаьхьа чІагІлуш, чІагІъелира, тІаккха Алыбикин ненан са а делира.

— Тхан цІа дуьйхи! Тхан цІа хІаллакьхили! — бохуш, Альбика, цкъа уча а хьаьдда, юха чу а еана, шийлачу маьхьарца шен нанна тІеетталуш, елха елира. Буьйса йоьлча, кІотарара Іумар кхайкхина охьа а валийна, цунна шен елла нана а гайтина, иза шозлагІчу дийнахь дІайоьллира, кхозлагІчу дийнахь Алыбика шен ненахоша шаьш долчу дІайгира.

IX

Альбикий, Іумаррий цІа доьхна хьийзаш шо кхечира. ТІаккха, Іумаран бу бохучу наха, шайн юьртара а, кхечу ярташкара а тхьамданашший, молланашший, хьажой, дика наххий вовшах а тоьхна, иза кхайкхина кІотарара охьа валийна, хІорш ВахІабгІаьрга дехаре бахара.

ВахІабан йоккха уьйтІе а, боккха урамнекъ а дІалаьцна бертал доьжна Іуьллуш и силá долу халкъ дара. ВахІаб а,

шен бу бохучу нахана хьалха а хIоьттина, ойланаш а еш, лаьтташ вара. Марчо а хьарчийна, бармахь валийна Iумар ВахIабгIеран чохь Iуьллуш вара, цунна уллохь и барам лаьцна веана ялх стаг а вара. Церан кийра цIе лéтара, шаьш арадаькхинчу гIуллакхан тIаьхье ца хууш.

Деле кхойкхуш, шайхашка кхойкхуш, и бертал эгна нах бехха билхира. Цара массара а шайн куйнаш дехарина дIадаьхнера. Церан массеран а аьлла дIадаьшна долу кортош маьлхо кхехкадора, царех дукхахберш, кадамехь боьлху зударш санна, боьлхура, цхьаберш, шовкъаш а оьхуш, охьабетталора. Iуьйранна баьхкина уьш догучу дийнахь делкъалц билхира. Царна жоп ца делира. Царех хьагвеллачо молуш хи дацара, царех мацвеллачо дууш а хIума дацара. Царна малар-даар дага данне а ца догIуру, уьш, шайн синош шаьш доьхуш санна, холчахIиттина бохкура.

Малхбузу хан а хилира. ВахIаба жоп ца делира. Оццул долу и халкъ, тIаьхь-тIаьхьа карладуьйлуш, юха а делха доладелира.

МаыркIажан хан а хилира. ВахIаба Iумар вуьтуш жоп а делира, нах, цкъа а сингаттам хIун бу ца хиича санна, сингаттам цкъа а шайна хир боцуш санна, хазахеташ, хьалагIевттира.

X

ВахIаба ша витича а, юьрта схьаван бехк хеташ, кIотарахь Iумара ши кIира даькхира. ТIаккха, цIа а веана, шен йиша Альбика цIа а ялийна, шен цIентIе охьахиира. ТIаккха дуьйна, чуьра уьйтIа волуш, уьйтIара кетIа волуш, кетIара ураман маьIIе волуш, цигара пхоьхана волуш, эвхьаза а ваьлла, Iумар, шен цIентIехь болх а беш, ваха волавелира, невцо шен стунденачул шиъ сов ВахIабна невцалла а лелош.

Цу тайпана шайн цIентIехь баха пергIатбевлла АльбикагIара, шайна хилла бохамаш, хилла цатамаш кест-кеста дага багIахь а, и шайн гIайгIа къайлах латтайора, ВахIабгIарна гергахь шаьш боккъалла а пергIатдевлла а моьттуьйтуш.

Цу тайппана хIорш бехаш шо кхечира. Цхьана заманчохь са а къералуш ша хийшинчу коре Альбика кхин ца хиира. И кор, арахьара хьаьжча, цунна тIехьа цхьа цомгуш стаг волчух тера дара. Iумарачул а тIех тоамбеш яра Альбика

шайх бинчу къинхетамах. Цунна хаьара, шайна хилла лаьттачу бохамашна ша мел сагатдича а, кхиа хIума доцийла.

Iумар а вара тоьуш, шега шен цIентIехь болх а бабелчахьана, ВахIабгIарна невцалла а шега леладелчахьана. Бакъду, Алыбикий, Iумаррий нахана пергахь дуккхаий, шайна гергахь гIеххьий паргIатдаьллехь а, и шиъ шайн вешиний, наннний са ца гатдеш а, кест-кеста уьш а хьахабой, ца доьлхуш а дацара.

Цу шимма наггахь, хIораммо а ша-шега, олура: «Ма доккха хIума ду-кх хьо нохчийн Iадат а, цу Iадатца куьг куьйгах тохар мага а ца мегна, хIара хIаллакыхилла тхан цIа а», — олий.

XI

Iуьйранна дукха хан ялале Iумар шен меттахь, бIаьргаш а бетташ, ойланаш еш, Iуьллуш, кхунна шайн кертахь жIаьлеш лета хезира. ТIаккха, чехкка тIе гIовтал а озийна, араваьлча, кхунна гира шайн уьйтIа веана ВахIабгIеран бархI шо кхаьчна кIант Мухьид.

— Ой, хьо ву и, Мухьид? Ахь хIун леладо? Схьачувала, — аьлла, Iумар, хьасталуш вист а хилла, цунна тIеволавелира.

— Со-м вайн тахана асаран белхий буйла хаийта ваийтинера, — аьлла, Мухьид, туш-туьппалгех ловзо ша кечйина шен карара гIаж шена хьалха лаьтта а Iуьттуш, дIахIоьттира. Цо и шега аьлча, Iумар, чIогIа хазахетта:

— ХIокху сохьта со дIавогIу хьуна, — аьлла, хьаьдда чу а вахана, Алыбике и белхий буйла а хоуьйтуш, шена тIе хIума а юьйхина, араиккхина, Мухьиде: — Хьо Алыбикица дIавогIур, — аьлла, ВахIабгIаьрга дIавахара.

Алыбика а, гIеххьа са а къералуш, чехкка кеч а елла, шайн гаьмнаш а эшна, Мухьидаца дIаяхара.

XII

Цу тайпана паргIат а ваьлла, Iумар лелаш шо тIехдаьлча, цхьана дийнахь Iумар хьера ваха шайн варданна хьакхар хьокхуш воллура, Алыбика а, чу а, ара а юьйлуш, цхьацца дезарш деш йоллура.

Оцу заманчохь, вехьа а вехьаш, хьаьдда Iумарна тIевеара цуьнан ненан вешин кIант Султан, иза хаьхкина валийча санна вара, юкъ-юкъа толкха а лелхаш, вистхилира:

— Iумар!.. Iумар!.. — аьлла.

УьйтIахь лаьтташ волчу Iумаран бос докъан баса бирзира. Цо воьхна хаьттира:

— Султан! Ахь хIун до? ХIун хилла вайна? — аьлла.

— ВахIабгIеран шичан бугIанаш тхан хьаьжкIаш тIе а евлла, цу тIехула цуьнан, дадин дов а даьлла, вовшашна шаьлтанаш йиттина... дадина-м чов башха йоккха а ца хилла, важа валарна кхерам болуш ву, боху.

И дешнаш шена хезча, Iумар чIогIа вуьйхира, цуьнан кийра цIе елира. Иза, вехна стаг санна, леста а лесташ, шен ненан ваша волчу хьаьдира, цуьнан дага тIе цхьа кхерам туьйсура. И кхерам бу IумаргIеран а, кхин масийтта эзар а цIа хIаллакдина.

XIII

И дов ВахIабна ца тайра. ВахIабан бу боху нах и волчу а гулбелла, цу гIуллакхан кхиэл йира. Цара сацийра: «Iумаран ненан вешина вай шайна делла дехар дицделла хилла, цо вай ца лерина; цунна вайх эхьхеташ хиллехьара, цо вайн стагца довдоккхур дацара. ХIара гIуллакх ишта дита йиш яц. И гIуллакх ишта дитича, нехан вайна тIехтохам хир бу. Вай цкъа вешан стагана йина чевнаш юха а йоьккхур ю, вешан вийначу стагана дуьхьал Iумар а вуьйр ву», — аьлла.

И кхиэл йиначул тIаьхьа дукха хан ялале цара Iумаре шозлагIа а луралла хьедира. Iумар и шега схьахьединчу буссехь кIотара вахара. Iумара хIинца кхоччуш шен дегIах догдиллинера. Цунна хаьара, ша ВахIабгIара шозлагIа вуьтур воцийла.

Iумар, дуьненах дог а диллина, хIинца, хьалха санна, башха ийза а ца луш, лелаш вара.

XIV

Iумаре луралла хьединачул тIаьхьа ялх бутт баьлча, ворхIалгIачу, мархин баттахь, нах Iуьйкъанна гIовттучу хенахь кIотарара шен дуй биъна доттагI Хьасан волчуьра Iумар, ша а хIоьттина, кхечу кIотара воьдуш, кхунна татанаш хезира ша воьдучу некъана гонахарчу коьллаш юккъехь. ХIара, хаъал кхера а велла, и тата даьллачу агIор хьаьжира, кхунна хIумма а ца гира. Кхунна шозлагIа тата алсам хезира. Цигахьа шен карара топ а ерзош, тховсалерачу кху буса сирла

беттаса делахь а, кхеравелла, хIара, макхвелла, дIахIоьттира. Оцу заманчохь коьллаш юккъехь топ елира — Iумар ведда воьддучохь бертал охьавуьйжира. И яьлла топ Iумарна букъа юккъе кхеттера. Баьццарчу дари тIехь цIен тIамарш яржош, керчаш Iуьллуш Iумар вара. Кхунна гонахарчу куллах напгахь, цаьпцалган делахь а, кхечу хIуманийн делахь а, хезаш декар дара. Кхуьнга хьоьжуш санна, боьлуш, кхозуш бутт а бара. Кхунна гена йоцчу кIотарахь кханалерчу мархина салт дилла долийра:

— Ассала... ту... вассала... му Iалайка я... расулаллахI!

— Хи... хи да!.. хи дайша! Хи дайша... — аьлла, Iумар, кIегархаа а воьлла, юха а охьавуьйжира.

КIотарахь салт дуьллуш дара:

— Ассала... а... а... а... ту... вассала... а... а... му! Iалайка... я... расулалла... хIа!

— АллахI! Ваш-теша суна хи дала стаг? АллахI!.. АллахI! — аьлла, текхна жимма дIавахара и. ТIаккха: — Хи! — олуш, аркъал а керчина висира.

Дуьллуш долу салт саццаза дуьллуш дара:

— Ассала... а... а... ту!.. вассалла... а... а... му! Iалайка... я... небийюллахI!..

Iумарна хи дала стаг ца хилира. Цуьнан са дéлира. Цунна хи дала стаг хиллехь а, цуьнан и са дер долуш дара.

XV

Шен ваша Iумар вийча, Алыбикас, Iаьржа духар а дуьйхина, ца яьллий бен кех а ца йолуш, шо даьккхира.

Алыбика хIинца азъелла, якъаелла дIаяьллера. Цо кесткеста ша-шега олура: «Iумар а вийна белхарехь-м Iийра со, хIинца лурвоьлла лелачу ненан вешин вон ца гуш со лолда», — олий.

Цул тIаьхьа дукха хан ялале кху юьртахь хабар делира: «Альбика, шена хьалха тIехьийзина кIентий тIецахьийзарний, ша жеро йолу дела ца йигарний, дог а иккхина, елла», — бохуш. Амма, Алыбика билггал цунна елла, ца елла, хууш стаг-м вацара.

* * *

Дешархо! Хьуна го-кх Iумаргlеран доьхна цIа. Айхьа ойлаехьа кху гIуллакхан. Лаьцча хIун дара Илеса Алыбикин куьг? Цо и ца езаш, я цуьнан нахаца хьагI йолуш, я гамо

йолуш-х ца лаьцнерий и. Альбикас Илесе куьг шен вежарий юьхьІаьржа хІитто-х ца деллерий! Вайна-х хаьий, дешархо, цу шинна вовшийн дезаш дарий а, и шиъ вовшийн хьаштдолуш дарий а. Цу шиннан вовшийн куьг-куьйгах кхетта бохуш, нохчийн бодане Іадат чулаьцна, Илес а вийн... Шаьш лурдолар ца ладелла, цамгар а кхетта, Альбикин нана а ели. Цкъа витина волу Іумар а, цуьнан ненан вешин шайн шичица дов даьлла аьлла, Іумаре юха а луралла а хьедина, и а вийн. И ца ладелла ца еллехь, кхин яла бахьана доцуш, Альбика а ели. Ца хаьа суна-м, дешархо, хьо хьуо гуш ву-кх: нохчийн Іадат шех зулам далазий, бохам ца болушший дац-кх.

ХІинца ладогІа сан тІедогІучу хабаре.

МАРХА

Шера аре кIайчу куза кIелахь йоллура, цу куза тIехь, кIайчу киси тIехь Iаьржа тоьгуна санна, къаьсташ гуш некъан лар яра. Цу новкъахула, тIехь кхо стаг а волуш, тачанка йогIура.

— НогIамирза, кхузахь некъ жимма очакхаш долуш а бу, жимма юха озе яхийтахьа вайн говраш, — элира тачанки тIехьа хиина Iаш волчу шиннех цхьаммо хьалха хиъна вогIучуьнга. НогIамирзас, шен стаммий балдаш эга а деш, шен сира ши говр юхауьйзира. И ши говр, боьлуш лаьттачу малхо шаьш йогIу гIорийна некъ башабарна, напгахь ког а шершаш, йогIура.

— ХIун ю бахара ахьа хьайн цIе? — аьлла тохаралерраниг, шен Iаьржачу холхазан кетарх а хьаьрчаш, вистхилча, цунна улло хиъна кхекхийн кетарх хьаьрчина вогIучу 30—40 шеран стага «сан цIе ЮшаI ю» элира.

— ЮшаI, со-м хьуна цу мархех лаьцна дийца воллуре, — аьлла, шен карара портфель шаьшшинна юккъе а йиллина, цо шен къамел дIадолийра:

— Хьажал хьо, ЮшаI, и марха цхьанне а заманчохь а, цкъеллиг-цкъа а мискачу нахана а, къахьоьгуш бохкучу ахархошна а, я церан доьзалшна шех, зен бен, пайда баьллий, хIинца а болушший хIума яц. Бакъ ду, хьо оьгIазводахь а, ца водахь а, цу мархех, молланашний, пал туьйсучу наханий-м болу пайда, цу наха шайна пайденна иза даздина, чIагIдина, ца лелийча ца долу Iадат деш, нахана юккъехь

латтадаре терра. ЛадогIал айхьа, упгар мискачу стага а, вайн къечу наха а, ахархоша а марханаш кхобу, цара сарахь дуьххьал дIа цкъа йиъначу сискалций, берамций кхана сарралц марха кхобу, цу дийнахь шайн бан болу болх а беш. И шайн болх юкъахбитина а, вайн къехой, ахархой марханаш кхаба тIера хуьлу. Уьш, шаьш хьагаллий, мацаллий, бала бахкарх, марханаш ца дохош, шайн бахамна тIера гIуллакхаш, белхаш юкъах а буьтуш, суьйренга боьлху. И марханаш кхабарна а, цуьнга терра шех зен бен пайда ца баьлла а, ца баьн болуш долу а ламазаш дарна а, иштта кхин а нохчийн бахамаш тишин, къен, ледараннний, цхьаьнний а лар тIехь доцушший бу.

Марханаш кхобу, бохуш, сарралц меци а лелий, къехошний, ахархошний сарахь марха достучу хенахь цкъа охьа ховший кхаамма, веамма юучулла сискал юий, тIаккха чохь лозу бохуш лиэла. Стагана шена хаа а ца хууш, цу гIуллакхах стеган дегIахь жимма цамгийла хьакхало, иза тIаьхь-тIаьхьа дегIе яьржа. Ткъа, вайнах, гуш ду, Нохчийчохь нохчашна кхечу къаьмнашна юккъехьчулла а дуккха цамгарш хилар. Нохчашна йолу цамгарш нохчаша догIмаш, чохь Iаьн меттигаш, кIел юьллу сал-пал боьха лелаярна йийлахь а, ма-кхийтти цамгарх лоьрана тIе ца ядаяр делахь а, билггал бакъ ду хьуна, цаьрга нийсса цхьа дIовш мархо а нохчийн догIмашна тухуш хилар.

ЮшаI, цамгарш къечу нахана дукха, ю, хьалдолчу нахана дукха ю?

— Вайн цуьна-м еха ойла ян ца еза, къечу нахана дукху ю-кха, — олуш, ЮшаI, тачанки тIера чукхевдаш, шен цIен мара а цIанбина, юха а, хьалха санна, лерина ладогIа велира:

— Билггал бакъ ду иза, хьалдолчу нахана цамгарш кIезиг ян а ю, хIунда, цара шайн гIуллакхаш юкъах а дуьтуш, марханаш кхобу бохуш, шайн догIмашна хало цаярна а, догIмаш а, бахамаш а цIений, дикий леладарна, къен нах цIуббарца гулйина шайн таронаш хиларе терра. Масала, хьалдолчу стага марха кхабахь а, цуьнан сарахь яа шортта шена ез-езза тайпа яа хIуманаш хуьлу: хьенин а, тIедин а. Цул совнаха, уьш, таронаш хиларе терра, сарралц бийшина Iохку, сарахь, хьала а гIовттий, шайн хьонуллиций, жижигций марханаш даста ховшу. Ткъа иштта лелачу царна цамгарш муха хир ю, я царна марханаш кхабар хIун болх бу?

Цул совнаха, беттан коьртехь марха достуш хIора стаг

сахь даккха декхарийлахь ву. Таро йолчу стагана-м и сахь даккха хIумма а хала дац.

Ткъа къечу нахана и сахь даккха мел хала ду, вайна хууш ду. Дохуш долчу саьхьех уг-уггар дезан, доккха дакъа молланийн ков-керта доьрзу. Марха молланийн а, юьртан къедийн а шеран коьртехь узуш кхидолчу хьелел а цхьа ша тайпа етт бу... Тергалдиний ахьа марха достучу дийнахь юьртан къедина маьждиге кхоьхьу саьхьаш? Тергалделлий хьуна хIоьан буьйра санна, можа, тIо санна, дукхачу хьаьжкIех сийсаш лаьтташ...

— Иза-м бакъ ду, — аьлла, ЮшаIа шен лергинчу хьаьрсачу мекхах куьг хьаькхира, иза жимма шелонна дешча санна хетаделла. Вукхо шен къамел духа а дIадолийра:

— Иштта ду хьуна иза, сан ваша. Марха-м молланашний, совдегаршний, мехкадайшний, пал туьйсучашний пайденна дай. Иза-м цара латтош дай халкъа юккъехь, сов даздеш айина... Мархийн хьокъехь хьо къорIанна тIехьаьжча, цу тIехь хьуна карор дац къечу наханий, ахархошний марха дохо мегаш а, ша дикка цомгушхиллачул тIаьхьий бен. Цу тIехь хьуна карор яц, дийнахь а, буса а, майрачунах тешна доцуш, арара болх а, чуьра гIуллакх а, бахам тIера болх а шен ги а боьллина, цул совнаха, шен масса а велахь а, кегийра доьзалхо а шен ги а воьллина лелачу зудчунна марха лацар тIехь еш гIоле. ЮшаI, къурIан тIехь, декхаш долу бер карахь долушший, яхка зама тIехьоьттичий бен, зудчунна марха дохо бакъо луш карор дац. Кхин цхьаъа-м карор ду хьуна къурIан тIехь, и ду «новкъа волучу стагана марха тIехь дац» бохург.

Ткъа и гIоле хьанна хуьлу? Иза совдегаршна хуьлу. Уьш шайн совдегарулла ядийна мичхьа а боьлху дела, церан марха дохо бакъо ю. Ткъа и гIоле мискачу нахана хилла а яц, хира а яц, хIунда, уьш совдегарулла лело йиш йолуш боцу дела. Цу гIуллакхо хIун гучудоккху? Цо гучудоккху новкъа ваьллачу стагана марха дохо бакъо елларг совдегар хилар. Иза бакъонца гуш ду. И совдегар Мохьмад-пайхамар хилла, шен совдегарулла лело шена аьттонна а, ша санна болчу совдегарийн аьттонна а цо новкъа волучу стагана марха дохо бакъо йитина кIурIан тIехь.

— «СоллоллохIу IалайхIа вассалам» алахьа, — аьлла ЮшаI вистхилча:

— Иза-м ахьа, ала а аьлла, дIадерзийра, — элира вукхо, вела а къежаш.

ЮшаI шен накъосто дечу къамелах цецвуьйлура, иза цкъа ша-шега «дер лоь хIара бакъ» олуш, тIаккха а ворхIа а дехь дуьйна схьа а халкъ боданехь латто молланаший, пал туьйсучаший тесна кхерам даг тIе а тосий, ЮшаI — остахIфируллахI! —олий, цо шега деш долу къамел ца дезалой, охьахьожура. ЮшаIан дог-ойла хиинчу вукхо элира:

— ЮшаI, хьо инзар а ма вала, цец а ма вийла, нагахь аса дуьйцург хьуна харц хетахь, хьо хьажа аса къураIантIехь ду бохуш дийцинарг цу тIехь дуйла, а, молланашций, пал туьйсучашций аса ду бохург дуйла а, совдегашца аса ду бохург цаьрца дуйла а.

Хьуна аса ма-дийццара карор дац аьлла со хIумма а шек вац хьуна... ТIаккха а, кхин цхьаъ ду — аса хьоыга мел дийцинарг ма-дарра дуьйцуш, аьлча а марха дина юккъе муха даьлла дуьйцуш, цунах долу зулам дуьйцуш, цунах цхьаболчу наха пайдаэцар дуьйцуш, Мохьмада-пайхамара марха динчу а, къурIан чу а мичар, муха даькхина, дуьйцуш, Мохьмад-пайхамара бусалбан дин мичара, муха иэцца, дуьйцуш а хIинцца хIокху деношкахь «Серло» издательствос арахоьцуш вайн ненан маттахь цхьа жайна ду хьуна.

И дешча хуур ду хьуна аса мел дийцинарг бакъдуйла а, марха адамашна зуламе дуйла а. Латинан йоза-м хаьа хир ду хьуна, ЮшаI?

— Дера эцца цхьа ликпункт ю тхан эвлахь, наггахь со мукъаваьлчахула цига воьдий а, цIа веъча тхешан кIанте хьоьхийтий а, Iамийна, газет дешшал хIума-м ма хаьа суна.

— Газет деша хаахь, и жайна-м вуно атта доьшур ду ахь хIета... Цкъа кIур бе вай? — олуш, цо, цигаьрканан тIутакх схьадаькхина, хьалха а хиина наггахь шега юха а хьожуш лерина ладоьгIуш вогIучу НогIамирзе а, шена уллохь Iачу ЮшаIе а цигаьркаш а кховдийна, ша а цигаьрка латийра. Оцу заманчохь цхьана юьртан йисте кхечира.

— Хьо хIинца цу гIуллакхана доклад ян воьдуш ву? — аьлла, ЮшаIа шен накъосте хаттар дира.

— Ца воьду со-м цу гIуллакхан доклад ян. Аса ара даькхинарг-м ялтийн хьокъехь гIуллакх ду. Делахь а вайн чкъурах волу хIор стаг къечу наханий, ахархошний, белхалошний зенехь дуйла шена хууш долу хIума ша кхаьчначу меттехь цу нахана и дIа хаийта а, цунах уьш кхетон а декхарийлахь хиларна, со кхаьчначу меттехь вайшимма дийцинчух лаьцна къамел-м дийр ду ас.

Шаьш юьртана дикка улло кхаьчча, НогIамирзас тачанка сацийра.

— Со хIинца дIакхечи, — олуш, охьа а воьссина, хьешашка чудуьйла а баьхна, тIаккха рогIана НогIамирзин а, шеца къамел динчуьнан а куьйгаш а лецца, — аша тIе ца хаийнехь, генна ван а дезара сан, дика гIуллакх дин аша суна, баркалла шуна, — аьлла, шен юьрта чу волавелира и.

Уккал а таIийна воьдучу ЮшаIа шена хезначу къамелан ойлайора. Иза цкъа тохалора, и ойла шен дагара дIаяккха, тIаккха а, «цхьаъ доцуш ма дац хьо» олий, иза юха ойлаян волалора. ТIаьххьара а ЮшаI, «боккъулла а ойлайича, хIара динца долу гIуллакхаш-м цхьа тамашийна дан а ду, хIинца цо сайга баьхна «Сирло» издательствос арахоьцу жайна а доьшуш, дикка ойлаер ас кху гIуллакхан» аьлла, и сацам а бина, чехкачу боларехь шен цIа вахара.

МИЛА ВУ БЕХКЕ?

Дешархо, хIинца со хьуна дийца воллург со Шуьйта воьдуш буьйса яккха новкъахь сецначу хIусаман дас сайна дешначу жайнех ду. Со чIогIа цешвелира цо сайна дешначу цу жайнех, и хаздаларал совнаха, хIусаман дас ша суна доьшучуьнан сов чIогIа бала кхаьчна дешарний, цу жайно шен дагна дикка хало йина хилар гучудоккхуш цо и дешарний, цу жайни тIера дийцар, схьахетарехь, дилла дез-дезачу дуьллуш яздарний. Бакъду, цо аларехь, иза ша дукха дешний, башха жайнаш яздешший-м ваца ра.

Иштта долийра-кх цо деша шен жайна:

«Билггал бакъду хьуна, дешархо, хьайна, Зулпат хIунда йоьлху, хаахьара, ахьа цуьнга эриг хилар: «Мила ву бехке?.. хьо? — марха? — я дела?»

Сацам боллуш ду хьуна, дешархо, хIинцца, товхана хьалха а хиъна, шен гоьлийн мара а оьхуш, тийжаш, йоьлхуш Iечу Зулпатана хилларг хаахьара, ахьа цуьнга эриг хилар: «Ма елха! Ма елха! Хилларг хилла даьлла. Хьуна хаа деза хиллачунна бехке хьайх, марханах, делах цхьаъ бен воцийла!»

Бакъонца бакъду хьуна, дешархо, берахь дуьйна шен деIах хьирчинчу бодано, чIогIачу ницкъо, хIинца вайшиъ санна, ша парпIат йитина хиллехьара, цо ша-шега эриг хилар: «Мила ву-теша бехке?.. Со? Марха? Я дела?» — аьлла.

Хьеннан а ду хьуна, дешархо, Зулпате ала: мила ву бехке?.. Хьо? Марха? Я дела?

Зулпат ша шех лета. Иза, шен даьIахкен беснеш дар а йина, Iаш ю, шен кегийрачу бIаьргех Iуьйранна дуьйна оьхучу гIехьчу хин тIадамаша яшош. КIел миндар а тесна, хIара хьалха хиъна Iаш йолчу пешара цIе, «аса хIокху сохьтта синтем бийр бу хьуна-м» аьлча санна, кхоссалой, юсалора. Юха а, «ахьа хьалххе ойлаян езаш хиллера, хьуна хаа дезаш хиллера, хьайн дегIах хьаьрчиний, хьерчаш лаьттий Iаьржа ницкъ цхьана дас шена аьттонна ара баькхина буйла, хIинца тIаьхьа ду, сан хьуна дан накъосталла дац» аьлча санна, хьалаяьлла цIе алух дIахудалора, цкъа а лата а ца летча санна, хьалалата хаа а ца хууш санна. Бакъду, цу цIаро Зулпате эр-м дара, шена адаман мотт хиъча: «Со яц бехке, ма хьежа соьга, сан серлонах хьуна хила там бац, сох ахьа Iалашо лацарх, хьан кхиа хIума дац. Мила ву цунна бехке?.. Со-х яций, ша хьо, марха, я дела вацахь».

Зулпат, цIе моссаза лагIъели бохург санна, юх-юха йоьлхура, цо тIаьххьара а шен дуткъа, лекха дегI ирахIоттийра, иза, шен коьртара цIенкъа доьжна Iаьржа кортали доьжнийла а ца хууш, йоьлхуш, шайн лохачу нара тIе бертал юьйжира.

Кху шен жимачу цIа чохь, Iаьржа хилар Зулпатана ца го. Кхуьнан лампа-м ю кора тIехь лаьтташ, повхано нагпахь, серло тухий, сийначу басахь гучу а йоккхуш, делахь а кхунна тховса шена иза оьшуш ца го. Цунна хIинца неIар тIехь, арахь догIучу догIанна хебаш, чудан гIерташ, цIийзачу цициган аз а ца хеза. Арахь стигал къекъа а ца хеза, чехка тIедогIучу догIанан гIовгIа а ца хеза, иза нара тIехь керчаш Iуьллу: «Сан каIнт! Сан кIант! Сан кIант!» — бохуш.

Хала ду, дешархо, Зулпата «сан кIант» бахарх, цунна хилларг цIехьана даржо. Зулпата «Сан каIнт!» бохуш мохь хьоькхур бацара, шен кIанта стаг вийна я наха шен кIант вийна ца хилча, ткъа и ишшта хилча, хIара жайна кхидIа дешна гIуллакх а дац-кх, аьлла, хьайна хIара жайна чекхдаллалц ца деша дагадагIахь, «хьалха хьажаза ког а ма бакхка, тIехьа хьажаза вист а ма хила» боху кица дагадар хьуна тIехь ду, дешархо.

Ткъа хIунда йоьлху-теша Зулпат? ХIун хила гIерта-теша цунна? Я хIун хилла-теша цунна?

Кху бахьанина йоьлхура-кх иза... Иза бIаьста дара. ХIун хьаштду бIаьстенан сурт язда? БIаьсте кху тайпана хуьлу баха? Хьанна ца гина, Iа, тишделла, чекхдолуш, кхехкачу гIабакхан ех гIотту Iаь санна, шерачу, Iаьржачу аренаш-

кахь юькъа Iаь гIоттуш, цул тIаьхьа дукха хан ялале цу аренаш тIе бIаьстено тесна баьццара чилланан куз, луьста хьийза бес-бесара дарин полларчий; тайп-тайпанчу эшаршца маьI-маьIехь, керлачу хIаваьца шайн аьзнаш тодеш, дека олхазарш; ламанаша, кIайн обанаш охьатийсина, шайна тIеюьйхина баьццара бархатан обанаш, Iаьно хуьйдина лаьттина хьаннаш Iаьржа гучуюьйлуш, бIаьстено дуьйладалийтинчу хиша хиш чохь довдеш, вовшех лиэта шан гIорзанаш; Iаьно Iийдина бердаш, паргIатдовлий, текхаш а?

Иштта йолчу бIаьстено шерачу арара жима юрт, дикка самаякккхарал совнаха, дехачу Iаьнан халонах паргIатъяькккхинера. Iа хьан-хьанна а хало ялалуш дац. Таронаш йолчу нахана-м мухкале а. Цо шен шелонна юкъа атта миска стаг вуллу. Иштачу мискачу нахах ву а олуш, кху жимачу юьртара Мохьмад а варна хIинцца тIееанчу бIаьстено Iаьнан халонах жимма паргIатваькккхина.

Зулпат ша а, къечу нахах хиларал совнаха, цу къечу Мохьмадан зуда яра, Iусама бохуш 14 шо кхаьчна кIант а волуш.

Мохьмад ялх бутт хьалха, Iай, стерчий а делла, хьуьнах ваха йиш а йоцуш виснера. Цу тайппана ша даго дечиг а доцуш висча, Мохьмада, буса ваха а вахна, эвлайистера бокхка кхор хадийнера, тIера генаш цIа кхехьа дагахь. Амма хIара кхор хадийна воллуш, шена гуттар а ма-дарра, деге лазар а деана, цIа-м веанера, кхор а, га а доцуш.

КхозлагIчу дийнахь юьрто, тоьпаш а кхуьссуш, наьIалт кхайкхийра и кхор хадийначунна. Нахана и кхор Мохьмада хадийнийла-м ца хаьара. Бакъду, Мохьмада шен зудчунна-м дийцинера ша динарг. Юьрто наьIалт шена кхайкхийчхьана Мохьмад а, цуьнца цхьаьна цуьнан зуда Зулпат а кхераделла дара, деш долу ламазаш тIех деш, хIинццалца, шайн таро цахиларе терра, нагахь бен ца доккхуш долу сагIа алсам доккхуш, цу сагIанах дукхахдолу дакъа молланашна кхачош. Шайн догIмех хьаьрчинчу Iаьржачу боданах ца кхуьуш.

Иштта хIорш бехаш ши бутт баьлча, Зулпатан майра Мохьмад шена дуккха а хенахь дуьйна йолчу йовхарийн цамгарх велира. Зулпат шен жимачу Iусамица йисира, наха наьIалт кхайкхадаре, наха хIаллакволла бахаре ца хьоьжуш; ша хаьржинчу стагах цкъа а бан къинхетам болчу йовхарийн цамгаро шен са оьцу моьттуш Мохьмад а вацара, я Зулпат а яцара, царна, шайх дахнарг юьртан наьIалт ду, моьттура.

Цундела Зулпата, хIора денна бохург санна, шен майра-

чунна тIера сагIина шен йолу-йоцург лора. ХIора ша ламаз моссаза ден, цо шен майрачунна доггах доIа дора. ХIара хIумма а шек яцара юьрто аьлла наьIалт шен майрачух ца дахна моьттуш.

Зулпата хIора пIерасканан буса еса доьшург а, доIа дийриг а молланашна хIума лора, сагIина а церан хьалхе йора. Бакъду, Зулпатана сагIа кховдо кхеран юьртахь йисна Iаш хийла зуда а, гIийла бой а-м дара.

Ткъа Зулпатан бехк а бацара молланийн хьалхе йича а, — хIунда? — цара схьабахарехь, уьш динан дай хиларна.

Иштта хIорш бехаш Iаш, беана мархин бутт а тIекхечира. Марханаш кхаба нах а буьйлабелира. Зулпат а, дагахь шен майрачун дуьхьа а долуш, марха кхаба йолаелира. Марха лоцучу буса Зулпата: «Ахьа кхобур дуй, Iусама, хьайн дена мелан марханаш?» — аларна, жимчу Iусамас а марханаш кхобура, ша кхобучу марханех шен дена мел хир бац аьлла хIумма а шек а воцуш. Iусамина Iадатех а, къорIанах а марханаш кхабар тIехь-м дацара, делахь а, нанас мага а дарна, дуьхьал ша а цахиларна, Iусамас кхаба-м кхобура. Бакъду, Iусама марханаш кхобучохь-м вацара, цуьнан дегIаца цамгар хиларна. Цу цамгарна ишта а макхвелла, азвелла лелаш волу Iусама хIинца дикка гIелвеллера, хIара ша и гуш вацара. Зулпатана хаьара, хIара цомгуш вуйла, делахь а, цо дийриг доккха гIуллакх ду, моьттуш, IадъIара. Бакъду, Iусамина оьшуш дерг, марханаш кхабар доцуш, дика кхача-м бара.

Меллаша керчаш мархин денош а дара, ца къарлуш марханаш Iусамас а, Зулпата а кхобура. Ца хаьа суна-м, хIун бала кхаьчнера Зулпате а, Iусаме а Мохьмадана тIера марханаш кхаба, сагIанаш дала, ламазаш тIехь цуьнан дегI деха. Ца хаьа, цу шимма ойла йинера, ца йинера Мохьмада мосуьйттаза а ялсамане яьккхина хиларан, жайнаша схьабахарехь.

Жайной, къорIаной ца бохуш-х даций Мохьмадан умматах волу стаг жоьжахата ваха йиш яций, «лаилахIа иллаллахI, мохьаммадар — расулиллахI» аьлла стаг ялсамане ца вахча йиш яц, аьлла, делан дош ду, бохушший. Ткъа и иштта хилча, Зулпаттий, Iусамий хIунда кхоьрура-теша Мохьмад ялсамана ца вахарна, цунна дала цхьа доккха таIзар дарна? ХIунда ца хаьара-теша царна, Iарбдешархоша схьабахарехь, делан шен дош дохо йиш йоцийла?

Iусамина, шена яахIума дага моссаза еа, шен да Мохь-

мад дуьхьал тосура. Кхунна моьттура, ша кхаьбначу марханаша иза хьалхавоккхур ву, юьрто аьлла наьIалт бен, хилла кхин гучудаьлла дацарехь. Бакъду, Iусаминий, цуьнан нанний-м, Мохьмадах дахнарг «наьIалт» ду, моьттура, и моттала бода шайн догIмех берахь дуьйна хьирчиний, хьерчийний хиларна. Кхарна хIунда ца моьттура иза? ХIорш санна, серлонна тIаьхьабисна, царна моьттург моьттуш Нохчийчохь нах кIезиг-х баций. Лаьттан кийрахь таIзар, дарж хир дуй, аьлла, шайн догIмашна боьзначу машина муьтIахь хилла Нохчийчохь беллий, хIинца а болушший нах кIезиг-х баций.

Иштта нах дукха бу, уьш шаьш лелочу кIорггерачу къайленех наха кхуьуьйтуш бац.

Цхьана дийнахь Iусама шайн юьртана 12—13 чаккхарма гена йолчу кIотара вахара, марха а багахь. Iусама кест-кеста воьдура цу кIотара, цигарчу шен ненан йишин бераш долчу ловза. Амма хIинца Iусамин цига вахар берашца ловза аьлла дацара. ХIара вахнера цигара шена йина коскузаш цIа ян.

Iусама кIотарахь малх бузу молла кхайккхалца Iийра. ТIаккха хIара, коскузаш йина йовлаза а хилла, ненан йиша яханчо, пIерасканан дийнахь рузбана вогIуш ша цIа яхьар ю, аларна, де шелделча, цIа ван кIотарах ара велира.

Басарчу кIотарара чувуссуш лаьтта Iусама, мархо гIелвина хиларна, хIинццалц санна чухьаьдда ца вогIура.

ХIинца баьццарчу шерачу басахь чувуссуш воллу Iусама меллаша вагIахь а, цуьнан кест-кеста ког тасало.

Чувоьссина а ваьлла, бIаьллинга юккъехула хьийзаш богIучу новкъа ша схьавогIуш, хIара цкъа а, шозза а охьахира садаIа, кхуьнан бIаьргашна бIарлагIнаш хIуьттура, кхуьнан жимчу дегIе мархин мацалла кIезиг ла́яларна. Iусама иштта схьавогIуш, дикка садайра. Стигланаш дикка кхоьлина яра. Аьрцнашкара схьа дайн тIетеIаш дохк а дара.

Iусама, цамгаро гIелдина дегI мацалло тIе а гIелдина, хьегIаш вогIура. Бакъду, Iусама, шен цомгуш хиларна тIехь, тахана бен марха кхаьбна ца хиллехь, иштта чIогIа гIеллур вацара цо марханаш кхобу тахана ши кIира кхаьчнера.

Дукха хан ялале, Iусамина шен некъ бен ца къаьсташ, дуькъа дохк хIоьттира. Цуьнан даг тIе кхерам тисса а болабелира аккхройх. БIаьллинга юккъехула вогIу Iусама, цIехьана саца а сецна, дIа-схьа хьаьжира, тIаккха кхунна хинра, ша некъах тиллийла: хIинца хIара вогIу некъ шира некъ

бара, наггахь бен варда а лелаза. Iусама дIа-схьа а хьаьвзира, некъ лоьхуш, бакъду, ккунна кара-м ца бора. ХIинца хIара чIогIа кхеравеллера, ккунна шен мацалла а, марха а дицделлера. ТIетеIаш дайн дерз а дара. Ккунна гуш цхьа бIаьллинг йоцург, ккин хIумма а яцара. ХIара иштта воьхна хьийзаш, ккунна цIеххьана мохь хезира: «ХIе-е, хьан да ватIарг, хIун деш лаьтта хьо, йолало!».

И шена хезча, Iусамина дикка хазахийтира. ХIара и мохь баьллачу агIор чехкка дIаволавелира. Амма хIара цунах кхиа-м ца кхиира. Вехха хьийзира хIара, вехха идира шен кIезиг гIора долчу дегIаца дIа-схьа. Бакъду, ккунна карош цхьа а тайпа лар яцара, хIара, хIора минот мел ели бохург санна, гIеллуш, кIелвуьсуш лаьттара. ХIара, мохь тоьхна велха аккхройх а ца ваьхьаш, ца хеддаш гIийла воьлхура. Буьйса а тIееара, дохк дIа-м муххале а ца долура, иза мелхо а чIагIлуш лаьттара.

Iусама, волавала са доцуш, охьахийша велира. Делахь а иза хиинчохь дукха-м ца Iара, кхерам даг тIе туьссуш. Iусама, шеллуш, эгавора, кхеравелла, угIура, мацалла цIийзара, амма хуьлуш цхьа а гIоле яцара, карош некъ а бацара. ХIара, цхьацца юьххьах тийсалуш, гор-бертал ветталуш, хьуьна юккъе кхечира. ТIаккха хIара гуттар а чIогIа кхеравелира. Ккуьнан бIаьргийн нур тIаьхь-тIаьхьа довш лаьттара, хIара, бIагор а хьаьвзина, вуьйжира. Вехха Iиллира Iусама, метта ца вогIуш, тIаккха, шена чу жимма са деача, хIара хьалагIатта айавелира, амма юха а охьа-м вуьйжира.

— Баба! Баба! Баба! — аьлла шен болчу нищкъаца Iусамас мохь хьаькхира, аьлча а, Iусамина моьттура-кх, ша хьаькхнарг мохь бу, амма и бан-м бацара, хIунда аьлча и мохь хьаькхнарг мацаллой, шелоной, цамгарой Iаьвдина Iусама хиларна. Iусамина, хIинца ша кIелвитинарг мацалла юйла, ца хаьара, хIара, хIинца ша некъах тилийнарг шен ден дуьхьа ша кхобуш долу марха дуйла, хууш вацара.

Ша хьала ца гIаттавелча, Iусама, цхьана меттехь Iиллара цхьана агIор дIаволавалар шена гIоле хеташ, текха а волавелира, амма хIара гена-м ца вахавелира. Муха вахалур вара иза, ша Iусама хилча.

ХIинца хIара дуьненах доддиллина ваьлла, хIара ша лийр вац аьлла хеташ хIумма а шек вац. ХIара, шен кIезиг нищкъ болу са а ийзош, воьлхуш Iа.

ХIунда воьлху Iусама? Иза-м ца вала а мегий, и хIунда лара шен ненан, ша цхьаъ воцург, ккин ца хилча? Дала и

хIунда волуьйтур вара цуьнан нене хало хьегийта, иза, шийлачу маьхьарца екаш, шен гоьлех летийта...

Зулпат-х, и кхиъча, ехийла хир ду шен, бохуш, цунах йоккхаеш яра.

ХIан-хIа, и бакъ дац. Iусама дала волуьйтур вац. Эй-й! Тамаша, тамаша, мел харц хир вара и дела, хIинца жимчу Iусамин са даькхича, мел гучудолура тIаккха Iарбдешархоша, делан шен дош дохо йиш яц, бохург!..

ХIан-хIа, делан и дан йиш ца хили, делан Iусама дийна вита йиш ца хили, шел воккха, шегахьчул боккха нищкъ а болуш «мацалла» боху дела гIаттарна. Мацаллех вайна хууш ду: и шегахь цхьаннех а беш къинхетам боцушший, ца бешший, цхьана а «делан» а, цхьана а адаман а лаамехь йоцушший хилар.

Иштта чу мацалло Iусамин са даькхира хьуьна юккъехь Iаьржачу буса. ШолгIачу дийнахь дечиге баханчу нахана Iусама кара а вира, цара и цIа а веара. Цунах Iусамин нанна Зулпатна шийла кхаъ хилира.

Иштта и валарна йоьлху-кх хIинца, кIажъоьхуш, бертал нар тIе а йоьжна, йоьлхуш Iен Зулпат.

Зулпат хIумма а шек яц шен кIант, далла лаа а лиъна, цо са эцна шех ца къаьстина моьттуш, цундела вайн цуьнга дан хаттар ду: «Мила ву Iусама валарна бехке? Хьо? Марха? Я дела?» — аьлла. Нагахь цо «дела» бахахь, вайн цуьнга ала ду: «Зулпат, и бакъ дац. Цунна бехке цхьа а дела а вац, берахь дуьйна хьайн дегIах Iаьржа бода хьаьрчина хиларна, хьо а яц, цунна бехке марха ду! Марха! Хезий хьуна, Зулпат? Марха! Марха! Марха!»

МОЦУ*

(Хабар)

I

Юьртан малхбузехьа агIор, татол йистехь кертаца цхьаьна хьалакхиъна стаммий толлан маргIалаш а долуш, цхьа бахам гора. Цу кертара къилбехьа дерзийначу керлачу цIеношца цхьаьна, цу кертан сийна басар хьаькхна долчу кевно цу бахамана къаьсттина исбаьхьалла лора.

ХIара бахам генара хьаьжначу стагана юьртах къаьстина хетахь а, цуьнан кетIахула охьадогIучу жимачу татолна тиллинчу тIайно хIара бахам юьртаца хоьттинера.

Суьйранна малх цIийбала булучу заманчохь вай дуьйцучу кху тIайн йист синкъераман меттан-мотт хуьлура. Кхуза шайна хиш эца богIучу кегийчу зударший, кIеззиг заманна делахь а, уьш ган лууш гулбеллачу кегийчу нахий вовшашца бечу бегашаший, божарийн хаттаршна дуьхьал, шайн дуткъачу озанашца боьлуш, зудабераша лучу жоьпаший кху тIай гонахара а, кху тIай тIера а хIаваъ декадора. ХIара синкъерам кхузахь, цхьана дийнаххьий, шина дийнаххьий доцуш, хIор суьйранна бохург санна лаьттара .

ХIара меттиг, иштта болчу синкъераман меттан-мотт хиларал совнаха, кхуза гуллуш болчу кегийчу неханний, кегийчу зудаберийнний тIейогIучу заманна уьш вовшахтухур болуш а, вовшех къастор болуш а долчу гIуллакхан къайле шегахь йолу меттан-мотт бара. И къайле хууш а яцара, хаа йиш а яцара цхьана а адамана.

---

* ХIара дийцар ДегIастанарчу яздархочо Iабдулла Башира яздина, С. Бадуевс, литературно то а деш, гочдина.

ХIинца цхьа бутт гергга зама яра даима кху тIай йистехь Iуьйранна, суьйранна а бохург санна лаьттина болу синкъерам, цкъа а ца хилча санна, дIатийна.

Суьйренца кху меттиге ладоьгIначунна, и кхузахь хIинццалц кегийчу зудаберийн стеган дагна гилгаш дохуш хиллачу беларан меттана, цхьана цомгушчу стага, шена долчу лазарна са ца тохалуш, ден гIийла узарш бен, кхин хIумма а ца хезара. И узарш вай хабар долалуш дийцинчу къилбехьа дерзийначу керлачу цIеношш чуьра хезара. ХIинца, цу тIай тIе а баьхкина, хи оьцуш болу зударий, шайн беларшший, шайн синкъерамашший кхачийча санна, гIийла хи а оьций, дIасхьа а ца хьийзаш, шайн-шайн цIа оьхура.

ХIокху татолан йисте йогIуш йолчу кертара цомгашчу стага дечу узаршна дуьхьал: «Iийт, маржа Моцу яI-кх, хIинца а хьайн цамгар токхуш ву-кх хьо!» — ца олуш кху эвлара цхьа а стаг тIех ца волура. Нагахь кхечу эвлара стаг кхузахула тIехволуш хилча, цо олура: «Оццул чIогIа узарш далла, и цамгаро лаьццарг мила ву-теша?.. Дала маршалла дойла хьуна», — олий.

Кху татолан йистехь болчу бахаман къилбехьа дерзийна лаьттачу керлачу цIеношш чуьра иштта са ца тохалуш узарш деш волу стаг, хIинцца кхо бутт хьалха шен дех бев а ваьлла, кху бахама чу керла ваха хиъна Моцу вара.

Моцу цхьана дийнахь шен чухула хьийзаш, цуьнан коган кIажех маха баханехь а, иза, маха схьа а баьккхина, шен лазийна ког лара а ца лоруш, ирахь цхьана кIирнах а леллера. Иза тIаьххьара а, чекхдаллалц аьтту гIогI а, дистина, метта воьжна висинера.

Цхьа бутт гергга зама яра Моцу, шен ког лоьрашна а ца гойтуш, маха бахарх ког бухахьа а баьлла, воьжна меттахь, мохь хьоькхуш, Iуьллу.

Моцу иштта воьжна висаран дукхах долу бахьана — цуьнан да чIогIа суьпа стат хилар дара. Моцин да ламазний, мархиний, дика цхьана шайхера вирд а эцна, динаххий шайхеххий чIогIа тешаш вара; иза, дуьненахь мел хуьлуш долу хIумий, массо а цамгаррий, цунах тера мелдерг а делера хуьлу, бохуш, шен кIантана когах маха бахаррий, и вожар-

рий шена гергахь делан цхьа гIаддаррий, делан цхьа йозий а лерина, шен заманчохь вала а вина Моцин коге лор а ца хьожуьйтуш, «дела, ахьа айхьа яздарна дан а дина, ахьа хьайна лаахь то а вийр ву-кх хIара», бохуш, шен кIант ша тешаш волчу далла кара а велла, Iадда Iара.

Моцин хIун гуьнахь дара? Иза дешна а вацара. Цуьнга доьшуьйтуш, и серлавакхха а, цунна дуьненан хьекъал дала, и ирахь велахь а, цуьнан да а вацара. Иза боданехь хиларе терра, цуьнан кIант Моцу, боданан балано лаьцна, хIинца узаршца меттахь воьжна виснера.

IV

Цхьа-ши де хьалха дуьйна Моцин ког кIажера дуьйна Iаьржа-сенбала боьллера. Амма маха бахана меттиг-м, яхка а елла, тIера жижигаш охьа а оьгуш, чуьра даьIахкаш а гучуйовлучу хьола тIе-м яьллера.

Иштта шен чIогIа лазабаьллачу коган цамгарх Моцу, цхьана метта ца сацалуш, бIаьрзе хьийзаш виснера. Буса а, дийнахь а наб а ца кхеташ, ца валлал бен хIума а ца кхоллуш, керчаш волчу Моцус шен маьхьарца шайна гонах болу шайн лулахой а наб ца кхетачу хьола тIе баьхнера.

Моцин да, цуьнан вежарий чохь а, арахь а цунна гонах хьийзара, цунна гIоле а йийр йолуш хIун дарба лелор ду, ца хууш, чIогIа боха а боьхна.

Моцин вокхах волу ден ваша, ша молла хиларе терра, кIезиг аьлча а, уьттаза-пхийттаза, доIа а яздина, цу тайптайпаначу доIийн хи Моцин когах хьаькхна ца Iийнера.

Вукху ден вежарший, церан зударший Моцина лелоза Нохчийчохь хуьлуш долу а, Нохчийчохь дуьйцуш долу а цхьа а молха а ца диснера. Дацдина аьлча, вайна юккъехь хуьлу кхехкийна гIабаккхий, морзий, етта шурий, деман хударрий, ахьаран хударрий — цхьа а ца йиспира Моцин копана цара Iазап ца луш. Цу тайпана цара лелийначу дарбаташа Моцина беш болу пайда — цуьнан ког бухъхьабаккхар бен, кхин хIумма а дацара.

V

Моцин ден вежарий, Моцин гергара наххий цуьнан цамгаре хIинца шийла хьежа буьйлабелира. Моцу талур ву аьлла цхьаммa а дог ца дохура. Амма царна юкъахь и та-

лур ву аьлла дог дохуш цхьаъа-м вара. И вара Моцин да Ахьмад. Цо Моцех дог ца диллар, шех тешна доцуш, шен устазеххий, ойлаяэххий тешарца дара.

Нохчийн молханех дош а ца хилла, Ахьмада, ша кIелвисча, цхьаъ вахийтина, шен устазе хаттийтинера, шен кIентан Моцин когана хIун дарба лелийча бакъахьа хир дара, аьлла. «Зайт-даьттанца цхьаьна кишмех дина худар цуьнан кога тIе дилла деза», — аьлла шен устазо кхунна жоп а даийтинера. Цундела Моцин да Ахьмад Моцу толур вац аьлла хIумма а шек вацара.

VI

Массо а ламанаш юккъехь бехаш болу белхан миска нах таIо Iеминчу Iаьржачу нищкъо тахана АхьмадагIеран кечу а къинхетам боцуш долу шен аьчган куьйгаш кховдийнера.

Моцу чIагIвеллера, иза ша мичахь ву ца хуучу хьолатIе ваьллера. Лазаран чIогIалла цунна ша цомгуш ву-вац а ца хаьара, цо хIинца цамгаран чIогIалла мохь а ца хьоькхура, гIийла узарш а ца дора. Амма цуьнан къаьрзина долу бIаьргаш чIогIа тховх догIа-м деллера. Моцу, хIинца шен боцчу кхетамца, стенна делахь а, цхьана хIуманна кIела хиъна сецнера.

Ахьмада тIаьххьара а шен кIантах догдиллира, иза, ша хIун до, ша хIун леладо ца хууш, чIогIа холчахIоьттинера. Ахьмаде беъна хIара бала цуьнан дай, цуьнан тайпий, цуьнан тукхмий, цуьнан къаммий таIош схьабеана, боданан бала бара.

Ахьмад делаххий, устазаххий чIогIа тешаро Ахьмаданий, и санна болчушний деллярг хIун дара аьлча, — и дара Моцу санна масех бIе, масех эзар гIурбанаш дала декхарийла вожар. Цу декхарой, цу боданой латтош йолу цIе Ахьмадан кийра а латийнера. Цунна шен кийра летта цIе хIун ю а, и мича бахьанна летта а ца хаьара, цо оцу балано мел таIийча а, ша тешаш волчу Iаьржачу нищкъана хьаставаларрий, буса а, дийнахь а шен кIантана цуьнга гIоле ехаррий бен, кхин хIумма а ца дора. Амма Ахьмад мел хьеставелча а, цо мел доIа дича а, цуьнан доIина хуьлуш жоппа-м дацара. Моцу хIор минотаца дуьнене моршулла дала кечлуш вара.

VII

Цхьана шарахь доьшуш волчу Моцин вашас Хьамида, сахила ши сахьт долчу заманчохь цIа а кхаьчна, шайн неI туьйхира. ЦIийбеллачу бIаьргех хиш а оьхуш шена неI елла еана шайн нус Баса шена яйча, Хьамид, цIеххьна цхьа кхерам даг тIе а тесна, ша хIун эр ду а ца хууш, цец Басе а хьоьжуш, воьхна висира. ТIаккха, Басега ша шен ваша хаьттича, цуьнан шена дуьхьал луш жоп цахиларна, дегIе шийла зуз а деана: «Моцу велла-теша, хIун хилла-теша?» — аьлла, дагахь иза а долуш, Хьамид Моцу волчу чувелира. Хьамид чуваьллачу заманчохь Моцу, халла садеIарца, шен къаьрзина ши бIаьрг тховх а хьежош, тилла, кхетамчуьра а ваьлла, Iуьллура. Хьамида, шен ваша оцу хьолатIехь шена вайча, цунна гонах Iечу шен ден вежаршка а хьаьжна, шен лаамаза:

— ХIара хIунда вий аша? Кхунна лор вало мегар дацара? Шу кхунна гонах а хевшина Iерах кхунна хIун дарба хир ду? Я хIун пайда хир бу? — аьлла, бIаьргех хиш а оьхуш, Моцина тIе а хIоьттина, сецира.

Ша молла хиларна, ша хьекъал долуш ву моьттуш, вукхарал ша лекха хеташ волу Моцин ден ваша Мохьмад, Хьамидана тIе а вирзина, вистхилира:

— Дала а, ойлаяаша а гIо ца дахь, кху Iуьллучу Моцина лоьрийн дан хIумма а дац, — аьлла.

Чохь волу кхин цхьаъ а вистхилира:

— ЭхIей!.. Царна лиъча-м, къорIанор, хIара хIокху минотехь толур ма вара. Царал баккхийра лоьраш вайн мичхьа бара?.. Цхьа а валаза вуьсур вац... Цамгар а, валар а — уьш дерриге а делан шен йозанаш ду, — аьлла. И чIагIдеш, чуьра кхиберш а, гIеххьа бист а хилла, севцира.

Хьамид царна дагахь чIопIа оьгIазвахарца вистхилира:

— Моцу а аша, кIорIанор, вий кхуьнан цамгар а аша, къорIанор, чIагIйи, — аьлла, Хьамида оцу минотехь, чуьра ара а ваьлла, лор валийнехь а, воьжна Iуьллучу Моцин коге а хьаьжна, Хьамиде оьрсийн маттахь: «Моцу денлур ву аьлла кIезиг догдохийла ю, шен заманчохь аша тхуна гайтинехьара, кхунна хIумма а хир дацара. ХIинца кхунна цхьаннен а дан хIума а дац. ХIунда? Кхуьнан когах баханчу механ боьхаллеххий, аша маьIна доцуш долу тайп-тайпана боданен дарбанаш кхунна леладараххий кхунна кхуьнан

дегIахарчу цIийх дIовш даьржина дела (заражение крови), — аьлла, лор, ара а ваьлла, дIавахара.

Хьамида, боданечу, къинхетам боцчу куьйго шен ваша шайна юкъара дукха хан ялале дIаоьцур вуйла а хиъна, лоьро шега аьлларг, дехьачу а вахана, шен дега гIийла дIахаийтира.

VIII

Тахана шолгIа де дара Хьамид цIа кхаьчна. ХIинца вай дийцинчу къилбехьа дерзийнчу цIеноЙн учахула чу-ара буьйлучу нахал сов, учахь, бIогIамах а тевжина, гIийла лаьтташ Хьамид а вара. Цунна уллохь иштта гIелвелла лаьтташ цуьнан доттагIа Орцу а вара. Хьамид къаьсттина гIийла вара, дуьненчуьра массо а хIуманан а, дахаран а цо йинчу ойлано тIеоьзна оьгIазло цуьнан дагца ийнера. Цу тайпана и оьгIазваххал цунна тIехIоьттинарг — юьззина гIайгIа ян а яра. Хьамид дуьненний, дуьненан дахарний ца вахнера оьгIаз. Иза нах боданехь бахкочу тхьамданашний, цара цу нахана юкъа даржийначу Iадаташний вахнера оьгIаз. Цунна вуно шера хаьара шен цхьаъ бен воцу ваша Моцу, харц Iадатан, харц тешаман гIурба а хилла, шех къаста воллийла.

Хьамида, шен ваша лечу хьолтIе валарал сов, тIе хIара боданен Iадат бахьанехь лен болчу нехан а ойлайора; оцу гIуллакхийн, цу нехан харц тешамийн ойланаш еш лаьтташ волу Хьамид цIехьана чуьра хезначу зударийн белхаран маьхьаро, гIенах шен дагах Iоьттина шийла шаьлта чекхъяккхича набархъоькку стаг санна, ойланаш ечуьра самаваккхира. Цо хьалхе дуьйна а ойланаш еш долчу боданечу, къинхетам боцчу куьйго Моцу гуттаренна а дIаэцнера. Моцу шена дукхадезаш долчу дуьнене маршалла а делла, са ца тохалуш дукха хало хьегначул тIаьхьа. хIинца паргIат набарчу вахнера.

IX

Кешнашка Моцу дIаэцна боьлхучу нахал жимма тIаьхьа воьдуш волу Хьамид, шеца цхьаьна вогIуш волчу шен доттагIчуьнга Орце а хьаьжна, хих дуьзна бIаьргаш а цIандеш, вистхилира:

— Хьажал, Орцу, вайн дайх дисинчу кху Iадаташка... Сан ваша Моцу, цамгарх ца леш, иза наха вийна а волуш,

вай дIаволла хьош хилча, хIинца санна суна халахетар дацара. Бакъду хьуна, Орцу, хIинца Моцин Iожалла йоцуш валар сан дагчуьра цкъа а дIадериг цахилар... Моцу вайна тIерачу боданен балех Iожалла йоцуш велла. Цу балано... Моцу санна, дукхха а МоцугIар Iаьржачу коша чу текхабо... Iийт, маржа Моцу яI-кх, мел хьалхе ваха-кх хьо ваха-м... Цуьнан а хIун бехк бу, Орцу? Бехк вайн дайн бу. Цара вийна, таханаллац кхечу къаьмнаша шайн берашна лун Iилма вайна а деллехьара, иза тахана Iаьржачу лаьтта кIел гIур вацара.

Цхьа де догIур ду нах Iаьржачу пардош тIехьа латтийна болу имамаш ду шаьш, шайхаш ду шаьш бохуш болу нах тIекхуьу долчу чкъуро терихан заманчохь наьIалташца хьехош... Тахана, 1930-чу шарахь, вайн хIоьттинчу Советан Iедалан дагахь дерг-м — боданен, балийн кIел аталуш, кеглуш лаьтта вай, нах санна, дуьненахь серладахар дара... Кху Iедало дукха хан ялале Iилманан серлонца вай санна болу миска нах, Моцу санна, Iожалла йоцуш баларх хьалха а бохур бу, вайна масех бIе шерашкахь дуьхьал лаьттина пардош иэтIа а дина, цу тIехьа бохку вайн мостагIий гучу а бохур бу, — аьлла, шен къамел хадийра Хьамида, шаьш кешнашна юххе кхачарна.

Хьамид, шен доттагIа Орцица нахана гено цхьа юьстах а сецна, нах, Моцу дIа а воьллина, юьрта бирзинчул тIаьхьа, шеца Орцу а эцна, Iаьржа керлачу лаьттан барз хIоьттинчу Моцин коша тIе гор а вахна, бIаьргех хиш а оьхуш, лен велира.

— Вижа, сан ваша! ПаргIатан, даиман набарца вижа! ХIинццалц бух боцчу харц Iадатан хало хьегнехь а, хIинца хьо паргIат вижий Iилла. Хьуна го бина лаьтта бухахь Iохкуш болчу хьан вежарех кIезиг бац хьуна Iожалла йоцуш шайна дукхадезачу дуьнена, ахьа санна, моршалла деллар ш. Е ахьа паргIат наб... Боданен гIурба, ахьа наб е. ХIинца дуьйна дIа цхьана а Iазапо хьо холчахIоттор вац... Марша Iойла хьо, сан ваша. Моцу, даиман марша Iойла хьо,— аьлла, бIаьргех хиш а оьхуш, Орцица цхьаьна Хьамид цIехьа волавелира.

ДУККХАННАХ ЦХЬАЪ

I

ЦIийбелла, дIабузуш лаьттачу маьлхан зIаьнарша орцана кIелхьа Iуьллучу жимчу юьртан цIеноЙн пенаш маждинера. Къилбехьа, цу юьртан йистехь гонаха коьллийн керт йолчу цхьана лохчу цIийна хьалха йогучу товханан кIур, хьийзаш, хьала оьхура, эвла йистерчу сийначу баца юкъара цIен зезагаш а лестош, байн хьоькхуш бIаьстенан мох хиларна. Цу кертан-кен меттиг шина хьоккханах хIоттийначу жIарно дIалаьцнера. Цу ке уллехь арахьа, ша́ Iуьллучу боккхачу тIулга тIехь, шен Iасанна тIе а тевжина, хиъна Iен цхьа стаг, бузуш лаьтачу малхе а хьоьжуш, ойланашна чувахана Iара. Цуьнан ехачу юьхьа тIера мара хьаьвзаш схьабеана бара, цуьнан таьIана-сийна ши бIаьрг хIиллачах буьзнера. И вара кху тишачу бахаман да, иза, делкъехь охьавижна, хIинцца хьалагIаьттинера. Цу стеган юххешха аьлла лергинчу можой, йистош лергинчу мекхой, цуьнан тIехье нийса а юьтуш, обанах таръеш йинчу кетарой и стаг мелла а леллийла хоуьйтура. Цу стагана тIехьаьжча а, цуьнан тишачу рагIо юххехь, ха да́га а дина, Iуьллучу божале хьаьжча а, муьлххачу стагана а и стаг хIума дан карах ца долушший, шен аьтту баьлча наха динарг дуур долушший вуйла хуур дара.

ХIара вай вуьйцуш волу стаг, вайн хабаран да хинволу Дага ву.

II

Дага хьаллий, тхьамдаллий чIогIа дезаш стаг велахь а, и ирсан ши дакъа хIинццалц схьа цуьнга ца кхаьчнера, хIара,

атто а езаш, хIума дан карах а ца долуш, нехан хIумане сатуйсуш, бIаьргаш къерзочу нахах стаг волу дела.

Дагина цхьана дийнахь, цхьа а кеп йоцуш, цхьа а лаца тIам боцуш болчу шен бахаман ойлаеш Iаш, ша хаъал хилчахьана хIинццалц схьа яккхинчу заманчохь ша мел лелийначу гIуллакхийн сурташ дуьхьалхIуьттура.

Кхунна дуьхьалхIоьттира жима волчу заманчохь, шайн цIахь аьтто ца баьлча, шайн лулахойн буьнчуьра хIоаш а лачкъийна, уьш туькана хьой, булка баьпках хийца а хуьйций, и бепиг, шайн цIерачу доьзалх а лачкъадой, дааран сурттий, ша кхиъна вогIучу заманчохь, шеца цхьаьна кхиъна волчу Мурдалца эвла йисте дажа лаьхкинчу шинарш юкъара лачкъийна, цхьа шинар ворхI соьмах дохка а доьхкина, и ахча декъаран сурттий, цул тIаьхьа дукха зама ялале, шен дас ша деша хьуьжаре веллачу заманчохь, цхьана мутаIеламан яьшки чуьра бедарш а лачкъийна, уьш йохкаран сурттий. Иштта ша лелийначу цу гIуллакхийн а, цуьнга терра кхечийн а сурташ дуьхьал а хIуьттуш, хIара Дага чIогIа ойланаш еш Iаш волчу заманчохь цIеххьана хIара цхьа харц велакъежира. И велакъажаран бахьана шена атта ваха некъ цунна дагабар дара.

Дага, цIеххьана хиъна Iачуьра хьала а иккхина, шайн кху тишачу цIа чуьра жимачу кора тIехь, дерриге а ченаша а дуьзна, Iуьллу Iаьрбан жайна схьа а эцна, цуьнан кехаташ а, хирцина, и деша волавелира. Цул тIаьхьа дукха хан ялале хIара Дага, ши бIаьрг шен карарчу жайни тIехь а болуш, ша-шега вист хилира: «Суна хIун хьашт ду хIокху жайни тIера халбата валаран некъ лаха... Хьенех халбата ваьлла, аьлла нахана гергахь цхьа цIе хилчхьана, нах со тергалвеш-х лелар баций, дийнахь нахана гуча а ца ваьлчхьана, буьйсанна сайна ма-луъу пархIат Iан йиш ю сан-м. Далла бу хастам, мелла дешна а, деша-х дешний ас. Шаьш бичхьана элп аьлла а ца дешнарш а бу, шайхаш ду шаьш, бохуш, нах бууш лелаш. Нахана гергахь цхьана шайхо векал вина боху цхьа цIе-м хьаштдара, делахь а цунна а цхьа хIилла ца карош дуьсур дац-кх, — аьлла, Дагас, меллаша шен жайна кора тIе а кхоьссина, тIера кетар охьа а йиллина, мохь туьйхира: — ХIей, чу йоьлл цкъа», — аьлла.

Цхьа а шена дуьхьал вист ца хилча, хIокху шайн лохчу неIарехула ара а волуш, юха а мохь туьйхира:

— Мича яхана хьо? ХIей! Хезий хьуна? — аьлла.

— Сон-м хIоккхузахь ю, — олуш, товхана хьалха сискал

хьакхош йоллу цуьнан зуда Жавжан ша йоллучохь ирахIоьттира, цхьана пхьаьрсаца шен можачу йовлакхах чекхйовлуш охьаяьхкина кIозарш хьала а тоьттуш.

— Вайн бел мичхьа ю? — аьлла Дага юха а вистхилча:

— Эцца чохь паднар кIел ма яйра суна иза хьастатIа-м, — аьлла, Жавжана шаьш Iаьчу чуьрчу паднара кIелхьара бел, схьаэцца, Дагега дIаелира. Дага, бел а эцна, шайн йистерачу жимачу цIачу а вахана, халбата вола и цIа ахка волавелира.

III

Дага, халбата воьлла аьлча а, чуьра ара ца волуш Iен 40 де гергга хан яра.

Дага халбата воьллачу 30-чу деношкахь, Дагас Iа́мадарца, цуьнан зудчо Жавжана «Iабдулкъедар-Гилани олуш волу шайх халбатах Iаш волчу Дагина гучу а ваьлла, цо Дага, нахе тобанаш дайта, аьлла, векал а вина» боху хабар юьртах чекхдаьккхира. Амма Дага ша, шайн кораш тIечIагIдинчу цIачохь дийнахь вижна а Iуьллуш, буьйсанан заманчохь стеган хьекъало къобал ца деш долчу цхьана ширчу Iаьрбан жайни тIе а хьоьжуш, чIогIа и доьшуш-м Iара.

Дага цу жайни тIехь долчу хабарех ша ца тешаш велахь а, кхуо дагалаьцнарг шена пайденна тIе йогIучу базарна кечвалар дара.

Сел чIогIа стенна кечлора-теша Дага? Цо дан дагалаьцнарг хIун дара-теша?

Дагас уггар чIогIа дагалаьцнарг шена муридаш Iа Iабаррий, уьш бацаба́ррий, ша вичахьана гонах мегарг керт ца хиллачу шен лохчу цIенойн меттана гIаланаш хIиттаяррий, рагIош, божалш дуьзина хьайбанаш Iа Iадаррий дара. Уьш доцург, Дагин, шен гIуллакх нисделла даьлча, Жавжанна тIе кхиъна йогIу цхьа йоI ялаяр а дара, да́ра а дерина Iуьллуш.

Дагас ма-бахха́ра, цуьнан вахар тоделча, цунна шен меттиг дIалаца цхьа доьзалхо а везара. Иза тIейогIучу заманчохь ша шайх хир вац аьлла хIумма а шек вацара.

Цунна дика хаьара нах чIогIа боданехь бохкийла а, и нах шайга аьллачух стеннах а тешаш буйла а. Дагас кест-кеста ша-шега хIара хеттарш дора: «Нохчашна юккъе массо а бохург санна нах ца оьху?.. Мацбелла Iаьрбий, пайхамаран цIийнах ду шаьш, бохуш, кхуза а богIий, денна цхьацца

зуда а ялош, нехан хьацаршца хьалдолуш а хуьлий ца Іа? ГІуьмкашна я суьйлашна юкъара цхьаъ, шайх ву ша аьлла, ваьлча, дІатІехьаьвзий, нохчаша шаьш да болу хІума царна ца яайо?.. Палтосуш верг а, мерчуьра хІума йоккхуш верг а, белларчу нахехь долу хьал хаьа шена, бохуш верг а, Іаьндара мохь иэца веана Іаьнди а, шен тай-махий кара а лаьцна, совдегаралла лело веъна гІазгІумки а, оьрсех, бусалба хилла ша, бохуш верг а, жуьгтех, бусалба хилла ша, бохурш а, царех терра кхиберш а, Нохчийчу а богІий, нехан ерг а, йоцург а гулйой, хьолана букъ а лой, дІа ца боьлху?.. Иза-х гуш дерг ду, бохуш Іаш волу Дага тІейогІучу заманчохь шех нахана гергахь шайх хирг хиларх чІогІа тешнера.

IV

Дага халбата хиъна, аьлла юьртахь гІарадаьлла нийсса цхьа шо дІадаьллера. ХІинца Дагех хьалхалера Дага воцуш кхин дага хиллера. ХІокху юьртахь хьовха, ерриге а Нохчийчохь а воккха шайх ву аьлла гІараваьллера. Дагина хІора денна бохург санна тобанаш дан оьхучу божарша а, зударша а хІорамма цхьацца совгІат дахьара, цхьацца хІума яхьара, кхуьнан хьалхалерачу лохчу цІеноЙн меттана еттинчу кибарчиган лекха цІенош хІиттинера, коьллийн керт лаьттина кхуьнан декъан го аннех динчу рагІоший, божалший дІалаьцнера. Дагин сибат а цІинлуш, толуш хийцаделлера, ге а хьалхалерачулла стамъеллера, тІеюьйхинчу бедарша а Дага боккъалла а цхьа безамехьчу, тамболчу куьце верзийнера. Иза хьалха санна лен дукха а ца лера, цо хьалхенан а, тІаьхьенан а ойла а йоЙ, бен шен багара цхьа а дош ца хоьцура.

Дага хІинца нахана гергахь гуттар воккха шайх, воккха эвлаяъ, воккха пайхамар вара. Иза хьалха санна «Дага» аьлла ца вуьтуш, цунах «устаз» олура. Цуьнан вахар цо ойлайинчу тайпана, цо дагалецначу тайпана хІор дено-дено толуш дІадоладеллера.

V

Цхьана Іуьйранна Дага, шен бер дацаран ойланаш еш, чІогІа холчахІоьттина Іаш, цІеххьана кхунна дуьхьал сурт хІоьттира: ша Симферополе полке ваханчу заманчохь цигахь

ша цхьана Тося бохучу ирх кхевдина мара а болуш йолчу «меташканца» буьйса яккхар. И сурт шена дуьхьал хIоьттича, Дага шен дагахь цу буьйсанна чIогIа неIалташ кхайкхош Iаш, Жавжан, шайн модаша юьзна можа самовар чу а еана, стаканна гIумгIи чуьра шийла хи а кхерзина, Даге а хьаьжна, йистхилира:

— Хьо ган лууш баьхкина хьеший бу-кх дехьа чохь, — аьлла.

Шен ойланашна чувахана Iаш волу Дага, набарх самаволу стаг санна, Жавжане а хьаьжна, жимма ойла а йина: «ГIаьттина ца ваьлла, жимма собарде, ала цаьрга, — аьлла вист а хилла, — сел Iуьйренца баьхкина хьеший лаа-м ца лела хир бу», — олуш, ойлаян велира.

Ара а яьлла, Дагин дош хьешашка дIааьллачул тIаьхьа юха чуеана йолу Жавжан, сийсара наха совгIатана еана йолу кхехкийна котам бошхепа чу а йиллина, кIайчу баьпгаца Дагина хьалха а йиллина, леррина Даге а хьаьжна, меллаша йистхилира:

— Хьо тахана гIийла ма ву? Хьуна цхьаъ-м хилла, — аьлла.

Дага, цхьажимма ойла а йина, шен хIилланах буьзна ши бIаьрг цкъа Жавжанна тIе а боьгIна, доккха са а даьккхина, вистхилира:

— ХIей!.. Жавжан! Хьуна хIумма а ца хаьа. Суна сийсара гина Iаламаташ хьуна гина хилча, хьо хIинца а хьекъалчу яза хир яра... астагIфируллах! АстагIфируллахI! — аьлла, Дага, кIелдIахула а хьоьжуш, Жавжан тергалъян велира.

Дагера и дешнаш шена хезча, цкъа, кхераелла, Жавжан, ега а йина, юха хьаста а елла, йистхилира:

— Дела доьхьа, къонаха, дийца мегар долуш и делахь, дийцахьа соьга иза, — аьлла.

Жавжан ша хIуъу а аьлча а тешар юйла хууш волу Дага, харц вела а къежна, ойла а еш, шена дагадогI-догIург дийца волавелира:

— Суна сийсара дайнарг доккха хIума дара. Набарх ала — набарх а доцуш, самах ала — самах а доцуш, тIе кIайн оба а юьйхина веанчу Iабдулкъедар-Гиланис элира соьга: «Хьуна кхаъ бу, дала хьуна цхьа кIант вели... амма и кIант, Жавжанера воцуш, хьоьга йогIу йолчу ирсдолчу йоIах хир волуш ву. Жавжанера и кIант ца хиларан бахьана бусалба жинаша далла гIуллакхдечу меттига тIе карахь ламаз а доцуш Жавжана ког баккхар ду. Жинаша, Жав-

жанна оьгIазло а йина, цо вен волу кIант, цуьнан кийрара схьа а эцца, хьоьга йогIу йолчу йоьIан кийра виллина, Жавжанна и гIуллакх халахета ца деза, дала цунна цу халахетарна дуьхьал ялсаманехь дашо гIаланаш хIиттор ю Жавжанна. Жавжан ша реза а хилла, хьан мурдашца юкъарчу Мусин йоI хьуна яло еза, ша а тодарца дийца а дуьйцуш... ХIара дала хьалххехь йина кхиэл ю», — аьлла, гIаиб а хилла, Iабдулкъедар-Гилани дIаваханчул тIаьхьа, цуьнан ойланаш еш, наб ца кхеташ сахуьланга ваьлла со, иштта чу цу гIуллакхийн ойланаш еш гIелвелла Iара со-м, Жавжан, кхин хIума-м дацара... варий, варий, хIара гIуллакх цхьаьнге а ма дийцалахь, — аьлла, Дага, шен чай мелла а ваьлла, хьешашка чудуьйла ала, аьлла, Жавжан араяьллачул тIаьхьа Дапас ша-шега элира: «Жавжан иштта бен Iехо хала дара. ХIинца цо суна дуьхьало йийр яц», — аьлла, шен аьшпех Жавжан тешарна дагахь чIогIа хаза а хеташ, Дага чубогIуш болчу хьешашка ладоьгIуш Iара.

VI

Дагина тIе нах кхуьйлуш волчу Тасуца цхьаьна чубаьхкина хьеший, шаьш салам деллачул тIаьхьа охьа ца ховшуш, неIарехь ирахь севцира. ТIаккха, Дагега могуш-паргIат хаьттинчул тIаьхьа, Дагин пурбанца хьеший охьа а хевшира.

НеIарехь ирахь лаьтташ волу Тасу, Даге а хьаьжна:

— ХIокху хьешийн хьоьга хатта цхьа хIума ду, аьлла хета суна, — аьлла, вистхилча:

— Шайн гIуллакх ала мегар ду, — аьлла Дагас жоп делира.

Къежъелла маж а йолуш, баьрчехьа Iаш волу цхьа хьаша:

— Хьох бехк а хетташехьа, хьоьга хатта дезаш цхьа гIуллакх хиларна кхуза даьхкинера тхо, хIинца тхуна и хаттар дан пурба делахь, оха и хоттур дар-кх хьоьга, — аьлла вист а хилла, цхьа гIийла Даге хьаьжира.

Дага, охьа а таьIна, ша жимма ойлайинчул тIаьхьа:

— Тхуна хуушдерг оха шух духаозор дац, шайн дерг ала мегар ду, ала аша, — аьлла, ладогIа велира, корта а оллийна.

Хьаша, шен накъосте а хьожуш, вистхилира:

— ХIокху сан накъостан цIахь цхьа ваша ву, иза дукха

хенахь дуьйна схьа, легаш лозу шен, бохуш, лелара, хIинцца цунна мер тIе сурхаш а яьлла, и мара телхаш а лаьтта, хIуъу а молханаш леладарх, дарба а ца хуьлу. Цунна хьоьгара гIо дезаш, хьо волчу схьадаьхкинера тхо, — аьлла, хIара сецча, цуьнан накъост вистхилира:

— ХIуъу а делахь а, эвлаяашкара гIо дезара тхуна, оьрсийн лоьрашна тIе вига а ца лаара, ахьа аьлларг цунна дарба хиллий а дар-кх, — аьлла, Дагегара даьндолчу жоьпе ладегIа велира.

Дагина, цара и цамгар йийцича, ша, кIант волчу заманчохь Симферополехь Тося бохучу зудчух цамгар а яьлла, больницехь Iуьллуш, цу больницехь Iиллина цхьа хьаьрса гIазакхи, хIинца кху хьешаша юьйцучу цамгарх мара а бужуш, товелла, цу больницера араволуш шена гаран сурт а хIоьттина, цкъа дехха ла а доьгIна, тIаккха, кху хьешашна хIун молханаш ша хьоьхур ду, ца хууш, ехха ойла а йина, шена хьалха дагадеънарг дIаэлира:

— И кIант Эртина зиярте а вига, мелчу хитIе вигий, хи чу вижош 15 де а даккхийта, иншаллахI, цунах и то а лур ву, — аьлла.

Дагас шайна гайтина некъ хазахетта болу хьеший:

— Дела реза хуьлда хьуна, — олуш, шиммо а роггIана шишша куьйгаца Дагин куьг а лаьцна, сагIина Дагина 5 сом а делла, ара а бевлла, дIабахара.

Чохь висна Дага, цкъа ша-шега: «Яраббий, цу цамгарна молха дан а дуй-теша?» — аьлла, ара а ваьлла, шен уьйтIахь амбар еш бохкучу шен мурдашна тIевахара.

VII

Дагин кертахь чIогIа дуьллучу салаватан гIовгIа кху жимчу юьртан массо а маьIешкахула чекхйолура. Зикар дечу Дагин муридаш юкъара, шовкъ а еана, охьабетталурш хIор минотехь бохург санна зикаран чIагарх йисте бохура. Дагин кибарчигийн цIенойн ехха учи юьззина Iен къена зударий, зикар деш ирхлелха гIора доцу баккхий наххий, уьйтIахь кегийчу мурдаша дечу зикаре ладоьгIуш, бIаьргех хиш а оьхуш Iара, царна юкъара дукхахболу кегий зударий, цхьана маьIе Iен берашший, деш долчу зикарехьа башха ойла а йоцуш, кортош а айина, кел арахьа хьоьжуш Iара, муьллаш белахь а, хIинцца схьакхача безаш болу цхьа нах тергалбеш. Зикаран чIагарна дикка гена оьхкина чуьйнан,

цIестан даккхий еш, шайна чу кхехко тосу долчу жижигана багош а гIиттийна, Iаь етташ, кхозура. Етт тилош воллу ши мурд, хьацарша а вуьзна, шаьш схьалаьцна гIуллакх дан гIерташ, хьуьхь а воьлла воллура.

Оцу заманчохь Жавжан, чара айина йогIучу цхьана зудчуьнца етт тилош бохкучушна тIе а еана:

— Суна-м, шу тоххара девлла хир ду, моттара, шу-м довла а ца дохку хIара тилийна, сиха лелал шу, нускал схьакхачале яа хIума ца яьлча, вайн гIуллакх бакъахьара хир дац, — аьлла, Жавжан, шен кийрахь йолу гIайгIа а лачкъийна, елакъежира.

Етт тилош воллучу шина мурдах цхьаъ:

— Жавжан, хьо-м йоха а ца йоьхна, — аьлла вистхилча:

— ХIунда юху со? Нускал далош — юху ткъа?.. Со-м мелхо а сакъераделла ю, — аьлла, Жавжан схьайолаелира.

Жавжан, шена тIеялочу эмгарна кийра богуш белахь а, муридашка «Жавжан йоьхна яра» ца алийта гIерташ, ела а къежна, муридаша нускална совгIатана яхьаш йолу кIудаллий, гIуммагIий, куьзгий, царах терра кхин совгIаташ а оьцуш, кертахула тIахъаьлла хьаьддий-еддий лелаш яра. Кертахь Жавжан иштта хьаьдда лелаш гун муридаш Дагина дайначу гIенан хьокъехь Жавжан ирс долуш, далла хьалха́ иза, цхьа малик санна, сийлахь хеташ, цуьнга хьуьйсура. Цхьацца боллу зударий, Жавжанах къахеташ: «Миска яI-кх, бусалба жинаша далла гIуллакх дечу меттиг тIе, ламаз карахь а доцуш, хIокхо ког ца баькхинехьара, кхунна тIе зуда а ца ялош, и хинволу кIант кхуьнгара хир вар-кх.. иза а делан йоза ду-кх...» — бохуш, Жавжане хьуьйсура.

VIII

Iуьйре яра, малх дIабуьзина ала мегар долуш, маьлхан цIечу зIаьнарша малхбузехьа стиглахь йолу цхьа-ши марха цIийдинчу аьчган басе ерзийнера, олхазарийн гIовгIанаш а дIабузучу маьлхаца тен йоьллера, кху юьртахь хезаш гIовгIанаш яцара, ша кху юьртана геннара тIедогIучу зикаран тIаьхь-тIаьхьа стамлуш тIейогIу гIовгIа йоцург.

И гIовгIа, дикка къаьсташ хаза а хезаш, юьртана герга кхечира. Оцу заманчохь ДагагIеран шуьйра делладеллачу кех зударий, божарий ийна муридийн тоба зикарца богIучу нахана, хиэ тоьхна чалх санна, дуьхьал хьаьдира.

ХIорш дуьхьал хIунда боьлхура-теша? ТIебогIуш берш муьлш бара?

ХIорш дуьхьал боьлхурш, шайхан кIант хир ву, аьлла, Iабдулкъедар-Гиланис хьалххе кхаъ баькхина, тIейогIучу заманчохь Дагин муридийн нана хинйолу, нахана гергахь ирсдолуш хилла Буга ялош богIу замой бара.

Дага, оцу заманчохь цIахь а хилла, ша бахьанехь хьербевлча санна, шайн ураме ца тарлуш болу муридаш лелаш шена пинехьара, ша ощцул болу нах хьербахарх цецвер вара.

IX

Нускал схьакхаьначул тIаьхьа а муридаш, ДагагIеран кертахь хир хаддалц ирх а лилхина, шайн-шайн цIа бирзинера. Жавжан, шегахь долу хьал тIехула ца хаийтахь а, кийра леттачу цIарца кертара хIуманаш дIа-схьа йохуш хьийзара. Оцу заманчохь Дагас, ша жима волуш дуьйна доттагIа лаьцначу Мурдалца цхьаьна шайн уьйтIа а веъна, кертахула хьийзачу Жавжане а хьаьжна, вела а къежна:

— ХIун ду, Жавжан? ХIун ду? Йоьхний хьо? — аьлла хаттар дича, Жавжан, ела а къежна, йистхилира:

— Ца йоьхна со-м, шена накъост хилча, шена гIуллакх дан жимха хилча, юхуш хуьлу?.. Со-м хIинца дуьйна, цуьнга гIуллакхаш а дойтуш, паргIат Iийр ю.

— Жавжан иштта аттачу балхах юхур йолуш яц, — аьлла, Мурдал а, Дага а нускал долчу чу вахара.

Жавжан хIинццалц мел чIогIа ца йоха гIерташ леллехь а, хIара шиъ, тIаьхьий, хьалхий хIоьттина, нускал долчу чу волуш пича, хьалххе дуьйна а кийра летта йолу цIе чIагIлуш меттахъхьайна, хIара ша-шега йистхилира: «Хьажал, цара лелон хIуманаш, суна ца хууш санна. ХIинца дуьйна суна букъ берзо воллу иза... Дала юьхьIаьржахIоттайойла и!.. Хьоьца цхьаьна дукха ца еха елахь!» — аьллачу Жавжана шен дагна жимма там бира.

Нускал долчу чу вахана Мурдал, дукха ца Iаш, Дага чохь а витина, дIавахара.

X

Дага керлачу нускалца Iаш волу цхьа кIира хан елахь а, кхуьнга буьйсанан заманчохь шен жимчу нускална там ца балора. ХIара цу гIуллакхна кIелвисна вара. Дагина шена а

ца хаьара, шена хIун хилла. ХIокхо бус-буса шен цу тайпана кIелвисар, шен нускална цхьацца аьшпаш буьттуш, лечкъадора.

Дагас шкъа шен нускале Бугега элира:

— Цхьа бутт гергга хан ю кешнашкарчу беллачу нехан хьал суна гуш долу... Царна цхьацца нна хуьлуш долу Iазапаш гуш, юучу хIуманца чам а боцуш, дегI лелича санна ву со. ХIинца цхьа кIира даьлча-м, цаьрца долу гIуллакх дIа а хаьдда, цул тIаьхьа вайша дика Iийр дара, — аьлла.

Иштта хабарш дуьйцуш, Бугина бIаьргаш дуьхьал пардош а туьйсуш, Дага шена къайлах молханаш леха велира.

Цхьа кIира хьалха дуьйна, багах чопаш а оьхуш, хьацаран кIуьрах а вузий, маьIна доцуш бус-буса ша хьийзочу устазана Буга реза яцара. Цунан дагIера жима волуш дуьйна шена тIехьийзина Хьамид цкъа а дIа ца волура. ХIара, и дага а вогIий, кест-кеста йоьлхура.

Дага, мел лачкъийна, къайлах шена молханаш лелийнехь а, царах хIумма а дарба ца хуьлуш, кIелвиснера. ХIара тIаьххьара а, нохчийн молханех дош хир доцийла а хиъна, гIала оьрсийн лоьрана тIевахара, цхьанне а ца хоуьйтуш, къайлах. Лоьро, Дагин цамгаре дикка хьажа а хьаьжна, цхьацца хеттарш дича, гучуделира — Дагас Симферополехь «меташканца» буьйса яккхича, кхунна яьллачу цамгарх кхуьнан гIора цахилар а, кхуьнан бер хирг цахилар а.

XI

Цхьана дийнахь Дага, Iуьйрре хьала а гIаьттина, лулар-чу цхьана эвла кхайкхинчу ваха шен тачанка а йожийтина, кечвелча, Жавжана, ша гуттар а ма-дахкара, шайн гуьржийн таьлсаш тачанки чу дехкира. Кхеран лулахо Ахьмад, кечвелла схьа а веана, тачанки хьалха хиъначул тIаьхьа Дага, бисмилла а дохуш, аьтту агIора хиъна, Жавжан аьрру агIор а хиъна, хIорш кех бовлуш, Буга кхарна тIаьхьа хьаьжжинчохь йисира.

ДагагIар гучура бевллачул тIаьхьа лулар-чу цхьана жимчу йоIаца йисина Буга, кхин ла ца дугIуш, шайн кораш, неIарш тIе а чIагIийна, шеца йолу жима йоI цIа а яхийтина, чохь бертал охьа а йижна, ша Дагега еъчхьана яккхинчу заманан ойланаш ян юьйлира. Кхунна дуьхьал тийсара Дагас, Iахаро туьхина хьоькху мотт санна, туйнаш а оьхуш, шен юьхь тIе мотт хьекхаррий, тIера бедарш дIа а йохуьй-

тий, ша сахиллалц хьийза а йой, тІаьххьара а Дага, вега а лой, ламаз хІума а ца деш, дІакхоьссина хІума санна, вужий, наб а ккетий висаррий, бусалба нехан Іадатца лийчар тІедоьжна хиларх цуьнан башха шек ца валаррий. Иштта шена уьш дуьхьал тесча Бугас, ойла а йина: «Амал дац хІара стаг, нехан бІаьргаш дуьхьал харц бІарлагІанаш а туьйсуш, ша атта вахархьама лелаш стаг ца хилча... ХІара санна берш хир бу-кх, шайхаш ду шаьш а бохуш, нахана тІера цІоканаш йохуш лела нах. Яла а реза хир ю со оццул яхь йоцуш ккхузахь ккхуьнца хан йоккхучул», — аьлла, Буга, хьала а гІаьттина, шайн луларчу цхьана муриде ДагагІар цІа бахкалц шайн керта хьажа а аьлла, шен йолу-йоцург шаршу юккъе а йиллина, шад бинчул тІаьхьа , меллаша кех а яьлла, шен дай-наний дехачу юьрта шен цІа яхара.

XII

Буга цІа яхана ши де даьлча, шаьш деса даьхьна гуьржийн таьлсаш тайп-тайпанчу совгІатех а дуьзна, тачанки чохь бий а ког бихкина Іуьллуш устагІ а болуш, муридаша деллачу ахчанах киснаш а дуьзна, шен ирсах аьлча а, нах Іовдала хиларх са а къералуш, Дага шен зудчуьнца Жавжанца цІа кхечира. Иштта сакъераделла цІа кхаьчначу Дагина, шена дуьхьал йолуш шен жима Буга ца гича, хетаделира, Буга, цхьанхьа лулахошка яхана, цІахь яц, аьлла. Амма дукха хан ялале луларчу цхьана муридо дийцарца Буга дІаяханийла хиъначу Дагин дегІах цІе летира, иза, чеккка чу а веана, ша-шеца иштта ойлаян велира: ша Буга ялаяле хьалха, кІант хир ву, бохуш, нахана юкъа даржийначу хабарний, и кхочушхуьлу, ца хуьлу, бохуш, лергаш ира а хІиттина, ладоьгІуш Іаш нах хиларний, ша Жавжанна боьттина аьшпаш хІинца гучубала магарний.

Иштта и ойланаш еш, Дага чІогІа холчахІоьттира. Кхуо нахана Буга цІа яхар хаале цхьана хІилланца и цІа ялаяр сацийра.

Жавжан, Буга цІаяхана чІогІа сакъераделла елахь а, тІехула шен дог ца хоуьйтуш, шаьш деана совгІаташ тачанки тІера чуоьцуш, хьаьдда лелара.

Дагас, тІера некъан бедарш дІаяьхначул тІаьхьа гІовтална тІехула доьхкаран метта гата а дихкина, ара а ваьлла, Жавжане, Мурдале чехка схьакхайкха, элира. Ша-шен ойланаш а еш, уьйтІахула дІа-схьа волавелира иза.

Цул тІаьхьа дукха хан ялале Мурдал, шеца цхьа йоккха стаг йолуш, ДагагІеран керта а веана, йоккха стаг Жавжан йолчу а яхийтина, ша Дагина тІевахара, салам а делла:

— Шу цІа кхечи? — аьлла, тІехьа ши куьг а диллина, дІахІоьттира.

— Кхечи-те тхо-м цІа, — аьлла, Дага, Мурдал эцна чу а вахана, охьахиъна, жимма ойла а йина: — Хьайн нус дІаяханийла хаьий хьуна? — аьлла, вистхилча:

— Дера ишта дуьйцуш-м ма хезна суна, — жоп делира Мурдала.

— Деллахь... — аьлла, Дага юха а вистхилира: — Аса сайца Жавжан йигина аьлла, дегабаам бина яхана-теша иза цІа?.. Я цІера охьа хабар хезна яхана-теша?.. Мурдал, хала делахь а, хІара гІуллакх нахала далале Буга цІаяло гІахьара хьо.

— И-м хала гІуллакх дац. Шен жималла, сонталла, ахьа Жавжан хьайна улле а яькхина дела, дегабаам бина яхана хир ю и. Ишта еанийла хиъча, ахьа и юьйр елахь а, ша хьалха а хиъна, и ялош воГІур ву цуьнан да. Хьуна дуьхьалвер волуш стаг-м ваш хьан мурдашна юккъехь царех уггар тоьлаш волу мурид ву Бугин да-м. Цу гІуллакхе-м аса ла а дугІур ду, и дІа а дерзор ду, — Мурдал вистхилира: — Соьца еана Сека, хьоьца гІуллакх ду шен, бохуш яра, схьакхайкха мегар дарий-теша? — аьлла.

Схьаялае Дагас а аьлла, Мурдал Сека схьаяло дехьа чу вахча, Дагас ша-шега элира: «КІордийна-кх суна хІара зуда, делан денна схьаоьхуш», — аьлла.

XIII

БІаьргаш бен шен юьхьа тІера кхин хІума ца гойтуш коьртах хьарчийна кортали а долуш, неІарехь ирахь лаьттачу Секас, гІийла Даге а хьаьжна, элира:

— Хьох ала бехк а хетара, делахь а ас ялхориг тхешан къоьлла яра-кх. Хьо дала лоьрийла, тхан берех вокхахверг хІинца кхиа а кхиънера, цІенна Іуналла далучу хьолтІе а ваьллера. И кІентан хІума бахьанехь, нахана корта ца бетташ тхаьш дáхалур ду, моьттуш дара тхо, йожа тхаьшна цхьа фургон, ши говр хилла. Цундела, цу берийн да велча, хьоьга, Іалашде, аьлла, дІадилла делла и кхузткъа туьма ахча схьадезаш еанера со, дукха оьхуш айса хьуна кІордаяйтинехь

а... — аьлла, жимма соцунгIа а хилла, Сека юха а йистхилира: — ХIинца и ахча схьаделча, тахана а, кхана а бохург санна тхаьшна чехкка цхьа йожа хIума оьцур яр-кх оха, — аьлла.

ОхьатаьIна, ладоьгIуш Iечу Дагас, Секега а хьаьжна, дикка ойлайинчул тIаьхьа элира:

— КIант а воккхахилла хир ву, шена лахалучу хьола тIе а ваьлла хир ву, делахь а шун соьгахь долчу ахчанах говраш, фургон хьовха, вир иэщцал а ахча диса-м ца дисна. Хьо гуттар а, ахча, ахча, бохуш, схьаоьху, бухахь долу хьал а ца хууш... хьан цIийнан да велла хIинца шо кхаьчна, цу шарахь аса шуна йина харж сан язйина ю, хIинца соьга деллачу цу кхузткъа туьманах аса шуна дайинарг дIа а доккхуш, хьесап дича, бухадуьсург — 5 туьман 3 сом доцург кхин ахча дац-кх... Муха хир ду? Цу шарахь молчух а, юучух а, тIеюхучух а бохург санна ас шуна харж йина хилча... хIинца цу дисначу 5 туьманах шуна хIун южу хIума йогIур ю, суна-м ца хаьа, — аьлла, Дага сецира.

Дагин къамело Секина стелахаьштиго санна, дегIах хьала-охьа зуз туьйхира. ХIун дийр дара Секас, Дага воккха шайх хилча, цуьнан харцдерг нахана хьалха бакъ хилча? Дагин тешам нахана хьалха чIогIа хилча...

Дага тахана хIуъу а дан карах долуш хиларна, Секас, шен цIийнден дисна кхузткъа туьма Дага санна волчу тешамечу шайхехь нагахь довш ца дайнехь а, Дагас шена тахана дуьхьало ярна хIун дийр ду ца хуучу Секас элира:

— Тахана ахь бохург бакъхир долуш ду... Ахь тхуна йина харж тхуна хууш-м 5 туьма а ца хилла. Тхуна хууш ахь цу ахчанах иэщарг берашна эцца коч-хеча ю-кх. ХIун дийр ду, тахана и хьоьгара схьадаккха сан-м ницкъ бац, я со тахана бакъ а хир яц, — аьлла, бIаьргех хиш оьхуш, Дагега и ахча дIадилла деллачу нахана шен дагахь сардамаш а доьхуш, Сека, чуьра ара а яьлла, дIаяхара.

Дагица чохь висна Мурдал а, байшна беш болчу нищкъана Дагега хIумма а ала а ца делла, ара а ваьлла, ойланаш а еш, цIа вахара.

Чохь ша висна Дага, кепийрачу байшна хIинца стенна хьаштдара ахча а, говраш-фургон а, аьлла, ша Секина йина дуьхьало бакъонца йича санна, ша-шена резахилира. Дагина хаьара Секас ша суьде лур воцийла а, цуьнан марвежарий массо а бохург санна шен муридаш буйла а. Цундела Дагас,

шен наха юккъехь йоккхучу «сийлахь» цIаре ца хьоьжуш, байлахь дисинчу берийн шега дIадилла делла ккхузткъа туьма ахча хIилланций, харцонций тоххара дIадаьккхинера.

XIV

Мурдала тайп-тайпанчу хIилланашца тилийна, Iехийна, ца ялийнехь а, Буга Дагица пхи-ялх де даьккхинчул тIаьхьа, цуьнга ша цIа гIуриг хилар а, цIа яхча кхин юха йогIург цахилар а дIа а хаийтина, Дага ламазе воьду тергал а вина, малх чубузучу заманчохь, меллаша чуьра ара а яьлла, шен цIа яхара.

Дагас, цкъа а, шозза а тIаьхьа стаг вахийтина а, Буга, кхин юха йогIур йоцийла а хиъна, цунна шеца яха ца лаьйла а хиъна, цIе тосуш, йитина, шех дIакъастийра.

Дагас нахана юккъе ша даржийна долу харц хабарш гучу ца довлийта кхин хабарш долийра. «Буга ас ялаяр делан цхьа йоза дара. Цуьнан соьца долу рицкъа кхачийначул тIаьхьа и сох дIакъаьсти. Бугина соьца кхин дIа яха яздина ца хилла. Тохара Iабдулкъедир-Гиланис кIант хир ву аьлла зуда — Буга ца хилла, цо, «Мусин йоI» аьлла, цIе тоьхна Муса — Бугин да Муса ца хилла, иза кхин Муса хилла», — бохуш, ша долийначу хабарца цкъа шен харц хабарш дIа а хьулдина, вукху агIор шен маIар кхечу йоIана таса ойла хилла волчу вайн воккхачу «шайхо» Дагас, шена некъ боккхуш, шен ца кхачалуш долчу хIилланца шоллагIа а иштта хабарш долийнера.

Дела дIаваьллачул тIаьхьа шолгIа Дага сийлахь хеташ болчу мурдашна юккъехь, шен йоI Дагега а яхийтина, дуьненахь а, эхартахь а иза ирс долуш ян, Дагега кхачахьара, аьлла хеташ болу муридаш кIезиг бацара. Царах цхьаболчара цхьацца бахьанашца шайн зудабераш ДагагIаьрга оьхуьйтура цунна гайтархьама. Дага, ша кегийчу мехкаршца сакъералуш, царех шена хазахеттарг яло чIогIа лууш велахь а, Бугица ша яккхинчу заманан ойла а йина, кхин зуда яло сацоза вара, ша шен дегIах кхоьруш а, ца тешаш а хиларна.

XV

Муридаш бахьана долуш гулделлачу хьолаххий, хало ца хьоьгуш, хьацар ца долуш долчу паргIат вахархий, кепек делла а ца оьцуш, цхьана а дийнахь ца хедаш муридаша

кхуьйлучу уьстагIеххий, котамеххий, гIезеххий, иштта кхечарех а хIинца Дагин са ца къералора. Дагина уьш ган а ца гора. Дагин кийрахь йоккхачу гIайгIано меттиг лаьцнера, иза, шен дегIехь ницкъ цахиларна, шен жима зуда яло йиш цахиларна чIогIа ойланаш еш, холчахIоьттинера, оьрсийн лоьро шега, цхьана шарахь дарбанаш лело деза, аьлла дош Дагин дагара цкъа а дIа ца долура. Оьрсийн лоьрана тIе а оьхуш, шарахь дарбанаш леладайта Дагина цхьа а некъ ца карабора, хIунда аьлча, Дага санна волу шайх нахана гергахь оьрсийн лоьра тIе эхар там боцуш долу дела. ХIокху Iазапо, Дагин дагна паргIато ца луш, цуьнан цхьана а хIуманах са ца къерадолуьйтуш, цуьнга даима ойланаш йойтура. Дагин хIокху цамгарна хьаъа а цхьаммо къайлах дарба а лелийна, и тавеш хилча, Дага цу стагана кхаа баттахь шена муридашкара тIебогIучу пайдех ах пайда бала а реза хир вара.

Иштта цу гIайгIанашна дийнахь а, буса а ойланаш еш висина волчу Дагина тIаьххьара а цхьа говза хIума дагадеара И дара, цхьана-шина баттахь делахь а, Бухарехь ХIаваж-Бауддин зиярте воьду ша, аьлла нахана юкъа а даржийна, ша генна цхьана оьрсийн лоьрана тIе а вахана, шена дарбанаш леладайтар.

Цхьана буса Дагас, шен доттагI Мурдал кхайкхина схьа а валийна, шен гIайгIа дIа а йийцина, цуьнга шеца вар дийхира. Мурдала, Дагас шега шен къайле йийцича, дикка ойла а йина, шен доттагIчуьнга Дагега элира:

— Цига хьоьца вар-м хIумма а хала ца хетара суна, хьуна ма-хаъара, со ца хьаьжча кхин хьажа стаг а воцуш доьзал бу-кх сан цIахь. Царна хIун дийр ду, ца хаьа-кх суна, Дага... Хьанна хаьа, вайшиъ шина-кхаа баттахь цигахь Iан дезаш хуьлий а, тIаккха таро йоцуш хуьлу-кх сан гIуллакх... Хьан гIуллакхана-м со сибрех ван а хала хеташ вац, — аьлла, Мурдал, ша Дагега нийсса бохург санна хIилла долуш хиларе терра, Дагина ца хедаш тIеоьхуш долу хьал гуш, Дагегара шена хIума якхха вуьйлира.

Дагина шера хаьара Мурдал ша шена деш долчу накъосталлина шегара хIума якхха гIертийла. Дага, жимма ойла а йина, вистхилира:

— Мурдал! Хьо мацца а чохь кхин воккхах воцуш цхьалха стаг а ву, хьан дукхха а кегий бераш а ду, хьо сайца вига а вигна, цу берашна бохам бан дагахь дац суна. Ахьа царна хIумма а са а ма гатде, далла бу хастам, тахана суна оьшуш хIума дац, дала делла шортта хьал долу де-

ла, — аьлла, кисана куьг Іоьттина буьмаьштиг схьа а яьккхина, Дагас шен доттагІчуьнга Мурдале 10 туьман цхьа кехат кховдийра. Мурдал, дагахь а доцуш, шен карахь 10 туьман кехат дайча, лаамаза велакъежира. Цул тІаьхьа, шен ахча кисана диллина, Мурдал вистхилира: — Делахь аса кечо йийр ю, хьуна лиъначу заманчохь вайшиъ цига гІур а ву-кх, — аьлла, ара а ваьлла, Мурдал дІаволавелча, Дага, шен доттагІчунна тІаьхьа а хьаьжна, ца-шега:

— ЭхІей, миска яІ-кх, цхьана-шина баттахь а оцу ахчанах-м воллур вара хьо, тІаккха хІун дер ахьа? — олуш, велакъежира. Дага юха а вистхилира: — И хьоьга делла 10 туьма-м аса хьан вежаршкара, итт дакъа сов а доккхуш, духа дожкхур ду, амма хьо и кхачийначул тІаьхьа тохарлерра Мурдал-м хир ву, — аьлла, Дагас ламаз карладаккха шайн цІестан гІуммагІа схьаийцира.

XVI

Дагас, шен юьртарчу муридаш юккъехь даржорал совнаха, кхечу ярташкарчу мурдаш юккъехь а, ша шоьта дийнахь Бухарехь ХІаваж-Бауддин зиярте воьду, шен сагІех хІума цига зиярте яхьийта лууш стаг велахь, кІезиг-дукха ю аьлла ца Іаш, яхьийта еза, и сагІа цига дахьийтинчунна дуьненахь а, эхартахь а карор ду, аьлла кехаташ дахьийтинера.

Цхьаболчара ХІаваж-Бауддин зиярте дахьийта, цхьаболчара шайн устазан некъан харжана аьлла, шоьта де кхачалца йолчу заманчохь массо а ярташкахь болу муридаш Дагин бух боцчу кисана шайн йолу-йоцург тийса буьйлабелира. И хабар хезначу зударша шайна Іаьржачу денна бохуш дІадиллина долу детин ахчанаш, ахча доцучуша котам, гІаз йоьхкина, вовшах а тоьхна, ахчанаш ХІаваж-Бауддига шайна къемат-дийнахь шапаІат доьхуш Дагига Іанийра.

Кечам бо аьлла долу оцу деа дийнахь цхьана денна, лахара хьесап дича а, Дагина кхузткъа туьма гулделла ца Іийнера. Дагас, ша Мурдале делла итт туьма, ша хьалха маалларга, шен муридийн вортан тІера, ткъа дакъа сов а доккхуш, схьадаьккхира. ХІара шена тІетаттаделла даьхни, Дагина шен ирс ду аьлла хеттехь а, Дагин эхь цахилар а, цунна эхь цахетар а бен, кхин хІума дацара. Дагина эххьий, яхьий, ламасттий бохург дага а ца догІура. Дага уьш лоьручу нахах вацара, цунна дагахь, дуьне хІаллакьхуьлуш латтахь

а, шен вахар нийсделчхьана, кхидолу хIума бен а ца хетар дара.

Нахехь Дага мила ву хаъал кхетам бацара. Дага санна долчу цхьогалийн хабар кIел масех бIешарахь дуьйна тилла, набарш кхетта болу хIара миска нах муха, я стенах кхетар бара, цаьргахь Дага мила ву хаъал хьекъал а, ойла а мичахь яра, цу нахана кхетам, хьекъал дала декхарийлахь болу паччахьан коьртера хьаькамаш — Дага санна болу ДагагIар бен кхин нах бацара. Дага а царех цхьаъ вара, уьш а ДагагIар бара.

XVII

Iуьйранна малх кхеттачул тIаьхьа дIайоьжна лаьттачу тачанки чу, ДагагIарна некъана аьлла, йиллина, кхехкийна Iахаррий, котаммий, москаллий йоцург, гIехьа ши чамда а яра. Кертахь Дагин муридаша белхарца деш зикар а дара, цу зикаран Iаьнара юккъехула а ваьлла, Дагий, Мурдаллий, тачанки тIе а хиъна, Бухаре воьду, аьлла, дIаволавелира; уьш новкъа бохучу мурдашна юккъехь болу цхьаболу зударш, Дага бIаьргара дIаваллалц тIаьхьа а хьоьжуш, шаьш хIунда боьлху а ца хууш, боьлхуш лаьттара.

Иштта гIийла шен муридаш а битина воьду Дага, чIогIа ойланаш еш воьдура. Тачанки тIехь аьрру агIор Iен Мурдал, Дагин гIуллакхан ойла а йина, шега вистхилира:

«Хьажал кху нехан Iовдалалле, муьлххачу а хIуманах тешаш, кхаьргахь чIогIа болчу тешаме... эхIей, мисканаш яIкх, суна санна, шуна Дага вовзахьара, шаьш къахьепна йолу шайнаш, доьзалийн багара а йохуш, цкъа а ца вузуш волчу Дагина туьйсур яцара аша... Шун хIун бехк бу... бехк Дага санна хиллачу ДагагIара, шун бIаьргаш дуьхьал пардош а туьйсуш, шу иштта боданехь латторна, цу ДагагIеран бу. Дага санна болчу нахана аша шайн долу-доцург дIалуш ца хиллехьара, хIинца санна шу боданехь дисна хир дацара. Шу хьайбанаш ду, шуна тIаьхьа хIиттина Iуй — шу хIаллакдеш йохку берзалой ю... Дагин бух боцчу аьшпех тешаш болчу кху нехан Iовдалалла мел ю, хууш ду коьртехь жимма кхетам болчу стагана, и билгал ду... — аьлла, Мурдал, цкъа охьа а таIна, ойланаш еш вогIучу Даге а хьаьжна, юха а ша-шега вистхилира: — Хьо жима волчу заманчохь хьан леларан ойлайича-м, хьо иштта хиларх хIумма а тамаша бойла а яц. Жима волуш дуьйна а вар-кх хьо хIилланах вуьз-

ний, массо а тайпа вон мел дерг тIеэцна цхьа шайтIа. Хьалха нехан мостагIа лаьттинчу хьох хIинца а, кху тайпана къайлах мостагIа ца хилла, кхин хIун хир яра? ХIинца хьо, нахана гергахь, сийлахь цхьа адам ду. Ахьа хьуо нахана малик санна хоьтуьйту. Боккъалла а хьо ван-м хIинццалц а нах бацош, церан йолу-йоцург юуш леллачу ДагагIарах цхьа Дага ву», — бохуш ойланаш еш, тачанки тIехь шайхаца воьду Мурдал, ша кхочу, я ца кхочу ца хууш, Дагица цхьана шахьаре кхечира.

XVIII

Шахьара кхаьчча, Дагий, Мурдаллий, вовшашлахь къайлах Батуме вахар а дийцина, вокзалехь билеташ а иэцца, машина тIе а хиъна, новкъа велира.

Дагица машина тIе хиъна волу Мурдал, чехкка йоьдучу машинан корехула ара хьоьжуш, лаьтта, Мурдална, лаьхьа санна, йоьдуш шаьш тIехь долу машина а гора, юкъ-юкъа машино шийла мохь хьоькху а хезара. Мурдал, ша машина тIе дуьххьара хаарна кхераВеллехь а, тIаьхьо, вола а воьлла, майрра вогIура иза, дукха хан ялале шегара пурба доцуш ша-шега: «Яраббий, везан дела яI-кх, ма ворда а ю хьо ян-м... Хьо, къорIанор, ца йина хьуна тхан эвлара вордаНаш еш волчу Жабраила, — аьлла, машинна чоьхьарчу охьа а хууш, охьавуьжуш а долчу гIанташка а хьоьжуш, Мурдал юха а ойланаш ян велира: — Дела дуьхьа, ма тамашийна хIума дучкх хьо! Тхан ворда муха ю? — ХIара муха ю?.. Иштта говзаллаш яххал хьекъал тхан нахехь мичахь хир дара, шаьш лелош йолу вордан аш а адамех тера ян а ца хууш болчу... шайхаш ду шаьш, имамаш ду шаьш, бохуш, нахана юккъе гIуьттуш болчу кху ДагагIара, шаьш лелориг нийса делхьара, кхин хIумма а ца хилча а, иштта говзалла я нахана пайдехь долу цхьа хIума даккха ма дезара, тхуна ца оьшура иштта машина?.. Имамаш ду шаьш, олий, гIовттий, дIа... чукхетий, цхьаболчуша миска нах хIаллакбойту, вукхара, шайхаш ду шаьш, олий, нах, хьербевлча санна, тIараш а детташ, ирх а кхийсаболуьйтуш, уьш бацош, церан ергйоцург юу. Коьртанаш иштта хилча, мухха лелча а — нехан хIун бехк бу? Царна, кху оьрсашна санна, атта баха Iамо а, говзалла хьеха а мила хир ву, берриге а ДагагIар хуьлий дIахIуьттуш хилча?.. ХIокху сайн доттагIчуьнга Даге хаттий, хьажа со? Кхуо хIун олу-теша кху гIуллакхна?..» — аьлла,

набарна тӀаш охьахиъна воьдучу Дагега Мурдал вистхилира:

— Дела дуьхьа, Дага, вай, гӀазакхий бу, керастанаш бу, олий буьту хӀорш, хьуна а го-кх кху оьрсашкахь йолу говзаллаш, вай цхьана баттахь беш болу некъ дийнахь беш йолу хӀара машинаш, кхин массо а тайпа нехан бахарш аттал-ле дерзош йолу говзаллаш... Вайгахь кху тайпана цхьа говзалла мукъана а хӀунда яц-теша? Уггар вайна маьӀна доцуш хеташ долу лампин шиша доьхчи а, вай боданехь дуьйшу, кху оьрсашкахь йолу говзалла вайгахь хилча ца мегар-теша? Кхарна и говзаллаш Ӏамош долу дешарш вайгахь хӀунда дац-теша?.. Вай ткъа шарахь дешнарш а, хьуьжаршкахь сегалшка хьийзабайтина, беснаш а дайна, декъий санна, ара-бевлча а, стаг дӀаволла бен, кхин хӀума хууш ца хуьлу-кх. Оццул дешча, царна хӀунда ца хаьа цхьана а тайпана говзалла яккха? — аьлла Мурдала динчу хаттарна дуьхьал Дагас жоп делира:

— Мурдал! ХӀорш-м керстанаш бай, кхарна дала дуьне-нан Ӏилма делла, кхарна дала дуьненан ялсамане а йина... вайна... везчу дала эхарт делла, цигахь вайна ялсамане а йиллина... Мурдал, дуьне-м юхур йолуш хӀума яй, цуьнца оьрсашна дала уьш Ӏехо, тило йиллина дуьненан ялсамане а юхур ю. Эхарт духур долуш дац, вайн ялсамане цкъа а юхур яц... Хьуна хӀун моьтту, Мурдал?.. ХӀорш-м дерриге а шай-тӀанан Ӏилманаш дай, — аьлла, Дага сецира.

Мурдал юха а, Даге а хьаьжна, вистхилира:

— ХӀун хуьлу а ца хууш долчу эхартал, цигахь хир ю бо-хучу ялсаманел кху оьрсийн тахана йолу ялсамане дуккха а тоьлу-кх.

Мурдалан багара и дешнаш довллушехьа Дага ирхъик-кхира:

— Ма алалахь, Мурдал! Ма алалахь! АстагӀфируллахӀ, ала, астагӀфируллахӀ, ала! Кераста хир ву, кераста хиларна кхерам бу хьуна, ма дийца Ӏеса хӀуманаш, ма дийца! — аьл-ла, оьгӀазваханчу Дагига Мурдала юха а элира:

— ДӀавалахьа, делан дуьхьа, Дага, вай долчохь кхин хийра стаг а ваш, бакъдерг аьлча, нехан хӀума лачкъаяр, вон мел дерг леладар, нах лиэбар — Ӏосулла дац? Суна хьо вев-зичхьана, берахь дуьйна схьа а, ахьа лелоза хӀун дисна? Дуьненахь стага лелийна а, лелоза а боьха хӀума ахьа ле-лоза дуй? Эвла йистера схьа а лаьцна, ахьа соьца цхьаьна доьхкина шинара бай кхобуш Ӏечу цхьана йоккхачу стеган

дацара?.. И Iосулла дац? И динарг хьо, Дага, ваш? Суна ца хаьа хIокху сохьта а мел лелораш?.. Тахана ахьа хьайн дегIан аьттонна еш йолу харж, хьан ца кхачалуш долу даар, малар а — нехан хьацар, бай-берашна догIуш долу закат бен, кхин хIун ю? Уьш нийса ду? Селхана-стомара шайх ву аьлла гIаьттина волчу хьох нах тешарх, со мича тешар вара? Суна хьо ца вевзаш велхьара-м цхьа хIума а дара. Нахе, стенга воьду, аьлла ахь, хIинца вайшиъ стенга воьду? Дитахьа, Дага, хьуна хьайна а хаьа-кх айхьа лелориг дош доцийла а, хьуо цу гIуллакхех ца тешийла а, — аьллачу Мурдала шен шина кога юккъе доккха туй дожийра, оцу заманчохь: «Приготовьте билеты», — аьлла, веана ДагагIарна хьалха кондуктор дIа а хIоьттина, Дагас Мурдална лундолу жоп оцу заманна дайира.

Мурдална оьгIазвахана Iаш волчу Дагас, шен а, Мурдалан а билеташ шен киснара схьа а даьхна:

— На, пожалст, — аьлла дIакховдийра.

Кондуктора ша билеташка хьаьжна ваьллачул тIаьхьа: — Далеко едете, кунак, далеко? — аьлла, билеташ Дагега делира. Шена мотт хаар Мурдале хаийта санна, Дагас:

— Искажи, пожалст, кандохтар, наша пирсаьд Бакох будет? — элира.

— Нет, кунак, пересадки не будет, — аьлла, кондуктор дIаволавелира.

Ша лелон гIуллакхаш ма-дарра Мурдална хаьийла хууш, цунна хьаставала реза волу Дага:

— Хьуна хIун хала ду, со санна, оьрсийн мотт а хууш хьайца накъост волуш? — аьлла, велакъежча, Мурдал вистхилира:

— ХIумма а тамаша бац Симферополехь Iийначу хьуна оьрсийн мотт хаар-м, — аьлла.

— Пайда бощурш дукха дийца воьлла хьо, — аьлла Мурдале вистхилла, Дага, оьгIазваханехь а, тIехула шен оьгIазвахар ца хоуьйтуш, лакхарчу гIанта тIе а ваьлла, охьавижира. Мурдал: «Вайшиъ ши доттагIа хилча, со хьоьга вистхила ца мега?» — аьлла, агIорвелира. Дага, вукху мурдаша санна Мурдала а шен сий цадарна, цхьана агIор, оьгIаз а оьхуш, вукху агIор, Мурдална ша маварра вовзар дага а оьхуш, ойланаш еш Iуьллуш, цIехьана кхета, ца кхета а ца хууш, наб а кхетта висира.

КхоалгIачу дийнахь делкъан хенахь хIара ша доттагIа Батуман вокзалехь машен тIера охьавоьссира. Цул тIаьхьа

дукха хан ялале Дагас шена хуучу ах-улх маттаца тоьллачу цхьана петарехь шаьшшинна цIа а лаьцна, хIара шиъ пар-гIатвелира.

XIX

Дага Батумехь лоьраш тIе оьхуш волу цхьа бутт кхаьч-нера. Цунна шена хаа а хууш, лелийначу дарбанех дегIехь болу ницкъ совбаьллера. Ахчанан шорталлий, дика хьегарой Дагина гIолеяр доцург, Мурдал а, бугIа санна, варста а вина, цуьнан ворта цуьнан гIовталан коча юккъе ца тарлуш яра, Дагина хIинццалца, нах бацабо, нехан хьацар дуу, бохуш хиллехь а, Мурдал хIинца Дагин вахарх, цуьнан шайхаллех хьега воьллера, цунна Дагас хьон некъ чIогIа безабеллера.

Цхьана дийнахь Дага гIали юккъе вахана волуш, чохь а висна, ойланаш еш Iаш волу Мурдал шашега вистхилира:

— Хаажал кху Дагин вахаран нисдаларе: селхана-стомара яа сискал а ца карош лелла хIара, нахана зен мел долу хIума лелийна волу хIара, тахана кху доккхачу дарже кхаьчна хIара; бакъду-кх, жима волуш дуьйна а хIара иштта дукха хууш хилар. Жима волчу заманчохь кхуо шеца ловзучу берийн карара стом я гIулгаш, уьш ле а дой, схьайоккхура, ша дукха хууш хиларе терра, хIинца воккхахилча, шайх ву ша, бохуш, нахера хIуманаш яха волавелла... ХIара-х шайхаллех а, динах а тешаш а вацара. Нагахь тешаш хиллехьара, ша Iаьрбан дешар дешна воллушехь, ламаз а, марха а доцуш лелар а вацара. Кхуо-х нахана ца гучохь ламаз а ца дора, я марха а ца кхобура, и-х дай суна хууш, гуш. Кхин хIумма а дац кхуо лелориг, эрна еттачу багаца шена цкъа а ца кхачалун долу хьал хIотто гIертар бен. ХIинца кхунах а Iемина, хIара шайхалла аса а ца леладахь, гуттар а сайн къоьллица дIагIур ву со, — аьлла, чIогIа, Дага санна, шайх хила лууш волу хIара, ДагагIара санна, шен вахар тодан лууш, ойланашна чувахана хIара воллучу заманчохь, неI а йиллина, чуваьллачу Дагас:

— Стенна ойланаш йо ахь? ХIун хилла хьуна? — алар кIоргера ойланаш еш Iуьллучу Мурдална цхьа хан яьлчий бен ца хезира, кхуо, набарха волуш санна, цец хьала а эккхаш, элира:

— Аса-м хIумма а ойланаш ца йора, вайн цIахь берш да-

габаьхкина, цхьацца пайда боцу ойланаш еш, суо дIаIуьллура со-м, — аьлла.

Дага, «оххIай» аьлла, маьнги тIе агIорваьллачул тIаьхьа, Мурдале а хьаьжна, вистхилира:

— Лоьро соьга элира: «ХIинца хьуна хIокху баттахь лелийначу дарбанех хьо хьалха санна гIора доцуш а хир вац, хьо хIинца цIа ваха мегар ду; хьайна лаахь, пхи-ялх бутт баьлча, юха а веана, ахьа цхьа бутт баккхахь, хьо гуттар а толур ву». ХIинца вайшиъ сарахь, вокзале а вахана, цIа ваха веза, — аьлла, сецначу Дагега Мурдала, вела а велла, элира:

— ХIинца-м вайшиъ, Бухаре воьду, аьлла, веара, нагахь пхи-ялх бутт баьлча кхин цкъа а ккхуза юха ван дезаш хилахь, стенга воьду аьлла вогIур ву вайшиъ? — аьлла.

Дагас жоп делира:

— Юха вогIуш вайшиъ, Хьаьжин цIа воьду а аьлла, вогIур ву-кх, — аьлла, вела а луш.

— Хьуна хаа а, къорIанор, хаьа тIе хIума йогIу агIо, — олуш, вела а къежна, Мурдал шайн хIуманаш дIахьерчо волавелира.

XX

МаьркIажехь ворхI сахьт даьллачу заманчохь Дагий, Мурдаллий, вокзале а веана, машина а хиъна, цIехьа волавелира.

Дага, машин тIе ваьлча:

— Делан дуьхьа, Мурдал, ву со чIогIа могуш воцуш, — аьлла, охьавижира. Мурдала, Дагин веллачу стеган бос эцначу сибте а хьаьжна, цуьнан цIийбеллачу бIаьргашка а хьаьжна:

— ХIун хилла хьуна, бос ма чIогIа телхина хьан? — аьлла хаттар дича, Дагас элира:

— Деллахь, суна-м ца хаьа, хIара хIун ду... харчени ваханчохь чIара биънера аса, хIетахь дуьйна дегI доьхна вукх со, и ца тайна а ца хаьа суна-м, — аьлла.

Ощцу заманчохь Мурдала, цхьажимма ойла а йина, шашега: «Ощцул холчу а хIоьттина, аса а стенна хоьтту ккхуьнга иза? Иштта атта ленволу Дага-х ваций хIара, йиънарг цхьа ца тайна хир ю ккхунна, — аьлла, агIорваьллачу Мурдална набъозийра.

Кхаа дийнахь гергга кхара машинахь беш болчу некъаца Дага шен цамгарна тІаьхь-тІаьхьа гІелвелла вогІура. ХІорш ХІинжехана тІехбевлча, Дага, чІогІа чІагІвелла, ша толлург хиларх догдиллина вара.

Мурдал, къен леш воллучу Дагина бусалбан Іадатца деша догІуш долу еса а ца дешалуш, Іада а вина висинера. ТІаьххьара а дІа-схьа хьаьддачу Мурдала, вагона чохь деша хууш цхьа стаг а карийна, Дагина еса дешна далале Дага ша мел лелийначу хІилланашца цкъа а сама ца ваьн волчу набарна вахара.

Мурдал, хьалха тІекхаьчначу вокзалехь шеца цхьа оьрсийн йоза хуу стаг а ваьккхина, Дагина хилларг хоуьйтуш, цІа зІе тоьхначул тІаьхьа ойланаш ян велира. Дага валарна Мурдал воьхнехь а, коьрте йилинчу ойланаша Мурдалан мелла а сакъерадалийтинера.

Мурдалан са хІунда къералора? Мурдала шега бахара: «ХІинца хІара а вели, суна, ас карара ца балийтахь, дика некъ кара а богІу... ХІокхуьнан кхин стаг уллохь а воцуш валар суна боккха аьтту бу. Кху Дагас шен меттана со витина ас аьлча, сох ца тешаш мила хир ву?.. Суна шайх хила хІара боккха аьтту а бу».

ТІейогІучу заманна хІинццалц Дагин нах бацабарна луьйш волу яхь йолу Мурдал, шен йохьох а ваьлла, Дага санна, нехан даьхни ловзо, шайх хила ойла сацийна, пар-гІатвелира.

Вокзалехь Дагин дакъа охьадиллинчул тІаьхьа лоьраша, Дага муха велла, цунна хІун цамгар хилла, хьоьжуш, цхьана дийнахь гергга Дагин дакъа, схьа ца луш, Іиллира. Цара тІаьххьара Дагас Батумехь биъначу чІерах дІовш а даьлла валар а сацийна, Мурдална дакъа дІадахьа пурба делира.

Хьалххехь Мурдала тоьхна зІе шайга кхачарна Дагин зуда Жавжанца цхьаьна Дагин бакъ муридех муридаш ши хІургон йоьттина Дагин дакъа цІа дахьа баьхкира.

И ши хІургон йоцург, Дагин дакъа шен-шен варданна тІе диллахьара, аьлла хеташ, цунах къемат-дийнахь а са яларе дог дохуш, есачу варданашца веана кхин иттех мурид а вара.

Мурдала, цІера баьхкинчу муридашца дакъа а эцна, муридашца цхьаьна зикар а деш, уьш цІа бахара.

Дагин дакъа тІехь долчу хІургона тІехь волчу Мурдала

ша-шега элира: «Шеначунна Дагас а ловзий хIара дуьне, хIинца аса а ловзор хIара жимма. Кхуо а лебина хIара нах, суна хIунда ца мега лебан? Нагахь санна къемат-де хуьлуш хилахь, кхунна хилларг бен хир дуй суна?» — И аьлла, Мурдал Дагин докъе хьаьжира.

Нах бацочу ДагагIарах цхьаъ веллехь а, кхин цхьаъ денлуш-м воллура, тIейогIучу заманна Мурдал иштта кечвалархх хIумма а тамаша бацара.

Мурдал жима волуш дуьйна а Дагица цхьаьна кхиъна, и санна, цхьа къу вара. Иштта шен мерзачу ойланашка ваьлла Мурдал, и ойланаш ца хедаш, юьртана герга кхечира.

Эвлайисте докъанна дуьхьалбаьхкинчу муридийн зикарло Мурдал ойланаш чу ваханчуьра самаваьккхира.

XXII

Эвлайистехь вайн къемат-дийнахь хир ю, бохуш, юьйцуш йолу махьшаре тIехIоьттинера. Цигахь жоьжахате къай-мел узу терзанаш дацахь а, муридийн белхарца цхьаьна деш долчу зикаро эвлайист махьшарех тарйинера. Деш долчу зикарна юккъехь: «Хьайн гIийла муридаш хьанна битина ваха хьо, ва тхан устаз?» — бохуш хезара кест-кеста маьIмаьIехь. Зударий шаьш хIунда боьлху а ца хууш, дагахь Дагех къахеташ а доцуш, барзо лаьцначу атто санна, маьхьарий хьоькхуш, боьлхура. Дагин дакъа нахана юккъе кхаьчча, геннара хьоьжуш, уьш тергалбеш цхьа стаг хилехьара, цу мурдашна дерг хIун ду ца хууш, уьш хьерабевлла бу, я телхина нах бу, я цара дийраш ловзарш ду, белхарш ду, ца хууш, цец а ваьлла, шен хьекъалах воха мегара.

Цу тобанашна юкъахь цхьаьна агIор «ва устаз!» бохуш, шовкъ оьхуш аьлча а, кIадбелла, охьабетталуршший, цхьаьна агIор го бина уьдуш бершший, цхьаьна агIор шаьш боллучохь кхин меттах ца хьовш, дайн тIараш а детташ, зикар деш болу зударий — стаге къоламца сурт ца хIотталун долчу тайпана бара. Иштта къематчу денца Дагин дакъа шен керта кхаьчначу заманчохь ерриг а юрт бохург санна меттахъхьайнера. Дагех даларна дай-нанний доьлхура, цаьрга хьоьжуш берш боьлхура, юьртахь беже дахаза дисина хьайбанаш а доьлхуш дара, шаьш тоба а дале Дага валарна, хьекъал доцуш болу гIийла миска нах а боьлхура. Дага валар бахьанехь и дIавуллуш гуллу долу сагIа хьанна кхочурду, ца хууш, юьртара молланаш а боьлхура. Цигахь шаьш

мел яахIума юур, ца хууш, цигахь хьовла дукха хир ду-дац, ца хууш, хьуьжарера мутаIеламаш а боьлхура. Доцца аьлча, Мурдал воцург, ерриге а юрт йоьлхура.

XXIII

Мурдала, керта ца тарлуш када баьхкинчу нахе, малх бузучу хенахь къилбехьа эвлан йистте Дага дIавуллур вуйла а хаийтина, лийчийна а, марчу хьарчош а дакъа кечдечу юкъана, нахе, шайн цIа а бахна, Дага дIавуллуш ван луург юха вола, аьлла, нах шайн-шайн цIа бахийтинера. Зикар деш, ирхлелхаш берш а, шайн цIа а бахна, шайн лозучу когашка ладоьгIуш, агIорбевллера.

Ша Дагас тIаьхьа вуьтуш весет дина, аьлла, ша дагалаьцнарг Мурдала, Дага дIавоьллинчул тIаьхьа юьртан моллехула дIахаийтича дикахо хир ду, аьлла сацийра.

Хаддаза када оьхуш муридийн а, зударийн а тобанаш яра, цу зударшлахь цхьаберш, шайн белха дог доццушехь, ловзарга боьлхуш санна, кечлой, цигахь дерг хIун ду, хаа оьхура. ДагагIеран кертахь цу ца хедаш оьхучу зударша белхар хIор минотехь карладоккхура, зударшна юккъехь уггар холчохь ерг Жавжан яра. Дийнахь эзар зуда еъча а, иза царна хIоранна а дуьхьал бохург санна ца йилхича ца йолура, холчохь Жавжан яра, шайх а волуш волу шен цIийнда валарна.

Цу къемата юккъехь, тIейогIучу заманчохь шен хинболчу бахаман мерза ойланаш еш, Мурдала, чIогIа сакъераделла велахь а, тIехула-м нахе ша чIогIа гIайгIане ву моттуьйтура. Тезетахь цхьаболчу наха ХIаваж-Бауддин зияртан хьокъехь шега цхьацца хеттарш дича, Мурдала царна дуьхьал вовшех ца уьйш болу аьшпаш буьттура.

Хьалдолчу мурдаша Дагина тIера сагIина дайа далийна хьайбанаш, уьстагIий, дайа а дойуш, нахана сагIина дIадоькъуш лаьттара, цхьадолу жижигаш сихдина еш чу туьйсуш лаьттара, ирхлилхина, гIора дайна муридаш меттахIитто.

Иштта хIорш хьийзашехь малх бузу хан тIехIоьттира. Дага дIавоцлла баьхкинчу наха йоккха керт юьзнера. Лийчийна, марчо а хьарчош, кечвина Дага, «со хIакхара дIа маца вуьгу-теша?» — бохуш санна, са а ца доIуш, назбаршний, кузашний юккъехь Iуьллура.

XXIV

Дага аравакkха кечвичхьана долийна зикар, юрт яккха санна, тІаьхь-тІаьхьа чуьрадуьйлуш, чІагІделла дара.

Мурдалца цхьаьна юьртан къеданой, муридашна юкъарчу воккхачу шина муридой, Дагин дакъа чуьра ара а даькkхина, барми тІе диллинчу хенахь, муридийн зударш боцуш, Дагех чІогІа тешна муридаш, чІогІа маьхьарий хьоькхуш, белха буьйлабелира. Шайн наношца када даькхкина бераш, цхьа хІума дацахьара хІорш а боьлхур бацара, аьлча санна, делха дуьйладелира. Дагин барма хьала а айина, МурдалгІар дІабуьйлабелча, юха ца ван воьдучу Дагин барма а лаьцна, шайна мел баккха гІерташ, нах вовшийн хьоьшучу хьола тІе бевлира. Дакъа тІехь долу барма коша тІе кхаччалц йолчу юккъехь эзар стагехула хийцаделла ца Іийра. Эвлайистехь даькkхина лаьтта каш, шега вогІу волчу хьеше хьоьжуш, делла а делла лаьттара.

Кху коша юххе шаьш кхаьчча, дакъа охьа а диллина, Мурдаллий, юьртан къедий хьалха а ваьлла, кху дукхачу наха цхьаьна ламаз дира, цул тІаьхьа Мурдал, ша коша чу а воьссина, шена дукхавезаш волу шен доттагІа Дага, башха хала а ца хеташ, лахьти чу а виллина, тІе уппагІаш нисдинчул тІаьхьа: «Хьо хІинца кхузахь бакъахьа ву», — аьлла, коша чуьра аравелира. Хьалххе дуьйна а, шайн баьхьанаш кара а эцца, кийча лаьттачу муридаша минот а ялале шайн устазана, догІа санна, латта чу хийцира. Дукха хан ялале, бухахь Дага а вуьтуш, наха тІехьаькхначу лаьтта тІехь боккха барз хІоьттира. И барз чІагІбан санна, юьртан къедано, заІам а дешна, шен карарачу гІумгІаш чуьра хи Дагин мисканан борза тІе доьттира. Цул тІаьхьа, массара а куьйгаш а айина, къедано хьалхара доІа а доьшуш, тІаьхьарчара амин а бохуш, доІа динчул тІаьхьа нах, кошан борзана юха а бевлла, севцира. Юьртан къедано:

— Собардел, нах, цкъа цхьажимма шуна деша дезаш Дагин весетан кехат ду, — аьлла, шен киснара цхьа кехат схьадаькkхира.

Муридаш, шайн устаза Дагас шайга дина весет хааре чІогІа сатесна, ладогІа хІиттира. Къеда чІогІа гІийлачу лерца вистхилира:

— Хьовсал, нах! Валар бохург вай массарна а коьрте догІур долуш гІуллакх ду. Пайхамар а велла, массо а дика нах а белла. Шен зама кхаьчча, вайна юккъера, вайна а везаш,

вай а дезаш волу вайн устаз хIара Дага а вели. Дала кхунах къинхетам бойла. ХIара Дагас, Бухарех вахна цхьа бутт а баькхина, шен муридаша цига дахьийтина сагIанаш цигахь дала дезачу метте дIаделлачул тIаьхьа, делан йозанна шен цамгар кхеташ, цунах ша лийр вуйла а хиъна, хIара весетан кехат дитина: «Суна дукхадезна сан муридаш, ас сайл тIаьхьа сайн коган метта Мурдал вуьту, иза шуна сан метта хоьтийла. Шайна хатта дезаш долу гIуллакх Мурдале хоттийла. Мурдал, адамана хIун ду а ца хууш, шега доккха дарж кхаьчна стаг ву, цунах тешачунна пайда а бера болуш, ас дендолу гIуллакх Мурдала дийр ду. Стаг дIаволлар а, кхидерг а Мурдала дойла». — Иштта ду-кх вайн устазан вайга долу весет, — аьлла, къеда, охьа а таьIна, сецира.

Оцу заманчохь го бина лаьтта муридаш, цIеххьана кху Мурдале кхаьчначу шайхаллина цецбевлла, кху Мурдале хьийса буьйлабелира. Мурдал ша къедане яздайтинчу кехатан ойлаеш лаьттара. Амма Мурдал ша дина хIилла нахана гучадер ду-кх аьлла хIумма а шек-м вацара, нахана хIума ца хаьийла хууш. Мурдал: «Ас дуур ду шу хIинца дуьйна дIа», — бохуш, кIелдIахула мурдашка хьоьжуш лаьттара.

И весет дешначул тIаьхьа дукха хан ялале, цкъа а ара ца ваьнволчу тайпана лаьттан кийрахь Дага чIагIвина, цу Дагин метта шозлагIа Дага шайна хьалха а ваькхина, Дагас шен меттана Мурдал витарна тIехула цхьацца къамелаш а деш, муридаш цIехьа буьйлабелира. Царах цхьаболчарна Мурдале шайхаллин дакъа кхачар — иза Дагица ХIаваж-Бауддин зиярте вахар бахьана долуш ду, моттаделлера.

XXV

Дага велла цхьа кIира даьллачу заманчохь Мурдала, Дагина зиярт дан деза, аьлла, мурдаш юккъе хабар а даькхина, кхаа-деа денчохь пхи-ялх бIе туьма ахча гулдира.

Шовзткъа-кхузткъа туьма харж еш, Мурдала, эчиг а тухуьйтуш, Дагина еттинчу кибарчиган зиярт дайтира. Шен доттагIчун зуда Жавжан хасторхьама, хIилла долуш волчу Мурдала, зиярт деш дисина дара, аьлла, Жавжане ткъе итт туьма ахча делира, дисна диъ-пхи бIе туьма сов ахча Мурдала хIилланца шена даа сацийра.

Жавжан, Мурдал Дагас ца витина, аьлла шеко елахь а, ца хеддаш шена тIе хIума йогIур йолуш долу зиярт шена дисарна, Мурдала лелочунна реза а хилла, IадъIийра. Жав-

жан шен майрачух яьллехь а, цунна оьшуш хIума дацара. Ца хаьа, цуьнан дагахь хIун дара-м — цунна шен майра оьшура, ца оьшура-м. Иза цунна шена дика хаьа хир дара, амма Дага цунах дIа-м къаьстинера.

XXVI

Нохчийчуьра массо агIорара бохург санна ца могуш бершший, сакхат бершший, коьртера хьекъал иэшна бершший Дагин зиярте кхийла болийра. СагIина Жавжанна дукха хIуманаш а кхоьхьуш.

Цхьаболу Iовдал зударий, ца кхеташ болу муридашший, Дагин коша тIера лаьттан цуьргаш хих а етташ, дарбанаш лело буьйлабелира.

Коьртера хье телхина, хьекъална заьIапа, стеннах а теша кийча болу нах керла шайх хилла волчу Мурдала аьхкинчу ор чу лелха а буьйлабелира, тобанаш деш.

Йисина Iаш йолу Жавжан пергIата яхарах а, мерзачу даарах а дог хьера а даьлла, майра дагавеана елахь а, шайх волуш хиллачу Дагех ша йисарна, Iаьржачу нахе маре яха бакъахьа дац шена, аьлла, сецира. Цунна маре цаяхар гIоле а дара: майра веллехь а, цунна цхьа а хIума ошур доцуш, тIаьхьадисна цуьнан майрачуьнан Дагин зиярт дара.

XXVII

Дага велла шо ца кхаьчнера, шайх хилар бахьана долуш, верстина хьерваьлла волу Мурдал, пхийтта шо а кхачаза йолу цхьа йоI а ялийна, цуьнца цхьаьна мерза а юуш, шен ваха йисина хан дIатакха хиъча.

Эвлайистехь ша лаьтташ гуш долу Дагин зиярт, Жавжаней, Мурдалей: «Шу шек ма довлалаш, дуьненахь беллачу нахера пайда лоьхуш болу хьекъал доцу нах мел бу, ас шуна хIума оьшуьйтур дац шуна», — бохуш санна, лаьтташ дара.

Геннара дуьйна а пхов тIера эчиг а гуш, лаьтта сийлахь долу и зиярт, дуьненахь ша бохучу массо а дикане кхаьчнехь а, цхьана дикане ца кхочуш, цунна молха а ца карош, веллачу «сийлахьчу шайхан» Дагин зиярт дара .

ГIУРБА

— Нах! — аьлла вистхилира мимар чохь лаьтта лекха молла, нахана тIе а вирзина. Цу чуьрчу наха цо бохучуьнга ладогIа кортош хьалаайира, тIаккха моллас шен къамел дIадолийра: — Тахана дуьйна дIаболало вайна беза гIурбан бутт. ГIурбан бутт а, мархин бутт санна, беза бутт бу, — аьлла, кIеззиг саца а велла, юха а шен гIурбан бутт буьйцуш, тоъал къамел динчул тIаьхьа молла, шен некха тIерачу киснара цхьа кехат хьала а даьккхина, цу тIе а хьоьжуш, къамел дан волавелира; тIаккха, и кехат шена хьалха охьа а кхоьссина, цо кхидIа а къамел дира:

— ИбрахIим-пайхамар шен доттагI (халилуллахIурахьман) хиларна, иза зеран дуьхьа: «Хьайн воI ИсмаьIал, урс хьакхий, ве», — аьлла, дала малик дайтина хилла», — аьлла, моллас боккхо къурд бира, кIеззиг а цунна гена волчунна цуьнга велхар иккхина а моьттур долуш.

ХIинца цуьнга иккхинарг велхар дацахь а, цхьабакъду, молла-м, — я ша дуьйщучух нах тешийта делахь а, я шена лаарна делахь а, — шега велхар эккхийта гIоьртира.

Цу чохь цуьнга ладоьгIуш Iен нах цуьнга хьаьвссинчохь бисира: «ХIара воьлхуш хилча, тхо а делха мегар ду-кх», — аьлча санна.

Моллас, халла къурдаш а деш, шен къамел дIадаьхьира:

— И кхаъ бахьаш ша волчу малик деъча, ИбрахIим-пайхамар, шен воI ИсмаьIал шена вина шен доьзалхо хилар бахьана долуш, цкъачунна воьхна хьаьвзира. ТIаккха, шега

и хабар дайтинарг, и кхаъ байтинарг цхьаъ бен а воцуш, кхин хила йиш а йоцуш волу Аллахl хилар бахьана долуш, Ибрахlим-пайхамар, шен цlийх схьаваьлла доьзалхо жима Исмаьlал а эцна, иза вен, аьлла, цхьана таьlначу боьра чу вахара», — ша аьлча, моллегара велхар иккхира, тlаккха цу чуьрчу нахера а белхаран тlовгlа елира. Нах, моллас дуьйцучунна сов чlогlа ойланаш тlеяхна, шайн кортош схьалеца буьйлабелира. И ша дича санна, моллас, велхаран къурдаш а деш, шен къамел юха а дlадолийра:

— Ибрахlим-пайхамар, ша воьдучу дlакхаьчча, шен воl Исмаьlал къилбехьа верзийна охьавиллина... тlаккха... тlаккха бисмилла а аьлла, логах урс хьаькхира, урс ца летира Исмаьlалан логах... Тlаккха Ибрахlим-пайхамара, шена дала тlедиллинарг кхочушдан ша сов тlера хиларна, шен ца летта урс, оыгlаз а вахана, шена юххе lуьллучу кхерах туьйхира. И урс кхетта боккха кхера юккъехула кагбелира... — олуш, моллас, охьа а таьlаш, шен бlаьргех куьйгаш хьаькхира; цу хенахь цу маьждиг чуьра маьl-маьllехьара къаьстина чlогlа белхаран маьхьарш девлира. Моллас, кlеззиг собар а дина, юха къамел долийра:

— Шен урс цуьнан логах а ца леташ, и дlатоьхна кхера ахбаьлча, шена хьалха дlахьаьжча, Ибрахlим-пайхамарна гира шен воlана хьалхара бен, аьлла, дала байтина ка. Тlаккха, и уьстагl а бийна, шен воl а валош, цlа веара и», — аьлла, молла юха а велха волавелира. Хlинца-м нах, и велхаре а ца хьоьжуш, шаьш боьлхуш бара.

Хьуьлла, аьтто агlорчу маьllехь, тlехьарчу могlарехь lен цхьа стаг хlунда воьлху-теша?

Ша жима волчу хенахь дайна бlаьргаш, я шен цlахь боцу бахам бахьана долуш воьлху-техьа иза? Шен наха ца делларг дан а доцуш, вежарий а, йижарий а, да-нана а доцуш хилар бахьана долуш воьлху-техьа иза? Ца воьлху. Цунна хlинца и гlуллакхаш данне а дага ца догlу. Цунна дагахь доллург къемат-де ду. Ша цlахь таро йоцуш хилар, я дуьненах марзо эца йиш йоцуш ша хилар — и цо гуттар дицдалийтина ду, дац-м ца хаьа, хlинца хlокху сохьта цунна дагахь-доллург къемат дей, хlинца моллас дийцинарг бен дац. Цунна юххехь lен мара а боцуш волу воккха стаг а ца воьлху ша цlахь къен хиларх, я дала шена рицкъа хlунда ца ло аьлла. Цуьнан дагахь а къемат-де ду, я хlинца моллас дийцинарг ду. Цул совнаха, цунна дагахь ду, цу шен бахама тlе, хlуъа а йийна а, гlурба дер ша, аьлла.

Цо хIунда ца дора гIурба, «ИбрахIим-пайхамар гIурбанна шен доьзалхо вен а тIера хилча», — моллас бохуш хилча?

Цхьабакъду, хинца маьждига чохь Iачу нахах цхьаммо а ша-шега хаттар-м ца до, шаьш стенна делхахь а, цу шайна тIевирзина воьлхуш лаьттачу моллин дагахь дерг шайн дагахь дерг санна дуй-теша, аьлла а, моллас ша гIурба дойтеша, аьлла а, ша-шена хIунда ца дожадо-техьа моллас иза тIе, аьлла а, иштта кхидерш а. Иза муха дагадогIу царна, царна-м ур-атталла моллас цкъа а сагIа цадалар а дага ца догIу. Уьш-м шайн ворхIе а дехь дуьйна эхийта Iемина хиш, боьлхуш, бIаьргех оьхуьйтуш бохку, шаьш вовшашца йохье бевлча санна. Цхьабакъду, маьхьарш детташ-м ца боьлху уьш. Церан белхар тера дара воI веллачу я йоI еллачу дас кадаме баьхкинчу зударшка: «Суна тIаьхьа зударий ма белхийта, аьлла цо, суна шу цаделхар бакъахь хетара», — аьлла, шаьшка аьлча, юьхь-марш а лоьцуш, наггахь хьала а кхиссалуш, боьлхучу зударийн белхарх.

ХIара хIун ду? ХIорш хIунда боьлху, нана елла бер санна? ХIорш хIунда боьлху моллас шайна еттачу Iаьржачу Iаьнарх? ХIорш хIунда теша моллас, шена караберзо гIерташ, шаьшна тIекхийдочу зIаьнарех?

Ой!.. И хаттарш а дина, хIорш бехке муха бийр бу? Кхарех хIун аьлла бехк боккхур бу?..

ХIинца, цу моллина хьалхахь охьа а хевшина, боьлхуш Iа хIорш, цу маьждига чохь боьлхуш Iийна шайн дай санна.

— Дала ваьшна, суннат бина, тIебиллина гIурбан бутт кхочушбан декхарийлахь ду вай, цо ваьшна тIедехкина кхидолу декхарш санна, — аьлла, таьIано юха а сацавелира молла. ЛадугIуш Iен нах моллас дечу къамелан маьIне хьоьжура.

Молла волчухьа хьалхарчу могIарехь дукхахберш хьаьжой бара, куйнех кIайн а, баьццара а чалбанаш а хьерчийна, цIен а, баьццара а, кIайн а обанаш а юьйхина.

— Цу тайппана, — аьлла, моллас шен къамел кхин а дIадолийра, — суннат деш, везачу дала ваьшна тIедиллина гIурба вай кхочушдахь, вайна дала къемат-дийнахь боккха мел лур бу. Вайна хаа деза, и гIурба дарах ваьш къелур доцийла а, и гIурба дан ницкъ беллачу дала вай кхуллуш вайна азаллехь яздина рицкъа ваьшна схьакхачор дуйла а. Вайна хууш ду-кх, аллахI ша воцург, кхин дела цахилар а, вай зеран дуьхьа цо вай дуьненчу кхоьллина хилар а, вай Мухьамадан уммат

долчу нахана ялсамане а, керистан нахана хIара харц дуьне а делла хилар а. Къаьсттина вайна хууш ду, нах, дуьненан рицкъанах дан хIума цахилар а, ши бIаьрг тIекъевлича иза дуьсуш хилар а. Цундела вай, вайн дахарехь хуьлу хало а, вайн догIмашна хуьлу хало а ца лоруш, доллучу хIуманна ницкъ кхочуш волчу аллахIа ваьшна тIедехкина декхарш кхочушдан деза.

Моллега ладоьгIуш Iан нах, «суннат» бохуш, моллас цIе йохучу дашах кхеташ бацара, я цу дешан маьIна деш молла а вацара. Моллас дуьххьара: «Дала, суннат дина, тIедиллина гIурба кхочушдан деза», — аьлча, цуьнга ладоьгIуш Iачу наха и къамел чIогIа тIеийцира. Моллас кхин и ца дийцича а, гIурба дуьйцуш моллас кхин хьехам ца бича а, и нах моллина чIогIа муьтIахь хилла бара. Цхьабакъду, нагахь санна цу «суннат» бохучу дешан маьIна — «аш кхочушдахь а дика ду, цхьабакъду, и кхочуш ца дина аьлла дуьненахь а, я къематдийнахь а хила зен а, я бохам а дац» бохург дуйла хиънехь, и «суннат» боху дош, моллин кхиболу хьехам санна, дагчу дулур дацара цу чохь Iачу нахана.

Цу дашах кхета гIертар делах цатешар хеташ санна, уьш IадъIара, цундела нехан догIмаш, даьтта хьаькхна мачаш санна, качделира. ХIора стага ша-шега бохура: «Дала мукълахь, гIурба ца деш Iийр ма вац со».

...ГIурбан денош тIехIиттира. Нах маьждигехь шаьш йина чIагIонаш йицъялаза бара. Уьш хьийзара шаьшца гIурбанна дакъалаца накъост лоьхуш. Цхьабакъду, декъашхо лахале ахчанна таро ян езаш нах дуккха а бара, уьш дикка сингаттаме а хьийзара. Царех дукхахберш ницкъ а ца кхочуш кIелбисира, ницкъ кхаьчначара а, таронаш йолчара а гIурба дира. ГIурбан дийнахь маьI-маьIехь, охьа а детташ, дойуш даьхни а дара. Сихдина дIа-схьа идош гIурбан жижиган дакъош а дара. Текхош, тIемакIел йоьхкина чуьйраш йитта хи тIе уьдуш баккхий а, кегий а зударий а бара. ЦIагарчий а лаьцна, кегийчу наха а, бераша а моллин керта кхоьхьуш наьIарш а дара. Мера тIе, чIениг тIе, хьаж тIе, беснеш тIе цIийш а хьекхна, чIегIардигаш санна, дIа-схьа уьдуш бераш а дара. ГIурба дина бевллачу нехан дегнаш пергIатдевлира, царна ца хетара шаьш Iехийна аьлла, царна ца гора шаьш вовшашна а, я шайн бахамашна а дина зенаш.

Ма тамаша бу иштачу цу денна ойлаеш цу ахархошна юкъара цхьа стаг цавалар а, нагахь санна и гIуллакх харц хиларрий, моллас уьш Iехабаррий дIагайта стаг ваьлча, цу

стаге ла а доьгIна, шайн догIмашний, бахамашний, вайн пачхьалкханий зен дарах нах юха цабовлар а.

Цхьабакъду, нах боьлхур а бацара, я техкар а бацара, кхочушйийр ю шаьш, аьлла, хIинца шайн кийрахь совцийна харцонаш шайн догIмашна гена а йохур яра, цхьана дийнахь ас дешначу жайни тIера кIезиг-мезиг шаьш хIума дешна делхьара.

Иза яздинчун цIе дага ца йогIу суна, цу жайнин цIе-м: «ГIурба мичхьара даьлла а, цунах хьанна пайда, хьанна зен долу а» яра. Цу жайни тIера айса дешнарг хьуна деша воллу со, ладогIалахь, хIара ду хьуна цу тIера аса дешначух цхьадерг...

„ГIурба мичхьара даьлла а, цунах хьанна зен, хьанна пайда хуьлу а“

«Моллас, дела, ялсамане, къемат-де дуьйцуш, хьехам бича, нах боьлху. Наха ойла ца йо, моллас ша хьехам бечу хенахь стенан ойлайо а, и ша ден къамел чIагIдеш, хаздеш дой а, Нахана ца хаьа, — я хуъушехь IадъIа, — моллас хIора ша мел бечу хьехамах пайда оьцийла, шен дегIана, я шен бахамна оьшшучулла къахьоьгучу нехан хьацарх кхачам бойла. Молланех тешачу нехан дегнаш юьхьенца дуьйна дукха кIеда хуьлу. И нах, муьлххачу стага хьехам бича а, дела дагавогIушший, къемат-де хьахийча, белхарна тIера хуьлушший, боьлхушший бу. Ма тамашийна хIумнаш ду молланаший, шайхаший, къорIаной, жайнаший нахана тIедехкинарш: «хIара кхочушдан деза» олий а, «хIара кхочуш ца дича, ялсамане бIаьрга гур яц» олий а, иштта кхин дукха а тамашийна, инзаре хIумнаш дуьйцуш а!

Вайна-м хаьа, молланаша, цхьа деза де тIехIоьттича, цу дийнахь, шаьш нахана тIедиллинарг цара кхочушдахь, нах ялсамане ца бахча йиш яц, олий. Цхьаццайолчу хенахь олуш хуьлу моллас: «лаиллахIа иллалахI МухьаммадарасуруллахI» аьллачу стагана жоьжахате бIаьрга гур яц, олий. Ой, иштта шаьшка схьааьлла гIуллакх кхочушдаза цхьа а хир ма вац, и кхочуш а дина, цкъа ялсамане яькхинчу нахана и гIуллакхаш юха а тIе хIунда тоьтту-теша? Моллас ма олу ша нахе иштта ялсамане яккхийтинчу хенахь: «Дала аьлла дош ду, иштта гIуллакх кхочушдинчу стагана жоьжахате бIаьрга гойтур яц, аьлла», — олий. Цу тайпана ша делла дош ша кхо-

чушдан дезаш хилча, дала молланашка нах кхин хIунда хьий-забойту-теша, наха цу гIуллакхан ойла а хIунда ца йо-теша?

Суна моьтту, стага шен ойла харцахьа мел хьийзо, и ша а харцахьа пIерташ санна. Цунах терра, вай, цу ваьшна тIедехкинчу гIуллакхийн ойла а ца еш, и гIуллакхаш хьала мел ийди, уьш вай ваьшна тIе мел уьйзу, вай цу хьехамаш бечу нехан когаш кIела а хуьлу, вай царна кара а доьлху.

Мичара, муха даьлла гIурба

Тоххара хьалха, нах акха болуш хиллачу хенахь, вайна дуккха а жайнаша дуьйцуш ма-хиллара, и нах, хIора де мосазза дели, шайн догIмашний, дахарний оьшуш долчу хIумнашка керл-керлачу кепара цхьацца таронашца кхачамбеш хилла. Иштта, шайн хьекъалашший, говзалашший сов йовларе хьаьжжина, шаьш вовшахкхетий, тоба еш, вовшашца гергарлонаш туьйсуш, шаьшна юкъахь цхьа Iедал (закон) хилийтархьама, шаьшна юккъера цхьацца тхьамданаш а хоьржуш, баха хуьйшуш хилла. Цхьана вовшахкхеттачу тобанна юккъехь цхьа закон хила дезийла, вайна хууш ду, хIинца цхьана вовшахкхеттачу вай ваьшна юккъера хоьржучу тхьамдане диллича а. Цу тайпана, хьалхарчу наха шайна юккъера цхьацца тхьамданаш хиржина, цу тхьамданашна, шайна атта хиларе хьаьжжина, тIаьхьа а изза дезна. Денна хьекъална совбовлуш, шай-шай дикчу цIарца гIаравалар лууш болчу цу тхьамданашна, хан дIа мел йоьду, тхьамда хилар лууш а хилла, зама дIа мел йоьду, нахана юкъахь закон дукхах оьшуш а хилла, дуьне атта даа лууш а хилла. Царна, дуккха а нехан тхьамда хилча, и нах шаьшна аьтту бол-болчу законашца лелча, шаьшна паргIата дахар а, аьтто а хир буйла а хиъна, цара вовшашца къийсам латтош хилла. Царех цхьаберш, шайн кара дуккха а нах схьа а лоцуш, маьI-маьIехь охьахийшина, массо а хIуманна ша-ша тайпана шаьшкара законаш а, Iедалаш а ара а дохуш. Иштта къийсамца схьагIуш болчу цу нахана юккъера, хIинццалца вайна юккъера санна, хIора денна пал туьйсу нах гучубийла буьйлира. Цу лаккхахь вай бийцинчу тхьамданех цара Iамийначу цу нахана юккъехь, «дала вайтина со» бохуш, цхьацца гучувийла волавелла, шайн ву бохучу делан хормий (кущций), тайп-тайпана цIерашший а йохуш. Цхьаберш цу нахах теша буьйлабелла, цхьаберш юхагIерташ хилла, цу нахехь стагехь хила дезаш

долу, некъан кехат санна, цхьа а билгало (бакъо) гуш цахиларна. И дIахиъна, и нах шаьш-шаьшкара цхьацца гIуллакхаш гучудаха буьйлабелла, гуш доцу гIуллакх хаз а деш, гуш дерг къахь а деш (и нах базар лелочу нехан цIийнах а хилла, шаьш базар лелош а хилла). Нехан къинхьегамах баха лууш болу нах уггар хьалха тIебирзина (тIаьхьабевлла) царна, хIунда аьлча, цара лелочу гIуллакхашца шайна нах кIелбахкабан атта хир долу дела. Дала дахкийтина пайхамарш ду тхо, бохуш, хан юкъа а юлуьйтуш, гучубуьйлуш хиллачу цу нахехь, дала доссийна шаьшка бохуш, тайп-тайпана жайнаш а хилла. Нахана юкъахь, царех тешаш а, ца тешаш а, дукха къийсамаш лаьттина.

Цу пайхамарех цхьаъ ИбрахIим-пайхамар ву, нахана юккъехь гIурба дар чIагIдина волу. Цо и муха чIагIдина аьлча, хIокху тайпана чIагIдина: ИбрахIим-пайхамар нахана юкъа валале хьалхарчу хенахь, и санна, дела ву а бохуш, гучубийллачу наха ворхIазза арадаьккхина нахана юккъехь, гIурба дан деза, аьлла. Цхьабакъду, цу наха, дела ву бохучу дешнех тешаш а, ца тешаш а, шаьшлахь къийсамаш латтош, ворхIазза а юккъера дIадаьккхина, тIе а ца оьцуш. Иштта, нахера схьа а эцна, шен инжал тIехь (жайни тIехь) хиларна ша и нахе дIакхайкхадарна, ша лелориг нахана бакъ хетийта а, ша схьалаьцна некъ чекхбаккхархьама а, и гIурба дан деза, аьлла, нахана юккъехь дIакхайкхийна. ХIетте а цхьаболу нах и гIурба дан реза ца хилла, тIаккха ИбрахIим-пайхамара, ша аьлла деш бакъдархьама хIара говзалла хIоттийна.

Цхьана дийнахь ИбрахIим-пайхамара, шеца цхьа стаг берта а валийна, цу стаге аьлла: «Дала суна сайн кIант ИсмаьIал гIурбанна вер тIедиллина, аьлла, со хIуьнехдинчу боьра чу вогIур ву хьуна, ИсмаьIалан логах ца летча санна, ас урс тIулгах тухур ду, тIаккха уьстагI тIехецалахь суна», — аьлла, и стаг, уьстагI а эцна, цу боьра чу вахийтина цо.

Цу тайпана ша хьалха кечам а бина, ИбрахIим-пайхамар, нахе, шен кIант ИсмаьIал вер тIедиллина шена, аьлла, и «кхочушдан» цу боьра чу вахара. Хьалххе цхьана хIуманца ах а баькхина, тIехьаьжча, ахбаьлла бу а моьттур доцуш, юха и ши ах вовшна тIеттIа а таIийна, кечбинчу тIулга юххе, къилбехьа а верзийна, шен кIант охьа а виллина, шен гIуллакхан Iалашо кхочушйира хIокху тайпана: урс ца лета шен, аьлла, тIулгах туьйхира, тIаккха и тIулг ахбе-

лира, цул тIаьхьа дукха хан ялале кхуо ша хьалххехь кечвинчу накъосто уьстагI тIехийцира.

Цу гIуллакхах нах тийшира. Наха, бакъонца и дала дина гIуллакх ду а моьттуш, гIурба дан тIелецира. Цхьабакъду, цу гIуллакхах ца тешаш нах хила-м хилира, делахь а, тешаш берш дукхах хиларна, гIурба дIадахара.

Вайна ма-гарра, дин хьалххе дуьйна наха, вовшашца къийсамаш а латтош, схьакхоьхьуш ду.

Нагахь санна и гIуллакх иштта хиларх ца тешаш стаг велахь, вай цуьнга эр ду:

1) Масала, наха боххучу кепара ИбрахIим-пайхамар шен доттагI хилар бахьана долуш, и зен аьлла, дала цуьнга шен кIантана урс хьакха аьлла делахь, иза зен хIунда гIоьртира дела?.. Массо а хIуманна нищкъ а кхочуш, аллахI ву бохуш ма ву иза. Цунна хаа ца дезара ша кхоьллинчу стеган догойла?

2) Вайна хууш ду Муххьамад-пайхамар ИбрахIим-пайхамарал дикка тIаьхьа валар а, молланаша бахарехь, и Мухьамад-пайхамар шен умматца мел сий долуш, мел везаваккха ву а. ТIаккха иза иштта хилча, дала шен доттагI волу ИбрахIим-пайхамар Муххьамад-пайхамар санна сий долуш хIунда ца лерина-теша, цуьнан уммат а сий долуш хIунда ца лерина-теша?

3) Молланаша вайна хIинца а тIехь дуьйцуш ду, дала Iийсаъ-пайхамар воссийна, Мусаъ-пайхамар воссийна, Мухьамад-пайхамар воссийна, бохуш. Цул совнаха, молланаша хьуьжаршкахь берашна Iамадо, вайн масех пайхамар хилла: Iийсаъ, Мусаъ, ИбрахIим, Муххьамад, и дI. кх., олий.

И берриге а пайхамарш дала бахкийтина, боху жайнаша, цул совнаха, дуьнентIера нах шина декъе бекъа а боькъу — «кераста нашший, бусалба нашший» олий.

Вай лаккахь бийцинчу пайхамарех цхьана пайхамарна тIаьхьабевлла бу цхьаболу «кераста» нах, цу наха Iийса-пайхамара шаьшна тIедиллина гIуллакх кхочуш а до. ХIетте а и нах вайн молланаша кераста а, жоьжахате гIур болуш а лору.

Ой, жайнаша ма боху Iийса-пайхамар дала воссийна. Дала воссийначу пайхамарна тIаьхьабевлла нах кераста а хIунда лору, жоьжахата а хIунда бохуьйту? Ша дуьненчу «керастий», «бусалбий» аьлла, шина декъе бекъна нах товрат, инжал, забур, къорIа юкъе доссийна масех декъе хIунда нисбина-теша, берриге а кераста нахе цхьана тайпана

дин ца кхайкхадеш, берриге а бусалба нахе цхьана тайпана дин ца кхайкхадеш? Кхечу гIуллакхаша ца хаийтича а, цу гIуллакхаша а хоуьйту, товрат, инжал, забур, къорIа пайхамарш бу бохучу наха шаьшкара арадаьхна дуйла.

Вайн дуьненан Iилма дешначу наха шайн жайнашкахь яздо: «Дуьненахь цхьа а пайхамар а ца хилла дала ваийтина, цу пайхамарш бу бохучу наха шайл хьалха ваьл-ваьллачу пайхамаран цхьацца хьехамаш схьа а ийбеш, тIаьхьа ваьл-ваьллачо шайн дин шаьш а нисдеш, Муххьамад-пайхамара ша яздина къорIа, шел хьалха баьхначу пайхамаршкара цхьацца Iедалаш оьцуш, яздина».

Иза иштта хилар бакъду. Иза бакъхилар хоуьйту, вай кхин кIоргера гIуллакхаш схьа ца лаьцча а, гIурба вай дийцича. Молланаша, жайнаш тIехь ду, бохуш, дуьйцу, лакхахь вай дийццинчу кепара, дала ИбрахIим-пайхамаре шен кIант ве аьлла, схьадогIу и гIурба, цул совнаха, къорIан тIехь а ду и, бохуш. Цо хоуьйту Муххьамад-пайхамара, шел хьалха баьхначу пайхаршкара цхъацца хьехамаш оьцуш, къорIа ша яздина хилар.

Иштта долу Муххьамад-пайхаман дин дуьххьал-дIа шен цхьана дегIана пайденна аьлла ца даьккхина цо. Мухьамад-пайхамар ша йоккха базар лелочу нехан цIийнах хилла. Уьш мéхаш лелош а, нах бууш гулдинарг охьадилла а шаьш ца дуьтуш, шайх леташ болчу нахана дуьхьалбаккха кхечу тайпана кхерам цахилар дукхахдолу бахьана а долуш, Муххьамад-пайхамара, шен цIенна луург хIун ду а хьаьжна, ша базар лелош а хиларна, и шена пайдехь а хетта, шел хьалха баьхначу пайхамараша санна, шегара дин арадаькхина, лакхахь вай дийцинчу пайхамарийн динашкара цхьацца хIумнаш а иэдеш.

Цу тайпана долу дин базараш ечу наханий, молланашний, шайхаш ду шаьш, бохуш, и дин кхайкхош лелачу наханий чIогIа оьшуш ду. Церан бахамаш буху, дин юккъера дIадаьлча, наха церан деш долу харц сий а дов, иза шера хууш уьш а бу. Цундела уьш дийнахь а, буса а нахана и дин марздан гIерташ хьийза, хIунда аьлча, и дин чIагIделча, къахьоьгуш бохку нах бацо а, бохка а, баа а шайн карахь буьсу дела.

Дин дуьйцуш кхидIа дуьйцур дац вай, цхьабакъду, вай дийца дан-м дара дукхха а и дин харц хилар гучудоккхуш хIумнаш. Цундела хIинца вай дуьйцур ду цу динан гIуллакхех лаьцна цхьаъ, иза ду «гIурба».

Гlурбанах хьанна пайда хуьлу

Базараш лелочу нахера бо́лучу пайданел совнаха, динах а пайда болу молланашна, хlунда аьлча, уьш дин лелочу нахах бекхаш а, бехаш а бу. Молланех цхьа молла схьалаьцча, вайна го цо цкъа а кха тlехь болх цабар а, иза хьуьнха цавахар а, цхьана а тайпана цо къиэл ца Iовшийла а. Иза гучудер ду, Iаьнан хенахь моллин керта хьаьжча, цуьнан кехь хьаьжкlех дуьззина лаьттачу доьрчех а, са нисбеш хьаладоьттина лаьттачу дечигах а. Вайна ма хаьа, лакхахь вай ма-дийццара, моллас болх бахь а, ца бахь а. Дин долчу хенахь шаьшна баха атта долу дела, цара динан гlуллакхех муьлхха а схьалаьцнарг сов чlагlдеш а, хаздеш а дуьйцу, хlунда аьлча, динан цхьана гlуллакхах нах юхабевлча, цунна тlаьххье кхечу гlуллакхашна а тlаьхьара нах юхабевр болу дела. Моллина гарехь, мовладан бутт болчу хенахь мовладал деза хlума ца хуьлу, гlурбан бутт тlекхаьчча, цул деза хlума ца хуьлу. Наха цу гlуллакхан дика ойла ца йо. Гlурбанах моллина дика пайда болу, масала, цунна шайн юккъерчу берриге а нахе шаьш дэйинчу хьайбанийн неIарш а, кортош а тоьлу. Цул совнаха, цунна жижигаш тоьлу, гlурбанан денош ду олий, ахчанех а, кхечух а хlума ло, цул сов, цу деношкахь къаьсттина чlогlа цуьнан цlенна наха болх а бо. Билгал хууш ду, гlурбан деношкахь, бойнера аракхоьхьу дайинчу хьайбанийн наьIарш а, кортош а санна, цу молланийн керташка кхечу нахий, шайн юкъарчу нахий наьIарш а, кортош а, жижигаш а дlакхоьхьийла.

Хьанна зен долу гlурбанах

Билгал хууш ду, кхидолчу гlуллакхех санна, гlурбанах а ахархошна зен долийла.

Гlурбан баттахь маьждига чохь молланo вуьйсина, вагийна, Iадийна араваьлла ахархо моллас шена лекхначу зурманах гlурба дан сов карзахволий хьаьвза, иза ца дича шен бусулбалла духу аьлла хеташ. Ахархочуьнгахь, базар лелочу стагехь санна, муьлххачу а дийнахь хlума эца ахча ца хуьлу. Цундела иза цхьацца гlурбан декъаваха дезаш хуьлу. Цу гlуллакхана уггар шен йоцуш ца мега хlума йохка а еза цуьнан, ша юхкург, шен бахамна зен а деш, йорах йохка а

еза цуьнан, я цхьана базар лелочу стагера юха лург ахча эца деза цуьнан. Вайна хууш ду, базар лелочу стагана тIевахча, цо ахархочух шена боккху пайда. Масала, дукха меттигаш ю цхьана базар ечу стагера ахархочо, кире ваха ворда южур ша, олий, гIурбан декъаваха ахча оьцуш а, цу стага, и ахархо шен карахь вуйла а хууш, шена лиъначу дийнахь кире вохуьйтуш а, и ахархо, шоллагIчу дийнахь шен балха ваха деззашехь а, цунна кире воьдуш а, иза кире ма-вахха, цуьнан хьаькхна ялта тIехь Iуьллуш долу кха догIано я наха шоллагIчу буса хIаллакдеш а, цунах терра ккхин дукха а меттигаш ю ахархо, гIурба бахьана долуш, совдегархочун маIаршна кIелвахана.

Шаьшна а, шайн доьзалшна а тIеюха йоцу хIума а ца оьцуш, шайн бахам алсамбаккха бахамна оьшу хIума а ца оьцуш, шайн догIмаш могуш цахиларе а ца хьоьжуш, шайн бахамашна зен а деш, молланаший, совдегарший шаьшна болчу аьттонна лелош долу гIурба ккхочушдо ахархоша.

ХIун дакъа ккхочу къечу нахе гIурбан жижигах

Цхьацца таронаш еш, вай лаккхахь дийцинчу кепара, шаьшний, шайн доьзалшний даккхий зенаш а деш, халла гIурба до цхьаццаболчу къечу наха. Цхьабакъду, тоъал нах гIурба дан ккхаччане а ницкъ ца ккхочуш буьсу, жерой а, иштта ккхин цхьаццаберш а буьсу гIурба дан таро йоцуш. Царех дукхахболчаьрга наха дечу гIурбанах дакъа ца ккхочу. ГIурбанан декъа 7 стаг хIутту. Цара дечу гIурбанах гуттар дукха дакъош до уггар хьалха моллиний, хьажошний, мутаIеламашний, и. дI. кх. Уьш царна дIадоькъий, цул тIаьхьа шаьшна дагавогIучу гонахарчу кIелвисначу стагана а дакъа до, кIелвисна ма ву иза олий и башха хьалха а ца воккхуш. Вайна бIаьрга дайна а, хезна а ду молланашций, хьажошций дешначу нахана сагIа делча, кIелбисначу нехан ккхин тIехъьяькхина гIайгIа ца еш хилар.

Цу гIуллакхо хоуьйту кIелбисначу къечу наханий, кIелбисначу жерошний, байшний гIурбан декъах гуттар кIезиг жижиг ккхачар а, ккхаччане а ца ккхочуш дукха буьсийла а.

Дика ккхачахь а, гIурбан итталгIа дакъа бен ца ккхочу цу лаккхахь вай бийцинчу кIелбисначу гIийлачу нахе.

ТIаккха цу гIуллакхо боху: «гIурба» — молланашший, совдегархой, дешна наххий иза доцуш мегар боцуш цхьа «деза де» ду, къахьоьгу нах хIаллакьхуьлу бутт бу».

Берриге а гІалгІаша дой-теша гІурба?

Къаьстана хІокху тІаьххьарчу хенахь гІалгІашна юккъехь гІурба ца деш а, цу тайпана кхидолу гІуллакхаш ца лелош а гучубевлла дукха нах бу.

Муьлаш бу-техьа и нах? ГІурба дан ницкъ ца кхочу нах бу-теша уьш? Бац. И нах гІурба дан ницкъ кхочуш бу, белахь а, и гІурба, кхидолу динан гІуллакхаш санна, харц дуйла а хууш, ІадъІаш нах бу. И дин ца лелош болу нах — дуьненан серлонах кхуьуш, тІера Іаьржа бода дІаайбелла нах бу. ХІинца а цу динан боданечу гІуллакхех тешаш болчу къахьоьгучу наха ойлаян еза, уьш кхета беза шаьшна къорІаной, жайнаший дуьхьал туьйсучу цу боданечу гІуллакхех, уьш бакъонца харц хилар шаьшна хаа а хууш.

ГІурба а, и санна кхидолу динан гІуллакхаш а вайн керлачу бахамна зен деш ду

Вайна хууш ду, и дин дала ца кхуллуш, наха хІоттийнийла а, дела ша а, воццушехь, наха шаьш дагалаьцнийла а. Цу тайпана йолу харцо вайна гучу а яьлла, вайх кхо дакъа дича, — цхьа дакъа, тешна а, динна тІаьхьара даьлла ду, де-дийне мел дели тІаьхьара бовлуш а лаьтта. ХІетте а хІинца а вайна юккъехь динца уьйр латтош дукхха а нах бу, и дин харц хиларх ца кхеташ хилар бахьана долуш. И дин латтош берш а, и нахана юкъа уьйзурш а — молланашший, совдегаршший бу.

Молланашна и дин оьшу боданехь бохкучу къахьоьгучу нахе шаьш кхабийта (вайна хууш ду, молланаша шаьш болх ца беш, оцу наха уьш кхобуш хилар). Совдегаршна и дин оьшу юхкучу хІуманех, «Делера охьадоьссинчу делан къорІанора, хІуьнехдинарг ма делла аса кхунах» бохуш, шаьш ца делла мехаш а хІиттош, шайна совнаха соьмаш даха дуйнаш даа а, иштта кхидерг дан а. Иштта долу дин а, юккъера гІурба а чІогІа новкъа ду вайн бодане лаьтта, тІаьхьабисина бахам социализман новкъа баккхаран гІуллакхна. ГІурбан бутт наха кхочушбахь, вайна доккха зен хир ду, вайн бахам айарехь цхьа кепек а деза долчу хІокху заманчохь ойлаян еза: ялта дерца, кхин хІума дарца вай хьош йолу кампанеш йицъялийта йиш яц. Хаа деза хІора батракана, беднякана, середняка на вай хІинца бахам тобаран гІуллакхна латтош болу къийсам а, цу юккъехула ша

гIурба кхочушдича, вайн догIмашний, бахамашний, пачхьалкханий хуьлуш долу зен а.

Масала, хьовсур ду вай, гIалгIаша гIурба кхочушдича вайна зен мел хуьлу. Вайн гIалгIайн 16100 цIа лору. ХIора 7 стаг вовшах а кхеташ, гIурба дича, 500 эзар соьме кхочуш зен хуьлу хIинца. ХIинца хIокху сохьтехь Iаламат чIогIа лардан дезаш долу даьхни хIаллакдарал совнаха.

ХIинца билгала ду-кх хьуна, дешархо, гIурбанах вайна долу зен. ХIета Ленинан Коммунистийн партис а, пачхьалкхо а, пхеашеран плано а вайга бахамна зен де боху?

Бахац. Цара боху: харц зурманашка ла а догIий гуттара а вайн вортанашна тIехь Iийначу нехан вортанаш ма ярстае, пайда боцчу и ахча дIа а кхоссий. Цара боху: серлой, Iилмий совдаккхарна, могуш хилар Iалашдарна, юьртабахаман машинаш а эцна, бахам айарна хIора кепек Iалашде, ларде, шайн догIмашна хIума яккхаран дуьхьа молланаший, рицкъан дайший шайггара арадаьккхина динний, шаьшкара хIоттавина делий дIа а тасий, шайлахь вовшашна оьшу накъосталла де.

Харц лоьй вайга партий, пачхьалккхий, пхеашеран планний?

Ца лоь.

ХIунда аьлча: 1) гIурбан баттахь пIурбанаш деш, пайда боцуш дIакхуьссучу 500 эзар соьмах вайга дуккха а тракторш а, юьртан бахаман кхин машинаш а эцалур йолу дела, школий, больниций, иштта кхийолу оьшуш йолу хIума йиллалур йолу дела; 2) вайн пхеашеран плано хьайбанаш кхиа а де, церан дикалла совъякккха а боххушехь, уггар диках долу хьайбанаш, гIурбан бутт бахьана долуш, вайна юккъера дIадевр долу дела (вайна хууш ду гIурбанна кхоалгIачу шарачу доьлла уггар ондах долу бежан дуьйш хилар).

Цундела вайна го, бахаман цхьана хIуманах йолу цIе санна, вайн керлачу бахамна гIурбанах цIе ялар.

ХIун молха ду цIарна

ЦIе лата ма-йоьлли яйича йолуш хуьлу, марсаялийтича, генайолуш хуьлу. Цундела гIурбан денош тIекхачале массо а школехь, дешаран цIеношкахь, цIечу цIаьлгашкахь (уголокашкахь) беднякашкий, середнякашкий. кхеташонашкахь къамелаш (докладаш) дан деза, дин лелош болчарий, молланаший лелон пIуллакхаш дуьйцуш а, гIурба вайн бахамаш-

на чIогIа зене хилар дуьйцуш а, гIурба мичара, муха даьлла, дуьйцуш а, и. дI. кх.

Комсомол, партиец, активист!

Шу къаьсттана чIогIа хьовза деза къахьоьгуш болу нах а, бодане ахархой а гIурбанах кхетош. Шун хьалхенца чекхйовла еза гIурбанах нах кхетош йолу кампанеш а, кхеташонаш а, массанхьа а еш йолу доклад аш а.

ДОХКОВАЛАР

Рашид ханна 35 шо даьлла къен стаг вара, хьенна хилча а, кIелйисча, хIума лачкъа а еш. Рашид къола деш, цу къолах бахам гулбан гIерташ стаг вара. Базар лелорг хир яра цо, иза лело шеца говзалла хиллехьара. Дийнахь а, буса а ойланаш йора Рашида, хIун дича бахам гуллур бара-теша, бохуш.

Цунна дуьненан даьхни дукха дезара, дуьненан даьхнига чIогIа сатуьйсуш а вара иза. Цунна гора шайн юьртарчу бехачу нехан даьхний. Рашидана шера хаьара, цхьацца тешнабехкаца, харцлерца ца гулбича, бахам гуллур боцийла. Рашид, цIахь Iен кIорда а дой, араволура, куьйгаш тIехьа а дохкий, ойлаеш, лелаш хуьлура, хIун дича, муьлха тайпана рицкъа гуллур дара-те, бохуш. ТIаьххьара а, ойланаш а йина, Рашида сацийра: «Базарна говза вац со, «шайх» хир сох», — аьлла. Рашидана, дехьа-сехьа юьрта вахача, гора шайхаш бу бохучу наха тIекIела дина цIенош, гIаланаш, церан кIадин туьканаш, кхин цу тайпана долу бахамаш, шайхийн кIентий бу бохуш сакъоьруш лелаш болу кегий нах а. Рашид цу шайхех тешаш вацара. Кхунна хаьара, цара лелориг хIилла дуйла, цара лелориг дош доцийла.

* * *

Цхьана дийнахь Рашид шен юткъачу юьхьа тIера мерса маж лоргуш Iара, шайн некъан йистерчу кора кIел а хиъна. ЦIеххьана дIахьаьжча, кхунна гира тIехйолуш, цIечу беса-

ра ши говр а йолуш, цIена тачанка. Цу тIехь Iара мекхан чо а баланза, чоиций, бустамашций лерина кечвелла цхьа жима стаг. Цу тачанкина хьалха Iара хебна жима юьхь а йолуш, багахь цергаш цахиларна чукхетта беснеш а йолуш цхьа воккха стаг. Шен цу тачанкех бIаьрг ма-кхеттанехь, Рашидана хиира, тIехьахь Iен жима стаг цу шайхан кIант вуйла а, хьалхахь Iен воккха стаг цу шайхан мурд вуйла а. Рашидана, шена уьш гича, ша шайх хила йина ойла карлаелира, тIаккха шена хинболу пайда а дагабеара.

КIоргачу ойланашна чувоьллачу Рашидан карара тукаррий, куьзгий охьадуьйжира. Цул совнаха, ша Iачу поднара тIе дIа агIор а ваьлла, гуттар ойланашка вéлира иза. Иштачу цо ша-шега элира: «Кхунах дош хир дац. Ас бечу белхех, дечу къоланех со хьал долуш хир вац. Я зама а ишта арахула дIаяхийта йиш яц. И, «шайхаш ду тхо» бохуш, лела нах а шайхаш бац, цара лелориг а бозбуанчалла ду: миска нах лебеш, шайна даьхний гулдеш, уьш Iовдал буйла а хууш. Цара бууш болу и нохчий, ас баарах, кхачалур бац. Нагахь нохчий ца хилча а, нохчел аттох баалур болуш гIалгIай а бу. ТIаккха цхьаъ-м ду: тахана-кхана, шайх ву, аьлла, гIаьттича, сох нах тешар бац; цхьабакъду, цхьа кIеззиг бахьана хилча, нохчашна я гIалгIашна юкъахь «шайх ву хьенех» аьлча, дIа-м додара; хIета, цкъа нах гул а бина, къола а дийр дац аса, ламаз-марха а долор ду аса, аьлла, дуй баа беза. ТIаккха сох нах тешар бу, сох, вуьззина бусалба ву, аьлла эр ду, иза алар суна чIогIа пайдехь а ду. Цу тайппана лелаш пхи-ялх бутт боккхур бу ас... Цул тIаьхьа со халбата воьлча а нах ца тешарх кхоьру со. Иштта халбата ца вулуш, нах «хьаьжин цIа» боьлхуш, со цкъа цаьрца «хьаьжин цIа» ваха веза. Цига ваха соьгахь ахча а ду-кх аса, нехан говраш, шинарш духкуш, гулдина. Цигара со цIа веача, нахана сох цхьа хIума тарлур ю. Ламаз-марха дика а лелош, нахаца къамел кIезиг а деш, охьатаьIина бен ког а ца боккхуш, со волалур ву, иза нахана юккъехь дIа а даьржар ду. ТIаккха аса... цхьа кIаг а баьккхина, халбата а воьлла, дийнахь цхьана кIаг чохь а воллуш, бус-буса ара а лелаш, цхьа кIеззиг сайн зуда тешор ю, сайна цхьа къайленаш хаьа, бохуш, сан зудчо иза нахана юккъе ара а доккхур ду, тIаккха сох «вуьззина шайх ву иза» эр ду наха, — аьлла ша-шеца къамел а дина, ша Iуьллучохь цхьана агIор дIа а таьIна, дикка дог пургIатделира Рашидан.

Цу тайппана ша йина ойла чекхъяккхархьама Рашида,

шайн куьпара нах гул а бина, къола ца дан дуй бицира, ламаз а, марха а долийра; цул тІаьхьа дукха хан ялале «хьаьжин цІа» а вахара. Цигара цІа веача, ша бохучу кепара халбата а вуьйлира, ша боххучу кепара зудчуьнга аьшпаш а боьттира, хІора бус-буса шен баккхийчу шайхашца а, делаца а къамел ду, бохуш. И аьшпаш Рашидан зудчо шайн лулахошка дІабуьйцура: лулахоша лулахошка а дуьйцуш, цара кхечаьрга а дуьйцуш, гІарделира, Рашидах шайх хилла, аьлла. Рашидана нах тІаьхьабийла буьйлабелира, кІез-кІезиг буьйлалуш. Цул тІаьхьа цхьа хан яьллачу хенахь, кхунна цхьа хІума хаьа, моьттуш, дуккха а нохчий, цхьакІеззиг гІалгІай а, кхуьнан лайш хилла, кхуьнга бацабайта хІиттира. Тохара ша къола деш волчу хенахь ойла ма-ярра, Рашидан гІуллакх чекхделира... Кхуьнан мурдаша хІора денна совгІаташ дахьара: ахча, даьхни, кхидерг, кхидерг. Дукха хан ялале Рашидан бахам, цІенош хийцаделира, гича девзар доцуш. Рашида доладира жа-даьхни, хІора шарахь бохург санна зударий кхийла а велира.

* * *

Дукха шераш дІаихира, Рашидан зударша бина кІентий баккхийхилира, зударш бало хан йолуш болу уьш базарш лело бевлира.

Церан массанхьа а туьканаш яра — нохчийн а, гІалгІайн а мехкашкахь, цу тайпана гІаланашкахь а. Рашида тІекІел цІенош дира. Рашидан, хІилла чІогІа долуш хиларна, нохчашлахь а, гІалгІашлахь а, ломахь а цІе дІаяхара: «Шайх Рашид, шайх Рашид», — бохуш.

«Шайх Рашида» бахара, гІалгІаша а шеца тоба дан деза, гІалгІай нохчел дуккхах беза шена.

ТІаккха кхин бохура цо: «ГІалгІай бусалбанаш хилла дукха хан яц, цундела дала шена тІедиллина царех бусалба нах бар».

«...Иштта цу декхарийла воьлла со, хезий хьуна Бийберд?.. Ван а ву хьуна иза вайх бусалба нах бан декхарийлахь... Нагахь санна «шайх Рашида» ца хаийтича а, вайн вешан бакъо яра иза. Иза хилланг а ца хилча а, вайна ваьшна ган езара хІара йоьхна лаьтта зама. ХІинца вайна ма-хаъара, хІокху Николай-паччахьан Германин паччахьаца тІом лаьтта. И тІом болабелчахьана чІогІа зен хилла, бах, кху пачхьалкхана, иштта Германина а хилла, бах. Цул сов-

наха, кхиболу паччахьаш а хилла кхуьнца тIемаш беш... Ишта а, вуьшта а, «устаза» Рашида ма-баххара, хIара тIаьхьара зама а ю, хIара дуьне доха герга а дахана. Иза Рашидана шерра хаа а хаьа. Цундела, хьо сайна везаш стаг хиларна, аса дехар до хьоьга... Аса хьоьга кхин хIума ма ца бах. Аса хьоьга бах, хьо хIинца башха дика «Iеса» стаг волу дела, «тоба» а лаце, вуьзина бусалба хила хьайна. Ахьа цуьнца тоба дахь, ялсамане кийча ю хьуна. ХIокху дуьненан къиноЙх цо ларвийр ву хьо. Мухха а кепара делахь а, Бийберд, тахана-кхана хIара дуьне духуш а хилча, со санна, хьо а бусалбан дегIаца, бусалбан ойланца кханалерчу «къемата»-дийнахь далла дуьхьал хIуттийла лаьара суна. ТIаккха цхьа кхин а ду хьуна: вайх, гIалгIайх, дукха нах бац «шайх Рашидаца» тоба лаьцна. Сеццина бакъду хьуна вай, гIалгIа мел волчу стага, цуьнца тоба лоцург хилар а, кхин хан дIа ца йохуьйтуш, ахьа цуьнца тоба дича, хьуна бакъахьа хирг хилар а, хIунда аьлча, хьалха шеца тоба дина стаг дукхах везар ву цунна, цунна дукхавезавелла мурд ялсамане а гIур ву», — аьлла, шега шен доттагIчо ИсмаьIала и къамел дича, Бийберд чIогIа ойлане вуьйжира: «Шайх Рашидана», я цуьнан доьзална а тоам хиллал гIуллакх далур дац соьга», — аьлла хеташ.

ТIаккха а ИсмаьIала: «ГIуллакх хьайн ницкъ кхачаре хьаьжжина дича волу хьо», — аьлча, Бийберда Рашидаца «тоба» лецира (1916-чу шарахь). Бийберд ша тоба лаццалц динаца дика а вацара. Ламаз-м дора цо, ша бусалба нахана юкъа ваханделла, иза ца деш волу стаг царна гома волу дела, цул совнаха, гIалгIашна юкъахь ишта ца хилча ца мега дела.

Ша «тоба» динчул тIаьхьа Бийберда ламаз ца деш цхьа а де а, марха ца кхобуш цхьа а мархин бутт а ца бохуьйтура, шен ницкъ кхоччучу кепара сагIина хIума а лора, молланашна совнаха а луш, цу тIе а, Бийберд ша санна болчу мискачу нахах къахеташ а вара. СагIа дала къен нах а, бай кхобуш бехаш зударий а буйла хууш вара иза. ХIетте а цхьацца хIуманаш новкъа хуьлура кхунна. Цхьацца хIума хатта шен «устаз» волчу хIара вахча, кхуьнга а олура: «Молланашца дика ца хилча, далла везар вац», — олий. И дош чIогIа кийра доьссира Бийбердана. Кхуо чIогIа накъосталла а дора молланашна: схьачукхойкхий а, цаьрга дIавоьдий а, шен ницкъ кхоччучу тайпанара сагIа лора, шена тIе ца духуш а, ца дууш а, молланашна лора. Шен «устаз»

волчура ша цIа вирзича, Бийбердана хезара молланашна юккъехь: «Вайн «устаз» шайх Рашид делан лай ву, вайн эла ву, устаз дIатесна вита мегар вац, устазана дуьненахь хIума эшийта мегар дац; мурдо, шен бахам хIаллакьхуьлуш латтахь а, цунна там бан беза ахчанца а, даьхница а», и. дI. кх.

Иштта и къамелаш ден хезара Бийбердана молланаша. Ша я шен доьзало болхбеш динчу хьокъах диъ дакъа а дой, ши дакъа «шайх Рашидана» лора, цхьа дакъа молланашна лора, цхьа дакъа шен доьзална дуьтура. ХIокху мискачу доьзало гулдина хьакъ «шайхан» доьзало дуура: «Шайх — дуьненан воккхаха волу эла ву. «Шайх» Рашид эзар стаг ялсмане вига йиш йолуш ву», — олий. Бийберд, вуьззина бусалба хила «шайх Рашидаца» тоба дина делахь а, ша цуьнца тоба дичхьана шех чIогIа бусалба шена хетахь а, «шайх Рашида» лелочу хIумнашна чIогIа реза вацара. ХIара цхьа уьстагI, ахча, я кхечу тайпанара кхин хIума эцна шен устаз волчу вахча, устаза кхуьнга олура: «Бийберд, хIара дуьне ду... Дуьне дала кераста нахана делла... кхунах цара ялсамане йина. Къемат-дийнахь вай кхаьрца къуьйсур ду. Эхертахь хир ю вайн ялсамане, цуьнан хазалла йийца стаг вер вац, иза доккха хIума ду. Цундела, Бийберд, вай дуьненан даьхни ца лохуш, вайн догIмашна, гешна там берг ца деш, вай кечдала деза далла дуьхьалхIитта, вай кечдала деза къинойх цIандала, Жабраил-малика бартхоттучу денна кечдала деза», — олий.

И къамел шена «шайха» деш а, дина ваьлча а, Бийберд чIогIа цу дешнашна ойлаеш хуьлура. ТIаккха олура цо шашега: «Яраббий дела, бахам тхуна хIунда ца магабо, ахча тхуна хIунда ца мега, хIара тхан устаз шайх Рашид, тхуна дуьне лахар а ца магадеш, ша тIекIела гIаланаш еш хIунда воллу? ХIокхо шен берашка сихйина базарш хIунда йойту?

ХIокхуьнан тхан гIалгIайн ах мохк эццал гулдина даьхни а, ахча а хIунда дуI Цул совнаха, кхуьнан кIентий къаьркъа муьйлуш а, кехатех ловзуш а, делан денна зударий кхуьйлуш а хIунда бу? Кху тхан устазана а, кхуьнан доьзална а мегаш долу дуьне тхуна хIунда мегац-техьа? Кхуо ша ма боху, дуьненан дика а, дуьненан даьхний а дала кераста нахана делла а, царна эхартехь ялсамане хир яц а; иза иштта делахь, хIара устаз а, кхуьнан доьзалаш а кератанаш буй, хIорш кератанаш хилча, кхара тхо ялсамане а мича дуьгур?» — аьлла, Бийберда, кIезиг ойла а йина, ша-шега элира: «Везан дела, къизачу нахана кIелхьара ваккхалахь!..

Везан дела, хIинца ас аьллаг устазана дIа ма хазийталахь, ас и алар... хьуна ма хаьий, шайтIанан болх бара ас и алар». — Ша аьллачунна дохко а ваьлла, Бийберда хIинццалца тийлинчул а шиъ сов лора сагIина хIума, ламазан доIанаш шозза доышура. Наггахь цу тайпана дохковолуш велахь а, ша, шен устаз волчохь а хилла, цIавогIуш хилча: «Кхунна хIунда мега дуьненан даьхни гулдан, тхуна хIунда ца мега?» — алаза-м ца Iара...

— ОллохIу акбар!.. ОллохIу акбар!.. ОллохIу акбар! — бохуш, цIогIа детта велира кхуьнан молла басахь лаьттачу жимчу маьждигахь. Цо ша лаьттачу мимара тIера детта цIогIа кху жимчу юьртан еа а маьIехь хезара; хIокху маьждиган карниза чуьра баннашкара чIогIардигаш, моллас деттачу цIогIанах кхералой, цкъа ара лелхара, кIезиг арахула а хьийзий, юха чулелхара шайн баннашна. Лулахь Iен баккхий нах маьждиге эха буьйлабелира. Гуттара а цхьаьна лелаш волу Бийберд а, ИсмаьIал а ламазана баьхкира. И шиъ шаьшшиъ тIекхаьчча, суьйре дика а йина, баккхийчу нахаца ламаз дан хIоьттира. Бийбердана ламазехь хьалхара меттиг елира. Бийбердана, ламазехь санна, тезетахь тхьамдин меттиг кхочура, хIара 60 шо а кхаьчна воккха стаг хиларна. Бакъду, хIара шен къеллица, миска, тIехь беркъа а волуш, беснеш чу а кхетта, лоха стаг велахь а, цхьа нах чубехначохь (мовладехь делахь а, марха достуш делахь а) наха кхуьнан башха сий-м ца дора, кхунна неIара тIехьара меттиг кхочура, хIара мискалла кIелвисна стаг хиларх терра.

* * *

Буьйсано хIокху жимачу юьртахь мокха маша буьйцира, вовшашна нилхо лаьттачу цIенойн кегийчу корашкахь кегий лампанийн серлонаш гучуюьйлура; юьртан урамашкахь хьоькхуш берийн цIогIанаш а хезара, наггахь керташкахь леташ жIаьлеш а дара. Ламазера цIа вогIучу Бийбердана хьалхавóлу ИсмаьIал. Иза вогIура, балдаш а детташ, дагахь цхьацца (къорIа, жайни тIера) хIума а йоьшуш, шен деле ша къинойх цIанвар а доьхуш. ХIорш ИсмаьIалан лохачу цIенойн кетIа кхаьчча, ИсмаьIал вистхилира:

— Чу ца вогIу хьо? — аьлла.

— ХIан-хIа, вогIур вац со, кхана ваха везаш а хилча, хьалххехь охьавижа веза со, — аьлла Бийберда аьлча, ИсмаьIала цIеххьана элира:

— Бийберд, хаза ойла а яй, хьайна цига ян бакъахь хетта хIума кечъелахь, ас бегаш ца бо хьоыца, вайн устазан воI цунна зехIартана хIума вовшахтухуш ву. И вайн устаз Рашид дала, шена везаш, шена герга озарна вай цунна зехIарт дайта деза, цунна тIера сагIа дан а деза, шайхан доьзалшка хьовса а деза. Бакъду хьуна вайн устаз далла хьалха вай чIогIа дагалоьцуш хилар а, вайна тоьлашха йолу ялсаманан хIусам кечйийриг йолуш хилар а... ТIаккха иза иштта хилча, вай, вайн бахамаш хIаллакьхилахь а, ахчанца а, даьхница а вай устазан зехIарт дар чекхдаккха деза, цуьнан доьзалшка хьовса деза, гIо дан деза.

— Дера хаац суна-м, ИсмаьIал, айса хIун дийр ду, — аьлла вист а хилла, Бийберда кхидIа элира: — Селхана цхьа шинара доьхкина эцна цхьа ши туьма-м ду соьпахь, кхин соьгахь хIума ма дац, и ахча цунна ца дахьийтахь, — аьлла. Бийберд, шегахь кIезиг ницкъ хиларна, и «гота» новкъа йолуш вара.

— Ас лур ду хьоыга хьуна хьаштдолу цхьа туьма, хьайгахь хилчхьана, ахьа схьалург,—аьлла, ИсмаьIала, шен хеббачу юьхьа тIера беха мара а цIанбина, Бийберде цхьа туьма ахча делира.

ИсмаьIал, Бийбердал ханна воккхах ша велахь а, башха дика вехаш а ваца́ра, ша лаьтта тIехь болх беш яьккхина хIума шен устазан цIа а йохьуьйтуш, дуьненах дог а диллина, эхарте сатуьйсуш стаг вара. ИсмаьIаларах схьакъаьстина, схьавогIуш волу Бийберд шен массо а хенахь йолуш йолчу амалца ша-шега вистхилира: «Сан устаза Рашида соьга олура: дуьненан хазнега са ма тийса, дуьненан серлонга ма хьежа, далла гIуллакх а де, дикачу нахаца а, молланашца а дика а хила... И бохуш и велла хилча, цуьнан каш тIе, дукха ахча а дойуш, зехIарт хIунда до?.. Иза дац дуьненан хазалла ларар... Нагахь, цхьа ши-кхо туьма а дахьийтина, сагIа доккхуш хилча-м, цхьа гIуллакх дара. ТIаккха хIара ишта хIунда ду? ХIинца кхана нохчашкахь а, вахана, доьзалшка ши-кхо туьма луо аьлча, ас санна, цу гIуллакхна ахчанаш тоьлу берш масех бIе ву. Оццул дукха ахча веллачу цунна хIунда дойу, мискачунна велча дечиган чурт догIа а ца кхочу ахча? Нагахь санна цу масех бIе стага делла ахча дерриге а зехIартана дIа ца додахь, бухадисинарг мича дахьа деза? Иза дера ду цуьнан доьзало шайн догIмаш тодеш, шайн догIмаш хаздеш, шайн бахам тобеш, дойур.

Царна хIунда мега иза ишта дайа а, даа а? ХIара, мухха елахь а, цхьа къайле-м дера ю».

Бийберда цIеххьана ша-шега элира: «Ой, остопуьриллахI! Ой, остопуьриллахI, кху балех ваккхалахь! ХIай сийдолу устаз Рашид, хьуна харцахь ма хеталахь ас аьлла дош. Бакъду-кх и соьга шайтIано алийтар»... АллахI, аллахI, везан дела, аьлла, чIогIа холча а вахана, Бийберда, шен тишачу гIовталах а хьаьрчина, болар чехкадаыккхира.

Бийбердан лохчу цIеношна генахь йоццуш Iуьллучу цхьана дечига тIехь хиъна Iаш ши жима стаг вара, цхьацца къамелаш а деш, уьш бара фуражканаш техкина, шингтахь а чамданаш яра. И шиъ деша Ростов ваха, станце вахча хIун дара-техьа, бохуш, цу гIуллакхна кечвелла Iара, ворданга хьожуш. Оцу шиннех, хьеран тIулг санна, шера юьхь а йолуш волчу цхьаммо элира:

— Ахьа хIуъа а бахахь а, Мохьмад, шайхаш харц-м лоь...

ХIокху жимчу стага буьйцурш шайхаш буйла а хиъна, Бийберд, ша чувоьду а моттийтина, дехьахула керта юххе цаьрга ладогIа схьаеара.

— Хьажал, Мохьмад, ахьа асчулла кIезга дешна, ахьа, ас санна, шина-кхаа шарахь дешча, хуур ду хьуна: цу шайхаш бу бохучу наха лелориг дош доцийла а, цара миска нах буийла а, цара миска нах теIабойла а, цара миска нах боданехь бах-кабойла а, — аьлла, Мохьмадан накъост юха а вистхилча, Мохьмада элира:

— Дера иза ишта хила там ма бу, хIетте а, дукхха а наха бакъбон дела, со а царех тешаза ца волу, со комсомолец хиларна царех теша декхарийлахь вацахь а.

— Ой, со комсомолец волу а хIара ши-кхо шо бен дуй? Комсомолец ца хилча а теша ца везара царех-м, шайхаш бо-цийла а, я цара лелориг дош доцийла а кIеззиг а коьрта чохь хьекъал долчу стагана хаа ма дезара, цу тIе а, цара дийриг къола дуйла-м... Мохьмад! Вайн, гIалгIайн, дукха бу Iовдалаш. Мацвеллачу нохчочо, «шайх ву со» аьлча, вайнаха-м шаьш дай болуш мел долу хIума цунна дIа ма лой, ишта веанчу гIумкичунна а, суьйличунна а ма лой. Айхьа ойлаел, нохчочух, суьйличух, гIумкичух хуьлу шайх вайн гIалгIачух хIунда ца хуьлу. Цкъа а хезний хьуна гIалгIачух шайх хилла аьлла? ХIета стенна ду иза — нохчочух хуьлу шайх гIалгIачух цахилар?.. ГIалгIайх бусалбанаш хилла дукха хан яц, бохург ду-кх иза тIаккха. Нохчех хилла а ма яц дукха хан. ХIора шар-шарахь нохчашкара-м юьрт-юьртара цхьацца

шайх я имам ма гIотту, ши бIе шо даьлча а гIалгIашкара гIоттур воцу. Иза хIунда ду ишта? Кхин нехачул сов меженаш, бIаьрг-лерг, кхидерг долуш ма бац уьш, нохчий а ма буй гIалгIай санна нах. Бакъ ма дац шайхаш бу бохург, Мохьмад, уьш-м нах лебеш, нах теIабеш, нехан цIий муьйлуш, шаьшна ахча-даьхний лоьхуш, лелаш нах ма буй, — аьлла, Мохьмадан накъосто, схьа а яьккхина, кхуьнга цигаьрка кховдийра. Цо схьаелла цигаьрка а латийна, Мохьмада элира:

— Ас дешначу къорIанор, гIалгIачух шайх хуьлу я ца хуьлу, дага ма ца деанера суна. Ахьа ма-баххара, нохчочух хуьлу шайх гIалгIачух хила ца мега? Хьо бакъ а ма лоь, хIинца суна а ма хаьа цара лелориг дош доцийла а, цара лелориг сецна харц дуйла а, — аьлла, Мохьмад къамел дина воллушехь кхеран ворда схьа а еара, хIара шиъ станце дIа а вахара.

Цаьрга ладоыгIуш лаьттинчу Бийберда, виснарг а цу шайхех шек а ваьлла, ша-шега: «И кегий нах бакълоьра: хIунда вац цхьа а гIалгIа шайх ву олуш? Нохчочунах хуьлу шайх гIалгIачунах хила мегар вац? Бакъ ма дац цу шайхаш бу бохучу наха лелориг, со а, со санна болу кхин миска нах а, ле а беш, бууш лела-кх уьш», — аьлла, Бийберд, корта чу а бахийтина, ойланаш еш, шен чу вахара. Бийберд чIогIа тешшера «шайхаша» лелориг дош цахиларах.

Чувеана Бийберд, шена тIера тиша гIовтал дIа а яьккхина, шен тишачу, шийлачу метта аркъал охьавижира. Иза Iуьллура, цу шайхех ойланаш еш, напгахь шен дегIах маIарш а хьокхуш. Буьйсанна шен доьзал болчу чохь воцуш, хIинца ша Iуьллучу лохачу цIа чохь Iуьллуш дара кхуьнан Iедал. ЦIа, тиша хиларал совнаха, жима дара, кху цIийнан жимчу корехь йогуш шишанан лампа а яра, кхо са а болуш, мехкадаьттан чохь делла мозий а долуш. Ойланаш еш Iуьллу Бийберд, цIеххьана ша Iуьллучу метта охьа а хиъна, ша-шеца къамел дан волавелира. «ХIинца цу неIарна юххе лаьттачу чуьйнан гIумгIан метта цIеста гIумгIа лаьтташ хир яра, дIора поппаран кIудал лаьттачохь цIеста кIудал лаьтташ хир яра сан, ас сайн устазан воIа нускал далочу хенахь совпIатана ца яьхьнехьара. Хьуьлла Iуьллу тиша нуьйр йолчохь цIена нуьйр, шед Iуьллуш хир яра сан, ас, сайн устазан воI со волчу хьошалгIа веъча, цунна ца еллехь, дIора бегIалган вертан тIам Iуьллучохь чергазийн верта я башлакх Iохкуш хир яра, аса, шайх Рашид кху юьрта веъча, цунна дел-

ла дацахьара. ХIинца со Iуьллу мотт а, дехьарчу цIа чохь доьзалаш Iохку меттанаш а цIена хир дара, аса, со Нохчийчу устаз волчу массаза ваха, цуьнан доьзална кIаденаш ца кхехьнехьара; хIара со чохь Iен цIенош цIена хир дара, аса шайхан кара а, цуьнан доьзалан кара а мел делла ахча схьаделахьара. Вон гIуллакх ма дуй хIара! ХIара кхо туьма аса дIадаьхьча, сан доьзал берзина ма буьсу, нахана туьма а дала ма дезий сан... Ой, къорIанора, лур дацара кхарах кхо кепек-м ас цу нохчочунна! Тоьар ду хIинццалц левар, вацавар. Иза-м бокхха тешнабехк ма буй! Эхь ма дуй иза санна волчу нохчочух эла а вина лелар-м! Кхин цхьа а хIума ца хилча а, дуьнентIехь мел волу стаг мукъаваьлла хан ма ю хIара. Нагахь со сайн «устаз» волчу вахча, цуьнан доьзална, нуц санна, ирахь латта ма везара со: дечиг даькхина а, нуй хьаькхна а ца Iаш, хи дахьаш а; асий, сан доьзалой, хьацарна пIелг а хьоькхуш, гулдина хьакъ царех чекх ма долура. Иштта-м дера хир дац цунна, кхин-м! Цхьабакъду, дала сайна тIедиллина пхи ламаз-м дийр ду аса; делахь а, ах буьйса яьллачу хенахь хьала а гIуьттуш, шайх Рашида ламазаш до бохуш, иштта наб-м йойур яц», — аьлла, кIезиг ойла а йина, Бийберда юха а элира: «Цхьа кхин ду сан дан дезаш: суо шайх Рашидах цатешар аса нахе дIахаийта йиш яц. ТIаккха-м цара дуьйцур ма дара: «8 шарахь шайх Рашидаца тоба а леладина, хIинца дохковаьлла Бийберд», — бохуш. Аса шайхаша лелориг дош дац аьлча а, уьш сох тешар а бац. ХIинца со, сайн цIенна зенаш ца деш, тапъаьлла Iийр ву. Кхин болу миска нах а тIаьхьа кхетарг хир бу-кх», — аьлла, Бийберд, доккха са а даькхкхина, ша Iачу меттахь дIа агIорвелира. Дукха хан ялале тийначу набарх а вуьйлира.

* * *

Iуьйрре Бийберд хьалагIаьттича, веана ИсмаьIал а кхечира. Бийберда шен «харцахьа» ойла ИсмаьIалах лачкъийра, бакъду, ша зехIартана ахча луриг цахилар-м элира: сийсара цхьа чIогIа ахча оьшуш меттиг хилла, цига дахьийтина аса... Бийберд ша нохчийн устазан доьзалаш болчу вогIур ву алярах дохковаьлла вара, хIетте а ИсмаьIале дерриге а дIа-м ца хаийтира.

— Мегар ду хIета, вогIур ву со, хIара сайн бекъа цхьана говрах хийца гIоьртур ву со, тIе мах а луш, — аьлла, Бийберд, шен бекъа а эцна, ИсмаьIалца цуьнан ворда йолчу вахара.

Бийбердан а яра цхьа тиша ворда, делахь а и, сема а кагъелла, рагIу кIел теттина лаьттара. Бийбердан бекъа цIечу бесара яра, дика ворданна йожа Iамаза а йолуш, дукха хан йоццуш, шен говр елча, эцнера цо иза. Бийберда ИсмаьIалан ворданах шен бекъа дIаюьйжира. Дикка сахилла хан яра и шиъ шайн вертанашца, башлакхашца ворда на тIехь юьртах волуш лаьтта хан. Хьалха говр лоьллуш вогIу Бийберд а, тIехьа вертанах хьаьрчина вогIу ИсмаьIал а, хIокху бIаьстенан Iуьйренан шелонах вовшашка вистхила карах ца долуш, вогIура. Цу шимма тайп-тайпана ойланаш йора. ИсмаьIала ша шайн виъ стагана тIера устазан зиярт дайта лучу диъ туьманах шена я шен доьзална хир болчу мелан, хир йолчу ялсаманин ойлайора. Цунна веллачу устазан Рашид-шайхан сурт дуьхьал хIуьттура. Бийберда еш хилларг ишта яцара ойла. Ша хьалхе дуьйна цу шайхана я цуьнан доьзална дайинарг а, ша хIокху 8 шарахь мел лелийна харцхьа хIумнаш дага а оьхуш, царех дохковуьйлуш, уьш массо дага а оьхуш, царна ойланаш еш, вогIура иза.

Юха цул совнаха а дагадеара цунна: «ОстопиллахI, соьгара цаьрга дIа мел дахна ахча а, даьхни!..» — аьлла. И шена дагадеъча, шецара ИсмаьIал тергал а ца веш:

— ХIай, да хьакхиша воллийла шун, 8 шарахь сан кисна-ра цаьрга кхаьчнарг бIе туьма хилла Iийр мел дацахь! — иккхира цуьнгара. Оцу сохьта шена тIехьа Iен ИсмаьIал дага а веана, шена ца луъушехь йовхарш а тоьхна, бета тIе куьг диллира, шен дагахь дерг ИсмаьIална дIахиънийла хууш, кIеззиг эхь а хетта, бехкала вахара. Бийбердан шайхан гIуллакхца йолу ойла юхахьа яьллийла хиъна, ИсмаьIал цкъа кIайвелира, юха оьгIазвахара.

— Бийберд! — аьлла мохь туьйхира цо, ворданах йоллу бекъа а къахкош, юха олуш меллаша элира, хьаьжа юккъехь шад а бина: — Хьо соьга, ахча кхечу гIуллакхна дахьийтина, бохуш, харц хIунда лоь? Ахьа хIинца эккхийтинарг! Ой, шайхех тешам бац бохург — дела вац бохург ма ду! Хьо-м... хьан доьзал а, хьо а къемат-дийнахь жоьжахате гIур ма ву! Къемат-дийне даха дог-м хIетте а дацара — дуьненахь а таIзар дийр ма ду цу дала... Iайт! Маржа Бийберд яI, иштта хетар дац къемат-дийнахь шайх Рашида: «Мичхьа ду шу, мурдаш? Схьадуьйла суна юхье!» — бохучу хенахь, — аьлла ИсмаьIала мохь туьйхира, говр, къаьхкина, дIа а иккхира.

Шаьш тIекхаьчначу басех охьа чубовдийра уьш. Шаьш

оцу вочу басех чудовдийча, ИсмаьІала устазе орца дийхира:

— Ва устаз, ва тхан устаз Рашид-шайх! — бохуш.

Рашида шеца тоба динчу нахе олуш дара: «Кхерам нисбелча, соьга кхайкха», — олий. ИсмаьІала, устазан цІе йохуш, мохь мел туьйхи, говр чехкох йолура. Бийберд, олла а велла, Іуьллура, урхаш юхаийзаеш. Ша устазан цІе яхар ца тоьаш, ИсмаьІала муьшка Іуьттура Бийбердах:

— Устазан цІе якхха! Устазан цІе якхха! — бохуш.

— Ой! Ахь, цуьнан цІе йохуш, мохь бетта дела ма уьду хІара дІа! И цІогІа... тррр... тррр... ма детта... тррр...

— Ва устаз! Ва устаз, орцахвала...

— Ма детта, ИсмаьІал, и цІопІа, аьхка кхуьйсуьйтур ду ахьа вай!

— Ва, хьан вешина вир хиларг!.. тррр... ва устаз! Ва!.. Бийберд, якхкхал устазан цІе! Якхха!

— Вай хьан ден вала кхоъ, ма детта и цІогІа, воьйту ахьа вайшиъ... тррр...

ИсмаьІала бетта мохь шега бетта, моьттура говрана, тІаьхь-тІаьхьа чехкаюьйлура говр. Цу сохьтана говр цхьана агІор а иккхина, ворда тІекІелъелира, цхьа чкъург, дІа а яьлла, басах чуяхара; буха йисина говррий, вордий, хІорш а эцна, сехьа басах чуяхара. Дукха хан ялале кхеран бекъа, ворданан ши Іаьрч текхош, дехьа тІе а яьлла, цу сийначу бай тІехь ежаш йоллура. Ворданах схьаэца хІума ца диснера. Цхьа чкъург — цхьана агІор, важа чкъург — вукху агІор, тІехь Іийнарш а иштта. Дукха генахь воцуш аркъал Іуьллуш ИсмаьІал вара, гІенах ду-техьа хІара, бохуш, сихдина бІаьрган негІарш а детташ. Цунна гена воцуш Іуьллуш Бийберд а вара, ша лаз-лазийначу тІе куьг а дохкуш. ИсмаьІал чІогІа оьгІазвахана вара. Кхетамчу веана ИсмаьІал, хьалагІатта воьлча, ца гІаттавелира, хІунда аьлча, цуьнан аьрру ност кагйина хиларна.

— Ахьа и цІогІа ца диттинехьара, вайна хІумма а хир дацара, хьан ност а каглур яцара, варда а юхур яцара, — элира Бийберда.

— Ахьа устазан цІе яыккхинехьара, хир дацара хІара, — бахара ИсмаьІала.

— Ой, хьо эгІийна, хьо хьераваьлла! Ахьа, «устазан цІе йоху аса» бохуш, и цІогІа хьекхний бен, хІунда хилира хІара болх!..

ХьалагІаьттина лаьтта Бийберд цкъа ност кагъелла Іачу ИсмаьІале хьожура, цкъа дехьа, ворданан ши пІарс ворта-

нах а боллуш, ежаш йоллучу говре хьожура. Шен дагахь: «Вай, дела валла хьан дай, ваший хьакхица!.. И ахь, устазан цIе йоху, бохуш, цIогIа ца диттинехьара, хIара кегарий хир бацарехь», — аьлла а хеташ. ИсмаьIал чIогIа «ахI» баха ваьлча, Бийберда, дIа тIе а вахана, хаьттира: «Ой, ахI» бохуш ма Iа хьо-м, хьалагIатта, хIун дина хьуна?» — аьлла.

Цхьа а кхин хала хIума хила дисина дац хьуна суна, Бийберд, ност ма кагйина сан... ХIунда ца йоккхура ахьа, Бийберд, вайн устазан цIе? Ахьа шайхаш сийсаз ца бинехьара, гIо хир ма дара вайна, и къиношш ма ду вайшиннах дахнарш.

— Ахьа, шайх ву, бохуш, Рашиде цIогIа ца диттинехьара, хьан ност а дера ящара каглур, хьан и цхьаъ бен йоцу ворда а ящара каглур, — аьлла, Бийберд велавелира.

ТIаккха, ИсмаьIал, кхунна оыгIаз а вахана, агIор хьаьжча, кхунах там а ца хеташ, велавалаза Iе а ца луш, хIара ежаш йоллучу шен бекъанна тIевахара. Цо кест-кеста ша-шега олура: «Шайхех ца тешарг а мила ву, ност а хьенан кагйина, ворда а хьенан кагйина?.. — Даьдала шайхех тешачу шу нехан, делаI!» ТIаьххьара а элира Бийберда: «Делаюкъбара шайхан цIе йоккхуш вист а ца хила, шайхех тешачу нахаца кхин ара а ца вала, цу зуламах лар а вала, шайхех тешаш болчу нахе дIа а ала».

ЦАДЕШАР—БОДА

— ХIун деш Iа шу, варраш?! Деша... Деша!.. — аьлла, Хизир-молла, шен сийна бIаьргаш а къарзийна, хьуыжари чу иккхира. Жаззаш ваьшта а тоьхна, кху чохь гобаькхина Iохкучу тIулгаш тIе а хевшина, шайна юккъехь лаьттачу Хьамзате ладоьгIуш Iен бераш, хIинццалц а ма-кхерадалла-ра, Хизир-моллех кхераделира, церан догIмаш дегадора, цара шайн кортош жаззаш тIе чехка охьаохкийра. Юккъехь лаьтта Хьамзат а, чехка шен метте а вахана, жуз схьа а эцца, деша волавелира.

— ХIун деш Iа шу, ца боху ас шуыга, ва оьпанан кIорнеш?! — аьлла, Хизир-молла, сеничохь ирахIиттийна лаьттачу серашна тIе а вахана, катухуш, цхьаъ схьа а эцца, юха а вистхилира, шуьйра балдаш а долуш волчу шен кIантана тIе а вирзина: — Мила вара кху чохь гIовгIа йинарг а, вон лелларг а? Схьадийцал и хIокху сохьта!..

— Хьуьлла Iаьн Хьамзат вара-кх!. .— элира моллин кIанта, когашIуьйра, укkал а таIийна Iаш волчу 13 шо кхаьчначу Хьамзатана тIе пIелг а хьажийна.

— ХIун леладора цо? — аьлла, моллас шен шуьйрачу мера тIера куьзганаш тодира.

— Пхийттанна тIе бархI тоьхча маса хуылу, доьазза ялх мел ду, бохуш, массаьрга а цхьаццца хеттарш дора-кх!..

—Хьай нажжаз!.. нажжаз!.. ХIун лера воллу хьо цу хьесапца? Хьо санна, динах тIаьхьабисна копурш лера-х ца воллий хьо?.. Иммансиз! — аьлла, тIеваханчу моллас, Хьамзата-

на юьхьа тIехула сара а тоьхна, юха а элира: — Хьо суна и хьайн «аха бахарш, лаха готанаш» дуьтур долуш ву я ваг? — Хьамзат вист а ца хуьлура. Иза, ша доьшучуьра юкъахваьккхина ликпункт дага а оьхуш, воьлхуш Iара.

— Схьаял цхьаммо гIоьмаш, же! Чехко ел! Варраш, вон варраш! — аьлла, Хизир-молла тIечевхича, бераша ккхуьнпа гIоьмаш чехка елира. Иштта чехка Хизир-молла, Хьамзатана и гIоьмаш а йоьхкина, когех сара бетта а волавелира.

Бекха биттира моллас Хьамзатана сара. Цуьнан когаш дистинера, царна тIехь а, бухахь а Iаьржа тачанаш хIиттинера.

Хизир-моллас, шаьш делкъан ламазана жамIатан маьждиге гулделча, Хьамзатан дега дийцира Хьамзат, Iаьрбийн дешар деша ца туьгуш, хьуьжари чохь гуттар а вон лелар а, иза, шена санна, латинийн дешар ккечу берашна а марздан гIертар а. Хьамзатана и латинийн дешар ца къахьдахь, иза нехан наьIалтера вер ваг; Хьамзат, шена марзделла латинийн дешар дешча, коммунист а хилла, делах валарна ккерам бу, бохуш.

Цу дешнех хьере хилла цIа веанчу ГIебарта, Хьамзат чу а воьллина, цунна екха йиттира, и ккеро дагахь цунна латинийн дешар къахьдан. ТIаккха цIеххьана моллас аьлла, Хьамзат, коммунист а хилла, делах валарна ккерам бу, бохуш дош дага а деана, вон оьгIаз а вахана, пеша юххе ккозу оккхало схьа а иэцца: «Копур кериста!.. Дуьтур дуй ахь суна и латинийн дешар!» — аьлла, ГIебартас ластийначу оккхалон юьхьиг бен ца ккхийтира Хьамзатан коьртах, и дIаэккхарна, амма, цуьнан баьшначу коьртах леккха доIахан басахь цIий-м ккхоьссира, и корта, ира урс тесча еллалун хилла хорбаз санна, агIо тIера жимма белла а белира.

— Ва, дада!.. Ахь хIун дин? — аьлла, Хьамзат шийла мохь а болуш, охьавуьйжира.

И мохь хезна, уьйтIахь куьрк ккорзуш йолу Хьамзатан нана, Бикату: «Аш хIун до? Аш хIун до?» — аьлла, чуиккхира.

Чуяьлча, Бикатуна, Хьамзатан книжкаш пеша а йоьхкина, царах сирник Iуьттуш воллуш шен майра а гира, цIенкъахь, пхьаьрсаш цхьана агIор а тийсина, коьрта гонах цIен айма а хIоьттина, напгахь са а доккхуш, Iуьллуш Хьамзат а гира. Бикату, шен доьзалхочух чIогIа дог а лозуш, ГIебартах елха а ца яьхьаш, халла къурдаш а деш, гIийла Хьамзатана го-

нах хьаьвзира. Цул тІаьхьа итт минот яьлча: «Лоьре ца кхайкхича даьрий-техьа», — аьлла Бикату йистхилира.

— ХІа!.. Кхайкха веза чехка лоьре! ХІун хилла моьттуху хьуна? Я кхунна цхьаъ хиллехь а, лоьрана хІун хуур дара? Дала ша дийр ду хьуна кхунах дан дезарг-м, — аьлла, ГІебарт аравелира.

Бикатус, Хьамзатан корта, хІума хьеккха, жимма цІийш дІадаьхна, даьтта а дуьллуш, дІабихкира.

Хьамзата, хьалхара кІира чІогІа даьккхира, цул тІаьхьа цунна, вист а хилалуш, хІума а яалуш, гІоли хилира.

Цхьана дийнахь хІара даьІахкийн Хьамзат корах арахьоьжуш Іара, гатанца корта а бихкина, базара дІай-схьай оьхучу нахе хьоьжуш, царна юкъахь шеца школехь дешна берш гаре сатуьйсуш. ХІара, шен цхьана а накъостах бІаьрг ца кхетча, аркъал шен метта а вижна, цхьацца ойланаш ян велира. Кхуо ойлайора шен дас ягийнчу шен книжкийн, ша школехь доьшучуьра, Хизир-молла бахьана долуш, юкъахваккхаран, хІинца, шен дай, наний цІера даьллачуьра, шена деша доцчу латинийн йозанан. ХІара, цІеххьана ша Іуьллучохь, пенаш тІей, кора тІей хьежа велира, цхьа а ша яздина йоза карадойла. Амма кара-м ца дира. Цул тІаьхьа, хІара цхьацца лера велира: шина эзарна тІе диъ эзар тоьхча, ялх эзар хуьлу, ялх эзарнах кхо бІе дІадаьккхича, буха пхи эзар ворхІ бІе дуьсу...

Оцу заманчохь, цІеххьана кхеран лоха неІ а йиллина, цхьа жима зуда, чу а яьлла, дІа-схьа а хьаьжна: «Стенга яхана Бикату?» — аьлла йистхилира.

— Иза а, дада а асара дахана ду-кх, хІун дора ахь цунах?

— Тхан чуьрчо сийсара цІа вогІуш хІара цхьа газет деанера, тахна цо пхьоьхана а даьккхина дайале аьлла, базара а йогІуш, кхунах Бикатуга кІархийн бустамаш дохуьйтур ас, аьлла, схьаеанера со я-м, сан докъазаллина цІахь ца нисъели-кх хІара, — аьлла, шен айрадоьллачу куьйгашца ловзош долу газет дІа а хьарчийна, — делахь кхана юха йогІур со, — олуш, неІаран тІам схьалецира чуеанчу зудчо.

— Рукъият! Рукъият! Цкъа собардехьа, — аьлла мохь туьйхира хьалхе дуьйна а, кхуьнан керарчу газета тІехь «Серло» аьлла яздинчу йозанах бІаьрг а кхетта, церг елаелла Іаш волчу Хьамзата.

— ХІун бах ахь? — аьлла, юхайирзира Рукъият.

— И газет соьгахь дитахьа, кхана хьо юхайогІуш хилча,

аса дойур а дац хьуна! — аьлла, Хьамзат хьаставелча, Рукъията, дуьхьало ца еш, газет Хьамзатехь дитира. Ца дехьча шен майрачух ца Iалашдан а дикахо а ду-кх, аьлла дагадеана. Рукъият араяьлча, Хьамзат чIогIа сакъералуш газета тIе хьежа велира. ТIаккха ша дикка газет дешначу заманчохь ккуо цIеххьана чIогIа дийшира: «Яртийн ба-хамаш чIагIда-ран зае-мийн тес-на кхаьж-наш», — аьлла. Хьамзата юха а дийшира изза.

ТIаккха шайн заем дагаеана, меллаша нара тIера охьа а воьссина, нара кIелхьарчу шайн тишчу тIорказа чуьра заем схьа а эцца, юха а газета тIе хьежа велира. Вехха хьийжира хIара цу газета тIе, кест-кеста шайн заем тIе а хьожуш. Ша цхьана номер тIе ккаьчча, кхуьнан томканан бесара ши бIаьрг шуьйра къаьрзира. ХIара, охьа а таьIна, газетана дикка тIехьаьжира. ТIаккха, вела а къежна:

— Номер 214... — аьлла, юха заема тIе а хьаьжна, — номер 214... — элира, юха а газета тIе а хьаьжна: — Номер 214... даьккхина ахча 250 сом, — аьлла, чIопIа хазахетта, ша Iаччохь цкъа кхосса а велла, юха а газета тIе хьаьжира. Цул тIаьхьа, хIара вехха хьийжира, кор а диллина, шайн урама новкъа дIа-схьа, шен дай, наний цIа догIу гуш дуйла. ТIаккха жимма са а дайра, кхунна, муха кхета а ца хууш, наб а кхийтира, сийсара чов лозуш кIезиг набъярна.

Кхуьнан цхьана буйнахь къевллина йоллуш заем яра, вукху буйнара газет, цхьа маьIиг бен гуш ца юьсуш, пенаний, нараний юккъехула бухадаханера.

Цул тIаьхьа дукха хан ялале малх дIабуьзинчу суьйренца хийцаелла буьйса хIоьттира, халкъана совгIатана сирла бутт а кховдош.

Балхара цIа вирзина, ГIебарта, ша шайн керта ккаьчча, Бикату стерчий дIахоьцуш а йитина, чехка чу а веана, сирник а латийна, и Хьамзатана тIе лецира.

— Хьай, вир, вон вир! — элира ккуо, Хьамзатан буйнахь йоллучу заемах шен бIаьрг ккетча. Цул тIаьхьа хIара, Хьамзат сама ца воккхуш, цуьнан буйнара заем а эцца, аравелира.

Стенга хьо-теша ГIебарта шен заем? Цо ахча даьккхинийла хууш, я даьккхинийла хьажа хьо-теша цо иза?

ХIан-хIа! ГIебарта заем цу гIуллакхана па хьора, ккуо и заем кетIа веанчу стагна йохка хьора.

Ткъа мила ву-теша кетIа веанарг?

КетIа веанарг кху куьпара совдегар Ахьъяд вара. Ахьъяд чIогIа сингаттам болуш стаг вара, хьалха санна, гулдан йиш йоцчу хьолана, пайда баккха йоцчу меттигашна. Амма кхуо, ша сагатдаре терра, кхин керла некъ дага а беана, цкъа хIун хуьлу хьажа цхьа гIуллакх дIа-м долийнера. И дара хIинцца кхо бутт хьалха ккуо, шена гонах вехачу пхеа-ялх ахархочуьнан чу а оьхуш, пачхьалкхана луьйш долийна къамел дуьйцуш, заема тIе а доккхий, хIусамдайшка уьш схьа а оьцуьйтуш, лаъмана къолам хьоькхучуха, цхьа а ша лелочух ца кхуьуьйтуш, цу заемийн номерш дIаязъяр. Иштта гIуллакх дара-кх Ахьъяда долийнарг. ХIинца хIара, ша кху ГIебартан заеман дIаязйинчу номеро 250 сом даьккхинийла а хиъна, веанера-кх ГIебартан кетIа.

— ХIара хIумнаш оьшуш вацара со, — аьлла ГIебарт вистхилира, ша кетIа ваьлча.

— Дош даций кху пачхьалкхо лелориг-м! ХIорш-м шу мискачу нехан шайнаш яа гIерташ лелий, хIара цхьацца кехаташ ара а хоьцуш, — аьлла Ахьъяд юха а вистхилира: — ХIун луо ас хьуна ккунах? — аьлла, заем тIе шен куьг а кховдош.

— Аса-м пхи сом делла ккунах, ахьа хьайна луъург луо-кх!

— ГIебарт!.. ВаллахIи, бакъ ма ду, хIокху сохьта сайн баккхал тIера налог тоьхна со зен хилла вацахьара, ас ккунах хьуна диъ сом ирх-охьа а лург хилар... ХIинца хьо резавелахь, ши сом ах сом лур ду-кх ас хьуна. ТIаккха а бакъ ма ду хьуна хIара ас сайн ахчанах цхьа нехан гIуллакхана иэцар, — аьлла, Ахьъяда шен харцо тIехь гун къоьжачу юьхьа тIе дайн куьг хьаькхира.

— И делча-м, къурIанора, сов ма дара кху кехатан цуьргах!

— ХIара-м дера ду хьуна хIета, — аьлла, Ахьъяд кIайн ши сом ах сом а делла, заем а эцца, дIавахара.

Буьйсанна дикка хан яьлча, Бикату, учарчу пешахь ша еттина сискал чу а еана, ГIебарте йистхилира:

— И Iуьллу кIант самавакхахьа, тахана Iуьйранна йиъчахьана, хIума яаза ву-кх иза...

КIур туьйсуш лаьтта лампа чу а оьзна:

— Хьо хьаха везара мацалла валийта, копар, вон копар! ХьалагIатта, хIей, хезий хьуна? Хьакха, хьалагIатта! — аьлла, ГIебарта, Хьамзат, дIа схьа хьавеш, сама а ваькхина,

нара тІе сискал яа хиира, чуччa когаш а боьххина, шен охьахьаьвзинчу хьаьрсачу мекхех ка а хьаькхна.

Самаваьллачу Хьамзата, ша Іуьллучохь бІаьргаш а хьекхош, мохь туьйхира:

— Дада! Дада! Вайн заемо ткъе пхиъ туьма даькхина хьуна!

— ХІаъ, доккхуш хуьлу, и шайтІанан ойла а йина охьавижча, — элира ГІебарта, юха а ца хьожуш.

—ГІан гина хьуна цунна, — аьлла, Бикату елаелира.

— Со делах волда, дада, ас бегаш бахь, даькхина хьуна, дада, къурІанора, даькхина, — аьлла, Хьамзат, заем лоьхуш, шен мотт кего волавелира.

— ХІун йо цо ян а? Хьо делах ваьлла хан-м суна дага а ца йотІу, иммансиз! Сама а ялий, эцца хи тоха хьайн бІаьргех, котам!

— ДІахьажал, дІахьажал! Цо кего мотт! И-м иэгІийна, — аьлла, Бикату юха а йистхилира: — ХІей, Хьамзат, набархвалахьа, хьуна дайнарг-м гІан дай, хезий хьуна? Самавалахьа!

— Да дера дукха гІан-м и. Кхин хІун гур дара кхунна, «пионераш» а дагахь охьавижча, — аьлла, ГІебарта шен гІалмажхан чайнан кад айира.

Пенаца чуолладеллачу газетан маьІиг а гина, цунах катоьхча и нар кІел а доьжна, схьаиэца гІерташ воллу Хьамзат стоммочу озаца вистхилира:

— Со делах волийла, ас бепаш-м бахь, — аьлла. Газет схьа а иэцца, юха, заем лоьхуш, мотт кепо велира.

— ДІахьажахьа цуьнга, цо цхьаъа-м леладо, — аьлла Бикату йистхилча, дІахьаьжна ГІебарт, шена и карахь газет а долуш гича, оьгІазвахара. ХІара шега вон хьаьжча, Хьамзат, кхунна тІе а веана, лен велира. Хьамзата дийцира шегахь Рукъията газет дитар, и газет доьшуш Іаш заемийн кхаьжнаш тесначу номерашна тІе ша кхачар, цул тІаьхьа, шайн заем схьа а иэцца, номер яьллийла хьаьжча, шайн номерца 250 сом даккхар а. ГІебарт кхунах ца теша дагахь сеццера, цІеххьана шена ша тховса Хьамзатан буйнара заем якхар дага ца деанехьара. Цул совнаха, кхунна дагадеара Ахьъяд кхо бутт хьалха, шайн чу а веана, деха къамел а дина, шайн заеме а хьежна, дІавахар. И шена дагадеъча: «Хьай, кхуьнан да валла хьакхиа, цунах пайда мел ца оьцу белахь а, кхана кху куьпана ас и хІун ю мел хоуьйтур делахь а», — аьлла, катоьхна шен юкъ а йихкина, араикхира.

Стиглахь кхозу горга бутт беларна арахь сирла яра, овкъаран бесара стиглахь нилхо кхозу хIоьан буьйран бесара седарчашна юкъара маьI-маьIнехь напгахь цхьацца седа чуьрабуьйлуш, чехконца хьодуш а гора. Кху юьртахь летачу жIаьлийн гIовгIанаш а яра геннахь а хезаш.

ГIебарт чехка кхечира Ахьъядан кетIа, тIаккха кхуо, мохь тоьхна, Ахьъяд ара а ваькккхина, элира:

— Схьаял хьайгара сан заем, кхин минот хан яц хьуна! Ца лой ахь — вайшиъ боьха а къаьста хьуна кхузара дIасхьа!

Ахьъяд, воха а воьхна, дIасхьа хьежа велира, ГIебартана ша динарг хиънийла хууш.

— Хьоьга лоьй со-м! Схьалой ахь и заем? — аьлла, ГIебарта шен йоккхачу шаьлтана тIе ка диллира.

— Со... со... собар делахь. Ас... ас... хIокху сохьта схьаяхьа хьуна, — аьлла, Ахьъяд чувахара.

— Ас хьайга дIаелларг яхьар ю ахь! Сайниг ерриг хьацарша а юьзна ю хьуна, — аьлла ГIебарта тIаьхьа мохь туьйхира.

Дукха ца хьелуш схьаеанчу Ахьъяда шега заем схьакховдийча, ГIебарт, вон бIаьргаш а къарзийна, вистхилира:

— Хьуна иэхь а дац хьуна хIара санна долу къоламаш дича, — аьлла, шен заем а эцца цIа вахара. Ахьъяд, ша-шега: «ХIинца кхетта богIу хIара акхарой, хIара леш», — аьлла, цергаш а хьекхош, шен чу вахара.

ШозлагIчу дийнахь малх дикка ша дIабузаре карчаза бара, ГIебарт, шен заемо даькккхина ахча а дахьаш, леррина Хьамзатана иэцца книжкаш, тетрадаш, къоламаш а, кхин а цхьацца совгIаташ а дахьаш, цIа веача. ГIебарта Хьамзате элира, ша цунна деана совгIаташ кара а делла, белшах куьг а тоьхна:

— КIант, ас хьайна бинчу ницкъана суна къинтIера а вала, тахана дуьйна дIа хьайна схьахьоьху латинийн а, оьрсийн а дешар деша а гIорта. Ца доьший ахь — суна халахетар ду хьуна! ТIаккха а кхин цхьаъ а ду хьуна, хьайн ма-хуьллу чехка вайн «Серло» газете а язло, хIор мел деана газет суна деша а, хьуо мукъа волчухула суна латинийн йоза хьеха а тIе а лаца.

Хьамзат, шен кегийра пхьара цергаш гучу а яьхна, чIогIа хазахеташ лаьттара, шен кераруч книжкашка а хьожуш.

— Аса сайна тIелоцу хьуна кхин цу нехан меттанашкий, элдитанашкий ла ца дегIа, — аьлла, соцунха а хилла, ГIебарт юха а вистхилира: — Со санна волчу боданечу стагана хуур дац, шена тIе цхьа гIуллакх Іоттадаллалц, дешар мел пайдехь ду. ТIаккха цо байттамал а эр ду!

БЕЛХИЙ

I

Июль беттан довха денош дара, суьйранна дIабуьзинчу маьлхан цIоьлла дIаялаза, тIаьхь-тIаьхьа лахлуш, йовш лаьттара. Юьртан боккхачу урамера цхьана кIайчу жамIатан маьждига хьалхахь маьркIажан ламазера арабевлла гулбелла баккхий нах, шайна юккъехь лаьттачу Iаьржачу аматахь волчу цхьана стага моллица буьйцучу Iарбийн маттах тамашабеш, баганаш экъантIе а евлла, ладоьгIуш лаьттара. Моллина Iарбийн мотт дика цахаар ду, хIун ду, — цо ша мотт буьйцучу хенахь шен куьйгаш дукха ловзадора. Амма кху моллица Iарбийн мотт буьйцуш лаьттачу Iаьржачу аматахь волчу стага-м ша буьйцу мотт шера, чехка буьйцура. Кхарна гонах лаьтта баккхий нах, кхеран хабаран тIаьхье хIун ю-теша, бохуш санна, бист а ца хуьлуш, кхарна тIера бIаьрг дIа а ца боккхуш, лаьттара. Моллас, шеца хабар дуьйцуш лаьттачу стаге а хьаьжна, «наIам, наIам» аьлла, — сецначул тIаьхьа, баккхийчу нахехьа а вирзина:

— Хьовсал нах, хIара санна волу цхьа стаг вайна юккъе вар, вайна юккъехь ваха охьахаар — вайна иза доккха ирс а, боккха кхаъ а бу... Вайна ма-хаъара, кхунна наха йийна ялх дестен хьаьжкIаш ю. ХIокхо вайга доьху кхана цу хьаьжкIашна асар дан вовшахкхетар. Уьш кхунна вай санна болчу наха йийна ю, иштта сийлахь волчу стеган гIуллакх дар массо а нахе кхочуш ирс дац, тахана вай иза а, цу тай-

пана кхин а кхунна гIуллакх дича, вайна дуьненахь а, эхартахь а пайда хир бу... Вай тахана, бусалбанаш хиларе терра, кханалерачу къематан дийнахь делан дикане а, пайхаман шапаIате а догдохуш а хиларна, тахана вайна тIедоьжна кхуьнан гIуллакх, чIогIа хазахеташ, чухьаьдда дан деза вай, — аьлла, моллин къамел хедаш, цунна гонах лаьттачу баккхийчу наха, цхьана багара долуш санна: «Дика ду, гIур ду тхо, — аьлла, шаьш и аларх а ца Iебаш, шайн кортош а таIош, юха а элира: — Тхо массо а догIур ду, тхешан доьзалш а балош. Кхунна асар а дийр ду... Тхайга кхуо шен долу гIуллакх алар дика а хета»... — аьлла жоп деллачул тIаьхьа царна юкъарчу цхьаммо, цкъа шен некха тIе тоьхна куьг юха юьртал арахьа а ластош:

— Дика ду, дика ду. Тхо гIур ду, — элира.

ХIара Iаьржачу аматахь волу стаг, кхарна ша реза хилар хоуьйтуш санна:

— Ма... ша... аллахI (дика ду, дика ду), — аьлла, вела а къежна, моллера дуьйна нехан куьйгаш а лецца, цIа ваха дIаволавелира.

Цигахь лаьтташ болчу наха, моллех дIатилчахьана, цу Iаьржачу аматахь волчу стаге маршалла луш, цуьнан куьйпах барт белира, амма молла-м, — цуьнан куьг боьха хетта ду а ца хаьа, — цунна цу наха санна барт ца луш, деккъа куьг а лаьцца, дитира. Цу тайппана, кхаьрга маршалла а делла, дIавоьдуш волу и стаг, нах ца буьйлалучу тайпана дайчу боларца къайлавалла воллуш дIавоьдуш вара. Цунна тIаьхьа хьаьжжинчохь висинчу цхьана воккхачу стага, шена уллохь лаьттачу баккхийчу нахе а хьаьжна, элира:

— И дIавоьдург шайх вуй-м, цуьнан боларе хьаьжча а хуур ду. — Юха ша-шега: — Ай, мубарик! — олуш, и воккха стаг цIехьа вахара.

Амма дIавоьдучу суьйличун болар-м кханалерчу дийнахь шен хьаьжкIашна мах бощуш асар дан нах карабарна дайделлера.

Ала деза, и суьйли Нохчийчу вале шайх ву бохуш вацара, Суьйлийчохь цунна «дика» стаг ву олура, нохчаша-м цунах шайна гергахь шайх винера.

II

Iуьйранна малх кхетачу заманчохь ялх хIургон йоьттина кегий нахкхий, кегий зударий, пондарца, жиргIанца эвлакъ а екош, юьртах аралилхира. Цу хIургонашкахь боьлхучуша

ирхъиэхийтинчу целех, цаырга хьаьжинчушна, уьш цхьанхьа тIелата боьлху бIо бу, моьттур дара. И ялх хIургон йоцург, царна тIаьхьа оьхучу кхаа хIургона тIехь молланаш, мутаIеламаш а бара, назма а бохуш, оьхуш. ХIорш-м башха асаран гIайгIа кхаьчна а ца боьлхура. ХIорш цигахь мискачаьрга асар дайта бIарлагIа хилийта, шайна жижиг а даа боьлхуш бара. Царал совнаха, тIаьхьа кхечу цхьана хIургон тIехь ши зуда яра, хи чохь черма а дара, белхийшна яа хIуманна хьон гIирс а бара. Иштта йогIучу шина зудчах цхьаммо, шена юххехь Iечу зудчуьнпа а хьаьжна:

— Далла бу хастам, таханлера де вайна гайтина, — аьлла, цу зудчунна муьшка а йина, юха а элира: — Хьо ярий, вай кхуза балха схьадахка гулделла лаьтташ, моллас хабар дуьйцуш?

Шега и хаттар дича, и зуда, цец а яьлла, йистхилира:

— Со-м вай схьадуьйлалуш бен кхача а ца кхечира, деллахь, дийца, моллас хIун элира?

— Дера дира хаза къамел, — аьлла, хIара зуда моллас дина къамел дийца йолаелира: — Шайхана дуьненахь гIуллакх дина волу стаг кханалерчу къематан дийнахь бартхаттам бощуш ялсамане а гIур ву, царна гIуллакх дар, церан терго яр дуьненахь уггар а боккхачу мелехь а ду, аьлла, элира-кх цо, — олуш, кхуо шен бехачу мерах кхозу кIайн седа шен коьртарчу можачу йовлакхан тIома боьллира. Иштта мара цIанбинчул тIаьхьа, доккха са а даьккхина: — Хьажал хьо, вайн зудаберашна юккъехь хьаьжин йоI хилар — цу зудаберийн а доккха ирс ду хьуна, — аьлла, хIара шайл хьалха йоьлхучу хIургонаш тIера шен йоI, цу шайх Хьаьжин йоIана генахь ю-теша, улло ю-теша, бохуш, и тергалъян йолаелира. Оцу заманчохь кхунна юххехь Iачу зудчо хаттар дира:

— Деллахь, цуьнан йоI Iайшат ю вайца? Муьлха ю-теша иза, суна ган а ца гина-кхи и? Цунна а, вайн зудаберашна санна, долдаха хаьий-теша?

— Дера хаьа хир ду. Цунна хIунда ца хаьара, вайн зудаберашна юккъехь ца кхиъна иза?.. Суна цхьа хIума-м хезна, шайхан йоI — шайхан кIанте, я элашка бен маре яха ца мега, бохуш.

Оцу заманчохь хIорш шаьш асар дан боьлхучу ардийн йисте а кхечира, хьалх-хьалхарчаша хьалха а совцош, кхеран итте хIургон а сецира.

III

ДIабуза герга бахана малх, хьацарца къахьоьгуш болхбечу кху нахах шена къахеташ санна: «ХIинца тоьар ду шуна, суна дуьхьал хIуьттуш йолу Iаьржа мархаш стиглахь мел ю а, церан бода а, церан Iиндагl а шуна тIехь мел ду а, кху къинхьегамах шу цкъа а кIелхьарадевр дац», — бохуш санна, шен дашо зIаьнарш, тIаьхь-тIаьхьа гIелъеш, кху нахе гIийла а хьежош, шен некъбеш, боьдура. Малхо шайга хIун боху, хууш санна, хIара белхий, ши тоба а хилла, са а даIа, хIума а кхалла охьахиира, асар дина а бевлла. Тхьамданаш юккъера цхьа молла, садоIуш Iечу кху нахехьа а вирзина: «Вай тахана Хьаьжин хьаьжкIашна асар дина а девли, вайна хIара дарх зен а ца хили, я хало а ца хили. Амма вай хIара хьаьжкIаш йолчунна доккха гIуллакх а дин, тахана вай динчу кху гIуллакхан дуьхьа къематан дийнахь дала вайна эзар дика а, эзар къинхетам а бийр бу, иза вайна сов доккха ду», — аьлла, асар деш шена хало цахиларе терра, нехан хьацаре, наха къахьегаре ла ца дугIуш, — ша кIад ца велча, уьш а кIадбелла бац, моьттуш делахь а, я тIаккхахула а ша санна болчийн хабарца цаьрга болхбайта делахь а, — нахе и къамел а дина, охьахиира.

Наха къахьоьгучу хенахь вижна Iиллина волчу моллас, цу тайпана и хабар а дийцина, боданехь бохкучу кху нехан дегнаш дуткъдинера. Иза а моллин, кхиерш санна, нах кхетар боцуш йолу цхьа говзалла яра. Моллина дика хаьара, ша делан, элчанан, шайхийн, царах терра болчийн нахана тергахь сий мел дин, боданехь бохкуш болчу нахе церан хабар мел дийци, наха шен сий дика дийр дуй а, иштта, цхьана гIуллакхана хьаштхилча, наха чухьаьлххина шен дуьхьа къахьоьгуш дуй а. Амма, боккъалла а аьлча, моллин дага чохь-м Хьаьжин хьаьжкIашна наха асар цадарах башхалла ца йоллура. Моллас кхузахь нахе дина къамел-м, нах шена тIеберзо хьийзош долу хIилла бен, кхин хIумма а дацара.

IV

Асар дина бевллачул тIаьхьа, садаьIна бевллачу наха, моллас дийцинчу хабарх чIогIа Iеха а белла, сихха хIурдонаш дIайоьжна, хIорш цIехьа бирзича, асаре богIучу хенахь тIаьхьа еана йолу молланийн, мутаIеламийн хIургон, хIинца цIехьа боьлхуш, массерачул а хьалха яра. Кегий нах-

хий, кегий мехкарий тIехь болу хIургонаш царна дикка тIаьхьа яра, уьш вовшашна тIеттIагIоьрттина йогIура, царах цхьанна тIехь лоькхуш пондар а, етташ вота а яра. Царна гергахь, уьш ялсамане яьккхина бевллера, амма, цара баькхинарг — шайна къинхьегаммий, шайн догIмех бода хьерчочарна аьттой бен, кхин хIумма а-м дацара.

КАРБИНКА

Кхеттачу батто буьйса дикка серлаяьккхинера. ГIовгIанца догIу жима хи тIекIелдуьйлу. Байн хьоькхучу мохо цу хин букъ серсабо. Стигал-бесан хьоькхнаш цу хи тIе хIуьтту, и хьоькхнаш, кагделлачу куьзганан да́къош хилла, леста. Цу хин йистехь, йоккха аре чулаьцна, юькъа коьллаш лаьтта.

Тапъаьлла ду кху арахь. Напгахь хезаш хин гIовгIа. Юкъюкъа хезаш лестачу гIаша деш долу шар-шар...

ЦIеххьана герз делира.

Даьллачу герзо зов даржийра кху арахь.

Юха а гIовгIа дIатийра... ТIаккха, шозза герз делира... Юха а тапъаьлла дIатийра гIовгIа.

ХIинца кху арахь хезаш хин гIовгIа, хезаш коьллаш лестар. Тапъаьлла лаьтта кху арахь, тапъаьлла, цкъа а хIумма а ца хезча санна.

Кху хин йистера коьллаш, цхьаммо хьа́йича санна, леста. ЦIеххьана хи тIе деха IиндагI хIоьтти. Цхьа чIогIа онда хIума хи чу юьйлира. Хи чохь гун беттан куьзга, хIазаршка декъаделла, шина а агIор бердашка хьодуш, хи юккъехь говрахь стаг гучувелира...

Хи молуш йоллучу говро, дуьрста малъяйта санна, корта хьалакхуьйсу. Цунах кхетта, тIехь Iачу стага дуьрста малйича, говр, бат хи чу а йоьллина, ца Iебаш хи мала юьйли.

Нуьйран тIехьарчу хIоьа тIе таьIаш, беречо шен бIаьргаш тIе беана Iаьржа куй хьалатеттира. Цо, вертанан тIам

говран гоъ тIе кхуссуш, шен киснара луьйдиг а яьккхина, цигаьрка хьарчий.

Цо цигаьрка латочу заманчохь хи мелла яьллачу говран багара, гаьллаш Iийшарна, дайн хи оьхура. Хи гомха хилар тайна делахь а, — иза аьтто тIа детта йоьлча, хи чуьра жагIан гIовгIа гIаьтти. Яйн гIум ийна хи бехлуш, беттан серлонах хIоьттина куьзга дикка макхдели.

Цигаьрканан кIур а боккхуш, велакъежира бере.

— Дика дин бу-кх хьо, — олуш, цо яйн шед тоьхча, говро иза хи чуьра вадийна берда тIе ваьккхира.

Чаболахь воьдучу кхуьнан некъ лоьцура коьллийн гена-ша. Уьш вертанах тийсалора, хIара охьаваккха санна.

Дуьххьал керташ тIе йогIура хIара вогIу некъан лар.

Юьртан йисте ша кхаьчча, дIа-схьа а хьожуш, готта урам а лехна, чутилира бере. Некъа тIехь Iуьллу чан говран бергашна сов аьхна ю. Дин терса белира, ша цIа кхача герга хилар хазахетта. Кхара самадаьхна жIаьлеш юьйцинчу керташца напгахь летара.

ДIа-схьа болучу урам тIе кхаьчча, кху стага говр аьтту агIор хьовзий. Мокхачу лохчу цIенош тIе кхаьчча, говр сацош, кхуо жимчу корах шедан кхаж туьйхира.

Дукха хан ялале занкъ-аьлла неI еллаелира, жима зуда, араяьлла, йистхилира:

— Мила ву?

— Со ву хIара-м, — элира говрахь волчо стоммачу озаца.

Дикка хазахетта хьаывзира жима зуда. ЗIарийн ков дIадиллина, иза, говран дуьрста лоцуш, дIахIоьттира.

Динахь верг, верта дIа а кховдийна, охьавоысси.

Дукха хан ялале шозлагIа а неI еллаелира, хьалха берей, цунна тIаьхьа жима зудий лохачу цIа чу бевлира...

Нар тIехь паргIатваьлла Iуьллура Биболат, иза чохь дезарш деш лелачу зудче сов лоре хьоыжу. И зуда, майра цIера ваьлчхьана шайн цIентIехь хилла иэшамаш, керла гIуллакхаш дуьйцуш, яа хIума кечъеш йоллура.

Цуьнга ла а доыгIуш, набарна а хьегIаш, Iуьллу Биболат юкъ-юкъа велакъежара...

Цхьана агIор, цIахь кхерам цахиларна, шозлагIа, ша воьллачу цIа чохь хиларна, Биболат дегIана тамхилла, сов паргIат ву. Цунна яйн набаран тар тесира...

— Къонаха, кхалла хIума схьаяьлла-кх, — олуш, зудчо яйн белаш хьайича, важа меллаша хьалаайавелира.

Іайшат сов лерина хьоьжуш лаьттара хІума юуш Іечу Биболате.

Іайшатан цІеххьана бІаьрг кхийтира сонехь сеттина лаьттачу вертанах, тІаккха цо иза, дакъо дезар дага а деъна, дехьа чу даьхьира, вертано цІенкъа жимма яшийнера.

Юха чуеанчу Іайшатан нара тІехь къегаш Іуьллучу тоьпах бІаьрг кхийтира.

— ХІорш хІун тоьпаш ю? — олуш, дІа-схьа хьаьжира Іайшат.

ХІетта яа хІума йиина ваьлла Биболат, хьаьрсачу мекхаш тІе куьг а хьоькхуш, вистхилира:

— Цхьаъ сан берданг ю, важа карбинка топ ю-кх, зуда... И бакъйолу эпсаран карбинка... Ткъа бердангах хІун до карбинка хилча?..

— Мичара яьлла хьуна иза? — аьлла юха а хаттар дира зудчо.

Биболатан дегІ тохаделира. ХІинца ша Іачу корах ара хьаьжча, дитта гІан гІовгІано кхунна куллан аре, хин гІовгІа дагаяйтира, новкъахь шена дуьхьалкхеттачу стеган беттан серлонах ша эцна амат, сибат дуьхьалтесна, хІара къамелдан велира:

— Тхан отрядан командиро, цІа ван цхьа де делла, новкъа ваьллера со... Буьйса, дийнахь санна, сагуш яра, ах некъ аса говраца бадийначу заманчохь, сайн цигаьрка а узуш, меллаша вогІура со. ЦІеххьана дуьхьал сайна тІе цхьа дур догІуш хезира суна. ДІахьаьжира со. ДогІуш цхьа гІаларт ду... Стаг хиллера иза ... э... хІара лаа-м ца лела, аьлла, говрара воьссира со... Кулла тІехьа лечкъина, леррина дІахьаьжира со. ТІапа куй а болуш, вертанах а хьаьрчина, говрахь стаг ву йортахь вогІуш... Иза сайна дикка терга а кхачийтина, дуьхьалъиккхира со: «ХІей, мила ву хьо?» — аьлла... Аса и оллушехь — цуьнан керахь топ а ели, хІоъ суна юххехула тІех а тили. ТІекхетта, аса топ схьаозийра... Мохь бетташ, тІечеха вели со — вист а ца хуьлу стаг... Верриге а макх а велла дІаваьллера иза, цуьнан балдаш цхьаъ ала санна, дегадора... Верта а лаьцна, охьаозий аса стаг, цуьнан белша тІера цхьа погон гучуелира суна. «Ой, хьан дена хила неІалт!» — аьлла тІечевхи со, тІаккха цо, топ схьа а хоьцуш, шен говр дІахьайира... Хьо ца вахийта-м хала дацара, аьлла, дикка хьажа а йина, цуьнан карбинка «тІох-тІох» аьлла шозза цунна тІаьхьа туьйхи аса. Юькъачу кулла юккъе а иккхина, вайн сан стаг. Топ

кхетар, цакхетар ца хаьа, амма мохь-м белира цуьнан. ТІаьхьавелира говрахь. Геннахь коьллийн тата хезира. Ца лацавелира соьга... ТІапъаьлла вайн сан къснаха... И ца карийна, бІагор хьаьвзина, сайн карбинках воккхавер а дайра сан. Кхоно дІахьаьжначу суна кулла тІехь куй карийра, цуьнан тІапа куй... Йистах хІоъ чекхбаьллера... Вон партизан а ца хилла со-м, бохуш, куйне со хьоьжуш лаьттачу заманчохь велла Іуьллуш эпсар а вайра суна, куйна чуьра охьаэгна кехаташ а карийра суна; куй охьа а кхоьссина, кехаташ схьа а эцна, со сайн дина хиъна цІа веара-кх, зуда... Иштта кераеара-кх суна и эпсаран карбинка, — олуш, Биболат, кисана куьг Іоьттина, кехат схьа а даькхина, тІехьежа велира:

— ДаватІарг, деша а ца хаьа суна... Хьанна хаьа кху тІехь цхьа доккха гІуллакх дуьйций а...

Биболат, лампехьа а таьІна, тохара кулла юккъехь беттасехь санна, тІехьежа велира... Кхунна цхьадолу элпаш девзара. Амма кху кехата тІехь даржийна Іуьллучу йозанна юккъехь шена девза элпаш лаха хала дара. ХІара дапгара яздина элпаш, къар ца луш, деша велира. «Г... ген...л... гинрал»... — олуш, Биболата шен дерриге а хьекъал а, берриге а ницкъ а иза деша юха а тІебахийтира.

— «Д... дар... Дарченк» ду-кх хьо делахь а, дацахь а, — олуш, хьалаикхкхира Биболат.

— Ахь хІун до? — элира Іайшата. Биболат хьалаэккхарх шекьяьлла, иза юха йистхилира: — Тховса ма гІохьа юха. Хьо-х цхьана денна вайтина цІа.

— Іалур вац со, хІинца дІа ца вахча. Тхан командиро аьлла, цхьа хІума хиъча я кехаташ карийча, штабе хаамбе. Схьахетарехь, хІара кехаташ Дарченкин а ду, доккха гІуллакх дуьйцуш а ду... Кхийтин хьо, зуда?

Биболата чехкка тІе хІума юьйхира. Шен жимчу Іайшатана барт а баьккхина, шед буйна йоьллира.

Дукха хан ялале верта а, нуьйр а эцна, Іайшат а, Биболат а божалехьа дахара.

Бутт къайлабаьллера. Сахила герга дахнера. Биболат вогІу хаавелла, цуьнан, хьаргІа санна, къега Іаьржа дин божал чохь терса болабелира.

Цул тІаьхьа дукха хан ялале дин кечбина дІахІоттийна лаьттара. ТІа детта болабелира дин.

Биболат цкъа шен говре хьаьжира. ТІаккха, шен нускална барт а баьккхина, кхоссавелла говра хиира.

Мохца доьду тІам Іаьржа леча санна, Биболат шен динахь, вертанан Іаьржа тІемаш а даржийна, кех тилира.

— Некъ дика хуьлда хьан! Некъ дика хуьлда хьан! — бохуш, тІаьхьа хьоьжуш зуда а юьсуш, Биболат шен отряде дІавахара.

БІЕ ДЕ, Я БІЕННАХ ЦХАЪ

Дешархо! ХІинца со хьуна дийца воллург суна гІеххьа вевзаш волчу цхьана стага сайна дийцинарг ду. Ца хаьа суна, хІара сайн муха нислур ду-м, делахь а со хьожур ву, цо сайга ма-дийццара, хІара хьуна дийца.

Иштта дийцира-кх цо:

— Иза сарахь дара. Партсобрани дІайолаяла цхьа сахьт а сов хан хиларна, Гикалон сийнна гонах беш а йийна лаьттачу йоккхачу тоьпана тІедерзийначу гІента тІехь садоІуш хиъна Іара со, суьйренан керлачу хІаваааца дегІана там хуьлуш пагІат са а доьІуш. БІаьстенан йовхоно боддина сан дегІ суьйренан шелоно, боддалар диццеш, самадаьккхинера, хІор са моссаза доккху, аса чуузучу хІаваах сан кийро шена оьшуш йолу цхьа марзо оьцура. Суна тІехьахула а, хьалхахула а дІа-схьа лелаш суьйранна арадаьлла адам дара. Хезаш беларш дара. Кхайкхо хезаш «Белхалойн газет» а дара.

Йоккха топ лаьттачу бешахь а тІехь гобаьккхина, седарчий санна, сирла йогуш лампанаш а яра, кьаьсттана хаза гуш и беш яра шен букъа тІерачу тайп-тайпанчу зезагашца. Уьш дара баьццарчу бархатан басаххьий лимонан басаххьий, суьйранца дІабузуш щІийлучу маьлхан басаххьий, кІедачу лайн басаххьий. Гобаьккхина, тайп-тайпана алу етташ, даьттІа лаьттачу цу зезагаший, цу беша юккъехь аьлла йогуш лаьттачу лампанан нуьрой, айа а елла, жимо лаьттачу цу баьццарчу йоккхачу тоьпана къаьсттина цхьа исбаьхьалла лора.

Со ишттa цу беша а хьоьжуш, цу йоккхачу тоьпе а хьоьжуш Iаш, суна цхьа денош дагаоьхура.

Уьш дара хийла наха хало Iийшина, хийла стаг шен коьртах ваьлла, хийла стага шен доьзале гуттаренна а маршалла делла, хийла стага, детта цIий а багахь: «Накъостий!.. Накъостий!.. Диц ма лолаш!.. Диц ма лолаш!..» — аьлла, гуттаренна а бIаьргаш хьабдина денош.

И денош бIе дара, царах цхьаъ хIара ду.

Гикало тхьамда а волуш йолу тхан отряд дикка толаме яларна белопвардейцаш тхоьгара герз иэца сацийна бара. Цара шайн тоьлаш йолу полкаш Соьлжа-ГIаличу гулйинера. Оцу заманчохь тхан ерриге а отряд Чехкарахь яра.

1920-чу шеран 31-чу январехь белогвардейцийн 6 эзаран эскар Чехкарна тIедеара. Иза дикка Iуьйре дIаиккхина зама яра. Церан говрашкара эскар Чехкарчу хьаьдира, оцу заманчохь тхан хехь лаьтташ волчу накъосто орца а даьккхина, дийшина Iохку тхо, мача туьйдиний, тудазий, коьрта куй тилла кхуьуш, ца кхуьушший, дерзина цIена аьлла, тхешан долу герз схьа а иэцна, аралилхира. Тхешан догIмех догдиллина лелаш долу тхо, берзалой же юккъе санна, царна тIе хьаьлхира, тхан цергаш, хIора денна ирлуш, царна иръелла яра, ламанашкара генна охьакхерсто Iемина долчу тхан бIаьргашна уьш вуно шера гора. Церан керара, тIо санна, тхаьшна юккъе оьгучу хIоьънех тхо башха ийза а ца лора, и де тхайна дуьххьара гуш цахиларна.

Бакъду, тIехь беркъа а, герз кIезиг а-м дара тхан. Иштачу цу Iуьйранна тхо лай кIелахь дара; и тIедогIу ло, гIевттина хьийза накхаран мозий санна, цхьаннах а беш къинхетам бощчу мохо хьийзадора. Цунна дуьхьала а, лаьцна куьйра санна, цIийзаш, Органан боьра чуьра схьахьоькхучу мохо а и ло да́ла а, до́ла а ца дуьтура, — цо иза меттера меттах дохура, цо иза, цкъа диллина Iуьллучу лайх дIаиэдой, тIаккха а ойъий генна дIадададора, тхох шен дог лозуш санна. Амма и мох, цIеххьана юха а боьрзий, шен мара деана ло а дахьаш, тхуна юккъе хьаьвзара, тхуна напгахь бен бIаьрг белла бакъе а ца юьтуш. Суна цкъа а дицлур дац, суна цкъа а даг тIера дер дац оцу заманчохь суна уллохь, цхьалха кучаца, когашIуьйра волу сан накъост, шена некхах топ кхетча, куьйга шен накха схьа а лаьцна, юьхь а чIечкъош, шен лахарчу балдех къевлина церг а йоьллина, хьаьвзина, цхьа го а баькхина, аркъал шийлачу лай тIе охьавожаран сурт. Цуьнан некхера коч цIийн тIамаршца йохъеллера, цу тIе чехконца оьгу кIайн

чилланан лайн буьртигаш, цуьнан дIадолу са санна, меллаша деший, кучах худалора. Сан са цуьнца а дара, мостагIех леташ бохкучу сайн накъосташца а дара, делахь а дуьнене тIаьххьара маршалла луш волчу цу сайн накъостана со тIевахара, иза, цкъа леррина соьга схьа а хьаьжна, шен Iаь кхачалуш лаьтта стаммийра балдаш напгахь вовшах а дохуш, гIийла вистхилира:

— Накъост!.. Накъост!.. Со леш воллу, хьо дийна висахь, хIара де ма дицделахь! Хьо дийна висахь, хIара де хIора денна керла латтаделахь...

Цуьнан кийра а кхаьчна, шеллуш лаьттачу хIоно цуьнан дегI, цкъа а са чохь ца хилча санна, цкъа а и дегI долалуш ца хилча санна, цу дегIана доладала хаа а ца хууш санна, цунна дуьне, шен доьзал, цIа, накъостий ца безаш санна, Iаьнан юккъерчу баттахь хих бина шийла ша санна, шелдира...

Иштта са даьллачу сайн накъосто сан дог лазийра, цу лазарх сан дог болатдуьйлира.

Мох, шен узарх ца хедаш, тIаьхь-тIаьхьа чуьрабуьйлуш хьоькхура, хийла ирча де гинчу бедарех чекх а буьйлуш, набарх Iабаза, даарх дузаза, пагIатонах хьегна, бакъонна тIаьхьа гIертачу тхан догIмех шийла зуз а детташ.

И тIом кIезиг бахбелира, уьш, шайн байинарш а, цхьа пулемет а юьсуш, юхабевдира. Цул тIаьхьа, цхьа ах сахьт даьлча, тхуна хиира белогвардейцаш шайн тоьлаш долчу эскаршца Чехкарна тIебогIуш буйла. Дукха хан ялале, тхо юккъехь а дуьсуш, Чехкарна массо а агIор гобира. Тхо 400 партизан цаьрца чIогIа тIаме велира. И тIом 8 сохьтехь бахбелира. Оха дIабечу тIамна церан дегIех кIайн аре Iаржъелира. Тобанашца церан эскар оха дохадора. Амма царна юхюха тIекхуьйлуш керла эскарш-м дара. ДогIа санна, Чехкарчу даш детта долийра.

ТIом тIаьхь-тIаьхьа хьерболуш лаьттара.

Чехкарна 6 чаккхарма бен гена доцуш Дишнинскийн эскар дара. Чехкара юххехь дуьхьал тоьпаш ма-евллинехь, цу Дишнинскийна тIе ши нохчо вахара тхуна гIо деха.

— Оьшуш меттиг хилахь, тIелата, аьлла, ас буьйр дийр ду, — аьлла жопделира Дишнинскийс.

Нохчий цуьнан эскарна юккъехь агитаци лело бевлира, уьш ир-кара а хIиттийна, цаьрга гIо дайта.

Эскар гIаьттира. Дишнинский шен эскаре буьйр ца дича ца велира. Амма цо, шен эскар дуьххьал тхуна тIе ца далош,

готесира. Цо, шен эскар Органна тIе а далийна, ламаз до, бохуш, сахьт даькккхира.

Оцу заманчохь белогвардейцийн эскар тхан окопашна юххе кхаьчнера, амма тхо, партизанаш, довллане а юха ца довлура.

Тхой, белогвардейцашший минот яьллехь чуччакарагIур долуш дара, тIаккха тхо... хIаллакьхилла а хир дара.

ХIор минот сохьтал а яхъеллера. Белогвардейцаш тхуна дикка тIетаьIча, Дишнинскийн эскар, цхьаберш цо буьйр даре ца хьоьжуш, белогвардейцашна тIехьахула тIелетира.

Цу балхо белогвардейцаш бохийра. Тхо, партизанаш, тхаьшна бина го а хадийна, юха тоьпаш а етташ, орцах дуьйлира.

Дишнинский, цо тешнабехк барна, лецира.

Чехкарна тIелетачу эскаран коьртачу тхьамдина, инарла Драценкина, хинра, тхоьца бе́гашбан мегар доцийла.

Соьлжан-ГIалара пролетареш тIеман чIогIа тергоеш бара. Царна хIоранна а вуно шера хаьара, отряд хIаллакьхилча, иштта кхин отряд ян дукха зама езийла.

Цу тайпана и тIом хиллачул тIаьхьа тхан отрядо Аштаркхнерачаьрца уьйр тесира, цаьргара дикка гIо хилира.

Белогвардейцаш юхабовла буьйлира.

1920-чу шеран 17-чу мартехь тхо, Гикалон отряд, Соьлжа-ГIаличу юьйлира.

Белогвардейцаш дIабевдира.

Иштта и дагадеара-кх суна, тхаьш лелийначу йоккхачу тоьпах бIаьрг кхетча...

Иштта де дара-кх иза.

И де ду цкъа а дицлур доцуш.

Иштта и де дара-кх иза.

И де ду дегIе зуз доуьйтуш, — аьлла, сан накъостан къамел хедира, цуьнан бIаьргех боккха шиъ хин тIадам буьйжира.

Цу шен дийцаро цунна дикка хало йинийла хоуьйтура цуьнан кхоьлинчу сибато, оцу дIадаханчу деношна цуьнан кийрахь дина цхьа шеддаш дуйла хоуьйтура цуьнан даккхийрачу Iаьржачу куьйгех тIаьхь-тIаьхьа, хебаш, буйнаш хиларо а, цо шен яккхийрачу цергашца шен лахара балда къевллина схьалацаро а.

ТХАН ХЬЕХАРХО

МАКСИМ ГОРЬКИЙ

I

Ленинан доттагI!
Харцонан мостагI!
Хьалхошна гIайракх!
Хьо тхан хьехархо, тхан накъост Горький!
ЛадогIа! ЛадогIа! Хьоьга дош ала воллу ламанхо-нохчо.

ХIара со ву, къолам кера эцна, цунах куьзга дина, хьуна сайн дог гайта воллург!

ХIара со ву, шийтта шо хьалха хьан цIе хезна, итт шо хьалха ненан мотт хилла, бархI шо хьалха хьан жайна девзина, и дегIана аьхна хилла, цунах ял яьлла, дагна там хилла, хьан дарж даздаргахь ламанан цIогIа тоха воллург!

ХIара со ву, шовзткъа шо хьан белхан кхачар, халкъаца цхьаьна сайн даго и даздар цIечу маттаца хьуна хазо воллург!

ХIара со ву, хьо вовзарх дарже кхаьчна, ахьа «Буревестник» тIехь йийцина революци иккхина заз даьттIа дIахIиттинчу ЦIечу ламанашкара!

ХIара со ву, Лермонтовс, Пушкина ламанан исбаьхьа зезаг, хаза буц, сийна аренаш, «шаьлта иръеш воллу оыгIазе нохчо» вийцинчу Кавказерчу Нохчийчуьра. И Кавказ ю маситта шо хьалха, пайчахьа Iазапехь даллочу халкъа юккъехь хIоранне а шен-шен синна воьлхуш, хIоранан а догойла хьайн къоламца язъеш, Сибарехара дуьйна Россехула а гIаш чекхволуш, цхьажиммачунна делахь а. хьайн сирла

бIаьрг ахьа кхарстийна. Накъост Горький, цу ламанашкахь тахана оьгIазечу нохчочо шаьлта ца ирйо!

Цигахь къинхьегаман нохчочо трактаран нох ирдо!

Лаьмнашца а тIехь угIуш машинан еш ду.

Ялтина этIош Iаьржа латтанаш ду.

И болх беш белхалочун, колхозхочун турпала ши куьг ду.

Церан ондийчу пхенашкахь кхехкаш хIайттараллин цIий ду, цара хIотториг керла бахам бу.

Билгал бакъду, Горький! И сурт Кавказехь хилар. ХIинца Кавказан кхин сурт ду. Цу Кавказера со а ву.

Мотт Iемина догIу бер адамашна юккъехь мотт бийцаргахь билгал а хуьлу, литературан майданахь цу бере нийсса бен со цахиларна, ахьа, Горький, суна бехк ма билла, тахана хьан литературан белхан шовзткъа шо кхачар даздеш, хьан хьурмат деш, и де сийлалле диллина, СССР-н массо а маьIIехь Горький боху хьан цIе пролетаран цIогIанца екаш хезча, цуьнан аз даге кхаьчна, — цунах там баьлла, хьайрен хилла долу сайн дог, даржош, хьуна хьалха дилла цахаарна, ахьа суна бехк ма билла.

Бос шапталан болуш, лелар нуьрен долуш, хьажар лепарца долуш, дагца макхо йоцуш, адамашна аьхна болу малх санна, исбаьхьа и малх санна, довха, седа санна, хьаьъна маршалла ду хьоьга ЦIечу Нохчийчуьра, хьо тхан хьехархо Горький!

Пролетариатан литературан фронтехь, Пролетариатан революцин фронтехь уггар хьалха цIеэскархо хилла дIахIоьттина хьан турпала дегI, хIинццалца схьа дешан исбаьхьалла, кайолуш, дешан иралла тIе а ирлуш, и иралла цIийбина цхьамза хилла хьалхойн дегнех чекхбуьйлуш, хьан сийлахь кхиарах сакъераделла ламанан мохь богIу хьуна ЦIечу Нохчийчуьра, тхан хьехархо Горький!

Пролетариатан литературан фронтехь, пролетариатан революцин фронтехь уггар хьалха цIеэскархо хилла дIахIоьттина хьан турпала дегI, хьуна ма-луъу, могаш-паргIат дехийла, тхуна ма-луъу сингаттам боцуш лелийла, хьалхоша хьуна къайлах бухкучу сардамех хьан дегIана луьй ца хуьлуш, боху цIогIа догIу хьуна ЦIечу Нохчийчуьра, хьо тхан хьехархо Горький!

Пролетариатан литературан фронтехь, пролетариатан революцин фронтехь уггар хьалха цIеэскархо хилла дIахIоьттина хьан турпала дегI, хьан хьуьнар, хьан доьналла декъалдеш

цIогIа догIу хьуна цIен нур догучу лаьмнашкара, хьан дегIо иза, гIамаро хи санна, худийла, хьо тхан хьехархо Горький!

Билгал бакъду, Горький! Октябран революци хиллалц, революци ламанашка кхаччалц шайн ненан мотт ца хиллачу нохчашна хьо вевзаш вацара. Тахана, Горький, цIечу нохчашна «На дне» боху хьан пьеса а евза, ахьа цу тIехь аьлла — «Стаг» боху дош — иза шеца доккха декар доллуш ду», и декар а нохчийн лере хезаш ду, и бакъдуйла хоуьйтуш, хьалхалера батрак хIинца инженер ву, райпартсекретарь ву. И сурт тахана вайна гойтург ахьа хьайн «Буревестник» тIехь хьахийна революци ю, и революци йоккхуш дакъалаьцнарш ахьа хьайн «Мать» бохучу жайни тIехь бийцина революционераш бу.

ТIаккха а евза, Горький, паччахьа «акха нохчий» аьллачу тхуна хьан «Песня о Соколе» боху назма а. Цу назман тIехь ахьа дийцина Леча — иза революционер ву, цу тIехь ахьа бийцина Лаьхьа — иза вайн классан мостагI ву, и ший тайпа тахана а Нохчийчохь долуш ду, Лечано мостагIчуьнца къийсам латтош бу.

Писательна ша яздина жайна, нанна бер санна, дукхадезаш хуьлу. Писатело и жайна шекъанца яздо алахь а, и шекъа писателан цIий ду, иштта цIий хьан депIах дукха къаьстина. Цунах цхьа тIадамаш гайта суна лиъна. «Песня о соколе» боху хьан назма схьаэцна, цунах цхьа дакъа аса хьалха дилли-на:

«Лекхачу лам тIе Лаьхьа болабелира, иза бижира тIуьначу Iинца, шад хилла хьарчабелла, хIорде а хьоьжуш.

«Лекхачу стигалахь малх къегара. Лаьмнаша стигла садоьIура, хIордан тулгIеш тIулгех етталора.

«Iин чохь боданан марахь кхийсалуш, жима хи хIорде хьаьдира тIулгийн гIовгIанца...

«Дерриге а кIайчу чопанца къежделла а, онда а долу и хи, лам боькъуш, хIордах детталора, шен эшарца угIуш.

«Хьарчабелла Лаьхьа Iуьллучу Iин чу цIеххьана стиглара Леча хьаьдира, бохийнчу некхаца, цIеша дуьзначу тIемашца.

«ГIийла мохь хьоькхуш, иза дуьйжира лаьтта, цо беттара шен накха, ницкъ боцчу оыгIазаллица, чIогIачу тIулгех...

«Лаьхьа кхерабелира, иза чехка бухабелира, амма хье ца луш цунна хиира, Лечанан са дала шинкхо минот бен йоцийла.

«Иза текхна тIебеара атаделла Iуьллучу олхазарна, бистхилира, бIаьргаш чу хьаьжна:

«— ХIун, дала доллий хьо?

«— Дала доллу, — элира Лечано, кIорггера са а даькккхина. — Со дика дехи... Суна ирс хии! Со майра лийтира!.. Суна стигал а пин... Хьуна гур яц иза иштта юххера!.. хьай, миска хьо яI!

«— ХIун ю стигал? — Еса меттиг... Со муха текхар бара цигахь? Суна кхузахь тоьлу, йовха а ю, тIуьна а ю.

«Иштта жоп делира Лаьхьано пагIат олхазарна, иза шен дагахь цу олхазарх боьлура, цунна дуьхьалтуьйсучушна.

«Лаьхьанна хийтира: «ТIемашца лелийла, я текхаш лелийла, тIаьхье хууш ю: берриге а лаьтта буьйшур бу, дерриге а хIаллакьхир ду...»

«Амма, тIахъаьлла Леча цIеххьана тохаделира, цо, жимма айаделла, Iинца бIаьргаш кхарстийра.

«Сирчу тIулгашна юккъехула хи детталуш доIура, Iаьржачу Iин чохь хораме дара, цу Iин чохь ехка хьожа яра.

«Мохь туьйхира Лечано, шен берриге а ницкъ гулбина, деган сингаттамца, деган лазамца:

«— Iийт, маржа яI-кх, цкъа стигла хьаладáла!.. МостагI тIе аса озор вара... Некхана хиллачу чевнашна... Иза волалур вара сан цIийх даар дан... ХIай, ирс яI-кх, къийсам, хьо!..

«Ткъа, Лаьхьанна хийтира: «Стиглахь дахар хаза хила а дера мега, и Леча уIарехь».

«Цо элира пагIатан олхазаре: «ДIахила Iинан йисте, хьо эккха чу. Хьан тIемаша хьо юха а хьалаайа а мега, тIаккха дехар хьо хьайн дог лаьттачохь».

«Дегаделира Леча, кура мохь тоьхна, иза Iинан йисте доладелира, маIарш юьйгIуш шерачу гIайре тIехула.

«Иза йисте кхечира, цо тIемаш дIа-схьа дахийтира, садаькккхира берриге а некхаца, туьйхира бIаьргаш, иза чутилира.

«ТIулг санна, басонца кхийсалуш, иза чехка доьдура, тIемаш кегдеш, месаш яржош...

«Иза хьаьжира даймана бIаьргашка ирсан ойла йотучу гена ара дIа.

«Хин тулгIено иза схьалецира, цIех иза цIандина, чопа цунна юьйхина, иза хIорда юкъа хьаьдира...

«Ткъа, хIордан тулгIеш сингаттаме цIогIанца тIулгех етталора... олхазаран дакъа хIордан арахь гуш дацара.

II

«Iин чохь Iуьллучохь Лаьхьано, дукха ойлайира Лечанан даларах, цунна стигала дала лаарах.

«— ХIун го-теша цу деллачу Лечанна бух боцчу, йист йоцчу цу пана арахь — стиглахь? И Леча санна лечуша, шайна стигала хьовда лаар а хоуьйтий, са хIунда гатдо-теша? ХIун ду царна цигахь къаьсташ? Ткъа суна-х иза дерриге а хуур дара, цхьажиммачунна делахь а, стигала бедча.

«Иза аьлла — Лаьхьано иза дира. ЧIуг хилла хьаьвзина, иза хьалакхоссабелира, дуткъа лента санна, иза малхехь къегира.

«Такха кхоьллинарг — тIемашца бадалур баш!

«Иза диц а делла, Лаьхьа тIулгаш тIе буьйжира, амма бала-м ца белира, иза белабелира...

«— ХIара дика болх хилла-кх стигала валар!

И дика болх — стиглара чувар бу!

Тамашийна ду-кх олхазарш!

Латта хIун ю ца хууш, цу тIехь сагатдеш, уьш хуьлу генна стигала довла гIерташ, цара лоьху цу пана арахь дахар. Цигахь, еса меттиг бен, кхин хIума яц. Цигахь серло дукха ю, амма цигахь даар дац, са чохь долчу дегIана тевжийла яц. ХIун хьашт ю куралла? ХIун хьашт ду тIехбеттамаш? Хьашт ду-теша царна иза: шайн лаам хьулба а, цунна тIехьа дуьненан гIуллакх тIехь шайн мегарг цахилар лачкъо а?

Тамашийна ду олхазарш! Кхин-м хьаха ца Iехор со церан къамело! Суна — стигал а гина...

Со цигашка лелла, и стигал аса юьстина, хиъна суна, стигалара чубогIийла, амма ата-м ца белира со, со цхьана сайх чIогIа теша.

Латта ца дезаш берш шайна ма-луъу Iехабелла лелийла. Суна бакъдерг хаьа. Церан кхайкамах со тешар бац.

Лаьтто бан а бина, лаьттаца бехар а бу со.

«Лаьхьа, уьйриг хилла, тIулга тIе бижира, шех тоамбеш.

«Лепара хIорд къепинчу серлонца, цуьнан буьрса тулгIеш бердех етталора.

«Церан лоьман цIогIангахь курачу олхазарна илли декара, дегадора бердаш, тулгIеш етталуш, егайора стигал буьрсачу иллино:

«ТIех майрачушна оха хастаман илли олу.

«ТIех майра хилар — иза дуьненан хьуьнар ду.

«Хlай каде Леча! Тlам тlехь мостагlашца къуьйсуш, хьох цlий къаьсташ худадели... Амма зама йогlур ю — и хьан довха цlийн тlадамаш, суйнаш санна, лилхина, дуьненан паргlатох хьоыгуш долу каде дегнаш латош!

«Хилийта хьо делла! Амма кадечу иллешца а, чlогlачу синошца а даиман хьо дийна масал хир ду, кура кхайкхамхо хир ду дуьнене, паргlатоне!

Тlех майрачушна оха хастаме илли олу! Хастаме илли олу!»

Иштта чекхйолу, Горький, хьан «Песня о Соколе».

Иштта чекхдолу, Горький, хьан «Илли Лечанан».

Пролетариатан литературан фронтехь, пролетариатан революцин фронтехь, и Леча санна, къийсам латтош схьадогlуш долчу хьан турпалчу дегlана маршо лаарца, хьох шен хьехархо веш, цlогlа догlу хьуна Цlечу Нохчийчуьра.

Пролетариатан литературан фронтехь, пролетариатан революцин фронтехь, ахьа дийцина майра Леча санна, хьайн схьалаьцна, цу тlехь къийсам латтош, хаддаза беш схьабахьаш болчу хьан литературан белхан шовзткъа шо дузучу таханлерчу дийнахь, хьан турпала куыг, юххера схьалаьцна, Iовдуш, моз санна, мерза, бутт санна, цlена, хи санна, аьхна маршалла ду хьоьга цlечу ламанхочуьнгара — хьайн Iамархочуьнгара.

КЕРЛА НАХ

ХIара со ву,
ГIайгIанехь ваьллинчу,
Мелчу цIийла кирчинчу ден воI!

ХIара со ву,
Хьан пагIат кIант,
Ламанан нохчо — хьалха хилла Iу!
(М. Мамакаев)

Цхьа стаг хьаштхиллера суна ган. И стаг вара Муса.

Муса — нохчо, вайн эвлара стаг хиларна шуна ма моьттийла суна и волчу кхача жIаьлех ларвала гIаж хьаштхилар а, буькъачу хоттана коскузаш, я яйдакх алаша, я тIехаа церан урамехула йоьду стерчийн варда хьаштхилира. Суна и гIирс хьашт ца хилира.

Со, Муса волчу йоьдучу цIеран почтана а, трамвайна а тIаьхьа а висина, автобус тIехь вахара. Иза Жимачу Мехкдаьттантlехь вара Iаш.

Жима Мехкдаьттане гIалех дIахотталуш йоллу, белхан гIишлош, белхалойн цIенош, яккхийра вышканаш хIора денна бохург санна сайийларна.

Автобус чехка йоьду силаман новкъа, Жимачу Мехкдаьттантlе хьала. МаьI-маьIнехь бIаьстенан бархатан оба охьатосуш, гуьйренан можа сир диллина гIаш кхозу и дитташ дуьхьал уьдуш санна хетало автобус тIехь. Кегийра а, даккхийра а цIенош тIех чехка лелха. ТIаккха цхьажимма шерачу ара волу — и аре аьхна а лаьтта, охуш а лаьтта трактора. Хаза го болатан нахаро цестарца тIекIелдиллина, чилла санна, леэла и Iаьржа охана. Хаза го, циггара дIахьаьжча, Суьйран-Коьртара Iаьржа вышканаш, цIен, можан гIишлош — уьш цхьа ша тайпа, зезаг санна, лиэпарца чилланан го.

Со, угар хьалхарчу станце автобус кхаьчча, охьавоьссира. Муса волчу кхача щигахь охьавосса везаш хиллера.

ДIа-схьа хьаьжира со. Суьйран-Коьртах сайн бIаьрг

хьалххара дуьнене дIа гена кхарстош, хьала сийначу стигла а хьажира со: бамбин мархаш некаица уыдура, — охьа Iаьржачу лаьтте хьаьжира со: Iаьржачу мехкдаьттанан Iаьржа Iовраш некаица хьийзара. ДуьйгIира аса сема ла, массо а маьIIе воырзуш, дуьйгIира аса тIаккха а ла, яьIна саттош, лекхчу стигла хьоьжуш а, корта оллош, буха лаьтте хьоьжуш а. ХIай Iаьржа латта! ХIай сийна стигла! Суна цигтахь хезнарг, суна циггахь гинарг: и хаза Iалам, и доккха Iалам бIаьргашна сов исбаьхьа, лергашна хаза, сов хазчу эшарца — и сурт дагна лаца тамехь, куьцехь, цIеначу дагна ял луш ма-дарра, къоламца, яздеш, охьадилла сов хала хир ма дара.

Сайна хьалха дуьхьалкхеттачу оырсийн белхалочуьнга хаьттира аса:

— Муса бохуш нохчо-белхало вевзий хьуна? — аьлла.

— Вай, муха ца вевза суна сайн кунак? Вевза дер-кх. Иза-м хьуьлларчу вышкан чохь ву, ша ключник а волуш, — олуш, пIелг хьажийра белхалочо.

ДIахьаьжча, и вышканаш, цхьаерш Iаьржа, цхьаерш цIен, цхьаерш къорза хиларал совнаха, массо а цхьабосса ирхъяхана хиларна, массо а стоммалла цхьана барамехь хиларна, ша къаьсташ, аса юха а хаьттира:

— Муьлхарг ю иза царех? — аьлла.

— ДIорниг ца го хьуна? — аьлла, цIен байракх буьххьехь йоллучу вышкан тIе пIелг хьажийра белхалочо.

— ХIан хIета, — аьлла, цуьнца кхин а цхьащца хеттарш деш а лаьттина, со цуьнга куыг а делла, вышкан тIе вахара.

Цу лекхачу вышканна цхьа ша тайпа исбаьхьалла лора цу цIечу байракхо. Иза, бешахь хазчу эшарца дека олхазар санна, хаза екайора байчу мохо; цу байракхо ша тIехь йоллучу вышканан цхьа толам кхайкхабора, цу шоллагIчу участкерачу вышканех, цу цхьанна тIехь бен цIен байракх яцара. Тохара суна дуьхьал кхеттачу белхалочо схьабахарехь, кху вышканна и байракх еллера план, тIех а еш, кхочушъярна. Мухха а, хIара вай юьйцу вышка кху участкехь, болх цIений, дикий беш, гIараяьлла хиллера.

Балха тIехь тоьллачу цу вышкан чохь — тоххара паччахьан заманчохь Iазапехь, боданехь ваьллина, тоххара йозадешар, Iилма дощуш лелла Муса хилар мел доккха хIума дукх, бохуш, ойлаеш, со дIакхаьчча, суна цу вышкан чохь болхбеш кхин пхийтта нохчо а карийра, аьлча а, цу вышкан чохь

хиллера болхбеш верриге а ялхийтта нохчо. Шайн бригадахо а нохчо а волуш, и вышка шаьш лелош хилла цара.

Цу чохь Муса воцург кхин а бу ключникаш, цу чохь Кака воцург кхин а бу нохчийн палатчикаш.

Уггар хаза хIун ду аьлча, и ду тохара хорбузашна хуьйсахь, жаIуй, бежан Iуй лаьттина, хьалдолчу нахана, чинаш долчу нахана баьцна, цара леш аьлла цIераш техкинчу нохчийн — хIинца шайн вышкан чохь и вышка, гIутакх санна, цIена лелош, цуьнан доладеш уьш хиларал совнаха, и вышка лело хаа, буро тоха хаа, буро лело хаа, цу вышканна массо а тайпа машин, гIирс лело хаа, ключникан говзалла хаа, палатчикан говзалла хаа церан кхетам кхачар, оьрсийн белхалоша уьш кхетор, царна и говзалла ялар — иза сов хаза ду, сов дика ду. Уьш Советан керла нах бу. Уьш болх шайна бойла хууш бу.

Цу вышки чохь уггар тоьлла хIайттархо — иза МагIамирзин Муса ву.

Цу нохчийн бригадо буро тохаран август-беттан план 174 процентана кхочушйира, сентябран план — 140 процентана кхочушйира. Иштта план, тIех а еш, кхочушъярна, болх цIенчу даггара барна, болх хIайттараллица барна царна толаман цIен байракх а елла.

МагIамирзин Муса мехкдаьттан тIехь болх беш волу 8—9 шо ду. Болх дика барна цкъа а, шозза а совгIат а делла цунна. Дукхаеза Мусана хIинца ша болх беш волу, ша декъахь а волуш цIен байракх яьккхина и нисъелла вышка, Муса цу вышканах сакъералуш а ву.

Октябран 10-чу дийнахь шайн буровой чуьра важа ключник, гIали тIе кхайкхина а вина, вахте (балха) ца веана, аьлча, Муса, шен белхан хан яьккхина ша ваьллашехьа, вукхуьнан меттана болх бан сецира, суна хетарг, Муса хаза а хеташ-м сецира шен вышкан чохь болх бан. Муса лоргуш гIеххьа Iаьржа мекх а долуш, Iаьржачу аматехь жима стаг ву, къена воцуш; цуьнга хеттарш деш со Iаш, цо соьга элира:

— Хьажал хьо, хIара болх оха ялхийтта стага са а къералуш бо, кху балха тIехь хIинца дIайолчу заманна а тхан кхечу белхалойл тIаьхьадиса ойла-м муххале а яцара, — мелхо а план тIехкхочушъян ойла ю тхан.

Цу вышкан чохь кхечу белхалошца а цхьацца къамелаш дира аса. Мухха а, суна хиира МусагIара, хIокху шеран октябрь-беттан пхуьйттагIачу дийнахь буро тоьхна а даьк-

кхина, даьллачу мехкдаьттица вышка куьйгалхошка дIаяла тIелаьцнийла. Амма царна цу тIехь цхьацца оьшу гIирсаш куьйгалхоша шен заманчохь цабаларна а, цхьаболу гIирсаш хIинца а баллане а цабаларна а йоккха новкъарло, боккха хьем хилира. Цул совнаха, упгар хьалха Мусас а тIехь, цу чуьрчу цхьаболчу белхалоша, лаьттан 19-чу чкъурехь (пластехь) тухуш долу буро сацийча, мехкдаьтта дер дара, иза иштта гена доцуш а ду, аьлча, куьйгалхоша:

— ХIан-хIа, мехкдаьтта 20-чу чкъурехь ду. Буро цига кхачо деза, — аьлла, омар а дина, хIорш, шайн буро тухуш, 20-чу чкъуре охьабахча, цигахь сацкъар боцург кхарна хIуммаъ ца карийра.

Цул тIаьхьа куьйгалхоша омар дина: «Чуэхийтина бургIанаш схьа а йохуш, юха 19-чу чкъуре хьаладахка деза», — аьлла. ХIинца МусагIар, куьйгалхойн бехкенна а эрна зама яйина, эрна къа а хьегна, шаьш тохара, буро детташ, лаьттах чуэхийтина бургIанаш хьала а йохуш, шаьш тохара куьйгалхошка баьхначу 19-чу чкъуре юха хьалабогIуш бу.

Иза боккха хьем бу МусагIарна шайн балха тIехь.

ХIара ялхийтта стаг волу нохчийн бригада чIогIа бертахь болх беш ю. Кест-кеста хуьлуш собрани ю, кест-кеста хуьлуш политзаняти ю, доьшуш газеташ а ду. Амма палатчик волчу Какас боху: «Тхуна упгар коьрта оьшуш белхан говзалла яра. Говзалла са мел ели, тхуна болх бан атта а хир дара, бина болх дика а хир бара тхан. И мехкдаьттанан вышканан белхан говзалла Iамаяр доьху оха».

Белхалошна шаьш бечу белхийн говзалла Iамаяр — цхьаъ санна хьалхара декхар ду. И гIуллакх чехконца дIахIотто деза.

ЗАЙНДИ*

(Берашна)

Зайндин ворхI шо дузуш цуьнан нана Бикату елира. Цхьаъ бен воцу Зайнди дукха везаш, хьоме хеташ лелош вара Бикатус. ГIийлачу узамца воьлхуш дикка зама яьккхира Зайндис, шен нана йицъяла ца туьгуш. Бикату елла уьссалгIа бут бузуш Зайндин дас Бисолтас луларчу юьртара зуда ялийра. Неслара ша яллалц, ши-кхо бут заманчохь, Зайндица кеззиг гIиллакхаш лелийра дестечо.

Шен нана Бикату санна, шеца деете йолу Аруха а дика хир ю, моьттуш, цунна дан гIуллакхаш ца кхочуьйтуш, массо маьIIе вуьйлуш, дерриге гIуллакхаш деш хьийзаш вара Зайнди. ХIетте а, когах дахана кIохцал санна, шена хьалхахула хьийза кIант новкъа хеташ, цуьнца шен вон гIиллакхаш карладаха йолаелира Аруха. Арухина ша вина воцу Зайнди, дика гIуллакхаш деш, иза эсала велахь а, соввала волавелира.

Зайндина шеца деете вон хила йоллий ца хаьара. Тохара, шен ненан Бикатун куьйга кIел ша волчу хенахь, цо шена дина Iуналла, ша дика лелавар карладуьйлуш, из тIаьхьтIаьхьа сахьийзо волавелира. Иза тера а ваьцара хьалхалерчух. Де мел дели эрчаволуш, беркъаволуш, вочаволуш лаьттара Зайнди.

Зайндис, садетташ, ден къурдаш, хьоьгу хало цуьнан дена юьхьанца ца хаьара. Бисолта цIахь воцу зама еача, дé а доц-

---

* ХIара дийцар С. Бадуевс Ш. Айсхановца цхьаьна яздина.

чу бахьанина Зайндина етташ, дийнахь сарралц юург ца луш меттиг йора Арухас.

И пхьола шена тIехь дойла Бисолте хаийта Арухех ца ваьхьаш, IадъIара Зайнди. Цунна ца лаьара шозлагIчу дийнахь а мацалла валла Iен.

— КIордийна, хьех а, марах а чекхъяьлла-кх суна хьо хIума, къутIа! Хьайн нана яхханчахула ялий, дIагIохьа, лилбазан кIорни! Дела ма ваха хьо дукха, хьо суна оьшуш хиллехьара, цо вуьтур а мел вацахьара, — бохуш, дуткъа цIогIа детташ, ирчачу маьхьарца Зайндина довдеш Аруха йоллуш, веана цIа кхечира Бисолта, амма вист дIа-м ца хилира. Аруха Зайндица чIогIа вон юйла шена хуъушехьа, иза тIаьхьа ялийна жима зуда ю шен бохуш, тардалийтора Бисолтас.

Арухас шена ницкъбар Бисолтас могуьйтийла хиъчахь, цунах кхеравелла, кхин а чIогIа гIайгIане вуьйжира Зайнди. ЦIийндас майраяькхина Аруха, тIаьхь-тIаьхьа карзахйолуш, Зайнди, мостагI санна, новкъа хеташ, цуьнца вон яра.

Бикатус ша дийна йолуш, тайп-тайпана хаза бедарш тоьгуш, цIена лелош, хаза кхиийна волу Зайнди, уьш тиш яла мел юьйли верзанаволуш, басна хийцалуш лаьттара.

Иштта и гIийла де Арухас Зайндица латтош, цуьнан исс шо дуьзира.

Юьртахь керла йиллина йоккха школа яра. Цу школехь доьшуш Зайндин хенара дукха а бераш а дара. Ша санна долчу кегийрачу берех хьоьгуш, школе ваха а, цигахь йозадешар Iамо а чIогIа сатесна вара Зайнди. Дечиг даккха а, хи кхехьа а, кертара кхидолу гIуллакхаш дан а шена веза бохуш, дестечо, Зайндис шен дега, школе вахийта, аьлла, хьахийча, довдора. Делахь а, Аруха цIера яьлла меттиг нисъелча, Зайндин нийса накъостий, и волчу а богIий, цуьнца элпаш Iамош, книжкаш йоьшуш-м хаалора. Дешархоша шозза-кхузза Зайндина совгIатана елла книжкаш цIерга тийсина меттиг йинера Арухас.

— ХIинца суна, хIара бахьана а дина, гIуллакх ца дан воллу хир вара хьо? ХIара хIун гIуллакх ду... кху шайтIанан маттаца? Хьуо ца Iелахь, волавелла леллашехь дагахь бисмилла Iамаде! — аьлла, ягийча санна, чехка чукхоссаелла, Зайндис йоьшуш лаьтта цхьа сурташ тIехь долу книжка, схьа а эцна, цIерга кхоьссира Арухас. И книжка хиллера Зайндис, шайн буьн чуьра ши хIоа а даьхьна, кооперацера эцна еана берийн книжка. Арухас и книжка ягийна новкъа хеташ, дийнахь сарралц воьлхуш а лийлира Зайнди.

Аьхке а юьйлира. Школера бераш а дерриг а дIахийцира. ЗайндигIеран лулара Iалболат а Михайловскехь доьшуш волчуьра шен аьхкенан кхо бутт баккха цIа веанера. Цо ша цIа вогIуш шен доттагIчунна Зайндина тайп-тайпана хаза книжкаш а еанера.

Дестечун Арухин амалш евзинчу Зайндис шена Iалболата совгIатна елла книжкаш ларъеш, лечкъош лелайора. Аруха цIера яллалц цо шен и книжкаш ргIу кIелхьарчу сайри кIел ехкина латтайора.

Дукха хан ялале Зайндин мукадехкаца довделира.

— Хьох яла сийна цIе! Арухица маттара хилча санна, хIара книжкаш ца йиъча ца магара ахь?! — бохуш, велхаран къурдаш а деш, мукадехко шен книжкин йиинчу маьIаге хьоьжуш Iара Зайнди. И дахка сайри кIел баре сатуьйсуш, и ларбеш де текхира Зайндис. Цул тIаьхьа и шен книжкаш дIаяхка массо а меттигах тешам байна волчу цо хечин борчах йоьхкина лелайора уьш.

Аьхкенан юккъера бутт тIекхечира. Цу баттахь къаьстана денош довха догIура. Еарин дийнахь сахуьлуш гIаьттина Бисолта мангал хьакха вахара. Цу дийнахь луларчу юьртахь базар хIуттуш яра. Кхо герка даьтта а эцна, Аруха цу базара яха кечъелира. Цо ша базара яхале дуккха а гIуллакхаш дехкира Зайндина тIе.

— Со базара йоьду, цигара со цIа яллац кху уьйтIара хьайн коган лар дIа-схьа ма ялийталахь! ХIара, цхьа буьртиг лаьтта ца божуьйтуш, кега а деш, дакъор ду ахьа! — аьлла, аьрру пхьарс а лаьцна, вадийна вигина, Зайнди уьйтIахь палс тIе дакъо даржийначу кIа юххе, кхеккаш тIехьаьжначу бовхачу малхе охьахаийра Арухас. Ша сарралц цу бовхачу малхе хиина Iелур вац, ала ца ваьхьаш, IадъIийра Зайнди.

Арухех кхоьруш, гаррехь дегI а дегош, хиина Iачу Зайндина юха чу еддачу Арухас тIайх юьззина цхьа йоккха куьйр еара. И куьйр Зайндина хьалха дIа а хIоттош, цо элира:

— Хаза Iалаш а еш, со цIа кхаччалц хIара куьйр лийсалахь! Ахьа кху чуьра цхьа тIадам Iанийтахь — ас исс делахь са доккхур ду хьан! — аьлла.

Арухина дуьхьал вистхила ца ваьхаш, Зайндис, ша Iаччохь куьйран тIам схьа а лоцуш, корта таIийра.

Цунна Iаламат чIогIа новкъа хилира Арухас шега, куьйр

лийса, аьлча. Цунна, ша бовхачу малхехь хиина Iийр велахь а, книжкаш а йоьшуш, сурташ а дохкуш Iен лаьара.

Мухха а ша и гIуллакхаш данза вер воцийла хиъначу Зайндис ойлайира, цхьана куьга куьйр а луьйсуш, вукху куьйга сурташ а дохкуш Iийр ву ша, аьлла.

КIа дакъадар а, куьйр лийсар а шега кхочушдаделча доккха гIулакх хеташ Iаш волчу Зайндига, ша базара даьтта чохь яхьа кечйина кхаба буйна а лоцуш, юха а Арухас элира:

— Кертара ара ца долуьйтуш, и вайн эса Iалашделахь! Масала, со цIа кхачале бажа цIа бапIахь, чудоллалахь. Ахь и аттах дакхийтахь, ас тховса юучу хIуманах мот тохуьйтур баш хьоьга! — аьлла.

Шен Арухас меца вуьтуш, вон дайна волчу Зайндина вукху гIуллакхел а эса Iалашдаран гIуллакх чIогIа хийтира. Аруха кех яларе а ца хьоьжуш, ведда ваханчу цо кетIара заIар дIакъевлира. Иза-м хIинца а ца ваьллера шен гIуллакхаш схьаэцна. Аруха дукха дIа-схьа хьежарца цунна хаьара шена тIе кхин а гIуллакх дилла и йоллийла.

— ХIоъ тосуш, хIара котаман кIорнеш Iалашделахь! Ахь кхарах цхьа корни маккхале дахьийтахь, аса тховса кху кертахь буьйса йоккхуьйтур яц хьоьга, — аьлла, тIаьххьара гIуллакх Зайндина тIе а диллина, кех елира Аруха.

Шийтта кIорни тIаьхьа а хIоттийна, уьйтIахула, зIок етташ, йолаелла лелачу берозачу котаме а хIоьжуш, ша муьлха хIун дийр ду ца хууш, Зайнди а вара.

Дукха чIогIа таIзарца и гIуллакхаш Арухас шена тIедехкина дела, шегара гIалат даларна кхоьруш, ша хаза ден долу Iуналла керара а даьлла, цхьа иэпIа стаг санна вара Зайнди. Цу массо а гIуллакхал къаьсттина чIогIа новкъа дара Зайндина тIаьххьара шена тIедиллина кIорнеш Iалашдаран гIуллакх. ХIума ца юуш, мацалла валла Iийна а, чохь буьйса яккха лаьара Зайндина. Маккхало цхьа кIорни даьхьчахь, Арухас шега арахь буьйса йоккхуьйтур юйла хууш, кхеравелла волчу Зайндис ерриге а шен ойла кIорнеш Iалашдарна тIе ерзийнера.

Кест-кеста кIа а кегош, малхо йохйо шен белшаш а лестош, сихйина аьрру куьйга луьйсуш куьйр а йолуш Зайнди Iаш, гIушлакх-хан хилира. Малх а бара кхуьнан дегIана Iеткъаш, хи кхехко санна, хьала мел бели, бохлуш лаьтташ.

Ша деша а, язда а кхуьур вацахь а, шен бIаьргана гучахь

книжкаш хилар гIоле хеташ, шен хечин борчах йоллучуьра схьа а яькхина, ши книжка шена юххе охьайиллира Зайндис. Иза, уьш еша ца кхиахь а, ша гIуллакх деш воллушехь царна тIехь долчу сурташка хьажам кхиавора.

Де делкъанга делира. Малх, кхин а чIогIа бохлуш, тIехьежа хIоьттира. Еана ЗайндигIеран керта тIехула маккхал хьаывзира.

Котаман кIорни дахьарна кхеравеллачу Зайндис, хьала а оькхуш;

— Кху-у-у-а-рай, маккхал йогIу шуна, дIаловчкъалаш! — аьлла мохь а тухуш, шен коьртара бIегIаган куй хьалакхоьссира. Зайндех къаьхкина, маккхал къайлаелира. Зайнди, цу маккхало кхин а чIогIа цецвоккхуш, кIорни дахьарна кхеравелира.

Чуьра бехчалгаш а еана, котам шена тIеетталушшехь, схьалаьцна, шийтте кIорнин когаш вовшехтесира Зайндис.

— ХIинца-х дера бац шух цхаьллиг-цхьа кIорни дахьарна кхерам, — аьлла, паргIатваьлла, шен куьйр лийса охьахиира Зайнди.

Дукха хан ялале хиина Iачу Зайндина юххехула, мох тухуш, тоьпан хIоъ санна, чехка схьаиккхинчу гIиргIано даьхьана цхьана кIорнех катуьйхира. Дийнна кочар дина шийтта кIорни хьаладаьхьира гIиргIано. Хьалакхийсалучохь йисира бероза котам а.

— И хIун гIовтIа яра сан лерга юххехула тIехъяьллагг? — аьлла, вахана дIахьаьжначу Зайндина шийтта кIорни эцна доьдуш гIиргIа гира.

ЦIеххьана цхьана хIумано къовзийча санна, чехка хьалаикхкхира Зайнди. Ша хьалаоькхкхушехь, гола а Iоьттина, шена хьалхара куьйр а харцош, коьртара куй кIорнеш эцна доьдучу гIиргIанна тIаьхьа кхоьссира Зайндийс.

ГIиргIа, шен кIорнеш а эцна, лакха хьаладаьлла, хьунехьа дIадахара. КIорнеш цо охьатийсарх догдиллина, юхавирзинчу Зайндина шайн уьйтIе кIаййина карийра. Кхо го а боккхуш, керчина, юккъехула йо а йойна, берриг а тIо лаьтта а Iанийна, Iуьллуш яра куьйр.

Зайндин чIогIа йиш юьйхира. Иза, шен коьртах ка а дечташ:

— Вай, аса хIун дан деза хIинца? — бохуш, шийлачу маьхьарца велха хIоьттира.

БIаьргех оьгу тIадамаш пхьуйшаца дIа а дохуш, куьйри чуьра Iаьнна тIо лахьо вуьйлира Зайнди. Кхо го боккхуш,

керчинчу куьйрано бай тIехула дIабиттина тIо-м хIуманна мегар болуш кара ца богIура Зайндина.

Шен гIуллакх чIогIа эрчадаьллийла хууш, шега Арухас и буьйса чохь йоккхуьйтур йоцийла хиина, Зайнди, тIаьхьтIаьхьа карзахволуш, воьлхура. Иза, Аруха цIа ярна кхоьруш, кертахь Iен ца хIуттуш, кетIа а ваьлла, кертан гонаха хьийзаш, лелара.

Делкъал тIаьхье хилира. Малх кхин а бохлуш, де а къевкъира. Кертахула дежаш лелачу эсанна буту а йоьлла, иза а керт мел ю ида доладелира.

Шен даьхьана кIорнеш а, ша, куьйр йохош, Iанийна тIо а бицбеллера Зайндина, эса, кех а даьлла, аттана духьал дахарна кхоьруш. Иза, шен велхаран узамаш а беш, вехха идира эсанна тIаьхьа.

Зайнди шена тIаьхьа мел хьоду, хьерадолуш, бутано эккхийна леладора эса. Дакъо даржийначу кIе тIехула цкъа а, шозза а йорт яьхьира эсо. Палсан йоьхначу маьIаге ког а тасабелла, дIабадийра цо кIа тIехь долу палс.

Зайнди тIаьхьакхиина валале эсо ког чакхбаьлла бадийначу палса тIера кIа и керт мел ю даржийра. ТIаккха, кхин дан хIума а ца хилла, догдаьттIачу Зайндис, мохь хьоькхуш, шен голаш тIе буйнаш биттира. Амма эса-м, шен когах тасабелла палс дIаболлушехь, заIарна тIехула а иккхина, эвла йистехьа боьдучу урамах дIахьаьдира.

Кест-кеста кетIа а хьожуш, Зайнди вехха кIа гулдан гIерташ ваьллира. Амма, ша гулдина вер вошийла хиъча, Аруха цIа кхачале гучуьра валар гIоле хеташ, схьаэцна шен ши книжка хечин борчах а йоьллина, кех велира.

Суьйре хилира. Малх а, дIабуза кечлуш, цIечу басе а бирзина, оллабелла кхозура. Мангала вахана Бисолта а, базара яхана Аруха а цIа янза яра. Зайнди вара, тохара базара яхале Арухас шена дийр ду аьлла дерриге а таIзарш дагалоьцуш, велхаран узамашца керта гонаха волавелла лелаш.

Малх а дIабуьзира. Бажа юьрта чубулуш, хьелий шайншайн керташка дIасадекъаделира. АрухагIеран етт а беара, дакхийна эса тIаьхьа а хIоттийна, цIа.

Эса а шен декхнийла хиъчахь, кертахь хьовха, кертан гонах а Iен ца ваьхьаш, бода къовлабалале шена буьйса якхха меттиг лаха эвла йистехьа дIахьаьдира Зайнди. Эвла йистехула охьадогIучу цхьана хин йистехь хьаькхначохь дина элан литтанаш карийра цунна. Дукха вилхина, йиш а хаьл-

ла, мацалла валла воллу Зайнди, цхьана литтанна юккъе а воьлла, охьавижира.

Бода къовлалуш еана цIа кхечира Аруха. Цунна шайн кертахь хилла къаьхьа де карийра. ДIа-схьа хьажарх, мохь тохарх, Зайнди-м ца каравора.

— Вай дела дала хьан хьайн са! Яраббий цхьа дела, ма кхиа хьо яра маьлхан дуьне даа! Суна хIуьттарена бин-кх ахь хIара ирча болх! Сийна цIе яла хьох а, хьо винчу хьан ненах а! — бохуш, къаьхьачу девнаца, йоккха гIаж буьйна а йоьллина, Зайнди лаха ара иккхира Аруха.

Аруха кех йоллушехьа веана Бисолта а мангалара цIа кхечира. Дукха хан ялале, Зайнди карорах дог а диллина, Аруха а еара цIа.

— Хьо шек а ма вац?! Цу шайтIанан и иэхь ца хета корта озийна тIера боккхур бу ахьа! Дош хетий хьуна айхьа цуьнан ловзавар? Гой хьуна цо дайтина хIара ирча гIуллакхаш? Маккхалшка шийтта кIорни дахьийтина, куьйр а йохош, берриге а тIо Iанийна, дакъо даржийна кIа а хIара керт мел ю дуьйдина, эса-х муххале а дакхийтиний. Цуьнга хIара дог а иэтIадойтуш со-м Iийр яц хьуна кху кертахь! — аьлла, ша чу кхоччушехьа, Арухас Бисолтица довдаьккхира.

— Цуьнга хIара къаьхьа де а дойтуш, хьо стенга яханера? — аьлла, оьгIазвахарца хьаьжа юккъе шад а хIоттийна, хаттар дира Бисолтас. Иза, сарралц мангал хьаькхна, цIа веана, мацвелла а, гIелвелла а вара.

— Со, цхьа кхо герка даьтта а эцна, базара яханера-кх, цу къамкъарге, хаза хьажа а хьожуш, гIуллакхаш де, аьлла, — аьлла, Бисолтина жоп луш, Аруха суьйренна юург ян тохаелира.

— Цул атта хьаха дара хьуна, беран тIорзанна тIе и совнаха гIуллакхаш а ца дохкуш, хьайн гIуллакх айхьа динехь, — олуш, вуха а вистхилира Бисолта.

— Ма дош дацара-кх ахьа дуьйцург! ХIинца иза а аьлла, кхин ца етташ вита воллу хир вара хьо и? Ахьа хIинца цкъа охьавожжалц еттахь, тIаккхахула цуьнгара дер дац хьуна хIара тайпа гIуллакхаш, — элира оьгIазйоьдуш йистхиллачу Арухас. Иза сискал, хьийна а яьлла, шина зайлина юккъехь пеша юьллуш йоллура.

— Етта-м муххале а еттар яра цунна, тховса цIа вагIахьара иза, — олуш, когара мачаш схьа а яьхна, паргIатвелира Бисолта. Амма цу заманчохь Зайнди-м эвла йистерачу литтанна юккъехь, ирча гIенаш а гуш, набкхетта, Iуьллура.

Бисолтий, Арухий дукха хан ялале шаышшинна суьйранна хIума а йиъна, охьадижира. И шиъ башха Зайнди лаха сингаттам болуш а дацара.

Iуьйранна сатоссучу хенахь локкхаран аса пхьаьрса кIел йоьллина эвла йистерачу шайн элах цхьа литта дан вахара Дадал. Дадал Зайндин доттагIчун Iалболатан да вара. Цунна, ша литтанна тIекхаьчча, юккъехь гулвелла, хьаьрчина, вижина Iуьллуш Зайнди карийра.

Зайнди, вижина Iуьллучуьра самаваккха къа а хетта, меллаша элаца локкхарна юккъе а хьарчийна, ги воьллира Дадала.

— О-хI, у-хI, дада, дIакхача дохкий вай? — элира Дадалан гихь набарх а валанза вогIучу Зайндис.

— Дохку дера-кх, вай-м хIинца дIакхочур ду, Зайнди, Iадда вижий Iе хьо, — аьлла жоп делира Дадала, гихь воллу Зайнди то а веш.

Дадал дукха гена валале гихь воллу Зайнди самавелира. Цунна ша варданахь воцийла, Дадалан гихь вуйла хиъчахь, иза йиш хаьллачу маьхьарца вилхира. Зайндина хьалхарчу дийнахь хилла берриге а бохамаш дагабаьххира.

— Хьо хунда воьлху? Ма велха, Зайнди! Аса-м хьо, хаза набкхетта Iуьллу дела, самаваккха ца лууш, валаворий, ги а воьллина, схьа, — аьлла, литта охьадиллина, юккъера Зайнди схьа а ваьккхина, хьаьстира Дадала. — Ма велхал, ма велхал, вайша хIокху сохьта дIавоьду,— аьлла, локкхарна юкъа къевлина литта ги а доьллина, Зайндин куьг лецира Дадала. Зайнди цо ша хьаста мел хьаьсти велха дог догIуш вара.

— Со мича гIур ву? Сан-м дац цIа. Арухас со цIа а вац вуьтур, кхин сан ваха меттиг а бац-кх, — элира воьлхуш лаьттачу Зайндис.

— Вайша-м тхоьга воьду. Iалболат-м селхана дуьйна хьо ца карош, лоьхуш лелаш ву.

Бисолте а, Арухе а аса хьох куьйган боьхьаг дIа тохуьйтур бац хьуна, — олуш, хаъал Зайндин дагана там бира Дадала. Зайндис Дадале хьалхарчу дийнахь шена хилла хьовзамаш а буьйцуш, юкъ-кара вилхина кхетта хIинкIаш а еш, и шиъ юьрта чу веара.

Арухех цIа ваха ца ваьхьаш, Зайнди ДадалгIаьргахь шен доттагIчуьнца Iалболатца Iаш кIира делира. Цхьана дийнахь Iалболатца, книжка а йоьшуш, дитта кIел хиъна Iаш, Зайндис элира:

— Iалболат, со, хьо дIавоьдуш, хьоьца Михайловске дешa воIур волуш ву-кх, — аьлла.

— ВагIахь, дера ву аса дIа а оьцуьйтур, вайша ший а цхьаьна доьшуш а Iийр. ТIаккха вайша цу дешаре хаза нехан санна йорт а кхоьхьуьйтур ю хьуна! — аьлла, чIогIа резахилира Iалболат. Iалболатана дукха хенахь дуьйна а хаьара, Зайнди чIогIа дешаре сатесна а, школе ван лууш а вуйла. Цуьнан вочу дестечо а, дас а воуьйтур воцийла хууш, Iийна хиллера Iалболат Зайндига деша вола ца олуш. Цаьршимма цхьаьна Михайловске ваха бартбинчул тIаьхьа кхин а кхо де делира. Цхьа-ши де даьлчахь, Iалболат шен дешарна тIе юхаверза веза зама а тIекхечира.

Бисолта, денна шен мангала а воьдуш, Зайнди лаха дIасхьа тIаьхьа ца волуш, IадъIара. Цунна хаьара, иза ДадалгIеран цигахь, шен доттагI Iалболат волчахь, Iаш вуйла. Зайнди Iалболатца Михайловске деша ваха барт бина вуйла-м ца хаьара Бисолтина.

Кхана дIаваха веза аьлла Зайндий, Iалболаттий кечвелла Iачу дийнахь еана кооперацина товар дохьуш СоьлжаГIалитIера грузовик кхечира. Цу тIехь и шиъ СоьлжаГIалитIе а веана, цигара машинаца Михайловске вахара.

Бутт а белира. Кхо бутт а белира. Зайндий, Iалболат Михайловскехь чIогIа доьшуш а вара. БисолтагIарна а хиънера, Зайнди Iалболатца Михайловске деша вахнийла.

БоьалгIачу беттан пхоьалгIачу дийнахь БисолтагIеран кетIа веанчу цхьана жимчу стага:

— ХIе-е, чохь дуй шу? Бисолта? — аьлла, зIарах гIаж а тухуш, мохь туьйхира.

И цо гIаж тоьхна зIар тохара Зайндин эса тIехула иккхина зIар дара.

— Да дера чоххьа-м тхо! ХIун дора ахьа? — аьлла, кетIа веара Бисолта.

— ХIара кехат даийтина шоьга, Зайндигара ду моьттуш а ву со хIара, — аьлла, Бисолте кехат дIа а кховдийна, чехка юхавирзира и жима стаг. Цуьнгахь кхин а дуккха а кехаташ дара юьрта чохь дIасадекъа дезаш.

Кхин чу ца зоьдуш, ваханчу Бисолтас, лулара комсомолхойх волу цхьа жима стаг а валийна, шений, Арухиний и кехат дешийтира.

«Де дика хуьлда хьан, дада! Хаам бо ас хьоьга со Iалболатца цхьаьна Михайловскехь доьшуш хилар. Аруха! Хьуна новкъа хеташ, ахьа етташ, чехош, гIийла лелийна Зайн-

ди хIинца-м дика доьшуш ву хьуна. Хьайна ма-луъу, ког хецна ехар ю хьо цу сан ден кертахь. Со кхин хьийзар ваш хьуна новкъа а, хьуна хьалха а. Со бахьана долуш и ахьа эрна лебина корта кхин лебийр баш ахьа. Суна сан елла нана Бикату санна, дика нана а, да а карийна хIинца. Советан школо, варах а ца тешаш, духучунна а, дуучунна а дика кхобуш, кIайчу меттахь вижош, дешар, йозий чIогIа Iамош, кхиаво со. ХIинца сайгахь долу хьал тохара хьоьца Iаш долчу хьолах тера ца хета суна. Вай, далаза дахлахь, вовшашна ган а мега. Iодика йолда шун! Зайнди», — аьлла, Бисолтиний, Арухиний кехат дийширa комсомолхочо. И шайна кехат дешна ваьлча, вовшашка а хьоьжуш, ойланаш ян делира Бисолтий, Арухий.

Юьртахь Зайндица цуынан десте — Аруха муха хилла а, Зайнди деша муха вахна а хууш болчу наха чIогIа бехкаш дохура Бисолте. Зайнди бахьана долуш юьхьIаьржахIоьттина дара Бисолтий, Арухий.

Зайндина тIаьхьаваха Бисолта даго ца вуьтуш ши шо делира. Зайнди а вара, вина мохк безамехь хеташ, шен нийса накъосташ гаре сатесна, цIа ваха лууш. Амма Арухин шеца йолчу хьагIашна цIа ваха ца хIуттуш, Iадда доьшуш Iара Зайнди.

Школехь вуьззина ударник волуш, хьехархошна а, дешархошна а дукхавезаш, дика дешархо хилира Зайндих. Школан куьйгалхоша, дика дешархо ву аьлла, цхьана шарахь кхузза совгIат а делира Зайндина. Зайнди дика дешархо хилар а, иза хаза стогалла а долуш кхуьуш лаьтташ хилар а, цунна совгIаташ далар а хиира Бисолтиний, Арухиний. «Ленинан некъ» газета тIехь шозза-кхузза бохург санна хестош вуьйцуш вара Зайнди. Цу газето къаьсттана чIогIа тешам бира Бисолтиний, Арухиний шаьшшинна юьрта чохь Зайндих лаьцна дуьйцу хабарш бакъдуйла хаа.

Аруха чIогIа дохкояьлла яра Зайндина ша вон хиларна а, цуьнца ша ийгIина хиларна а. Тохура шена новкъа хилла, ша гIийла, чехош, етташ лелийна волу Зайнди хIинца Арухина а хилира хьашт. Арухас, яздайтина, Зайндина тIаьхьа кехат дахьийтира, шаьш и гаре сатесна ду, хьажа-хIотта цIа вола, аьлла.

Шега Арухера кехат кхаьчча, Зайндис дуккха а ойланаш йира, юх-юха и кехат а доьшуш. Цо дуьхьал жоп луш Арухе кехат даийтира:

«Ва Аруха! Со тохарлера хьуна новкъа хетта Зайнди ваш,

соьга цIа вола ма боху ахьа? Ма чIогIа совваьлла, етташ, гIело хьепийтира ахьа соьга! Делахь а хIумма а дац, ца къуьйсур ас хьоьца! Ахьа соьца лелийна вон амалш ас хьоьца а лелийча, хьуна санна, вон гIиллакхаш Iемар дара-кх суна а. ЦIа — бахий ахьа? ВогIур ву дера, айса аьхкенна цIахь боккху болу кхо бутт чекхбалале хьуний, тхешан дена — Бисолтиний йоза-дешар Iамо-м».

ТРАКТОРХО ЖУЬНИД

Пхийтта шо хьалхалерчу шерачу аренан а кхин сурт дара. «Дув-в-в-в» бохуш трактаран гІовгІа хеза шерачу арахь. Пхийтта шо хьалха шерачу арахь кхин гІовгІа яра.

«Гуррр-р-р-р, дув! дув! дув!» бохуш а хеза гуьйренан охана деш йоллучу трактаро.

Пхийтта шо хьалха и гІовгІа яцара, хІетахь хІара гІовгІа яра: «Хьо биса хьайн да велла! Мича гІерта хьо, доккъантІехь беттарг!» Я: «Хьох дé дала хайра, хІунда ца тохало хьо, вайшиннан охана юкъахдуьсуш лаьтта!»

«Вддд-д-д-д-д-дув! дув» олий а гІовгІа йолу шерачу арахь цІечу колхозан цу тракторийн. Трактаран чкъург мел керчи, цунна тІаьхьа, ши бос лепа Іаьржа дари санна, къегаш Іаьржа аре хІутту; хІума тоьгучу чархо санна, арахь, вовшах хуттуш, луьста, Іаьржа тоьгана до. Чорхана кІади санна, атта ду трактарна Іаьржа латта.

«Таттт-т-т-т, дув!..» бохуш а хеза шерачу арахь трактаро. Цуьнан гІовгІа хІумма а новкъа яц цу трактор тІехь Іечу Жуьнидана. Цу трактаран наггахь болучу кІуьро Жуьнидан бІаьргашна кхоло ца йо, Жуьнидан карахь болчу трактаран тІомо цунна хІумма а ницкъ ца бо.

Жуьнид трактархо а ву, цІечу колхозан член а ву, колхозехь уггар тоьлла хІайттархо а ву.

Ханна 35 шо долуш, хьаьрсо эр долуш мекх, ал ши бІаьрг, велавелча ерриге а аьлла гучуйовлуш кІайн цергаш, тІехь гатанан тужуркий, хечий а долуш, тахана кху арахь

ша трактор а лелош, охуш воллучу Жуьнидан аьхна вала йоккха меттиг ца йисинера. Амма Жуьнидана гонах бIаьргo схьа ма-лоццу Iуьллучу лаьтта тIе тракторша шайн ницкъаца, Iаьржачу хьаргIанна тIехь санна, шена тIехь ши бос лепаш йолу Iаьржа шаршу оьзнера. Тахана Жуьнид охуш шеца накъостий боцуш хилар — кхуьнан накъостий кхин охана дан бахана хилар дара. Уьш хIинцца цхьа ах сахьт хьалха бахнера.

Делкъахан хуьлуш йоллу. Малхо шен можа, йовха, еха канаш чуоьхкинера, адамашна а, Iаламна а тIеххьа яз а еш. Дуьне шен канаш юккъе дерзарна боккхабеш санна, и малх боьлуш кхозура. Арахь, нагахь тIемаш а тухуш, доьду олхазар а гора. Iаьржачу аматахь Суьйра-Корта а гора. ТIаргIа боккхучу ахкаро санна, Iаьржа генаш ирх а хецна гуш Соьлжа-ГIаларчу заводийн тоьпаш яра хьийзаш ирхбуьйлучу кIуьраца.

Пхийтта шо хьалха Жуьнид, хIинцалера Жуьнид вощуш, кхин Жуьнид вара. ХIетахь Жуьнид юьртахь а, дуьненахь а вуйла Жуьнидагlеран хIетахь хиллачу къорзачу жIаьлиний, кхуьнан къеначу наннин бен ца хаьара. ЖIаьлина хаьара Жуьнид вуйла, бераша шена тоьхча, орцахволуш и хиларна а, буьйсанан заманчохь ша летча, араволий, «хIун до цо?» Жуьнида аларна а. Жуьнида къорзачу жIаьле, «хIун до цо?» ца бохуш, «ссуь!» я «схьалаца иза!» эр дара... Иза цо цкъа а олуш дацара къу къолах хIума йолчу бен ца воьду дела а, шена стаг къолах гIоьртар воцийла хууш а. Амма къорза жIаьла буьйсанан заманчохь лéтар-м — керта къуй гIерта хаалуш дацара, шайн куьпара кхин жIаьлеш а лета бохуш дара. Къуй а гIертарг хир бара Жуьнидана, кхуьнан дахьа хIума цу заманчохь хиллехьара, — бакъдерг дика ду, хIетахь Жуьнидан цхьа цIен ши старгIа-м яра, пийсик санна, юткъа а йолуш, Жуьниданий дайна, маьхза елча а, цхьаммо а юьгур йоцуш яра. Цу заманчохь Жуьнидан шина старгIано, шина-кхаа дийнахь садаIарца йожар нисделча, дечган генаш а йохьура, уьрда тIе мекха а такхабора. Амма охана-м ца дора, мухха а кхуьнан шина старгIано нехачуша дийнахь дийриг кIиранах дора.

Жуьнид, оханина шен ницкъ цахиларна, и даиман нахаца юкъахь дан лууш вара. Бакъду, нахана-м кхуьнца и дан ца лаьара, кхуьнан нишкъ гуш. Кхуьнан магIара болчара цхьана заманна дира цуьнца охана юкъахь. Амма уьш а, хIара санна аьлла, Жуьнидагlар хиларе терра, тIаьхьо кIелбисира.

Жуьнидан магIара боцурш, кхуо юкъахь охана дар хьахийча, кхунах баша а ца башара. И хьал хиинчу Жуьнида тIаьхьа шен магIара боцчушка юкъахь охана дар хьаха а ца дора. Кхуьнан мехах гота ахийта дезаш хуьлура, и декхар дIатакха кхуо пхоьаз-йолхазза дечган генаш яхьара.

Иштта хала дуьйш долу ялта ЖуьнидагIарна шарера бовллал ца хуьлура. ЖуьнидагIара сискал тIамарал мерза хеташ юура, ЖуьнидагIарна сискал а къен яра.

Пхийтта шо хьалха Жуьнидан хилла хьал, цо лайна хало, бала, гIайгIа вай йийца доьлча, иза еха хир ю, суна моьтту, лакхахь цуьнан цхьажимма вийцаро а цуьнан хIетахь хилла хьал, цуьнан бахаман сурт гойту.

* * *

ХIинца хIун хьал ду Жуьнидехь? Жуьнид волчу колхозо шен шеран болх, пайда шеран коьртехь боькъу колхозхошна.

ХIинца Жуьнидехь хIумма а вон хьал дац, Жуьнид колхозехь ву. Жуьнида цкъа а ца дийнера кIа. ХIинца Жуьнидан ден кIа хуьлу, тIеюха бедар хуьлу, дуьне хIун ю хаьа, дешна ву, говзалла ю, садаIа зама ю. ДегI цIена лело дезийла хиъна, дегI цIена лело йиш ю. Сакъералуш ву. Масане ду уьш цуьнга кхаьчна а, хIокху сохьта цуьнгахь долу а дика хьал, вай дийца доьлча, иза деха ду.

Пхийтта шо хьалха Жуьнидана йоза ца хаьара, я дешар ца хаьара, я дешар хIун ю а ца хаьара, я гIала хIун ю а ца хаьара. Ма-дарра дийцича, цунна дуьненан хазалла а, я марзалла хIун ю ца хаьара. Дуьненан хазаллий, марзалла Жуьнидана хIун ю ца хаьара бохург — иза хи доцуш вуй, мерзачуьнан чам ца хууш вуй бохург дац, со ала гIертарг — Жуьнидана а, хIара санна болчу кхечу ЖуьнидагIарна а дуьненан марзонан дакъа кIезиг дара, аьлча а, данне а дацара бохург ду.

...Диъ нох тIаьхьа а тесна, трактopца гота охуш воллучу Жуьнидан горгачу юьхьа тIехь, берцан буьртигаш санна, хьацар дара. Иза цхьана сохьтехь далла шен охана дисинчу заманчохь, трактор саца а йина, даьтта а тоьхна, тIехь кхин цхьацца гIуллакх а дина, оханина йисте веара хIума кхалла. Лаьттах къаьсташ айабеллачу гу тIехь Iаш волу Жуьнид, ша тIехь Iеш волчу гуга а хьаьжна, велакъежира. И гу тохара, паччахь волчу заманчохь, кардон тIехь лаьттина бара. Иза

хууш волу Жуьнид, хьалхалера зама дага а еана, велавелира. Цо ша-шега элира: «ХІинца со муха ву? Тохара со муха вара?».

Жуьнид иштта Іаш, ккунна пхийтта гІулч бен гена боцуш охьабогІучу шерачу новкъа цхьа хІургон йогІура, расха ши говр а йоьжна. Цу хІургон тІехь сал-пал яра гуш: аьчган маьнгин ши агІо а яра, цхьана заманчохь цІена а, дика а хилла цхьа тишо йоккха чамда а яра, истангаш, кІудалгІумгІа а яра гуш. ХІургонна хьалха хиъна Іаш цхьа воккха стаг вара, лергина кІайн маж а йолуш. Улло а хІоьттина цхьа стаг воГІура, и стаг цу хІургон тІерачу хІуманан да вара, ханна 33 шо хир долуш. И стаг гІайгІане вара, сингаттам болуш вара.

ХІун сингаттам бу цу стагана?

Цунна болу сингаттам хІара бара — хьал, даьхни, деши, паччахьан зама...

Цуьнан цІе Махьмуд яра, иза вара мера тІехь берахь дуьйна боккха муо а болуш. Иза совдегаран кІант вара, цуьнан да веллера. Тахана цуьнан аравалар ккелхина вахар дара. Цуьнан сингаттам цунах хьарча болабелла пхийттал-гІа шо дара.

Де довха хиларна, Махьмуд хьагвеллера. Иза, шаьш Жуьнидана тІекхаьчча, цунах бІаьрг а ккетта, цунна тІевахара хи мала дагахь:

— Мала хи дац хьан? — элира Махьмуда.

— Дера ду-кх, — аьлла жоп делира хІетта хьалагІоттуш воллучу Жуьнида.

Махьмудан салам далар а, хьоькъийла алар а трактороо дохийра. Махьмудана трактор бІаьрга ян а ца езаера.

Чеккка хи а мелла, Махьмуд дІавахара. Иза дІавахча, Жуьнида ша-шега элира: «И стаг суна цхьанхьа-м гина».

Ехха ойлайира Жуьнида, и стаг шена мичахь гина ца хууш.

ЦІеххьана Жуьнидана дагадеара шена Махьмуд гар. Жуьнидана Махьмуд пхийтта шо хьалха гинера, цунна иза гар ккху тайпана ду...

Цхьана дийнахь Жуьнид, шен цІен ши стаггІа а йоьжна, вордан тІе мекха а биллина, мекха баккха воьдура. Шерачу арахула бекъачу новкъа ккунна дуьхьал файтон йогІура, Іаьржа ккхо говр а йоьжна. Цу файтонахь тІехьа хиъна Іаш цхьа жима стаг вара, чоп1, гІовтал а долуш, кІужал агІор а хьаькхна, мера тІехь муо а болуш, горга юьхь а йо-

луш. Аркъал а таьIна, цо чIогIа ладоьгIура, шена улло а хиъна, пондар лоьккхуш Iачуьнга. Цу файтона хьалха Iийриг оьрси вара, цо шен говран архаш «ХIов! ХIов» бахарца даима юьйлина латтайора, цу кхаанна кест-кеста молуш кад бара.

Лоьккху пондар а, бехначу нехан маьхьарий а шена дуьхьал йогIучу файтон тIехь хааделча, Жуьнида, шен ворда нацкъара яькхира. Файтона хьалха Iачо, шайгахь цигаьрка лато сирник цахиларна, Жуьнидана тIекхаьчча, файтон саца а йина: «Кунак, сирник юй?» — элира.

— Яц, — Жуьнида а элира, шегахь и цахиларна.

— Юй хьоьгах сирник? — элира Махьмуда, тIе а чевхина.

Иза тIечевхича ца дезаделлачу Жуьнида, Махьмудан амат даккха санна, ши бIаьрг тIе а боьпIна:

— Елахь а лур-м дера ящара! — олуш, шен старгIанашна сара туьйхира.

Оьрсичо файтон дIахьа́йира. Махьмуда, юха а кхевдина: — ХIу да́, къен нах, шун! — элира.

Юха ца хьожуш дIавоьдура Жуьнид.

— ХIу да, къен нах, шун! — аьлла мохь туьйхира юха а Махьмуда. И мохь Жуьнидана хезира. И мохь Жуьнидана, шийла мох хилла, дегIах чекхбелира. Амма Жуьнид-м, кхаьрца саца а сецна, дийцарах, а нислур доцу дела, цу Махьмудан амат шена юх-юха карла а доккхуш: «Цкъа цхьанхьа гича, дуьйцур аса цуьнца», — аьлла, дIавахара.

— ХIу да, къен нах, шун! — аьлла, юха а мохь туьйхира Махьмуда.

ЦIе яьллачохь: «Хи да!» — олий, доггах туху мохь санна: «ХIу да, къен нах, шун!» — бохуш мохь бетта Махьмуда. «ЭхI! Хьо дуьне... Маржа яI-кх хьо дуьненан, мел дика лов ахьа нийса доцург!?».

И Махьмуд вара-кх Жуьнидана гинарг.

Жуьнида, цунна тIаьхьа а хьаьжна: «ХIинца-м хьайн де дIакхаьчнера хьоьга», — элира.

Дукха хан ялале Жуьнид, шен трактор тIе а хиъна, аха волавелира...

«Гуррр-р-р-р, дув! дув! дув!» бохуш, трактор шен цIопIанца шера аре юха а еко йолаелира. Цу трактораи «гур» дIавоьдучу Махьмудана, тоьпан хIоъ хуьлий, дегIах чекхдолура.

ИМАМ

бохучу хабарх цхьа дакъа

I

— Къонаха, ца боху хIинца а газето хIорш дIабоьлху? — элира нар тIехь мехий дохуш Iачу зудчо шена уллохь хиъна «Серло» газет доьшуш воллучу шен майрачуьнга Жабига.

— Ца бохура дера кхуо хIорш дIабоьлху-м. Цу тIера-м гIуллакх дIадаьллера, вуышта, хьанал мах а лелош, ваха витахьара кхаьра, — аьлла жоп делира Жабис, лата кечъелла газа санна, куьзганаш кIелдIахула шен зудче а хьоьжуш.

— Дала ма нисбойла хIорш, делаI, биса бохку-техьа хIорш? Кху шарахь кIа-маьрсан хенахь дIабевр бу, бохуш ма дара, ахьа а тIаьхьа?

— Дера аса а ма баьхна, массара а ма баьхна, кху масийтта шарачохь мосуьйттаза цIераш а ма йиттина, кху хенахь дIабевр буй, цу хенахь дIабевр буй, бохуш, делахь а ца бевли-кх хIорш дIа. ТIе, хIокху кIа-маьрсан хенахь хIорш дIабевр бу бохучух а со дика тешаш а ма вац... ХIунда?.. ХIинццалц схьа цу дийцарийн цхьа а лар ца хилла дела.

— Делахь а, дала хIун боху, дера ца хаара вайна-м, — олуш, Жабин зудчо Бекисата шен беха мара озош цIанбира.

— Дера иза а хIинца сов хье ма вели... ХIинца сан даггахь велира и... Дела юкъалахь тIаккхам цхьа минот а кхара кху дуьненахь ца яккха.

— Боккъалла а гур дац-теша хIорш дIабевлла де?.. Кхин хIума ца хетара суна, тохара вайга морзин кад бехначу зударша догъиэтIадо-кх, гIаличу а хевшина, шайн ворхIа а дех и йисича санна, шек а боцуш, кортош а берзина, пIул-

лакхехь ду шаьш, бохуш, куьйгех чамданаш а тийсина, лелачу.

— Уьш-м хIунда буьйцу ахьа? Вайн жаIу лаьттина волу Мирза, цхьа хIуьнехдина председатель ву ша бохуш, масийтта гIуллакххо шен карахь а волуш ву, тIекхаьчча вист а ца хуьлуш лелаш.... дай, наний хьакхица далларг. Цу къематдийнахь-м хуур дара цунна, — олуш, Жабис шен карара газет охьадиллира.

— Деллахь, къонаха, барт хоттур буй-теша цу тайпана нахе? — аьлла Бекисата юха а хаттар дича:

— Барт? ЭхIе-е... бацара, делор-кх... И лергаш а лоьцуш, цу жоьжахата цIара юккъе туьссур бу-кх... Копурш, — аьлла Жабис жоп делира.

— Да ватIа, кху дуьненахь а дахьара цу дала кхарна цхьаъ! — элира юха а Бекисата.

— Ма кхералахь цунна-м... хIинццехь имам вер ву, тIаккха Iебар ю хьо кхарах-м, — олуш, Жабис дахдеш цIенкъа туй кхоьссира.

— Делан дуьхьа, вер вуй-теша иза?

— Вер-м муххале а вара иза... аса ца аьлла хьоь, ша и имам а ваьлла меттиг ца хилахь, хIорш дIабевр бу бохучу кхин долчу хабарех со догдиллина ваьлла!?

— Дала бакъдойла иза! — элира Бекисата.

— Амин! Амин! — аьлла, Жабис чIагIдира.

Иштта къамелаш вовшашка деш, Советан Iедал дохадар доьхуш, ламазаш тIехь доIанаш деш, хIинций-хIинций имам вер ву Жабис а бохуш, цунах чIогIа тешаш, Жабис а, Бекисата а зама хьора, Жабис къайлах цхьацца хIума оьцуш, иза юха а юккуш, тIера яьлларг, шаьшшиъ доьзал боцуш хиларе терра, вовшашца мерза яа а юуш. Бакъду, хIинцца ши-кхо шо хьалха, кхеран баккхалан тыка йолчу заманчохь-м бара доьзал — йоI, кIант. И шиъ, цамгар а кхетта, деллера шо юкъа дулуш.

II

Йоьдуш зама а яра. Бехаш ЖабигIар а бара. ТIаьхьтIаьхьа тодалар бен, духуш Советан Iедал а дацара. Цунах цамгар кхетта воллуш волу Жаби, жимма могушвоцуш а хилла, Iуьллуш вара.

Цхьана дийнахь, Жаби воьжна хиларна, кIаденан кескаш йохка Бекисат шайн лула юьрта базара яханера. Жаби, шен

хьалхалерра ойла а еш, нар тIехь Iуьллуш вара, керла а, шира а газеташ а доышуш.

Сарахь базарара цIа йогIу Бекисат, ша чу кхоччушехьа, йистхилира:

— Къонаха! Аса цхьа кхаъ баккха хьоь?

— ХIаан, схьа баккхал!

— Имам ваьлла, ма боху, вайна.

— Ца боху!?

— Уставор, боху-кх... базарахь соьга масийттамма а ма эли.

— Ой, дала бакъде и, делаI!

— И-м бакъду хьуна хIета, — аьлла, Бекисат, шен керара хIуманаш охьа а ехкина, кIадъелла ша, аьлла, охьахиира. ТIаккха дуьйна кхуо а, Жабис а ваьлла бохучу имаман хьокъехь дехха къамелдира, Жаби шен зудчух дика теша а тешаш. Цул тIаьхьа дукха хан ялале кхеран лулахо а чувеара, Жабига цо а элира:

— Жаби, хIинца-м хала дацара... И вай дукха сатийсина волу имам ваьлла, боху, вайна.

— Маца ваьлла и вала мукъане а? — аьлла хаттардира Жабис, шен лулахочо а и дийцича, чIогIа бакъ хетта.

— И ваьлла-м масийтта де а ду, боху.

— Ткъа, мичхьа ву иза? Мичхьа ваьлла иза? — аьлла шозлагIа а хаттардира Жабис.

— Макажахь ваьлла, боху-кх, — олуш кхуьнан лулахочо жоп делира.

Шайн лулахочо а и бакъдича, Жабина шен могушвацар дицделира. Цуьнан дегI хаъал дайделлера. Иза, метта юккъе кIегар а хиъна:

— Остофируллах, хьо доккха хIума! — бохуш, инзарвуьйлура.

Цу кхоана Бекисата, Жабис де а аьлла, чIепалгаш а дира. Уьш Жабис лулахочуьнца, Бекисат ша а хиъна, даа а дира.

ТIаьххьара, къамел чекх доллуш, Жабис хаттардира:

— Хьаьжи, маца гIоттур ву-теша и имам?

— Кхин хан ян а яц цуьнан... суна хетарехь, вай тховса дуьйна а кийча хила деза-кх, — олуш, Жабин лулахочо шен цIен пес тIехь йоллу Iаьржа куй, схьабаькхина, жимма тобира.

— Ахьа схьадийцарехь, цо тховса шен гIуллакх дIадолийча, хIунда долийна олийла яц-кх.

— Дер яц, — хьаьжочо жоп делира.

Цул тІаьхьа дукха хан ялале, лулахо дІа а вахана, Жаби а, Бекисат а, цу хьокъехь юха а дехха къамел а дина, чІогІа сакъералуш, шен-шен метта охьадижа кечделира, шайн боккха стогар чу а оьзна.

ЦІеххьана арахь цхьа кІеззиг гІовгІанаш евлира, салават а диллира, герзаш дийла а дуьйладелира.

Жаби ша Іуьллучохь кхоссавелира.

— Къонаха, имам ваьлла хьуна! ТІом болий хьуна цо! — олуш, зуда хьалаиккхира.

— Суна-м хаьара иза кханий, ламий бохуш Іийр воцийла, — аьлла, хьалаиккхина, Жаби, шен гІовтал-хІума тІеюха хІоьттира.

Арахь гІовгІанаш тІаьхь-тІаьхьа алсамъюьйлура, Жабин дегІ а тІаьхь-тІаьхьа дайделла догІура, делахь а, цхьа кхерам хьаьрчина-м, цунан дегІ иэга-м дора. Бекисат йоьхнера, иза, цкъа неІаре оьккхуш, тІаккха коре оьккхуш, хьийзара, ша хІун леладо а ца хууш, юкъ-юкъа «къонаха, хьо могуш а вацара,.. къонаха, хьо ІадъІехьа» бахарца.

— Зуда, хьо ІадъІелахь... Тховса-м вала а хала, хьо яха, дацара. Же! Сан шаьлта схьаял ахьа! — элира, хІетта ламаз эцна а ваьлла, шен кІархаш тІе а оьзна, нар тІера охьавоьссинчу Жабис. Адамийн маьхьарий алсам а дуьйлуш, герз нагахь бен а ца долуш, гІовгІанаш хезаш яра.

Жаби, шен юкъ йихкина ваьлча, араэккха дІа а волавелла, юха а сецира... ТІаккха йоьлхуш хьийзачу Бекисатана тІевахана, мара а иккхина, чехко вистхилира:

— Зуда, ца хаьа, дала хІун боху-м, нагахь лахь а, хьанна хаьа, къинтІера яла еза хьо суна... Везачу дала ялсаманехь цхьаьнатухийла вайша... Болх далла тІе билла. Са а ма гатде. Тховссехь тхо БайтогІе дІадаха мега, иншаллахІ, дала мукъалахь, кхана сарале массо а копур Іидалал дехьа а воккхур ву оха... — аьлла, Жаби араиккхира.

— Некъ дика хуьлда хьан... къонаха, ларлолахь! Варе, варе, ларлолахь! — олуш, Бекисат тІаьхьа йилхира.

Арахь юьртан малхбалехьа дІауьдуш кегий а, баккхий а нах бара, кех иккхина Жаби а царна тІаьхьа хьаьдира. Цхьана шина стагана ша тІаьхькхуьуш, кхуо мохь туьйхира:

— Же, кІентий, вай дукха ладийгІина де ду шуна хІара, ма кхоаделаш шайн догІмаш, же, дуьйлалолаш!

Кхуо маьхьарца аьлларг а, кхуьнан лер а телхинчу шен

лулахочуьнанчух тера хетта, хьалхарчу шина стагах аьрру агIор воьдучо элира:

— Де-м дала ма-лоьххура схьакхаьчнера, герз хIума яхьий ахьа, герз хIума!?

— Кхин герз сан дитна а дацара, дера яхьа ЖугIуртахь йина и йоккха шаьлта-м, — элира Жабис.

Кхуо, шегахь шаьлта ю, аьлча, ккунах кхоьруш, юха хьажа ца ваьхьаш, боккъалла а ккунах хьераваьлла стаг тарвелла и ши стаг а волуш, хIорш тIаьхьий-хьалхий бевдда боьлхучу заманчохь Жабис юха а мохь туьйхира:

— Тховссехьа БайтогIе дIагIур дуй вай? — аьлла.

Атта хIума дагадогIуш а, бегаш болуш а волчу хьалха ккуьнга вистхиллачу стага, ккуо аьллачух аьтто баьлла, элира:

— Тховса-м муххале а гIур дара вай цига, тхойшиъ мачаша дика вада ца водуьйту, цхьа стаг а цига хьалха дIакхачар гIоле яр-кх, хьалха боьлхучушна тIаьхьакхиахьа.

Цу стага и аьлча, чIогIа хазахетарца депI дайделла вогIу Жаби минот а ялале жимма лагIбеллачу царел хьалхаиккхира. И тIехъиккхича, кху шиннах цхьаммa:

— Жаби ву-кх иза! — элира.

— Ван а ву, хьер а ваьлла, — вукхо элира.

Амма Жабин дагахь-м кхара дуьйцург аьттехьа а дацара.

Цул тIаьхьа дукха хан ялале шена хьалха дIауьду нах дIабоьрзучу урамехула Жаби а дIавирзира. ТIаккха минот а ялале хIара а нах соьццучохь сецира. ХIара бага экъантIе а яьлла висира, шена нехан догуш лаьтта цIенош а гича, «Хи да!.. кIудал чохь да!.. Черма да!..» бохуш хьоькху маьхьарий а хезча.

Дукха хан ялале меттавеанчу Жабина хиира, дийлла герзаш а, диллина салават а, хьекхна маьхьарий а цIеяларна хьекхнийла.

ЧIогIа воьхна, шена моттаделларг бакъ ца карийна, халахетта, яьллачу цIарна аьттехьа а ца воьдуш, Жаби цIехьа вирзира. ХIара шен кетIа кхочуш, Соьлжа-ГIалара цIа вогIу кхеран юккъера цхьа стаг дуьхьалкхийтира. Цу стага кхуьнга хаттардира:

— Хьанна яьлла и цIе?

— Захарин берашна яьлла иза-м... Ахьа хIун леладо, хьо стенгара вогIу? — элира Жабис гIийла.

— Со-м охьара вогIу.

— ХIун ду охьахь? Керла хIума дуй? — аьлла юха а хаттардира Жабис.

— Кхин хIума а дац, и Макажахь ваьлла боху имам лаьцна, цуьнан суд-м яра хоттуш.

— И маца лаьцна?

— И лаьцна-м кхо де а ду, — олуш, стаг дIавахара, Жаби гIелвелла чувахара.

ХIетахь дуьйна Жаби наха, Советан Iедал кIа-маьрсан хенахь духур дуй, мархин баттахь духур дуй, бохуш, дуьйцучу хабарех а, имам вер ву, бохуш, дуьйцучу хабарех а догдиллина ву.

ПРЕДСЕДАТЕЛЬ

бохучу хабарх цхьа дакъа

I

— Ва! Цухуш!.. Цухуш!

— Ва, ва! Хlун хилла?

— Цкъа собардехьа, — аьлла, кулак Темаркъа, урамехула дlавоьдуш волчу Цухушна тlаьхьа а кхиъна, юха а вистхилира: — Хьо собранера вогlий?

— Вогlу-те.

— Председатель хаьржирий наха?

— Хаьржир дер-кх иза а-м.

— Мила хаьржи харжа мукъана а?

— Лахахьарчу Багин Бисолта хаьржи-кх.

— Ахьа боккъала а бах?

— Дера бах хlета.

— И-м вайн вешан стаг ву хlета, — олуш, Темаркъа велакъежира.

Цухуш вистхилча, Темаркъас юха а элира:

— Ахча дала-м хала хьаха дацара, гlуллакх дан стаг хилчахьана.

— Дера, ахча шена луш хилчхьана, цо вайн гlуллакх-м муьлхха а дийр-м ду хьуна.

— И дичхьана, вайна кхин хlун оьшу... Баркалла и хаьржинчарна! Хlинца-м хала дацара, муьлхха а гlуллакх lоттаделча а. И вайн хlинццалц хилла председател-м сов кхоьруш хlума а ярий, шена мел ахчанах хlума йилличи а, гlуллакх дина ца волуш а, мегирг ца деш а. Ткъа хlара Багин Бисолта цхьа хаза тайна, бакъахьара стаг ву, шеца нохчелла а

йолуш. Аса-м, Цухуш, и хатта сацийра хьо, наха, кулак а вина, хьийзочу вайшинна гІоле юьртан председателера бен хила йиш яцарна, нагахь санна и вайх хилча.

— ГІоле а дера йолу. Вайца юьртан Совет бертахь хилчахьана, вай чІогІа хьийзор а дер дац. ТІе, хІинца наха хаьржинарг вайн вешан стаг а ву-кх... Со-м, и харжар сов хазахетта, ахьа сайга бетта мохь а ца хезаш, хьаьдда воьдурий, — аьлла, Цухуш, Темаркъе маршалла а делла, дІавахара.

Темаркъа, ког байбелла, куьйгаш вовшех а хьекхош, шен цІа вахара.

II

Юьртан Советан председатель Багин Бисолта хаьржина цу юьртахь Цухушний, Темаркъиний хазахетта ца Іара. И хазахеттера уьш санна болчу кхечушна а. Бакъду, собранехь Багин Бисолта председатель харжар-м иза юккъерхо хиларна а дара, шена хуучо а цунна тІехь йолу кІайдарг цхьаммо а собранехь халкъана а, харжаман комиссина а йийца ца йийцарна а дара. Цунна тІехь йолу кІайдарг — таронаш йолчу нахаций, кулакашций чІогІа уьйр-безам лелор а, стагах аттa тешар а, малар ша ца мелча, дуьне даар цахетар а дара.

Лелаш Бисолта а вара. Йоьдуш зама а яра. Бисолта массаьрца а аьлла велавелла хиларна: «ХІара Советан председател ца хиллехь-м вайн е́а йиш яцара», — аьлла хеташ ЦухушгІар а болуш, амма, Бисолта Совете хаьржичхьана бутт баьлча а, цул сов зама яьлча а, Советехь гучуболуш цхьа а толамма-м бацара.

Бакъду, кест-кеста йолуш цхьа ледарло-м яра кхуьнгара, кулакашна ша яла хьакъ воцу справканаш лой а, иштта церан берашна лой а. И хууш хьокъийла йолу организаци а яцара, хьокъийла йолчу метте хаийта и толлуш селькор а вацара. Партехь а хилча, юккъерхо а хилча, юьртан къинхьегамхоша хаьржина а хилча, — кхиберш а, юьхьанца делахь а, и охкуш бацара.

Тайп-тайпана справканаш яхарал совнаха, Бисолтас цхьана дийнахь, Темаркъа ша волчу шен цІа веача, цунна дош делира, цунна тоьхна 150 пунт хьаьжкІех цхьа бІе пунт тІера а яьккхина, къехошний, юккъерхошний тІе йоькъур ю ша,

аьлла. Цул тІаьхьа дукха хан ялале Бисолтас шен дош кхочушдира. ТІаккха кхо де даьлча юьртан къехо а волуш волчу Биларбис, юьртан Совете а веана, элира:

— Бисолта, къехо ву аьлла ахьа елла исправка а ю соьгахь, налогах хьалхавитна а ву со, суна сайна даъал бен сан ялта цахиларна, тухучу хьаьжкІех а хьалхавитина вара со... ХІинца суна-м ца хаьа, хІара хІун ду: 20 пунт хьаьжкІаш ял а еза, аьлла хІара кехат деана-кх соь... Со дала воьйла, аша юьйцург дош-м елахь. Дош — дош хила деза-кх, цкъа хьалха, витина, олу аша, тІаккха, ца вуьту, олу аша...

Биларбин къамел а хадош, чувелира, и санна, къен а волуш волу Дабин ГІирмсолта.

— ХІара хІун ду! ХІинцца цхьа кІира хьалха, сан ял а цахиларе терра, хьаьжкІех хьалхавитинера со, хІинца 20 пунт ма тоьхна суна?

— И бала балхош-м со а лаьтта, — элира Биларбис.

— Дера хІара нийсо-м ма яц! Йолчунна а, яла таро йолчунна а тоха езар-кх хьаьжкІаш... оха мичара лур ю хІорш? — олуш Дабин ГІирмсолта, хІинца ша чуваьллачу юьртан Совета чохь язде ш Іеш волчу писаре а хьаьжна, юха а Бисолте хьаьжира: — Бисолта! — олуш.

Бисолта, царна дала жоп а ца карош, шена хьалхарчу стоьла тІера цхьаццца кехаташ кегош Іара, ша цхьа гІуллакх деш воллу, моттуьйтуш.

— Оха хІун дича бакъахьа ду-теша? — аьлла Биларби юха а вистхилча:

— Аша ден къамел хезаш ву со-м, цхьа бакъахьарниг дан хоьвсур вай, — аьллачу Бисолтина дападеара, кулак а волуш волу Темаркъера ши туьма а эцна, цунна тІера бІе пунт хьаьжкІаш ша дІаяйийтар а, и бІе пунт хьаьжкІаш, дийна дукха ялта ду, аьлла, Биларбиний, ГІирмсолтиний, и шиъ санна волчу кхин кхаа къехочунний ша тохийтар а.

Бисолтас цу шинна а, я вукхарна а хІумма а гІоле а ца йира, кулак Темаркъин гира схьа а эцна, цера н ги ша боьллина мохь байбан а, я дІабаккха а. Кулак Темаркъа кІелхьаравелира. Цо цхьана дийнахь пачхьалкхана яла 20 пунт хьаьжкІаш иэца ша волчу веанчу Биларбига элира:

— Шуна-м шайга баьхча а ца хаьий, хІара пачхьалкх шуна гІоле ян а, я шун дахар тодан а ца гІертийла.

Темаркъина хаьара, Биларбина хьаьжкІаш муха тоьхна,

маларна ваха а вехна, Советан председателa Бисолтас шега дийцарна.

Иштта къехошна ницкъ а хуьлу, кулакашна аьтто а хуьлу, хьакъ воцу стаг Совете хаьржича.

АЬШПАШ

Накъостий! Тахана санна цкъа а холчахIоьттина вац-кх со, вайн Хьасипат кхето пIерташ! Цхьа гIуллакх хилла, ярташка вахна лелла, тахана, цIа кхаьчна, тхешан чуваьлла со: Хьасипат ю хIаччехь хьийзаш, сихъелла хIуманаш дIахьерчош.

— ХIара хIун ду?.. Хьо хIун дан гIерта?.. Хьо хIинца а, яшац, аьлла, яха-х ца гIертий?.. ВаллахIий, со кхин хьуна тIаьхьа вогIур ма вац хьуна, — аьлла со вистхилча:

— Ца гIерта дера со-м ийгIина яха, суо а, сайн бераш а кIелхьарадаха гIерта-кх... нахана тIехь долу гIалаташ а, юьртахь болу иэшамаш а го хьуна — кху дуьненах яла йоллу цIе ган а ца го хьуна... Хьо-м цкъа а хIума хуур долуш вацара... Валол хьо, вайн ворда дIайожал ахьа, — аьлла, хIун дан дохку шу, схьа тIейирзи, хьераяьлча санна, ерриг юса а елла.

— Вай, дIаяла, хьашт доцург леладо ахьа, дуьненах а цIе яьлла бохург хIун ду?.. Мацах баьхначунний дайна, цхьа гарзанан яй чоьхьа баькхина хир бу ахьа... Эцца ара а ялий... жимма хIо кхетта, меттайогIур ю хьо, — аьлла со юха а вистхилча:

— ДIавалахь, деллахь, и хьайн бегаш а битий! Кхетахьа! Вайна-м тIом хуьлу, бохий.

— ХIун тIом?

— Хьуна хIун бен ду, и хIуъа тIом хилча а?.. Чехкка ворда дIайожий валахь...

— Эхlей, цlе хала хьо белхан, хlун тlом бу и?! Мичхьа бу и?.. Хьан боху и тlом хуьлу? — аьлла со вистхилча:

— Дера хlумма а аьшпаш буьттучех ма вац хьуна и бохург. И-м хьаха ву тохара хьалха а шайн шортта хьал а лаьттина, таханаллац охьахь а шаьш даккхий гlуллакхаш лелийнчу нехан стаг.

— Мила ву и, ван мукъане а?

— Вайн юрт сийсара йижина lуьллушехь, шен йоллу хlума а яхьаш, доьзал а балош, гlалитlара хьалавеанчу вайн лулахочун зуда ю-кх. Цо-м къайлах дийцина соьга и, майрачо чlогlа къийлина ша, бохуш.

— А... ишшта ду и?.. Хlинца эцца сацийталахь, дlаделира и.

— Хlунда бах ахь?

— Дера бах хьан гlевле харцахьа хилла дела.

— Хlинца, тlом бац, ала гlерта хьо?

— Гlерта дера.

— Ткъа и нах тlалитlара хьала хlунда кхелха?

— Хьала хlунда кхелха бохург хlун ду, ва къанделла тужум? Ас мосуьйттазза дийцина-кх хьуна цу тlера лаьцна. Хlинца-м хьайба кхета хан а ма ю, ян а.

— Ой, елла яла со, делаl, ма хьохь йоцуш ву хьо. Со кхин башха шайх-х яций, ма-дарра и хаа?

— Делахь ладогlалахь, lовдал Бада, ас хlинца ма-дарра дуьйцур ду хьуна. — Хlинцца дукха хан йоцуш чистка хилла дагадогlий хьуна?

— Хlун чипка?

— Хlаъ, хьуна чипка. Чистка! Оьрсийн маттахь—чистка, вайн маттахь — вайн магlара боцу нах Советан гlуллакхера дlабахар.

— А... а... догlу... догlу...

— Цкъа сацабел хlета хьайн зурманан кад. Гой хьуна, Соьлжа-Гlаличохь гlуллакхехь бара хьалха хьелаш хилла а, хьаькамаш хилла а дукхха а нах. И нах чистко нуй хьаькхина гlуллакхашкара дlабехира. Цул тlаьхьа мехаца а, подрядца а гlуллакхаш лелю буьйлабелира и нах. Хlинца цу нахах, я гlуллакхаш ца лелалуш, кlелвис-висинарг ву-кх, гlаличохь баппеш даа йиш а ца хилла, хьала оьху ала эхь хеташ, тlом хуьлу, бохуш, и мот-эладита а эцна, хьала оьхуш.

— Деллахь, ма бакъ дацара и, дан-м ткъа. Хlан, гlалитlара кху ярташка-м ахьа ма-бохкура бохкуьйтур вай, кхуза-

ра хьала хIунда оьху уьш? Дала йоьйла со, цара ма-баххара, тIом гIаличу кхача боллуш бацахьара, уьш цу кIотаршка-м оьхур барехь.

— ЭхIей, цIе хала хьо белхан, делаI-кх, хIинца а ца хаьа-кх хьуна, Хьасипат, хьовх, ва «Цакхетапат».

— Ца хаьа дера, я хьуна а-м.

— Зуда, ас цкъа аьлча, тоьар дар-кх хьуна; дIаястахь и хIуманаш.

— Дер ца йостур, ахь уьш кIотара хIунда боьлху ца дийцича-м.

— Делахь ладогIалахь. ДагадогIий хьуна кху юьртарчу хьелаш хиллачу нехан цIенош пачхьалкхан даьхна?

— ДогIу.

— Делахь оцу кIотара оьхучу нехан цIенош ду хьуна уьш. ХIинца кхузахь Iан меттиг а ца хилла, оьху хьуна уьш цу кIотаршка, хезий хьуна? Кхетий хьо?

— А... а!.. ХIинца кхета, хIинца-м. А... а!.. Дер дукха а-м... Деллахь хIинца цу кIотаршкахь муха бехар бу уьш? Къа дац церан? Асар далур дуй-техьа цаьрга?..

— Далур ду, къорIанора, шаьш баппеш дуур делахь-м.

— И ду-кх бакъ, делахь хIорш дIаяста ас хIета?

— Яста дера уьш дIа-м, дера хьайн лулахошка а, хьайна бевзинчашка а — стаг велахь а, зуда елахь а, йоI елахь а, бер делахь а, — хезий хьуна, ас хьайга ма-дийццара, уьш хьала эхаран бахьана а дийцалахь, цул совнаха, Соьлжа-ГIаличу тIом кхача боллу бохург а; вуьшта кху пачхьалкхаца беш тIом бу бохург бакъдощийла а хаийталахь. Хезий хьуна? ТIом бу бохург бакъ щахилар. Бакъ щахилар, хезий хьуна, сан накъо-ст?

КОЛХОЗХО ХАСИХАНОВ МУЬСЛИ

(Очерк)

Иза Шелахь дара (Шелан округерачу). Хьалхарчу а, шолгIачу а куьпара 20 жигархо гулвелла вара шаьш вовшашлахь талла — массо а кампанех шайна тIехь долу декхарш кхочушдина, ца дина, хьоьжуш. Тхо шайца къамел дина девлча, уьш, жима а, воккха а хьалагIаьттина, тхоьга маршалла дала буьйлабелира. «Баркалла шуна» я, «Ерриг а кампанеш кхочушйийр ю вай» бахарца.

Оцу заманчохь Шела Iаьржачу суьйренан марахь яра. Массо а маьIера хезаш жIаьлийн летарш а дара. Юьртахь массо а заманчохь ца хуьлу жIаьлийн оцу тайпана цхьабосса летар, уьш цу тайпана лета юрт гIар-тата доцчу хIаваан мара яхале цхьа сахьт хьалха.

Цу юьртахь гIалин дур а, гIовгIа а яц, цу юьртахь гудокан шок а, цIеран почтан мохь а бац. И юрт ю — паччахьан туьрца дIакхоьссина Iиллина. И юрт ю хIинца хIокху сохьта, халкъо шен лаамехь масийтта колхоз йина, цIий мийларах а, кулакийн бацорах а, ламанан боданах а хьалхаяьлла.

Гулвелла 20 жигархо дIа-схьа вахара, шишший, кхоккхий цхьаьна хIиттина.

Тхо а цIехьа дуьйладелира. Царех цхьа жигархо, ша жигара колхозхо а волуш волу Хасиханов Муьсли, тхоьца вогIуш вара, тхоьга цхьацца хеттарш а деш.

Тхо, ураман ворданан некъан юккъе а, хIиттина, догIуш дара, и урам шина агIор лаьттачу серийн керташа Iаьвдина,

готта бара. Наггахь лохчу цIенойн кегийрачу корашкахь гуш гIийла лампанаш а яра.

Сан накъосто — бригадира Сазоновс хатта а аьлла, аса хаттардира:

— Муьсли, муьлхачу колхозехь ву хьо? — аьлла.

— Со бах ахь?.. Со-м «Наша культура» олучу колхозехь ву, — элира Муьслис.

— Ткъа хIун хета хьуна, Муьсли, колхозехь тоьлуш ду, я ша а хIоьттина вахар тоьлу?

— ХIун?.. Колхозехь тоьлу-кх, — аьлла, Муьслис, шен лекха, доккха дегI саттош, агIор а таьIна, мара цIанбира. Муьслин юьхь горга яра, къежъелла маж а йолуш, цунна тIехьаьжча а иза цхьа могуш а, ницкъ болуш а гора, иза ал месала куй а тиллина вара.

— Алахьа, Муьсли, хIун пайда баьлла хьуна колхозехь? — аьлла юха а аса хаттардича, цо элира:

— Э-э, сан ваша, хьо хIинца а жима ву. Хьуна ца хаьа, аса хIокху 39 шарахь мел хало хьегна. Хьалха суна цхьана а тайпана вахар дацара, со къехо ву, веш а къехо хилла со. Хьуна хьайна го, со мел тоьлла, могаш стаг ву, соьга балур а боцуш цхьа а тайпа болх бац, сол онда цхьа а нохчо вац, делахь а, сан ваша, суо колхозе язваллалц аса нахана болх бина, сайн могашалла йолуш сайн ницкъ бойуш, аса цхьана нехан бахар тодора, сайн вордий, говррий йоцу дела а, и иэца ницкъ боцу дела а. Цундела белхан заманчохь сан цхьангара говр, вукхуьнгара ворда, кхозлагIчуьнгара нох даккха дезаш хуьлура, юкъахь охана дан а, ялта цIадерзо а. Цу тайпана, болх бан гIирс сан сайн цахиларна, шен заманчохь ялтина бан беза болх бан йиш ца хуьлура, цундела сан ялта вон а хуьлура. Аса охуш дерг ши урд дара, цу тIера даьлла ялта суна сайн 5 доьзалхочуьнца шарахь даъал а ца хуьлура. ХIинца со колхозехь ву. ХIинца болхбан дé а хала дац. ХIинца аса хаза а хеташ бо айса бен болх, сайна бойла а хууш. Пачхьалкхо говр иэца ахча делла, иштта кхин хIума ло, тIé диллина ворда елла. Ловзаргахь ца Iан реза ву со хIинца болх бан. Тхуна пачхьалкхан трактopша охана до, хIу машинашца доь оха, хIу машинашца цIандо оха, молханаш детташ, кечдо, агрономо Iилма леладо — цундела тхан ялта дика а хуьлу. Тхо дерриге а цхьабосса арадовлу, бертахь а, сакъералуш а оха цхьамма санна болх а бо. Юьртан бахаман болх бан тхан массо а агIор аьтто хиларна, масала: машинашца доьчу хIуца, иштта дIа кхечуьнца а оха — шаьш хIит-

тина белхаш беш бохкучу нахачул кIезиг дIа а хьоькху, тхуна ялта царначул алсам а долу. Хьажал хьо... тхан лулахочунна (цо цуьнан яькккхина цIе дага ца йогIу суна) цхьана уьрда тIера 4 ворда яьлла. Иштта толам а, аьтто а бу-кх суна, сан ваша, со колхозехь хиларна, — аьлла, Муьслис шен къамел хадийра.

Цул тIаьхьа а цуьнца жимма къамелаш а дина, тхо цхьацца агIор дIасадахара.

АБУ

бохучу хабарх цхьа дакъа

Ношбала гергабаханчу баьццарчу хьечаш кIел Iиндагlе а хиъна, «Серло» газета доьшуш Iен Абу наггахь кетIа ара а хьожуш Iара, дитташ тIера южий я бай тIера хьалайолалой, цхьацца садолу хIума шен озачу вортан тIе кхаьчча, куьйгаца чехка иза охьа а кхуссуш.

Ала деза, Абус и садолу хIума наггахь, лара ца вой делахь а, я сихлой делахь а, шен вортан тIехь-м йоьра.

Абуна, кетIа хьаьжча, кегий а, баккхий а, чехка а, мелла-ша а дIа-схьа лелаш нах а гора. Ворданех цхьайолчушна тIехь ялтех дуьзна дуйла хууш галеш а гора. Абу хIумма а шек вацара и ялта дац аьлла хеташ, хIунда аьлча, иза ша а хIинцца дукха хан йоццуш шен кIа а, мукх а чуберзийна ваьлла дела. Цул совнаха, Абуна и ялта «сипной» пункте кхоьхьуш дуйла а хаьара, хIора денна бохург санна ялта кечда-ран кампанин хьокъехь куьпан собранехь а, юьртахь «исхо-дехь» а цу хьокъехь цхьацца къамел шена хазарна. (Абу—шен бахам ша хIоьттина лелош юккъерхо вара, колхозехь а, артелехь а воцуш, цхьана кооперацехь бен. Цу юкъараллаш-кахь ша вацахь а, хIара юьртахь партис а, пачхьалкхо а деш долу гIуллакхаш хаа ца лууш вацара, хIара, юьрта юккъе даькхина долу политикан муьлхха а гIуллакх а, дош а схьалоций, цуьнан чIогIа ойлаеш вара, кхунна шена а дайна, хIара партица а, пачхьалкхаца а чIогIа реза вара, амма, хIетте а, хIинццалц схьа хIара Iадъийнера колхозе а, артеле а ца язлуш, цхьацца аьтто ца хуьлуш, бакъду, цу чу ца яз-

лахь а, цIинццалц схьа кхуо шена тIедуьллу муьлхха а декхар, дуьззина ца дахь а, кхочуш-м дора).

Абуна вуно шера хаьара, шайн урамехула, деса галеш пхьаьрса кIел а доьххкина, цIазамаш санна, йовхонна цIий а белла, хьацаран тачанаш яххьаш тIехула а оьхуш, дIа-схьа лела комсомолаш а, иштта кхин нах а ялта кечдаран гIуллакхна арабевлла лелийла.

Абуна вуно шера хаьара, урамехула дIа-схьа лела юьртан юкъарчу гIуллакхан белхалой ялта кечдарна арабевлла лелийла. Кхунна хаьара, хIинцца шен кетIахула тIехваьлла оьрси ялта кечдаран гIуллакхна араваьлла лелийла. И оьрси вара цхьана тIома кIел портфель а йоьллина, вукху куьйгахь, жIаьлешна аьлла, схьа эцна хьокху а болуш.

ТIахь-тIаьхьа кетIа хьежар дахдеш Iаш волчу Абуна вуно шера хиира, тIехъяьллачу автомобиль тIерачу гIуллакххойх шен бIаьрг ма-кхийтти, уьш а ялта кечдаран хьокъехь богIийла.

Абу, цкъа, шен таьIна ал ши бIаьрг горгбеш, дикка ойла а йина, шен Iаьржа цIоцкъамаш хьаьжтIе а кхуьссуш, юха а газети тIе хьаьжира. ТIаккха цIеххьана кхуо чIоггIа дийшира: **«...юьрто пачхьалкхо шена тIедиллина ялта кечдаран гIуллакх 30 процент а кхочуш ца дина, кхечу ярташа 80—90 процент кхочушдинчу заманчохь»**. Ша и дешча, Абу, шен айрадоьллачу куьйгашца и газет охьа а дуьллуш, жимма ойла а йина, юха а кетIа хьаьжира, тIаккха а Абуна гира ялта чохь галеш кхоьхьуш ворданаш а, дIа-схьа лелаш ахархой а, комсомолаш а, хьалха шена гинарш санна. Абу, белшаш а саттош, юха а газети тIе хьаьжира. Оцу заманчохь эвла юккъехула охьа мохь богIура: «Ва!.. ва! Совето, гуллуо, боху шуьга...ва!!!»

Абуна и мохь хезира, цо, юха а жимма ойла а йина, уьйтIахь цхьацца дезарш деш хьийзачу шен зудче мохь туьйхира:

— Зеврбеке схьавола ала цхьа бер дахийтал!!.

И шега аьлча, зуда кетIа елира, цига дахийта цхьа бер лаха.

Абу цкъа аьлла ца Iара ша-шега: «Кху наха хIун леладо, ас хIун дан дагалаьцна?» — олий. Куьйгашца коьрте воьдий, Абус юха а олура: «Со а Iедална тешнабехк бан гIиртича, иштта кхиверг а гIиртича, тарлурий-теша хIара гIуллакхаш? Тарлахь а, чекх-м девр дац... Муха девр ду, оха тхаьш тхайна тешнабехкаш бича? Тхаьшна ямартлонаш йича?»

Зеврбек, схьа а веана, шеца хьечаш кIел охьахиъча, Абус элира:

— ХIа-хIан, Зеврбек, дика ладогIалахь!.. Кху кетIа арахьаьжча, вайшинна гун и гIуллакххой а, комсомолаш а, вайн бу боху жигархой а (ахархой) когаш кIамбелла ца лелийла, хаа деза вайшинна. ДIахьажал церан чехка леларе, цара шайна хуьлу хало цалараре, царна шайна хуьлуш болу къинхьегам цагаре, — уьш го-кх хьуна, Зеврбек, шайн ницкъ ма-кхоччу вайн юьрто кечдан дезачу ялтин барам кхочушбархьама лела.

— Го суна-м уьш.

— ХIинца вай гIуллакхах кхио хьала баьхкина СоьлжаГIалара гIуллакххой а, охьаховшар а, садаIар а доцуш, хьаьвдда лела, кху эвлара партхо а, комсомол а, гIуллакххо а, иштта кхиверг а, вайшинна санна, шайн доьзалшца чуберза луъушехьа, шайн бахарш тIехь Iуналла а деш, шайна атта Iен луъушехьа, вайн вешан пачхьалкхан юкъарчу гIуллакхна арабевлла лелаш буйла а хууш ду-кх вайна?

— Да, иза-м хууш ду, хIинца хьо хIун ала гIерта?—аьлла вистхилира Зеврбек.

— ЛадогIал ахьа, ас дуьйцу хьуна иза-м, — аьлла Абус юха а шен къамел дIадолийра. — Вайшиъ ши середняк олуш ву, ва-м, бакъдерг аьлча, вайшиъ бедняк-м вара, иза а хIумма а дац-кх.

— ОстохIфируллахI, ма дахди ахьа иза, схьадийце валахьа! — олуш, Зеврбека, агIорвирзина, мара а лекхна, гIовталан тIам хьаькхира.

— Хьажал хьо, Зеврбек, и вайн кулакаш бохучуша: «Гурахь а, Iай а даа кхаллар-м муххале а хир дацара, кIа ден хIу а хир дац, кIен гирда хьаьжкIийн меха гIур бу, меца хан мер кIел лаьтташ ю», — бохуш, иштта кхин дуьйцуш ваьшна хазийначу хабаршна вайшимма ваьшшинна сов даьлла итт-итт гали кIа дIалачкъо сацийр-кх, пачхьалкхана итт-итт пунт бен духкур дац, аьлла.

— Сацийна.

— ХIинца и лела нах гуш, денна бохург санна айса доьшучу газета тIехь дерг а гуш, кIа, дIа ца лачкъош, вайн пачхьалкхана дохка сацийна ву-кх со... вайшимма а, вайшиъ санна болчаша а совдолу кIа а, иштта кхиерг а охьайиллинехьара, вайн юрт кхечу ягтел тIаьхьаюьсур яцара. Хьажал хьо кху газета тIе...

— ХIун ду цу тIехь? — олуш, Зеврбека дахдеш туй кхоьссира.

— ХIун дуй? Вайн юьрто кхечу ярташна хьалха нийсса ах а ялта цакечдар ду-кх.. Ас-ма цунна кхайкхийтира хьоьга, со йозунах а, хIуманах а жимма кхеташ ву бохуш, аса дийриг ахьа гуттар а до дела.

— Ткъа, меца хан ягIахь, хIун дийр ду вай? — элира жимма воьхна Iечу Зеврбека.

— Зеврбек! — аьлла Абу юха а вистхилира. — И гIуллакхаш со бакъ хеташ вац, аса, къаьсттана чIогIа тахана а еш, кху гIуллакхийн ойлайина... Вайн пачхьалкх, вай дайа а дайина, белларш денбан, кхин нах денбан а ца гIертийла, хиъна суна. ДагадогIий хьуна, вай мосуьйттуза докъар а доцуш дисча, пачхьалккхо докъар а делла, ца дехира вай вешан хьайбанаш Iаьнера? ХIинца ялта ца дийначунна, я дийна тIе ца даьллачунна пачхьалккхо луш ца лаьтта ялта? ТIе, пекарни а йиллина, луш кхаллар а дац?

— Да.

— Масала, даа ялта доцуш бисина нах санна, вайшиъ висча, иза вайшинна ялта лург хилар билгало яц? Ялта ден луш долу хIу, аха луш йолу гота, мекха, оьшу кхин массо а тайпа гIирс—билгало яц вайшиъ а, вайшиъ санна берш а меца буьтург цахиларан?..

— Дер и ишта-м ду дан-м, — аьлла, Зеврбека ша хIетта йина ваьлла цигаьрка латийра.

— Да дер иза-м иштта, иштта ца хилча йиш а яц иза-м. ХIинца вайшимма, нах гулбеллачу Совете вахча, цигахь дIахоуьйтур ду-кх, ваьшшиннан пачхьалкхана дохка кIа дуйла а, иза амбаре охьадуьллур дуйла а... Реза вуй хьо, Зеврбек?

Шен гIеххьа яьллачу цIечу маж тIе наггахь ка а хьоькхуш, ладоьгIуш Iачу Зеврбека цкъа ша-шега элира: «И кIа дIа ца лачкъийча, кхунна хирриг бен хир дуй суна?»

ТIаккха, шен цIен мара а цIанбина, иза Абуга вистхилира:

— Реза ву со-м, дIалур вайшимма иза.

Абус, Зеврбекий шаьшшимма дийцинарг шолгIачу дийнахь кхочушдира.

КОНТРАКТАЦИ

Накъостий! Сан дехар ду шоь: «хIан, хIокху нийсачу новкъа гIойша», — бохуш, шайга вайн пачхьалкхо кхийдочу новкъа дIадахар. Цу новкъа дахарца вай вешан бахамаш а, вешан пачхьалкх а тоеш хилча — муххале а. Ца доьлхий шу цу новкъа, аьлча а, ца дой аша, аса санна, пачхьалкхо бохург,— суна хилларг хир ду шуна. Шуна ма моьттийла, накъостий, со массо а заманчохь а пачхьалкхо бохург ца деш вара. И бакъдац, аса хIинццалц сайга аьлларг дора, амма со хIинца, дукха хан йоццуш, цхьакIеззиг гIалатвелира.

Хьовсал шу, накъостий, со суо юккъерхо ву. Аса а йинера, юьрто а еш, сайн шина шинарех цхьанна контрактаци, сайн зуда Сатеха: «Ма е, хьо велла ваккхарг, и контрактаци» — бохуш, тIеетталушшехь. Ткъа хIинца а, контрактаци йина, бежнаш пачхьалкхана йохка еза хан тIекхаьчна. Сатехина хиира, оха а тхешан шинар пачхьалкхана дохка дезийла.

— Ас цIера балийначу атто дина къорза шинара-м духкур дац пачхьалкхана, сан-м, хьо ваха, деза яха, хьо цавеха хиларх, — аьлла, хьаьжа юккъе шад а хIоттийна, дийнахь а, буса а са ца доIуьйтуш, сан Сатеха тIечеха елира суна.

— IадъIе, зуда, Iе Iад, зуда, — дуккха а бехира ас Сатехе. Ца туьгура IадъIе.

— Ас хьо хьайн къорзачу шинарех йоккхур яц-кх. нагахь цунах хьо ялахь а, бухадуьсуш важа шинара ду-кх хьуна, зуда, IадъIехьа, — дукха бехира.

Ца Iийра Iад. TIаьхь-тIаьхьа чуьраюьйлуш, тIечеха елира:

«Хьо-м хьекъал долуш вацара. Бежана ду-кх хьо, хьуо ма-дарра. Цхьа а тайпа хIилла а дац хьоьгахь, я хьекъал а дац хьоьгахь! Вайга нийсса болчу наха, цхьацца хIилланаш леладой, шайн бежнаш кIелхьарадоху — хьо вистина ваккхарг вац-кх цкъа а нахана хуург хуур долуш а, наха дийриг дийр долуш а. Хьоьга йогIучул, елла елира со, ва цавеха», — бохуш, дукха бага лейира соь Сатехас. ТIаккха сан а корта хьовза болабелира, аьлча а, накъостий, хьеран бера санна, цкъа а юха ца берза санна, чIогIа хьаьвзира. ТIаккха дуьйна, и тхешан ши шинара кIелхьара муха доккхур дара-теша, бохуш, дийнахь а, буса а наб йоцуш, чIогIа ойлайира аса. ХIуъу а дича а, дан хIума дага ца догIура, зудчан лекхалу зурма а ца соцура, шинара пачхьалкхана дохка деза хан а тIекхочуш лаьттара. Дан дагадогIуш хIумма а дацара.

Иштта со лелаш, тхан лулахочо Арсбис, сайн шинарин контрактацин хьокъехь аса шега хIумма а хьахийна доццушехь, соьга элира:

— Домби, ахьа йинерий хьайн бежнашна контрактаци?

— Дера тхешан шина шинарех цхьанна-м ма йинера аса.

— Ткъа хIинца цу шайнех пачхьалкхана дохка воллу хьо и? — элира соь юха а Арсбис.

— Ца хаьа суна-м, — аьлла жоп делира аса.

— Дера хаьа суна-м, хьан метта со хилча, аса иза духкург цахилар а, хIинца ахьа дан дезарг а.

— ХIун дан дезара? — элира аса, сайн дог-ойла цуьнга ца хоуьйтуш. ХIунда аьлча, и кулак волу дела а, цуьнгара, ша зулам ца даьллехь, нахана а, сайна а диканиг ца даьлла дела а.

— Дукхавахарг, айхьа контрактаци цхьана шинарина бен ца йинехь а, ший а шинара, цхьанна а ца хоуьйтуш, къайлах, цхьанхьа кIотара а дигийтина, тIаккха, уьш къен делла, аьлла, цхьа ши неI а эцна, уьш дIаохьа деза. И динчул тIаьхьа бен хьан шинарш кIелхьара а девр дац, тIе, ахьа и дан а деза, хьо ваха дог долуш велахь, — аьлла, и хьехар цу неIалт хиларо сайна дича: «Оййн, дера бу хIара нах, кулакаш белахь а, хьекъал долуш а, тхо къечу нахана диканиг лууш а», — аьлла суна а хийтира. Амма, бакъду, накъостий, и хеташ хиллера, дакъазавала хьаьхча. Хьаьвзира сан корта, цо и аьлча, цуьнан и валлалц хьийзарг. ТIелецира сан даго цо аьлларг, цул тIаьхьа сан нисбелла некъ а, суна хилларг а цунна, цу кулак Арсбина, даймана хилла латтарг, — Iийтта, маржа

накъостий яI-кх, теша сох, дац шуна вайна цу кулакех дала дика, ша бохам, зулам доцург.

Мухха а, накъостий, цул тIаьхьа хьаьдда чу а вахана, сайн Сатехе элира аса:

— Зуда, хьо Iийр а яцара, айхьа бохург ца дича, хIинца шек дIа ма-яьллахь, хьан къорзачу атто дина хьан къорза шинара а кIелхьарадаьлла хьуна. Ахьа вайн шинарш чехкка кIотара дигийта. Аса, уьш делла а аьлла, цхьанхьара цхьаши неI оьцур ду.

Буьйсанна лаьхкина шинарш кIотара дигийтира оха, тхешан цхьа гергара стаг волчу. ТIаккха неIарш ца карош, кхо де дIадаьлча, со тхешан лула юьрта базара вахара, цигахь а карор дацара-теша и неIарш, аьлла.

Базарахь сайна дезачу барамехь неIарш ца карош со лелаш, цхьана стага, муьшка а йина, юьстах а ваьккхина, элира соьга: «Къонаха, хьуна неIарш деза, аьлла хета суна. ХIара цхьа ши неI дара сан, айса контрактаци йина сайн бежнаш а яйина, даькхина, хIинца, ахьа схьадийцарехь, хьуна дезачу барамехь а ду хIорш. Бакъду, къонаха, хIокху гали чуьра кху базарахь со хIорш гучудаха а ваьхьар вац, хьайна лаахь, хIара ши неI, гали а тIехь, кхаа туьманах шина соьмах, дIахьуо». Ийцира аса цуьнгара и неIарш. Кхечира со цIа, уьш а дахьаш. ТIаккха суна сайна хилла карийначух лардойла, накъостий!

Суьйранна лампа латочу хенахь тхешан чу ве́лира со:

— Зуда, хIинца-м хала дацара. Ца Iийн хьо айхьа бохург даза. Ши неI а карий суна, хIинца, хьайн къорза шинара а хьоьстуш, суна еза а ца еш, паргIат лелар ю-кх хьо, — аьлла.

Йист ца хилира соьга сан Сатеха. Иза, олла а елла, цхьа гIийла Iаш яра...

— ХIун хилла хьуна? — элира аса.

— ХIун хир дара? Со декъаза стаг хилар хилла-кх.

— ХIун ду иза? Схьадийцахьа, — элира аса юха а.

— Вайн кIотара дигна шинарш шозлагIчу дийнахь, дажа дIалаьхкича, дайна, аьлла, стаг веана-кх тахана.

— Ойн, ткъа хIинццалц хIун деш Iийна уьш и ца хоуьйтуш?

— Карадаре догдохуш Iийна шаьш, бохура-кх.

Сатехас сайга и аьлча, шекваьлла, чехка, гали чуьра неIарш схьа а даьхна, хьаьжина со; суна тера хийтира и неIарш сайн шинарех.

— Схьайоьл, зуда! — аьлла схьакхайккхира аса Сатехе.

— Вай, вистина ваккха хьо, хIара къорза цIога-м сан къорзачу шинарин ду. Хьо хьерваьллера хьайн шинарийн неIарш иэца? Уьш довза а ца девзаш? — аьлла, тIекхохкаели Сатеха, тIекхохкаели, хIун дан дохку шу, сох шен къорза шинара дан санна.

Сан ала а ца хилира цуьнга хIума. ТIаьхьо цуьнан соьга ала а ца хилира. Хьан хьаьнга хIун эр дара охашимма, тхаьшшиннан хьаьвзинчу кортошца кулак Арсбис бохучу новкъа а дахана, шинарш дайна хилча, тIе, тхешан шинарийн неIарех тхешан кхо туьман ши сом а делла хилча. Бакъду, накъостий, и хир-м дацара суна, наха санна, айса контрактаци йина хилча, царех цхьаъ пачхьалкхана дIадоьхкинехьара.

Цундела бах аса шуьга: накъостий шаьш йина контрактаци чекхъяккха!

НЕКЪАН КЕХАТ

I

— Яккхал кIантана а исправка! — элира Яндархас юьртан Советан йозанче.

— ХIун исправка еза хьуна? — олуш, хьалахьаьжира цхьацца яздеш Iен йозанча.

— Со кху эвлара хиларан исправка еза-кх!

— Стенна еза хьуна иза?

— Соьлжа-ГIала цхьанхьа балха ваха воллура со...

— А! Удостоверени ду-кх хьуна дезарг?

— Цунах хIун олу-м ца хаьа суна, цхьа кехат язъехьа,— олуш, Яндархас цергаш юккъехула туй дахдира, йозанча некъан кехат язда волавелира.

— ЦIе хIун ю хьан?

— Яндарха.

— Ден цIе?

— Оьлбуздукъа.

— Маса шо ду хьан?

— Ца хаьа дера суна-м.

— Юххерчу хьесапехь маса шо хир ду хьан?

— Суна хIун хаьа, со-м ца лелла и лоьруш, — олуш, Яндархас белш кхоьссира. Яндархина муха хуур дара, шен маса шо ду, цхьана а нохчочунна бохург санна и хууш ца хилча.

— Къонах, цхьаъ алий валахь. Сан кхин а гIуллакхаш дара, — элира йозанчо.

— Ойн, аса хIун эр ду, сайна ца хиъча?

— ХIун эр ду? Шовзткъа шо, я ккхузткъа-доьзткъа шо эр ду-кх.

— Делахь хIета... хьайна хеттарг дIаяздехьа, —элира юха а Яндархас.

— ХIай къонах!.. — аьлла, цкъа соцунгIа а хилла, юха а вистхилира йозанча: — Ас муха яздийр ду сайна хеттарг?... Ахьа схьааьлларг дIаяздичхьана волий со-м, — аьлла.

Яндарха ладоьгIуш лаьттара. Ала деза и секретарь шен гIуллакх дика девзаш цахилар а, Яндархин хIоккхул шо хир ду алалур долуш цахилар а.

ЦIеххьана Ядархас, куьг а тесна, элира:

— Делахь дIаяздехьа, 80 шаре ккхаччалц, хьайна хеттарг!

Цкъа леррина Яндархе а хьаьжна, иза кIордийначу йозанчо элира:

— 70 шо язда мегар дуй?

— Мегар ду дера-кх... Ишта-м сан корта дуккха а дайна бу хьуна! Суна, тахана санна, дагадогIу паччахь дIаваьккхина, кху эвларчу пурстоьпан можа ши погон наха озийна схьаяьккхина!

Яндархина некъан кехат даьккхира. Бакъду, некъан кехата тIе 70 шо диллинехь а, Яндархин-м 32 шо бен хир дацара. Иза вара гIеххьа даьлла Iаьржа мекх а долуш, вуткъа-лекха стаг, Iаьржачу аматехь а волуш. Яндарха къен стаг вара, ккхетта да-нана а делла, жима волуш дуьйна нахана тIехула лелаш ккхиъна.

II

ХIокху тIаьхьарчу шарахь Яндарха юьртан кооперацехь хехь вара. Цунна хезнера, Ростов заводашка а, Соьлжа—ГIала а нохчийн белхалой боьху, бохуш. Цундела Соьлжа-ГIала ваха дагахь вара, шеца цхьаьна хуьйсахь Iийначу, Соьлжа-ГIалахь гIуллакхехь волчу Жолмирзина тIе а гIор ша, аьлла, Яндарха кест-кеста, схьадоккхий, шен некъан кехата тIе а хьоьжуш, жимчу юьртан боккхачу новкъа дIавахара.

ШолгIачу дийнахь Яндарха Соьлжа-ГIала веара. Боккхачу новкъа схьавогIуш лаьттачу Яндархас, ккхоьссина хIума санна, чехка дIа-схьа лелачу автомобилашна тIаьхьа а хьожий: «Iайт... гор конка яI-кх!» — олура.

Иштта меллаша вогIуш волчу Яндархина радио лоькхуш хезира, Яндарха, цецваьлла, дIа-схьа хьежа велира... Яндарха тIекхача гена боцуш лаьттачу боккхачу бIогIамах боллуш

радион кад а бара, радиога ладоьгIуш лаьтташ кIеззиг адамаш а дара. Яндархина радио ца гинера, амма радио юьйцу-м хезнера. ХIара тIекхаьчча, радио чохь элира: «Мухха а, накъостий, заводашкий, фабрикашкий белхаш бан нохчий озоран план юьззина кхочушйина яц».

ЛадоьгIуш лаьтта Яндарха, аркъал а вахана, цу радион кеда тIера ши бIаьрг дIа а ца боккхуш, лаьттара.

«ХIинца ладогIалаш Сулейманов Iелас локхучу Зеламхан эшаре!» — радио чохь аьлча, Яндархас: «ХIан... хIа-ан, схьалакхал! Схьалакхал!» — элира. Радио чохь пондаран йиш а йолаелира.

— Iайт, гор дика йиш я!-кх! — бохуш Яндархас мохь а бетташ, и пондаран йиш ехха лийкхира. ТIаккха радио чохь цхьаъ вистхилира: «ХIинца делкъанна доьшуш долу радиогазета а дешна дели, лоькху эшарш а лекхна евли», — аьлла. И къамел шена хезча, Яндархас элира:

— Хьайн десар, къонах, ма сацае!..

Радио кхин ца лекхира. Яндарха воцург, ладогIархой дIабахара.

Цул тIаьхьа Яндархас, хьала а хьаьжна, юха а элира:

— ХIинца кхин ца лакха воллу-кх хьо? Шен да ватIа шен, делаI-кх, цхьа йиш лекхча ца мегар хьуна?..

Яндархина дуьхьал хезаш жоп дацара. Муха лур дара кхунна жоп, хIара луьйриг бIогIама тIехь боллу радион кад хилча?

Вехха цигахь лаьттинчул тIаьхьа Яндарха урамновкъа волавелира, шен дагахь, йоккхачу базара гIор ша, аьлла. Ала деза Яндарха Соьлжа-ГIала дукха листина цахилар.

Дукха хан ялале Яндарха сурташ гойтучу «Гигант» хьалха кхечира. Цу «Гигант» хьалха диттина тайп-тайпана сурташ дара, и сурташ чохь кхозу гур тIехула бIаьрг боцуш бара. Пенах боллу гур жимма лаккхо тоьхнехь а, Яндархин корта цунна тIе кхечира. Яндарха, тIаьхьа-тIаьхьа улло а теIаш, цецвуьйлуш, сурташка хьоьжуш лаьттара. Кест-кеста ша-шега олура: «Хьайн даьдала хьан, делаI-кх!»

Яндархас лахо доллучу суртана тIе куьг кховдийра: «Ингалс топ яц иза?» — аьлла. Иза хьоьжуш лаьттачу сурта тIехь топ хьежош лаьтташ цхьа оьрси вара, бакъду, цуьнгара топ Ингалсан топ яцара...

Яндархас, суртан цхьа маьIиг куьйгаца схьа а лоцуш: «ХIара-м карбинк топ хилла», — алар а, и сурт охьадожар а цхьаъ хилира. Шен когаш юккъе охьадоьжна Iуьллу сурт

схьаиэца юха а кхоссалуш, охьатаьIинчу Яндархас чеккка схьайогIуш йолу цхьа оьрси зуда кхоьссина дIаяхийтира. Бертал йожжаза йисинчу цу зудчо, юха а йирзина: «Нахал!» — аьлла вон мохь туьйхира. И зуда дашо цергаш а йолуш, дика кечъелла, лекхо стаг яра: тIаьрсиган чимчаргIа а тесна, уллодаькккхина лелош цуьнан жима жIаьла дара, топ санна, ирхдахана кIайн цIога а долуш. Иза, агIор Яндархе а хьаьжна, дIаяхара. Яндархина и зуда ган а ца гора, я ша иза дIатеттинийла а ца хаьара; хIара, силамца дIашарделла сурт схьа ца иэцалуш: «Хьайн да виса хьан», — бохуш, дарвелла воллура.

ДIаяханчу зудчо мохь туху а хезаш, схьавогIу милиционер сурт юха дIалато гIерташ воллучу Яндархина тIехIоьттира. Цо, Яндархин белш а лаьцна, элира:

— Ты что, кунак?

Милиционеро белш лаьцча, Яндархин керара сурт юха а охьадуьйжира. Милиционеро, сурт схьа а эцна:

— Пойдем, кунак! — элира.

— ХIун боху ахьа? — олуш, Яндархас цергаш юккъехула дахдеш туй кхоьссира. И туй уллохула тIехйолуш йолчу цхьана йоьIан лакронан мачи тIе кхийтира.

— Вот нахал! — олуш, вон Яндархе а хьаьжна, цIуллаcара санна, шен дегI а саттийна, и йоI дIаяхара.

Милиционер, йоIана тIаьхьа а хьаьжна, юха а Яндархе:

— Ну, пойдем в милицию, — олуш, куьг а ластийна, дIаволавелира.

— Стенна вуьгу ахь со милице? Со виннад-м вац хьуна, — элира Яндархас.

— Пойдем, там выясним.

— Моя ца пошел милице... Со болх бан веана ву! Мая-м хьах йиш ма яц цигашха лела, орбатай надо, тIаккха суна паруска а ца хаьа, — бохуш, куьг туьйсуш, Яндархас чалх йиттира шена ца хуучу оьрсийн маттаца.

Милиционеро, Яндархина оьрсийн мотт ца хаьийла а хууш, элира:

— Хабар не надо, там в милиции, выясним.

— Хьан хабар, ца хабар мая низнай! Сан бехк бу, бац— хьуна низнай! Милици ца пошол! Жолмирза ест хIоккхузахь, сан доттагI, цунна вевза хьуна со-м... Кхетал хьо, мая нада арбайтайт... хIоккхузехь заводехь нада рабатайт. Низнаш?.. Леррина и болх бан веана ву-кхи со!

ДIай-схьай диттина, милицонеро Яндарха милице вига дIаозийра.

— Жерочух санна, и куьйгаш схьа ма еттал ахь, — олуш, Яндарха юхагIоьртира.

Оцу заманчохь кхарна тIе цхьа оьрсийн белхало веара. Цо дийцира милицонере тохар хьалха дуьйна Яндарха тергалвеш ша латтар а, Яндархин бехк цахилар а, шен шина берана тIе шен зуда схьаяллалц кхарна тIеван шен йиш цахилар а. ТIаккха а милицонер Iад ца Iийра. ХIорш кхуьй а милице вахара. Яндархас, куьг туьйсуш, цхьацца хабар а дуьйцура: Яндархина вуно шера хиира, тIевеана белхало маслаIатана веанийла. Цо цуьнга кест-кеста олура:

— Моя кхуза болх бан веана ву. ХIинца зачем со дIа-схьа лелаво?.. Хьуна низнай хир ду, сан-м кхузахь хаза нехан санна волу доттагI ву-кхи, Жолмирза бохуш, соьца цхьаьна хуьйсахь а Iийна, цунна Iемина, бахара, оьрсийн мотт... схьавелхьара, вай дуьйцур дара хьуна хIара-м. Велла Iилларг, иза мукъана схьавелар...

Яндархас, охьатаьIий, цкъа мара локхура, тIаккха дахдеш туй кхуссура.

Милици чу кхаьчча, чохь, цхьа милицонер бен, кхин стаг вацара. Дежурни араваьллера.

Яндарха валош веанчу милицонеро бухарчуьнга дийцира, Яндарха сурт лачкъо гIертара, бохуш. Бухарчу милицонеро, чуволла веза, элира. Белхалочо, сурт лачкъо гIертар бакъдац, иза тарделла гIуллакх ду, элира. Бухарчо Яндархе некъан кехат дийхира. Шега хIун йоьху, ца хууш, Яндархг дикка лаьттира. ТIаккха жимма нохчашна юккъехь лелла волчу белхалочо, дIаI-схьа диттина, Яндарха кхетийра. Яндархас шен некъан кехат дIагайтира. Ший а милицонер, некъан кехата тIе а хьаьжна, тIаккха Яндархе а хьаьжна, велакъежира. Бухарчу милицонеро элира:

— Биреш, болшой биреш ест, кунак... Это документ не твой, — аьлла.

— ХIун? Делор, ца биреш, со Олбуздукъин Яндарха а воцуш-м. Биреш хьах бу хIинца ахьа буьттург, биреш со буттуш а вац, я биреш буттучу стагах вешаш а вац! Иштта ма ала ахьа, оьрси, — элира Яндархас.

Милицонераша а, белхалочо а ша кхетийча, Яндархина хиира, хIинца шен юхъхьа даьлларг — некъан кехата тIехь 70 шо хилар дуйла. Цо цаьрга элира, куйн дIа а баьккхина, шен коьртах куьг а тоьхна:

— Е-е, оьрсий, шуна хIуьу а моттахь а, сан корта-м дуккха а дайна бу шуна, маяна-м, тахана долуш санна, дагадогIу тхешан эвлара пурстоьпан ший а пагон озийна канчал йина, ета, Микилай паччахь дIаваькккхича. ХIинца шуна санна, жима со ПихIантан Небина а хеташ велира хIетте а, — олуш, Яндарха жимма велакъежира.

Оцу заманчохь милицин дежурни чувеара. Цуьнга дийцира милиционеро ша Яндарха схьавалавар а, Яндархин некъан кехат шеко йолуш ду, бохуш а.

ТIаккха дийцира белхалочо Яндархин бехк цахилар. Дежурнис деха хеттарш динчул тIаьхьа, цунна хиира, белхалочо тоьшалла дарца, Яндархин бехк цахилар. ТIаккха милиционеро, юха а Яндархин некъан кехат шеко йолуш ду, аьлча, дежурнис, цу кехата тIе а хьаьжна, элира:

— Нохчийн цхьана а некъан кехата тIе хIинццалц схьа нийса хан юьллуш дац, царна шаьш бина хан ца хуу дела. Вайн оьрсийн санна, церан, бер дича, и дина хан дIаязъеш дац.

— Иза вон Iедал ду. Цу гIуллакхах нахана хьовзам болу,—элира шина милиционеро.

Цул тIаьхьа, Яндархе куьг а луш, белхало а дIавахара. Яндарха а аравелира.

ДЕШИН IАМ

(Романан кийсиг)

Хьулбайта мокхачу мархашка
Можа малх дIа,
Ма далийта стигланашка
Мела догIа схьа —
Вайн бешахь
Стоьмаш кхуьур бу,
Стоьмаш цу бешахь
НIаьнийша буур бац.

Ден бертаза балха веана шен дахарехь шен жималлица дуккха а халонаш лайна Бетарби, сабIарзделла, сагатделла, холчахIоьттира.

Иза кху мехкдаьттантIе веана ялх бутт кхаьчнера. Цунна цIера хабар а ца хезнера, цуьнан тахана къаьсттана чIогIа сагатделлера. Бетарби кху жимчу цIа чохь стоьлаца хиъна Iара, куьйгаца корта а лаьцна, кIорге ойланашка вахана. ЦIеххьана, неI а йиллина, чуваьлла Димитрий, цкъа Бетарбига а хьаьжна, шен маьнги улле а вахана, шен хIуманаш чамди чу яхка волавелира. Иза Бетарбина ца хаавелира. Курорте ваха кечлуш волу Димитрий, ша чуваьлчхьана Бетарбига вист цахилар дага а деана, юха а хьаьжна, вистхилира:

— Бетарби, тIаьхь-тIаьхьарчу дийнахь хьо ма гIеллуш лаьтта? Хьуна хIун хилла, дийцахь.

— ХIумма а ца хилла суна-м.

— Бетарби! Стиглахь марха йоцуш догIа догIур дац, кийрахь бала боцуш бIаьргех хи хьодур дац, бохуш ду шун, нохчийн. Хьан гIелвалар цхьаъ доцуш дац, дийцахьа суна, хIун хилла хьуна? — аьлла Димитрийс юха а хаттар дича, Бетарбис, кхин а чIогIа ойла а йина, жоп делира.

— Димитрий, цхьана хIуманах ца кхуьуш. чIогIа йишйоьхна ву-кх со. Яраббий, Димитрий, со санна болчу кегийчу нахана юккъехь эвлахь Шемилан заманах лаьцна, жIайн элех, мIайстах лаьцна къамелаш дечу юккъехь цхьана стагал эшна кIелвисна вацара со. Мел кIорге йолуш къамел дечу юккъехь, мел къайле йолуш дош хIотточу юккъехь царна жоп дала а ца хиъна юьхь цIийелла а яцара сан. Амма хIинца, — бIаьр-

гашна дуьхьал тесна бIарлагIа ю а ца хаьа, Iехо-леван дуьхьал хIоттийна сурт ду а ца хаьа, — цхьа гIуллакх ду-кх ккхузахь со ца ккхуьуш, Димитрий, — олуш, Бетарбис шен куьг коьрте даьхьира.

— Ккхузарчу гIуллакхех-м аса ккхиор ву хьо, — олуш, Димитрий, тIевеана, Бетарбина гергахьа стоьлаца гIанта тIе охьахиира. Бетарби юха а къамелдан волавелира:

— Собранехь хатта а, ккечуьнга хатта а эхь хеташ Iийнера со, хьуна-м иза хуур дуйла хаара суна, Димитрий. ЛадогIахьа. — Паччахь дIаваькккхича, мехкан да вохийча, цуьнан бешара сан дас Саьмбис шапталан синтар деънера. Аса и синтар тхешан кертахь бераш тIе ца ккхочче дIадуьйгIира, суна сов хаза хетара и синтар. Иза ккхио аса шен заманчохь хи дуьттура, цо заза даккхаре аса чIогIа сатуьйсура. Сайн хуьлу къинхьегам ца гуш, со цунна гонаха доггах хьийзара, цу тIе зингат я ккхин садолу хIума летча, иза а дIайоккхуш. ХIетахь цу синтарна гонаха со санна, хIинца кху мехкдаьттантIехь болчу гIирсашна гонаха хьийза белхалой го суна, яррабий, хIара гIуллакх пачхьалкхан доллушехь, луш ворхI-бархI сохьтана бен алап а доццушехь, дийнахь а, буса а бохург санна шайн лаамехь белхаш беш, бен болх доггах беш лела и белхалой, хьо а тIехь. Шу хIун адамаш ду-техьа? Шуна хIун го-теша суна ца гург? Шуна хIун хеза-теша суна ца хезарг?

— Цунна жоп-м аса лур ду хьуна, — олуш, Димитрий сихвелира.

— Собардел ахьа, — олуш, Бетарбис шен къамел юха долийра: — Аша собранехь а, ккечухьа а къамелаш деш ладоьгIуш Iа со — шуна хIунда бу-теша бала дешна воцчу нохчочун а? Шуна хIунда бу-теша бала къийла бохкучу нохчийн а?.. ХIара гIуллакх, хIара адамаш туьйран тIехь а дуьйцу хезна вац-кх со... Сайн хьекъалца аса дукха ойлаярх, ккунах ккеташ вац со, ккетавехьа со, Димитрий, хIара къайлах дацахь, — олуш, Бетарби, жоьпе сатесна, ладогIа кечвелира.

Димитрийс меллаша къамел долийра:

— Бетарби, и гIуллакх къайлах дац. И хаттар ахьа дар сов хаза ду, и хаттар далла ойла йолуш волу хьо пролетариат хила герга ду, хIинца ахьа хоьттург, Бетарби, хIора къинхьегамхочо ша-шега хатта а хаьттича, я цу хаттарна герга иза веъча, цунна хуур дара, иза ккетар вара партис хьочу некъах... Алал хIинца, Бетарби.

— ХIун ала аса?

— ХIинца айхьа дийцина и шапталан синтар, шун кертахь

доцуш, арахь долчу заманчохь, малхо дагийна, дакъийна, якхделла, хьагделла иза дожарх, и гур дарий хьуна?

— Дацара. Амма, бIаьрг ккетча, кхоам-м хетар бара суна цунах, Димитрий.

— И шапталан синтар хьайн кара кхаьчча хьуо воцург цуьнан кхин да воцийла хаарий хьуна, Бетарби?

— Хаара суна-м иза а, Димитрий.

— И шаптал денъелла дIахIоьттича, цу тIера шаптал, и мерза стом, я айхьа, я шайн тIаьхьено буур буйла хаьарий хьуна, Бетарби, масала, цу шапталан дола шаьш дича?

— Хаара суна-м иза а, — элира Бетарбис, ойла а йина. —

— Делахь хIета, — аьлла Димитрийс шен къамел юха а дIадаьхьира, — и шаптал санна мерза, мерзачу стоьмал а мерза, дуьненахь вайн нахана шел чомехь ккхин хила йиш йоцуш, цхьа бахам бу хIоттош. Иштта бахам бу иза, шеца пургIатонан нур догуш, мостагIчунна дуьхьал борзуна хилла дIахIоьттина, къийсамехь турпал хилла дIахIуттуш.

Иштта бахам бу иза — дегIана ял луш, дагна синтем луш, бIаьргана серло луш, лергана хаза эшарш луш. Иштта бахам бу иза—лай-гIарбаш, элий воцуш, адам дацадар а, цамгарлазам а боцуш. Иштта бахам бу иза — дегIан хьаштана аьлла стага сагIина куьг кховдор доцуш, дагна синтемна аьлла дехарна горгIур воцуш. И бахам — керла бахам бу. Иза — керла дуьне ду.

И дуьне хIоттош бу, Бетарби, хьуна гун, ахьа буьйцу белхалой. И дуьне ду, Бетарби, хьуна ца гуш, цу белхалошна гуш дерг. Цундела хьийза уьш хIайтъаьлла, цундела бо цара белхаш каде, вовшашца йохьебуьйлуш, цундела до цара хIинца шайн бахаман дола, хIетахь ахьа хьайн шапталан синтарна санна.

КЕМСАШ*

Берашна

Малх кхетале хьалагІаьттира Іайнди. Чотка хьоькхуш, цергаш а цІанъеш, сабанца юьхь-куьг дилина ваьлча, иза гата хьакха хІоьттира.

Чохь радио лакха йолаелира. Гимнастика еш пианино лоькхура радио чохь. Іайндис а гимнастика йира.

Кхуьнан хенара волу кхуьнан ваша гІаттаза, дехьачохь вижна Іуьллуш вара.

Мохь туьйхира Іайндис дехьачу:

— БахІа! Ва-а БахІа! Вайшиъ деша ваха тІаьхьавуьсу, хьалагІаттахьа!

— АхІ-хІ... — элира вижина Іуьллучу БахІас.

— ХьалагІаттахьа чехкка, хІинццалца санна, тахана а, тІаьхьавуьсур ву-кх хьо.

— АхІ-хІ... хІ-хІ... витахьа со, — элира БахІас.

Оцу заманчохь Іайнди хІума кхалла охьахиира. Колхозехь йолу кхеран нана, Іуьйрре кхарна кхалла хІума а кечйина, балха дІаяхнера.

— Валахьа хьалагІаттий! — аьлла юха а мохь туьйхира Іайндис.

— АхІ-хІ, ахІ-хІ, — хезара дехьачуьра.

ЦІеххьана сахьте бІаьрг кхийтира Іайндин. 7 сахьт доллуш доллура.

Чехкка дехьачу а вахана, БахІа дІа-схьа хьавира Іайндис.

---

* Дийцар Ш. Айсхановца цхьаьна яздина ду С. Бадуевс.

ХьалагIатта, бехира. Дош ца хилира. БахIин коьрта тIе хи доьттира Iайндис...

— Эш-ш-ш, ма бехьа бегаш, витахьа со... дIавалахьа,— бохуш, оьгIазъоьхура БахIа.

БахIа хьалагIатталург а ца хилла, Iайнди тIаьхьависарна кхоьруш, чехкка школе ваха ара иккхира.

Юьртан боккхачу новкъа воьдура Iайнди. Малх а, гучубаьлла, маршалла хоьттуш, боьлура.

ХIара юрт сийначу бошмашна юккъехь Iуьллура. Iайнди сийначу сатинан коч-хеча а долуш, керахь книжкаш а йолуш вогIура.

Школе Iайнди тIаьхьа ца вуьсуш кхечира...

Заняти йолалуш хьехархочунна чохь БахIа ца гира...

— БахIа хIунда ца веана, Iайнди? — аьлла хаттар дира хьехархочо.

— ХIинцца схьа-м вогIур ву иза, — элира Iайндис, ша муха олу а ца хууш.

— ХIокху баттахь нийсса ворхIазза тIаьхьависина иза, тайп-тайпана бехкаслонаш а хIиттош... Иштта гIуллакх чекхдер дац, — аьлла, оьгIазвахара хьехархо.

Iайнди, эхьхетта, цIий а велла Iара.

Делккъехь БахIин нана балхара цIа еара.

Кхано, чохь шен цхьацца дезарш деш лелаш, нанна дехьачохь дижина Iуьллуш цхьа адам гира. Кхераелира нана. Мила ву ца хиъчахь дер даций, аьлла, тIеяхана, хьаьжча, кхунна вижина Iуьллуш БахIа карийра.

— Ой, хьо школе хIунда ца вахана?

— АхI-хI... могуш вац со, баба, — элира БахIас.

Стоьл тIе хьаьжначу нанна БахIина йиллина яахIума а йиина карийра.

— Ахьа яахIума йиъний?

— Йиира-те, — аьлла жоп делира БахIас.

ХIорш иштта бохкуш, Iайнди чу кхечира.

— ХIун юур яра ахьа? — аьлла юха а нанас хаттар дича, БахIас элира:

— Кемсаш а, кIайн бепиг а дуур дара-кх.

— Iайнди, БахIа цомгушхилла, же, чехкка кемсаш, бепиг дахьаш воьл кхунна.

— ХIокху сохьта, — аьлла, Iайнди шен книжкаш охьа а ехкина, кемсаш а, бепиг а иэца вахара.

— ЧIогIа лозу хьан корта? — аьлла хаьттира нанас.

— Корта-м ца лозу сан, когаш лозу-кх, — элира БахIас.

— Аса-м, ахьа тохара корта лозу элира моьттуш, бахара.
— Богу хьан когаш?
— ХIан-хIа.
— Шелло?
— ХIан-хIа, дIа лозу-кх.
Кемсаш а яхьаш Iайнди чу велира. Цо нене элира:
— ХIара кхо герка кемсаш а, бепиг а деа аса.
— Дика ду хьуна кемсаш карийна: — нанас аьлча:
— ХIорш шортта яра цигахь юхкуш, — элира Iайндис.
— Ерриге а кемсаш а, дерриге а бепиг а БахIина хьалха а диллина, нана дехьачу яхара, цомгушчуьнга хьажа а аьлла.
БахIина юххе а хиъна, Iайндис хаьттира:
— ХIун лозу хьан? — аьлла.
— Чохь лозу-кх, — элира БахIас...
— Лоьрашка хаийта гIур ву со, — Iайндис аьлча, БахIас элира:
— Суна-м гIоле хилла йогIу, ма гIуо...
Кхано Iайнди, сехьачу веана, яахIума а йиъна, садаIа агIорвелира. Оцу заманчохь БахIас кхо герка кемсаш а, ши герка бепиг а, диина, къайладаьккхира.
Нана сов хазахеташ яра БахIега оццул кемсаш а, бепиг а даадалар.
ШолгIачу дийнахь ша школе воьдуш, Iайндис хаттар дира БахIега:
— ХIун ала аса хьехархочуьнга?
— Со букъ лозуш ву, ала-кх... сов чIогIа, хьала а ца гIатталуш.
— Ахьа тохара чохь лозу ца бахара?
— ХIетахь суна дика ца хаара, сайн хIун лозу, — аьлла жоп делира БахIас.
Iайнди ша волчуьра араваьлча, вукхо тIаьхьа мохь туьйхира:
— Хьуо цIа вогIуш, кемсаш а, бепиг а далахь, — аьлла.
— Дика ду, — аьлла, шен книжкаш а эцна, аравелира Iайнди.
Кхеран нана тахана, БахIа цогмуш ву, аьлла, колхозе яхана, шена де а дехна, леррина цуьнга хьажа цIа еана Iаш, 10 сахьт даьлча, БахIа, меллаша хьала а гIаьттина, тIе хIума юха хIоьттира. Цо иза чехка тIеюьйхира, дIа-схьа а хьоьжуш.
— Ахьа хIун до? Хьо деша ваха гIерта? Вайна-м 10 сахьт даьлла зама ю, — элира нанас.

— Ца гIерта. Деша-м вахалур а вацара со, жимма мохе вала воллу-кх, — олуш, БахIа, цомгуш стаг ма-воллура, меллаша уьйтIа а ваьлла, меллаша кетIа а ваьлла, дIай-схьай а хьаьжна, ведда къайлавелира.

Нана цомгушчу БахIина а, школера цIа вогIуволчу Iайндина а мерза яахIума ян хIоьттира.

Делккъехь школера ваьлла Iайнди юха а, 3 герка кемсаш а, 2 герка бепиг а дахьаш, чу веъча, БахIа, тохара санна, маьнги тIехь Iуьллуш вара.

БахIа тоххара, чу а веъна, нанас йина мерза яахIума а йиъна, агIорваьллера.

Кхано цхьа хан яьлча, Iайндис урокаш ечу заманчохь, БахIас тоьхна йиира 3 герка кемсаш а, 2 герка бепиг а.

Доьшучу заманчохь Iайндис хаттар дира:

— Кхана школе валур вуй хьо? — аьлла.

— Валур вац, — элира БахIас.

Iайнди школе ваха кечвелча, БахIас элира:

— Iайнди, хьуо цIа вогIуш, кемсаш, бепиг далахь.

— Дика ду, — аьлла, Iайнди, цо лелочух шек а волуш, школе вахара.

ЦIахь висина БахIа, селхана санна, меллаша шен хIума тIе а юьйхина, меллаша уьйтIа а ваьлла, меллаша кетIа а ваьлла, меллаша ураман маьIе а ваьлла, дIаиккхина ведира.

Готтачу урамехула ведда воьду БахIа, кест-кеста юха а хьоьжуш, воьдура.

Воьдуш, БахIа, юьстах а ваьлла, юьрта йистехь йолчу тогIичу воьссира.

Цигахь, цхьа жIуга а йина. бераш Iара, кехатех а ловзуш, цигаьрканаш а уьйзуш. Уьш а, хIара БахIа санна, дешарх уьду бераш дара.

ТIевеана БахIа кехатех ловза охьахиира.

Iуьйрре дуьйна нийсса 11 сахьт даллалц кехатех левзира БахIа берашца.

Кхано цIа кхаьчна БахIа, цкъа хьалха шайн нанас йина мерза яахIума а йиъна, тIера хIума дIа а яьккхина, шен метта агIорвелира. «ХIинцца кемсаш а, бепиг а схьакхочур ду суна», — бохуш, Iуьллура БахIа.

Школера ара ваьлла Iайнди ойлаян хIоьттира, «Нанас, селхана со школе вахча, БахIа, ара а ваьлла, делккъехь бен чу ца веара, ма бахара... БахIас ша а цкъа корта лозу олу, тIаккха чохь лозу олу — могуш волчо санна, кемсаш а, бепиг а

дуу... Хетарехь, и цомгуш а вац. Иза ца деша гIерташ лела. Цунна кемсаш аса кхехьа ца еза... Со, лор а эцна, ваха веза цIа, цуьнга хьажийта», — элира ойлайинчу Iайндис.

Иштта ойлайина ваханчу Iайндина лор цIахь ца карийра. ХIара, ши шай а делла, хьуьнан хьаьмцаш а, кхораш а эцна, цIа веара. ХIара чIогIа шекваьллера БахIас лелочух. Кхуо хьаьмцаш, кхораш, БахIас хIун олу, хIун до, хьажа деара. ХIара цIа кхаьчча:

— Кемсаш еаний ахьа? — аьлла хаьттира БахIас.

— Ца еа.

— ХIунда?

— Лоьро хьоьга, кемсашна тIера муьста хьаьмцашний, кхорашний тIе верза, боху.

— ХIунда? — элира юха а БахIас.

— Кемсаш а, мерза хIума а йиъча, хьо валарна кхерам бу, боху. Ткъа суна а, я лоьрана а хьо лейла ца лаьа, тхуна З герка кемсаш чу йоьххина хьан ге эккхийта ца лаьа, хIара кхораш, хьаьмцаш дика ду боху хьан цамгарна лоьро, — элира Iайндис.

БахIа, лоьран цIе яьккхича, кхеравелира. Хьаьмцаш, кхораш даа хиъча, кхунна уьш муьста карийра. Кхуо нуьцкъах цхьа хьаьмц, цхьа кхор бигира. Дехьачохь Iайндис нене хаьттира:

— Тахана со школе вахча, аравелирий БахIа?

— Велира. Делккъехь бен чу а ца веара.

ТIаккха кхин а чIогIа шеквелира Iайнди.

Iайнди сов чIогIа оьгIазвахнера БахIина. Цо цуьнга элира:

—Хьо цомгуш а вац. Хьо ца деша гIерташ лела. Ахьа хIун дей, хаалахь: кхана со хьо а воцуш школе ца воьду хьуна. Бераш, хьалха а дуьйлуш, доьшуш лела. Хьо гуттар а занятина тIаьхьавуьсу. Гуттар а ца деша гIерташ а ву. ХIинца хьуо цомгуш воццушехь, хьайн а, сан а, вайн ненан а белхан зама йойуш а воллу. Догдуьллур ду ахьа, кхана со школе хьо воцуш ца воьду хьуна.

— Со ва́лур вац школе, — элира БахIас.

Дехха къийсира цу шимма, охьавижжалц къийсира.

Iайндис, ша бохург БахIас ца дича, шолгIачу дийнахь, ша школера ваьлча, лор валийра.

— Хьуна лор вогIу, — аьлла, нана чуяьлча, БахIа, кхеравелла, хьалаикккхира. Иза, дIавада дагахь, шен бедарш тIеюха хIоьттира. Кхуо аравала неI йоьллушехь, Iайнди а, лор а чувелира.

Іайнди Іан а ца Іийна, БахІина лор хьажийтира. Лоьро элира:

— Лозуш а хІума яц. Хилларг а хІума дац.

Ша гучуваьлча, БахІа воьлхучуьра ца соцура. Іайндис элира:

— Эхь дац иза?.. Вайн ненан белхан ши де а дайи ахьа. Хьайн дешаран кхо де а дайи ахьа.

Ша лелориг хьаштдоцург дуйла хиира БахІина. Иза, Іуьйр-ре хьала а гІаьттина, Іайндица гимнастика а йина, деша вахара.

ХІетахь дуьйна БахІа эрна цІахь ца Іийна. БахІа занятина тІаьхьа ца вуьсу. Цо кест-кеста ша-шега олу:

— Дагахьдоллу-кх эрна дахийтина кхо де...

ФОЛЬКЛОРНИ ЗАБАРИЙН ДИЙЦАРШ

(Литературни дIаяздинарг С. Бадуев)

ХIилланца баькkхина кхача

Цхьа стаг хилла генара новкъа вогIуш. Цхьана юьртах ша тIехволуш, мац а велла, цхьанхьа хьошалгIа воьссина, яахIума йиъча мегар ду ша, аьлла, юьрта чу а вирзина, цхьана шена ца бевзинчу нахе хьошалгIа воьссина хилла. Чуьрчу хIусамнанас кхунна яахIума луш ца хилла, шен керара доьлху бер бехказло а еш. ТIаккха кху къонахчо, цхьа хIилла ца дахь, шена яахIума яла ца йоллу-кх хIара хIусамнана, аьлла, киснара схьа а даькkхина, детин сом кховдийнера беран кара. И шен кара кхаьчча, бер доьлхучуьра тийнера. ХIусамнанас, цунах Iеха а елла, бер охьа а диллина, яахIума а йина, хIара хьаша вузийнера.

Ша вуьзча, хIусамнене говр схьаозае шен а аьлла, и ара а ялийтина, берана тIе а вахана, оззийна шен сом схьа а даькkхина: «Дика бер а дер ду, дала дукха дахадойла хьо»,— аьлла, ара а ваьлла, хIусамненан Iодика а йина, дIаваханера хьаша.

Ши зуда бежнаш дIалахка яхар

Iуьйрре, шайн бежнаш а лаьхкина, цхьа ши зуда эвлан йисте яьлла, уьш бежах дIатоха. Эвлан йисте яьллачу цу шиннан къамел а тасаделла, хабар дуьйцуш а лаьттина, юха бажа цIа богIучу хенахь цIа еана хиллера и шиъ: «Латта мел луу лаьттича-м, ехха лаьттар яра вайшиъ», — аьлла.

КIолдан бIелиг

Цхьана нехан хилла, шайн бIаьрмецигалла, хIор шайга мел веанчу хьешана хьалха буьллуш цхьа кIолдан бIелиг, хьешаша шайн оьздалла а, иэхьхетарна а баа а ца бууш.

Иштта хIорш бехачу заманчохь цхьа хьаша нисвелла хилла кхаьрга. Веанчу хьешана, кхечарна санна, и тохарлера кIолдан бIелиг хьалха биллина. Хьешо, кхеран бIаьрмецигалла йовза а евзина, и кIолдан бIелиг биъна. И кхуо бууш ган а гина, пеша хьалха Iачу жимчу беро дехьа чуьрчу шен нене мохь тоьхнера:

— Баба! Баба! Вай хьешашна хьалха буьллу къолдан бIелиг кху хьешо бии хьуна! — аьлла.

Сискал зайли тIе ялар

Цхьана нахе хьошалгIа веана цхьа ламаро хилла. ХIусамненан йина сискал яттаза пешахь зайли кIел йоллуш хилла. Ткъа шен мацалла валла воллучу хIокху ламарочо, са а ца тохаделла, сискал ехна кху хIусамнене. ХIусамнанас, йина сискал хIокху сохьта-м яц, цIергахь-м йоллура, аьллера. Кхано цхьа хан дIаяьллачу хенахь сискал а еттина. И цу ламарочунна ца яла дагахь, хIара дIавахаре догдохуш, хIусамнанас сискал схьайоккхуш ца хилла. Ламарочо, са а ца тохаделла, юха а хаьттина: «Схьа ца йолу и вайн сискал?» — аьлла. ТIаккха хIусамнанас аьлла «Ца йолу дера-кх хIинца а-м. И сискал ша еттича-м зайли тIе йолуш яра», — аьлла.

Цул тIаьхьа, хIусамнана ара а ялийтина, зайли кIелхьара сискал схьа а яьккхина, зайли тIе а йиллина, юха а хIусамнана чуеача, аьллера цу ламарочо;

— ХIинца-м еттина аьлла хета суна вайн сискал а, зайли тIе яьлла иза, — аьлла. ТIаккха хIусамнанас хIара, къарлур волуш вац аьлла, и сискал а яийна вахийтинера.

„Шийла“ гарзанаш

Цхьа стаг волчу веана хилла хьаша. ХIусамнанас, гарзанаш а йина, шен майрачунний, кху хьешаний хьалха ехкина хилла, кхаьрга яийта. ХIусамдас, гарзанаш чу Iайг а Iоьтти-

на, жимма кхалла а кхаьллин, шена уьш йовха карийча, шен зудчуьнга а хьаьжна:

— Деллахь, зуда, ма шийла ю хIара гарзанаш. Гуттар а хуьлу-кх хьан хIорш иштта шийла, — аьлла. ТIаккха, шен тхевне хьала а хьаьжна: — Деллахь, ма дукха хан ю, моьттахь, хIара тхов тиллина, — аьлла. Кхуо и олучу юкъана хьешо, шийла ю, моьттуш, дуккха а гарзанаш а кхаьллина, цара вага а вина, хIусамдас шена динчух кхетта, хьала а хьаьжна, элира боху:

— И, тиллина дукха хан елахь, буьсийла шен да велла.

Нийсо

Берийн нанас шен ялх доьзалхочунна ялх чIепалг дина хилла. Царах цхьаммо хаьттина:

— Ва баба, тхо массарна а цхьацца-м дира ахь, хьайна хIунда ца до ахь? — аьлла.

Бабас бахара, боху:

— Суна-м хьаштдацара дийнна чIепалг. Аша массара а цхьацца дакъа делчахьана, тоьур ду суна-м.

КIелдисина верта

Цхьа стаг волчу хьошалгIа оьхуш хилла цхьа ца оьшу хьаша, дахьаш дерг деа гIуллакх а доцуш. И дукха оьхуш кIорда а вина, хьешана цхьа хIилла ца дахь дер дац, и кхин вагIахь, аьлла, и вале шен лулахошка а вахна, цаьрга шен бала а балхийна, аьлла кхуо, цхьа хIилла дагадеанера шена, шу тIетахьара, аьлла. И хIилла дIа а дийцина, уьш тIетайна бевллачу хенахь, суьйренан заманчохь, веана схьакхаьчна тохарлера хьаша.

И чу а иэцца, дика вуза а вина, буьйса а йолийтина, хIусамдас аьллера кху хьеше:

— ХIа-хIан, хьаша, вайшиъ хьан говрана а, суна а хьаьжкIаш лачкъо ца гIахь вер вац сан лулахойн беша, — аьлла.

Хьаша тIе а тайна, кхуьнан верта а иэцна, ваха а вахна, беша дIакхаьчча, верта даржийна лаьтта а диллина, хьаьжкIаш юххе дIахIиттина, кхара гIеххьа хьаьжкIаш яьхначу хенахь, бешан дай, хьокхий а карахь, хьаьжкIаш юккъехула схьалилхинера: «Шун да валла хьакхица!» — бохуш. Кхера-

велла, хIара ший а дIаиккхинера цу бешан дайх. Цхьаммо кху шинна тIаьхьа мохь тоьхнера, кху хIусамден цIе а яьккхина: «Хьо-м мила ву хаьа тхуна, хьоьца верг мила ву а хуур ду кхана сахиллачул тIаьхьа. ТIаккха дуьйцур ду вай хIара гIуллакх-м», — аьлла. Уьш, церан кIелдисина верта схьа а эцна, чу баханера. Веана шайн чу кхаьчна хIусамда а, шен хьаша а иэцна. Чукхаьчча, хьаша сихвеллера дIаваха. ХIусамдас аьлла: «ДIа ма гIахьара хьо, кхана кху гIуллакхан дов хиларна кхьоьру со, цу юккъехь хьо а хилча, суна маслаIатана гIоле хир яра», — аьлла. Делахь Iийр ву ша а аьлла, кхано кху хIусамдена набкхеттачу хенахь, шен говра а хиьна, ваьлла хIара хьаша дIаваханера.

ШолгIачу дийнахь хIусамда, шен лулахой болчу а вахана, царна баркалла а аьлла, хьешан кIелдисина верта цаьргара схьа а иэцна, цIа веанера. Цул тIаьхьа и хьаша кхин хIара волчу хьошалгIа а ца веана. Верта кху хIусамдена а дисина.

Майра стаг

Цхьана стага кхечу стаге мохь тоьхна:
— ХIей къонаха! — аьлла.
Вукхо бахара, боху:
— Вай, хьан да валла хьакхиица, «къонаха» бохург хIун ду хьан? Къонаха, къорIанор, ву хьо а, хьан да а. Хьайна соьца дов ца дезахь, кхин хьуо велла дIаваллалц къонаха ма аьллахь сох.

„Юкъ-юкъа шинарш а ду“

Новкъа вогIучу стага хаьттина бежан Iуьне:
— ХIей лаьтта бежан Iу! Берриг а бажа буй хIара? — аьлла.
Кхунна дуьхьал бежан Iуьно аьллера:
— Бац дера, юкъ-юкъа шинарш а ду-кх! — аьлла.

Дукхаеза зуда къастор

Цхьана стеган хилла ши зуда: цхьаъ къона, важа къена.
ПIерасканан буса жижиг а эцна, цунах йина яахIума йиъначул тIаьхьа, шайн буьзна качбеллачу меттехь, шина зудчо хаьттинера:

— Муьлха дукхаеза хьуна тхойшиннах?

Майрачо элира:

— Шуьшиъ ший а дукхаеза суна-м, — аьлла.

— Цунах къастам хир бац тхойшинна... Делахь дика ду, тхойшиъ доккха дистина догIучу хиэ дIахьош хилча, тхойшиннах цхьаъ бен хьайга схьаяккхалург а ца хилча, муьлха йоккхур яра ахьа схьа? — аьлла жимчу зудчо хаьттинера шен майрачуьнга.

ТIаккха майрачо, шен йоккхачу зудче а хьаьжна, аьллера:

— Ва зуда, хьуна нека ца хаьара? — аьлла.

Машен цаоьшучу меттехь а чехка яхара

Цхьа стаг хилла паччахьан заманахь дуккха а хан тоьхна сибрех вахийта кечвина. ТIаккха машина тIе а ваьккхина, сибрех дIахьажийна хIара. Ша дуьнентIе ваьлчхьана машина тIе хиъна ца хилла хIара. Машина дIайолаелла, кхано и чехкаяьллачу меттехь, ара а хьаьжна, кху стага аьллера:

— Хьайн да вала хьан, цIерпошта, делаI, сан дIакхаьчча доцчу гIуллакхе хьаьжча, ма чехка йоьду хьо! — аьлла.

Iакхаза йис на зурма

Цхьа шайтIа хилла, карахь зурма а йолуш, схьадогIуш, шен лелла кIад а делла. Цхьана басахь хIара хиъна Iаш, цхьа стаг кхунна тIекхаьчна. Кху шайтIанера зурма а гина, оцу стага:

— ХIара хIун ю хьан? — аьлла хаьттина.

— ХIара-м зурма ю сан, моллас сагIа делча локхуш, — аьллера шайтIано.

ТIаккха кху стага аьллера:

— Деллахь, ма дукха лекхна хир ю ахьа иза? — аьлла.

ШайтIано бахара, боху:

— ХIинццалц схьа-м тIитI дIа а ца алийтина ас.

СТАТЬЯШ, КЪАМЕЛ

З. ШЕРИПОВИ СЛОВАРАХ ЛАЬЦНА

Дукха хан йоццуш Нохчиздательствос зорбатоьхна арахецна З. Шериповс яздина долу «Оьрсийн-нохчийн дешнийн дацдина долу жайна (словарь)». Издательствос, ша халкъана серлонна йиллина хиларе терра, нахана иэца и деза ца хилийта, дикка лахбина цуьнан мах а, 60 кеп. хIоттош. Нохчийн халкъана юкъа даьржжарг арахецна и жайна.

ХIинца цхьажимма цу жайнах (словарах) лаьцна аьр вай: издательствос зорбатоьхна цхьа жайна арахецча, цхьаболчу нехан Iадат ду цу жайнин шайна вон гучу агIох шаьш леттачул тIаьхьа мацца а бухахь, цхьана сонехь «цу жайнин дика агIо а ю ян-м» олий яздеш, — халкъана шена хааре ладоьгIуш делахь а, шаьшна цу жайнин дика меттиг кIезиг гарна я цуьнан дика агIо йовззане а цайовзарна делахь а, — цу жайнин дика агIо ца а язъеш IадъIаш.

ХIинца вай декхарийлахь ду, «цу жайнин дика агIо а ю ян-м» олий, цхьана маьIIе леточу элпийн меттана «цу жайнин вон агIо а ю ян-м» боху дешнаш дáхкадан. Масала, цу жайни тIехь агIор гун меттиг дикка ладам боцуш елахь а.

И жайна (словарь) схьа а диллина, цуьнан шолгIачу кехат тIе хьаьвсича, цу тIехь яздина ду: «ХIокху оьрсийн-нохчийн дешнийн доцачу жайно юьхьарлаьцна Iалашо — нохчийн къинхьегаман дешархошна оцу гIуллакха тIехь, мел дина а, гIодар ду», — аьлла. Иза, цхьана дешархошна «мел дина а,

гIодар ду» боху дешнаш, схьахетарехь, иштта чу жайни тIе дахка хIинца а хьалхехь ду.

ХIунда, З. Шериповс яздинчу жайно гIо кIезиг ден долу нах вайн дукха цахиларна. Дешархочунна ма моьттийла, ас и иштта аьлча, ас вайн дешна нах а, дешарх кхетта богIу нах а кIезиг бу боху. ХIан-хIа, ас бохург и дац. Вайна массарна а хууш ду, хьалхалерачу замане ладоьгIча, генний, дуккха а лакхий девлла хилар а, тIе девриг хилар а. Со ала гIертарг хIун ду аьлча, и ду:

1. Вайн, оьрсийн мотт дика а хууш, ненан мотт цIена а ца хууш, я оьрсийн мотт вон а хууш, ненан мотт цIена а хууш областехь дуккха а гIуллакххой хилар. Иза, шен рогIанна, цамгийла ю. И цамгийла йолуш вайн хийла нах буйла хуур ду, масала, суьдехь, собранехь я съездехь дина къамел талмажо оьрсийн маттера вайн матте я вайн маттера оьрсийн матте доккхуш ладугIуш. Дукха меттиг хуьлу талмажо, ша цкъа аьллачух тIаьхьадогIу дош дIатаса ца хууш, юх-юха, шозза я кхузза олуш. Цул совнаха, наггахь ладоьгIуш Iаьн белхало я ахархо талмажо аьллачу уггар коьртачу дешнех ца кхеташ меттиг а хуьлу. Цу цамгийлина, иштта аьлча а, оьрсийн а, нохчийн а маттехьара З. Шериповн жайно (словаро) хийла гIуллакхашна гIодийр ду.

2. Цу жайно кхоччуш гIодийр ду дешарш доьшуш бохкучу хийла вайн нахана. Цхьана агIор, оьрсийн маттахь кхетарна тIехь а, шолгIа, вайн ненан мотт цIена бийца Iамабар тIехь а.

3. Цу З. Шериповн жайно (словаро) уггар коьрта дуй-техьа аьлла гIодийр ду хIинца, вайна ма-хаъара, вайн нохчийн ненан мотт, йозий Iамо гIерташ бохкучу оьрсашна. Иза а вуно доккха гIо ду — вайна а, царна а.

4. Цу жайно (словаро) гIодийр ду хIора латинан дешар хьоьхуш воллучу вайн нехан хьехархочунна, хIора избачана, иштта халкъан юкъара белхаш беш бохкучу комсомолашна а тIехь.

Иштта тайп-тайпана коьрта некъаш дикка гIодеш хир долун дела ду-кха З. Шериповн жайни тIехь дехкина долу, цхьана дешархошна, мелла а дахь а, гIодийр ду, боху дешнаш шайна ца йогIу меттиг дIалаьцна лаьтташ. Цу дешнех шен бIаьрг кхетча, дешархочо, «кхуо-м кIезиг гIодийр дара суна», аьлла, цхьа цу жайнин дуьхах а ца кхуьуш, шен ойла цунна тIера юхаяккха ца еза. И тешна хила веза цу жайно шена гIодийриг хиларх.

И жайна яздан вайн стаг хилар доккха хIума ду. Вайн вешан культурни революци дага а лаьцна, и жайна даькккхинчу З. Шериповна а, цу тайпана халкъана пайдехь долу жайнеш дохучийн а хама бан беза. Цара дикка хьоьгучу къих, и вешан дуьхьа хьоьгийла а хууш, вай пайдаэца хьовса а деза.

Бакъду вай ала дезаш кхин цхьаъ хилар. И ду: З. Шериповн жайна (словарь) шозлагIа зорба тоьхна арахоьцуш, вайна лаа дезар, вешан тIекхуьуш лаьттачу чкъуре а, хIинца а болуш болчу цхьаьна могIаре а ла а доьгIна, и жайна дешнех кхоччуш, дуьззина шордеш, арахецар.

САМАДОВЛА! ХАН ТIЕХЙОЛУШ ЛАЬТТА

Массарна ма-хаъара, Нохчийчохь а, Соьлжа-ГIалахь а нохчийн цIарах, нохчийн ненан маттахь а, нохчийн гIуллакхах лаьцна оьрсийн маттахь а нохчийн кегий нах а болуш цхьа а театр а, драмкружок а яц.

И гIуллакх дича мегар дара, ца дича дер а дац, аьлла гучуволуш цхьа а стаг а вац, ура-атталла куьйгалла дийриш а тIехь.

Шаьш меттахъхьабеш стаг цахиларна, бийшина Iохкуш доьшуш болун а, гIуллакхехь болун а нохчийн кегийрхой а бу, театр а, цу чохь лелон гIуллакх дезаш шаьш боллушехь.

Театран гIуллакхана мегар а болуш, дукха кегийрхой бохку Нохчийчохь, амма уьш гулбан, вовшахтохан цхьа а волуш-м вац. Театран гIуллакх — серлонна юккъехь уггар коьрта лара мегар долуш гIуллакх ду, хIинца а боданах цIанъялаза йолчу вайн Нохчийн областехь муххале а.

ТIаьххьара а хилаза йиш йоцу вайн нохчийн цIарах уггар хьалха гIалахь нохчийн театр хила еза, нохчех лаьцна оьрсийн маттахь а, нохчийн ненан маттахь а пьесаш а хIиттош.

ХIинца а гIалитIахь йоцу драмтеатр маца юьллур ю-теша?

ХIинца а драмтеатран гIуллакхана кегий нах Iамор дIа ца долийча, хIоттоза йиш йоцу спектакль ярташкахь хIотточу меттехь цIеххьана цу гIуллакхана кечам балурий-теша?

ХIан-хIа, иштта цIеххьана цу гIуллакхана кечам балур бац. ХIинцале а гIайгIа бан беза АСО[1]-с (ОНО-с) цу гIуллакхан. АСО-на куьйгалла лелош йолу учреждени а цу гIуллакхана самаяла еза, хIинцца, гуттар а тIаьхьа доццушехьа.

Масала, и гIуллакх дIадоло хьалхехь ду бохуш стаг велахь, цуьнга хаттар ду вайн: Нохчиздательствос ненан маттахь язйина йолу пьесаш дIа хIунда оьцу? Эльдархановс язйина «Шайх Мохсум», «Воккхачу стеган жима зуда», Д. Шериповс язйина «Iаьлбек-Хьаьжи» хIунда эцца дIа? Гайтамана-х (выставкина) ца эцций уьш дIа? Масала, ца эццехь, АСО хIунда ца хьожу уьш зен ца яйта (царех делла ахча ца дуьйцу вай. Вай буьйцу царах халкъана болу пайда шен заманчохь дIабалар вайн декхар хилар).

Масала, цхьаммо: и пьеса хIоттийча, наха ладугIур дарийтеша, нах кхетар барий-теша? — алахь, цуьнга ала ду: «Кхидолу къаьмнаш санна, вайн нах атта кхетар а бу, кхета а кхетта», — аьлла. Масала, бац бохий цо — и хьажа, рабфакан дешархоша хIоттийна пьеса «Воккхачу стеган жима зуда» муха чекхъелира.

Курсанташ-м муххале а кхийтира цу пьесах, иза нохчийн ненан маттахь йоллушехьа, оьрсий а цуьнан дукхахйолчу меттигех кхеташ бара.

Вайн областехь къаьмнийн ахархойн съезд йолчу заманчохь баьхкинчу векалшна рабфаковцаша пьеса хIоттийра: «Воккхачу стеган жима зуда». Цунах геннара лаьмнашкара баьхкина векалш вуно дика кхийтира. Царна и гIуллакх чIогIа хазахетара, церан цунах чIогIа сакъераделлера.

Областан куьйгалхошна хаахь, вайн и пьесаш хилар а, уьш язъеш нах хилар а доккха хIума ду.

Масала, областан куьйгалло: пьесаш хIиттош, ловза кегий нах а карор барий, ловза хуур а дарий? — бахахь, цо ладогIа, «Воккхачу стеган жима зуда» бохучу пьесехь вайн СоьлжаГIалара курсанташ муха левзира. И пьеса хIоттийра оьрсийн нах а цецбовллуш дика.

Цу курсантех а хаа деза, вайн пьесашкахь ловза нах хир буйла а, цхьакIеззиг йолчу заманчохь уьш вуно дика Iамалур буйла а.

ЛадогIа кху гIуллакхе — догIа декхарийлахь волчо! Самадовла — уггар хьалха комсомольцаш а, массо кегий нах а!

---

[1] АСО — Автономин серлонан отдел.

СССР-н ЯЗДАРХОЙН ОРГКОМИТЕТАН ХЬАЛХАРЧУ (ШОРЙИНЧУ) ПЛЕНУМЕХЬ ДИНА КЪАМЕЛ

Накъостий, седарчий санна, цIена, моз сана, мерза, ЦIен Байракх санна, тешаме маршалла ду шуьга ЦIечу Нохчийчуьрчу яздархошкара а, колхозхошкара а, къахьоьгучу белхалошкара а!

Со веъна паччахьан Iедало хIуй кхайкхийначу, неIалтаца дийцинчу Кавказан лаьмнашкара, Нохчийчуьра, шех паччахьан Iедало акха Нохчийчоь аьлла цIе тиллина хиллачу Нохчийчуьра.

Нохчийчоьнан оцу лаьмнех партин а, белхалойн а куьйгаллица хIинца цIен лаьмнаш хилла. Оцу лаьмнашкахь «оьгIазе нохчо бердайисте а ца текха», «шен шаьлта а ца ирйо» — Лермонтовс ма-баххара, оцу лаьмнашкахь къахьоьгуш волчу нохчочо — колхозник, ударник волуш волчу, — цIечу тракторан руль хьийзайо, амма шаьлта ца ирйо. (ТIараш детта.)

Советан Iедал дIахIоттарца шен грамота а, культура а ца хиллачу оцу лаьмнашкахь Советан Iедал дIахIоьттинчул тIаьхьа, хIинца ненан маттахь грамота ю, 1922-чу шарахь дуьйна схьа. Цигахь схьайиллина редакцеш, издательствош, оцу хенахь дуьйна схьа шайн ненан маттахь исбаьхьаллин литература кхолла буьйлабелла. Ахархойх, белхалойх схьабевлла болу тхан яздархой шайн берриге а ницкъ дIалуш бу, цIен перо лаккха ойуш, цIен литература кхуллуш бечу балхана. (ТIараш детта).

Шу, яздархой, ца нисделла хила мега гурахь лаьмнашкахь, дарц даьлча, хьуьнхахь, Iаьржачу мархо шен Iаьржачу

тIомаца акха хьун дIалачкъош, мичара баьлла а ца хууш схьахьаькхначу къизачу мохо, кхоьссинчу гIоьмукъо санна, пепнаш хедочу хенахь; пепнаш охьаоьгу, ткъа хьуьнхахь якхий тоьпийн тата лаьтта, и тата инзаре ду, стелахаьштигаш а детташ, чIогIа догIа доладеллачу хенахь. Амма, шу тхо дехачохь ца хиллехь а, суна хетарехь, шуна дика го, моьтту суна, и тайпа сурт, аса и сурт тиссалучу маттаца хIоттийнехь а. Оцу хенахь лаьмнийн хьаннашкахь нисвелла стаг ша мича экхар вара а ца хууш вуьсу: «пипана кIел хIотта иза кхоьру — иза цунна тIебожа тарло. Аьхкана тIевадий? — Иза-х стамделла охьауьдуш ду ломара, цо иза бухавахьа ма мега, ткъа гу лекхачу метте иза хIоттахь, лаьхьарчий санна, сиха охьахаккаеллачу цуьнан Iовраша иза басах чукхоссаран кхерам бу. Шу кхетар ду, хIун дог ду, хIун ойланаш ю оцу хенахь цу стеган. Шу кхетар ду оцу махкахь кхиъначу стеган дог-ойланах. Шу кхетар ду ламанхошкахь (ас юьйцург цхьа Нохчийчоь хилла ца Iа — ерриге а Къилбаседа-Кавказ ю) долчу хьолах: уьш кхетош-кхио чIогIа дукха болх бан беза, чIогIа хала болх. Тхуна, яздархошна-ламанхошна, чIогIа хала ду, хала хIунда ду аьлча, Советан Iедал тIедаллац тхан, ас ма-аллара, цхьа а культура яцара, цхьа бода боцург.

ХIинца тхо яздархоша-ламанхоша, шун ученикаша, кхузахь, хIокху пленумехь, болчу советски яздархойн ученикаша, тхо шун куьйгаллица тхайн тIаьхьадисина халкъаш кхето гIерта.

Кхузахь, пленумехь, дуьйцу, вайна лаккхара исбаьхьалла йолуш йолу литература оьшу, бохуш, иза оьшу Магнитострой еш, амма суна цхьана а яздархочуьнгара ца хезира, вай лаккхара чулацам болчу литератураца белхало а, ахархо а кхетош-кхио декхарийлахь ду, олуш. И бохург данне а дац иза вайн дагахь дац бохург, амма кхузахь оцу декхарах лаьцна дийца-м ца дийцира.

Тхо тешна ду аша, профессиональни яздархоша, кхин а лаккхара исбаьхьалла йолуш йолу литература кхуллург хиларх, ткъа оха, шух а Iемаш, тхайн тIаьхьабисина яздархой кхиор бу.

ХIинца бакъо луо суна нохчийн цIечу литературах лаьцна боцца хаам бан. Тхан ву яздархо Арсанов, иза Москвахь болхбеш а ву, цо язйина «Ши тIаьхье» цIе йолу роман. Арсановс пхеа шарахь болхбира оцу романа тIехь, иза нохчийн маттахь арахецна, оьрсийн маттахь и язйина йоллушехь.

Оьрсийн маттахь ара ца хоьцуш латтайо, хIун бахьана ду а ца хууш.

Партиец волчу Мамакаевн лаккхара чулацам болуш поэма ю, «ЦIий хуьйдина лаьмнаш». Бадуевн — «Лаьмнаш хийцало» пьеса, цу тIехь гойту керлачу дахаре кхача гIерташ латтийна къийсам. Айсхановн ю «Колхозник курортехь», Дудаевн — «Ши стаг» цIе йолу поэма, нохчийн яздархочун Таибатан [1] гражданский тIамах лаьцна язйина поэма...

ВКП(б)-н ЦК-н 23-чу февралехь [2] постановлени хиллачул тIаьхьа баккхий хийцамаш хилла. Тхан областан секретара накъоста Махарадзес [3] мосуьйттазза къамел дира тхоьца, яздархошца, тхуна хууш хиллехь а, амма цо билгалдехира оха язъян езачу теманийн тIегIанаш.

Ас оцу гIуллакхех лаьцнна доцца дуьйцу, цундела иэдина нисло, амма хIумма а дац.

Масех дош ала лаьа кехатах лаьцна. Къоман областаша, республикаша хало хьоьгу кехат ца тоьуш, йолчу литературах 10—15 процент бен зорбатухуш яц. Суна лаьара кехатан хьокъехь къамел кхузахь дойла.

Профессиональни яздархошка цхьа дехар ду сан — Лев Толстой а, Лермонтов а, Пушкин а санна... 10 шарахь цкъа мукъане а дуьйла тхан лаьмнашка, гайта тхуна, кхуьуш болчу къоначу яздархошна, муха караерзо еза муьлхха а тема, ламанхойн муьлха тематика схьаэца еза, «Хьаьжа-Мурд» тIехь Лев Толстойс санна, «Измаил-Бей» тIехь Лермонтовс санна, язде шаьш а ламахойн дахарх лаьцна, ламанхойн тематиках лаьцна. Серафимович веанера тхо долчу лурчах, цхьа бутт ах бутт баьккхира цо Нохчийчохь, тхо тешна ду цо кестта вайна цхьа произведени лург хиларх.

Декъала хуьлда ВКП(б)-н ЦК, массо а фронташкахь нийса куьйгалла деш йолу!

Декъала хуьлда писателийн цIен Союз!

Декъала хуьлда СССР-н массо а къаьмнийн цIен литература! (ТIараш детта).

---

[1] Бадуевс юьйцург, хетарехь, халкъан поэтесса (сказительница) Саибат Мунаева ю. Таибат цIе йолуш нохчийн яздархо ца хилла.

[2] Кхузахь юьйцург ю 1932-чу шарахь хилла «О перестройке литературно-художественных организаций» аьлла йолу ВКП(б)-н ЦК-н постановлени.

[3] Махарадзе — нохчийн ВКП(б)-н Обкоман хьалхара секретарь хилла.

СТИХАШ

МАРГІАЛАН СИНТАРЕ

ХІай маргІалан синтар,
Цхьана бешара ду вай —
МаьІ-маьІІехь хилар бен.
Ма хьаббелахь суна буй,
Дегца мекха ю моттий.
Ластий пел ма далийталахь
РогІана кхуссу жамболт,
ТІекхаьчча алалахь вотталхьа,
Дац хьуна и ямарт.
Хьан тоха са хилалахь,
Луьста кхаьдча генаш,
Каглой ма дакъаделахь
ДІа-схьа даьржина орамаш.
Летарий-теша вайна тІе стом,
Вайга хьожуш Іу ца хилча,
Хирий-теша мостагІийн лаам,
Даьлла къух санна вай гича?..
ХІан-хІа,
Вайна тІе стом летар бац,
Вовшашна орца луш ца хилча,
МостагІийн лаам бер бац,
Вовшийн генаш вай кхаьдча.

ВАЙН БЕШ

Заза даьлла
Вайн хазчу бешахь,
Кхуьур бу мерза
Стоьмаш вайн кертахь.
Малх мархаша
Лачкъабахь а,
Дера дарц
Буьрса хьовзадахь а,
Вайн бешахь
Стоьмаш кхуьур бу.
Вайн беш
Вай чIогIа лелор ю.
Вайн беш кхуьу,
Вайн беш кхуьур а ю.
Вайн беша хьийзаш
ЦIена хIаваъ ду,
Вайн бешахь декаш
Олхазарш ду.
Керлачу мохо хьо
Хьо массо а махка,
Керлачу мохо
Бакъо яржайо кхечу махка а,
Вайн бешара
Синтарш, зезагаш
Дуур дац нIаьнаша.
Вайн бешара керла орамаш
Хедор дац хьакхарчаша.
ХIара сан хаза беш,
ХIара сан хаза мохк
Кхуьуш бу, кхуьур бу.
ХIара сан ахаза мохк
Тоьлла а бу, тоьлур а бу!

ДУЬЙЛАЛО

Дуьйлало, кIентий, дуьйлало,
Сийначу бацалахула дуьйлало,
Кху цIечу зезагашлахула дуьйлало,
Цу цIечу байракхца дуьйлало!
И мела мох а
Вайна аьхна хьоькху,
И можа малх а
Вайна къегаш хьоьжу.
И датон бутт а
Вайга сирла хьоьжу,
И дашо седа а
Вайна лепаш хьоьжу.
Дуьйлало, кIентий, дуьйлало,
Сийначу бацалахула дуьйлало,
Кху цIечу зезагашлахула дуьйлало,
Цу цIечу байракхца дуьйлало!
И Iаьржа латтанаш а
Вайна ялтица лепа,
И лекха раьгIнаш а
Вайна хазница къега.
И эчиг а, болат а
Вайца тайна ду,
Ез а, деши а
Вайца тайна ду.
Дуьйлало, кIентий, дуьйлало,
Сийначу бацалахула дуьйлало,
Кху цIечу зезагашлахула дуьйлало,
Цу цIечу байракхца дуьйлало!

ПАЧЧАХЬАН ЗАМАНЕ

ХIай паччахьан зама,
Кхехкадарх цхьаьнауьйр дацара вай!
Некъийн — тайпанаш ду.
ЦIеран алонца ас бина буй —
Хьуна айина бу.

Со воьду-кх нийсачу новкъа,
ЦIечу маьлхан зезаг тIе.
Суна го-кх хьо беркъа,
Оьзна поп санна херха тIе.

Хьуна гинарг-м гIан дарий,
Декха ца луш долу.
Хьан ницкъ-м кхин дIа баций,
КIур хилла байна болу.

Ахь дохк туьйсу-кх суна дуьхьал,
Со кхоло гIерташ.
Ахь ког туьйсу-кх суна кIел,
Со вожо гIерташ.

Ма ийзавехьа со хьуьна юккъе
Акха экха хила.
Ахьа-м хIинццалц латтийний накъостий
Акха берзалой хилла!

ХIан-хIа!
Со ца тов хьоьца, дIаялахьа,
Витахьа со!
Хьуна-м халкъ дарделла дай,
Хьо дIаьвшен хиларна!

Ахь ца диттира хийла вежаршна
Когех болатан буржалш?
Ахь ца гайтира баллалц царна
Балин Іаьржа набахтеш?

Зударех ахь ца йиннера
Базаран йохка-эцар?
Тобанца уьш ца кхийлира,
Шо керла моссазза дели?

Хийла бай ахь ца ханйра,
ТІера да-нана дийна?
Закатан сахь ахь ца кхийдийра,
Хьайн леш царах бина?

Делахь, хаалахь, ас бен некъ
Къинхьегамхошца буйла,
Даккхийдеш тхо доьлху некъ —
Куьзганан серлонца буйла!

Суна дуьхьал дохк ма тийса,
Ма гІерта со кхоло!
Сан когех ма хьерча,
Го сан болатан агІо!

Яла суна генна ядий,
Ас сайна даьккхина ирзо тасий,
Сох-м мокхаз хуьлуш лаьттий,
Хьох-м чим хилла богІий!

Хьоьца дерг аса къастор
Къолам, жайний къийларца!
Вайна юккъе зІар ас хІоттор,
Дуцуш болатан сераца!

ПАЧЧАХЬАН ЗАМАННА

Да вала хьан, делаI,
Паччахьан хьо зама,
Ца дуьту ахь тхуна
Ден дакъа ва маьрша!
Майрачу кIенташна,
Бакъонан дегнашна
Мел мекха лаьтта хьо,
Паччахьан хьо зама.
КIур хилла яга хьо,
Паччахьан хьо зама,
КIант дика мел вериг
Сибарех ахь лоьхку,
Мотт алсам беттачунна
Мохк алсам ахьа ло,
ГIийланиг, мисканиг
ГIийла ахь хьийзаво.
Ва дайдахь ядадай,
Ва дайдахь ядадай...

ОКТЯБРЬ

Октябран революцин
Пхийтта шо кхачар,
И даздеш, вай цуьнан
Сий дан гулдалар,

ХIора цкъа шарахь
И де тIелестар —
Ду шуна, накъостий,
Вайн барт са́балар.

Октябран сийлалла
Вай йийцаякхча,
Цо еъна дикалла
Вай яржош хилча,

Го вайна, накъостий,
Тахана ваьш вовшашца,
Вайна го, накъостий,
Чилланан байракхца.

Вайн Совет чIагIйинарг
Ду шуна Октябрь,
Цунна куьйгалла динарг
Тхьамда Ленин вара.

Вайн Советан пачхьалкх
Цо доггах хIоттийра,
Цуьнан сийнна байракх
Вай лаккха ойур.

Яц йицлур вайна
Октябран сийлалла,

Хир дац вай тайна
Яханчу заманца.

Хууш ду, накъостий,
И хилар зенна,
Хууш ду, накъостий,
Цахилар и нийсонца.

ХIетахь вайна дацара
Вешан меттан йоза,
Сихдинна дацадора,
Тоьхна доцуш доза,

Дéша вайна яцара
Серлонан школаш,
Йинера вайх цара
Берийн ловзаргаш.

Дара вай дахкош
Чхьарийн басошкахь,
Дуьненан Iилма доцчу
Ламанан Iаннашкахь,

Латийна чиркх боцчу
Хьуьнан хотешкахь,
Говзал-кхетам боцчу
Хьаннийн варшашкахь.

Луш машен яцара
Вайн бахам тобан,
Юрт дага ца йогIура
Некъаш, хиш дахка.

Дахар ца тодора
ТIай, больниц йиллина,
Луш паргIато яцара
Цхьа бакъо йитина.

БIаьргаш вай биллича,
ГIоьмаш вайна тухуш,
БIаьргаш вай хьабдича,
«Хьуьнан экха» бохуш.

Нийсонца тIаьхьадевлча,
Сибарех вай лоьхкуш,
«Даха дитийша» аьлча,
Мерзачу сих дохуш.

Къехошкахь дацара латта
Дечган горга теккхал,
Царна ца хуьлура ялта
Шеренга бовллал.

Цаьргахь хало яра —
Шайн доьзалш биттал,
Уьш Iазапехь бара —
Iедал цергашца цесттал.

ХIетахь хьаькмаш бара
Можа погонаш лепош,
Дешин мидалш ловзайора,
Спиртан маларш муьйлуш.

Шайна синкъерам латто
Ахархойн цIий муьйлуш,
Кога кIел бахко
Чеха чIогIа беш.

Хилла ницкъ балхийча,
Маьхьарца стоьлах летара,
Гучур ца бевлча,
Шедаца пенах тебабора.

Хьацархой уьш хиларна,
Хьалхойх дIакъестабора,
Царна «мекхалой» бахарца
Уьш бухатеIабора.

Царех декхна цIубдар
Ши корта болуш дара,
Царех доккхахдерг —
Мехкан да вара.

Ахархой бацабеш,
Цо хьацар дуура,

ТIингар шен юзаеш,
Мохк алсамбохура.

Иштта зама ихира
Хийла шерашкахь вайн...
Октябрь тIекхечира,
Велира паргIат лай.

ХIинца го вайна
Вайн вешан пачхьалкх
Ша нисдеш тайна
Вешан шуьнан текх.

Гота алсам аха
Латта паргIат дитина,
Ялтийн хьекъар са́дакхха
Массо а машен хецна.

Яртийн бахам тобан
Iилма шуьйра даржий,
Халкъ цунах кхио
Говзанчаш бели.

Доцчу хиш дахкарца
ТIеш техки,
Могашалла Iалашъян
Больница йилли.

Доцчу некъаш дехкина,
Ярташ цIинъеш лаьтта,
Къинхьегамхойн бахар тодан
Кулакаш бухатоьтту.

Къинхьегамхоша ехки
Шайн лаамехь колхозаш,
Белхалошца тIелеци
Пхи шо деа шарахь дан кхочуш.

Социализме чехка кхаъча
Фабзаводаш йохку,
«Волховстрой», «Сельмашстрой»...
Вай социализме кхойкху.

Цу тIе вай кхачийнарг
Октябрь ду шуна,
Цундела вай лелориг
И даздар ду шуна.

Вайн чIагIо еца
Къийсам хьалхошца латто,
Ца деза вай дицдала
Церан букъ сатто.

Тахана уьйу байраккхаш —
Зударшца цхьаьна уьйу,
Царна ехкина гIоьмаш
Октябро лийIи.

Яржае шуьйра
Чилланан ЦIен Байракх
Барт цхьаъ вай бе —
Хьалхошна гIайракх!

ЛЕНИН

Дуьненчуьра дIакхелхи
Владимир Ильич Ленин,
Цуьнан гIуллакх-м ца дели
Халкъаца цIийца даькхина.

Кест-кеста дагаваийта,
И-м вайн корта барий,
Вовшех дага дийла,
И ца гIаьттинехь-м йиш яцарий.

Суна а гира Iуьллуш —
И-м вижна варий,
Лаамана вижча санна,
Цо-м мерза наб йора.

Кест-кеста дагаваийта, —
И-м вайн корта барий,—
Барт цхьаъ бан хьовса,
Жигар белхалой хилий.

И-м паргIат Iуьллурий,
Шена хууш санна
Весет кхочушдийр дуйла
Вайн накъосташа цхьаьна.

Кест-кеста дагаваийта, —
И-м вайн корта барий,—
Ярташкара дахар айба —
И-м цо баьхнарг дарий.

Тоьпаца хе лаьттарий и-м,
Мисканех дог лезна.

«ПаргIато!» — бехирий цо-м,
Мисканаш тIеоьзна.

Кест-кеста дагаванйта,—
И-м вайн корта барий,—
Бийцина некъ даггара лаца —
И-м нийса некъ барий!

Сих-сиха дагадаийта
Цо дукха кхиллинарг,
Дешар, хьекъал лаца —
Вайн хьуьнарш кхиор дерг.

Кест-кеста дагаваийта, —
И-м вайн корта барий,—
Массо а вовшехкхета,
Пролетарийш, цхьаъ хилий!

ОХАНА ПАРГІАТ ДЕР

Іай, бІаьстей ма-къаьстти,
БІаьстенна охур вай.
БІаьстенна гІа ма-лестти,
Кечамца арадевр вай.

Олхазарш ма дийки
Шайн хазчу эшаршца!
МостагІий вай лаьхки
Шайн зуламен зурманашца!
Аренаша бос ийци
Баьццарчу бацаца,
Полларчий арадевли
Шайн дарин духаршца.

Дехачу Іай кечамбира
БІаьстенан оханна.
БІаьстенан кечамо
Оханна ма кхойкху.

Чехконца арадевр вай,
Тракторна тІаьхьа гота тесна.
Тракторш хьийзор вай
МостагІийн лаамаза.

Луьра зама вай ехьира
Аха латта ва доцуш.
Хийла наха хало лайра,
Шайга нийсачушна хьесталуш,

Вайн латтанаш ма дара
Мехкадайша вайна духкуш.

Совдегарш ма бара
Цаьрца цхьаьний вай дууш.

Мотт алсам беттарна
Царна латтанаш кхачийра,
Вай паччахьана дохкарна
Царна погонаш ехкира.

Иштта хазачу церан денойн
Вай орамаш ма цисти.
Вешан дайн латтанаш
Вай ваьшна ма дерзий.

Уьш кийча бу вайна
Харц зурманаш ва лекха,
Царна лууш ду шуна
Вайн охана юкъахдита.

Царна гайта вай беза
Ваьш бина вайн кечам,
Царна гайта вай деза
Йохьедуьйлуш чехконца.

КОЛХОЗ

Довлал, жигар колхозхой,
Колхозаш вайн чIагIъеш,
Зурманчаш буьтур вай
КхидIа ла ца доьгIуш.
Ирсан майдана девр ду,
Белхаш юкъахь вай бича,
ТIаккха вай кхочур ду
Ваьш дукха лехначу.
МостагIаша дуьйцур ду,
Колхозаш вайна къахьъеш,
Царна вай жоп лур ду —
Колхозаш ваьш чIагIъеш.
Уьш хIинца луьра хьийза,
Бекхаман чов хаалуш,
Цара динахой шайна тIеуьйзу,
Вайга эхарт шаьш кхийдош.
Вайна цара хазош ду
БIе шерашкахь ладегIнарш.
Царна вай гойтуш ду
Социализмана ваьш къуьйсуш.
Царна букъ тIе ан хIутту,
Тракторш арахь вайн яйча,
Царна лерга потт хIутту,
Тракторш йола вайн елча.
Церан догIмашна лазам бу
Шу боцуш дина охана.
Шу боцу охана ду
ПаргIато луш болчашна.
Бартаца уьрда га хецча,
Кулакийн гIа дужу.
Бартаца барт вай бича,

Вай уьш куьйга кIел уьйзу.
Колхозо тIам хецча,
Кулакийн ха кагло.
Вай, царна юха ца девлча,
ТIаьххьара кIаг царна кечбо.

КОЛХОЗАН БРИГАДА

ХIей! Колхозан бригада,
Ахьа тIелаьцна,
ТIелаьцна каден
ХIайттархойн къинхьегам!
Айхьа цоьстуш, лиэIий
Кулакийн лехам!
Кечамбе, бригада,
БIаьстенан оханна!
ХIей! Тоха ка, ка тоххий,
БIаьсте тIейогIу!
Хила, бригада, хIайтъалий,
Охана тIедогIу!
Оханан планаш
Юьззина кхочушъеш,
Кхочушдан хьовсуш
БIаьстенан ялта дер.
Жигара, жигара хьийзаш,
ХIайттаралла стамъеш.
Турпала меже хьийеш,
Шайн бригада чIагIъеш,—
ХIей! — Тоха ка, ка тоххий,
БIаьсте тIейогIу!
Хила, бригада, хIайтъалий,
Охана тIедогIу!
Балхах хайр алссам,
Беш ваьшна тоам, .
И хилийта данм
Вайн юкъара бахам.
ХIей! Тоха ка, ка тоххий,
БIаьсте тIейогIу!
Хила, бригада, хIайтъалий,

Охана тIедогIу!
Нох-мекха тодеш,
ЖIов доггах етташ,
Тракторшна пхьоладеш,
ХIуьнан фондаш хIиттош,—
Жигара, жигара хьовза,
ХIайттаралла стамъеш!
Турпалан меже, ловза!
Бригадехь болх беш!
БIаьсте тIейогIу!
Хила, бригада, хIайтъалий,
ХIай! Тоха ка, ка тоххий,
Охана тIедогIу!
Къинхьегамехь само йийриш
Кхетар бу атта,
Ялта алсам мел хили,
Са́ярх тракторш.
Балха ара ца бийриш
Іаьржачу уьн тIе бохуш.
Соцнализмана къуьйсуш,
Вовшашца йохьедуьйлуш,—
ХIей! Тоха ка, ка тоххий,
БIаьсте тIейогIу!
Бригада, хила хIайтъалий,
Охана тIедогIу!
БIаьстенан шуьйра ше
ХIайттараллица чIагIъеш,
Пхеашеран тIаьххьар шо
Деш дуьззина кхочуш,—
Жигара, жигара хьовза,
ХIайттаралла стамъеш!
Турпалан меже, ловза!
Бригадехь болх беш!
ХIей! Тоха ка, ка тоххий,
БIаьсте тIейогIу!
Бригада, хила хIайтъалий,
Охана тIедогIу!
Машен, хьелий Іалашдан
Докъар алсам хилийта,
Вайн бахам айбан
Ялтин хьекъар са́дан —
Жигара, жигара хьовза,

ХIайттаралла йоьхуш!
Турпалан меже, ловза!
Бригадехь болх беш!
ХIей! Тоха ка, ка тоххий,
БIаьсте тIейогIу!
Хила бригада хIайтъалий,
Охана тIедогIу!

КУЛАК

Кулак!
Мисканиг, гIийланиг хьох уьйш вацар,
Уьш хIинца самабевлла!
Кулак!
Тоьлларг, сий дерг тохар хьо вара,
Хьо воьхна ваьлла!
Мохк а, хьун ерг а хьан яций,
Къөхойн зIе такхийна яьлла.
ЙоI ерг а, жеро ерг а ахьа яций,
Уьш хIинца лоллех бевлла.
Дагах чов хилла экха санна,
Хьо тхуна хьалха Iуьллу.
Хилла тхан керах чов хьан чоьнна,
Цунах хьуна ун даьлла.
Хьо Iеш-м вац хьуо вожийначохь,
Хьуна хаьа кхин дIа мулк йоцийла.
Хьо вуьжуш-м вац хьайн чевнех,
Ца хаа гIерташ хила дарба доцийла.
Хьо ца хаза гIерта,
Тхан луьра цIогIанаш!
Хьо бекхамна гIуьтту,
Хьайн харцо хазъян гIерташ,
Ма вийла хьо ара,
Тхайна хIотточу колхозан беша!
Ма етта ахьа харц чара
Колхозан генаш тIе!
Дийнахь а, буса а наб йоцуш,
Яхана зама дагалоьцуш,
Хьо вац,
Харцонца иза буьйцуш?
Ахьа ца боху

Колхозан юргIа ккузткъа аьрша?..
Ахьа ца дуьйцу ахьа ца боху
Колхозан гIайба шийтта аьрша?..
ДIавала! ДIавала тхан бешара,
ДIавала хьайн меттанашца!
Ма вийла, ма вийла тхан ара,
ДIавала—хьайн эладитнашца!

ЛАМ

Хил дехьа хьаннашкахь
Олхазарш дека,
Цу ламанан хотешкахь
Аккхарой угIу.
Хьаннел дехьа лаьмнашкахь
И аккхарой тийжа,
Цу ламанан бердашкахь
Майра леча цIийза.
Ламано шен кийрахь
И хазнаш Iуьйшу,
Ша буьзна хазнех,
Стигалан Iаьрчашка хьоьжу.
Сийнан, кIайн вертанаш
Хуьйцуш, лам беха,
Говзаллех ша кхоьруш,
Гонахара ха доьху.
Лурбоьлла хIоьттш лам
Шена гонахарчу уьйрашца,
Говзанча, карахь лом
Ловзош, дуьхьал хIоттарца.
Гонахарчу шийлачу шовданаша
ТIепаза дан тIелеци,
Цу юькъачу хьаннаша
Аккхарой лехка магий.
Сийначу стигланаша
Мархашка кхайкхар тодин.
Юькъачу мархаша
ДогIа делхор чIагIдин.
КIоргачу Iаннаша
Дохк кхаба дош дели.
Юькъачу хотеша,

Лаьхьий цIийзор шаьш, эли.
Массо а агIор гIо
Лекхачу ламанна до,
Амма керлачу говзалло
Собар ца до.
Керла говзалла
Цу кхерамех ца кхоьру,
Вайн говза говзалла
Цунах тасаяла ю тIера!

ГIОВТТА! КЕЧЛО! ТОХАЛО!

Хиш, шовданаш бухдуьйлучу
ТIулгийн, чхьарийн басошкахь,
Дуьненан Iилма доццчу
Цу ламанан Iаннашкахь,
Латийна чиркх боццчу
Цу хьуьнан хотешкахь,
Серло, кхетам боццчу
Цу хьаннийн варшашкахь
Вай кхнийна паччахьан зама
ЦIечу байраккхо лийIи.
ГIовтта! Кечло! Тохало!
Йохье дийла
Пхеашеран планна!
Иштта кхочуш кхочур ду вай
Дагна хьомечу социализме!
БIаьргаш диллина хIиттича,
Болатан буржалш детташ,
БIаьргаш хьабдина гайтича,
«Хьуьнан акхарой» бохуш,
Нийсонна тIаьхьадевлча,
Генна сибрех лоьхкуш,
Даха дитийша, аьлча,
Горгачу кортойх дохуш
Хилла паччахьан Iедал
ЦIечу байраккхо лийIи.
ГIовтта! Кечло! Тохало!
Йохье дийла
Пхеашеран планна!
Иштта кхочуш кхочур ду вай
Дагна хьомечу социализме!

Можа погонаш лепаеш,
Дашо мидалш ловзош,
Спиртан маларш муьйлуш,
Шайна синкъерам латтош,
Маьхьарца стоьлах леташ,
Шедаца пенах тебош,
Хьацархо хьалхойх къестош,
«Мекхало» вара и-м, бохуш,
Хиллачу хьаькамийн заманах
ЦIечу байракхо кIур бин!
ГIовтта! Кечло! Тохало!
Йохье дийла
Пхеашеран планна!
Иштта кхочуш кхочур ду вай
Дагна хьомечу социализме!

Хьацарш, мехкаш духкуш,
Шайн тIингарш юзаеш,
Мисканийн чархаш лоьIуш,
Бай, жерой неIар тIе хьийзош,
Дин, эхарт царна хаздеш,
Мехкарий алсам шайна кхуьйлуш,
Къайлах а, гуш а дуьне дууш
Леллачу нехан заманах
ЦIечу байракхо чан йиш!
ГIовтта! Кечло! Тохало!
Йохье дийла
Пхеашеран планна!
Иштта кхочуш кхочур ду вай
Дагна хьомечу социализме!

БОЛАТАН ГІО*

Юьйлуш вовшашца йохье,
Ши колхоз яьлла къийсаме.
ХІей! ХІей! Самукъане!
ХІей! ГІорта чІогІа, каде!
Вай — белхан хІайттархой!

Ши колхоз яьлла къийсаме,
Кхиерш ийзайо тІаьххье.
ХІей! ХІей! Самукъане!
ХІей! ГІорта чІогІа, каде!
Вай — белхан хІайттархой!

Большевикийн бІаьсте
Кулакашна тІом бу.
ХІей! ХІей! Самукъане!
ХІей! ГІорта чІогІа, каде!
Вай — белхан хІайттархой!

Тхан колхозо трактористка
Договораш ша дина.
ХІей! ХІей! Самукъане!
ХІей! ГІорта чІогІа, каде!
Вай — белхан хІайттархой!

Договораш ша дина,
Балха йовлу хан кхаьчна.
ХІей! ХІей! Самукъане!
ХІей! ГІорта чІогІа, каде!
Вай — белхан хІайттархой!

---

* Стихотворени С. Бадуевс гочйина ю. И язйинарг Н. Владимирский ву.

Вайна — машен накъост ю,
Колхозан белхан кхачо йо.
ХIей! ХIей! Самукъане!
ХIей! ГIорта чIогIа, каде!
Вай — белхан хIайттархой!

Ялта дика вайн хир ду,
Кан боккха латор бу.
ХIей! ХIей! Самукъане!
ХIей! ГIорта чIогIа, каде!
Вай — белхан хIайттархой!

ГIоде пхеашеран планна,
Ницкъ аша гайта колхозан.
ХIей! ХIей! Самукъане!
ХIей! ГIорта чIогIа, каде!
Вай — белхан хIайттархой!

ІАЬРЖА ДЕШИ

Іаьнна хьалхара и гуьйре
ТІееана можа,
И дато сирла бутт
Дуга хилла кхозу.
Іаьржачу охан тІехь
ХьаьжкІийн хІу санна,
Стиглахь лепаш го
Седарчий буьйсанна.
Іуьйренца бацалахь
Бецан тхи санна,
МехкадаьттантІехь
Лампанаш го вайна.
Цу лекхчу басешкахь
И пепнаш санна,
Шаьш онда, тайна,
Лаьтта и вышканаш,
Ламанех схьадуьйлу
Бух боцу хиш санна,
Лаьттах схьакастадо
Мехкадаьтта вайна.
ТІамна кечделла
И эскар санна,
И вышканаш лаьтта
Цхьа нисъелла, тайна.
И хІора вышка
Эскархо ву вайна,
Уьш хехь лаьтта
Пхеашеран планна,
Цу хІор вышканца
Белхало ву тайна,
Царна хаьа хІоранна а,

Болх бойла шайна.
Цара вовшахтоьхна
Бригадаш балхана,
Уьш хIайттаралле бевлла
Керлачу бахамна.
Цу мохо лестон
Н пепнаш санна,
Лесташ ю, дур деш,
Вышканаш хаддаза,
Iаьржачу лаьттера
Iаьржа деши дохуш.
Мел каде хьийза
Турпала и куьйгаш,
Йохье дуьйлуш вовшашца,
Гонна береш санна,
Мел хаза хьийза
Оьрсийн, нохчийн куьйгаш
Цхьаьна болчу бартаца
Планна хIор денна!
ДегIан хьал хаа
Вай даге хьовсу,
Деган хьал хаа
Дешан пхене ладугIу.
Вайн бахам хаа
Вай ницкъе хьовсу,
Вайн ницкъ сабан
Мехкадаьттане ладугIу!
И Iаьржа мехкадаьтта
Вайн деган пха беца,
И Iаьржа деши
Лаьттера доккху.
Вайн бахаман бера
Цо хьийзош беца,
Вайн керла бахам
Цо лакхабоккху.
Электростанци,
И хIордан кема,
И цIерпошт а,
И хIаваан кема,
Фабрикаш, заводаш,
Машенаш дийна —
Ду вайна латтош

Мехкадаьтта-хIорд денна.
Вышканаш ца леста
Мехаца тайна,
Уьш лестайо вайн
Машенаша — борзанан.
Цу хазчу олхазарийн
Дуткъа декар хаза ду,
Цу лекхчу вышканийн
И дайн дур хаза ду;
Олхазарийн хаза аз
Хьаннашкахь дахло,
Вышканийн хаза дур
РаьгIнашкахь гулло.
Пондаран и дайн аз
Лергашна хаза ду,
Вышканийн хаза аз
Дайчу дурца деца,
И деха дуткъа аз
Синкъерам луш ду,
Дендинарг и хаза аз
Машенаш еца.
Цу хьеран буткъа бера
Мел чехка хьийза,
И борзанан машенаш
Хаддаза хьийза.
Машенийн доладеш
Белхалой беца,
Турпала и куьйгаш
ХIайттараллица деца.
И борзанан буро
Цу лаьттах дуьйгIуш,
И Iаьржа латта
Шаьш дуткъа хедош,
И борзанан биргIанаш
Цу лаьтте лоьхкуш,
Хилла и прорыв
Шаьш юьстахйоккхуш,
И буто бурош,
И болатан биргIанаш
Шаьш чехка лоьхкуш,
И Iаьржа мехкадаьтта
Шаьш шалхадоккхуш,

И Іаьржа деши
Шаьш чехка доккхуш,
Мел чехка хьийза
И каде белхалой,
Мел хаза хьийза
Турпал и белхалой!

ІУЬЙРЕ

Сахуьлу седарчий
ДІаидда девлла,
Нур догу дашо малх
Ша гучубаьлла.
Дарех лепа
Хаза зезаг санна,
Мел хаза лепа
Хьо, хІай дашо Іуьйре!
Цу хазчу олхазарша
Цу хазчу эшаршца
Маршалла хоьтту
Кху хазчу Іуьйренга.
ХІай, самадовлийша
Шу, нийса колхозхой!
Маршалла хаттийша
Кху хазчу Іуьйренга!

ОЛХАЗАР ДЕКА

Цу доккхачу дитта кIел,
Цу бархатан баца тIехь
Со Iуьллура агIорваьлла,
Лестара гIаш цу дитта тIехь.
Цхьа олхазар деара
Цу хазчу дитта тIе,
И олхазар хиира
ГIаш юккъе, га тIе.
И олхазар дийкира
БIаьстенан эшаршца,
Детин стигал къегира,
И товра олхазарца.
Малх а гучубелира,
Иза олхазарца товра.
ТIаккха суна гира:
Диттан Iиндагl хIоьттира,
Олхазар декара
Шен хазчу эшарца,
Малх цунна боьлура
Шен дашо зIаьнаршца.
КIайн марха йолаелира
Цу диттан тIехула,
Халкъан бажа арабелира,
Иза Iоьхуш боьдура.
Хаза детин Iуьйре
ХIоьттина елира.
Колхозхой Iуьйрре
ГIевттина хьаьвзира,
Шайн белхаш каде
Уьш бан буьйлира.
Олхазарш дара

МаьI-маьIIехь декаш,
Даймаи дара
Iуьйренца кхойкхуш,
Шаьш хаза декаш,
Цу хазчу эшаршца
Юткъачу шакаршца
Шайн меттнаш лиэдаш.

ЦХЬА ЧIАРА БУ, БОХУ...

Цхьа чIара бу, боху,
Хи доцуш бисина,
Шена хи ва хилча
Болалур ша, бохуш.
Цхьа сара бу, боху,
ГIа доцуш бисина,
Шена гIа ва хилча
Лестар ша, ва бохуш.
Цхьа олхазар ду, боху,
ТIам боцуш дисина,
Шена тIам ва хилча
ТIемадер ша, бохуш.
Вай, кIентий, ма хилла
Зама йоцуш дисина,
Ваьшна зама ва хилча
Дуьйлалур ваьш, бохуш.

ЧЕХА МА ЕЙША

(Тоххара хьалха йитина еанчу зудчо лекхна йиш)

Догдиллина йогIу,
Ойла йоьхна йогIу,
Берахь вевзинчу
Цу нана яларо
Йитина йогIу,
Эккхийна йогIу.
Чеха ма ейша,
Къа хир ду шуна!
Цу нана яларо,
Цу берахь вевзинчо,
ДIакхоьссина йогIу,
Вашац аьлла, йогIу,
Цу нана яларо
Езац аьлла, йогIу.
Чеха ма ейша,
Къа хир ду шуна!
Къа хуьлда хьуна,
Нана яларг,
Къа хуьлда хьуна,
Ненан валарг.
Мел гIийла ханй ахьа,
Вовзале валарг,
Хеназа ханй ахьа,
Вайн веччун ма хиларг.

ЯХИЙТА, ДАДА...

(Хьалха заманчохь, везачу кIанте ца яхийтича, йоIа лекхна йиш)

Яхийта, дада,
Везачу кIанте,
Яхийтахьа, дада,
Хьаштдолчу кIанте.
Дахалур дара
ГIамаран тIулга тIехь а,
Тхо дехар дара
Iаьржачу лаьтта тIехь а,
Лалур яра, дада,
Аша юьйцу къоьлла,
Лалур яра, дада,
Везачу кIантаца.

ЙИТАХЬА СО

Йитахьа со,
Сан дика дада,
Хьийза ма ехьа со,
Сан хаза дада.
ХІара дуьне дитар
Мел хала дуьйцу,
И санна, хала ду
Веза кІант вита.
Йитахьа со,
Сан жима ваша,
Хьийза ма ехьа со,
Сан хаза ваша.
Наний, бер къастар
Мел хала дуьйцу,—
И санна, хала ду
Тхойшинна къаста.

Йитахьа со,
Сан дика нана,
Хьийза ма ехьа со,
Сан хаза нана.
Дог лоцуш кхетта даш
Мел хала дуьйцу,—
Иштта чевнаш ю
Тхойшинна хуьлуш.

Аша бохург дича,
КІантаха йолу со.
Даго бохург дича,
Шоьха йолу со...

ХIинца хIун де аса,
Езар яларг?
Хьох дагайолуш ю,
Соьца вахарг.

БОРХІАЛГІА МАРТ

ХІей зуда-ламанхо!
Дийций аса хьуна
ЦІечу Байракхо айинчу балеха?
Зуда-ламанхо!
Дийций аса хьуна
Хьан дог Іийжийначу гІайгІанах?
Дийций, и гІайгІа мичахь, хьан йинера?
Дийций, и гІайгІа мичахь, хьан денйинера?
Иза нохчийн боданен Іадат ду!
Иза хьоладайн, динахойн берий бу!
Іадат-бода! Бода-Іадат!
Іадато —
Хьо кІезиг, хьо емал йинера!
Иза даима хьо елхош дара!
Иза хьуна тухуш, хьо ягош дара!
Дерриге а сий хьан хьулдина латтадора!
Іадат —
Левси яра, хьуна гІоьмаш кечйина!
ХІей зуда-ламанхо!
Базар, базар кхуьллуш,
Хьох тай-маха йинарг Іадат дацара?
Иза хиъний хьуна?
Дийнахь а, буса а
Лекхчу лаьмнаш тІехьа Іадато ца елхайора?
Иза дагадогІий хьуна?..
Меллаша керчаш, шераш оьхура,
Дала орца доцуш, хьо гІийла тийжара.
Кхоч-кхочуш, 17-гІа шо кхечира,
Вайна тІера паччахь дІакарчийра.
Майралла угІу лоьмаш хилла,

Луьрчу чIагIонца ЦIен Эскар
Белхалошна юкъара гIаьттира,
Ленин тхьамда шен хилла.
Чехка туху къора санна,
Йоккхачу Россехь даш гIаьттира,
И тийча гучуболу малх санна,
ПаргIатонан байракх гучуелира.
ТIаккха шо-шаре а дийла делира,
Иэшамаш лахбелла боьлхура,
Совет кхиэле а хийша елира,
СССР кога тIе хIоьттира.
Цу сийдолчу паргIатонах
Лелира-кх хьан когахара гIоьмаш.
Цул тIаьхьа ю-кх хьо социализман бахамехь.
Чилланан ЦIен Байракх ларъеш.
Хьан йиша ю суьдахо,
Важа ю Советехь.
Доьшуш ю хьан лулахо.
Важа ю женотделехь.
Уьш дуккханхьа а бу.
Уьш бу колхозан майданахь,
Вай чIогIа ду
Социализман къийсамехь.
Цундела ю-кх ЦIен Байракх тахана,
Стиглахь дека олхазар санна,
Массо а маьI-маьIIехь екаш.
Цундела ду-кх цу тIехь яздина
Беттасехь лепа ло санна,
КIайчу чилланан элпаш лепаш:
— Зуда лоллех хьалхаели, —
Декъала хуьлда хьо, БорхIалгIа март!
Зуда-ламанхо хIайттаралле ели, —
Декъала хуьлда хьо, социализман барт!
ЛадогIа! ЛадогIа, накъост! —
ЛадогIа, зуда-ламанхо!
И вайн байракх йоккхуш
Цхьаъ-шиъ велла ца Iа.
Цу байракх кIелахь, цIогIа детташ,
Хаддаза сайн назма алаза со ца Iа:
Хьо ядий йола школе деша!
Хьо чехка хьовза колхозан бригаде!
Хьо яла мостагIашца къийсаме,

Тосуш дIа Iадат кхоьллина долу динан хьоста!
ХIей зуда-ламанхо!
Вайн колхозан майданахь
Луьра къийсам бу!
Вайн магIар боцу нах
Вайца къуьссуш бу!—
Вай чIогIа чIагIлур
Вешан хьоме байракхца!
Вай каде хIоттор
Социализман юкъаралла!
Луш жоп кулакана, —
ЖIов тухий, кагдеш боданен Iадат!
Луш жоп оппортунистана, —
Караоьцуш массара а абат!
ЛадогIа, ладогIа, зуда-ламанхо!
Шуьйра дазде БорхIалгIа март!
ХIуттуш ЦIечу Байракх кIел
Хьайн накъосташна улло,
Тосуш чехконца боданен кхиэл,
Озае хьайн йиша хьайна улло!

САЙХАНОВ ІАЛАУДДИН БЕЗАМНА

ХІордан тулгІе цІеххьана гІоттуш яц,
Иза гулло генна арахь.
Цуьнан кийрахь осалалла яц.
Иза йолало майралла марахь.
И хІордан тулгІе паргІатоне хьоду,
Шен Іаьвжина дог, са паргІатдаккха.
И хІордан тулгІе буьрса хьоду,
Дуьхьалъяьлла хІуъа а вовшахъяккха.
Мархаш хьалхарх, иза озалуш яц.
И андлуш хьоду гуттаренна а,
Мархан догІа цунна хьалха дац
Лоьмана хьалха зингат санна а.

Революцин тулгІе дуьненчохь хьаьдда,
И саца амал дац коммунизмеллац.
ТІаккха и соцур ю, тІехь заза даьттІа,
И бахам лаьттар бу абаделлац.
ХІоттабо и бахам
Турпалан куьйгашца,
Уьш ду къинхьегамхойн бартаца —
Бу иза тхан лехам,
Пролетарийн ондаллица
Тхо ду ленинизман некъаца.
Тхан пхенашкахь кхехка
ХІайттархойн онда цІий,
МостагІчунна доза оха доьхку,
Дац цуьнан тхуна юккъехь сий.

И некъ эцна доьлхуш
Хьуна, мостагІ, тхо го.
Цу некъа тІехь дІовш туьйсуш

Тхуна, мостагI, хьо го.
Билггал бакъду: хьуна го.
Го — пролетарийн революцин къинхьегамхой,
Го — пролетарийн революцин эскархой,
Го — пролетарийн революцин ленинхой.
БIеннашца, эзарнашца, миллионашца,
Хьалха бевлла, хала дукъ шаьш хьош,
Минотаца, сахьтаца, деношца
Шаьш хьочу некъах тешаш,
Хьалха турпалан ше туьйсуш,
Болх шерашка боькъуш,
Го хьуна хьалха тхо оьхуш,
Го, то хьуна онда тхо оьхуш.
Шеко йоцуш ду —
Цига кхочург хилар.
Билггал бакъду —
Цига кхочуш хилар.
Iаьржачу лаьтто а
Тхуна ялтийн илли боху,
Аьчго-болато а
Тхуна машенийн илли боху.
Шийла латта а,
Тхуна буто кIора туьйсуш, лелха,
КIорга латта,
Тхуна Iаьржа деши луш, кхехка.

Амма
ЦIехкьана
ХIинца а дели ямарт герз,
ХIинца а кхоьсси мостагIчо герз!
ЦIеххьана сирла де кхоло дагахь
И ямарт герз дели —
Иза дели вайн мостагIчун карахь,
Цо вожийнарг Iалаудди хили...
Хууш хуьлда хьо, мостагI,
Цо шун бандиташца болийна къийсам
Оха чекхбоккхург хилар!
Хууш хуьлда хьо, мостагI,
Оха классан само — къийсам
Оха кхин а чIагIбийриг хилар!
ХIай, жолум яI-кх, мостагI,

Ша ямарт хIоьо вагаварх,
Иза ларвели хьан дог кхардорах!
Эхь дацара, и хьуна хьаставелча?
Иза большевик вара — и хьасталур вацара.
Вац! Хила йиш а яц
Большевик стешха!
Вац! Хила амал а дац
Большевик эшна!

Бакъ ма ду, хIай ленинхо — Iалаудди,
Хьо, хIай къена цуьнан нана,
Шу, хIай йижарий, хьо, хIай зуда,
Iалаудди веро дог чIогIа Iовжор,
И вер дагна сов чIогIа Iаткъар.
ТIаккха а бакъ ма ду, хIай ленинхо —
Iалаудди,
Хьо, хIай къена цуьнан нана,
Шу, хIай йижарий, хьо, хIай зуда,
Iалаудди вер цкъа а дицлург цахилар!
Цуьнан валар — доржаца, сийца хилар!
Билггал бакъду
Iалауддин сий оха абаделлац дийриг хилар!
Iаьржа латтанаш ялтина
Оха кхин а шалха этIор ду,
Iаьржачу лаьттера Iаьржа деши
Оха кхин а шалха доккхур ду!
Iаьржачу лаьттера эчиг, кIора
Оха кхин а шалха боккхур бу!
Ахьа, тхан мостагI,
Хьайн чера оьху лаьхьий —
Хьан дог дуйла тхуна хаьий,
Бакъ ма ду, хIай мостагI!
Хьан карара валаран кад
Хьан карара бужург цахилар,
Бакъ ма ду и кад
Хьан бете кхача баллар,
Цу кедах къурд
Хьо база вериг цахилар!

Юха а бакъ ма ду, хIай мостагI,
Iалауддис шун бандиташца болийна къийсам

Оха чекхбоккхург хилар!
ТIаккха а бакъ ма ду, хIай мостагIй,
Классан само — къийсам
Кхин а чIагI оха бийриг хилар!

ВИЦЛУР ВАЦ

Смольнехь
ДIаьвшен герз делира,
И герз делира
МостагIчун буйнахь.
И буй бу,
Бахкабала герга,
И буй бу
ХIаллакьхила герга.
Цунах вуьйжира
Сийлахь накъост
Детта цIий бапахь.
Бу Зиновьевгlар
Данма ямарт,
Боллуш лаьхьа
Шайн чехь.
Багийра цо
И мерза кийра —
Тхьамда Кировн.
Хилира цунах
Валар Кировн...
Багор бу
МостагIчун кийра,
Дуьненахь йолаелла
ЦIен марха
Массанхьа а
ЦIен Байракх егIа,
Дуьхьал бода
Къийсаме баьлла
Дагахь кхолха
Бакъонна дуьхьал
Харцонца цIийза...

Амма хир дац!
Хир дац, хир дац
МостагIашна моьттург!
Лам Эльбрус бешар бац,
Стага Iаь еттарх.
Кхетаза йиш яц
Цу дIаьвшечу
МостагIчунна,
Иза вожаза йиш яц, —
ХIай, хIай!
ХIай, хIай! —
Халкъо эриг.
ХIай, хIай!
ХIай, хIай! —
Дегнашна хеттарг.
ЦIеххьана иккхира,
Молха санна,
Шийла кхаъ
Халкъана.
Iовжийра цо,
Дошо санна,
Дегнаш вайн --
Халкъан.

Берриге а дера
И лазам
Адамийн кийра
Сов сиха хьаьвзира —
Бан мостагIашна
Луьра бекхам
Вай — большевикаша —
Кхиамца сацийра...
Ека юьйлаелира
И йоьзан зурманаш
Шина озанца.
Уьш йийкира
Лазамца, майраллица.
ЦIечу байракхаша
Iаьржа духар
Чилланца дуьйхира,
И даккхий урамаш
Халкъо, ара даьлла,
Цуьнан сийнна дуьзира.

Сов шера хууш ду,
Чуьрко тIам тохарх
Стигал етIар йоцийла —
Иштта хууш ду,
МостагI тIелатарх
Вай оьшур доцийла!
Кхетаза йиш яц
Цу дIаьвшечу
МостагIчунна,
Иза вожаза йиш яц.
ХIай, хIай!
ХIай, хIай! —
Халкъо эриг.
ХIай, хIай!
ХIай, хIай! —
Дегнашна хеттарг.
Цу мерзачу
Вайн тхьамдане
ТIаьххьара и мерза
Маршалла луш,
Дикачу накъостах,
Цу хьоме тхьамданах
Халахетарца вовшашка
Шаьш кадам беш,
Къинхьегаман
Вайн халкъ
Халахетта дIахIоьттира,
МостагIчунна
Вайн халкъо
Дуьхьал хила сацийра.
Халахета,
Киров,
Хьо воцуш дийна,
МогIарехь!
Сов чIогIа
Дагца халахета
Воцуш дийна
Тхайна юххехь!
Бицбала йиш яц
Дашо малх
Дуьненахь цкъа а,
Вицлур хьо вац,

Киров,
Дуьненахь цкъа а!
ХIсрд бовр бац,
Сов дукха мийларх, —
Революци йовр яц,
МостагI тIелетарх.
Кхетаза йиш яц
Цу дIаьвшечу
МостагIчунна,
Иза вожаза йиш яц.
ХIай, хIай!
ХIай, хIай! —
Халкъо эриг.
ХIай, хIай!
ХIай, хIай! —
Дегнашна хеттарг.

КЪАЬХЬА КХАЪ

Массарна а санна,
Хьо вац, аьлла хезна.
Дошан хІоъ санна,
Шийла кхаъ сох кхийти.
Массара а санна,
Хьо вац, аьлла хезна,
Хьо валар — къаьхьа кад
Ца ваьлла аса мелш.
Хьан валар бакъхетта
Даго тІе ца лоцар,
Хьан метта суо кхетта
Аса вара волуьйтур:
Хьо оьшура халкъана,
Вицлур вац хьо тхуна.
Ламанан халкъ
тІаьхьахІоттош,
Нийса некъ айхьа гайтина,
Лом санна, чууьдуш,
МостагІех ахьа цІанйинначу,
Сов къена лаьттинчу,
Ленинца ахьа къонйинначу
Кавказан лаьмнашна
Къаьхьа кхаъ хезна.
И Іаьржа дуьйхина,
И кадам вовшашка бан
Арадаьлла ламанан халкъ,
ЧІагІоеш виц ца ван.
Беш партига хьох кадам,
Беш доьзалшка хьох кадам,
И кадам оха тхайга а бо,
Хьо хиларна тхан шозлагІа дэ.

Ленинца ахьа кхехьна некъ
Коммунизме кхачор бу,
Коммунизм хьекъна
Партин куьйгаллица хIуттур ю.
Шен дегI дагош,
Стагана серло луш
Богу чиркх санна, —
Хьайн могашалла ца кхоош,
Хьайн цIий датош,
Ахь ирс лехира тхуна.
Дац лийр
Ахьа дина гIуллакх,
Малх санна, иза
Гуш хир а ду.
Хьан хаза цIе йовр яц,
Тхан дегнашна иза
Язйина ю.
Сов дера мох хьаькхча,
Бухбаькхина стом санна,
Цу дIаьвшен цамгаро
Хьо вожий тахна;
Хьан валаро дог Iовжийна,
Хьан валаро бIаьрг кхолийна,
Халахетта дIахIитти
Ломан хьан деган доттагIий!

ХЬАННА?..

(Кху «Хьанна?»... бохучу назман тІехь назманчо М. Голодныйс бохуш дерг хьалхойн пачхьалкхашкарчу белхалошка ду)

Тапъаьлла лаьтта дуьненчохь. Тапъаьлла...
Къан, къеж ца ло тийна стигланаш.
Хьалхалерра беъка лазам—бохамех,
Тохарлерра шийла къегар — седарчех.

Шергаш хьакхае, кІора боккхург,
Ахьа хьайна кечдо Іаьржа лахьта!
Хьан эло кІора цІерана кечбо! —
Хьуна бохамна цІе лато!

ХІай шахьарш хІиттон хьацаран белхало!
Хьанна кечйина ахьа и болатан неІарш?
Хьо стенна вийкир, вилхир, вехир,
Хьанна кечйина ахьа и гІаланаш?

Кхетамаза рикша *, тоха хьайна шед,
ГІо дайта Ингалсе мийра беттарца,
ХІотта а мега буьрса де, хьан де хорцуш!
Кхета а мега хьо-м, бІаьргаш боьллуш!

Оха дегнаш тІемашца ойур ду,
Хир дац уьш эшо кхачо ялла дош.
Оха куьйгаш туьйсур ду цІеран шакаршца,
Заманан болам цхьана замано сацор бу...

Тапъаьлла лаьтта дуьненчохь. Тапъаьлла...
Къан, къеж ца ло тийна стигланаш.
Хьалхалерра бекъа лазам—бохамех,
Тохарлерра шийла къегар—седарчех.

---

* Рикша — Инди пачхьалкхехь а, кхечухьа а говран метта гІудалкхана воьжна лелон лай ву.

БАХАМ ЦХЬАННА А ЛУР БАЦ

Тхешан керла бахам
Оха цхьанна а лур бац,
Тхешан сирла бахам
Оха дIахоьцур бац.
Тхуна даха лаьа
Тхаьш даха дитахь,
Тхешан бахам лаьа
Хила тхайн буйнахь.
Нехан латта а
Тхуна ца оьшу,
Амма гIовттахь тIамна,
Оха чIогIа тухур ю,
Амма кховдабахь тIом,
Тхо бертахь хир ду.
Берриге а пролетарийш —
Тхо цхьаьна хир ду, —
Жима а, воккха а
Тхо леташ хир ду.

ТУХУР Ю

Нагахь латаза
Вай ца довлахь,
ТІаме довла
Вайга алахь,
Вайн беша тІе
Уьш кховдахь,
Маьрша даха
Цара ца дитахь,—
Дой кІегар
Вай хийшош,
Іалашо ва лоьцуш,
Дой голашца
Ва къуьйлуш,
МостагІчунна чухоьхкуш,
Вайн бахам
Дагалоьцуш,
Цхьамзанаш ва Іуьттуш,
И тарраш ва къегош,
Ира уьш детташ,
Бомбанаш ва етташ,
Царна чу ваьш хоьхкуш,
Вай чІогІа тухур ю
Вешан мостагІчунна,
Вай гуттар а тоьлур ду
Вешан мостагІел!

КОСТА ХЕТАГУРОВГА

Тахана, 1-чу апрелехь, 30 шо ду хIирийн халкъан яздархо-поэт Коста Хетагуров велла. Иза сов воккха поэт вара — халкъан гIайгIа, бала балхош. Николай паччахьа халкъана бен ницкъ Iеткъаш, цунна дуьхьалхиларца иллеш-назманаш язъеш. И паччахь волчу заманчохь Костас язйинчу дукханнех цхьа назма ю хIинца вай лахахь ялориг.

НАНА

ГIорийначу кулла тIехь
Хебара олхазар.
Цу шелонан бурталахь
Йоллу Нар-юрт Iуьллу Iинчохь.
Юьртара жимчу цIа чохь
Сира кIур буьйлу го.
Тешам боцчу цIар тIехь
Кхехкаш жима яй бу.
Яйна гонах бераш теба,
Уьш цIар тIе теIа шелонна.
Уьш тIуьйлигашца хеба,
Цхьадерш го царех дерзина.
Берийн яххьаш ю сатуьйсуш,
Мацал кхерча тIе уьш ерзийна.
Оьхьу сингаттам церан бIаьргаша,
Ду хин тIадамех уьш къегина.
-- Дита белхар, кегийра бераш,
Шун сингаттам нанас ойур,
Сатоьхначунна совгIат деш,
Мерза кхоьш аса шуна лур.—
ГIийла цIе сийсаш йогу
Баьржина боьду сийна кIур.
Ненан къайлах бIаьран хи оьгу,
ГIийла оьху нана гор:
— Вайн везачо вай кхийсина,
Лахьто шун да дIавигна.
Шу пхи буо суна дисина.
Со кхуьуш — гIийла кхиъна.
ХIай сан майра, хьайн валарца
Хьо сол кхеташ хили!

Кечде лахьта, ялаза ялац,
Соьгахь кхин ницкъ ца биси...—
Ненан бIаьргех Iийдалун тIадамаш,
Уьдуш чехка, яй чу оьгу,
ГIийла йогу гIийла цIе, сийсаш,
Сийна кIур баьржина боьду.
Уггар жиманиг кху берех
Садиттина гIелвелира.
ДIатаьIна пешан сонах,
Чаьмза наб цунна озийра.
— Хьуна тIаьххье вукхарна а
Кхетар ю набарш, уьш буьйшур бу.
Набаро иэшаво гуттар а —
Мацалла-м муххале а.
-- Нана, со меца ву!.. Со меца ю!..
Схьаэцахь и яй цIар тIера.
— Собардейша, массо дузур ду.
Яй со-м дузо сов тIера...
Цул тIаьхьа набарш озийра,
Оьгу бIаьран хиш церан севцира.
Нана гIайгIа ян елира.
ТIуьлгаш царна тIе тесира.
Дийшина Iохкучу берийн когашка
Нана гIаддайна охьахиира,
Доьлхуш кхачалуш шен бIаьрхиш
Кхуьнга совца ца делира...
Яй чохь и хиллера кхехкош
ЖагIа — кегийра тIулгаш,
Берашна хиллера моьттуш —
Кхоьш ю яй чохь кхехкаш.

ГОРЬКИЙН БЕЗАМНА

ХIай сан да! Халахета хьо воцуш...
Дог Iовжий ахьа бIаьргаш хьаббаро.
Къаьхьа кад малий хьан валаро,
Халахета кхин вай гур доцуш,
Мел атта дара ахь некъ гойтуш,
Ахьа тхуна сацца за Iуналла деш!
Сакъералора съездехь хьоьца волуш,
Дог ловзара ирсан кад хьоьца молуш.
Сан деган безам! Iиллира со цомгуш,
Валар бен кхин дагахь доцуш,
Амма, хьан Лечанан назма йоьшуш,
Цунах дарба хилла, гIаьттира со, толуш,
Хьо хьаштвара тхуна, ялтина малх санна,
Хьо оьшура тхуна, бацана догIа санна.
Хьо везара тхуна, хIоранне а да санна,
Хьо хьаштвара, дегIана са санна.
Сан лере хезаш бу шийла кхаъ,
Горький лаьтто кийра озий, бохуш.
Сан дагна хилла дера даI,
Кхин вай вовшийн гур дац, бохуш.
Бакъдац верриге а и лаьтта виллар—
Цуьнан жовхIарийн хIу дуьнене даьржина.
Бакъдац Горький велла алар —
Цуьнан жовхIарийн чкъуьйриг бен лаьтта ца йиллина.

ПОЭМАШ

КЪАЙЛЕ

БІаьстенан юккъерачу баттахь,
Де дохделлачу ва хенахь,
Малх кхийтира, къегаш, лепаш,
Олхазарш гІевттира, ловзуш, декаш.

Лилула-сийначу цу арахула,
Нийсачу, шерачу цу новкъахула,
ВогІура цхьа бере расхачу динахь,
Вуткъа, лекха, хазачу аматехь,

ГІехь даьлла мекх горгачу юьхь тІехь,
КІарх-маьхьсица, чоийца, гІовталца,
Іаьржа кечдинчу шаьлтанца-доьхкарца,
Хьалатеттина тиллинчу Іаьржачу куйнаца,

Цу динан бохалла бертала вижна,
Кхесан цу дух тІе чІениг а йиллина,
Цхьанхьа дІатоьхна хьостам санна,
ИрхдогІаделлачу лергашна юккъехула

Иччархочо лоцу Іалашо санна,
Йоккхачу юьртана Іалашо лаьцна,
Цхьанхьа кхача дагахь сихвелла,
Чехка воьдучу кху кІантана

Шийла кхаъ хезнера везачу доттагІера
Луларчу юьртахь ирахь Іачу заманчохь,
Дукха хенахь тІехьийзина езачу йоІана
Мерза сакъераделла воллучу меттехь, —

Кхуьнан къена нана, цамгарна чІагІъелла,
Къилбехьа ерзийна, са далаза ю, аьлла.

Хезначу кхоана дог лаза шен даьлла,
Мерзачу езаре, юха гур, ва аьлла,—

Са далале кхачахьара ненан бІаьра хьажа,
Нехан луур далале коьрта тІе куьг дилла,
Бохучу дагахь чехка воьдуш вара
Ненан жима Абаш боккхачу новкъахула.

Хьалха хьаьжча, гора лекха ламанаш,
Генахь йоцуш хетара йоккха шахьар Іуьллуш,
Генна ирх яхана момсар а йолуш,
Наггахь ирхболуш кІур а гуш.

Иштта хаза гуш горга шахьар яра,
Сенделла лаьтташ кІайн дуьне дара,
Бацалахь хезара цаьпцалгаш екаш,
Стиглахь дара чІегІардигаш ловзуш.

Хьозий дара ченала детталуш,
ЦІандала санна, догІмаш дегадеш,
Сахьташ, чехка оьгуш, доьлхура,
Бай тІерачу берийн мохь а хезара.

ХІара иштта воьдучу заманчохь
Гена йоццуш Іуьллучу юьртахь,
Латта тІе тесначу кегийрчу цІеноша чохь,
Аьтту агІора гІеххьа жимчу цІа чохь,

Корехула чукхетта маьлхан зІаьнарш,
Абашан нана яра меттахь Іуьллуш,
Къилбехьа йиллина, ши ког нисбина,
ДегІан дохалла ши куьг дахдина.

Яла йижна Іуьллура къилбехьа,
ГІехьаьжча эр долуш са даьлла.
Шелдалаза дегІаца, боцчу басаца,
БІаьргаш хьабба-м ца туьгура, ойланца,

Наггахь болучу гІийлачу узарца,
Юкъ-юкъа доІучу мерзачу сица —
Мел чІогІа Іуьллура Абашан нана,
Некхо лаьцначу дІаьвшен цамгарна!

Кхунна оьшучуьнга хьажа стаг цахиларна,
Лулахо, йоккха стаг, юххе хиънера,
ГІийла цомгашчунна бІаьра а хьоьжуш,
Абаш цІа кхачаре чІогІа сатуьйсуш.

Коьрта тІе куьг диллина,
Нанас йина йиша хилла,
Дан доцчу гІоьнан чІогІа йиш йоьхна,
Массанхьа а ала долчу орца аьлла,

Еса деша молле кхайкхина,
Коьртерчу лазарна ва́н йиш яц, аьлла,
МутаІеламан неІартІе ша хІоьттина,
Дарц деша деза, аьлла жоп хезна,

Коьллех хьожа йогІуш, уьш цабахкарна,
Ца догІучу дагца юхайирзина,
Царна кховдо деши дацарна,
Дуьненна ша оьгІазъяхна,

ГІийлачух беш къинхетам бацарна
Дегабаам ша чІогІа бина,
ГІийлачу бІаьргех хиш оьхуш,
Ца вогІу молла, вогІу, бохуш,

Абашан нене дог а ца дуьллуьйтуш,
Коьрта тІе шийла хиш дохкуш,
Корах ара хІара хьоьжучу заманчохь,
Эккхийна валош санна, чехкачу динахь

Керта эккхаш гира Абаш воьхна,
Чехка воьссира дикчу цу динара,
Воссарца лулахойн керта юххе хьаьдда,
Мохь тоьхна, валийра лулахойн жимха.

ДІа-схьа изо цуьнга дин кховдийна,
Вехачу хІусаме ша чехка хьаьдира.
НеІ йиллина чуваьлча, къилбехьа йиллина,
Са даьлча санна, шен нана гира.

БІаьргашка Іаьржа бода хІоьттина,
Шортачу кийра шийла ша биллина,
Кийрара дилхан дог лаза шен даьлла,
Абаше мохь белира: «Баба! баба!» — аьлла.

Коьртара Іаьржа куй бІаьргаш тІе теттина,
Горгачу бІаьргех мела хи хьаьдда,
Шен ненан коьрте чехконца хиира,
Уллохь Іан лулахо мохь тоьхна йилхира:

«Нанас йинарг яла, жима Абаш, хьан,
Мел чІогІа вуьйхи хьо, хьайн баба гича!
Ю хьуна са далаза хьан къена баба,
Са далале хьажар кхуьнга хьуна тІехь ду хьуна»,—

Аьлла, сапаргІат Абашан даькхира,
Жимма саметтахь Абаш хилира,
Шен къеначу нанна барташ тийла вуьйлира,
Бертех дог Іаба ца тигна,
ЧІогІа мара йоьллина, велха тевжира.

Дуй хьуна дезаш хІума дуьненчохь, аьлла,
Кхачор ду ша хьуна, ша вина баба,
Аьлла Абаш вистхилча, нана серлаелира,
Сахьташ эга доьлча, шена гІоле хилла,

Шен кІанте гІийла бІаьрг хьежабеш,
Деган баркалла лулахочунна ала, бохуш,
Лулахо цІа хьажийра нанна гІоле хиларца,
Абаш а, баркалла аьлла, паргІат хилира.

Буьйсанна хан яьлча йистхуьлуш хилла,
Абаш, аьлла, куьг лаьцна,
Кху итт шарахь ца дийцинарг дуьйцур ша хьуна,
Дийца кхуьур яц моьттуш, кхера ша еллера,

Доккха садаькхина, соцунгІа хилла,
Къамел дан юьйлира Абашан нана.
Эзар ойла хийцаелла, ша инзарваьлла,
Масийтта тайпана бос хийцалуш, ша чехка воьхна,
Итт шарахь ца дийцинарг хІун хир дара, аьлла,
ЛадогІа хиира, хуур-кх, аьлла.

«Хьан да суна тІехьийзачу заманчохь,
Нахаца чІогІа цуьнан хилла яхь,
Ден, ненан бертаза со цуьнга еара,
Еанчу заманчохь хьолана къен ш вара.

Цхьабарт хилла, охьахиъна,
Каде хьийзаш, наб кIезга оха йора,
Холалла ца лоруш, болх чIогIа барна,
Дукха хан ялале даха хиира.

ТIевогIучу хьешана бан там болуш,
Юьртарчу байшна накъосталла деш,
ВогIу сагIа доьхург вузина вохуьйтуш,
Вайн дика лулахой кхачеха ца хадош,

Иштта хаза тхо дехаш долуш,
Идда девлира шеран беттанаш,
Дуьненчу велира хьо, жима Абаш,
Хьан дена хилира хьо чIогIа везаш.

Шортта шераш идда доьлхура,
Хьо чехка велира ворхI шерера,
ТIехь хаза хила веза, хьан дас элира,
КIади эца яха тоха со елира.

Баьхкинчу хьешашна
Дилхан кхача биллина,
КIади эца дагахь со хьаьвзина яхара
Юьртарчу совдегаран Жабин туькана.

Жаби вара хьолана вукъавелла,
Цхьа ваша вара юьртан да хилла,
Воккхахверг вара юьртара къеда,
Жимахверг вара эпсаран чин делла.

Иштта ирсаца бехаш уьш бара,
Нехан къоьллица кIезиг гIуллакх догIуш,
Цу дийнахь яра базар хIуттуш,
И майда яра Жабина хьалха хуьлуш.

Яхна чуяьлча цу Жабин туькана,
Адамаш дукха хилла, юхаяьлла сецира,
Жаби вара ца ларош дустуш,
Мисканаш бара чехконца оьцуш.

Еана чуелира пурстоьпан зуда,
Маршалла хаьттина Жаби хьийзара,

Чоь юьззина лаьтта мисканаш битина,
Оьшург хаьттина, кIади хьалха диллира.

Дечган аьрша охьатесна, аьчганиг схьаэцна:
— Хьанна хIун еза шуна? — аьлла, Жаби
дIахIоьттира.
ГIовгIанаш елира мисканашна юкъара,
Цхьа адам дистхилира: «ХIай, Жаби, — аьлла,—

Дустахьа ахьа тхуна и аьчган аьрша,
Хир бар-кха синтем мискачу нахана».
Карахь лело хала ду шена и аьчган аьрша,
Пхьаьрсаш лазадевлла шен шу дукха хиларна,

Аьлла, дуьхьал вирзира шен дечган аьршица,
Реза дацахь, ю шуна туьканан неI шуьйра,
Цхьа адам дистхилира: «ХIай, Жаби,—аьлла,
Мисканаш хьаьвсира вовшашка боьхна,—

Ма вала дакъаза, цу дечган аьршица,
Ма баха мисканаш Iаьржачу суьйренга.
— Ара довла сан туьканара, хIай хьуьнан Iовдалаш,
Деца шу лелийна сан дас дацош.

Шун да валла хьакхица, бан ницкъ шун бацахь, —
ГIопастал сехьа иккхира, карахь тапча а йолуш.
И гIийла мисканаш боьхна хьийзара,
Цхьа адам гIаьттира неIарал арахьара:

— Шу доха ма доха, хIай нийса вежарий,
Кху совдегара Жабис муьйлийца вайн цIий,
ДIа-схьа озаве, вохаве, хадаве,
Дуийца вай хIоккхо, харц дуй буий.

ХIай нийса накъостий, шу духа ма довла,—
Яьккхинчу шаьлтанца тохавелира тобанца.
Кхеравеллачу Жабис тIехула тапча еттара,
Туькан чохь гIовгIанаш алсамъелира.

Даьлла герз хезна, стражан орца гIаьттира.
ДогIучу орцанна базар ида елира,
Буьрсачу орцанна хьалха пурстоп вара,
Даьхначу герзашца кечаме уьш бара.

Уьдучу базарна, нах гIевттин, моттаделира,
Дика дой адмашна тIедетта долийра.
Хуьлу ницкъ ца лабелла, адамаш тохаделира,
ГIуллакх лартIехь ца хетта, стражо тIом болийра,

Хьалха нисбелларш шаьш эгош,
Вада воьлларг тоьпаца вожавеш,
Берийн гIовгIанаш шодмашца теIаеш,
И къена жерой цхьамзанашца иэпабеш.

Мела цIий Iанийра йоккхачу майданахь,
Тобанашца Iохкура декъий, зуламах,
Лулара орца кхаьчна, юьртана го лецира,
Хийла бехк боцу чарх дуьненчуьра лийIира.

Доьхначу цу дийнахь адамаш бIаьрзе хьаьвзира,
ХIун дийр ду, ца хууш, бечу ницкъана:
Чов хилла вуьйжира Жаби шен туьканахь,
Ара ида буьйлира гIийла и миска нах.

НеIартIехь вуьйжира цхьа миска охьа,
Хиллачу чевнашна белира цуьнан мохь,
— Хьо веца бинарг дика болх суна,—
Олуш айвелира Жаби тапчанца.

Лаг оьзна, ялийтина, даш кийра тоьхна,
ЦIен талх багах кхуьссуьйтуш, и миска цо
карчийра;
Даьлла герз хезна, пурстоп чуиккхира,
Чов хилла Iуьллучу Жабина тIехIоьттира.

— Хьан тоьхна хьуна? Хьан ницкъбина хьуна? —
Олуш, каде хьаьвзира и къена пурстоп.
— Ницкъбин суна кху юьртарчу наха,
Сайн маьрша кIади хьанал дуста ца вуьтуш.

Аьчган, дечган ши аьрша ду сан, бохуш,
ЦIий муьйлу, аьлла, цIе тилли суна цара,
Шайх къахеташ, хьанал кIади дустарна,—
Бохуш, Жаби дуйнаш баа хиира.

IIекваьлла, пурстоп дIа-схьа хьаьжира,
Цхьаъ доцуш ма дац хIара, аьлча ша санна,

Чехконца и велира гIопастал дехьа,
Катоьхна схьаийцира дечган, аьчган ши аьрша.

ТIеттIа диллина дуьстича, цхьаъ оьшуш карийра,
Аьршанашца тIевеара Іуьллучу Жабина,
ХIорш нийса-м дац, аьлла, цо хаттар дира.
— Аьчганиг хала хиларна, дечганиг динера аса,—

И, цхьанхьа дIакхетта, юьхьиг йоьхна ду хьуна
сан,—
Олуш, лен велира совдегар Жаби,
Велакъежаш дIахIоьттира къена пурстоп,
Ма даккха нахала, аьлла, дехар дира Жабис.

МаргIалан куьг кховдийра лаьттачу пурстоьпо,
Іуьллучу Жабис касси тIе хьажийча.
ТIевахана, киса дуьзира ахчанах пурстоьпо,
Юхавирзича, бIаьрг сецира Іуьллучу мискан тIехь,
— Хьенан карах велла Іуьллу хIара къена
мекхало? —
Аьлла вистхилира Жабига пурстоп.
— Ма ваккха дакъаза, вай цхьаъ дарийца,
Луралла тIедогIу дааза долчу дуьненахь! —
Аьлла Жаби вистхилча, и пурстоп хIоьттира:

— Ма кхера, Жаби, — аьлла, Іуьллучунна тIе.
Уьш дерриге а туш, туьканна юххерчохь со Іара,
ГIовгIанаш йовлуш, кхераелла, чуккхина», —
Аьлла, бIаьргех хи хьаьдира Абашан наннa.

Голлуш ладогIа хиира цу ненан Абаш.
«Садаьллачу мискан тIехь лаьттачу пурстоьпо,
Цуьнан шен бедарца цуьнан сибат цIандина,
Вухаваьлла, элира: «ХIара-м дера ву Шихмирза».

И хезча, мохь тоьхна, дог кIадделла, со юьйжира,
Шаьш лелориг гуш хилла, аьлла, шекбевлла,
ЧIогIа ладоьгIна, баьхкина схьалилхира,
Жаби, чевнна пергIатхилла, пурстоьпаца хьаьвзира.

Шийла хиш дехкина, со кIегархаийра,
Хаарна шайна, сан майра вуйла Шихмирза.

ЧIогIа воьхна хьаьвзира совдегар Жаби,
Кхунах кхетта, тIечевхира и пурстоп суна.

— Дика ладогIалахь, — аьлла, цо соьга элира,—
Дезий хьуна дуьне? Ду хьуна и паргIат,
Ца дезахь, яц хьуна сибарех генахь,
Ахьа чIогIа леладе хIара гIуллакх къайлехь...»

ДАТО ХІАЙКАЛ

I

Дудин цІахь

Пурстоьпан
помощник

Хьо веца, Дуда,
Паччахьана дуьхьалваьлла?
Хьо веца Дуда
Хьуо къен, беркъа лелла?
Ахьа вийнийца
Ши стражник,
Хьайн куьйга воруш?
Хьо хІинца веца
И каторжник,
Когех буржал ловзош!

Дуда

Бо-берийн тІаьххьара етт
Берашкара баькхкича,
Айса сайх эхьхетта,
Со орцахваьлча,
Цу стражникан керахь
Бер леш гина,
Сайн ондачу буйнахь
Сайн шаьлта къевлина,
Аса воруш вийна хьуна
И лекха ши стражник.
Со кхоьруш вац хьуна
Хиларх сайх каторжник.
ХІара болатан буржалш-м
Сан дайша а ловзийна,
Дуьненахь пергІато езаш-м
Сан дай а дукха хьийзийна,

Микалай цу паччахьа
Ницкъ чIогIа баллийна,
Хьолахойн цу паччахьа
Ламанца къийлина.
ХIара-м дац гуш суна
Тахана дуьххьара,
Гой со воьхна хьуна,
Сан де ду тIаьххьара?..
Кху молле дан
Къамел ду сан,
Ахьа собарделахь.
Кхунна тIедилла
Цхьа хIума ду сан,
Ахьа дика ладогIалахь...
Цхьа жима йоI ю сан,
ПетIамат цIе йолуш,
И цхьа доьзалхо ву сан
Пхийтта шо шен долуш.
И кхаба вац сан,
Хьо цхьа молла воцург,
И Iалашъян вац сан,
Хьо динан да воцург.
Хьуна тIе аса дуьллу
Иза хьайн йоI хетар,
Цунна тIе аса дуьллу
Сан метта хьо хетар.

Молла

Цу делан пурбанца
Iалаш аса иза йийр ю,
Эвлаяийн орцанца
Дика аса иза кхиор ю...

II

Моллин лулахойн чохь.

Обарг Мусост

Бералахь езна
Хьо, хаза ПетIамат,
Со дукха хьежна,

Сан хаза ПетIамат,
Урчакх тIе чилла санна,
Хьан безам дагах хьерча,
Зезаг тIе полла санна,
Со хьо йолчу леста.
Яраббий, ПетIамат,
Хьо хаза жима сурт!
Ойланца ду, ПетIамат,
Детин хьан хаза васт.
ХIун де-техьа, ПетIамат,
Со обарг хиларна?
ХIун де-техьа, ПетIамат,
Хьо дукхаезарна?

П е т I а м а т

Яраббий, хIай Мусост,
Хьо дукха а веза суна,
Хьо обарг ва Мусост
Хьашт чIогIа а ду суна.
И жима сайн дада
Сибрехара цIа верзалц,
Сайн хаза и дада
Сайн бIаьрга галлац,
Яц хьуна маре яха
Со ойла йолуш,
Яц хьуна хьох ялар
Сайн дагахь кхобуш.
ЦIа вале сан дада
Ца ваьр-техьа хьо паргIат?
ЦIа вуссуш сан дада,
Ца Iер-теша вайша паргIат?

М у с о с т

И боккха, беза чхьар
Сан даг тIехь Iуьллура,
Сан деган дилхан чкъор
Цо Iуьйдуш дуткъдора.
Цу хазчу къамело
Со паргIатваькхи,
Хьан хазчу жималло
Сан самалхадаькхи...

III

Моллин цIахь.

Молла

(Ша-шега).

Дуда сибрех вахана
Пхи шо кхаьчна,
Цо ша лиэхна
ГIуллакх цуьнна кхаьчна,
НеIарал арахь дерг—
Иза вон дац...
Ву иза лоруш верг а—
Иза сонталла яц?..
ПетIамат йоккхахилла
Сов нисъелла, тайна.
Сан къена зуда елла,
Со висина сайнна...
Сов дукха суна еза
И жима ПетIамат,
Кийрара дог сан цIийза,
Деш къаьхьа къемат.
Шен хеннахь ца баьккхича,
Стом, бахкалуш, бужу,
Шен хеннахь ца даьккхича,
Зезаг, дакъалуш, дужу.
ПIетIамат сан хилча,
Иза яха хуу,
И дика аса дича,
Цо дуьне доу.
Цуьнан жимчу жималло
Со хьеста веза.
Цуьнан хазчу бIаьрго
Со леца веза.
Тховсалера хIара буьйса
Шина декъе яхча,
Цуьнга аса дагар дуьйцу.
Иза дуьхьал хилча а,
Сан езар хилла,
Иза соьца Iан еза,
Сан зуда хилла,

Иза соьца Iан еза.
Ша дуьхьалъяьлла,
Иза чIогIа хьовзахь,
ХIара, нахала даьлла,
Халкъана довзахь,
Сан коьртах цIе йолу,
Со, хIаллакьхуьлуш,
Дуьне диъна волу,
Нахала волуш.
Аса ойлайнийр ю
Лазам боцуш дерзо,
Аса хIуъу а дийр ду
Иза сайна ерзо.

IV

Хьуьжарехь.
МутаIеламаш. Буьйса.

1-р а м у т а I е л а м

Важап ду, къонах,
И шайтIа дер,
Ма къийса, къонах,
Харц ду хьан лер.

2-г I а м у т а I е л а м

Суннат ду, сан ваша,
Нахаца лелла зуда ер.
Хууш ду, сан ваша,
Важап доцуш хилар.

3-г I а м у т а I е л а м

И ер-м важап ду
Шуна, нийса накъостий,
Йо I езар хIун ду,
Хьовса, жайна харций.
Дукхаезарг ялор
Важап дац-теша?
Везачуьнга яхийтар
Муха ду-теша?

1-ра мутаIелам

Дукхаезарг ялор
Важап дац хьуна,
Везачуьнга яхийтар
Суннат ду хьуна.

3-гIа мутаIелам

ХIара дуьне дитар,
Мел хала дуьйцу!
Иштта хала хилар
Безам аса дуьйцу.
Далур дацара-теша
И яийтар важап?
Далур дацара-теша
И ялор важап?

2-гIа мутаIелам

Воллу хьо хир вара
ПетIамат яло.
И-м ца хуьлу дара,
Яц иза хьан кхало.

Йоьлхуш, чуоькхху ПетIамат.

ПетIамат

Ма ейта, шайн делан дуьхьа,
Къеначу цу молле!
Ма ейта, умматан дуьхьа,
Хьовса, орцахдовлий!
Цхьа гIийла бо дара со,
Шух тешна дитина.
Йоьлхуш лелла яра со,
Да сибрех вахийтина.
Элчанан дуьхьа, яккха со
Цу берзан багара!
Жайнийн дуьхьа, яккха со
Лаьхьанан багара!
ГIовттий шу хьовза,
Нанас дина хилий!..

3-гІа мутаІелам

ХІун хилла хьуна,
ХІай снйлахь ПетІамат?
ГІан гиний-теша хьуна?
Дийцахьа, ПетІамат,
Хаза бос байна,
Стен йохийна хьийза?
Цхьа хало-м еана
Хьо бІаьрза хьийза?

2-гІа мутаІелам

Дийцахьа, ПетІамат,
ХІун хилла хьуна?

3-гІа мутаІелам

Алахьа, ПетІамат,
Хьан ницкъбина хьуна?

ПетІамат

Цхьа хаза Іалашъеш
Со моллас яра,
Къайлах къурдаш беш,
Дена сагатдора,
ГІан-набарца гуш,
Со ехха йоьлхура.
Суьйренца дагавогІий а
Сан кийра ша буьллура,
Молла дика хуьлий,
Сина синтем хуьлура.
Да цунах тарвина,
Цуьнца Іеш со яра.
Буьйсанна хан яьлча
Со йолчу веара,
Суна юххе охьахиъна,
Сох куьг цо туьйхира.
Шен зуда хила, аьлла,
Иза чІогІа хьаьвзира,
Со шена дуьхьалъяьлча,
Шаьлта цо яькхира.

Цуьнан карара яьлла,
Со араиккхира,
Шуьга орца аьлла,
Со кху чу иккхира...
Хьарам куьг туьйхи сох
Къеначу моллас,
Шен дагар хаийти
Къеначу моллас...

Чуоькку молла.

Молла

Иммансиз, шайтIа,
ХIун дуьйцу ахьа, моьлкъа?
Йилбаз, гIам,
ХIун дуьйцу ахьа, пирIу?
ДIалаца иза,
ХIунда лаьтта шу а?
ХIара тилла стаг ю,
ДIаехка иза!
Хила каде шу,
ХIара нахаца лелаш ю!

МутаIеламаша дIалоцу.

Цу зуламен Дудин
Кху боьхачу жIаьло
ЮьхьIаьржахIоттий дай а...
ХIай шайтIа, къарло!
Чукхуьйлуш безаргаш
Кхуьнан алсам хилла,
И боьха безаргаш
Кхуьнан къайлах хилла.
ХIара маьлхан дуьне
Кхуо суна Iарждина,
ХIара хаза дуьне
Кхуо суна къахьдина.
Шух цхьа жимха гIо
Тхьамданаш гулбан,
Сов чехка гIо
Баккхий нах гулбан.

Кху гIуллакхан еза
Жайница кхиэл ян.
ХIара ПетIамат еза
ТаIзаре озо.

П е т I а м а т

Ма лехьа сел харц,
ХIай къена молла!
Ахьа дуьйцург бакъ дац,
Хьо хьераваьлла?
Сан везарг хьо бен вац,
Къурд алий вала!
Цу дала хIара ловр дац,
Даре деш, ала!
Сан жимчу дегIах
Хьан бен куьг кхетта дац,
Сан кIайчу пхьаьрсех
Ахьа бен оба аьлла яц,
И дIаьвшен хьайн мотт
Ма лебе шалха,
ХIара Iаьржа вайн латта
Герга ду лелха.

М о л л а

Лелхар ду Iаьржа латта,
Хьо дийна йисахь,
Южур ю стигал, яьттIа,
Хьо лаьтта ца йижахь.
Цу дала хьох ларвойла,
Дукха хууш хьо ю.
Цу дала Iалашвойла,
ГIам, йилбаз хьо ду.
ХIун ала гIерта хьо,
ХIай боьха экха?
ХIун тардан гIерта хьо,
ХIай дIаьвшен мекха?
Хьекъалах хьо телхина,
Хьуо гучуяларна,
Я хIилла кхоьллина,
Хьайна кхиэл ярна.

3-гІа мутаІелам

Хьо сих ма лохьа,
ХІай воккха молла.
Сатухуш хилахьа,
Тхан сийлахь молла.
Хууш ду, телхинийла
ХІара жима ПетІамат,
Хууш ду, гучуяьллийла
Везаргаца ПетІамат.

ПетІамат

ХІай, тамашийна хьо дуьне,
Мел бала бу беанарг!
Ца хили суна дуьне,
Йоккха гІайгІа ю еанарг!
Муха луьйр сел харц
Динан да молла?
Муха хьожур сел харц
Хьо, ямарт молла?
Хьайн зуда сох ца хилча,
Тилла, ахьа боху,
Хьайн езар ца хилча,
Ехка, ахьа боху.
Аса кхайкхор кхІинца хьо,
Ма-варра вуьйцуш!
Аса гойтур халкъана хьо,
Куьзган чохь варжош!

2-гІа мутаІелам

ХІинца хІара йоллу
Кхоччуш хьерайолуш,
ХІун дарба доллу
ХІара метта яло?

Молла

Дезачу вайн жайно
Хьоьхуш ду некъаш,
И йовха алу
Хьовзо еза, етташ!

Вийцийта кхуьнга веза
Бехкеверг схьа,
Аша, етташ, чахчо еза,
Яккха гучуьра дIа.

П е т I а м а т

ХIай, маржа, маржа
Хьо маьлхан дуьне!
ДIовш хилий, хьо даржа,
Хьуна бакъ гиний?
Ваша воцуш йисина,
ГIийла лелла яра со,
Нана йоцуш йисина,
Йоьлхуш лелла яра со,
Да сибрех вахийтина,
ГIийла бо дара со,
Моллас дагар хаийтарна,
ХIаллакьхуьлуш йоллу со.
ХIай дела! ХIай дела!
Хьоьга сан дехар ду!
ХIай дела! ХIай дела!
Со кхара юьйш ю!
ХIара йоккха харцо
Ахьа муха ловш ю?
Кху дуьненан марзо
Соьгара йоккхуш ю.

М о л л а

Ца хаьа шуна, дукха лоьйла
Хьекъалах тилла стаг?
Лаахь хIара къарлойла,
Лаца кхуьнан лаг.
Цу делах со кхоьруш ву,
ХIара дийна вай йитарна.
Кху гIуллакхах со вогуш ву,
Кхуьнца мела вай хиларна.
Такхае иза дехьа чу!
ХIоттае иза холча,
Боьха гIуллакх къахьдан!
Далла аша тIедилла

Вайн мисканийн кхиэл яр.
ХIара, ехкий, аша йилла,
ТIехь ду шуна ягаяр!

МутаIеламаша, дехьа чу а юьгий, етта.
ЧубогIу, хьалха хьаьжо а волуш, баккхий нах.

Хьаьжо

Оссолом Iалайкум,
Буьйса дика хуьлда хьан!
Цхьа жимха кхайкхина, догIу,
Ала хIун ду хьан?

Молла

Iалайкум ва салам
Шуна аьхна хуьлда!
Цу делера цхьа а кхерам
Вайна ма хуьлда!..
Шу охьаховша,
ХIай нийса вежарий.
ЮьхьIаьржо тховса
Вайна-м еаний.
Ма-дарра дуьйцур ду,
Аша дика ладогIа.
Бакъдерриг эр ду,
Аша хаза ладогIа.

Хьаьжо

Хьо веца тхан сийлахь,
Хьо воккха молла,
Ахьа къамел делахь,
Ца сецош, молла.

Молла

И Дуда вахийтира
Сибрех лаьллина.
Паччахь ца везара,
Дуьхьал вара леррина.
Цо ПетIамат йитира
Соьга Iалашъяйта,

Амма иза-м хиллера
Ша ма-дарра шайтIа!
Аша ца динарг дацара
Сан жимчу кху киснахь,
Цу диканах дика кхачадора
Цу жимчу ПетIамате,
Сайн йолуш санна, Iалашйора
И Дудин йоI ПетIамат.
Цхьа адам тарделлера
Цу жимчу ПетIаматах,
Амма гIам хиллера,
Ца кхоьруш къематах.
Цо юьхьIаьржахIоттий
ХIара нана Нохчийчоь.
Юьхь макхъеш хIиттий
Вай дерриге а нохчий.
ХIор буса хезара суна
Кор доьллуш цуьнан чохь.
Ца тосура шеко суна,
Мила хир вара цуьнан чохь?
Тховсалера хIара буьйса
Шина декъе яхча,
Кога буьхьар левзина,
Со неIаре вахча,
НеIар тIе лерг диллина,
ГIовгIа сайна хезча,
НеI йиллина, чухьаьжира
ПетIамат йолчу.
Цу чуьрниг дIахьаьдира,
Со вогIу вайча.
ПетIамат макхъелира,
Ша гучуяьлча.
Иза коре хьаьдира,
Со тIеволавелча,
Корах ара тилира
Со шена тIе кхачале,
ХIара хьуьжаре хьаьдира,
Шаьлта тIекхачале.
ВаллахI, яра аса юьйр,
Сайн аьтто баьллехь.
Со чIогIа гIоьртира
Бехкен верг лаца.

Долу герз дацара —
Виси сан иза лацаза.
Юьхь, бIаьрг а ца гин,
И тIахъаьлла хиларна,
Мила ву а ца хин,
Буьйса Iаьржа хиларна.

Хьаьжо

Дала ловрий-теша
ХIара боьха гIуллакх?

Баккхийчу наха,
цхьаъ воцчо:

Дала ловрий-теша
ХIара ирча гIуллакх?

ПетIамат, чу а хьожий,
йистхуьлу...

ПетIамат

Ловр яц цу дала
Кху моллин харцо,
Хьур яц-теша цу дала
Кхуьнан чарх марцо?!
ХIай юьртан тхьамданаш,
Сан шуьга дехар ду!
Ерриг а харцонаш
Цо суна тIехь кхуллуш ю.
ХIара молла вара шуна
Соьга дагар хийтинарг,
ХIара молла вара шуна
Сан дегIах куьг тоьхнарг!

Хьаьжо

Схьа ма ле, моьлкъа,
Хьо-м йистхуьлу яций,
Хьан дегIан цIий леIа-м
Дукха хан яций!
ЦIе йоцуш кIур ца хуьлу,

ДIаьвшен кIур хьох баьлла,
Марха йоцуш догIа ца хуьлу,
Iаьржа талу хьох даьлла.
Кхин хIумма а ца дича а,
Кху молле хьо лерна,
Кхуо хIумма а ца аьлча а,
ТIетовш ду хьо ерна.

Баккхийчу наха,
цхьаъ воцчо:

Схьа ма ле, ПетIамат,
Ахьа-м хIаллакдинний,
Юхаяла, ПетIамат,
Хьуна-м дела ца везний!

Молла

ХIара караярна
Вай даккхийде деза.
ХIинццалц дала ларна,
Вай доIа дан деза.

Массара а доIа до.

Потихьа... потихьа, хIай везан дела!
Хьуна хастам бу, хIай воккха дела!
Къайленца хIара гIуллакх
Кхин дIадаханехьара,
ВаллахI, яра хIара юрт,
ЭтIаш, чуйоьлхур,
ВаллахI, яра хIара юрт
ЦIарах йогур,
Делор, бара кху юьрта
Саьрмак хьодур,
Делор, бара кху юьрта
Сийна хIорд хьодур.
Аса жайнаш дохура
Цамгар кхеттачунна,
Аса хиш яздора
Вала вижинчунна.
Цунах гIуллакх ца хуьлура

ГIийлачу лазархошна,
Царна гIолш ца хуьлура,
ХIара ПетIамат хиларна.
Вайна меца хан еара,
И яр а — кхуьнан боьхалла.
Вайн юрт хиэ йохийра,
Иза а — кхуьнан гIомалла.
ПетIамат дийна мел ю,
Юьрта беркат догIур дац,
ХIара бIаьрг хьажош мел ю,
Вайна догIа догIур дац.
Ишгта шайтIа ду
Дехьачуьра ПетIамат,
Ишгта боьха ю
И Дудин ПетIамат.
И гIам, и копар,
Садоккхуш, вай ца дехь,
И керпста, и хьакха,
ЦIий шелдеш, вай ца ехь,
ИлахIи делор, хир дац геч
Цу везчу делера,
ИлахIи делор, хир бац кхерч
Цу сийлахь ялсаманера,
Лур дац вайна цу дала
Цхьана а доIанна жоп.
Иза е, боху цу дала,
Даха вай ваьшна дог токх.

Х ь а ь ж о

Садаккхаран чехко ян еза,
Тоьур ду хIара юрт
Iазапехь латтор!
Кхин минот яккха,
Хан яла ца еза,
Тоьур ду хIара юрт
Кхуо меца латтор.

Б а к к х и й ч у н а х а,
ц х ь а ъ в о ц ч о:

Аша бохучунна реза ду,
ПетIамат ен еза.

Цу далла тхо муьтIахь ду,
Деле геч деха деза.

М о л л а

Шу реза хилла
Суна дика хета,
Шуьгахь дин хилла
Суна хазахета.
И шайтIа дийна меттиг
Хьаштана мегар яц,
Иза йоьллина меттиг
БIаьргана ган мегар дац.
Гена лам тIехьа
Иза йига еза,
КIоргачу Iинах
Чукхосса еза.
Цо ког биллина латта
Дагарна кхерам бу,
Цуьнан коган тата
Цамгарна кхерам бу.
ХIара яккха еза
Кху чуьра чехка.
Дика ма Iа и дела
ХIара хьуьжар тIе ца тухуш.
Садаккха деза
Цу шайтIанан чехка.
Дика ма Iа и дела
Кху хьуьжарх цIе ца латош.

В о к к х а с т а г

ХIан-хIа, нах, со реза вац
Аша ечу кхиэлана.
Цуьнан бехк-м ца бах аса бац,
ДIахIоьттина леррина.
Нанас вина ваша воцуш,
Шена тIехь да воцуш,
Цхьа гIийла бо ду
Цу дехьачохь Iуьллург.
Орцахвала стаг воцуш,
Вай доцург кхин воцуш,
Жима бер ду дехьачохь Iуьллург.

Цу гIийла мискачуьнца,
Цу пекъар заьIапчуьнца
Вай сов майра ду.
Тоха герз доцчуьнца,
Ласто герз доцчуьнца,
Вай сов чехка ду.
Шуна диц ма лойла:
Вийнарг вайн вуьтуш дац.
Шу хууш хуьлда:
Дийна а волуш кхуьнан да вац?
Шун ойла хир ю
Дуда сибрех валийта!
Шуна лууш хир ду...
Иза цигахь висийта!
Цу делор, дац хууш,
Цуьнан муха йистйолу,
Вайн делор, дац хууш,
Хьалха иза волу, ца волу.
Кху гIуллакхан бекхамна
ГIоттур ву цхьа стаг,
ТIаккха тамана-текъамна
Лоцур ду цо лаг.
Шу совцо сан ницкъ бац,
Аша шайна луъург де,
Со кху бола юкъахь вац,
Аша шайн гIуллакх де.

(ДIавоьду).

М о л л а

Стешха хилча а пайда бац,
Иза нохчо вац.
Бусулба ца хилча пайда бац,
Цуьнан дела вац.
Вай дац кху юьртан дай? —
Хьан дохор дара вай динарг?
Вай дац цIенчу динан дай? —
Хьан дохор дара далла лиънарг?

Х ь а ь ж о

Цо дуьйцург-м хабар дара,
Шен сонта Iовдаллица.

ХIара еза-м ер яцара,
Иза гуш ду делан пурбанца.

М о л л а

ХIинца вай ламазаца
Далла хьастадала деза.
ГIо вай ламазана!
Вай маьждиге даха деза...

(Арабовлу).

П е т I а м а т

Сох теша мила виси?
Соь хьажа мила виси?
Сел гIийла хаий со,
ХIай везан дела!
Суна велха мила виси?
Тховса юьйш ю со,
ХIай воккха дела!

(Йоьлху).

ТОЬУР ДУ

Жимчу цIа чохь мехкарий
Гулбеллера, сакъоьруш.
Царех жима Умри
Яра гIалахь доьшуш.
И мехкарий гулбеллера
Умри цIа ярна,
Умрис цаьрга аьллера,
Юха йоьду ша кхана.
Умрина уллора Сацита
КIархаш тоьгуш йоллура.
Ден тоьгана сацийна,
Мехкарашка цо элира:
«Вай кхузахь дика гулделла,
Дийца вай хаза хабарш.
Вай а Iийр ду, вайн дай а Iийна,
Дуьйцуш, вовшийн марзо
оьцуш!»—
«Хаза хабар-м аса дуьйцур ду,
Аша соьга дика ладогIал!
Аса цхьа эла шуна вуьйцур, ву,
Цуьнан цIе ю ЗогIу» —
Аьлла Маржан йистхилча,
«Ма дийца», — Умрис элира.
ТIаккха мехкарий цецбевлча,
Умри чIогIа йистхилира:
«Хьаштдац,
Ца оьшу!
Сацийта эла вуьйцу хабарш!
Хьаштдац,
Ца оьшу!
Далийта, тоьур ду цунах дагар!

«Дийцахьа хаза хабар», —
Олу нохчочо,
Цуьнан дагахь дерг ду валар,
Иштта и хилар лоьхура
Иза даьккхинчо —
Латто толамца шен вахар.
Мила ву иза даьккхинарг?
Иза динахо вац?
Хьенан яра иза шедаг?
Иза кулакан яц?
«Цхьана стеган хаза йоI,
Динна дика ю аьлла,
Юьгур ю, элира, элан кIантана.
Мискачу стеган и хаза йоI
Маре йигиа эло шен кIантана,
Дукха даьхни делла, —
Бохуш а дуьйцу и хабарш.
Хьаштдац,
Тоьур ду!
Ца оьшу вайна и лазарш!
Тоьур ду, ца оьшу вайна и
харцонаш.
«Мацах цхьана зудчо,
Шен ламаз ца дохон —
Вагавайтина шен доьзалхо,
Цо хьарчийна берана марчо,
Цуьнан хилла эхартаца марзо»,—
Бохуш а дуьйцу и хабарш.
Хьаштдац,
Ца оьшу!
Тоьур ду цаьрга ладегIар!
Ца оьшу,
Бакъ ма ду и хабарш зенна хилар.
Цу хабарех эца пайда бац,
Уьш вайна зенна даьхна ду,
Вай уьш кхин дIа ловр дац,
Царех боллург бода бу.
Аса дуьйцур шуна хаза хабар,
И ду билггал хилла.
Сан ду шуьга дан дехар,
Аша, ладугIуш, лерг делла.
Аса йоьшу ерг — назма ю.

И яьккхина вайн яздархочо.
Цу тIехь бохург вайга ду,
И ву ша ламанхо-нохчо.
«Зайнап — зуда-ламанхо!
Генна лаьмнашна тIехьахь,
Къаьхьа хих дуьзначу бIаьргашца,
Беттаса буьйсанан кийрахь,
Хьайн гIайгIа хьайна ялхорца —
Хийла шо ахьа дехьира,
Хуьлуш догдика доцуш.
Хийла хало ахьа лайра,
Нанас-дас чехош.
Зайнап!
Хьан йиша ю
Доьшуш гIалахь.
Со кхойкхуш ву
Хьоьга, жайна карахь.
Хьо ядий йола гIала,
Ахьа Iамаде дешар.
ЛеIа хьайн гIайгIа-бала,
Сан ду хьоь дехар
Бодане чкъор тасар.
Зайнап!
Болатан томмагIнийн куьйгашца
Айира ЦIен байракх,
Цунах яьллачу паргIатонца
Аьлла боданна гIайракх!
И байракх айина куьг
Набахтин пенах хьирчина ду.
Зайнап!
И болатан куьг
Iаьржа бода лоьIуш ду.
Беттаса буьйсанна
Набахтин корах хьоьжуш,
ТIема лелачу, уьдучу
Олхазарех хьоьгуш,
Борзанан корехула
ЦIен йовлакх къегош,
Шен дог
Вайн паргIатонна цIийзош,
И хьан вешин куьг,
Зайнап,

Хьуна йоьхкинчу гIоьмашна
Къийладелла ду!
И хьан вешин куьг,
Зайнап,
Вайна хиллачу гIайгIанашна
Дуьхьал мокхаз хилла ду.
Хьо, Зайнап,
ХIинца а Iадате гIерта.
Ала, Зайнап, нене:
«Аса дIакхуссу чухта».
Ахьа гайта хьайн дега
Букъ тIера шедан моьнаш!
Ахьа ала хьайн йише:
«Со а ю хьоьца доьшуш».
Зайнап!
Дицделла хьуна,
Айхьа, буьйсанна мехий дохуш,
Истангех йина ларчаш?
Хьайна яьIна сеттош,
Деших накха кхелина —
Чил-дари духуш,
Хьайн юьртахо маре яхар?
Мила яра ахьа кечйинарг?
Совдегаран йоI ящара иза?
Мила ву хьан хьацар мийлларг?
Ахьа кечйинарг яц иза?
Зайнап!
Ца хаьа хьуна,
Хьайн цуьнга ала дуйла:
«Ахьа хьайн дегI кхелина,
Кхелина -- сан хьацарх.
Ахьа хьайн бос цIийбина,
ЦIийбина — сан къинхьегамах,
Хьо нахана маьлха гора,
Ахьа кIеда бен бора.
ДIаяла!
Сан кIадо хир яц!
ДIаяла!
Сан хьацарх бинчу бенахь
Хьан яхар хир дац!
Хьо ца лелара
Бархатан арешка хьоьжуш,

Зезагашна барташ дохуш,
ГІажарийн кузаш туьйсуш,
Хьайн безаршца сакъоьруш?
И хаьий хьуна?
Сан бІаьргех оьху хин тІадамаш
Горий хьуна?
Дийнахь а, буса а лаьмнаш тІехьа
Со тийжаш хезарий хьуна?
Хиэ бен баьхьна нІаьвла санна,
Сан масах бина хьо Іийна бен
ЦІечу байракхо схьабоккхуш,
Хьо юьтуш юьстах кхоьссина.
И хаьий хьуна?
ХІинца сан дог, доьлуш, ловзу.
И хезий хьуна?
ХІинца со хьоь хьоьгуш ца хьоьжу.
Со гой хьуна?»
Зайнап!
Ахьа ала цуьнга:
«Бодане орамаш
Дешарца цоьстуш,
Лаьттина гІайгІанаш
Хьекъалца лоьІуш,
Сайн месех бина бен
Кхин хьоьга ловзабойтур бац!»
Зайнап!
Бахарах ца тоьу, —
Иза гайта деза.
И хаарх ца тоьу, —
Ахьа деша деза!» —
И назма яр-кх, мехкарий,
Со шуна ала йоллург,
Дика ладуьйгІин аша назмане?
Схьалоцур вай цо бохург», —
Олуш Умри йистхилча,
Мехкарий вовшашка хьаьвсира.
Умри шайга хьаьжча,
Уьш ойлаян буьйлира.
Царех цхьа а йист ца хуьлуш
Минот-кхоъ дІаелира.
Царна оьгІазъоьхуш,
Умри лен елира:

— ХIей, накъостий, зуда-ламанхой!
Аша ладоьгIу,
Аша ладоьгIу,
Аша ойлайо,
Шу, сан йижарий, теша сох!
Вайн йижаршна ца кхуьйлура
ХIор шарахь тIе зударий?!
Цаьрга ца бохура
И бакъо ю божарийн?
Вайга ца луьйра,
Бацах сакъераделча:
«Оьрсийн меташка», — бохуш?
Вайга ца луьйра,
Зезагаш хазахетча:
«ШайтIанан ойланаш», — бохуш?
Мила ву
Вай лазадайтинарг?
Иза боданен Iадат ду!
Иза бода — Iадат дара!
Иза Iадат — бода бара!
Иза динахоша даькхинера!
Иза кулакаша чIагIдинера!
Делахь хаалаш, дешарций бен
Вай аттачу ца довлийла!
Шуна хаалаш, серлонций бен
И Iадат ца лоьIийла!
Дешарах дешар эцна,
Iилманах Iилма эцна,
Вайн йижарий бац тахана
ГIуллакхашка шаьш хIиттина?
Цхьаъ суьдхо ю.
Важа — председатель,
Цхьаъ Советехь ю,
Важа — колхозехь,
Цхьаъ женотделехь ю,
Важа — институтехь.
Уьш дуккханхьа а бу,
ГIуллакхаш деш бохку.
Цара лелориг ду —
Боданах хьалхадаха,
Цара вай серлонга лоьхку.
Шу, йижарий, дийший ма Iахка!

Вайн колхозан майданахь къийсам
бу,
Кулакаш колхозашкара аралоьхку,
Колхоз — кулакана къаьхьа кад бу.
Аша, йижарий, соьга ладогIа!
Шу хила соьца доьшуш,
Вай боданна гур бугIу,
Шу хила соьга хьовсуш!» —
Олуш, Умри сецча,
Мехкарша цуьнга элира:
«Хьо ма нийса ю,
Хьо ма дика ю», —
Цара дехха бехира.
ГIала деша баха
Уьш Умрина тIебирзира.
Куьйгаш вовшахдетташ,
Уьш чIогIа бийлабелира.
Вовшийн хаза хьоьстуш,
Уьш мар-мара бахара...
Вайна гуш ю и Умри,
Цо бохург бакъхилла,
И ца хьоьжу мимаре.
ХIара сан дешнаш леррина
Доьшур ду, моьтту суна,
Уьш ас хьуна яздина,
Дешархо, хьо везарна.
Дехар ду хьоь тахана,—
Хьо ца хетарна ямарт,—
Кху тIехь карийна гIалат,
Нийса ца догIу дош
Тодан некъ луш,
Алар тIехь хьуна ду.

ПАРТИЗАН

(Поэмин кийсиг)

Мукъамца аланза
Цхьа-ши дош дисина,
Иллица вийцанза
Цхьа накъост висина,
Ойлане тулгIенна
Къолам схьаэцна.
Таханлерчу денна
И вийца тIелаьцна.
Со воллу ала
Даханчу денойх,
Со воллу яздан
Буьрсачу денойх
ХIара керла сайн илли
Керлачу маттаца,
Партизан Биларбих
Керлачу йозанца...
Цу жимчу юьртан
Яцара тоха алу.
Царна орца оьшура,
Гонахар ярташкара
Царна герз оьшура.
Хир дара... мичара?
Цу юьртан къехой,
И бертахь партизанаш,
Бахнера орцах
Генарчу юьртана.
Цу юьртахь Биларби
Виснера партизан,
Цо ойлайира
Орцадаккха тахна,

Вала юьртара
Н чехка кечвелира,
Шен герзаш дихкина,
Динна тІе велира,
Иза юьртах иккхира,
ЧІуг хадош, юрт йитира.
Амма иза тІекхечира
Гена доцчу хенна,
Ха лоцуш топ кхийтира
Цу кулла юккъехь,
Цу хІоьо и вагийра
Цу дикчу дийнахь,
Цу дошо вагийна,
Нуьйра чохь хьарчавелира.
Дин чехка бахарца
Динаца саца ца велира.
Карара топ юьтуш,
Иза охьатаьІира,
Карара урх озош,
Дин сацо вуьйлира.
Юьйлучу тоьпашна
Дин саца ца туьгура,
Долчу хьуьнарна
Иза гал ца болура.
Кху кІентан дегІан ницкъ
Малбала буьйлира,
Дуьненара шен рицкъ
Кхачийна хийтира.
Ша ойлаян велира
ХІара жима бере,
Цуьнан ойла сецира:
Маршалла далале
Шегара кІайн кехат
БІаьрг хьажош кховдо,
Вежарийн тІаьххьара амат
Баккха, бІаьрг кхарсто.
И вожа вуьйлира
Шен хазчу динара,
БІагор цунна хьаьвзира,
Цуьнан бІаьран са дайра.
Гуьйриг санна, вуьйжира
Цу кІайчу лайла,

Дин дIабедира,
Ша кхин а цецбаьлла.
Кху кIайчу арахь
Буьрса мох хьоькхура,
КIайчу лайн марахь
ХIара бертал Iуьллура.
Юткъа шок етташ,
Дарц дера хьийзадора,
Юкъ-юкъа ша соцуш,
Дин сецца хIоьттира.
Хьаьвзина беара
Iожа дин кхунна тIе,
Ваша хилла хIоьттира
Дархочунна ша улле.
ДогIанан марха санна,
БIаьргашна бода беъна,
Ша велча санна,
ХIара вехха Iиллира.
ТIаккха саметтадеъна,
ХIара гIатта вуьйлира,
Ша гIатта ца велла,
ХIара, хьожуш, вуьйжира.
Iожачу цу динна
Цунах къаста ца лиъна,
Шен дика да вевзира,
Дена гонаха хьийзара,
Iуьллучу дархочунна
Хаза гила бевзира,
Шен динан бIаьра хьаьжна,
БIаьргех хи хьаьдира.
БIаьрг тIера ца боккхуш,
Иза вехха Iиллира,
Цу лайла куьг гIортош,
Иза гIатта вуьйлира.
Чов дера хиларна,
Иза охьавуьйжира,
Чов лазаярна,
Узарш дан велира...

ШИ МАЛХ

(Советан Нохчийчоьнан итт бIаьсте юзуш)

Накъостий! Iаьржачу лаьттера адамашна кхачонна, товрна-тамана хьалайолу баьццара буц, цIен-можа зезаг, стом, тIамараи буьртиг санна, вайн къинхьегамхошна Iилма-кхетам луш, вахарна, цIинвеш, Iарна, даарна толош йолу цIечу пергIатонан серло — Ленина ша дийна волуш йолийна шен къаьмнийн политика партис нийса куьйгалла дарца Нохчийчохь кхуьуш тахана итт бIаьсте юьзи, итт шо кхечи, итт борзанан шо нохчийн областан Автономи хIоьттина, цуьнан сийнна вай гулделла.

Декъала хуьлда Нохчийн автономин областан итт шо кхачар! И итт шо кхачар ленинизмаца ду, Ленинан сийнна вешан къамел вай цхьажиммачунна сацор ду...

Накъостий! Вай, Нохчийчуьра итт —
Итт борзанан неI схьа а йиллина,
Сирла бIаьрг шуьйра кхарстош, итт —
Уьттазза юха хьовсур ду леррина.
Хьовсур ду вай, хIун ду Нохчийчохь —
Ца хилла — хилла дина—данза,
Хилла — ца хилла, я данза — дина.
ХIинца вайн Советан Нохчийчохь
ДугIур вай большевикийн сема ла,
Аьр вай большевикийн доьналлин дош!
Дийр ду вай кхиаман жамI,
Дийр ду вай нэшаман жамI,
Гуш хуьлда вай вешан мостагI!
Вайн тахана ала дукха ду —
Вайн сийлахь-доккха хIара де
Маьлхо а декъаладан деза!
ХIара дуьххьара гуш, малх, хьо а бу.
Алал бакъдерг, гиний хьуна хIара де?
Тахана хьо а бистхила беза.

«Яц цхьа а чIагIо-андо большевикашка иэшалур йоцуш», — иштта болатан дешнаш болатан Iаьнарца девлла ду. Чехко ел, бистхилал хьо а, малх, алал ахьа, хIун ду тахана тхуна юккъехь хьуна цкъа а ца гина гуш?

— ХIай, къинхьегаман халкъ, дика ду,
Со, малх, кху сийдолчу дийнахь бистхуьлуш бу...
ХIара де сайн цIергахь суна ганза ду,
Цундела дагца мекха йоцуш со бистхир бу.
Уггар хьалха алахь, моз санна, мерза,
БIаьстенан зезаг санна, керла,
Бецан тхи санна, хьаьъна,
БIаьстенан хIо санна, аьхна
Маршалла ду хьоь,
ХIай Советан Нохчийчоь!
Долуш хьуна иза гоь,
Ехийла хьо, Нохчийчоь!
Сох адамаша малх олу,
Со дан-м бакъонан нур ду,
Итт шо даздеш ду, аша боху,
Цуьнан дакъалоцуш со а бу.
Суна хьалха хIара дуьне
Дукха зама яра хьийза,
Дашо бIаьргаш кхерстош кху дуьнене,
Дукха хан ю суна шу деза.
Кху дуьненахь суна гинчул
Харцонан даккхийра Iаламаташ,
Цуьнан Iаьржа дIовш-кIоршамалла
Гиний-теша, бакъдерг алалаш?
И харцо, дийнар-дийне кхуьуш,
Стамлуш, шорлуш, хIорд хилла
Лаьттара, шуьйра дуьненчохь яьржаш,
Ца юьтуш бакъо бIаьрг белла.
Хийла бехкбоцу адаман чарх
Цу харцоно лийIира,
Шена тамана, барсто шен пах,
Цо цу адаман цIий мийлира.
Хийла, лаьттан дакъа ца деш,
Миска нах гIийла хьийзира,
Хийла зударий гIийла белхош
Паччахь вара, царна мела хи оьхура:
И мела хи хьодуш дац,

Кийрахь гIайгIа ца хилча,
БIаьрган хи маллуш дац,
Коьртехь бала ца хилча...
Амма цIеххьана,
ХIара дуьне эккхийта санна,
Цхьа гIовгIа елира девнна,
Дуьненахь харцо-шеко гарна
И харцо-буьрсалла; и харц ницкъаш
Дуьненан йолхалгIачу декъа тIехь кагбеш,
Ша майра эккхийтарца тIепаза йойуш,
Цхьа ши ницкъ гIаьттира, бертахь шаьш болуш, —
И ши ницкъ бара
Марксан, Ленинан Iилмий,
И ши ницкъ бара
Къинхьегамхойн барттий,
И шиъ вовшехкхетта, со хьоьжуш,
Цу шиннах малх хилира,
Со Iечу заманчохь инзарбуьйлуш,
Иза, со санна, нуьраца къегира.
ЭхI, хIай къинхьегаман халкъ,
Хьо, хIай Iаьржа латта,
Шу, хIай сийна стигланаш,
Со санна болу малх
Хенахь сайна гур бу моьттуш со бацар,
Кхийти дуьненахь бакъонан малх,
Сан хенахь суна иза гина ма бацар,
Дуьненна тIе хьоьжу со малх санна,
Лаьттан букъ тIехь нур дагош малх
Хир буйла, хууш со бара шуна даиманна,
ХIинца хьо кхийти, хьо бу паргIатонан малх.
Хазахета, вешина ваша хилча,
Хазахета, йишина йиша хилча,
Хазахета, накъостана накъост хилча,
Шуна со санна, суна шу а хаза го,
Аша хIинца мерза къурд бо,
Аша шайна керла бахам хIоттабо,
И къамел аса даггар до.
Декъала хуьлда дуьненчохь хьо малх!
Декъала хуьлда дуьнена тIехь со малх а!
Декъал хуьлда Нохчийчохь хьо маьлхан бIаьсте юзар!
Декъал хуьлда социализм турпалца хIоттор!
ХIинца дош

Оха хьуна ло, стигал, ала,
Алал доьналлин дош.
ХIун ду хьан, сийна стигал, ала?
— Уггар хьалха, мерза мутт шеца долу
Мерза стом санна, мерза,
Даиман цIена, хьаьъна долу
Ламанан шовда санна, хьаьъна,
Дагца гамо-мекха йоцуш,
Дерриге а дика — шун кхиар лууш,
Мерза маршалла ду шуьга, хIай нохчийн къинхьегамхой!
Дебар лууш шун хилар, каде хIайттархой!
Малх шуьга луьйш со, стигал, хезаш яра,
Цо динчу къамелашна ю со а теш хIуттуш,
Дуьненах лаьцна сан ала дукха дара,
Иза сов дахлур ду, аьр аса хадош:
Со, стигал, гуттар а яра куралла еш,
И куралла йора аса Iаьржачу лаьттана,
Малх сайн букъ тIехь кхеташ хиларна.
И сан куралла даиман йойуш,
Кхетта хIинца лаьттан букъ тIехь а малх данманна.
Нур а, бакъ а шеца долуш гуттаренна.
Аса бакъдерг эр ду сайна хуучух,—
Лууш ду суна шу сайх тешар, —
И дара тохара паччахьан заманчохь,
Нохчийчохь ламанаш шаьш гIийла доьлхуш,
Хьаннашца пепнаш а гIайгIанна цIийзаш,
Арешкахь а дей-буьйсий халкъо ца лоруш,
Дара суна хезий хIара илли олуш:
«Хьо шен гIоргIахь тIейоьлхийла,
ХIай сийна стигла,
Ведъеш, ахьа оьккхийтийла
Паччахьан хIара зама,
ЦIен цIаст хилла, тIейоьлхийла,
ХIай сийна стигла,
ЙогIур яц-теша тхуна бакъонан зама?
Тоьпан молха хилла тIейоьлхийла,
ХIай сийна стигла,
Ахьа, худуш, йойийла паччахьан хIара зама!
Сийна цIе хилла тIейогIийла,
ХIай сийна стигла,
ЙогIур яц-теша тхуна бакъонан зама?»
Иштта и балин-гIайгIанан илли

Суна олуш хезара массо а маьIехь,
ХIинца керлачу бахаман керла илли
Доггах олуш ду Нохчийчохь массо а маьIехь:
«Оха тхаьш тхайна керла бахам хIоттабо
Къинхьегаман турпалчу куьйгашца,
Оха мало ца йо, тхан пхенашкахь кхеххаш го
Турпала цIий хIайттараллица.
Iаьржачу лаьтто а
Тхуна ялтин илли боху!
Аьчго, болато а
Тхуна машенийн илли боху!
Шийла латта,
Тхуна буто кIора туьйсуш, лелха!
КIорга латта,
Тхуна Iаьржа деши луш, кхехка!
Лекха лаьмнаш,
Тхуна хазнаш луш, гIергIа!
Тхан хьекъалаш а,
Тхуна Iилма оьцуш, кхехка!
Оха тхаьш тхайна керла бахам хIоттабо
Къинхьегамхойн турпалчу куьйгашца,
Оха мало ца йо, тхан пхенашкахь кхеххаш го
Турпала цIий хIайттараллица!»
Иштта и хаза илли
Со стигална хеза,
Иштта и керла илли
Суна а дукхадеза.
Декъала хуьлда
Социализман турпала хIайттархой!
Декъала хуьлда
Дешица нур догIу шун бакъонан некъ!
Декъала хуьлда
Тахана итт шо кхочу шун Нохчийн Автономин некъ!

Ахьа дош доьху, Iаьржа латта?
Делахь ала, хьуна а ду дош.
Маьлхан, стиглан теш хIотта
Хьуо а доллу, боху ахьа?
Ала, ца сецош.
«Уггар хьалха, чилла санна, цIена,
Лепарца лепаш чилланан,
Бамба санна, кIеда,

Беттан нур шеца догу,
Хаза, тешамен,
Мерза маршалла ду хьоь
Итт шо кхочу Советан Нохчийчоь!
Хьо маршонца, диканца,
Хьайн сийлахь даржаца ехийла,
Хьайн хиллачу кхиамашца
Хьан кхин а кхиамаш хуьйла!
Со Іаьржачу лаьттана
Куралла йора сийначу стиглано,
Бац, бохуш, сан букъ тІехь къегина
Дашо малх, кхелина догучу нуьро.
ХІинца-м йийр яц суна куралла стиглано:
Сан букъ кхолуш хьо дІахІоьттина, бакъонан малх,
Цунна къера хуьлуш а элира стиглано:
«ХІинца Іаьржачу лаьтта тІехь а кхетта дашо малх». —
Аса эр ду цхьа-ши дош,
Тахана, вайн сийлахьчу кху дийнахь,
И ду харцо гучуйоккхуш,
Лелийна паччахьан аьрзо буйнахь
Со Іаьржа буто латта.
Сайна тІехь халкъан цІогІа хезаш,
Луьрчу цІогІанца цхьа тата
Сайн букъ тІехула керчаш,
Хийла сатухуш со Іийра,
Хедаш буха ца доьдуш.
Нохчаша ца бохуш-м ца Іийра
Паччахьан зама а эцна ца эккхаш,
Сан букъ тІехь Нохчийчохь а
Лоьхкуш паччахьа шен пхьаьрчий.
Долуш Іаьржа дІовш шена чохь
Деттара луьра цІогІа, бакъдерг доьхкий.
«Массо а къомахо доьшуш,
Дешний хилаза йиш яц!» —
Боху хІинца Ленинан партис.
ХІай дашо малх!
Шу, хІай сийна стигланаш!
Ша Іа хилла башхо,
ЭхІ,
Цу шиннан юкъ къастош!
Иштта и дар-кх сан ала,
ХІай къинхьегаман халкъаш!

Тахана шу долуш вовшахкхетта
Хазахета! ХIай къинхьегаман халкъаш,
Декъала хуьлда шу, социализман турпала хIайттархой!
Декъала хуьлда Нохчийн Автономин итт шо кхачар!
Декъала хуьлда аша суна тIехь бен керла болх!
Хууш хуьлда шуна хьанлуш со дIахIоттар!
Болда аша даиман а суна тIехь керла болх!»—
Иштта хазчу эшарца дисна
Iаьржа латтанаш а вайна,
Иштта хазачу мукъамца ека
Стигал а, вайца ша тайна,
Иштта нуьрца лоь
Дашо малх а вайга,
Цу дашо а вайн мостагI-лаьхьа боь,
Хуьлий дIовш, дужий, цуьнан бага.
Амма мостагIа вижна ца Iуьллу,
Иза, хьул а лой, гIурту бохам бан,
Цо шен ма-хуьллу эладита кхуллу,
Цуьнан харцо Iаьвжина, вайн ду цуьнга ала:
Iаьржа мархаш мел дуьхьалйийларх,
Мохо, чено, догIано
Сийна стигланаш мел кхолаярх,
Малх — малх хиланза буьсур бац,—
Цуьнга терра, бакъ а — бакъ хилаза дер дац!
Бакъ — иза малх бу,
Бакъ а, малх а — иза паргIато ю —
Иза ленинизм ю,
Малх, бутт, седа боцуш
Дуьне хила йиш юй? —
Цуьнга терра ленинизм а йоцуш
Дуьне хила йиш яц!
Дуьненахь а иза ца тоьлча йиш яц!
Цуьнца болу дика болх вайца ца гуш бац,
Цуьнца цхьаьна со воллу ала:
И хеза гIовгIа —
Ярташ йохуш,
Ярташ ягош, зударий, бераш дойуш,
Деникинан тоьпан яц!
И гIовгIа ю — трактораи гIовгIа,
Цо, къинхьегамхойн бахамаш тобан,
Латтанаш этIош, керчош, йо цIена гIовгIа.
Со воллу тахана иза ала а —

Цо керчон латта — иза мехкадайн дац,
Цу латтанийн доладеш хьоладай бац,
Иза къехойн, колхозхойн аре ю, ала!
Со воллу, и йогIу машен
КIайн эскар далош, церан гIирсаш бахьаш
Ца йогIу, ца йогIу, ала!
И машен йогIу
Вайна — къинхьегамхошна «Сельмашстройра»,
Бахаман, белхан машенаш яхьаш,
Вайн мехкадаьттанан гIирсаш бахьаш.
Со воллу, и угIу яйш
Нохчашна тIелата
Орца доьхуш ца угIу, ала, —
И яйш угIу промыслашкара, заводашкара
Нохчийн, оьрсийн белхалошка,
БархI сахьт даьккхинарш паргIатдовла,
СадаьIнарш балха хIитта,
Бохуш, угIу, ала!
Со воллу, цу фабзаводашкахь кхиош,
Вайн социализман турпала хIайттархой,
Вайн турпала белхан кадехой,
Шайн пхенашкахь цIий кхехкаш жигархой —
Советан пролетархой бу, ала!

1933 ш.

ХАЛКЪАН ИЛЛЕШ, ЭШАРШ

ПАЧЧАХЬАН ЗАМАНАХЬЛЕРАЧЕХ ИЗА ХІУНДА ВИГИ?

(Паччахьан заманчохь, шен тІехьийза кІант сибрех вахийтича, йоІа лекхна йиш)

И хІунда виги-теша,
И хІунда ваха-теша, мама?
Юьртана хьалхара
Ма вайна вели,
Ма вайна вели-кх, мама!
Хийла кІанат
Орцахвелира, мама,
Борзанан хІусаме
Уьш цхьаьна берзийра, мама,
Вай со яла цуьнан,
Шен нана яла цуьнан, мама!..

ХІинций-хІинций
И вогІу бохуш.
ГІийла хьоьжу-кх, мама!..
И вогІучу новкъа
Муьжгаш дуьйлу-кх, мама!
Сетташ догІучу
Цу соьлжан йистехь,
Мел оьзда и лаьттира, мама!..
Тхойшиъ лаьттинчу
ГІум таса юьйли-кх, мама!
Паччахьан хьаькмаша,
Дийцина ели-кх, боху,
Молланаша, хьаьжоша
Марчо оьхьу-кх, мама!
Цуьнан мерза езар
Йоьлхуш лела-кх, мама!
Вай со яла цуьнан,
И нана яла цуьнан,
Йоьлхуш лела
Со езар яла цуьнан, мама!

БЕЗАМ

(Хьалха заманчохь, шена тӀе зуда ялийча,
бухарчо лекхна йиш)

Бахана безам
Бахале хьалха,
Хилла ойла
Хилале хьалха,
Вовзале хьалха,
Везале хьалха,
Хьоь яле хьалха
ТӀе ялаяле хьалха
Хьо веллехьара, —
Ца йоьлху ярий со-м.

* * *

ХIей доьду олхазар,
Хьо стенга доьду?
Можа малх схьакхетар
Ца моьтту ахьа лоьху.
Мел паргIат леста хьо
Хьайн дуткъачу тIемашца,
Мел паргIат ду хьуна
ХIара шуьйра дуьне!
Бехк боцуш туьйхи суна
ХIара болат буржал,
ПаргIато езарна, суна
Хьовзайи мостагIчо гел.
Ахьа ала, олхазар,
Паччахьан хIара Iедал,
Ахьа ала, олхазар,
Ца деза хIара Iедал.
Ахьа ала, олхазар,
Цу халкъе, вовшахкхета,
Ахьа ала, олхазар,
ПаргIатонан байракх айа.
Ахьа ала, олхазар,
Цуьнца бу дика болх,
Ахьа ала, олхазар,
Цуьнца ю нийсо — цIен болх.

* * *

Сийна хIорд буьрса ловза
Хьо доккхачу дуьненчохь,
Пелаг хьакха чIара ца буьтуш,
Сийна цIе шуьйра хьовза
Хьо доккхачу дуьненчохь,
Можа погон, чим беш, ягош.

* * *

Дицдала ца туьгу дуьненчохь
Вешин когех тоьхна борзанан буржал,
Бицбала ца туьгу дуьненчохь
Вешин логах тесна шайтIанан шад.
Базаран балоз муьшах хьоькхуш,
ЦIанъяза тангIалкхаш лекха хIиттош,
И попан гIант кIел а хIиттош,
И гатанан тIоьрмиг коьртах буллуш...
И мерза ваша ирча кхазар
Дицдала ца туьгу дуьненан кийрахь,
Вицвала ца туьгу Iиллинарг ненан кийрахь,
Муха вицлур ву, дуьненахь харц дукха ду,
баьхнарг?
Муха вицлур ву, дуьненахь бакъ деза, баьхнарг?
Муха вицлур ву, гIийлачунна ницкъ ма бе,
баьхнарг?
ДагавогIу хьо, мерза ваша, цу хазчу Iуьйренца,
ДагавогIу хьо, дика ваша, йогIучу суьйренца,
ДагавогIу хьо, сийначу бацаца кошан барз гича,
ДагавогIу, кIайн киса марчонна хьарчош гича...

ЛАМАНАН ЛЕЧА

Буьйсанна хан яьлча,
Буьйса юкъал тIехъиккхича,
Леча цIевзира, бах,
Массо а маьIIе хьийзаш,
Леча цIевзира, бах,
Массо а маьIIе цIогIа детташ.
Цунна дуьхьал дистхилира
РегIан кIайн куьйра.
Дуьхьал цIогIа туьйхира
Цу регIан куьйрано:
«Ламанах ва дуьйлуш,
Аренга ва дуьйлуш,
Аренан олхазарш
ЦIогIанца самадохуш,
И хьуьнан акхарой
Маьхьарца самадохуш,
Хьо хIунда цIийза,
Ламанан хьо леча?
Хьо хIунда тийжа,
ТIам Iаьржа хьо леча?
Хьо хIунда цIийза
Буьйсанна хан яьлча?
Хьо хIунда тийжа,
Де дуьзна дахча?
ТIаккха дистхилира, бах,
Ламанан и леча,
ТIаккха цуьнга элира, бах,
ТIам Iаьржачу лечано:
«Со дер цIийза,
РегIан кIайн куьйра,
Со дер кхойкху,

РегIан кIайн куьйра,
Букъ сийна догIу Терк
Вайшиннан доза ду, бохуш,
Юьхь сийна хIутту Терк
Вайшиннан юкъ ю, бохуш».
Цунна дуьхьал цIевзира, бах.
РегIан и кIайн куьйра.
Цунна жоп делира, бах,
РегIан цу куьйрано:
«Ахьа доза ма детта,
ХIай ламанан ва леча,
Ахьа доза ма детта,
Хьуо оьзда ду, бохуш.
Ахьа доза ма детта,
Хьуо ламанца ду, бохуш,
Ахьа доза ма детта,
Хьуо кура ду, бохуш.
Бакъ ма ду, ламанан хьо леча,
Ийдалал лаха хьо дуьйлуш,
Ижонна хьо лесташ
Кхин леларг цахилар, хьо леча».
ТIаккха цIогIа туьйхира, бах,
Ламанан цу лечано,
Дуьхьал цIевзира, бах,
Курра каде и леча:
«РегIан кIайн куьйра,
Дагца йина чIагIо ю сан,
РегIан кIайн куьйра,
Хьоьца дан къамел ду сан...
Ламанан сос бууш,
Соьлжан хи ва муьйлуш,
Хьуьнан кIорге ва буьйлуш,
Ша гIийла ва цIийзаш,
Басна та ва белла
Къоркхокха ва санна,
Хьох нускал ва дина,
Хьо къиге маре дала.
Кхин хьо дист ма хилалахь,
ХIай регIан кIайн куьйра!
Кхин хьо схьа ма цIовзалахь,
РегIан хьо кIайн куьйра!»

БАДУЕВН ЗАМАНАХЬЛЕРАЧЕХ

ІАЬРЖА ЛАТТАНАШ

Мохь туьйхира, боху,
Іаьржачу латтанаша
Лакхарчу лаьмнашка:
«ХІун хьал ду шуьгахь,
ХІай лекха ламанаш?» —
«ХІай Іаьржа латтанаш,
Вон хьал дац тхоьгахь.
Ду аьлла хетий шуна
Вон хьал тхан кийрахь?!
ХІай Іаьржа латтанаш,
И цІоькъалом санна,
Асланбек майра
Майрачу эскарца
Тхан букъ тІехь левзина,
Шен мостагІий хьохь хьерчош,
Дуткъа тарраш ва сеттош,
Эпсарийн кортош дохуш,
Къинхьегамхой шеца ва болуш, —
ХІинца ян куралла ю тхан,
ХІай Іаьржа латтанаш,
И майра Асланбек
Тхох дукха ва хьирчина,
Тхох бІо шен булуш.
Тхуна тІе иза листина,
Тхо хьеший ва хеташ.
Тхуна тІе иза веара,
Деникинан эскаран мостагІа хилла,
ІЦунна гІо оха дора,
Цунна иза шера хаьара,
Цуьнан накъостий а бара.
Уьш бертахь цхьаьна лелара.

ДегIах дог ца диллинера,
Къинхьегаман халкъан хьалхе цо яькккхинера,
ПаргIато яккха иза майра лийтира,
ПаргIато яккха иза чIогIа лийтира.
Иштта сий долу майра Асланбек,
Иштта хьомсара Асланбек
Кхиийна оха, хIай Iаьржа латтанаш.
Тхан хьаша и вара, хIай Iаьржа латтанаш.
И сийлалла ю-кх тхоьгахь, хIай шийла латтанаш».
И шайна делла жоп ца лайна,
И шайга хазийна дош ца дезна,
Мохь туьйхира латтанаша лаьмнашка,
ЦIогIа туьйхира латтанаша лаьмнашка:
«Куралла ма ейша,
ХIай лекха лаьмнаш,
Сий долу Асланбек
Шаьш кхиорах тайна!
Куралла ма ейша,
ХIай лекха ламанаш,
И майра Асланбек
Хиларх шайца тайна.
Летта шуна, ламанаш,
Тхан ондачу букъ тIехь а хьомсар Асланбек.
Сий долу и Асланбек
Лелла шуна, лаьмнаш,
Тхан букъ тIехь а.
И хьомсар Асланбек,
Луьра цIогIа, тур детташ,
Летта шуна, лаьмнаш,
МостагIчух тхан букъ тIехь а.
Дог майра Асланбек,
Дуткъа тур детташ,
Летта шуна, лаьмнаш.
МостагIчух тхан букъ тIехь а.
Цуьнан майрачу накъосташна
Хилла шуна, лаьмнаш,
Тхо а гIо деш.
Ю цуьнан памятник тхан букъ тIехь,
Ма ейша куралла,
ХIай лакхара лаьмнаш,
Шун-м йиш яций, куралла,
И кура куралла еш,

Тхоьга кхайкха, хIай лаьмнаш!»
ТIаккха доьхна хьаьвзира
И лекха ламанаш,
Мохь тоьхна дистхилира
Чергазийн раьгIнашка:
«ХIай еха раьгIнаш,
Чергазийн шу раьгIнаш!
Куралла йин тхуна
Iаьржачу латтанаша.
Шаьш гIело йин тхуна
Цу буто латтанаша.
Тхан хьомсар Асланбек
Шайн букъ тIехь а летта, боху,
Тхан майра Асланбек
Шайн букъ тIехь а лелла, боху.
Иштта куралла йин тхуна
Iаьржачу латтанаша.
Уьш лекха хьоьжу тхоьга,
И Iаьржа латтанаш.
ХIун ала деза оха,
Чергазийн ва раьгIнаш?
Мел гIийла ховший тхо,
Чергазийн ва раьгIнаш!
Царна дуьхьал йистхилира
Чергазийн и раьгIнаш,
Царна шаьш жоп делира
Чергазийн раьгIнаша:
«ХIай лекха лаьмнаш,
Шу чехка дистхила
Iаьржачу латтанашка.
ХIай лекха ламанаш,
Аша чехка ала
Цу буто латтанашка:
«Къинхьегаман халкъана
Сий долу Асланбек
ДагавогIур ву гуттар а,
Тхо лаьмнашка хьаьжча,
Къинхьегаман халкъана
И майра Асланбек
Вицлур вац цкъа а,
Тхо лаьмнаш мел ду».
Билгало еца шу, лекха ламанаш,

Билгало еца шун букъ тIера хьаннаш,
Билгало еца шун кура баххьаш,
Яцъян еза куралла
Шу лаьмнаша лаьттана:
Цхьабосса вежарий
Вай дерриге а ду,
Цхьабосса вежарий —
Латта, лам, рагI — вай ду».

БАЛА

Бала мел бу,
Бала балхийча,
Iилманан нахе
Бала балхийча, —
Церан Iилманаш
Кхочур дарий-теша?
Хаза хIусам,
Хаза кIанат
Хьанна ца веза,
Мел дукхавеза!
Вай, со яла алийша, —
Лалларла, лалларла, —
Нана яла, алийша, —
Лалларла, лалларла.
ГIайгIа мел ю,
ГIайгIа ялхийча,
Керлачу нахе
ГIайгIа ялхийча, —
Церан хьекъалаш
Кхочур ду, боху.
И полла хьийза
Бархатан бацалхула,
Зезаг тIе хуьйшуш,
Мерза мутт муьйлуш.
Тхан йижарий лела
ГIаланашкахула доьшуш,
Iилманаш Iамош,
Йозанаш шардеш.
Вай, тхо а дига алийша, —
Лалларла, лалларла, —
Доьлхуш ду, алийша, —
Лалларла, лалларла.

КЕРЛА ЙИШ

Лекхачу, баьццарчу бархатан
Духарца лаьттачу диттах
Боьзнера бинжолг муьшаца,
Колхозан ялтин цу арахь.
Хаза, цIена белхан
Духарца йолу Маржан
Яра хоьхкуш мело
Бинжолг, гIодеш ХIижан.
ХIинца яра садоIу хан.
ХIара шиъ яра эшарш лоькхуш.
Кхаьрца Iара Хьава Iалнерханан.
Кхара локхура йиш сакъералуш:
Хьайна лаахь,
Ростох йига,
Хьайна лаахь,
Москох йига.
Ваха лаахь,
Колхозе гIо,
Деша лаахь,
Школе гIо.

* * *

Жима Зайнди
Комсомол ву, бохийца, —
Дарийда, аддада, —
Хаза Зайнди
Доьшуш ву, бохийца, —
Дарийда, аддада.
ХІумма а дац, —
Дарийда, аддада, —
КІадда а бац, —
Дарийда, аддада.
Жима Зайнди
Суна вита, —
Дарийда, аддада.
Хаза Зайнди
Суна хила, —
Дарийда, аддада...

* * *

Хьан болар
Хаза ду,
Хьо сетташ вала,
Къорза стерчий
Тайна ду,
Хьо балха вала!
Хьан ва́лар
Хаза ду,
Дурс-алий вала,
ДІавижар
Аьхна ду,
Охане вала!..

* * *

ХIей боьду сийна кхокха,
Хьо Ростох ца боьду-теша?
Хьуо Ростох бодахь, хьайна Мусост гахь,
Цуьнга кховдаделахь мерза маршалла.
ХIей боьду сийна кхокха,
Хьуна иза ца гира-теша?
Цу хазчу гIалахь Мусост хьайна гахь,
Цуьнга кховдош, маршалла ахь алалахь:
«Маьлхо ца юьйцу шен къайле,
Батто ца юьйцу шен къайле —
Ахьа а ма йийца хьайн къайле:
Цавезачунна хуур ю вайн къайле».

* * *

Генна арара
Гучубелира малх суна.
И дара Іуьйренца,
Тхи дожале шаптал тІера,
Со Іуьллура пондарца,
Волуш суо сов тІера
Ала керла илли
Сайн керлачу маттаца,
Ала доггах илли
Керлачу бахамах.
Аьхкенан байн мох
Сов хаза серсара.
Со Іечу дитта тІера,
И шаптал юьйжира
Цхьа шаптал сайн карахь
Суна карийра,
И шаптал хиллера
Суна ша тІера,
ХІай, беркат яІ-кх,
Хьан мерза хи!
ХІай, беркат яІ-кх,
Хьан мерза мутта!
ХІай, тамаш яІ-кх,
Хьан хаза васт!
ХІай, тамаш яІ-кх,
Мел хаза леста!
Хилаза йиш яц
Мерза стом вайн бешахь,

Безаза йиш яц
Хаза стом вайн бешахь.
Ца хилча йиш яц
Бакъо тоьлла,
Хила йиш яц
Харцо тоьлла!

С. БАДУЕВХ

ДАГАЛЕЦАМАШ

МОХЬМАД МАМАКАЕВ

Сийлахь яздархо — вищ ца лун накъост

1928-чу шарахь дара иза. Айса язйина цхьацца хIумнаш а эцна, хIетахь вайн хиллачу «Серло» газетан редакце веара со.

Газетан редакторан Эльдарханов Iисин кабинета чохь Iисица цхьаьна, соьга маршалла а луш, хьалагIаьттира къона стаг, декъано дуткъа юьхь-сибат а долуш, коьрта тIехь яьлла Iаьржа месаш а йолуш, тIеюьйхина кIайчу гатанан, ветанца хаза хьалаэцна шуьйра пхьуьйшаш долу коч а йолуш, гIодехь кхаа коьчалца кечдина нохчийн дуткъа доьхка а долуш. Ша хаъал сол воккха воллушехь, бехк лоцуш, юьхьа тIехь цIий а велла, суна меттиг луш, неIарехьа велира къона стаг.

— ХIара вевзий хьуна? — аьлла шен марара со дIа а хоьцуш, куьг кховдийра Iисас къоначу стагехьа.

Дукъа-даккхийчу цIоцкъамашна кIелхьара дог цIена сайга хьуьйсучу бIаьргашна хьалха лаьттара со, «ца вевза» ала а ца хIуттуш. Кхета-кха иштта стаг — хьуна вевзаш вацахь а, сов чIогIа вовза а лууш, бIаьрг ма-кхийтти дагна веза а луш волу.

— Хьажал, хIара гой хьуна? — аьлла, шен стоьл тIера схьа а эцна, юткъа книга елира Iисас. Механа дорах сирачу кехатах йинчу книгин мужалта тIехь:

«СаIид Бадуев
ЦIеран арц
(Дийцарш)
Нохчийн зорба «Серло»
Соьлжа гIала, 1928 шо», —

аьлла, дийшира аса. ТIевахана, сайн цIе а йоккхуш, Бадуевн куьг лецира аса, ваша карийча санна, хазахеташ.

Цул хьалха «Серло» газета тIехь СаIида язйина стихаш ешнера аса, кхоччуш йолу церан дикалла дагахь а юьсуш. Амма вевзаш СаIид гина вацара со.

Аса редакце еана сан поэма СаIидехь а юьсуш, цо язйина «ЦIеран арц» соьгахь а юьсуш, доттагIаш хилла дIасакъаьстира тхойшиъ цу сарахь.

Охьахиинчуьра хьала ца айалуш, цхьайолчу меттехь юхюха а йоьшуш, цу буса ешна чекхъяьккхира аса Бадуевс язйина «ЦIеран арц»...

Нажаев Ахьмада а, Дудаев Iабдис а, Сальмурзаев Мохьмада а язйина вайн маттахь исбаьхьаллин литературех хIумнаш цул хьалха а ешнера аса, амма исбаьхьаллин бакъйолу литература вайн маттахь а юйла «ЦIеран арц» айса ешчахь хиира суна. Иза ешчахь кхийтира со вайн къоман хIетахь кога яха гIерташ йолчу исбаьхьаллин литературехь керла аз кхиъна ца Iаш, вайн къоман воккха яздархо кхуьуш хиларх.

Цунна цхьанна — вайн сийлахьчу поэтана, — СаIидана декхарийлахь ву со сайн хIетахь дуьххьара араяьлла поэма «ЦIий хуьйдина лаьмнаш» иллелла шеца кIезиг долуш, амма цуьнан метта аса цу тIехь буьйца нах дийна хиларна а, шайн гIуллакх жигара лелалуш, дахарехь ма-хиллара уьш хиларна а, цу поэмин могIанаш тахна а, хIетахь санна, довха хиларна а.

Ша иза а дина, хIара а дина бохуш ша-шен хестораш а ца деш, гIуллакх алсам а деш, хабар кIезиг а дуьйцуш, гIуллакх дан хууш вара СаIид. Шегара чот йоцуш дукха доьхуш, шена сов кIезиг доьхуш, есачу кураллех цхьа зирх шеца боцуш вара иза балхахь а, дахарехь а.

Цкъа а ца дицло суна... «ЦаIебас зуда ялор» бохуш йолу бегашина пьеса язъеш СаIид волчу хенахь дара иза.

— «ЦаIеба» воьшур вара аса, шу ладогIа дагIахьара, — аьлла, со а, соьца кхин цхьа накъост а вигира цо цкъа ша волчу.

СаIида болх бечу цIа чохь ура-атталла стол а яцара. Со цецваьлла хьаьвзичахь, цхьана маьIIера схьатаккхийна цо, цигаьркаш, я пряникаш чохь хилла и йоккха яьшка цIенкъа юккъе а хIоттийна, тишочу куза тIе охьаховшийра тхо. ТIаккха яьшки чуьра басна а, барамна а тайп-тайпана долчу кехатийн цIов схьа а эцна, деша волавелира СаIид.

Пьесехь дакъалоцуш болчийн шен-шен забар а хIоттош, аз

айдеш, я лахдеш, йоьшура цо иза. КІордор ца хаалуш, синкъерамехь дІаяхара тхуна СаІида и ешна хан.

Сарахь тхо дІасадоьлхуш:

— СаІид, стол мукъана а эцахьа хьайна, — аса шега аьлча, шен йоккхачу яьшки тІера негІар хьала а айина:

— ХІинца а юзаза йолу хІара гой хьуна? — аьлла, яьшки чохь Іохку кехатийн цІевнаш кего волавелира и тхойшинна.— Стоьла тІехь ца язло соьга, Мохьмад, лаьтта хиъна, я воьдуш бен, — элира соьга СаІида, вела а велла.

КІеда кабинет я хаьххкина ваха конка оьшуш ван а вацара СаІид. Цхьангге а хІума ца доьхуш, волий гІаш, я новкъахь карийначу ворданца воьдий, оьшуш дерг хууш, толлуш, лахьош чекхволура и ярташкахула. Иштта яздина ду цуьнан нисделла дийцарш, «Тракторист Жуьнид»... иза санна кхидерш а.

Дуккха а диканиг дан дагахь вара СаІид, ша виснехьара. Оцу айса йийцинчу СаІидан яьшки чохь дуккха а хІуманаш яра: язъян йолийна роман а, йолийначу операн кескаш, чот йоцуш дукха стихаш а, дийцарш а дара и йоккха яьшка юьзина бохург санна.

Ша ондачу хьекъалехь воккха яздархо хиларе хьаьжжина, нохчийн исбаьхьаллин литературехь массо а тайпана тІаьхье йитина вайна СаІида. Иллеш, стихаш, поэмаш, дийцарш яздина ца Іа СаІид.

Бадуев воккха яздархо вара. Вацара, дера, цо стихаш язйо аьлла-м. Стихаш язъеш дукха бу, амма цара яздинарг, тахана дешча, кхана дицло. Хьан дагахь де а хІума а ца дуьсуш.

Бадуевс яздинарг, ахьа мел дешарх, ца кІордадо, цо хьо верриге а меттахвоккху, замано шир ца деш, тахана а, ткъа шо хьалха санна, керла къегина лаьтта.

«ЦІен гІап», «ЦаІебина зуда ялор», уьш санна кхечу шен пьесашца бакъонца вайн къоман къона театр кхоьллинчех уггаре а воккханиг хуьлий хІутту СаІид Бадуев тахана а вайна хьалха.

СаІидан йоккхачу литературан тІаьхьалонна юккъехь ша къаьсттана меттиг лоцуш ю цо язйина поэма «ПетІамат».

Доцца хІун ду цу поэмехь яздархочо вайна хоуьйтург?

Паччахьан Іедало бен ницкъ ла а ца лой, гІевттинчу къечу нехан корта, ахархо Дуда, лоций, хан тухий, сибарех вохуьйту. Дудас, ша сибарех хьажош, шен йоІ ПетІамат, кхин шен хьалхара стаг воцу дела, юьртан моллица юьту, Іалашъе хІара, олий.

Эхь доцчу моллас дукха хан ялале ПетIаматана шен дагара хоуьйту. ЙоIа чIогIа дуьхьало йо моллин лаамна. ТIаккха моллас, массо а орцахвоккхий, ПетIамат, нахаца лелаш ю, олий, харц мотт а бой, бехйо. Моллин накъостий, мутаIелаш а, хьаьжо а цхьабосса айало, моллина орцахбевлла, ПетIамат, бехъеш кIел а йитина, хIаллакьян еза, олий.

КIайчу гIовтална кIел лечкъо моллин Iаьржа дог ма-дарра шена девзича, ПетIамата олу:

«Хьайн езар ца хилча,
Ехка, ахьа боху.
Аса кхайкхор хIинца хьо,
Ма-варра вуьйцуш!
Аса гойтур халкъана хьо,
Куьзган чохь варжош!»

ПетIамата кIайниг кIайн ду бахарх, цхьа а ца хIутту иза бакъду аьлла моллина дуьхьалвала. Цхьаьнггара а гIо доцуш йисинчу ПетIамата тIаккха делера орца доьху:

«Да сибрех вахийтина,
ГIийла бо дара со,
Моллас дагар хаийтарна,
ХIаллакьхуьлуш ю со.
ХIай дела! ХIай дела!
Хьоьга сан дехар ду!
ХIай дела! ХIай дела!
Со кхара юьйш ма ю!»

ТIаккха а шена даьлла орца ца гучу ПетIамата хоьтту деле:

«ХIара йоккха харцо
Ахьа муха ловш ю?»

ПетIаматана шаьшка кхин хIума ца даделча, моллас и шаьш даьккхина эладита ПетIаматана тIехьийзаш волчу обарг Мусостах дIатуху. Мусоста, къайлах вогIий, ПетIаматах а кхетий, луьра хеттарш до йоIе.

— Бакъ ма дац иза, со ца езачара даьккхина эладита ду иза. Ма теша царех, — дехар до Мусосте ПетIамата. Мусост ца теша йоIах. ТIаккха и ла́ ца делла ПетIамат, дог а гIеллой, охьаюжу.

Шен керлачу новкъахь ша бакъхиларх тешна, бе а ма-

шар боцуш, майра гIаьттина яздархо шен халкъ, шен хьоме Даймохк боданна кIел сацо гIертачарна дуьхьал.

Дешан герз а эцна, шен халкъан бакъо къовса аравала мадийззи, хиира Бадуевна, шен къоман докъазаллин орам мичахь боллу. Мотт-эладита ги а доьллина, массо а дикачух, сирлачух къинхьегамхойн догдаккха гIерташ, деша мел воьдург «делах воккхуш», керла мел долош дерг, «далла дуьхьал ду» олий, сийсаздеш, моллий, шайххий, кулаккий орцах мавелли, хиира СаIидана, халкъан уггаре а воккха мостагI мила ву. Цундела тамаша бан ца оьшу Бадуевс шен герзан уггаре а ира юьхьиг царна тIе ерзаярх.

Цунах хIинца а кхоччуш кхетаза болчу вайн цхьаболчу накъосташа кхин цкъа а, кхин цкъа а ешча новкъа хир дацара Бадуевс ткъе диъ шо хьалха язйина поэма «ПетIамат».

СаIид Бадуевс язйина коьрта произведенеш йийца воьлча, дуккха а язда деза. СаIид Бадуев нохчийн исбаьхьаллин литературехь тIаьхьалонна дийца ондда хIума ду. И кIоргга схьа а лаьцна, талла а, дийца а шен хенахь стаг карор ву. ХIокху кIезигчу дийцарца дуккха а ала тар ца ло.

Вайн къоман хьоме, сийлахь яздархо, и вевзаш, цуьнца цхьаьна болхбинчу тхуна цкъа а виц ца лун накъост СаIид Бадуев массарна а дагаваийта лаар дара со кху дийцарна тIехь лаца гIоьртинарг.

«Ленинан некъ», 1957 шо, 15 декабрь.

БИЛАЛ САИДОВ

Суна иза дика вевзара

«Хьуна Бадуев СаIид вевзарий, и дага вогIий хьуна»? — олий хотту соьга хийламмо а, дукхазза а.

ХIаъ, суна иза дика вевзара. Дага-м муххале а вогIу. Дага муха ца вогIу, дагара цкъа а дIаваьлла а ца хилча! Ма-варра вевзинчунна иза вицвала тарлуш а дац.

ТаьIано бIаьргаш а долуш, даима, цхьана хIуманан кIоргера ойлаеш санна, хабийна хьаьжан юкъ а йолуш, юккъерчу дегIахь волу иза къамелана башха тIера вацара. Къамелдеш волчунна тамана наггахь дош алар, велакъажар бен, ша дукха лен хууш а, я и дезаш а вацара. Амма иза доккха похIма долуш, башхачу корматаллин стаг вара. Шен халкъан ирсехьа, и ирс сирла а, дуьззина а хилийтарехьа дIахьочу къийсамехь кIадо йоцуш а, майра а вара. Шираллехь кхолладеллачу къизачу Iадаташца, динан зуламечу гIуллакхашца, уьш даржош болчу динан дайшца дIахьочу къийсамехь кIадвалар ца девзаш, вухавер воцуш бIаьхо вара СаIид.

Доккха маьIна долчу цу къийсамна юккъера и дIаваккха гIерташ, шайн ма-хуьллу къахьийгира молланаша, кулакаша, церан хьадалчаша, цхьаболчу цуьнан шен гергарчара а. Цара цунна вижинчохь гIевланга хIайкалш дохкура, иза, дала нажжазвина, жинашца тайна ву, бохуш. Самаваьлча гIевлангахь хIайкалш, жайнаш, къорIан карадойтура цкъацкъа, уьш шена гича, иза царех Iехаваларе догдохуш, шаьш цуьнан гIайгIабо, моттийта гIерташ. Цхьаболчара «хьехарш» дора, вукхара кхе-

рамаш туьйсура я хьостура. Амма СаIид цу доллучо а Iеха а, я кхера а ца вора — цара уьш мел лелий, иза мелхо а карзахволура, тIаьхь-тIаьхьа язйийриг кхин а кIорггера уьш Iорабохуш, доггах язйора цо.

Литературни массо а жанрашкахь язъя ша говза а, каде а воллушехьа, кхечунах дагавала даго ца вуьтуш а, кураллица шех тоамбина а вацара иза. Цунна хIумма а эхь ца хетара, ша шек верг хьовха, ша тешна верг а кхечуьнга хатта. Иза дарца цо, нагахь шен мелла а хиллехь, шеко дIайоккхура, хийца дезарг хуьйцура, ткъа уьш цхьа а ца хиллехь, ша яздинарг дагца къобалдой, шен сапаргIатдоккхура.

Цо шен цIера араваьлла йоккху хан ерриге а бохург санна театрехь йоккхура. Массо а репетицехь, спектаклехь хуьлура. Ша пьеса язъя волавелчахьана, хIора ша яздина сурт режиссерана, актерашна доьшура, и пьеса хIотто кечъечу хенахь, царна гIодеш, балха тIехь жигара дакъа а лоцура. Царна дагадеана пайдехь дерг магадора, шена луучух уьш тешабора. Иштта цхьаьна бинчу белхан тIаьхье, иза иштта хила а мадеззара, боккха кхиам болуш а хуьлура.

Тхо хIетахь, 1931—1933-чуй а, цул тIаьхьарчу а шерашкахь, хIора бIаьста а, гурахь а Нохчийчуьрчу массо а бохург санна ярташкахула чекхдовлура, спектаклаш, концерташ хIиттош. Тхох театр а, агитбригада а олура. Коьртачу декъана, тхо ян а яра агитбригада. ХIора тхаьш ара мосазза довлу, оха Бадуевс язйина керла пьеса-спектакль хьора. Уьш яра «Дайн Iедал», «Гуттар а ца хуьлу моллина мовлад», «Марха досту де», «Большевикийн хьалхара бIаьсте», «Политотдел, «Ламанаш хийцало», «Дашо Iам», «ЦаIебина зуда ялор», «ЦIен гIап», иштта дIа кхин а.

Районашка тхо доьлхучу хенахь СаIид гуттар а бохург санна тхоьца цхьаьна хуьлура. ХIетахь хIинца санна машинаш яцара, автобусаш-м тхуна дагахь а яцара. Дукхахьолахь тоъал-ворда-хIургон а ца хуьлура. Цхьа говр южучу ворданах, я цхьана хIургонах тоамбан дезаш меттиг а нислора. ТIаккха тхо, тхешан декорацеш, костюмаш, риквизит цу тIе а тарйой, тхаьш улле довлий, гIаш доьлхура. Иштачу хьелашкахь а СаIида бIо ца къажабора, тхан гIоьнча хилла, тхуна юххе вала. Тхо дIадоьлхуш новкъахь а, тхаьш доьлхучу дIакхаьчча а, меттигерчу хьелашка хьожжий, цо шен пьеса, кIезиг-дукха хуьйций, тойора, оха цу сохьта и хийцам сцени тIехь дIахIоттабора.

Тхо даьхкина хаза а хеташ, тхоьга хьовса богIура нах. Ам-

ма шайн бIаьргах доллу дитт санна, тхо новкъа хеташ берш а бара. Акхачу хено кхоьллинчу Iадатан боданехь халкъ латтош, шарIан бакъонашца и къиза дацош, нехан хьацарх бехаш болчарна тхо дезийла а яцара. Тхешан спектаклашца, хIора тхешан дашца оха царна синметта тухура. И спектаклаш, и дешнаш тхуна Бадуев СаIида яздора.

«Политотдел» цIе йолу пьеса эцна Теркайистехула тхо лелаш, цхьана юьртахь дов хьедира Бадуевга а, цу пьеси тIехь парторган роль ловзош волчу соьга а, юьртан «тхьамданаш» ду шаьш, бохуш, схьахIиттинчу цхьана наха. Кхин дIа тхоьга и пьеса ца хIоттаяйта гIоьртира уьш. Амма цу юьртара дукхахдолу адамаш тхоьгахьа девлира. Цаьрга уьш юьртан тхьамданаш цахилар дIа а хаийтира. Тхаьш юьхьарлаьцна некъ оха буьззина чакхбаькхира.

Керлачу дIахIоттаман мостагIаша шайн дан дерг дерриге а дора, тхан театрах догдаккха гIерташ, цуьнан болх юкъахбита гIерташ. Жухаргаш баьхкина, бохуш, тхо сийсаздеш, тIехбеттамаш бора, тхоьга хьовса нах ца бахкийта гIерташ, новкъарлонаш йора. Тхан дайшка-наношка тхо дIахьедеш меттигаш а хуьлура. Цу доллучуьнан а бахьана — СаIида язъечу пьесийн чулацамехь цаьрца болу къийсам ира а, кIоршамен а хилар дара.

Къаьсттана дагахь лаьтта суна Йоккхачу АтагIахь тхаьш «ЦIен гIап» хIоттийна цхьа де. Иза дара 1933-чу шарахь со виц ца веллехь, 10-чу июлехь, Нохчийн автономни итт шо кхачар даздеш. И терахь даздеш билгалдаккхар дIадаьхьира, хIунда делахь а, Йоккхачу АтагIахь. Цига гулделла дукха адам дара, коьртачу декъана Нохчийчуьрий, ГIалгIайчуьрий партизанаш хилларш а болуш. Цу пьеси тIехь эпсар Юсупан а, пулеметчик Петровн а, жухурган а ролаш ловзош а, спектакль дIахьош режиссеран помощник а вара со. Пьесин кхоалгIачу суртехь яра, масала, цхьа меттиг.

Сан «да» — хьолада Тимарсолта волчу сакъера вогIу инарла Теневич, шеца шен жима кIант Генри а валош. Цунна улле бевлла богIу пурстоп а, эпсар а, молла а, юьртада а.
Шайн сакъоьруш Iаччохь цара сацадо и синкъерам эвлал арахьа цхьана хазчу меттехь дIабахьа а, циггахь, нехан цхьацца а, шишша а урд юкъадоьдуш, сан «дена» алссам мохк бала а.

Пустоьпан хьадалчаш а, юьртада а, туркх а мохк бустуш бу, аьлла а хезна, эвлайисте девллачу адамашна юкъахь ю цхьалха йисна цхьа йоккха стаг. Цуьнан цхьаъ бен доцу урд а ду цу сан «дена» бала схьахадочу махка юкъа доьдуш. Уг-

гар синкъерам хьербаьллачу хенахь, шийлачу маьхьарца йогIий, схьаэккха иза инарла волчу. Коьртара тиша корталин тIуьйлиг когашка а ккхуссуш, цунна хьалха берталъюжу иза, шен цхьаъ бен доцу урд Тимарсолтина лучу махка юкъа цадахийтар доьхуш. Цо дог Iовжош а, чIогIа а балхабо шен бала, цу цхьана уьрдах а ялахь, шен дан амал цахилар. Амма цо лелориг чIогIа кIоршамен, оьзда доцуш гIуллакх хета Тимарсолтин кIантана, эпсарна Юсупана. Иза, схьахетарехь, Орцин Тапин васт дара, и роль ловзош со вара.

Юсупана бала бацара иза йоккха а, цхьа а хиларан, цу уьрдах яьлча и мацалла лийриг хиларан. Цунна новкъа дерг — иза шайн синкъерамана юкъа эккхар дара. Цо инарлин синтем бохорна кхоьрура иза. И йоккха стаг а, къанбелла мукадахка а инарлина цхьабосса хиларх кхета хьекъал ца кхечира цуьнан циггахь, дукха сихваларна. Цо иза, маьттазчу дешнашца човхайой, цхьа ирча мийра тухий, карчайой дIайохуьйтора. Сов къиза, Iаткъамен яра и меттиг, и сурт ас лоре а хIоттадора. Амма оцу сайн доггах хьовзарна духьал маьIIаргона сайн дахар дIалуш хиллера ас...

Оха пьеса хIотточу хенахь «зала» чохь (рагIу кIел) хьовсуш болчарна юккъехь Iаш волу цхьа воккха стаг — партизан, и сурт бакъ тарделла, тиларчу вахана, тапчех ка а тоьхна, суна аьлча а, эпсарна дена олуш, хьалаиккхича, Казалиев СаIида, тIекхетта схьа а лаьцна, сацийнера: «ДIавала! Ахь хIун до? Нехан стаг воь ахь, уьш-м иштта сурт хIоттош актераш бай», — аьлла. «И тайпа сурт а ма хIиттаде-кх суна, — аьлла, вехьа а вехьаш, халла охьахиънера воккха стаг.

Иштта ницкъболуш, чулацамна кIорга, боккхачу Iаткъамен яра Бадуевн пьесаш. Цо ша гIо а деш, и пьесаш чIогIа дика хIиттайора, режиссера Мамед-заде Алилис, коьртачу режиссера А. А. Тугановс куьйгалла а деш. Эшарш язйора Г. Мепурновс, декорацеш, костюмаш кечйора художникан М. М. Сагиянан куьйгаллица. Бадуевн пьесашка хIетале хьаьжнера областера ялх эзар къинхьегамхо [1].

Цу хенахь облисполкоман жоьпаллин секретарь хилла Казалиев СаIид хIинца персональни пенсионер ву.

Юьхь-сибат сел кIоршаме доцуш, шех бIаьрг ца бодуш, дашца, амалца сел кIеда-мерза, дагца сел сирла волчу Бадуевна мичара йолура а хаац оццул йоккха оьгIазло шен герза-

---

[1] Хьажа: Газета «Серло», 1933 ш., 29 июнь.

ца — къоламца — классан мостагIашца луьрчу къийсаме и волучу хенахь. Кехат хьалха диллина, къолам каралаьцна, ша охьахиъча, церан зуламе къизаллий, шен цаьрга болу цабезаммий бен, кхин хIумма а цунна гора моьттуш а вац со. Шен хьекъалан ираллица, дешан говзаллица, шен боллучу ницкъаца, цхьа а шеко шеца йоцуш, дуьхьал вара иза царна.

Гуттара а цхьана хIуманан-м, ойлаеш хуьлура СаIид. Иза хаалора цуьнан бIаьргех а, шина бIаьрган юкъ тIехабийна хиларх а. Шеца цхьаьна волу къамелахо цунна вицлуш меттиг а йогIура. Юха ша цунах кхиъча, чIогIа юьхьIаьржахIуттий хьовзура иза. Цу хьокъехь дало масалш дуккха а дара. Делахь а сайна дагадогIучех цхьаъ хьахор ду ас.

Тхойша вара цхьана дийнахь сарахьо Первомайски садан кертахь лаьтташ. ХIетахь театро болх цигахь бора йовхачу хенахь. Цу кертарчу фонтанан терхи тIе цхьа ког а баькккхина, сайн дагахь цхьа чIоггIа къамелдеш лаьттара со СаIида-ца. Ткъа, шен ойланашка ваханчу цунна цхьа наггахь дош бен ас дуьйцург хезаш а ца хиллера. ЦIеххьана кисанара блокнот схьа а яькккхина, цу тIе цхьаъ-м дIаяздира СаIида (блокнот цуьнгахь гуттара а, массанхьа а хуьлура). Цо лелочух кхеттачу ас, блокнот схьагайта, элира. ТIаккха дагаваьлла иза юьхьIаьржахIоьттина хьаьвзира, цIийвелла кхохкийра.

— Цу тIехь-м хIумма а дацара, дIагайта а, ца гайта а. Со ахь дуьйцург хезаш-м вара хьуна, — элира цо.

Делахь а, со Iанне а ца Iийча, схьагайтира. Цу тIехь цо эццахь дIаяздинарг: «Пхьидан санна, и ши бIаьрг тIе а хиъна...» — дара. Оцу фонтанна юккъехь, хи хьалакхуьссучу цIузамна юххехь, бетонан терхи тIехь, хье юккъехь ши бIаьрг а болуш, цхьа йоккха пхьид яра Iаш, хIумма а тхойшиннах эхь а ца хеташ. И гиначу СаIида и васт схьаэцнера, шен дийцаршкахь я пьесаш тIехь ша реза воцчу стеган сурт кхуллучахь и далорхьама. Ткъа суна, и пхьид сайна бIозза гича а, и дага а догIур дацара...

СаIидан амалех, гIиллакхех, корматаллех ма-дарра дийца воьлча, мел йоккха а книга язлур яра.

Доцца аьлча, бакъдерг цхьаъ ду: цунах лаьцна дийца дуккха а хилар а, мел дукха а шех лаьцна диканиг дийца хьакъ долуш иза хилар а. Цуьнан кхолларалли мах, дийцарийн, пьесийн, стихийн идейни чулацам тахана а лахбелла бац, уьш язйина дуккха а шераш дIаихннашехьа.

Суна иза дика вевзара. Іаламат дукха а везара. Сан дагара цкъа а и дІаваьлла вац. Я ва́ла тарлуш а дац. Хьалхе цунах къаьстина къахьо лайнехь а, цуьнан дийна цахиларо тахана а сайн дагна лазам хьегІахь а, со воккхаве сайна иза вевзина хиларх, цуьнгара мелла а хьекъал эца суо кхиарх.

ЗАЙНДИ ДЖАМАЛХАНОВ

Адамаллин дог-ойла

Суна беран хенахь дуьйна дукхаезаелира халкъан барта кхолларалла а, исбаьхьаллин литература а. Со юьхьанцарчу классашкахь волуш дуьйна суна чIогIа марзделира книгаш ешар, къаьсттана барта кхолларалин а, исбаьхьаллин литературан а произведенеш ешар. Суна барта кхолларалла а, литература а езаяларан коьрта бахьана дара барта кхолларалла, турпалаллин иллеш, дийцарш, кицанаш дика хууш сан вежарий а, иштта тхан да-нана а хилар.

Аса къаьсттана хазахеташ йоьшура нохчийн советски исбаьхьаллин литературан бухдIахIоттурхочун СаIид Бадуевн а, иштта кхечу яздархойн — Ш. Айсхановн а, М. Мамакаевн а, Н. Музаевн а, тIаьхьо I. Мамакаевн а произведенеш.

Берахь дуьйна церан кхолларалла йоьшуш а, Iамош а, уьш гаре сатуьйсуш а вара со. Дуьххьара суна С. Бадуев а, Ш. Айсханов а гира со 5-чу классехь доьшуш, жима пионер волчу хенахь. Иза дара СССР-н яздархойн Ерригсоюзни I-ра съезд хиллачул тIаьхьа, 1934—1935-чуй дешаран шарахь. Тхо, дуккха а школашкара пионераш а, дешархой а, Грозный-гIала Кировн цIарах йолчу парке а, Пионерийн двореце а далийра. Школийн исбаьхьаллин самодеятельносташа дика концерт а елира. Ш. Айсханов а, С. Бадуев а суна гира, концерт чекхъяьлча, садаIа арадевлча, паркан кертахь. Церан сборникаш тIехь сайна гиначу портретех вевзира суна и шиъ. Эхьхетташехь, со, де дика а деш, цу шинна тIевахана, вистхилира. Ас цаьршинга элира суо уьш ган лууш хилар а, Лаха-Неврехь

5-чу классехь доьшуш пионер суо хилар а, айса церан произведенеш чIогIа хазахеташ йоьшуш хилар а, цхьаболчу баккхийчу а, кегийчу а наха а, иштта шаьш цхьаьнакхетча дешархоша а, цIахь доьзалехь, лулахь а дукхамма а, чIогIа тидаме ла а дугIуш, церан произведенеш сайга йоьшуьйтуш хилар а. Тхан луларчу воккхачу стага ХIиблин Идарза кест-кеста йоьшуьйтура соьга церан произведенеш а, иштта «Робинзон Крузо» цIе йолу книга а. Со цу хенахь дуьйна вайн барта кхолларалла гулъеш, иза дIаязъя волавеллера. Цаьрга иза а элира ас. С. Бадуевс а, Ш. Айсхановс а, воккхачуьнга санна, чIогIа тидаме а, гIиллакхе а ладуьйгIира соьга.

Иза суна чIогIа хазахийтира. Ш. Айсхановс элира: «ХIара кIант сан юьртахо хилла. ХIара хьенан ву, суна хIинца хаьа. Уьш сан гергара нах бу. Дика ду ахь хьуо вовзийтина. Суна дика хета ахь фольклор гулъян йолийна а, литература дукхаезаш Iамош хьо хилар а». С. Бадуевс элира: «Мало а ца еш, тIевирзина дешар Iамор а, литература дукхаезар а, Iамор а эрна довр дац. Иза дика ду. Вайн барта кхолларалла дIаязъеш а, гулъеш а хилар чIогIа мехала гIуллакх ду. Иза халкъан хьекъалан йоккха хазна ю. Оха тхайн кхолларалле хь а пайдаоьцу цуьнан хазнех а, меттан говзаллех а. Цуьнан марзо дагна а, ойланна а чIогIа хаалуш ю». Суна чIогIа хазахеташ а, со воккхавевеш а дара гIараваьлачу шина яздархочуьнца сайн къамел хилар а, уьш сайна гар а. Айса цаьрца, воккхачо санна, къамел дарна сайна бехк цабиллар дийхира аса. Цу шимма элира, иза бехке дац, мелхо а товш ду гIиллакхе вистхилар а, стагана дикачу агIор ша вовзийтар а.

1960-чу шарахь Нохч-ГIалгIайн книжни издательствехь, ас гулйина, кечйина, со хIоттийнарг а, корректор а волуш, арахийцира С. Бадуевн «Хаьржина произведенеш». Цул тIаьхьа М. Сулаевс гулйина, кечйина арахийцира цуьнан кхийолу произведенеш а.

Ас гулйина кечйинчу С. Бадуевн «Хаьржинчу произведенешна» юкъахь яра хIара произведенеш: «ПетIамат» цIе йолу роман а, пьеса а, повесташ «Бешто», «ЦIеран арц», дийцарш: «ГIу», «Зайнап», «Олдум», «Баудди», «Iадат», «Кабиха» «Чарх», «Iимран», «Бекхам», очеркаш: «Тракторхо Жуьнид», «Тхан хьехархо Максим Горький».

Казахстанехь со болх беш волуш а С. Бадуевн цхьайолу произведенеш соьгахь йолуш а яра, кегийчара а, баккхийчара а кест-кеста соьга еша а йоьшуьйтура уьш, царах дика самукъа а долура церан. Кегийчу наха а, мехкарша а С. Бадуевн

произведенешкарчу турпалхойн цIераш а техкинера вовшашна, масала: Олдум, Баудди, Кулсам, Бешто, Бусана, Бета, Зикара, Iусама, Хизар, и. дI. кх.

Цу хенахь соьгахь ца йиснера «Бешто» повесть, хIунда аьлча, соьгара ехна яьхьначу жимачу стага иза суна юха ца ерзийнера. И повесть, дага а лоьцуш, дIаязъеш, юьззина меттахIотто ницкъ кхечира сан, иза сайна дагахь хууш хиларе терра. «Бешто» повесть, гIалат ца волуш, ерриге а дIаязйина а хиллера ас. Цуьнан произведенех суна уггаре а хазахеташ ерг и повесть яра. С. Бадуевн исбаьхьаллин кхолларалин дог ларa мегар ду цуьнан башха повесть «Бешто».

Суна цкъа а диц ца луш, дагахь лаьтташ ду адамаллин догойла а, къинхетамен ойла а, адамаллин тоьлла амалш а къестош говза аьлла долу С. Бадуевн башха дешнаш: «Стага шен дегIана там хилча тоам бан ца беза. Стага шен сакъераделлачу меттехь шена юххерчуьнга ладогIа деза» («Бекхам» дийцар, I-ра корта); «Тховсалера пхьуьйран хан кху шинна воккхавер дохьуш хIоьттинехь а, цхьа адам халла дечу къурдашца гIийла тийжо мегаш-м дара. Масане стаг хир ву, шена дика болх хилчхьана, шена гергара цIий хеназа, маьIна доцуш дакъадаларх бен ца хеташ» («Бешто» повесть, VI-гIа корта): «Ша дукха а везна, шех теша а тешна, шега еана гIийла зуда дала орца доцуш хIаллакьхуьлучу заманчохь и кIелхьараяккха Iусамина эхь хIунда хийтира-теша?» («Iадат» дийцар)...

Иштта диц ца луш, даг тIера ца довлуш говза дешнаш ду С. Бадуевн «Олдум» цIе йолчу произведенехь жимачу олхазаран хьокъехь долу воккхачу стеган дийцар. Цу дийцарехь ду цкъа а дицлур доцуш долу жимачу олхазаро хьалдолчу стаге бехк боккхуш аьлла долу дешнаш. Олхазаро цу стаге кху кепара аьлла хилла: «Суна ца хаьара, хьан сох сакъералойла, суна ца моьттура, хьуна сайх синкъерам баьлла. Адамана хьалха суьлхьаналла бен доцу со, сох синкъерам баьлла хилла-кх хьуна. Сан гIайгIанах хьан кийрара гIайгIа ешна хилла-кх.

ХIан-хIа, со кхин хьуна декар дац, ас сайн гIайгIа хьуна кхин ялхор яц, тоьар ду, масийтта баттахь сан бIаьргех ихна къаьхьа хин тIадамаш хьан дегIах дулий, чIогIачу мерзачу маларо санна, хьо вахийна кеп йина латтийча. Со хьан самукъадаккха гIерташ ца даьллинера хIинццалц, ас хьуна ялхориг сайн гIайгIа яра, хьоьгара орца доьхуш. Хьо цунах кхета волуш а ца хилла. Суна и хуур дацара, тохара суна улло деанчу олхазаро сан гIайгIанах хьуна синкъерам баьллийла соьга

ца хаийтинехьара. Цо соьга и хаа а хаийтира, со хьуна кхин ца декаш саца а сецна...

Ца хаьара хьуна, со, суьйренна сайн кхаа кIорнина ижу а яхьаш, сайн бен чу деанчу заманчохь бухахь сайн кIорнеш а ца карийна, шийлачу маьхьарца, цIеначу дагара дуткъачу озанца сайна орца доьхуш, декча, ас деттачу цIогIанах са а къераделла, со хьуна доьхкинчу хьуьнан хехочо со лаьцнийла? Ца хаьара, сайн кIорнеш куьйранан мара яхана-теша, меца Iохку-теша, чевнаш хилла Iохку-теша, бохуш, де-буьйса ца лоруш, сайна хуучу маттаца, сайн долчу озанца и сайн доьзал лаха со маьрша дита, бохуш сан делхар дарийла?

Ца хаьара хьуна, цу сайн доьзалшна цкъа со тIекхача маьрша дитахьара, бохуш, хIинццалц, доьлхуш, ас хьуна ялхийначу сан гIайгIанах хьайн коьртера бала бешнийла? Кхин со хьуна декар дац! Кхин со хьуна доьлхур дац кхин ас сайн гIайгIанах хьуна синкъерам ца боккху». Иштта аьлла, олхазар ца декаш сецча, цу стага олхазар дIахецнера».

Суна дагадогIу, кегийчу наха юьртахь, мехкаршка къамелдеш, цаьрга шайн безам буьйцуш, кицанан хьесапехь масална а далош, чIогIа хьекъале а, адамаллин дог-ойла кхайкхош а, хазахеташ а дара говзачу яздархочо шен дийцарехь далийна и говза а, хьекъале а башха дешнаш.

Нохчийн воккхачу яздархочо С. Бадуевс шен кхолларалехь говза а, кхетаме а пайдаэцна меттан суртхIотточу гIирсех а, меттан исбаьхьаллин башхаллех а: эпитетех, дустарех, метафорех, метонимех, символах, синекдохах, гиперболах, риторически (говзачу) хаттарех, риторически тIедерзарх, синтаксически параллелизмах.

С. Бадуевн произведенийн мотт шера а, кхета атта а, хьекъална ира а, кIорггера а, хаза а, дика суртхIоттош а, исбаьхьа а бу. Цуьнан меттан говзалло дагадохкуьйту сийлахьволкхачу пролетарски яздархочо А. М. Горькийс литературни меттан тоьллачу башхаллех а, кхетачу меттан мехаллех а лаьцна аьлла башха дешнаш. Уьш кху кепара ду: «Кхета аттачу, сирлачу дешнашца ала а лур доцуш хIума данне а дац. Владимир Ильич Ленина харцдан йиш йоццуш гайтина иза: язде доца а, кхета атта а, дешнийн къайленаш йоцуш а. Хазаллин гIайгIа ма е: хазалла ша-шах гучуер ю».

БИЛГАЛДАХАРШ

ДИЙЦАРШ, ОЧЕРКАШ, РОМАНАН КИЙСИГ

«IАДАТ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1930-чу шарахь Бадуев СаIидан, «Iадаташ» (1-ра дакъа) цIе а йолуш, Соьлжа-ГIалахь араяьллачу сборника тIехь (5—20 агIонаш). ШозлагIа зорбатоьхна 1933-чу шарахь С. Бадуевн, «ЦIеран арц—ЦIен гIап» цIе а йолуш, Соьлжа-ГIалахь араевллачу хаьржинаршна тIехь (61—70 агIонаш). Цул тIаьхьа — 1933-чу шарахь — Айсханов Шамсуддис, Хаджиев Ризваний хIоттийначу «Литературан дешаран жайна» (4-чу классана) тIехь (31—40 агIонаш), 1960-чу шарахь — Грозный гIалахь араевллачу С. Бадуевн «Хаьржинаршна» тIехь (148—159 агIонаш).

ХIокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана дийцаран текст кечйина 1930-чу шарахь зорбатоьхначу текста тIера.

«ОЛДУМ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1930-чу шарахь Бадуев СаIидан, «Iадаташ» (1-ра дакъа) цIе а йолуш, Соьлжа-ГIалахь араяьллачу сборника тIехь (21—35 агIонаш). ШозлагIа зорбатоьхна 1933-чу шарахь С. Бадуевн, «ЦIеран арц — ЦIен гIап» цIе а йолуш, Соьлжа-ГIалахь араевллачу хаьржинаршна тIехь (71—79 агIонаш). Цул тIаьхьа зорбатоьхна 1960-чу шарахь Грозный гIалахь араевллачу С. Бадуевн «Хаьржинаршна» тIехь. (126—136 агIонаш). «Олдум» дийцар 60—70-чуй ше-

рашкахь арайийллачу нохчийн школашна леринчу хрестоматешна юкъадахана.

ХIокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана дийцаран текст кечйина 1930-чу шарахь зорбатоьхначу текста тIера.

«БАУДДИ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1930-чу шарахь С. Бадуевн, «Iадаташ» (1-ра дакъа) цIе а йолуш, Соьлжа-ГIалахь араяьллачу сборника тIехь (36—51 агIонаш). ШозлагIа зорбатоьхна 1933-чу шарахь С. Бадуевн, «ЦIеран арц — ЦIен гIап» цIе а йолуш, Соьлжа-ГIалахь араевллачу хаьржинаршна тIехь (80—89 агIонаш). Цул тIаьхьа зорбатоьхна 1960-чу шарахь «Хаьржинаршна» тIехь (137—147 агIонаш). «Баудди» дийцар 60—70-чуй шерашкахь арайийллачу нохчийн школашна леринчу хрестоматешна юкъадахана.

ХIокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана дийцаран текст кечйина 1930-чу шарахь зорбатоьхначу текста тIера.

«ЗАЙНАП»

Дуьххьара зорбатоьхна 1930-чу шарахь Бадуев СаIидан, «Iадаташ» (1-ра дакъа) цIе а йолуш, Соьлжа-ГIалахь араяьллачу сборника тIехь (52—58 агIонаш). ШозлагIа зорбатоьхна 1933-чу шарахь С. Бадуевн, «ЦIеран арц — ЦIен гIап» цIе а йолуш, Соьлжа-ГIалахь араевллачу хаьржинаршна тIехь (90—93 агIонаш), 1935-чу шарахь «Ленинан некъ» газета тIехь (№№ 237—241, 243—246) зорбатуьйхира. Цул тIаьхьа зорбатоьхна 1960-чу шарахь Грозный гIалахь араевллачу С. Бадуевн «Хаьржинаршна» тIехь (121—125 агIонаш). «Зайнап» дийцар 60—70-чуй шерашкахь зорбанера арайийллачу нохчийн школашна леринчу хрестоматешна юкъадахана.

ХIокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана дийцаран текст кечйина 1930-чу шарахь зорбатоьхначу текста тIера.

«ГIУ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1930-чу шарахь Бадуев СаIидан, «Iадаташ» цIе а йолуш (1-ра дакъа), Соьлжа-ГIалахь араяьллачу сборника тIехь (59—62 агIонаш). ШозлагIа зорба-

тоьхна 1933-чу шарахь С. Бадуевн, «ЦIеран арц — ЦIен гIап» цIе а йолуш, Соьлжа-ГIалахь араевллачу хаьржинаршна тIехь (94—95 агIонаш). Цул тIаьхьа зорбатоьхна 1960-чу шарахь Грозный гIалахь араевллачу С. Бадуевн «Хаьржинаршна» тIехь (118—120 агIонаш). 60—70-чуй шерашкахь зорбанера арайийллачу нохчийн школашна леринчу хрестоматешна юкъаяхана дийцаран текст.

ХIокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана текст кечйина 1930-чу шарахь зорбатоьхначу текста тIера.

«КАБИХА»

Дуьххьара зорбатоьхна 1930-чу шарахь Бадуев СаIидан, «Хабарш, иллеш, поэмаш» цIе а йолуш, Соьлжа-ГIалахь араяьллачу сборника тIехь (16—23 агIонаш). ШозлагIа зорбатоьхна 1933-чу шарахь С. Бадуевн, «ЦIеран арц — ЦIен гIап» цIе йолуш, Соьлжа-ГIалахь араевллачу хаьржинаршна тIехь (219—224 агIонаш). Цул тIаьхьа — 1960-чу шарахь Грозный гIалахь араевллачу цуьнан «Хаьржинаршна» тIехь (160—165 агIонаш).

ХIокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана дийцаран текст кечйина 1930-чу шарахь зорбатоьхначу текста тIера.

«ЧАРХ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1930-чу шарахь Бадуев СаIидан «Хабарш, иллеш, поэмаш» цIе йолуш Соьлжа-ГIалахь араяьллачу сборника тIехь (30—31 агIонаш). Цул тIаьхьа — 1933-чу шарахь С. Бадуевн «ЦIеран арц — ЦIен гIап» цIе йолуш Соьлжа-ГIалахь араевллачу хаьржинаршна тIехь (229—230 агIонаш). Кхозлаха — 1960-чу шарахь Грозный гIалахь араевллачу цуьнан «Хаьржинаршна» тIехь (166—167 агIонаш).

Новеллин хIокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана текст кечйина 1930-чу шарахь зорбатоьхначу текста тIера.

«IИМРАН»

Дуьххьара зорбатоьхна 1933-чу шарахь Бадуев СаIидан, «ЦIеран арц — ЦIен гIап» цIе а йолуш, Соьлжа-ГIалахь араевллачу хаьржинаршна тIехь (171—180 агIонаш). Цул тIаьхьа

зорбатоьхна 1960-чу шарахь Грозный гІалахь араевллачу цуьнан «Хаьржинаршна» тІехь (168—178 агІонаш).

ХІокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана текст кечйина 1933-чу шарахь зорбатоьхначу текста тІера.

«БЕКХАМ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1930-чу шарахь Бадуев СаІидан, «Іадаташ» (2—3 дакъош) цІе а йолуш, араяьллачу повестийн, дийцарийн сборника тІехь (62—83 агІонаш). ШозлагІа зорбатоьхна 1933-чу шарахь С. Бадуевн, «ЦІеран арц — ЦІен гІап» цІе а йолуш, Соьлжа-ГІалахь араевллачу хаьржинаршна тІехь (132—146 агІонаш). Цул тІаьхьа — 1960-чу шарахь Грозный гІалахь араевллачу «Хаьржинаршна» тІехь (179—193 агІонаш).

ХІокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана дийцаран текст кечйина 1930-чу шарахь яздархочо ша зорбатоьхначу текста тІера.

ХІетахьлерачу текстан тІаьххьаралерачу предложенина хьалхаранг кху кепара яра: «Ца хаьа суна-м, дешархо, хьо хьуо гуш ву-кх: нохчийн муьлхха а Іадат схьалаьцна хьаьжча, иза шех зулам далазий, бохам ца болушший дац-кх». И метиг кху книги тІехь яцйина.

«МАРХА»

Дуьххьара зорбатоьхна 1930-чу шеран 18 январехь «Серло» газета тІехь. ХІетахь дуьйна цхьанххьа а зорбатоьхна ца хилла. ХІокху гулйинчу сочиненешна юкъайохуьйтург и текст ю.

«МИЛА ВУ БЕХКЕ?»

Дуьххьара зорбатоьхна 1931-чу шарахь Соьлжа-ГІалахь цхьана книжкица арахецна (12 агІо). ШозлагІа зорбатоьхна 1933-чу шарахь «ЦІеран арц — ЦІен гІап» цІе йолуш Соьлжа-ГІалахь араевллачу С. Бадуевн хаьржинаршна тІехь (147—152 агІонаш).

ХІокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана дийцаран текст кечйина 1931-чу шарахь араяьллачу текста тІера.

«МОЦУ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1933-чу шарахь Бадуев СаIидан, «ЦIеран арц — ЦIен гIап» цIе а йолуш, Соьлжа-ГIалахь араевллачу хаьржинаршна тIехь (181—187 агIонаш). Дийцар яздинарг ву ДегIастанара яздархо Iабдулла Башир. Иза, литературно тодеш, гочдина Бадуев СаIида.

ХIокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана дийцаран текст 1933-чу шеран Бадуевн хаьржинаршна тIера текст ю.

««ДУККХАННАХ ЦХЬАЪ»

Дуьххьара зорбатоьхна ша арадаьлла и дийцар 1929-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь. ХIетахь дийцаран цIе «Дуккханна юккъера цхьаъ» яра. Цуьнан автор ДегIастанара Iабдулла Башир ву. Амма Бадуев СаIида, ша гочдеш, литературно тодеш, дуккха а болхбина цу тIехь. ШозлагIа зорбатоьхна 1933-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь араевллачу СаIидан «ЦIеран арц—ЦIен гIап» хаьржинаршна тIехь (188—213 агIонаш). Оцу книги юкъа «Дуккханнах цхьаъ» цIе а йолуш дахара и дийцар.

ХIокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана дийцаран текст схьаэцна 1933-чу шарахь араевллачу С. Бадуевн хаьржинаршна тIера.

«ГIУРБА»

Нохчийн маттахь дуьххьара зорбатоьхна хан хIинца а къаьстина яц. Хетарехь, и дийцар Бадуев СаIида яздина 1930-чу шарахь. 1931-чу шарахь, гIалгIайн матте а даьккхина, Буру гIалахь (Орджоникидзехь) зорбатоьхна ша цхьана книжкица араделира и дийцар. Гочдархо билгалваьккхина вац. ХIетахь дуьйна нохчийн маттахь зорбатоьхна дац.

ХIокху гулйинчу сочиненешна юкъадахийта и дийцар гIалгIайн маттера нохчийн матте даьккхина Туркаев Хьасана.

«ДОХКОВАЛАР»

Нохчийн маттахь дуьххьара зорбатоьхна хан хIинца а къаьстина яц. Хетарехь, и дийцар а яздина Бадуев СаIида 1930-чу шарахь. 1931-чу шарахь, У. Дахкильговс гIалгIайн

матте а даьккхина, Буру гІалахь зорбатоьхна ша цхьана книжкица араделира и дийцар. ХІетахь дуьйна нохчийн маттахь зорбатоьхна дац.

ХІокху гулйинчу сочиненешна юкъадахийта и дийцар гІалгІайн маттера нохчийн матте даьккхина Туркаев Хьасана.

«ЦАДЕШАР — БОДА»

Дуьххьара зорбатоьхна 1929-чу шеран 18-чу майхь арадаьллачу «Серло» газета тІехь. ШозлагІа зорбатуьйхира 1930-чу шарахь Соьлжа-ГІалахь, «Хабарш, иллеш, поэмаш» цІе а йолуш, араяьллачу Бадуевн сборника тІехь (68—77 агІонаш). Цул тІаьхьа дийцарна зорбатуьйхира 1933-чу шарахь «ЦІеран арц — ЦІен гІап» цІе йолчу Бадуевн хаьржинаршна тІехь (230—236 агІонаш). Кхузахь дийцарна «Дешар» аьлла тиллинера яздархочо цІе. Амма оцу массо а зорбанашкахь дийцаран барам алсамбаьккхина а, иэшийна а хІума ца динера яздархочо. Хьалхарчу редакцехь ма-хиллара битина цо дийцаран барам. 1960-чу шарахь Грозный гІалахь араяьллачу Бадуевн «Повесташ, дийцарш, пьесаш» сборника юкъа дахара и дийцар (57—64 агІонаш).

ХІокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана текст кечйина 1929-чу шарахь зорбатоьхначу текста тІера.

«БЕЛХИЙ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1930-чу шарахь «Хабарш, иллеш, поэмаш» цІе йолуш Соьлжа-ГІалахь араяьллачу Бадуев СаІидан сборника тІехь (25—29 агІонаш). ШозлагІа зорбатоьхна 1933-чу шарахь араевллачу Бадуевн «ЦІеран арц — ЦІен гІап» цІе йолчу хаьржинаршна тІехь (225—226 агІонаш). ХІетахь дуьйна кхин зорба ца тоьхнера оцу дийцарна. Оьрсийн маттахь зорбатоьхна 1972-чу шарахь Грозный гІалахь араяьллачу Бадуевн «Огненная гора» сборника тІехь (91—99 агІонаш). Гочйинарг Б. Кауров.

ХІокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана дийцаран текст кечйина 1930-чу шарахь зорбатоьхначу текста тІера.

«КАРБИНКА»

Дуьххьара зорбатоьхна 1934-чу шарахь 18-чу сентябрехь арадаьллачу «Ленинан некъ» газета тIехь. Оцу дийцаро дIайолийра Бадуев СаIидан прозехь граждански тIеман тема. И тема коьрта долчунна поэзехь схьайиллира цо, прозехь цунна тIе боккха тидам бахийта ца кхиънера иза. Дийцар хIетахь дуьйна кхин зорбатоьхна, дацара.

ХIокху гулйинчу сочиненешна юкъаяханарг 1934-чу шеран текст ю.

«БIЕ ДЕ, Я БIЕННАХ ЦХЬАЪ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1930-чу шеран 6-чу февралехь арадаьллачу «Серло» газета тIехь. Газета тIехь хиллачу дийцаран цIе «БIе де, я бIеннах цхьа де» яра. Изза цIе а йолуш зорбатуьйхира дийцарна 1930-чу шарахь «Хабарш, иллеш, поэмаш» цIе йолуш Соьлжа-ГIалахь араяьллачу Бадуевн сборника тIехь (82—87 агIонаш). Цул тIаьхьа—1932-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь, «Итт бIаьсте» цIе а йолуш, нохчийн маттахь араяьллачу нохчийн яздархойн Союзан Оргкомитетан литературно-исбаьхьаллин сборника тIехь (13—15 агIонаш). Цу тIехь дийцаран цIе «БIе, я цхьаъ...» яра. Цул тIаьхьа — 1933-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь, «ЦIеран арц — ЦIен гIап» цIе а йолуш, араевллачу С. Бадуевн хаьржинаршна тIехь (237—240 агIонаш). ХIетахь дийцаран цIе «БIе, я бIеннах цхьаъ» яра. Дийцар оцу массо а зорбанашкахь чулацаман хийцам ца хуьлуш дисира. ТIаьххьара и чулоцуш зорбатоьхна книга — 1964-чу шарахь Грозный гIалахь араяьлла С. Бадуевн «Повестийн, дийцарийн, пьесийн» сборник (53—56 агIонаш) ю.

ХIокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана текст 1930-чу шарахь газета тIехь зорбатоьхна текст ю.

«ТХАН ХЬЕХАРХО МАКСИМ ГОРЬКИЙ»

Чулацаме а, яздаран хотIе а (стиле) хьаьжча, «Тхан хьехархо Максим Горький» документально-публицистически очерк ю. ХIинццалц схьа иза дийцар лорура вайн литературехь. Очерк язйина 1931-чу шарахь, вайн Даймахкахь А. М. Горькийн литературни болх болабелла шовзткъа шо кхачар

даздеш. Очерк тIехь дуьйцург А. М. Горькийн дахаро а, кхолларалло а нохчийн къинхьегаман халкъана биначу революционно-культурни тIеIаткъамах лаьцна ду.

Очеркана дуьххьара зорбатоьхна 1932-чу шарахь Бадуев СаIидан Соьлжа-ГIалахь араяьллачу «Некъан кехат» дийцарийн сборника тIехь. ШозлагIа зорбатоьхна 1932-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь, «Советан Нохчийчоь» цIе а йолуш, арадаьллачу журналан хьалхарчу номерехь (13—16 агIонаш). 1934-чу шеран 15-чу августехь, советски яздархойн хьалхара Ерригсоюзни съезд схьайоьллучу дийнахь, «Ленинан некъ» газета тIехь зорбатуьйхира очеркан цхьа кийсиг — «Лечанан илли». А. М. Горькийн «Песня о соколе» яра иза, Бадуевс гочйина. Цул тIаьхьа — 1960-чу шарахь Грозный гIалахь араевллачу цуьнан «Хаьржинаршна» тIехь (107—112 агIонаш).

ХIокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана очеркан текст кечйина 1932-чу шарахьлерчу «Некъан кехат» сборника тIерачуьнца.

«КЕРЛА НАХ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1934-чу шарахь 15-чу августехь арадаьллачу «Ленинан некъ» газета тIехь. Цул тIаьхьа — 1934-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь араяьллачу «Нохчийн яздархойн дош» сборника тIехь (3—6 агIонаш). «Керла нах» Бадуев СаIида, шен кхолларалле хь промышленно-производственни белхан тема прозехь йолош, язйина хьалхара очерк ю. Очерк тIехь вуьйцуш волу Магомирзаев Мусах тIаьхьо гIараваьлла нефтяник хилира, цо болхбира Даймехкан Восточни нефтяной районашкахь а. Цунна Советски правительствос болх дика барна дуккха а орденаш, медалаш елира.

ХIокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана текст кечйина 1934-чу шарахь «Нохчийн яздархойн дош» сборника тIехь араяьллачу текста тIера.

«ЗАЙНДИ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1935-чу шеран 8—12-чуй сентябрехь арайийллачу «Ленинан некъ» газетан номершкахь. Дийцар яздина Бадуев СаIида Айсханов Шамсуддица цхьаьна. ХIетахь дуьйна зорбатоьхна дацара.

ХIокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана дийцаран текст газета тIера схьаэцна ю.

«ТРАКТОРХО ЖУЬНИД»

Дуьххьара зорбатоьхна 1931-чу шарахь 7-чу ноябрехь арадаьллачу «Серло» газета тIехь. ШозлагIа зорбатоьхна 1932-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь араяьллачу Бадуевн «Некъан кехат» сборника тIехь (11—17 агIонаш). Цул тIаьхьа — 1932-чу шарахь арадаьллачу «Советан Нохчийчоь» журналан 1-чу номерехь (30—33 агIонаш), 1960-чу шарахь Грозный гIалахь араевллачу С. Бадуевн «Хаьржинаршна» тIехь (113—117 агIонаш).

ХIокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана текст 1932-чу шарахь араяьллачу текста тIера кечйина ю.

«ИМАМ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1930-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь «Хабарш, иллеш, поэмаш» цIе йолуш араяьллачу С. Бадуевн сборника тIехь (3—10 агIонаш). ШозлагIа зорбатоьхна 1933-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь араевллачу С. Бадуевн «ЦIеран арц — ЦIен гIап» хаьржинаршна тIехь (214—218 агIонаш). ХIетахь дуьйна кхин зорбатоьхна дац и дийцар.

ХIокху книгина юкъаяхана дийцаран текст кечйина 1930-чу шарахь зорбатоьхначу текста тIера.

«ПРЕДСЕДАТЕЛЬ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1930-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь араяьллачу С. Бадуевн «Хабарш, иллеш, поэмаш» цIе йолчу сборника тIехь (92—96 агIонаш). ХIетахь дийцаран цIе «Юьртан Советан ледара председател» (тIехьа «ь» доцуш) яра. Цул тIаьхьа дийцарна зорбатуьйхира 1933-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь араевллачу С. Бадуевн «ЦIеран арц — ЦIен гIап» хаьржинаршна тIехь (241—243 агIонаш). Оцу сборника тIехь дийцаран цIе «Председател» яра. ХIетахь дуьйна кхин зорба ца тоьхнера оцу дийцарна.

ХIокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана дийцаран текст «ЦIеран арц — ЦIен гIап» тIера схьаэцна ю.

«АЬШПАШ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1930-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь араяьллачу Бадуев СаIидан «Хабарш, иллеш, поэмаш» сбор-

ника тIехь (89—91 агIонаш). ХIетахь дуьйна кхин зорба ца тоьхнера оцу дийцарна.

ХIокху томна юкъаяхана дийцаран текст оцу сборника тIера схьаэцна ю.

«КОЛХОЗХО ХАСИХАНОВ МУЬСЛИ»

Оцу очеркана дуьххьара зорбатоьхна 1930-чу шеран 31-чу октябрехь арадаьллачу «Серло» газета тIехь. ХIетахь дуьйна кхин зорба ца тоьхнера цунна.

ХIокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана текст газета тIера схьаэцна ю.

«АБУ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1929-чу шеран 2-чу декабрехь «Серло» газета тIехь, «ГIуллакх кхиар» цIе а йолуш. ШозлагIа зорбатоьхна 1930-чу шеран 8-чу августехь арадаьллачу «Серло газета» тIехь, «Абу» цIе а йолуш. Цул тIаьхьа — 1930-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь араяьллачу «Хабарш, иллеш, поэмаш» цIе йолчу Бадуевн сборника тIехь (78—81 агIонаш). Оцу сборникана юкъадахана дийцар 1929-чу шарахь газета тIехь хилларг дара. 1930-чу шарахь газета тIехь ша юха зорбатухуш, Бадуевс мелла а хийцира дийцар: турпалхойн цIераш, юьхьиг, чаккхе. «ГIуллакх кхиар» тIехь берш Мунжур, Дербаш вара, ткъа «Абу» тIехь — Абу, Зеврбек. Амма дийцаран композици а, идейни маьIна а хийца ца делира.

«ГIуллакх кхиар» зорбатоьхна 1964-чу шарахь Грозный гIалахь араяьллачу С. Бадуевн «Повестийн, дийцарийн, пьесийн» сборника тIехь (75—77 агIонаш).

Тхуна хетарехь, яздархочо дийцарна йина шолгIа редакци («Абу») хьалхарчул («ГIуллакх кхиар») тоьлашха ю. Цундела хIокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхийтина текст 1930-чу шарахь зорбатоьхна «Абун» текст ю.

«КОНТРАКТАЦИ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1930-чу шеран 13-чу октябрехь «Серло» газета тIехь, «Чекх яккха контрактаци» цIе а йолуш. И дийцар дIадолалора дешнашца: «Хьовсал шу, накъостий, со суо юккъерхо ву. Аса а йинера, юьрто а еш, сайн шина шина-

рех цхьанна контрактаци...» 1930-чу шарахь Соьлжа-ГІалахь араяьллачу шен «Хабарш, иллеш, поэмаш» сборника юкъа ша и дийцар дохуьйтуш (11—15 агІонаш), яздархочо хІара абзац тІетуьйхира дийцарна:

«Накъостий! Сан дехар ду шоь: «ХІан, хІокху нийсачу новкъа гІойша», — бохуш, шайга вайн пачхьалкхо кхийдочу новкъа дІадахар. Цу новкъа дахарца вай вешан бахамаш а, вешан пачхьалкх а тоеш хилча — муххале а. Ца доьлхий шу цу новкъа, аьлча а, ца дой аша, аса санна, пачхьалкхо бохург,— суна хилларг хир ду шуна. Шуна ма моьттийла, накъостий, со массо а заманчохь а пачхьалкхо бохург ца деш вара. И бакъдац, аса хІинццалц сайга аьлларг дора, амма со хІинцца, дукха хан йоццуш, цхьакІеззиг гІалатвелира».

1964-чу шарахь Грозный гІалахь араяьллачу Бадуевн «Повестийн дийцарийн, пьесийн» сборникана юкъадахара и дийцар (71—74 агІонаш).

ХІокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана текст 1930-чу шеран «Хабарш, иллеш, поэмаш» тІера схьаэцна ю.

«НЕКЪАН КЕХАТ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1932-чу шеран 9-чу февралехь араяьллачу «Серло» газета тІехь. ШозлагІа зорбатоьхна 1932-чу шарахь Соьлжа-ГІалахь араяьллачу С. Бадуевн «Некъан кехат» сборника тІехь (3—10 агІонаш). Цул тІаьхьа — 1964-чу шарахь Грозный гІалахь араяьллачу С. Бадуевн «Повестийн, дийцарийн, пьесийн» сборника тІехь (65—70 агІонаш).

ХІокху томна юкъаяхийтина текст схьаэцна «Некъан кекат» сборника тІера.

«ДЕШИН ІАМ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1934-чу шеран 23-чу февралехь арадаьллачу «Серло» газета тІехь. Яздархочо ша билгал мадаккхара, зорбатоьхнарг — язъян цо дагалаьцначу «Дешин Іам» цІе йолчу романан цхьа кийсиг яра. Романан оцу кийсиго а йовзуьйту вайна яздархочо дагалаьцна ойла: иза дагахь хилла, роман ша язъян кхиънехь, селхана юьртара нефтепромыслашка балха веана нохчо ша хьоьгуш долу хьанала къа, шен дуьхьа хьегна а ца Іаш, юкъараллин дуьхьа хьоьгуш хи-

ларан дог-ойланехь вузар гайта. Иштта ву романан декъахь яздархочо вайна вовзийтина жима стаг Бетарби.

Романан дакъа кхин цхьанххьа а зорбатоьхна дацара.

ХIокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхийтинарг газета тIера схьаэцна текст ю.

«КЕМСАШ»

Дуьххьара зорбатоьхна «Ленинан некъ» газетан 1935-чу шеран 18—20-чуй сентябрехь араевллачу номершкахь. И дийцар нохчийн поэтаца Айсханов Шамсуддица цхьаьна яздина Бадуев СаIида. ХIетахь дуьйна зорбатоьхна дацара.

ХIокху книгина юкъаяхийтина дийцаран текст газета тIера схьаэцна ю.

«ФОЛЬКЛОРНИ ЗАБАРИЙН ДИЙЦАРШ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1930-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь араяьллачу Бадуев СаIидан «Хабарш, иллеш, поэмаш» сборника тIехь (96—102 агIонаш). Оцу забарийн цхьаццадолчу дийцаршна юха зорбатуьйхира 1964-чу шарахь Грозный гIалахь араяьллачу Бадуевн «Повесташ, дийцарш, пьесаш» сборника тIехь (83—86 агIонаш).

ХIокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана фольклорни дийцарийн тексташ схьаэцна «Хабарш, иллеш, поэмаш» сборника тIера.

СТАТЬЯШ, КЪАМЕЛ

«З. ШЕРИПОВН СЛОВАРАХ ЛАЬЦНА»

Дуьххьара зорбатоьхна 1929-чу шеран 6-чу июнехь арадаьллачу «Серло» газета тIехь. ХIетахь дуьйна кхин зорба ца тоьхнера оцу статьяна.

ХIокху гулйинчу сочиненешна юкъаяханарг газета тIера текст ю.

«САМАДОВЛА! ХАН ТIЕХЙОЛУШ ЛАЬТТА»

Дуьххьара зорбатоьхна 1929-чу шеран 21-чу ноябрехь арадаьллачу «Серло» газета тIехь. ХIетахь дуьйна кхин зорба ца тоьхнера оцу статьяна.

СССР-н ЯЗДАРХОЙН ОРГКОМИТЕТАН ХЬАЛХАРЧУ (ШОРЙИНЧУ) ПЛЕНУМЕХЬ ДИНА КЪАМЕЛ (1932 Ш.)

СССР-н яздархойн Оргкомитетан хьалхара пленум хилира 1932-чу шеран 3-чу ноябрехь Москва гIалахь. Оцу пленумехь Къилбаседа-Кавказера шина векало бен ца дира къамел — Бадуев СаIидий, ДегIастанарчу яздархочо Капиев Эфендисий.

Бадуевс дина къамел хIинццалца зорбатоьхна дацара. Дуьненан литературан институтан архивехь Туркаев Хьасанна карийна литературни Iилманна юкъадалийна и къамел (Хьажа: Архив ИМЛИ, ф. 41, оп. 1, ед. хр. 24, лл. 64—68).

СТИХАШ

«МАРГIАЛАН СИНТАРЕ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1929-чу шеран 24-чу февралехь арадаьллачу «Серло» газета тIехь. ШозлагIа — 1930-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь араяьллачу «Хабарш, иллеш, поэмаш» цIе йолчу Бадуевн сборника тIехь (59 агIо). Цул тIаьхьа — 1931-чу шарахь 10-чу январехь арадаьллачу «Серло» газета тIехь. Кхузахь поэта билгалдаьккхира: «Кху тIехь бохуш дерг яздархочуьнга бохуш ду», — аьлла.

ХIокху томна юкъаяхана стихотворенин текст схьаэцна 1930-чу шеран сборника тIера.

«ВАЙН БЕШ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1935-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь араяьллачу Бадуев СаIидан «Вайн беш» цIе йолчу стихийн сборника тIехь (26—28 агIонаш). ШозлагIа — 1968-чу шарахь Грозный гIалахь араяьллачу цуьнан стихийн сборника тIехь (11—12 агIонаш).

ХIокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана «Вайн беш» стихотворени схьаэцна 1935-чу шеран сборника тIера.

«ДУЬЙЛАЛО»

Дуьххьара зорбатоьхна 1935-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь араяьллачу Бадуев СаIидан «Вайн беш» цIе йолчу стихийн

сборника тIехь (29—30 агIонаш). ШозлагIа — 1974-чу шеран 22-.у ноябрехь Ленинан некъ» газета тIехь, яздархо вина 70 шо кхачар даздечу деношкахь.

ХIокху гулйинчу сочиненешна юкъаяханарг а, газета тIехь араяьлларг а схьаэцна «Вайн беш» сборника тIера.

«ПАЧЧАХЬАН ЗАМАНЕ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1929-чу шарахь 27-чу январехь арадаьллачу «Серло» газета тIехь. ШозлагIа — 1933-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь араяьллачу Бадуевн «Колхозан иллеш» стихийн сборника тIехь (28—30 агIонаш), тIаккха 1935-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь араяьллачу «Вайн беш» цIе йолчу Бадуевн сборника тIехь (67—69 агIонаш). Цул тIаьхьа — 1968-чу шарахь Грозный гIалахь араяьллачу Бадуевн стихийн сборника тIехь (17—19 агIонаш). Оьрсийн маттахь зорбатоьхна 1934-чу шарахь Москвахь араяьллачу «Поэзия горцев Северного Кавказа» сборника тIехь (214 агIо). Гочйинарг В. Жак.

ХIокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана стихотворенин текст схьаэцна «Вайн беш» сборника тIера.

«ПАЧЧАХЬАН ЗАМАННА»

Дуьххьара зорбатоьхна 1935-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь араяьллачу «Вайн беш» сборника тIехь (98 агIо). ШозлагIа— 1968-чу шарахь Грозный гIалахь араяьллачу Бадуевн стихийн сборника тIехь (20 агIо).

ХIокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана стихотворенин текст схьаэцна «Вайн беш» сборника тIера.

«ОКТЯБРЬ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1930-чу шеран 7-чу ноябрехь арадаьллачу «Серло» газета тIехь. ШозлагIа — 1930-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь араяьллачу «Хабарш, иллеш, поэмаш» цIе йолчу Бадуевн сборника тIехь (38—43 агIонаш). Цул тIаь-

хьа — 1933-чу шарахь Соьлжа-ГІалахь араяьллачу «Колхозан иллеш» сборника тІехь (14—19 агІонаш), 1933-чу шарахь Соьлжа-ГІалахь араевллачу Бадуевн «ЦІеран арц — ІЦІен гІап» хаьржинаршна тІехь (250—254 агІонаш).

ХІокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана стихотворенин текст схьаэцна «Хабарш, иллеш, поэмаш» сборника тІера.

«ЛЕНИН»

Дуьххьара зорбатоьхна 1930-чу шарахь Соьлжа-ГІалахь араяьллачу Бадуев СаІидан «Хабарш, иллеш, поэмаш» сборника тІехь (54—55 агІонаш). ШозлагІа — 1933-чу шарахь Соьлжа-ГІалахь араяьллачу Бадуевн «Колхозан иллеш» стихийн сборника тІехь (19—21 агІонаш).

ХІокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана стихотворенин текст схьаэцна «Хабарш, иллеш, поэмаш» сборника тІера.

«ОХАНА ПАРГІАТ ДЕР»

Дуьххьара зорбатоьхна 1930-чу шарахь Соьлжа-ГІалахь араяьллачу Бадуевн «Хабарш, иллеш, поэмаш» сборника тІехь (57—59 агІонаш). ШозлагІа — 1933-чу шарахь Соьлжа-ГІалахь араяьллачу Бадуевн «Колхозан иллеш» стихийн сборника тІехь (11—13 агІонаш). Цул тІаьхьа — 1963-чу шарахь Грозный гІалахь араяьллачу Бадуевн стихийн сборника тІехь (26—27 агІонаш).

ХІокху книгина юкъаяхнарг 1933-чу шеран стихотворени ю.

«КОЛХОЗ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1933-чу шарахь Соьлжа-ГІалахь араяьллачу Бадуев СаІидан «Колхозан иллеш» стихийн сборника тІехь (5—6 агІонаш).

ХІокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхнарг стихотворенин и текст ю.

«КОЛХОЗАН БРИГАДА»

Дуьххьара зорбатоьхна 1933-чу шарахь 9-чу мартехь арадаьллачу «Серло» газета тІехь. ШозлагІа — 1933-чу шарахь Соьлжа-ГІалахь араяьллачу Бадуев СаІидан «Колхозан иллеш» стихийн сборника тІехь (7—9 агІонаш).

Кху томна юкъаяхнарг сборника тІера схьаэцна текст ю.

«КУЛАК»

Дуьххьара зорбатоьхна 1933-чу шарахь Соьлжа-ГІалахь араяьллачу Бадуев СаІидан «Колхозан иллеш» етихийн сборника тІехь (4—5 агІонаш).

ХІокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхнарг и стихотворени ю.

«ЛАМ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1930-чу шарахь Соьлжа-ГІалахь араяьллачу Бадуев СаІидан «Хабарш, иллеш, поэмаш» сборника тІехь (56—57 агІонаш). ШозлагІа — 1933-чу шарахь Соьлжа-ГІалахь араевллачу Бадуевн «ЦІеран арц — ЦІен гІап» хаьржинаршна тІехь (263 агІо). Цул тІаьхьа — 1935-чу шарахь Соьлжа-ГІалахь араяьллачу Бадуевн «Вайн беш» стихийн сборника тІехь (76—77 агІонаш), 1968-чу шарахь Грозный гІалахь араяьллачу Бадуевн стихийн сборника тІехь (28—29 агІонаш).

ХІокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхнарг 1930-чу шеран текст ю.

«ГІОВТТА! КЕЧЛО! ТОХАЛО!

Дуьххьара зорбатоьхна 1930-чу шарахь Соьлжа-ГІалахь араяьллачу Бадуевн «Хабарш, иллеш, поэмаш» сборника тІехь (60—62 агІонаш). ШозлагІа — 1933-чу шарахь Соьлжа-ГІалахь араяьллачу цуьнан «Колхозан иллеш» стихийн сборника тІехь (26—28 агІонаш). Цул тІаьхьа — 1968-чу шарахь Грозный гІалахь араяьллачу Бадуевн стихийн сборника тІехь (15—16 агІонаш).

ХІокху книги тІера стихотворени 1933-чу шарахь араяьлларг ю. Кхуьнан чулацам а, васташ а гІеххьачунна «Октябрь» стихотворенинчаьрца догІу, амма кхузахь коьрта меттиг къинхьегаман темано дІалоцу.

«БОЛАТАН ГІО»

Дуьххьара зорбатоьхна 1932-чу шарахь 9-чу февралехь арадаьллачу «Серло» газета тІехь. Стихотворени язйина оьрсийн поэта Н. Владимирскийс, Бадуев СаІида гочйина. ШозлагІа зорбатоьхна 1933-чу шарахь Соьлжа-ГІалахь араяьллачу Бадуевн «Колхозан иллеш» сборника тІехь (9—11 агІонаш). Цул тІаьхьа — 1933-чу шарахь Соьлжа-ГІалахь араяьллачу Бадуевн «Итт бІаьсте» сборника тІехь (64 агІо), 1933-чу шарахь Соьлжа-ГІалахь араевллачу Бадуевн «ЦІеран арц — ЦІен гІап» хаьржинаршна тІехь (249 агІо), 1935-чу шарахь Соьлжа-ГІалахь араяьллачу Бадуевн «Вайн беш» стихотворенийн сборника тІехь (70—71 агІонаш), 1968-чу шарахь Грозный гІалахь араяьллачу Бадуевн стихийн сборника тІехь (30—31 агІонаш).

Кху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана 1933-чу шеран стихотворенин текст.

«ІАЬРЖА ДЕШИ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1933-чу шарахь 16-чу октябрехь арадаьллачу «Серло» газета тІехь. ШозлагІа — 1934-чу шарахь Соьлжа-ГІалахь араяьллачу «Нохчийн яздархойн дош» сборника тІехь (25—28 агІонаш). Цул тІаьхьа — 1935-чу шарахь Бадуевн «Вайн беш» стихийн сборника тІехь (35—39 агІонаш), 1968-чу шарахь Соьлжа-ГІалахь араяьллачу Бадуевн стихийн сборника тІехь (34—37 агІонаш).

ХІокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана стихотворенин текст 1934-чу шарахь зорбатоьхнарг ю.

«ІУЬЙРЕ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1935-чу шарахь Соьлжа-ГІалахь араяьллачу Бадуев СаІидан «Вайн беш» стихийн сборника тІехь (75 агІо).

ХІокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхнарг и стихотворени ю.

«ОЛХАЗАР ДЕКА»

Дуьххьара зорбатоьхна 1935-чу шарахь Соьлжа-ГІалахь араяьллачу Бадуев СаІидан «Вайн беш» стихийн сборника тІехь (62—63 агІонаш).

ХІокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхнарг и стихотворени ю.

«ЦХЬА ЧІАРА БУ, БОХУ...»

Дуьххьара зорбатоьхна 1935-чу шарахь Соьлжа-ГІалахь араяьллачу Бадуев СаІидан «Вайн беш» стихийн сборника тІехь (99—101 агІонаш).

ХІокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхнарг и стихотворени ю.

«ЧЕХА МА ЕЙША»

Дуьххьара зорбатоьхна 1935-чу шарахь Соьлжа-ГІалахь араяьллачу Бадуев СаІидан «Вайн беш» стихийн сборника тІехь (95 агІо).

ХІокху книги тІехь ерг и стихотворени ю.

«ЯХИЙТА, ДАДА...»

Дуьххьара зорбатоьхна 1935-чу шарахь Соьлжа-ГІалахь араяьллачу Бадуев СаІидан «Вайн беш» стихийн сборника тІехь (92 агІо).

ХІокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхнарг и стихотворени ю.

«ЙИТАХЬА СО»

Дуьххьара зорбатоьхна 1935-чу шарахь «Вайн беш» цІе йолчу сборника тІехь (95—96 агІонаш). Кху книги тІераниг и текст ю.

«БОРХІАЛГІА МАРТ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1929-чу шарахь 3-чу мартехь «Серло» газета тІехь, «Ламанан зуда» цІе а йолуш. ШозлагІа — 1930-чу шарахь 8-чу мартехь «Серло» газета тІехь, «Ламанан

йише» цIе йолуш. Цул тIаьхьа — 1930-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь араяьллачу Бадуевн «Хабарш, иллеш, поэмаш» сборника тIехь (64—67 агIонаш). Оцу сборника юкъа яханчу стихотворенин цIе «Ламанан йише» яра. ЦIе хийцина а ца Iаш, стихотворенина тIехь ондда болхбира поэта, цуьнан идейно-исбаьхьаллин чулацам кIаргбеш. Тойина стихотворени арайийлла: 1931-чу шарахь 10-чу январехь «Серло» газета тIехь, 1933-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь араяьллачу «Итт бIаьсте» сборника тIехь (61—64 агIонаш), 1933-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь араевллачу Бадуевн «ЦIеран арц—ЦIен гIап» хаьржинаршна тIехь (246—248 агIонаш).

ХIокху томна юкъаяхнарг «Итт бIаьсте» тIера стихотворени ю.

«САЙХАНОВ IАЛАУДДИН БЕЗАМНА»

Дуьххьара зорбатоьхна 1933-чу шарахь 24-чу майхь «Серло» газета тIехь. Стихотворени язйина классови мостагIаша—кулакаша гIараваьлла партийни белхахо, Нохчийн Облонон заведующи Сайханов Iалаудди вер бахьана долуш. Нохчийн къинхьегамхошна чIогIа Iаьткъинера мостагIийн и ямартло. Бадуев СаIида Iаламат дика гайтина советоки адамийн патриотически дог-ойла.

Стихотворенина шозлагIа зорбатуьйхира 1933-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь араяьллачу «Итт бIаьсте» сборника тIехь (44—46 агIонаш). Цул тIаьхьа — 1935-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь араяьллачу Бадуевн «Вайн беш» стихийн сборника тIехь (21—25 агIонаш).

ХIокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана стихотворени схьаэцна оцу сборника тIера.

«ВИЦЛУР ВАЦ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1935-чу шарахь 9-чу январехь «Ленинан некъ» газета тIехь. ШозлагIа — 1935-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь араяьллачу Бадуевн «Вайн беш» стихийн сборника тIехь (16—20 агIонаш). Стихотворени язйина Советски пачхьалкхан мостагIаша ямартлонца Смольнехь С. М. Киров вийначу деношкахь. Поэта дика гайтина нохчийн халкъан Кировга хилла безам а, уьш Советан Iедална тешаме бIаьхой хилар а.

Оьрсийн маттахь зорбатоьхна 1934-чу шарахь Москвахь араяьллачу сборника тIехь (52—54 агIонаш), 1937-чу шарахь Пятигорскехь араяьллачу «Поэты Советской Чечено-Ингушетии» сборника тIехь (54—56 агIонаш). Гочйинарг В. Д. Дробышев.

XIокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана стихотворени схьаэцна 1935-чу шеран сборника тIера.

«КЪАЬХЬА КХАЪ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1937-чу шеран 21-чу февралехь «Ленинан некъ» газета тIехь. Стихотворени тIехь вуьйцург Серго Орджоникидзе ву. Орджоникидзе гражданским тIом болчу хенахь В. И. Ленина вайтина хилла Къилбаседа-Кавказе, Россин Къилбен чрезвычайни комиссар хилла. Кхузахь иза чIогIа везавелла нохчийн, гIалгIайн къинхьегамхошна. Герз карахь Октябрьски революци мехкан арахьарчу а, чоьхьарчу а мостагIех ларъеш хиллачу Г. К. Орджоникидзех даьхна халкъан иллеш а ду вайнехан фольклорехь.

«Къаьхьа кхаъ »— Бадуев СаIидан кхолларалли некъ хедаш язйина, тIаьххьара произведени ю.

«ХЬАННА?..»

Дуьххьара зорбатоьхна 1931-чу шарахь 10-чу январехь «Серло» газета тIехь. ШозлагIа — 1933-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь араяьллачу Бадуевн «Колхозан иллеш» стихийн сборника тIехь (41—42 агIонаш). Стихотворенин автор гIараваьлла волу оьрсийн поэт Голодный Михаил ву. 1931-гIа шо долалуш, шеца яздархо Рахилло Иван, Госиздатан художественни редактор Яков Черняк а волуш, Нохчийчу веара Михаил Голодный, Бадуев СаIидаца чIогIа доттагIалла таса-делира цуьнан. «Хьанна?..» стихотворени оцу деношкахь гочйина СаIида.

XIокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхнарг 1933-чу шарахь «Колхозан иллеш» сборника тIера стихотворени ю.

«БАХАМ ЦХЬАННА А ЛУР БАЦ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1935-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь араяьллачу Бадуев СаIидан «Вайн беш» стихийн сборника тIехь (72—74 агIонаш).

ХIокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана стихотворени цу сборника тIера схьаэцна ю.

«ТУХУР Ю»

Дуьххьара зорбатоьхна 1935-чу шарахь араяьллачу Бадуев СаIидан «Вайн беш» стихийн сборника тIехь (31—32 агIонаш). ШозлагIа — 1968-чу шарахь Грозный гIалахь араяьллачу Бадуевн стихийн сборника тIехь (25—26 агIонаш).

ХIокху томна юкъаяхнарг 1935-чу шеран сборника тIера схьаэцна стихотворени ю.

«КОСТА ХЕТАГУРОВГА»

Дуьххьара зорбатоьхна 1936-чу шарахь 4-чу апрелехь арадаьллачу «Ленинан некъ» газета тIехь. 1936-чу шеран 1-чу апрелехь 30 шо кхечира хIирийн халкъан яздархо поэт Коста Хетагуров велла. Иза сов воккха поэт вара, Къилбаседа-Кавказан къинхьегамхойн гIайгIа-бала балхош. И кхелхина 30 шо кхачаран хьокъехь торжественни заседани хилира Орджоникидзе гIалахь. Цигахь Нохч-ГIалгIайчуьра ваханчу векало Бадуев СаIида шен къамелехь дийцира нохчийн, гIалгIайн къинхьегамхойн Коста Хетагуровга болчу безамах лаьцна. Шен къамел чекхдолуш, цо йийшира ша гочйина Коста Хетагуровн «Нана» (хIирийн маттахь) — «Нана» (нохчийн маттахь) стихотворени.

Кху гулйинчу сочиненешна юкъаяхнарг и стихотворени ю.

«ГОРЬКИЙН БЕЗАМНА»

Дуьххьара зорбатоьхна 1936-чу шарахь 21-чу июнехь (А. М. Горький велла 3-чу дийнахь) «Ленинан некъ» газета тIехь. А. М. Горький Бадуев СаIидана мосуьйттазза гина а, кхуьнца къамелдина а вара. Цуьнан кхолларало Iаламат боккха тIеIаткъам бира Бадуевн кхолларалла. СаIида ша 1931-чу шарахь язйинчу «Тхан хьехархо Максим Горький» очерка тIехь элира оцу тIеIаткъамах лаьцна. 1934-чу шарахь советски яздархойн хьалхарчу Ерригсоюзни съездехь Бадуев СаIида, ша съездан делегат хиларе терра, Нохч-ГIалгIайчу

хьошалгIа кхайкхира А. М. Горькийга. А. М. Горький халкъо ларар, иза даима а адамашна дагахь лаьттарг хилар, цуьнан кхолларалли йоврйоцчу цIеро дуккха а дегнаш дохдийриг хилар гойту СаIида шен стихотворенехь. Оьрсийн маттахь стихотворени зорбатоьхна 1936-чу шарахь 21-чу июнехь «Грозненский рабочий» газета тIехь («Отцу, ушедшему навеки»). Гочйинарг В. Сонин.

ПОЭМАШ

«КЪАЙЛЕ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1930-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь араяьллачу «Хабарш, иллеш, поэмаш» цIе йолчу Бадуевн сборника тIехь (45—54 агIонаш). ШозлагIа — 1933-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь араяьллачу «Итт бIаьсте» сборника тIехь (64—71 агIонаш). Цул тIаьхьа — 1933-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь араевллачу Бадуевн «ЦIеран арц — ЦIен гIап» хаьржинаршна тIехь (255—262 агIонаш), оццу шарахь Соьлжа-ГIалахь араяьллачу Бадуевн «Колхозан иллеш» стихийн сборника тIехь (30—41 агIонаш). Оцу зорбанашкахь поэма хормица а, чулацамца а хийца ца елла.

«ДАТО ХIАЙКАЛ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1934-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь арадаьллачу «Кхиам» журналан хьалхарчу номерехь (42—68 агIонаш). Оцу журнала тIехь поэмин цIе «ПетIамат» яра, иза поэта ша «поэмин цхьа дакъа» аьлла билгалйинера. Чулацамца а, турпалхошца а, идейно-исбаьхьаллин IалашонцаА «ПетIамат» поэма къасталур йоцуш йозуш ю Бадуев СаIидан «ПетIамат» романах, «ПетIамат» пьесах. Кхечу дешнашца аьлча, оцу кхаа а произведенин цхьа сюжет ю.

ШозлагIа зорбатоьхна 1935-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь араяьллачу Бадуевн «Вайн беш» стихийн сборника тIехь (40—61 агIонаш). Оцу сборника тIехь зорбатухуш, поэта «Дато хIайкал» тиллинера поэмин цIе, цуьнан хьалхара шиа дакъа зорба ца тухуш дитинера.

ХIокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхнарг «Кхиам» журнала тIехь хилла текст ю.

«ТОЬУР ДУ»

Помин цхьана декъана дуьххьара зорбатоьхна 1931-чу шарахь 20-чу ноябрехь арадаьллачу «Серло» газета тIехь. ШозлагIа — 1933-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь араяьллачу Бадуевн «Некъан кехат» сборника тIехь (26—35 агIонаш). Цул тIаьхьа — 1968-чу шарахь Грозный гIалахь араяьллачу Бадуевн стихийн сборника тIехь (45—53 агIонаш). Оьрсийн маттахь зорбатоьхна 1935-чу шарахь Москвахь араяьллачу «Поэты Советской Чечено-Ингушетии» сборника тIехь (43—47 агIонаш). Гочйинарш Е. Горбань, Е. Бирукова.

«ПАРТИЗАН»

Дуьххьара зорбатоьхна 1934-чу шарахь 1-чу ноябрехь «Ленинан некъ» газета тIехь. ХIетахь дуьйна нохчийн маттахь кхин зорбатоьхна яц. ХIокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхнарг поэмин газета тIехь хилла текст ю. Оьрсийн маттахь зорбатоьхна 1935-чу шарахь Москвахь араяьллачу «Поэты Чечено-Ингушетии» сборника тIехь (41—49 агIонаш). Гочйинарг В. Бугаевский.

«ШИ МАЛХ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1933-чу шарахь 30-чу июнехь «Серло» газета тIехь. ШозлагIа — 1933-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь араяьллачу «Итт бIаьсте» сборника тIехь (30—35 агIонаш). Цул тIаьхьа — 1935-чу шарахь Бадуевн «Вайн беш» стихийн сборника тIехь (5—15 агIонаш). Оцу сборника тIехь зорбатухуш, поэта цIе «Итт бIаьсте» тиллира, чулацам а, поэмин барам а ца хуьйцуш. Оьрсийн маттахь зорбатоьхна 1935-чу шарахь Москвахь араяьллачу «Поэты Чечено-Ингушетии» сборника тIехь (35—39 агIонаш). Гочйинарш Д. Осин, Б. Турганов).

ХIокху гулйинчу сочиненешна юкъаяхана текст 1933-чу шеран «Итт бIаьсте» сборника тIера схьаэцна ю.

ХАЛКЪАН ИЛЛЕШ, ЭШАРШ

Оцу цикла юкъадогIу иллеш а, эшарш а дуьххьара зорбатоьхна 1935-чу шарахь «Вайн беш» стихийн сборника тIехь. Цу тIера тексташ ю кху томна юкъаяханарш.

ЧУЛАЦАМ

Дийцарш, очеркаш, романан кийсиг

Іадат 7
Олдум 18
Баудди 28
Зайнап 39
ГІу 44
Кабиха 47
Чарх 53
Іимран 55
Бекхам 66
Марха 82
Мила ву бехке? 87
Моцу 94
Дуккханнах цхьаъ 101
ГІурба 129
Дохковалар 143
Цадешар — бода 156
Белхий 164
Карбинка 169
БІе де, я бІеннах цхьаъ 174
Тхан хьехархо Максим Горький 178
Керла нах 184
Зайнди 188
Тракторхо Жуьнид 199
Имам 204
Председатель 210
Аьшпаш 214

Колхозхо Хасиханов Муьсли 217
Абу 220
Контрактаци 224
Некъан кехат 228
Дешин Іам 234
Кемсаш 237
Фольклорни забарийн дийцарш 243

Статьяш, къамел

З. Шериповн словарах лаьцна 251
Самадовла! Хан тІехйолуш лаьтта 254
СССР-н яздархойн Оргкомитетан хьалхарчу (шорйиичу) пленумехь дина къамел (1932 ш.) 256

Стихаш

МаргІалан синтаре 261
Вайн беш 262
Дуьйлало 263
Паччахьан замане 264
Паччахьан заманна 266
Октябрь 267
Ленин 272
Охана паргІат дер 274
Колхоз 276
Колхозан бригада 278
Кулак 281
Лам 283
ГІовтта! Кечло! Тохало! 285
Болатан гІо 287
Іаьржа деши 289
Іуьйре 293
Олхазар дека 294
Цхьа чІара бу, боху... 296
Чеха ма ейша 297
Яхийта, дада... 298
Йитахьа со 299
БорхІалгІа март 301
Сайханов Іалауддин безамна 304
Вицлур вац 308
Къаьхьа кхаъ 312

Хьанна? 314
Бахам цхьанна а лур бац 315
Тухур ю 316
Коста Хетагуровга 317
Горькийн безамна 319

Поэмаш

Къайле 323
Дато хIайкал 334
Тоьур ду 351
Партизан 358
Ши малх 361

Халкъан иллеш, эшарш

Паччахьан заманахьлерачех

Иза хIунда виги? 371
Безам 372
«ХIей доьду олхазар...» 373
«Сийна хIорд, буьрса ловза...» 374
«Дицдала ца туьгу дуьненчохь...» 375
Ламанан леча 376

Бадуевн заманахьлерачех

Іаьржа латтанаш 378
Бала 382
Керла йиш 383
«Жима Зайнди...» 384
«Хьан болар...» 385
«ХIей боьду сийна кхокха...» 386
«Генна арара...» 387

С. Бадуевх дагалецамаш

М. Мамакаев. Сийлахь яздархо — вац ца лун накъост 391
Б. Саидов. Суна иза дика вевзара 396
З. Джамалханов. Адамаллин дог-ойла 402

Билгалдахарш 406

Бадуев Саид Сулейманович

СОБРАНИЕ СОЧИНЕНИЙ

В 2-Х ТОМАХ

Том второй. Проза, поэзия
(на чеченском языке)

Редактор **А. Д. Осмаев**
Художественный редактор **М. Б. Магомаев**
Технический редактор **С. П. Липатова**
Корректоры **А. Т. Исмаилов, З. А.-М. Яндарбиев**

Сдано в набор 31.V 1976 г.
Подписано к печати 30.XII 1976 г.
Формат 60x84 1/16. Бумага типографская № 1
Объем 27,0(25,1) п. л. Уч.-изд. л. 23,58
Тираж 3000. СФ00475

Чечено-Ингушское книжное издательство
Управления по делам издательств, полиграфии
и книжной торговли Совета Министров
Чечено-Ингушской АССР,
Грозный, 21, улица Ленина, 14

Заказ № 4511
Типография имени И. Н. Заболотного
Управления по делам издательств, полиграфии
и книжной торговли Совета Министров
Чечено-Ингушской АССР,
Грозный, улица Интернациональная, 12/33
Цена 1 руб. 77 коп.